ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН

# ИРОН ХÆЗНА



ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН

# ИРОН ХÆЗНА

2-аг

чиныг

*Æлгъыстытæ*

Цхинвал «Хуссар Алани»
2015

82.3(2Рос.Сев)
Хъ–16

*Научный редактор* – кандидат педагогических наук,
доцент СОГУ ***Бежаева Ф.Г.***

**Хъазиты М.**
Хъ–16 Ирон хæзна [Текст]: æлгъыстытæ/Хъазиты Мелитон.
– Цхинвал: Хуссар Алани – 2015.
2-аг чиныг – 2015 – 367 ф.

Казиев (Казиты) М.Р.
Осетинский клад

© Казиты (Казиев) М.Р., 2015
© Алипченкова Т.Ф., оформление, 2015

# А

Аафтид дæ кæнæд Дунескæнæг.
Аафтид дæ уæнт, ныфс дæ чи авæры, уыдон.
Аафтид дын уæд йæ цæугæ мæсгуытæй.
Аафтид у адæмы ныфсæй.
Аафтид у дæ ис, дæ бонæй.
Аафтид у дæ фæдисонтæй.
Аафтид у дæ омменгæнджытæй.
Аафтид у дæ хъæбултæй.
Аафтид у дæ хъæубæстæй.
Аафтид у дæ цардæмбалæй.
Аафтид у дæ цæгатæй.
Аафтид у, кæм дын чи ис, уыдонæй.
Аафтид уæд дæ арынг.
Аафтид уæд дæ къуым.
Аафтид уæнт дæ ракурджыты дзыппытæ.
Аафтид уæд дæ сæр.
Аафтид уæд дæ уæзæг йæ ныфсытæй.
Аафтид уæд дæ хæдзар.
Аафтид уæд дæ хæндыг.
Аафтид уæнт дæ гонтæ.
Абад-абад фæкæн.
Абад-абадæй фæцæр.
Абад-абадæй дзы дæ дæндаг рафтау.
Абадабадгæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Абадабадгæнгæ фæхæт.
Абадабадгæнгæ фæцæр.
Абадабадгæнгæ фæцу.
Абадабадгæнгæ цы цæуай, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Абадгæ чызджы ахæсты цы фæуай, уыцы «амонд» дæ уæд.
Абадгæ чызджы къухмæ дæ ‘рæппарæд дæ Хуыцау.
Абон дын куыд нæй, афтæ дын сом дæр мацы уæд.
Абон дзуарыбон у æмæ дæ йæ фыдæх уæд.
Абон уын Хуыцау уæ фæстаджы бон фæкæнæд.
Абон Хуыцаубон у æмæ дыл йæ цæхæртæ ныккалæд.

Абон цæссыгкалгæйæ æнустæм цы бахъуыды кæнай, афтæмæй дыл ацæуæд.

Абонæй æлгъыст фæу.

Абонæй фæстæмæ уæ гайлаг галы бынатмæ мауал ахæццæ уæд, байраг – бæхы бынатмæ, лæппу – лæджы бынатмæ.

Абонæй фæцæрут.

Абоны ардæй басудзут.

Абоны бонæй æлгъыст фæуæд де 'намонд сæр.

Абоны бонæй уæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.

Абоны зонд – дæу, райсомы зонд – мæн.

Абоны зондæй фæцæрут.

Абоны кæндтæ уæ къухæй макуы ахауæнт.

Абоны фыдæх уæ баййафæд адæмы тæригъæдæй.

Абоны фыдæх уæ фæдыл æфтыд фæуæд.

Абон-сом фæкæн.

Абон-сомæй æрцæуæд де сæфт.

Абон-сомæй батон дæ царды бонтæ.

Абон-сомæй дæ Хуыцау хæдзархæлд фæкæнæд.

Абон-сомæй фæцæр.

Абон-сомы низæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Абон-сомы низæй фæсæй.

Абонсомгæнæджы ‘мбисонд дæ баййафæд.

Абонсомгæнæджы хал ахæр.

Абонсомгæнгæ амæл.

Абонсомгæнгæ арвит дæ цард.

Абонсомгæнгæ ныхъхъæбæр у.

Абонсомгæнгæйæ дæ фæцæуын кæнæд Дунескæнæг Хуыцау.

Абыр дæ фазыл.

Абырын дæ кæнæд дæ гуыбыны цъарыл Дунескæнæг.

Абырæг дæ æмæ абырджыты къухæй рафт.

Абырæг лидзыны сæр дæ цы бахъæуа, ахæм бон дыл акæнæд.

Абырæгæй дæ абырæгмæ цæуыны сæр бахъæуæд.

Абырæджы амонд дын Хуыцау дæ къухæй ма аппарæд.

Абырæджы амондæй фæцæр.

Абырæджы амондмæ ма цы бæллай, ахæм бон дыл акæнæд.

Абырæджы къæбæр фæхæр.

Абырæджы къухæй мард æрцу.

Абырæджы нæмыг дыл сæмбæлæд.

Абырæджы хал – дæ хъуыры.

Абырæджы цардæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.

Абырджыты кæрдтыл æфтыд фæу.

Абырджытыл æфтыд фæу.

Абырджытыл-иу зилæд дæ фæндаг.

Абырджытыл цыд дæ фæкæнæд Уæллаг Хуыцау.

Авг тæгæлтæ куыд фæхауы, афтæ дæ тæгæлтæ фæхауын кæнæд не скæнæг Хуыцау.
Авг фест.
Авгау дын æрхауынæй фæтарстæуæд æмæ дæ кæрон уымæ æрцæуæд.
Авгау лыстæг цъæлтæ бау.
Авгæй дасинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Авгæн æртымбылгæнæн куыднæуал вæййы, афтæ дæ уæнгсæстытæ Хуыцау бакæнæд.
Авгджын къæс макуы фен.
Авгджын къæсы иунæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Авджы цъæлтæ бау.
Авд амæлæд дæ ахсджиæгтæй.
Авд дæ амæлæд.
Авд дæ цы схъæбæр уой, ахæм бон дыл акæнæд.
Авд хæсгæ марды дын æрбалæууын кæнæнт дæ къæсæрыл.
Авд-авды баныгæн дæ хуыздæртæй.
Авд-авды дæ æрбадæнгæлмард уæнт.
Авдаздзыдмæ уæ мачи ахæццæ уæд.
Авдаздзыдтæ фæныгæн.
Авддæлдзæх ныххау.
Авддæлдзæхæй мæм фæхъуысæд дæ утæхсæн.
Авддæлдзæхæй уæлдæр дын дæ сæр сисыны бар ма уæд.
Авддæлдзæхы цы сыкъаджынтæ, цы къæдзилджынтæ, цы сæфтæгджынтæ цоппай кæнынц, уыдоны къухы æфтыд фæу.
Авдсæрон залиаг калм дæ ахæссæд.
Авдсæронты амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Авдсæронты къухты лæвæрд фæу.
Авдыссæдз боны фæсæй.
Авдæлон дæ кæнæд Хуыцау дæ ныфсытæй.
Авдæлон дæ уæд дæ мад.
Авдæлон дæ уæд мæ уд.
Авдæлон у дæ ахсджиæгтæй.
Авдæлон у дæ фæллæйттæй.
Авдæлон у дæ хуыздæртæй.
Авдæлон у, кæм дын чи ис, уыдонæй.
Авдæлон у, кæм дын чи ис æмæ ма дын чи уыдзæнис, уыдонæй дæр.
Авдæн аузын дын ма бантысæд.
Авдæн аузыны бон дæ ма фæуæд.
Авдæн бабæттыны цин дын Хуыцау макуы бавзарын кæнæд.
Авдæн дæ макуы бахъæуæд.
Авдæн макуы ауз.
Авдæн макуы бахæсс дæ хæдзармæ.
Авдæнаузæг уæ мауал баззайæд.

Авдænæй рахизынхъом уæ мачи суæд.
Авдæнмæ-иу уыл цы сæмбæла Хуыцауы фыдæх, ахæм æлгъыст уæ баййафæд.
Авдæнмæ цагъды фæут.
Авдæны бæттинаджы кæуын уæ макуы райхъуысæд.
Авдæны-иу авд нæ, иу схъомыл кæнынæн дæр цынæ бауат, ахæм «арфæ» уыл сæмбæлæд.
Авдæнбæттæн макуы фенут.
Авдæнсыгъд фæут.
Авдæнсыгъдæй уæ фæцæрын кæнæнт а комбæсты зæдтæ.
Авдæнхъæдыл – дæ мæлæт.
Авдæнхъæдыл дæ бахус кæнæд Хуыцау.
Аг бауæларт кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Аг макуы райс дæ уæлартæй.
Аг макуы фен.
Аджы ныккæнинаг дын макуы мацы уæд.
Аг ауындзæныл ауыгъд æрцу.
Аггæлы сæр дæ макуы бахъæуæд.
Агурæг дæ мауал уæд.
Агурæг дæ куыднæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Агургæ амондæй дæ фæцæрын кæнæд не Сфæлдисæг.
Агуринаг фæу.
Агуринаг фæуæд де 'взæр сæр.
Агуринаджы 'мбисонд дæ баййафæд.
Агуринæгты 'хсæн дæ фенæд мæ уд.
Агуринæгты 'хсæнæй дын рацæуын мауал бантысæд.
Агуринæгты 'хсæнмæ хаст цы 'рцæуай, Хуыцауæй дыл ахæм «арфæ» сæмбæлæд.
Агурын дæ бахъæуæд.
Агуывзæ сисынæн нал дæ, фæлæ ма дын Хуыцау дæ дзурæн дзых дæр амыр кæнæд.
Агуывзæ сисынæн цынæуал уай мæ тæригъæдæй, уыцы бон дыл акæнæд.
Агуывзæйæ дарддæр дын Хуыцау дæ къухты мацы бафтауæд.
Агуывзæйæ хъазынæй дарддæр мацы базон.
Агуывзæмæ бæлгæйæ 'рцæуæд дæ мæлæт.
Агуывзæйы фæдыл цы фæтулай, уыцы «амонд» дæ уæд.
Агуывзæйыл хæцгæйæ амæл.
Агуывзæйыл хæцынæй дарддæр дæ Хуыцау мацыхъом бакæнæд.
Ад æмбарынхъом макуы фæу.
Ад раттинаг дын макуы уæд.
Ад раттинаг дын  Уæлладжы цæст макуы мацы бауарзæд.
Ад раттинагæй хызт у.
Ад раттинагыл аззайæнт дæ цæстытæ.

Ад раттинагыл фæтай æмæ фæруай.
Адæгæй ахафæг дæр уæ мауал уæд.
Адæгæй хафт æрцæут.
Адæймаг нæ дæ æмæ дæ адæмы фыдæх баййафæд.
Адæймагæн кад кæнынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Адæймаджы ном худинаггæнæг дæ æмæ дын адæмы 'хсæн бынат макуы уæд.
Адæймаджы номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Адæймаджы номыл уæлæмæ схæцынхъом макуы бау.
Адæм адæм сты, фæлæ дзы дæумæ адæймаджы цæстæй цы ничиуал ракæса, мæ уыцы «арфæ» дыл æрцæуæд.
Адæм дыл сæхи атигъ кæнæд.
Адæм дын сæ цæстыдзаг фенæд.
Адæм уалдзæджы цард райхæлынмæ фæбæллынц, дæуæн дæ цардæлхынцъгæнæн фæуæд.
Адæмæй æлгъыст фæу.
Адæмæй æрмист цы фæуай, уыцы бон дыл акæнæд.
Адæмæй дæ къух дæ дзыхы цы акæнай, ахæм «амонд» дæ уæд.
Адæмæй дæ «мæн у» зæгъæг мауал уæд.
Адæмæй дæ хай ма фæуæд.
Адæмæй рæхуыст цы 'ййафай, Хуыцауæй — æлгъыст, уыцы бон дыл акæнæд.
Адæмæй сомыхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Адæмæн дæхи равдисынхъом макуы бау.
Адæмæн къæхтæсæрфæгæй батон дæ царды бонтæ.
Адæмæн ныводн фæу.
Адæмæн цырты дурау уырдыг фæлæуу.
Адæмæн цъыфтытæрæн бæхæй фæцу.
Адæммæ арвы цæфæй æвахсдæр æрлæууынхъом макуы бау.
Адæммæ бæлгæйæ батон дæ бонтæ.
Адæммæ бирæгъдзармы цыд фæу.
Адæммæ дæ уæрджытыл фæбыр æмæ дын сæ иу батæригъæд-гæнæг мачи разынæд.
Адæммæ дзырд баппарынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Адæммæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцæр.
Адæммæ къулбæрзæйæ фæцу.
Адæммæ лæгыл нымад макуы 'рцу.
Адæммæ нымады цы никуы уай, уыцы бон дыл акæнæд.
Адæмы азарæй басудз.
Адæмы ард дæ баййафæд.
Адæмы арфæ макуы фен.
Адæмы æлгъыст дыл æрцæуæд.
Адæмы бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Адæмы бын баззай.
Адæмы зæрдæ дæ цард-цæрæнбонты дæр макуы ссар.

Адæмы зæрдæ макуы ссар.
Адæмы зæрдæйæ цы фæхауай, Хуыцауы цæст дын уый бауарзæд.
Адæмы къæхты бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Адæмы къухты лæвæрд фæу.
Адæмы мæрдтæн дæ фæлдыст фæкæнæд Уæллаг.
Адæмы мыггагæй дыл арфæйы дзырд макуы сæмбæлæд.
Адæмы мыггагæй дын «мæн у» зæгъæг макуы мачи разынæд.
Адæмы номæй дæм дзырды бар макуы 'рхауæд.
Адæмы номыл фæкæл.
Адæмы нывондæн дæ Хуыцау æрхæссæд.
Адæмы рæгъы макуы рацу.
Адæмы рæгъы цæуынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Адæмы сæрыл дзурынæн макуы су.
Адæмы сæрылхаст цы фæуай, уыцы бон дыл рæхджы акæнæд.
Адæмы фæхъхъау фæу.
Адæмы фыдæх дæ æркъуырæд.
Адæмы фыдæх дæ æрсурæд.
Адæмы фыдæх дæ æрцæвæд.
Адæмы фыдæх дæ баййафæд.
Адæмы фыдæхæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Адæмы фыдæхæй басудз.
Адæмы хорзæх макуы ссар.
Адæмы хорзæхæй дын хай ма уæд.
Адæмы 'хсæнæй фæхъу.
Адæмы 'хсæнмæ бæлгæйæ амæл.
Адæмы 'хсæнмæ тырн æмæ дæ сæхицæй дардмæ сурæнт.
Адæмы 'хсæнмæ тырн æмæ дын сæ цурмæ бацæуæн ма уæд.
Адæмы хъæр дæм макуы фехъуысæд.
Адæмы хъæр макуы бамбар.
Адæмы хъæрæй къуырма цы кæнай, сæ уындæй — куырм, ахæм бон дыл акæнæд.
Адæмы цæст дæ бахæрæд.
Адæмы цæстæй дын аирвæзт макуы уæд.
Адæмы цинæй дын хай ма уæд.
Адæмы цинтæм кæсгæ-бæлгæйæ цæр.
Адæмы цинтæм кæсгæ-бæлгæйæ цæр, фæлæ дын дæхи хæдзары Хуыцау цин макуы фенын кæнæд.
Адæмы цинтæм кæсгæйæ дæ сæр зилгæ кæнæд, дæ зæрдæ — рисгæ.
Адæмы цинтæм кæсгæйæ де уæнгтæ дон кæнæд, дæ зæрдæ — дур.
Адæмыл нымад нæ дæ, фæлæ дæ куыйтæ дæр сæхиуыл нымайын цынæ бауадзой, уыцы бон дыл акæнæд.
Адæнгæл у.

Адæргъ дæ кæнæд Дунескæнæг.
Адгур фæзил.
Адгур цæуынхъом дæр дæ Хуыцау ма скæнæд.
Адгурæй æрцæуæд дæ сау мæлæт.
Адгурæй батон дæ нымад бонтæ.
Адгурау дæ адæм сæхи цы хизой, Дунескæнæг Хуыцау дыл ахæм амонд ныххуырсæд.
Адгуры кадæй фæцæр.
Адджын адæмыл дæ Уастырджи макуы сæмбæлын кæнæд.
Адджын бонтæм фæбæлл æмæ сæ дæ цæсты тигъæй дæр макуы фен.
Адджын де 'взаг макуы рахатæд, æхцон – дæ цæст.
Адджын макуы мацы скæн дæхицæн.
Адджын макуы фенæд дæ цæст.
Адджын рæстæг дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Адджын фынгыл абадын дын макуы бантысæд.
Адджын хæдзары дын Хуыцау дæ фæллад макуы суадзын кæнæд.
Адджын хъуыддаг макуы базон.
Адджын цард дæм хæстæг дæр цы никуы 'рцæуа, ахæм бон дæ баййафæд.
Адджын цардмæ фæтырн, фæлæ йæ уынгæ ма фæкæн.
Адджын цард макуы фенæд де 'намонд сæр.
Адджинаг макуы банкъар.
Адджинаг цы у, уый зонгæ дæр ма бакæн.
Адджинагæй дæм скæсæд дæ адзал.
Адджинагмæ бæлгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Адджинагмæ фæбæлл æмæ йæ дæ цæсты зулæй дæр макуы фен.
Адджинагыл аззайæд дæ дыууæ цæсты.
Адзал дæ баййафæд.
Адзал дæ разæй фæуæд.
Адзал дæ 'рсурæд дæ цины бон.
Адзалæй дæ мадзал кæнын бахъæуæд.
Адзалæй дын фæлидзæн цынæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Адзалы разæй урс уæрыккау цы фæцæйзгъорай, мæ цæст дын тагъд уый фенæд.
Адзалыл æфтыд фæу.
Адзалыл бамбæл рæхджы бонты.
Адзалыл скъуыр дæ къах.
Аз дæр цынæуал ахæссай, Хуыцауæй дæм ахæм амонд æркæсæд.
Аздухæд дæ Уæллаг.
Азфыддæр фæу.
Азфыддæр чи кодта, уый æмбисонд дæ баййафæд.

Азфыддæрæй дæ Хуыцау цæрын кæнæд.
Азы кармæ дæ кæстæр макуы рацæуæд.
Азы фæудмæ фæбæлл æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Азым æмбарынхъом макуы бау.
Азым æрхæссæн дæм ма уæд, фæлæ азымджынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Азым базоныны зонд дын Хуыцау макуы раттæд.
Азым сраст кæныны хъару дæм ноджыдæр макуы разынæд.
Азымæй азыммæ цы цæуай, ахæм дуг дыл ныккæнæд.
Азымджын куынæ уай, уæддæр-иу лæдзæг дæуыл цы асæтта, ахæм рæстæджытæ дыл ныккæнæд.
Азымджынæй амæл.
Азымджынæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Азымджыны бон дыл акæнæд.
Азымджыны бонæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Азымджыны бынаты бадгæ дæ мæ уд фенæд.
А зымæг дын фæстаг зымæг фæуæд.
А зымæг мауал æрæййаф.
А зымæджы бон дыл акæнæд.
А зымæджы митау атайæнт дæ царды бонтæ.
Аив бон ма ‘рæййаф.
Аив бон макуы фен.
Аив хъуыддаджы сæр дæ Хуыцау макуы ‘рлæууын кæнæд.
Аив цард ма базон.
Аив царды дын бынат ма разынæд.
Аивæй амæл.
Аивæй æрцæуæд де сæфт.
Аивмæ бæлгæйæ ‘нæаивæй батон дæ нымад царды бонтæ.
Аивад макуы фен.
Аивадмæ цы ницыуал бар-хъомыс дарай, уыцы бон дыл акæнæд.
Аивады æмгæрон дæ Хуыцау макуы æруадзæд.
Аизæр — дæ адзал.
Аизæр дæ хъæбулты фыдтæ цы фæхæрай, уыцы изæр дын фæуæд.
Аизæрмæ — дæ амонд.
Аизæрмæ дæ бонтæ æрцæуæнт нымад.
Аизæрмæ дæ хъулон хъæбулы фыдтæ фæтымбыл кæн.
Аизæрмæ дын дæ мæрддзæгтæ скæнын мауал бантысæд.
Аизæрмæ дын дæ хъулон хъæбулы табæт дæ къæсæрыл æрбалæууын кæнæнт.
Аизæрмæ дын дæ хъулон хъæбулы фенын мауал бантысæд.
Аизæры фыдæх дыл ныккæлæд.
Аизæры фыдæхæй басудз.

Аипп – дæ райгуырд, аипп – дæ цард, аипджынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Аипп уыд дæ рафæлдисын æмæ аипджынæй ацæуæд дæ цард.
Аипджынæй амæл.
Аипджынæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Айдагъ нозтæй тъæппытæ фæхау.
Айдагъ нозтæй дæ фарсы тæнæг атонæд.
Айдæн макуы фен.
Айдæны акæсынæй дæхицæй цы тæрсай, уыцы бон дыл акæнæд.
Айдæны кæсынхъом ма су.
Айдæны цъæлтæ дæ Хуыцау бакæнæд.
Айк асæттынхъом макуы бау.
Айк дын мæцъисæй тулинаг фæуæд.
Айк мæцъисæй тулынæн дæр цынæуал уай, уыцы бон дыл акæнæд Уæлладжы цæфæй.
Айк мæцъисæй цы тулай, ахæм бонæй фæцæр.
Айк хæрынхъом мауал у.
Айкæвдылд макуы фен.
Айкæвдылдæй дæ гуыбыныдзаг бахæрыны бон макуы фæуæд.
Айчы хъуызджы – дæ цæрæн.
Айнæг дур фест.
Айнæг дуртæ феууил.
Айнæг дуртыл дæ дæндæгтæ фæхаф.
Айнæгыл ауыгъдæй амæл.
Айнæгыл ауыгъдæй бахус у.
Айнæджытыл æрдугай баззай.
Айнæджытыл дæ хъуын-хъис мауал баззайæд.
Айнæджытыл хайгай ныппырх у.
Аккаг дын фæуæд Уæллаг.
Аккаг фыдтæ дыл æрцæуæд.
Аккаджы мард цы акæнай, ахæм бон дæ тагъд баййафæд.
Аккаджы митæ бавзарæд дæ туггоппа сæр.
А ком дæм æрттæдæлармæй фæлæууæнт.
А ком дыл саутæ скæнæд.
А комæй æрмист фæу.
А комæй бæхылбадæг цынæуал рацæуа, ахæм æмбисонд сæ баййафæд мæ мæгуыр уды тæригъæдæй.
А комæй мын гæдыйы лæппын дæр Хуыцау макуы фенын кæнæд.
А комæй рацæугæ дон дæр адæммæ макуы рахæццæ уæд.
А комæй хъодыгонд фæу.
А коймаг дон баназын дын макуыуал бантысæд.
А коймаг дон макуыуал баназ.
А коймаг донæй дæ дæ дойны суадзыны бон макуыуал фæуæд.
А коймаг доны ад макуы базон.

А коймаг доны ласт фæу.
Акомдзаг кæн, фæлæ дын марг фестæд.
Акомдзаг кæн, фæлæ дын фæстаджы комдзаг фæуæд.
Акомдзаг кæнын дын мауал бантысæд.
Акомдзаг кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Ала дыл сбадæд.
Алайы амæл.
Алайы ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Алайнаг цирхъ – дæ бæрзæйыл.
Аланæй не ‘гадгæнæгæн – алайнаг мард.
Аларды æмхиц кæмæ у, уыдон дын ахæссæд.
Аларды гæмæл зæд у æмæ дæ йæ фæсарц авæрæд.
Аларды дæ ахæссæд.
Аларды дæ нывонд уæрыккæн йæ разæй акæнæд.
Аларды дæ ‘ркъуырæд.
Аларды дæм йе ‘ргом раздахæд.
Аларды дын дæ хъулон хъæбулы йæ фæсарц авæрæд.
Аларды дын схъыпп кæныны бон мауал раттæд.
Алардыйæ ‘лгъыст фæу.
Алардыйы дзуар скæнын дын мауал бантысæд.
Алардыйы цæф фæу.
Алардыйы чъылдыммæ скувыны бон дæ мауал фæуæд.
Аласа дæ кæвдæсы æрбæттыны бон дæ макуы фæуæд.
Аласа фенын дын ма бантысæд.
Аласамæ бæлгæйæ амæл.
Аласайы аккаг дæ макуы скæнæд Дунескæнæг.
Аласайыл бадынхъом макуы бау.
Аласайыл цæуын дын ма бантысæд.
Алæмæт амæлæд, амæлæд, дæ къухмæ чи ‘рхаудта.

*Алæмæт мын...*
*амæлæд мын.*

Алæмæтон цард дæ цæсты тигъæй дæр цы никуы фенай, ахæм æмбисонд дыл акæнæд.
Алæмæттаг мард акæн.
Алæмæттаджы бон дыл акæнæд.
Алæмæттаджы бон дын мæ уд дæ хист ахæрæд.
Алæмæттаджы бон мæм æрбайхъуысæд дæ судзгæ мард.
Алвæткъуы цы у, уый ма базон.
Алвæткъуытæ (алтъамитæ) алыхуызæттæ сты: ис фадгæ алвæткъуы, сырх алвæткъуы, тымбыл алвæткъуы – дæу дзы иуæй хæрыны бон дæр мауал фæуæд.
Алвæткъуытæ хæрыны бон дын Уæллаг мауал раттæд.
Алдымбыд макуы фен.

Алдымбыдтæм бæлгæйæ æрцæуæд дæ хæсгæ мард.
Алдымбыдтæм бæллыны бон дæ макуы фæуæд.
Алдымбыдтæм фæбæлл.
Алдымбыдты аккаг уæ Хуыцау макæй скæнæд.
Алдымбыдтыл фæтонут уæ кæрæдзи.
Алеуы къæдзæхтæ дын — хæринаг.
Алеуы къæдзæхтæ феууил.
Алеуы къæдзæхтæм уæд дæ бар-хъомыс.
Алеуы къæдзæхтыл фæхаф дæ дæндæгтæ.
Алеуы хæхтæ дын — æууилинаг.
Аллайаг дæ фæкæнæд иунæг Хуыцау.
Аллайаг — дæ цард.
Аллайаг фæу.
Аллайагæй фæцу дæ цард-цæрæнбонты.
Аллайагæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцæутты Хуыцау.
Аллайаджы бон дыл акæнæд.
Аллайагæй-аллайагдæр уавæрмæ цы ‘рхауай, уыцы амонд дыл акæнæд.
Алолай зарынмæ дæ фæбæллын кæнæд Уæллаг.
Алолай зарыны бон дæ ма фæуæд.
Алолай кæмæн фæзарынц, уыдон дын Мадымайрæм макуы фенын кæнæд дæ хæдзары.
Алы ацафон мæрдтæ февæр.
Алы ацафон нæм дæ судзгæ марой хъуысæд.
Алыбон æрдиаггаг — дæ сæр.
Алыбон æрдиаггаг цы кæнай, уый дын фенæд мæ уд.
Алы райсом адæмыл дæ судзаггаджы хъарджытæ куыд хъуысой, ахæм сау бонтæ дыл ныккæнæд.
Алыварсонæй дыл Хуыцауы цæхæр ныккæлæд.
Алыварсонæй дыл цыфыддæрдзинæдтæ цы ‘ртыхсой, мæ цæст дын рæхджы уый фенæд.
Алыхсæв дын мæ уд дæ сæфт уынæд.
Алыхсæв мæм дæ хæсгæ мард хъуысæд.
Ам дæ бон ныккал.
Ам дæ мард æрцæуæд.
Ам дæ мард куыдзы мардау фесæфæд.
Амæйфæстæмæ дæ амондыскæнæг фыддæр фæкæнæд.
Амæйфæстæмæ мысты хуынкъ туманæй фæцагур.
Амæйфæстæмæ фыддæр фæу.
Амæйфæстæмæ хъыцъыдæттæ фæнуаз.
Амæйфæстæмæ цин мауал фен.
Амæйфыддæр фæу.
Амæйфыддæрæй фæцæр.
Амæйфыддæрмæ дæ Хуыцау æрцæуын кæнæд.
Амæйфыддæры ахæсты бахау.

Амæйфыддæрыл цы амбæлай, уыцы бон дыл акæнæд.
Аммен кæн де знæгтæн.
Аммен кæнынхъом ма бау.
Аммензæгъæг агурæг дæ Хуыцау дæрдтыл фæзилын кæнæд.
Аммензæгъæг дæрдты фæагур æмæ йыл хæстæгмæ макуы сæмбæл.
Аммензæгъæг дын ма уæд.
Аммензæгъæг ма бахъомыл уæд дæ уæзæджы къæйыл.
Аммензæгъæг ма рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Аммензæгъæг макуы фен дæ дæллаг фарс.
Аммензæгъæгмæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцæр.
Аммензæгъæгмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
«Амонд, амонд» фæкæн æмæ æнамондæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Амонд дæ дардмæ лидзæд, фыдбылыз дæ фæскъæбут бадæд.
Амонд дæ фæсонæрхæгмæ дæр макуы æрцæуæд.
Амонд дын Уæллæгты цæст макуы бауарзæд.
Амонд ма фен.
Амонд фæагур дæ зæрыбонмæ.
Амонд фæагур, фæлæ дæ иувæрсты атæхæд.
Амонд фæагур, фæлæ дæ иувæрсты дæр макуы атæхæд.
Амонд цы у, уый хатгæ дæр цы никуы фæкæнай, уыцы амонд дын бауарзæд амонддæттæджы цæст.
Амондæй дæ зæрдæйы фаг макуы сулæф.
Амондæй дæ хай макуы фæуæд.
Амондæй йедзаг хæдзар макуы фен.
Амондæй хай кæй фæцис, уыдоны рæгъы макуы рацу.
Амондæй цы сæрра уай, уыцы бон дыл акæнæд.
Амондмæ акъахдзæф кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Амондмæ бæлгæйæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Амондмæ бæлгæйæ арвит дæ цард-цæрæнбонтæ.
Амондмæ кæсгæ-бæлгæйæ амæл.
Амондмæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцу.
Амондмæ фæхæлæг кæн æмæ дæ къухы макуы бафтæд.
Амæндтæ куы уарой, уæд-иу ды фæсвæд цы аззайай, уыцы бон дыл акæнæд мæ иунæджы судзгæ тæригъæдæй.
Амонды дзуар дæм йе ‘ргом макуы раздахæд.
Амонды хъуыддæгтæ уынгæ дæр макуы фæкæн.
Амондагурæг фæхæт цæргæ-цæрæнбонты.
Амондагурæг фæхæт цæргæ-цæрæнбонты æмæ амонды маргъыл дæ цæст макуы акъуыр.
Амондагуырдæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Амонддæттæг дын амондæй хай макуы скæнæд.
Амонддæттæг Хуыцау у æмæ йын йæ зæрдæ макуы ссар.
Амонддæттæгæй æлгъыст фæу.

Амонддæттæгмæ дæ куывд макуы фехъуысæд.
Амонддæттæджы зæрдæ макуы ссар.
Амондджыны бынаты бадыны бон дæ макуы фæуæд.
Амондджыны мард акæн.
Амондджыны мард дын мæ цæст фенæд.
Амондджыны мæрдтæ дæм фæласæнт.
Амондджыны мæрдтæ фæныгæн.
Амондджыны мæрдтæй дæ хæдзар макуы рафидийæд.
Амондджыны мæрдтыл фæтон дæ бындзгуытæ.
Амондджын хъуыддæгтæй дæ Хуыцау бахизæд.
Амондсыгъд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Амондсыгъд фæу.
Амондсыгъд цы фæуай, уыцы бон дыл акæнæд.
Амондсыгъдæй батон дæ бонтæ.
Амондсыгъдæй фæцæр.
Амондсыгъдæй фæцæут фыдæй-фыртмæ.
Амондсыгъдæй цы 'ууилат уæ тугвæллой, уый уын фенæд мæ цæст.
Амондсыгъдæй амондсыгъдмæ фæцу.
Амондсыгъдмæ дæр тæхуды цы кæнай, уыцы бон дыл акæнæд цъæх арвы бын.
Амондсыгъды æмбисонд дыл акæнæд.
Амондхæссæг амæндтæ куы уара, уæд дæуыл цы никуы амбæла, ахæм амонд дын бауарзæд Уæлладжы цæст.
Амондхæссæг дæм йе 'ргом макуы аздахæд.
Амондхæссæгæй æлгъыст фæу.
Амондхæссæгæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Амонхæссæгæй дæ кард дæ кæрддзæмы цы нытътъыссай, ахæм бон дыл акæнæд.
Амондхæссæгæй дæ лымæн кæныны бон макуы фæуæд.
Амондхæссæгмæ фæбæлл æмæ дæ тæфтыл макуы ацæуæд.
Амондхæссæгмæ фæбæлл æмæ дыл йæ нымæты фæдджи дæр макуы аныдзæвæд.
Амондхæссæджы амондæй дын Хуыцау мацы бахай кæнæд.
Амондхæссæджы дæумæ макуы равдæлæд.
Амондхæссæджы зæрдæ дæм макуы æртасæд.
Амонхæссæджы зæрдæ макуы ссар.
Амондхæссæджы ном хъусгæ дæр цы никуы фæкæнай, ахæм бонæй фæцæр.
Амондхæссæджы фыдæх дæ уæд.
Амондхæссæджы цармы тыхт дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Амынæт райсынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Амынæтæй амæл.
Амынæтæй амынæтмæ фæцу.
Амынæты бон дыл акæнæд.

Амынæты бонæй – дæ цард.
Амынд зонд дæм хъыг куыд кæса, ахæм зæрдæйæ фæцæр.
Амынд зондæй фæцæр.
Амынд зонд райсынхъом дæр ма су.
Амындыл дæ Хуыцау макуы сразы кæнæд.
Аразинаг хъуыддагæй халыны хъуыддагмæ цы ‘ппарай дæхи, ахæм мардæй амæл.
Аразинаг хъуыддаджы сæргъы дæ Хуыцау макуы æрлæууын кæнæд.
Аразыны ныфс дæм макуы æрцæуæд.
Аразыныл дæ Хуыцау макуы бафтауæд.
«Арахъхъ, арахъхъ» дзургæйæ сис дæ уд.
Арахъхъ нуазыны бон дæ мауал фæуæд.
Арахъхъæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Арахъхъæй макуы бафсæд.
Арахъхъæй тъæппытæ цы фæхауай, уыцы бон дын мæ цæст фенæд.
Арахъмæ бæлгæйæ ахгæнæд дæ хурхуадындзтæ.
Арахъмæ бæлгæйæ мæ размæ рагæпп кæнæнт дæ дыууæ гагуыйы.
Арахъхъы боцкъа дæ фестын кæнæд Дунескæнæг.
Арахъхъы фыдæх дæ баййафæд.
Арахъхъы фыдæхæй басудз.
Арахъхъагау фенхъиз.
Арахъхъаджы тæф фæкæн.
Арахъдзуан фæкæн.
Арахъдзуан фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Арахъдзуанæй амæл мæ тæригъæдæй.
Арахъдзуанæй батон дæ царды бонтæ.
Арахъдзуаны цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Арахъдзуаныл æфтыд фæу.
Арахъдзуаныл дæ цы бафтауа дæ рафæлдисæг, уыцы амонд дын мæ цæст бауарзæд.
Арæхстгай амæл.
Арæхстгай цы ‘рцæуа дæ мæлæт, мæ ахæм арфæ дыл рæхджы бонты сæмбæлæд.
Арæхстджын мард дын мæ уд цы фена, ахæм бон дыл акæнæд.
Арв дæ ‘ркъуырæд.
Арв дæ ‘рцæвæд, кæй фæцавтай, уыдоны тæригъæдæй.
Арв дыл æркæлæд.
Арв дыл йæ цæхæртæ ‘ркалæд.
Арв кæуылты ‘ххæссы, ууылты дын æрлæууыны бынат Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Арв цъæх у, сырх у, уый феныны бон дæ мауал фæуæд ацы арвы бын.

Арвæй æхсидав æрхауæд æмæ дæ сæрыл сæмбæлæд.

Арвæй æхсидав æрхауæд æмæ дзы де ‘дылы сæр цъыбыртты сыгъд бауæд.

Арвæй дæм галмдзармыйас цынæуал зына, уыцы бон дыл акæнæд.

Арвæй дæм стонг бирæгътæ фæниуæнт.

Арвæй дæм хуры цæст мауал разынæд.

Арвмæ асинтæ ‘вæрыныл цы ныллæууай, ахæм зонд дæм æрцæуæд.

Арвмæ бæлгæйæ дæ хъиутæ фæхæр æмæ авд дæлдзæхы ‘рцæуæд дæ мæлæт.

Арвмæ стонг куыдзау фæрæй æмæ фæниу.

Арвы æхсидав дыл сæмбæлæд.

Арвы æхсидавæй басудзæд де ‘намонд сæр.

Арвы æхсидавæй цæф дыл сæмбæлæд.

Арвы дуар гомæй цы фенай æмæ дæ сдзурыны бон цынæ фæуа, ахæм бон дыл акæнæд адæмы ’лгъыстæй.

Арвы зынгæй басудз.

Арвы зынгæй – дæ мæлæт.

Арвы рухс макуы фен.

Арвы рухсæй бакуырм у.

Арвы рухсæй дын Хуыцау макуы схай кæнæд.

Арвы хин æмæ дæ зæххы кæлæн баййафæд.

Арвы хин æмæ зæххы кæлæнæй дæ цард-цæрæнбонты цъæх арт фæуадз.

Арвы цæф фæу.

Арвы цæфæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Арвы цæхæрæй цъыбыртты сыгъд цы бакæнай, уый дын уæд мæ хуыздæр арфæ.

Арвы цъæх ма фен.

Арвы цъæхæй дæ сау цæстытæ урс кæнæнт.

Арвы цъæхæй дын хай ма уæд.

Арвырдын фенын дын макуыуал бантысæд.

Арвы цъæх фенынмæ бæлгæйæ батон дæ нымад бонтæ.

Аргæ-арын æрцæуæд дæ мæлæт.

Аргæ-арын де ‘мбисонд цы ныхъхъæр уа, ахæм бон дыл æркæнæд.

Аргъ кæнын макуы базон.

Аргъ кæнынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.

Аргъгæнæгæн аргъкæнынхъом макуы су.

Аргъгæнæгыл цы ‘лгъыстытæ сæмбæлынц, уыдон уæлдайджынтæй дæ сæрыл æртыхсæнт.

Аргъау дзурынхъом дæ Уæллаг макуы скæнæд.

Аргъау макуы фехъус.

Аргъауаг фæу.

Аргъаугæнæджы кармæ уæ Хуыцау макæй ахæццæ кæнæд.
Аргъæуттæй фæцæр.
Аргъæутты æмбисонд дыл сæмбæлæд.
Аргъауыны бонмæ ма ахæсс.
Аргъауыны цин дын Хуыцау ма бавзарын кæнæд.
Ард ахæссынхъом ма су.
Ардбахæрæг уæ макуы рацæуæд.
Ард — дæ хæдзары.
Ард дæ хæдзары бацæуæд.
Ард хæрыны кармæ уæ мачи ахæццæ уæд.
Ард хæрынхъом дæ Хуыцау ма скæнæд.
Арды фыдæх дæ баййафæд.
Арды фыдæхæй басудз.
Ардауыны бон дæ маул фæуæд.
Ардыдæй амæл.
Ардыдæй амæлæд дæ ардауæг-гацца сæр.
Ардыдæй ссар де сæфт.
Ардыгон арфæ мауал баййаф.
Ардыгон æлгъыст дыл æрцæуæд.
Ардыгон бирæгъ дыл фæхæцæд.
Ардыгон бирæгъты холы фæу.
Ардыгон дон баназын дын мауал бантысæд.
Ардыгон дзыхæйдзурæгмæ фæбæлл æмæ дæ йæ фенына бон макуыуал фæуæд.
Ардыгон низæй амæл.
Армæвæрæг дыл ма уæд.
Армæвæрæджы зæрдæ макуы ссар.
Арсдзуаны фæцу æмæ дын тæрхъус амарын дæр макуы бантысæд.
Арт макуы фен дæ къæсы.
Арт фæуадз мæ тæригъæдæй.
Артæй дæр дæ макуы фæуæд зæрдæйы фæндиаг хай.
Арты басудз.
Арты басудзæд дæ хъеллауаг сæр.
Арты басудзæд дæ сæрхъæн къоппа.
Арты судз æмæ дыл донбакалæг ма уæд.
Арты хай фæу.
Арты цъыбыртты сыгъд бакæнæд, кæм дын чи ис, уыдон.
Артбакæнæг макуы фен де 'мбыд къæсы.
Артдзæст сыгъд дæ фæкæнæд Арты бардуаг.
Артдзæстмæ фæбæлл æмæ дын йæ саразын ма бантысæд.
Артдзæсты ад бамбарынхъом дæ макуы скæнæд Уæллаг.
Артдзæсты ад макуы банкъар.
Артдзæсты хъарм макуы базон.

Артдзæсты цин цы никуы фенай, ахæм амондæй дæ фæцæрын кæнæд нæ рафæлдисæг Хуыцау.
Артæнхæлд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Артæнхæлд фæу, ды ма де 'фсæртæ сæ кæрæдзийыл куы æрæвæрай.
Артæнхæлдæй батон дæ царды бонтæ.
Артæнхæлдæй фæутæхсæн кæн.
Артæнхæлдæй цы ныхъхъæбæр уай, уыцы бон дыл акæнæд.
Артæнхæлды низæй фæцæр.
Арфæ зæгъæг дын ма уæд.
Арфæ ма фен.
Арфæйæ хызт у.
Арфæйы бæсты дæр дыл æлгъыст цы 'мбæла, ахæм амондæй фæцæр.
Арфæйы бон дæ мауал фæуæд.
Арфæйы бонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Арфæмæ бæлгæ сис дæ уд.
Арфæгонд дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Арфæгонд макуы фæу.
Арфæгонды бæсты æлгъыстгондæй фæцæр.
Арфæйаг хъуыддаг макуы фен.
Арфæйаджы бон дыл макуы 'рцæуæд.
Арфæйаг бонмæ фæбæлл æмæ дзы æнæхай фæу.
Арц дыл сæмбæлæд.
Арцæй мард дæ Уæллаг фæкæнæд.
Арцы фындзыл цы бахус уай, уыцы бон дыл акæнæд.
Арцыл — дæ лæууæн.
Арыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Арыдæй батон дæ царды бонтæ.
«Арын, арын» фæкæн æмæ арыны бонмæ ма фæхæццæ у.
Арын дын ма бантысæд.
Арыны бон дæ мауал фæуæд.
Арыны бон — дæ мæлæт.
Арыны бонмæ дæ ма фæцæрын кæнæд, уæлæмæ кæмæ фæкувыс æмæ уæлейæ чи фæндтæ кæны, уый.
Асау дæ кæнæд Хуыцау.
Асау у.
Асау у нæ кæстæрты тæригъæдæй.
Асин ныддæттæг дын мачи разынæд.
Асиныл дын уæлæмæ схизын макуы бантысæд.
Асиныл схизынхъом макуы бау.
Аскъуый.
Аскъуый æмæ бафсæда дæ цæст.
Аскъуый уыцы фырнозтæй.
Аскъуыйæд дæ ахсæн.

Аскъуыйæд дæ тæн.
Аскъуыйæд дæ уæцъæф.
Аскъуыйæд дæ хуыргуыбын æмæ дæ искуы сулæфæм.
Аскъуыйæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Аскъуыйын дæ кæнæд Хуыцау.
Аскъуыйыны бон дæр дæ мауал фæуæд, афтæмæй дæ дæ бинонты тæригъæдæй дæнгæлмард фæкæнæд Уæллаг.
Аслам адæймагæй фæцардтæ æмæ асламмард акæн.
Аслам... бегæй дæр аслам у æмæ аслам цард — дæ хай.
Аслам... бегæй ныххæдмæл у.
Аслам цард фæкæн.
Асламæй æрцæуæд де сæфт.
Асламæй дæ фелхæдæуæд.
Асламы бон дыл акæнæд.
Астæуниз кæй ацахста, уыдоны бон дыл акæнæд.
Астæунизæй фæсæй.
Астæумагъз скъуыд дæ фæкæнæд Хуыцау.
Астæуыстæгсаст фæу.
Астæуыстæгсастæй фæцæр.
Атай æмæ аруай.
Атайын æмæ дæ аруайын кæнæд уæлæ Цъæхдунескæнæг.
Атайын æмæ дæ аруайыны бонмæ дæр мауал фæцæрын кæнæд де 'взæр удылхæцæг.
Атайын дын мауал бантысæд.
Атайыны бон дын цы удхæссæг нал ратта, уымæн урс уæрыкк фест.
Аталынг дæ уæд дæ мады зæрдæ.
Аталынг дæ уæд мæ уд.
Аталынг дæ уæнт, æвзæрыл дæ чи ардауы, уыдоны рухс зæрдæтæ.
Аталынг дæ уæнт, кæм дын чи ис, уыдоны цæстытæ.
Аталынг дыл уæд дæ бон.
Аталынг дыл уæд дæ райдзаст цард, мæ къона.
Аталынг дыл уæд дæ худгæ бон.
Аталынг дыл уæд дæ хуры цæст.
Аталынг дыл уæд дæ царды стъалы.
Аталынг уæд дæ худгæ зæрдæ.
Аталынг уæд, хур дыл кæмæй ракæсы, уый цæстæнгас.
А талынгæй рацæуын дын макуы бантысæд.
А талынгæй рацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
А талынгмæ дыл хуры цæст макуы сæмбæлæд.
А талынджы амæл.
А талынджы батон дæ царды бонтæ.
А талынджы дæ ракъуырæд удхæссæг йæ къæдз цæвæгæй.
А талынджы дыл сæмбæлæд, мæ зæрдæ дын цы зæгъы, уый.

А талынджы, уыгау, дæхиуыл фæку.
Атæлфæг ма уæд дæ фæдыл.
Атæлфæг уæ макуы рацæуæд.
Атæлфæг уæ мауал уæд.
Атæлфæджы фыдæй дæ Хуыцау бынсæфт фæкæнæд.
Атæлфынмæ бæлгæйæ дæ уд сис.
Атæлфыны афон дыл ма ‘рцæуæд.
Атæлфыны бон дæ мауал фæуæд.
Атæлфыны зæрдæ дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Атæлфыны мондагæй цъæх арт фæуадз.
Атæлфыны номыл де ‘нгуылдз базмæлын кæнын дæр дæ бон цы никуы бауа, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Атæлфыны нысан дæр дыл макуы фæзынæд.
Атæлфыны рæстæг ма ‘рæййаф.
Атæлфыны фыдæй дæ Хуыцау дзыхъмард фæкæнæд.
Атæлфыны хъуыды дæм цæугæ дæр макуы ‘ркæнæд.
Атон.
Атон адæмы тæригъæдæй.
Атон дæ сæры мæсчъытæ.
Атон дæ фæрстæ.
Атон мæ тæригъæдæй.
Атонæнт дæ фæрстæ уыцы хæрдæй.
Атонæд дæ зæрдæ.
Атонæд дын уыцы ахсæн, кæд цавæр нозт у.
Атонæнт де ‘вдузæнтæ.
Атонæнт уæ нуæрттæ, махæн нæ сæрты мæгъзтæ чи рауагъта.
Атонæнт, чи дын ис, уыдон, кæд дын мæн аххос нæ фæци.
Атъæпп дæ кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Атъæпп кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Атъæпп мын дæ кæнæд а комбæсты зæдтæ.
Атъæпп мын уæд де ‘взæр сæр.
Атъæпп у.
Атъæпп у де знаджы цæфæй.
Атъæпп у Хуыцауы цæфæй.
Атъæпп у, чи дæ нæ уарзы, уыдоны фæндиаг.
Атъæпп уæнт, æнæхъуаджы дæ чи афхæры, уыдон.
Атъæпп уæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Ауæлдай дæ кæнæд Дунескæнæг.
Ауæлдай дæ кæнæд мæ уд.
Ауæлдай кæныны бонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Ауæлдай у.
Ауæлдай у адæмæй.
Ауæлдай у дæ хиуæттæй.
Ауæлдай у де ‘мгæрттæй.

Ауæлдай у Хуыцауæй.
Аудинаг дын Хуыцауы цæст макæй бауарзæд.
Аудинаджы бон дыл æркæнæд.
Аудинаджы цардæй дæ фæцæрын кæнæд дæ рафæлдисæг.
Аузæг дæ мауал уæд.
Аузæгæй ацух у.
Аузинаг макуы фен дæ авдæны.
Ауæттыл зилгæйæ атъæпп у.
Ауонмард акæн.
Ауоны кæрдæгау ныддаргъ у æмæ дæ уæрджытæ дæ быны дзой-дзой кæнæнт.
Ауоны кæрдæгау хæрдмæ фæцу æмæ дæ сæры мацы уæд.
Ауоны ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Ауындзæн хъилыл сагъд æрцу.
Ауындзæнæй райсæг дæ ма уæд.
Ауындзæнмæ ма бахæццæ у.
Ауындзæнмæ фæдзыназæнт дæ хуыздæртæ.
Ауындзæныл бахус у.
Ауындзæныл цы фæхъеллау кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Ауындзæныл цъыбыртты сыгъд бакæн.
Афадæд дæ Хуыцау.
Афæдæд дæ зæрдæ.
Афæдæд дæ куысыфтæг сæр.
Афæдæд, цы хъарм цард фæарæзтай, уый.
Афæдз мауал ахæсс.
Афæдзæй-афæдзмæ дæ сæйгæ уат макуы сис.
Афæдзæй-афæдзмæ дын мæ уд дæ хисты кæндтæ фæхæрæд.
Афæдзæй-афæдзмæ дзыназгæ фæцу.
Афæдзæй-афæдзмæ хистытæ фæкæн.
Афæдзæй-афæдзмæ фæдзыназ дæ ахсджиæгты ингæнтæм.
Афæдзæй-афæдзмæ цин макуы фен.
Афæдзæн мæрдтæ февæр дæ хуыздæртæй.
Афæдзмæ дæ сау уæрдон балæууæд дæ мæгуыр къæсæрыл.
Афæдзмæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Афæдзы бон æрæййафын дын мауал бантысæд.
Афæдзы бонмæ дæ гæндзæхтæ фæцæгъд.
Афæдзы бонмæ – дæ удисæн.
Афæдзы бонмæ дын мæ уд дæ хист ахæрæд.
Афæдзгæйтты дæ дæ саутæ сисыны бон макуы фæуæд.
Афæдзгæйтты дæ дæ цæссыг ссур кæныны бонтæй Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Афæдзгæйтты дæ цæссыг калгæйæ фæцу.
Афтæ хорз дыл æрцæуæд, адæммæ цы хорз цæстæй кæсыс.
Афтæ хорз зæрдæйæ фæцæр, адæмæн дæ цы фæнды.

Афтæ хорз дын Хуыцау ракæнæд, ды махæн цы ракодтай.
Афтæ хорзæй арвит дæ царды бонтæ.
Афтæ хорзæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Афтæ хорзæй фæцæр, махæн дæ цы хорз фæнды.
Афтæ хорзы бон дыл акæнæд, арвы цъæх дæм куыднæуал зына.
Афтæ хорзыл сæмбæл, дæ хæдзар дæ быныроx куыд æрбауа.
Афтæ-уфтæ фæкæн.
Афтæ-уфтæйæ æрцæуæд де сæфт.
Афтæ-уфтæйæ батон, цы царды бонтæ ма дын аззадис, уыдон.
Афтид абад.
Афтид абад дæ ахсджиæгтæй.
Афтид абад дæ ныфсы мæсгуытæй.
Афтид абад дæ хъулон хъæбулæй.
Афтид абад, кæм дын чи ис, уыдонæй.
Афтидармæй фæцæр.
Афтид арфæ кæнынхъом дæр дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Афтид дæ абадæд дæ ныййарæг мад.
Афтид дæ абадæд мæ рыст уд.
Афтид зæрдæйæ фæхæт адæмы уæзгуытыл.
Афтидкъухæй фæцæр.
Афтид ном ма дæ цы аззайа, ахæм бон дыл акæнæд.
Афтид ныхасыл дæ Хуыцау бафтауæд.
Афтидсæрæй дыл æрцæуæд дæ сæфты дуг.
Афтид фынгтæ февæр.
Афтид фынгтæ фефснайыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Афтид хæдзармæ дæ фæкæсын кæнæд нæ рафæлдисæг Хуыцау.
Афтид цард дын ис æмæ дын уый дæр Хуыцауы цæст цынæуал бауарза, ахæм бон дыл акæнæд.
Афтидæй амæл.
Афтидæй афтиддæрмæ фæцу.
Ахæм адæмыл амбæл, дæ фынты дæр махмæ бæлгæйæ куыд дзыназай.
Ахæм æлгъыст дæ баййафæд, цард-цæрæнбонты судзгæ-дудгæйæ куыд хитай.
Ахæм æлгъыст дæ баййафæд, царды хæрзтæм бæлгæйæ куыд тонай дæ нымад бонтæ.
Ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд, дæ астæу дæхи æмбæрц цы никуыуал сраст кæнай.
Ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд, дæ сау дудгæбонæй мах дæ цард-цæрæнбонты куыд айрох кæнай.
Ахæм бон дыл акæнæд, уыйфæстæ дæм хъаймæт рухс дзæнæт куыд кæса.
Ахæм бон дыл акæнæд, æмæ дæм царды хæрзтæ куыднæуал хъарой.

Ахæм бон дыл акæнæд, æмæ зылын цæуæнмæ цы фæцæуай.
Ахæм бон дыл акæнæд, дæ сынтæг сисынæн цынæуал бауай.
Ахæм бон дыл акæнæд, сывæллæттæн хынджылæггаг цы суай.
Ахæм бон дыл акæнæд, сылгоймаджы фæстæ акæсынæн цынæуал уай.
Ахæм бон дыл акæнæд, сылгоймæгтæ дыл сæ къæхтæ цы сæрфой.
Ахæм бон дыл æркæнæд, мæ ном дæ куыд айрох уа.
Ахæм дудгæ маст дæ æрæййафæд, æмæ цæрæнбонты судзгæдудгæйæ куыд батонай дæ 'наккаг царды бонтæ.
Ахæм дзырд дыл сæмбæлæд, дæ сынтæгæй дæ сыстын чи никуыуал суадза.
Ахæм дзырд дыл сæмбæлæд, цард-цæрæнбонтæм дæ зæрдæскъуыдтæ чи фæкæна.
Ахæм дзырдыл фæкæл, мæрдты къæсæрыл дæ дидинæфтыдæй чи балæууын кæна.
Ахæм дзыхæй фæдзур, æмæ дæ æмбарæг цы никуы бамбара.
Ахæм ивд фæкæн, æмæ дæ ивыны сæр цы никуыуал бахъæуа.
Ахæм зард ныккæн, æмæ дæ хурхуадындзтæ хæрзлыстæг тæгæлтæ куыд ныууой.
Ахæм маст бáййаф, æмæ цæрæнбонты дæ маройæ куыд никуыуал банцайай.
Ахæм маст дыл сæмбæлæд, дæ цард-цæрæнбонты æнхъæл кæмæй никуы уай.
Ахæм мастæй фæхъæстæ у, цæрынæй-хæрынмæ дын чи никуыуал æрысыса.
Ахæм масты ныххау, дæ хуырахсæн сурæй быны лопъо куыд ауа.
Ахæм мастыл æфтыд фæу, де 'мбисонд кæфтæй-кæсæгмæ куыд ныхъхъæр уа.
Ахæм нæмыг дыл сæмбæлæд, кæрдихгай дæ чи скæна.
Ахæм ном дыл сбадæд, адæм дыл æлгъ куыд кæной.
Ахæм номæй дæм бадзырдæуæд, дæ зæрдæ дæхицæй куыд хæццæ кæна.
Ахæм номы аккаг дæ Хуыцау макуы скæнæд, адæм дæ аргъуыц куыд кæной.
Ахæм омд фæкæн, де сулæфæнтæ дæ хъæлæсæй кæрдихгай куыд скалай.
Ахæм «опп» дын фæуæд, дыккаг хатт дæ йæ зæгъыны сæр куыд никуыуал бахъæуа.
Ахæм ранмæ æрхау, адæм дыл ту куыд кæной.
Ахæм ранмæ дæ Хуыцау æрæппарæд, адæм дыл сæ къæхтæ сæрфынмæ æлгъ куыд кæной.
Ахæм раст разын, рæстæй куыд æрцæуа дæ мæлæт.
Ахæм рæстæг æрæййаф, «мæн у» зæгъæг дын куыднæуал уа.

Ахæм стъæлфт фæкæн, фæстаджы æрттывд дын куыд фæуа.
Ахæм цæф дыл сæмбæлæд, дæ цард-цæрæнбонты кæй никуы сфæразай.
Ахæм цинтæ дыл цæуæнт, дæ зæрдæ скъуыдтæ кæмæй кæна.
Ахæм цъынд бакæн, æмæ дæ фæстаджы цъынд куыд фæуа.

*Ахæмæй-ухæмæй,*
*Дæ удисæн – тухæнæй.*

«Ахæстон, ахæстон» фæкæн.
Ахæстонæй ахæстонмæ фæцу.
Ахæстоны æрцæуæд дæ мæлæт.
Ахæстоны къуымты бамби.
Ахæстоны цардæй дарддæр дын Хуыцау хорзæй макуы мацы бафтауæд дæ сыгъд къухты.
Ахæсты цард дын Уæллаг дæ къухтæй макуы аппарæд.
Ахæсты цардæй фæцæр.
Ахстæй амæл.
Ахстæй дæ æрæййафæд дæ судзгæ адзал.
Ахстæй – дæ мæлæт, уый дын мæ арфæ.
Ахсæвыккон æхсæв дæ мауал рабадын кæнæд.
Ахсæвыккон æхсæвæй æлгъыст фæу.
Ахсæвыккон æхсæвы зæдтæ дыл сæ цæхæртæ ныккалæнт.
Ахсæныскъуыд фæу.
Ахсæныскъуыдæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ахсæныскъуыдæй фæхир-хур кæн.
Ахсæныскъуыдæй чи цард, уый бон дыл акæнæд.
«Ахстон, ахстон» фæкæн æмæ дæ йæ мидæг цæрыны бон макуы фæуæд.
Ахстон макуы фен.
Ахстон сбийынхъом макуы су.
Ахстон скæнын дын макуы бантысæд.
Ахстонæй атæхынхъом макуы бау.
Ахстонгæнæджы зæрдæйæ фæцæр.
Ахстонгæнæджы тых дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Ахстонмæ дыл сæмбæлæд дæ фыдбылыз.
Ахстоны хуыдуггонд æрцу.
Ахстонгæнæг уæ мауал уæд.
Ахстонгæнæджы сау бон дыл акæнæд.
Ахуыйæн макуы фен.
Ахуыйæны фыдæхæй басудз.
Ахуыр лæг уæ къæсæрæй дæр макуы бахизæд.
Ахуыр лæг уæ къæсæрæй макуы рахизæд.
Ахуыр лæг уæ макуы рацæуæд.

Ахуырæй уæ Хуыцау бахизæд.
Ахуырмæ бæлгæйæ æрцæуæд дæ сау мæлæт.
Ахуыры бон дæ мауал фæуæд.
Ахуырыл фæу æмæ дæ цард цы айрох уа, уыцы судзгæ бон дыл акæнæд рæхджы.
Ахуыссæд дæ сау зынг.
Ахуыссæд дæ хуры тын.
Ахуыссæд дæ цæсты рухс.
Аххосаг рын – дæ артæнты.
Аххосаг рын дæ ахæссæд.
Аххосаг рын дыл фæзынæд.
Аххосаг рынæй фæсæй.
Аххосаг рыны хаст фæуæнт дæ ахсджиæгтæ.
Аххосаг рыныл скъуыр дæ къах.
Аххосджынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Аххосджынæй – дæ куыдзы цард.
Аххосджынæй дæ фæсæйын кæнæд де Сфæлдисæг.
Аххосниз дыл фæзынæд.
Аххоснизæй амæл.
Аххоснизæй мауал су дæ къахайсынæн.
Аххоснизæй мауал сис дæ сынтæг.
Аххоснизæй фæсæй дæ цард-цæрæнбонты.
Ахъав-ахъав фæкæн.
Ахъав-ахъав фæкæн æмæ дын дæ зæрдæйы фæндæттæ сæххæст кæнын макуы бантысæд.
Ахъаз дын мацы уæд.
Ахъазгæнæг дын мауал уæд.
Ахъазгæнæгæн ахъаз кæнын дæ бон макуы бауæд.
Ахъазгæнинаг дын Хуыцау дæ къухты макуыуал бафтауæд.
Ахъаззаг маст дыл æрбамбæлæд.
Ахъаззаг цæф баййаф дæ Хуыцауыхайæ.
Ахъаззаг цæф фæу.
Ахъазхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ахъаззаг цæфæй æрхауæд дæ сæр.
Ахъаззаг цæфæй æрхауæд дæ рахиз къух.
Ахъазхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ацафон мауал æрæййаф.
Ацафонмæ дæ Хуыцау мауал фæцæрын кæнæд.
Ацы ’хсæв ма мæ куы ныууадзай, уæд дын мæ уд дæ хист ахæрæд.
Ацъæх дæ кæнæд удхæссæг.
Ацъæх у.

# Æ

Æбар митæ фæкæн.
Æбар хъуыддæгтыл æфтыд у.
Æбар цард фæкæн.
Æбар цы уай цæргæ-цæрæнбонты, ахæм бон дыл акæнæд.
Æбарæй амæл.
Æбарæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æбарæй дæ зонгуытыл фæбыр.
Æбарæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æбарæй де знæгтæн уырдыг фæлæууы.
Æбарæй уыргæфтыд фæу.
Æбарæй фæхит адæмы уæзгуытыл.
Æбарæй фæцæр дæ адæмы æхсæн.
Æбарсæфт дæ фæкæнæд æппæтхъом Хуыцау.
Æбары бон дыл акæнæд адæмы тæригъæдæй.
Æбары бонæй дæ фæцæрын кæнæд дæ рафæлдисæг.
Æбары рæстæджытæ фæтон.
Æбæрæг мардæй амæл.
Æбæрæг мардæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Æбæрæг мардæй дæ ссардæуæд.
Æбæрæг мæрдтæ фæныгæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Æбæрæг фæндæгтыл фæцу.
Æбæрæг хабар дыл сæмбæлæд.
Æбæрæг хъуыддæгтæ фæцараз.
Æбæрæг хъуыддæгтæй дæ Хуыцау макуы фервæзын кæнæд.
Æбæрæг хъуыддæгтыл дæ бафтауæд дæ рафæлдисæг.
Æбæрæг цард фæкæн.
Æбæрæгсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æбæрæгсæфт цы фæкæнай, ахæм æлгъыст дыл сæмбæлæд.
Æбæрæгсæфт фæу.
Æбæрæгсæфтæй фæцæр.
Æбæрæгсæфты бон дыл акæнæд.
Æбæрæгсæфты бонæй батон дæ фидиссаг цард.
Æбæрæгсæфты ном дыл цы сбада, уый дын фенæд мæ уд.
Æбæрæгсæфты номæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Æбуалгъ адæймаг дæ æмæ æбуалгъæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æбуалгъы бонтæ фервит.
Æбуалгъы митæ фæкæн.
Æбуалгъы рæстæджытæ дыл ныккæнæд.
Æбуалгъы хабæрттæм фæцу.
Æбуалгъы хъуыддæгтыл дæ цы бафтауа Дунескæнæг, уыцы амонд дæ уæд.
Æбуалгъы цардæй фæцæр.

Æбуалгъæй амæл.
Æбуалгъæй батон дæ царды бонтæ.
Æбуалгъæй фæцæр.
Æбуалгъы бон дыл акæнæд.
Æбуалгъы мард акæн дæ раттæг адæмы тæригъæдæй.
Æбуалгъы номæй дæм фæдзырдæуæд.
Æбуалгъы хабар дыл æрбамбæлæд æнæнхъæлæджы.
Æбузн адæмæн фæлæггад кæн.
Æбузн адæмыл цыд фæу.
Æбузнæй арвит дæ бонтæ.
Æбузнæй-æбузндæрмæ фæцу, адæмы хъæр чи не 'мбары.
Æбузнæй фæцæр.
Æбузнæй зокъо цы рафтауай, ахæм амонд дæ уæд.
Æбузны бонæй фæхир-хур кæн.
Æвадат боны дæ мæ уд табæты авæрæд.
Æвадат боны хъуыддæгтæ фæкæн.
Æвадат мард акæн.
Æвадат митыл дæ фæифтыгъдæуæд.
Æвадат рæстæджытæ фервит нoджыдæр.
Æвадат сæфт фæу.
Æвадат хъуыддæгтыл æфтыд дæ фæкæнæд де скæнæг.
Æвадат цардæй дын дæ къах райсын ма бантысæд.
Æвадат цæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æвадатæй амæл.
Æвадаты бонæй фæцæр.
Æваст бон дыл акæнæд.
Æваст бонтæм фæкæс.
Æваст мард акæн.
Æвастсæфт фæу.
Æвастцæф дæ уæлæ Уæллаг фæкæнæд.
Æвастцæфæй хæдзархæлд цы 'рбауай, уыцы бон дыл акæнæд.
Æвæгæсæг æрбауæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Æвæгæсæг дæ дунескæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Æвæгæсæг мард æрцæуæд дæ хæдзарыл.
Æвæгæсæгæй адæргъ кæн дæ къæхтæ.
Æвæгæсæгæй атил дæ гæндзæхтæ.
Æвæгæсæгæй æрцæуæд де сæфт.
Æвæгæсæгæй батон дæ царды бонтæ.
Æвæгæсæгæй дæ æрæййафæд саудзыдзыда удхæссæг.
Æвæгæсæгæй сис дæ уд.
Æвæгæсæгæй фæцæр.
Æвæгæсæджы бон дыл цы акæна, уый дын фенæд мæ уд.
Æвæгæсæджы номæй фæцæр.
Æвæд æвзæр адæймаг хъуамæ кæна æмæ дæ æвæд фæкæнæд де сфæлдисæг Хуыцау.

Æвæд мард акæн.
Æвæд фæндæгтыл фæцу.
Æвæдæй амæлын дын зæгъы мæ зæрдæ.
Æвæдæй баззай.
Æвæдæй фыдвæд фыддæр у æмæ дæ фыдвæд фæкæнæд дунескæнæг иунæг Хуыцау.
Æвæды æмбисонд дыл сæмбæлæд.
Æвæды номæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æвæды номæй дæм фæдзырдæуæд.
Æвæды цардæй фæцæр.
Æвæдсæфт адæймаг дæ æмæ дæ рæхджы Хуыцау сæрысæфт цы фæкæна, ахæм æмбисонд акæнæд дæ иунæг къоппайыл.
Æвæдсæфт дæ Аларды фæкæнæд.
Æвæдсæфт дæ, адæймаг фæд кæй фæрцы уадзы, уыцы Хуыцау фæкæнæд.
Æвæдсæфт фæкæн.
Æвæдсæфтæй æвæдсæфтдæрмæ фæцу.
Æвæдсæфтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æвæдсæфтæй хир-хур кæн.
Æвæдсæфтæй цъындæлхынцъытæ кæн.
Æвæдсæфтмæ дæ æрæппарæд Уæллаг.
Æвæдсæфтмæ фæцу.
Æвæдсæфты дудгæбон дыл акæнæд.
Æвæдсæфты амондæй дын Хуыцау схай кæнæд.
Æвæдсæфты зæрдæйæ фæцæр.
Æвæдсæфты митæ фæкæн.
Æвæдсæфты ном дæ къухæй ма ахауæд.
Æвæдсæфты ном де рагъæй ма рахауæд.
Æвæдсæфты цард фæкæн.
Æвæздæг фæу.
Æвæздæг хæдзар хæдзарыл нымад нæу æмæ Хуыцаумæ дæр нымад куыд никуы уай, ахæм бон дын мæ цæст фенæд.
Æвæздæгæй фæцæр дæ цард-цæрæнбонты.
Æвæлмас цард дын Хуыцау дæ къухы макуы бафтауæд.
Æвæлмас цард макуы фен.
Æвæлмас цардæй дæм мацы æрхауæд.
Æвæлмас цардмæ фæбæлл æмæ дæ къухы макуы бафтæд.
Æвæлмас царды дæ Хуыцау макуы ныббарæд.
Æвæлмаст цардыл ма фæхæст у.
Æвæлмон мард акæн.
Æвæлмон низ – дæ артæнты.
Æвæлмон низ дæ ахæссæд йæхицæн.
Æвæлмон низæй фæутæхсæн кæн.
Æвæлмон низы ахæсты дæ дунескæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Æвæндон мард дын мæ уд фенæд.

Æвæндон митæ фæкæн.
Æвæндон рын – дæ артæнты.
Æвæндон рын дæ ахæссæд урс уæрыккæн.
Æвæндон рын дæ хъуыры ныббадæд.
Æвæндон рынæй фæсæй.
Æвæндон рынæй цæстыныкъуылдмæ фæтары у.
Æвæндон сæфт фæу.
Æвæндон улæфт дын фæуæд.
Æвæндон фæндæгтыл дæ Хуыцау фæцæуын кæнæд.
Æвæндон хъуыддæгтæ дын фæуæд.
Æвæндон хъуыддæгтыл дæ дæ фыдбылыз бафтауæд.
Æвæндон цард – дæ хъомыс.
Æвæндон цард фæкæн.
Æвæндонæй амæл.
Æвæндонæй батай.
Æвæндонæй дæ аныгæнæд мæнæй уый.
Æвæндонæй дæ æркъуырæд Уæллаг.
Æвæндонæй дæ зæрдæйы дзуринæгтæ фæкал.
Æвæндонæй – дæ ахсджиæгты мæлæт.
Æвæндонæй дæ туг, дæ рондз фæкал.
Æвæндонæй – дæ цард.
Æвæндонæй фæсæй дæ сынтæджы.
Æвæндоны бон дыл акæнæд тагъд рæстæджы.
Æвæндоны бонæй æрвит дæ царды бонтæ.
Æвæндоны боныгуырд фæу.
Æвæндоны боны ссар дæ адзал.
Æвæндоны боныл дæ сæмбæлын кæнæд Уæллаг.
Æвæндоны ускуырд дын фæуæд.
Æвæндоны бонæй цы батонай дæ нывонд бонтæ, уый дын – мæ арфæ.
Æвæндоны хаст дæ стыррын акæнæд.
Æвæндоны чындзыцыд дын æй Мадымайрæм фæкæнæд.
Æвæрæн кæнын дын ма бантысæд.
Æвæрæнæй-æвæрæнмæ фæцæр.
Æвæрæнтæ кæнгæйæ амæл.
Æвæрæнтæ кæнынæн ма бау.
Æвæрæнтæ фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Æвæрæнтæ фæкæн æмæ дын мæнæн баззайæнт.
Æвæрæнтæ фæкæн æмæ дын сæ бахæрын ма бантысæд.
Æвæрæнтæ фæкæн æмæ се ссарынхъом мауал бау.
Æвæринаг фæу.
Æвæринаджы бон дыл акæнæд.
Æвæринаджы хъысмæт дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Æвæринаджы цармы тыхт фæу.
Æвæрыны бон дæ мауал фæуæд.

Æвæрыны рад дæм макуы æрхауæд.
Æвæстаг дæ амонддæттæг фæкæнæд.
Æвæстаг дын фæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Æвæстаг кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Æвæстаг фæу.
Æвæстагæй авд дæлдзæх ныххау.
Æвæстагæй æрцæуæд де сæфт.
Æвæстагæй баззай.
Æвæстагæй – де ‘намонд мæлæт.
Æвæстагæй дæхи цы бахæрай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æвæстагæй зокъотæ рауадз.
Æвæстагæй фæцæр æмæ дын дæ цард царды ад макуы скæнæд.
Æвæстагæй царды ад макуы базон.
Æвæстагмæ æрхауæд дæ кæрон.
Æвæстаджы амонд – дæ хай.
Æвæстаджы амонд дæ хъуырыл ауыгъд æрцæуæд.
Æвæстаджы бон дыл акæнæд.
Æвæстаджы бонæй батон дæ зæры азтæ.
Æвæстаджы ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Æвæстаджы номæй судзгæ, дудгæйæ фæцæр.
Æвæстаджы хал ахæр.
Æвæстагсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æвæстагсæфт фæу.
Æвæстагсæфтæй фæцæр.
Æвæстагсæфты бон дыл æркæнæд.
Æвварсхæцæг бавæрынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Æвварсхæцæг дын макуы уæд.
Æвварсхæцæг дын Хуыцау макуы раттæд.
Æвварсхæцæгæй дæм амонд макуы æрхауæд.
Æвварсхæцæджы бавæрынæн ма су.
Æввонг амонд макуы фен.
Æввонг амондæй дæ цæстытæ цы риссой, уый дын мæ уд фенæд.
Æввонг бынтæ дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Æввонг бынтæм бæлгæ дæ Хуыцау амарæд.
Æввонг бынтæн дыл сæ уддзæф дæр макуы анызæвæд.
Æввонг мард дын мæ цæст фенæд.
Æввонг мæрдтæ фæнызæн.
Æввонг сæфт фæкæн.
Æввонг сæфтæй æввонг сæфтмæ фæцу.
Æввонг цард дын Хуыцу макуы раттæд.
Æввонг цард фæкæн æмæ дзы удæнцой макуы ссар.
Æввонг цардмæ фæбæлл.
Æввонг цардмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцау дæ къухы макуы бафтауæд.

Æввонг цардмæ бæлгæйæ амæл.
Æввонг царды ад макуы банкъар.
Æввонг цардыл ахæм ахуыр су, æмæ дæ къух уазал доны атулынæн куыднæуал уай.
Æввонгæй амæл.
Æввонгæй бафт де знæгты къухы.
Æввонгхор дæ æмæ æввонгхорæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æввонгхорæй фæхит де знæгты уæзгуытыл.
Æввонгхортæ фæцæуæнт дæ уæзæгæй.
Æввонгхортæ хъомыл кæнынæй дæрддæр дæ кæстæртæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Æввонгхоры æмбисонд дæ баййафæд.
Æввонгхоры цард дын дæ къухæй макуы аппарæд Дунескæнæг Хуыцау.
Æввонгхоры цардæй фæкæс æппарæггаг къæбæрмæ.
Æввонгхоры цардыл дæ къух макуы сис.
Æввонгхортыл нымадæй дæ мæ уд фенæд.
Æвгъау дын уæд дæ доны хъуыртт дæр.
Æвгъау дын уæд дæ кæрдзыны къæбæр.
Æвгъауаг дын мацыуал баззайæд.
Æвгъауаг дын Уæллаг Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Æвгъауагыл дæ арм дæр макуы аныдзæвæд.
Æвгъауагыл дæ уæларм дæр цы никуы авæрай, ахæм амонд дæ рæхджы баййафæд.
Æвгъæды бадыны амондæй дæ Мадымайрæм бахизæд.
Æвгъæддон макуы фен.
Æвгъæддонæй сау хæдтулгæйыл ласгæ фæу.
Æвгъæддонæй рацæуын дын мауал бантысæд.
Æвгъæддонтæм кæсгæ-бæлгæйæ дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Æвгъæддоны æрцæуæд дæ мæлæт.
Æвдадзы хос агурæг дæ Уæллаг Хуыцау фæхæтын кæнæд адæмы уæзгуытыл æмæ дæ къухы макуы бафтæд.
Æвдадзы хос дын марджы бæсты куыд цæуа, рæхджы дыл ахæм бон акæнæд.
Æвдадзы хос фæагур æмæ дын йе ссарын макуы бантысæд.
Æвдадзы хосæй дæр дæм æппынæдзух дæ удхæссæг цы дзыназа, ахæм амонд дæ уæд.
Æвдадзы хосæн-иу дæ дæ уд ивын фæхъæуæд.
Æвзаг дур халы æмæ дур фест дæ къæдзæвзаджы тыххæй.
Æвзаг дзурынæн у æмæ дæ дзурынхъом Хуыцау макуы скæнæд.
Æвзаг зонынхъом макуы бау.
Æвзаг судзинау ныхсы æмæ судзинæй ссар дæ адзал.
Æвзагæй ауыгъд æрцу рæхджы бонты.
Æвзагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æвзагджыны æмбисонд дыл акæнæд.

Æвзагхæссæджы æвзаг бахус уæд.
Æвзагхæссæджы æвзаг — куыдзы с...ы.
Æвзагхæссæджы æвзаг рæбыныл ахауæд.
Æвзагхæссæджы æвзаг стæг фестæд.
Æвзагхæссæджы æвзагыл сынкъ æрзайæд.
Æвзагхæссæджы æвзагыл пысыратæ фæкарстæуæд.
Æвзалы бау.
Æвзалы дæ Хуыцау фестын кæнæд.
Æвзалы фест.
Æвзалы хæрыныл дæ бафтауæд дæ амондыскæнæг.
Æвзалы цы фестай, ахæм амонд дын мæ цæст бауарзæд.
Æвзалыйау дæ æппæтхъом Хуыцау асау кæнæд.
Æвзалыйы аргъ дæр дын мауал уæд мæ тæригъæдæй.
Æвзалыйы аргъмæ дæ аппæрстæуæд.
Æвзалыйы аргъыл дæ рауæлдай чындæуæд.
Æвзалыйыл дæ цы ивдæуа, ахæм бон дыл акæнæд.
Æвзар макуы суадз.
Æвзаргæ хæринаг макуы фен.
Æвзаргæ царды тæфтыл цæугæ дæр цы никуы акæнай, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Æвзаргæйæ фæхъæут.
Æвзаргæты уымы бæстæм баййаф.
Æвзаргæты хал — дæ хъуыры.
Æвзарыны бон дæ мауал фæуæд.
Æвзæр бон амæл.
Æвзæр бон дыл акæнæд.
Æвзæр бонæй фæцæр.
Æвзæр боны гуырд дæ нæ раттæг Хуыцау фæкæнæд.
Æвзæр боны цæстæй фæкæс дæ ахсджиæгтæм.
Æвзæр зæрдæ дæм чи дары, уыдоны фæндиаг дæ фæкæнæд дæ амондыскæнæг.
Æвзæр зондыл дæ Хуыцау бафтауæд йе сфæлдисгæ адæмы тæригъæдæй.
Æвзæр къахыл лæуд фæу ноджыдæр.
Æвзæр лæджы къухы ныххау.
Æвзæр мæрдтыл нымад у æмæ дæ мард фæкæнæд Дунескæнæг.
Æвзæр рæстæджы æрцæуæд дæ мæлæт.
Æвзæр рæстæджы къухы æфтыд фæу.
Æвзæр сылыстæджы ахæсты — дæ сæр.
Æвзæр фæдæй дын фæиппæрд мауал уæд.
Æвзæр фæдыл Хуыцауæй æфтыд фæу.
Æвзæр фæндæгтыл фæцу.
Æвзæрæй амæл.
Æвзæрæй æвзæрдæрмæ — дæ фæндаг.

Ævзæрæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Ævзæрæй – де сæфт.
Ævзæрæй дыл фæкæуæд дæ ныййарæг мад.
Ævзæрæй чи амард, уыдон тагъд рæстæджы цы баййафай, ахæм бон дыл акæнæд.
Ævзæрæн дæ февзæрстæуæд.
Ævзæрæн «иуварс» зæгъынхъом макуы бау.
Ævзæрæн ныхкъуырд раттынхъом дæ Хуыцау макуы бон бакæнæд.
Ævзæртæ – дæ дзыхы.
Ævзæртæ дын – фæлдыст.
Ævзæртæ дын – хæринаг.
Ævзæртæ феууил дæ цард-цæрæнбонты.
Ævзæры æфсондз фæхæсс ноджыдæр.
Ævзæры бынатмæ дæ æрæппарæд Уæллаг.
Ævзæры къæлæты дæ фæбастæуæд.
Ævзæры ном фæхæсс.
Ævзæры Хуыцау æркæлæд.
Ævзæры Хуыцау-иу фæхъæуæд.
Ævзæрыл бахудæг æвзæртæм фæкæсæд.
Ævзонг мард акæн.
Ævзонг мард рахæсс дæ хæдзарæй.
Ævзонгæй æвзонгмæ цæуæд уæ адзал.
Ævзонгæй æвзонгдæрмæ бынсæфт куыд кæнат, ахæм æлгъыст уæ баййафæд.
Ævзонгæй æрцæуæд де 'взонг уды сæфт.
Ævзонгæй батай æмæ бампыл.
Ævзонгæй дæ Уæллаг æрцæвæд.
Ævзонгæй дæ цæрыны бон мауал фæуæд.
Ævзонгæй дын мæ уд дæ хист цы ахæра, раст дыл ахæм бон акæнæд рæхджы.
Ævзонгæй дын уæлæмæ сыстын мауал бантысæд.
Ævзонгæй мауал сис дæ сæйæн сынтæг.
Ævзонгæй рафæлдæх.
Ævзонгæй сауты фæцу.
Ævзонгæй сауты цы бахус уай, ахæм бон дыл акæнæд.
Ævзонгæй цард ма ссар.
Ævзонджы айæнмæ дæ ма ахæццæ кæнæд дæ раттæг.
Ævзонджы бонмæ ма фæцæр.
Ævзонджы зæрдæ дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Ævзонджы рæстæг ма фен.
Ævзонджы хъару макуы фæхат дæ уæнгты.
Ævзонджы цард дын Хуыцау дæ къухты макуы бафтауæд.
Ævзонджы цин макуы бавзар.
Ævиллон бон амæл.

Æвиллон бон æрцæуæд дæ ахсджиæгты бынысæфт.
Æвиллон цард фæкæн.
Æгад дæ æмæ æгадæй æрцæуæд дæ сæфтдзаг царды кæрон.
Æгадæй амæл.
Æгадæй æгадмæ фæцу.
Æгадæй æгадмæ цы фæцæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Æгадæй æрцæуæд де ‘взæр сæры сæфт.
Æгадæй бахус у фаджысы кæрдæгау.
Æгадæй дыл дæ цæсгомы царм фæлæбырæд.
Æгадæй фæцæр хъæды халонау.
Æгады бæрæгбæттæ фæцараз ноджыдæр.
Æгады бон дыл акæнæд, цы адæмы æгад кæныс, уыдоны тæригъæдæй.
Æгады бонæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æгады бонтæ фæтон.
Æгады бынаты фæбад дæ раттæг адæмы ‘хсæн.
Æгады къæбæр фæхæр.
Æгады къæлæты баст цы ‘рцæуай, уый дын фенæд мæ цæст.
Æгады ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Æгады ном фæхæсс цæрынæй хæрынмæ.
Æгады номæй фæцæр дæ бинонты ‘хсæн дæр.
Æгады хъуыддæгтæ фæкæн мæ уæззау тæригъæдæй.
Æгады цардæй дарддæр дын Хуыцау цард ма раттæд.
Æгады цардæй фæтон дæ царды хуыздæр бонтæ.
Æгадыл æлгъ кæнын дæм æгад цы нæ кæса, ахæм бонтæ фæтон.
Æгадгæнгæ фæтул ноджыдæр.
Æгал, æгæвдæс дæ фæкæнæд Уæллаг.
Æгал, æгæвдæсæй баззай дæ цард-цæрæнбонты.
Æгал, æгæвдæсæй ссар дæ адзал.
Æгал, æгæвдæсыл фæхудыны бон дæр дæ ма фæуæд.
Æгæнон дæ æмæ рæхджы бонты æгæнонæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æгæноныл цы æгæнон бон акодта, уый дæу дæр тагъд цы баййафа, мæ уд дын уый фестæд.
Æгæр фæу.
Æгæргæнæг æгæр кæны æмæ дзы ды дæр тагъд цы фегæр уай, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.
Æгæры бон дыл рæхджы акæнæд.
Æгуыдзæг уыдтæ æмæ æгуыдзæгæй æгуыдзæгдæрмæ фæцу.
Æгуыдзæгæй амæл.
Æгуыдзæгæй фæцæр.
Æгуыдзæгмæ фæцу ноджыдæр.
Æгуыдзæджы бон дæ баййафæд.

Ægуыдзæджы бонæй дæ фæцæрын кæнæд дæ рафæлдисæг Хуыцау.
Ægуыдзæджы къухы æфтыд фæу.
Ægуыдзæджы мард акæн.
Ægуыдзæджы номæй дæм фæдзырдæуæд.
Ægуыст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ægуыст фæу.
Ægуыстæй ссар дæ мæлæт.
Ægуыстæй фæхъеллау кæн адæмы уæзгуытыл.
Ægуысты бон дыл акæнæд.
Ægуысты цæстæй дæм фæкастæуæд дæ удæгасæй дæ адзалы бонмæ.
Ægъатыр адæймаг æгад у æмæ æгады мард акæн.
Ægъатыр лæгыл æмбæлд фæу.
Ægъатыр мард акæн.
Ægъатыр мард æрцу де знаджы къухæй.
Ægъатырæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ægъатырæй фæтон дæ ницæйаг царды бонтæ.
Ægъатыры бонæй фæцæр.
Ægъатырыл адæм фæсаууонмæ худгæ фæкæнынц æмæ фæсауонмæ мард æрцу.
Ægъдау адæймаджы гаккæвдисæг у æмæ æгъдау дæттын макуы базон.
«Ægъдау, æгъдау» фæкæн æмæ æнæгъдауæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ægъдау макуы фен.
Ægъдау цы у, уый дæ фæсонæрхæгмæ дæр макуы æрцæуæд.
Ægъдауæй мард æрцу.
Ægъдауы азар дæ басудзæд.
Ægъдауы азарæй æлгъыст фæу.
Ægъдауы уддзæф дыл æмбæлгæ дæр макуы скæнæд.
Ægъдауыл дæ Хуыцау дæнгæлмард фæкæнæд.
Ægъдауджын адæймаг дын Хуыцау дæ цæсты зулæй дæр макуы фенын кæнæд.
Ægъдауджын мард акæн.
Ægъдауджыны æнæгъдау бон дыл акæнæд.
Ægъуыссæг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ægъуыссæг фæу дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Ægъуыссæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ægъуыссæджы бонтæ дыл ныккæнæнт.
Ædас макуы у.
Ædасæй дæ Хуыцау макуы рацæрын кæнæд.
Ædæрсгæ дæ астæу макуы араст кæн.
Ædæрсгæ дæ къах цы никуыуал айсай, ахæм бон дыл акæнæд.
Ædæрсгæ дæ дæ къахыл слæууыны бон макуы фæуæд.
Ædæрсгæ мæлæт дын фенæд мæ уд.

Ӕдæрсгæйæ фæсæй.
Ӕддæ амæл.
Ӕддæг-мидæг уæ ауайын кæнæд Дунескæнæг.
Ӕддæг-мидæг чи ауади, уыдоны бон уыл акæнæд.
Ӕддæг-мидæгæй уæ æрæййафæд уæ адзал.
Ӕддæдуар фæкæн.
Ӕддæдуар фæу.
Ӕддæдуарæй фæцæр цæргæ-цæрæнбонты.
Ӕддæкъахæй батон дæ бонтæ.
Ӕддæмæ акæсæг уæ мауал уæд.
Ӕддæмæ-мидæмæ дæ фæкæнын кæнæд де Сфæлдисæг.
Ӕддæмæ-мидæмæгæнгæ – дæ сæфт.
Ӕддейы æрцæуæд дæ уæззау удисæн.
Ӕддейæ дæ æрбаласæнт рæхджы.
Ӕддейæ ласинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ӕдзонд адæймаг макуы фен.
Ӕдзонд лæг уæ макуы рацæуæд.
Ӕдзондæй хызт ут.
Ӕдидон бæх дæ кæрты макуы æрбæтт.
Ӕдидон бæх дын мæ уд рæхджы ныффæлдисæд.
Ӕдидон бæх макуы фен.
Ӕдидон бæхмæ бæлгæйæ амæл.
Ӕдылы дæ æмæ æдылыйæ батон дæ царды бонтæ.
Ӕдылы мард дын мæ уд фенæд.
Ӕдылыйæ æдылымæ фæцу.
Ӕдылыйæ батон дæ джидзæггаг царды бонтæ.
Ӕдылыйы бон дыл акæнæд.
Ӕдылыйы бонæй дын Хуыцау батонын кæнæд дæ цард.
Ӕдылыйы æмбисонд дæ баййафæд.
Ӕдзар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ӕдзар фæдæ æмæ ма æдзардæй цы ‘рбадæнгæлмард уай, ахæм æмбисонд дæ баййафæд.
Ӕдзар фæу.
Ӕдзар чи фæцис, уый æмбисонд дыл æрцæуæд.
Ӕдзарæй амæл.
Ӕдзарæй батон дæ царды бонтæ.
Ӕдзары ми дыл сæмбæлæд рæхджы бонты.
Ӕдзард дæ фæкæнæд Дунескæнæг.
Ӕдзард фæу.
Ӕдзард чи фæцис, уый хал – дæ хъуыры.
Ӕдзардæй амæл.
Ӕдзардæй дыл мæ уд саутæ скæнæд.
Ӕдзардæй фæхъу.
Ӕдзарды бон дыл акæнæд.
Ӕдзарды баййаф рæхджы.

Ӕдзарды бонӕй дын зӕххы хуынчъы дӕр аирвӕзт ма уӕд.
Ӕдзӕрдты астӕуӕй мӕм рӕхджы бонты дӕ сыгъд сӕрыкъоппа цы ссына, ахӕм бон дыл акӕнӕд.
Ӕдзӕрдты ӕмбисонд дыл ӕрцӕуӕд.
Ӕдзӕрдтыл бафт.
Ӕдзӕрдтыл бафтын дӕм дӕ цардӕй бӕллиццагдӕр фӕзынӕд.
Ӕдзӕллаг бон дыл ӕркӕнӕд.
Ӕдзӕллаг бонӕй фӕцӕр.
Ӕдзӕллаг бынатмӕ дӕ Уӕллаг ӕртулын кӕнӕд.
Ӕдзӕллаг номӕй цы батонай дӕ царды бонтӕ, ахӕм «арфӕйӕ» дӕ Хуыцау фӕцӕрын кӕнӕд.
Ӕдзӕллаг рӕстӕджытӕ фервит.
Ӕдзӕллаг сӕфт фӕкӕн.
Ӕдзӕллаг уавӕр дыл акӕнӕд.
Ӕдзӕллаг хуызы ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Ӕдзӕллаг хъуыддӕгтӕ фӕкӕн.
Ӕдзӕллагӕй амӕл.
Ӕдзӕллагӕй ӕдзӕллагдӕрмӕ фӕцӕуӕнт, кӕм дын чи ис, уыдон.
Ӕдзӕллагӕй батон дӕ царды бонтӕ.
Ӕдзӕллагӕй фӕцӕр цӕргӕ-цӕрӕнбонты.
Ӕдзӕллагмӕ ӕрхау.
Ӕдзӕллагмӕ ӕрхауӕд, цы хӕдзарӕй рацыдтӕ, уый.
Ӕдзӕллагыл дӕ банцой кӕнӕд Хуыцау.
Ӕдзӕлладжы бонӕй бахизын дӕ ӕппӕтхъом Хуыцауы бон дӕр мауал бауӕд.
Ӕдзӕм бон дыл акӕнӕд.
Ӕдзӕм мард фӕу.
Ӕдзӕм сӕфт цы фӕуай, уый дын — мӕ арфӕ.
Ӕдзӕмӕй амӕл.
Ӕдзӕм цӕф дӕ Уӕллаг фӕкӕнӕд.
Ӕдзӕмцӕф фӕу дӕ ахсджиаджы къухӕй..
Ӕдзӕрӕг дӕ Хуыцау фӕкӕнӕд.
Ӕдзӕрӕг фӕу.
Ӕдзӕрӕг хъӕуӕн ӕлдарӕй фӕцу.
Ӕдзӕрӕг цард фӕкӕн.
Ӕдзӕрӕгӕй баззай.
Ӕдзӕрӕгӕй дыл мӕ уд фӕдзыназӕд.
Ӕдзӕрӕгмӕ ӕрцу мӕ тӕригъӕдӕй.
Ӕдзӕрӕджы бон дыл акӕнӕд.
Ӕдзӕрӕджы бонӕй дӕ Хуыцау фӕцӕрын кӕнӕд.
Ӕдзӕрӕгхуыз цы райсай, уыцы бон дыл акӕнӕд рӕхджы.
Ӕдзӕрӕгхуызӕй амӕл.
Ӕдзӕрӕгхуызӕй фӕхир-хур кӕн.

Ӕдзӕсгом дӕ ӕмӕ ӕдзӕсгомӕй ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Ӕдзӕсгом фест.
Ӕдзӕсгом хъуыддӕгтӕ макуы ахауӕнт дӕ къухӕй.
Ӕдзӕсгом цард фӕкӕн.
Ӕдзӕсгом цард цы фӕкӕнай, уый дын бауарздзӕнис мӕ цӕст.
Ӕдзӕсгомы ӕмбисонд дыл ӕрцӕуӕд.
Ӕдзӕсгомы бон дыл акӕнӕд.
Ӕдзӕттӕ уыдтӕ, ӕдзӕттӕ дӕ ӕмӕ ӕдзӕттӕйӕ баззай.
Ӕдзӕттӕйӕ – дӕ мӕлӕт.
Ӕдзӕттӕйы бонӕй дӕ Хуыцау фӕцӕрын кӕнӕд.
Ӕдзӕттӕйы ном дӕ гӕбӕр рагъӕй макуы ахауӕд.
Ӕдзот дӕ Хуыцау фӕкӕнӕд.
Ӕдзот фӕуӕнт, дӕу мӕ хӕдзармӕ чи ’рӕппӕрста, уыдон.
Ӕдзотӕй баззай.
Ӕдзотмӕ бӕлгӕйӕ дӕ цоты сӕфт фен.
Ӕдзоты амондӕй хайджын у.
Ӕдзоты амондмӕ дӕ былты цъӕрттӕ фӕхӕр.
Ӕдзоты амондмӕ фӕбӕлл, ӕндӕр дын исты куы зӕгъон.
Ӕдзоты амондӕй фӕцӕрӕд де ‘взӕр сӕр.
Ӕдзотыл дӕ цоты цы ивай, ахӕм амонд дыл ӕрбамбӕлӕд.
Ӕдзынӕг амонд фӕхӕсс.
Ӕдзынӕг мард дын мӕ уд фенӕд.
Ӕдзынӕгӕй цы аззайай, ахӕм бон дыл акӕнӕд.
Ӕдзыт фӕуӕд де ‘взӕр сӕр.
Ӕдзытӕй амӕл.
Ӕдзытӕй ӕдзытмӕ фӕтул.
Ӕдзыты бонмӕ дӕ Уӕллаг фӕцӕрын кӕнӕд.
«Ӕз», «ӕз» кӕнгӕйӕ ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
«Ӕз», «ӕз» фӕкӕн цӕрынӕй-хӕрынмӕ.
Ӕз дӕ куыд райгонд дӕн, афтӕ райгондӕй фӕцӕр.
Ӕз дӕ куыд райгондӕй цӕуын, алчидӕр дӕ афтӕ райгондӕй здӕхӕд.
Ӕз дын цы хъуыддӕгтӕ фӕцарӕзтон, уыдон дӕ фарсы тӕнӕгӕй акӕлӕнт.
Ӕз дын цы кады хъуыддӕгтӕ скодтон, уыдон дӕ хъӕлӕсӕй скӕлӕнт рӕхджы бонты.
«Ӕз» зӕгъӕг уӕ мауал баззайӕд.
«Ӕз» зӕгъӕгмӕ фӕбӕллут ӕмӕ уын ӕй Хуыцау уӕ цӕсты тигъӕй дӕр ма фенын кӕнӕд.
Ӕз цы бандоныл бадын, ууыл де знӕгтӕ фӕбадӕнт.
Ӕз цы бонтӕ ӕрвитын, Хуыцау дын ахӕм бонтӕ фервитын кӕнӕд.
Ӕз цы низимӕ архайын, уыцы низӕй фӕсӕй.

Æз цы низимæ тох кæнын, Хуыцау дæ уыцы низы ахæсты фæкæнæд.
Æз цы сылгоймаг федтон, тагъд дæ Уæллаг уый ахæсты фæкæнæд.
Æз цы тæрхъусы федтон лидзгæ, уый физонджытæй-иу ды фæхæр дæ ахсджиаегтимæ.
Æз цы цардæй цæрын, уыцы цардæй фæцæрæнт, дæ ахсджиæгтæй кæм чи ис, уыдон.
Æз цы цъысымы бахаудтæн, уым — дæ сæр.
Æз цы чызгыл фæкалдтæн, уый ахæсты дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг.
Æзраздæрон бæлгæйæ дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Æзраздæрон дзурæгау тъангыскъуыд фæу.
Æзраздæрон дзурæджы бон дыл акæнæд.
Æзраздæрон фæкæн.
Æзраздæрон фæкæн æмæ фæстæуайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Æзраздæрон хæлæг адæм фæкæнынц æмæ адæммæ хæлæггæнгæйæ æрцæуæд дæ хæдзары сæфт.
Æзраздæронæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æзраздæронæй фæцæрæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Æзраздæронмæ фæбæлл дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Æзраздæронмæ фæбæлл æмæ адæмы разæй мæрдтæм фæу.
Æзраздæронмæ фæбæлл æмæ дæ адæмы разæй ацæугæ мачи фенæд.
Æзхуыздæрон дзургæйæ сис дæ уд.
Æзхуыздæрон дзурджыты баййаф.
Æзхуыздæрон дзурыны бон дæ мауал фæуæд.
Æзхуыздæрон фæкæн æмæ дæ адæмы 'хсæн хуыздæрхуызæй макуы фендæуæд.
Æзхуыздæрон фæкæн дæ цард-цæрæнбонты — уый дын мæ арфæ.
Æзхуыздæронæй батон дæ царды бонтæ æмæ царды хæрзтæй мацы фен.
Æзхуыздæронмæ бæлгæ амæл.
Æлгъ дыл цы кæной адæм, ахæм амонд дæ уæд.
Æлгъаг дæ æмæ æлгъаджы мардæй цы ныммæлай, Уæлладжы цæст дын уый бауарзæд.
Æлгъагæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æлгъагæй дæ цъæх Хуыцау фæцæрын кæнæд дæ адзалы бонмæ.
Æлгъæй амæл.
Æлгъитыны бон дæ мауал фæуæд.
Æлгъитыны бон дæ сæмбæлын кæнæд мæ уд дæ сыджыты хайыл.
Æлгъитыны боны гуырд фæуæнт, чи дын уа, уыдон.

Æлгъыст адæмы хал ахæр.
Æлгъыст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æлгъыст фæу.
Æлгъыст фæу дæ Хуыцауыхайæ.
Æлгъыст фæу мæ тæригъæдæй.
Æлгъыст фæу нæ Иры дзуæрттæй.
Æлгъыстаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æлгъыстæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æлгъысты бонæй фæцæр.
Æлдар суæвынмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Æлдар суæвынмæ фæбæлл æмæ æлдæртты къæхты бын æрцæуæд де 'гады мæлæт.
Æлдараты рувасы бон дыл акæнæд.
Æлдараты рувасы карды ныхъуырдау дын фæуæд.
Æлдарæй æлдары къухмæ фæцу.
Æлдарæн лæгъстиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æлдары ахæсты дæ Хуыцау баппарæд.
Æлдары фæндиаг фæу.
Æлдары фæндонæй фæцæр.
Æлдары хæсы дæ дæ раттæг Хуыцау ныппарæд.
Æллæх-биллæх фæкæн.
Æллæх-биллæхтæй амæл.
Æллæх-биллæхтæй — дæ митæ.
Æллæх-биллæхтæй фæцæр.
Æллæх-биллæхы бон дыл акæнæд.
«Æлло» зæгъæг уæ мауал баззайæд.
«Æлло» зæгъынмæ мауал фæцарæхс.
«Æлло» зæгъыны бон дæ мауал фæуæд.
Æлхæд адæмы ахæсты — де 'намонд сæр.
Æлхæд æфсады æрцытыл баззай.
Æлхæд зондæй — не знæгты цард.
Æлхæд зондæй дæ фæцæрын кæнæд, зонд дын чи нæ радта, уыцы Хуыцау.
Æлхæд зондæй фæцæр.
Æлхуый æмæ уæдæртты цард уæ фыны дæр макуы фенут.
Æлхуыйау дæхи алыварс фæзил.
Æлхуыйау фæзил.
Æлхуыйы алыварс — дæ фæндаг.
Æлхынцъ хъуыддаг макуы фен.
Æлхынцъæрфыгæй амæл.
Æлхынцъæрфыгæй фæцæр.
Æлхынцъæрфыгæй цы батонай дæ царды хуыздæр бонтæ, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.
Æлхынцъæрфыгæй чи фæцыд, уыдоны бон дыл акæнæд.
Æлхынцъзæрдæ райхалын дын макуы бантысæд.

Ӕлхынцъзæрдæйæ амæл рæхджы бонты.
Ӕлхынцъытæ бау.
Ӕлхынцъытæ дæ бакæнæд дæ раттæг Хуыцау.
Ӕмбал ахæссынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Ӕмбал кæмæн нæ уыд, уыйау фæу.
Ӕмбал макуы ссар.
Ӕмбал ссарынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ӕмбалæй æлгъыст фæу.
Ӕмбалæй æлгъыст цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Ӕмбалæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Ӕмбалæн дæ макуы мачи равзарæд.
Ӕмбалæн лæггад кæнынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ӕмбалзæгъæг дын макуы уæд.
Ӕмгарæн макуы бабæзз.
Ӕмбалмæ фæбæлл æмæ дæ æмгары аккаг макуы мачи скæнæд.
Ӕмгары азарæй цъыбыртты сыгъд бакæн.
Ӕмгары зæрдæ макуы ссар.
Ӕмбалы номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Ӕмгары рæвдыд макуы фен.
Ӕмгары фыдæх дæ фæдыл æфтыд фæуæд.
Ӕмгары цæст дын хорз зæгъын макуы бауарзæд.
Ӕмбалыл дæ Хуыцау макуы сæмбæлын кæнæд, афтæмæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ӕмбалыл схæцынхъом макуы бау.
Ӕмбастæй (*прицепæй*) æрцæуæд дæ мæлæт.
Ӕмбастæй дæ фæластæуæд цæргæ-цæрæнбонты.
Ӕмбæлæггаг дын дæ къухмæ макуы мачи авæрæд.
Ӕмбæлæггаг макуы фен.
Ӕмбæлæггагæй фæцæр.
Ӕмбæлæггагмæ фæбæлл.
Ӕмбæлæггæгтæй хуыздæр макуы мацы фен.
Ӕмбæлæггæгтæм æрхауæд дæ былцых сæр.
Ӕмбæлæггаджы хорзæх макуы фен.
Ӕмбæлон ард – дæ гуыбыны.
Ӕмбæлон ард – дæ тъæнгты.
Ӕмбæлон ард – дæ фарсы тæнæджы.
Ӕмбæлон мард акæн.
Ӕмбæлон нæмыг дæ зæрдæсæрыл сæмбæлæд.
Ӕмбæлон цард дæ цæсты тигъæй дæр макуы фен.
Ӕмбæлццон дыл йæ арм макуы æрæвæрæд.
Ӕмбæлццон дын макуы уæд.
Ӕмбæлццонæн макуы бабæзз.
Ӕмбæлццоны зæрдæ макуы ссар.
Ӕмбæлццоны кардыл æфтыд фæу.
Ӕмбæхст амондæй амæл.

Æмбæхст амондæй дæ амондыскæнæг макуы бафсадæд.
Æмбæхстзæрдæйæ фæцæр.
Æмбæхст хъуыддæгтæ фæараз.
Æмбæхст цард фæкæн.
Æмбæхстæй батон дæ царды бонтæ.
Æмбæхстæй – дæ мæлæт.
Æмбæхстæй фæцæр дæ амæлæты бонмæ.
Æмбис амонд дæр дæ ма уæд.
Æмбис granмæ дæ Хуыцау мауал ауадзæд.
Æмбис лæгмæ ма ахæццæ у.
Æмбисмæ дæ дæ раттæг Хуыцау ма ауадзæд.
Æмбисмæ ма фæцæр дæ бинонты тæригъæдæй.
Æмбисыл банцай.
Æмбисыл фæхъу – уый дын мæ арфæ.
Æмбисæхсæв – дæ удисæн.
Æмбисæхсæвмæ-иу уæ лæгтæ лæгъстæ кæнæнт, æмбисæхсæвæй фæстæмæ – уæ устытæ.
Æмбисæхсæвмæ-иу уæ лæгтæ лæгъстæ кæнæнт, æмбисæхсæвæй фæстæмæ – уæ устытæ; афтæмæй уæ кæрæдзийы зæрдæтæ макуы ссарут.
Æмбисæхсæвмæ мауал ахæсс.
Æмбисæхсæвмæйы цæрæнбонæй фылдæр дын Хуыцауы цæст мауал бауарзæд.
Æмбисæхсæвы дæлимонтæ дæ ахæссæнт.
Æмбисæхсæвты чи фергом кæнынц сæхи, уыдон ахæсты – де ʻнамонд къоппа.
Æмбисвæндаг – дæ мæлæт.
Æмбисвæндагæй дæ æрбаласæнт.
Æмбисвæндагæй мæм æрбатулæд дæ сау машинæ.
Æмбисвæндагмæ мауал фæхæццæ у.
Æмбисвæндагыл амæл.
Æмбисонд æрцæуæд, кæм дын чи ис, уыдоныл.
Æмбисонд дыл акæнæд.
Æмбисондæн баззай.
Æмбисондæн дзуринаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æмбисондæн цынæуал сбæззай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æмбисонды бон дыл акæнæд.
Æмбисонды зард ныккæнæд дæ хъус.
Æмбисонды зиæнттæ дыл фæцæуæнт.
Æмбисонды зынудисæн цы фæкæнай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æмбисонды кæндтæ фæкæн ноджыдæр.
Æмбисонды мардæй амæл.
Æмбисонды мæрдтæ цы фæныгæнай, ахæм æлгъыст дыл сæмбæлæд.
Æмбисонды мæрдтæм фæцу.

Æмбисонды рæстæг дыл акæнæд мæ тæригъæдæй.
Æмбисонды сæфт фæкæн.
Æмбисонды тарст дын фæуæд.
Æмбисонды тынд цы ныккæнай дæ рустæ, ахæм бон дыл акæнæд.
Æмбисонды цард дын фæуæд рухсмæ бæлгæйæ.
Æмбисæндты æмбисонд дыл æрцæуæд.
Æмбойны дæ хист мæ дзыхы.
Æмбойны дын мæ уд дæ удисæнтæ фенæд.
Æмбойны дын мæ уд дæ с... хæссæнтæ фенæд.
Æмбойны мард акæн.
Æмбойны сæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æмбойны хабар дыл сæмбæлæд.
Æмбойны хъуыддæгтæй дæ Хуыцау фесафæд.
Æмбырд аразынхъом уæ Хуыцау макуы бон скæнæд.
Æмбырд ауадзын уын макуы бантысæд.
Æмбырд кæнынхъом макуы баут.
Æмбырдæй басудзут.
Æмбырдæй уæ макуы мачи фенæд.
Æмбырдæй – уæ мæлæт.
Æмбырдæй уæ Хуыцау зæйы ласт фæкæнæд.
Æмбырдæй – уæ зынудисæн.
Æмбырдæй чъырсудзæны сыгъд æрцæут.
Æмбырдмæ цæуынхъом уæ Хуыцау макæй бакæнæд.
Æмбырдтæ фæкæнут.
Æмбырдгæнинаг сæфт фæут.
Æмбырдгæнæг уæ мауал уæд.
Æмбырдгæнинаг цы фæуат, ахæм бон уыл акæнæд.
Æмгар дæ къæсæрæй макуы рахизæд.
Æмгар де ‘мгæрæтты макуы ахизæд.
Æмгар ссарын дын ма бантысæд.
Æмгарæй æлгъыст фæу.
Æмгарæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Æмгарæй зæрдæскъуыд цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æмгары æххуыс макуы банкъар.
Æмгары зæрдæ ссарынæн макуы бау.
Æмгары номы аккаг макуы су.
Æмгары рæвдыд макуы бавзар.
Æмгары цæссыг ахæссыны амонд дæм ма ‘рхауæд.
Æмгары фарсмæ балæууынхъом макуы бау.
Æмгæрттæй раст ныхас макуы фехъус.
Æмгæрттæй фæхъу.
Æмгæрттæн дзырддаг фæу.
Æмгæртты зæрдæ дыл фæхудæд.
Æмгæртты къæхты бынмæ дæ Хуыцау æрæппарæд.

Æмгæртты рæгъæй дæ хъæлæс макуы райхъуысæд.
Æмгæртты рæгъы ацæуынхъом макуы бау.
Æмгæртты рæгъы мауал разын.
Æмгæртты фыдæй дæ Хуыцау фесафæд.
Æмдзынæзт дыл фæкæнæнт нæ удтæ.
Æмдзынæзт дыл кæндзысты кæмæй æнхъæл дæ, уыдоны сау ингæнтæм рæхджы ныдздзыназ.
Æмдзынæзт фæкæнут нæ тæригъæдæй.
Æмдзынæзтгæнгæ сисут уæ удтæ.
Æмзæронд бауыны бон уæ ма фæуæд.
Æмзæронды бонмæ уæ Хуыцау ма ауадзæд.
Æмиас мæрдтæ фæныгæнут.
Æмиас мæрдтæм уæ фæдзыназын кæнæд Уæллаг.
Æмиасæй амæлут.
Æмиæстæ мауал сут.
Æмкъай æркæнынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Æмкъай бæлонау атæхын дын макæимæ бантысæд.
Æмкъай ссарынæн ма бау.
Æмкъайæ æлгъыст фæу де ’взонджы бонты.
Æмкъайæ сайд цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд дæ зæрыбонты.
Æмкъайæн лæггад кæнынхъом макуы бау.
Æмкъайы амонд макуы фен.
Æмкъайы амондæй хызт у.
Æмкъайы æлгъыст дæ баййафæд.
Æмкъайы бонмæ дæ Уæллаг ма ауадзæд.
Æмкъайы буар макуы банкъар.
Æмкъайы бынаты æрбадынхъом ма бау.
Æмкъайы зæрдæ ссарын дын ма бантысæд ноджыдæр.
Æмкъайы зæрдæхудт дæ баййафæд.
Æмкъайы къухтыл мард фæу.
Æмкъайы ном ахæссынæн цы никуы бауай, ахæм амонд дæ уæд.
Æмкъайы номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Æмкъайыл баузæлынæн макуы бау.
Æмкъайыл сайдæй цæуынæй дарддæр дæ не скæнæг Хуыцау макуы мацыхъом бакæнæд.
Æмкъайыл цæрддзугæнгæйæ дæ Уæллаг хæдзархæлд фæкæнæд.
Æмкъайыл цъыф калынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æмкъайыл цъыф калынæй дарддæр мацыхъом бау.
Æмпылдæй амæл.
Æмпылдæй æмпылмæ фæцу.
Æмпъузæн дæр дын цынæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Æмпъузæнтæ бау.
Æмпъузæнтæ фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Æмпъызтытæй дæ фæцæуын кæнæд Хуыцау.

Æмсæфт – уæ сæртæ.
Æмсæфт фæут.
Æмсæфт фестут уæ цы фехъусон, уыцы хур мыл ракæсæд.
Æмсæфты бон уыл тагъддæр акæнæд.
Æмсæфты бонæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æмуд бон уыл макуы æрцæуæд.
Æмуд зæрдæйæ макуы рацæрут.
Æмуд цард макуы фенут уæ цæсты кæронæй дæр.
Æмудæй фыдудмæ цы æрхауат, ахæм бон уыл акæнæд.
Æмхасæнтæ кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Æмхасæнтæ фækæн.
Æмхасæнтæй фæцæр.
Æмцæф уæ фækæнæд Уæллаг.
Æмцæф фæут.
Æмцæфæй амæлут.
Æмцæфæн цынæ сфæразат, уыцы бон уыл акæнæд.
Æмыр мард акæн.
Æмыр цæф фæу.
Æмыры бон дыл акæнæд.
Æна дыл йæ урс дадалитæ фæтонæд.
Æна дыл фæдзыназæд.
Æна дын дæ хист ахæрæд.
Æнайы зæрдæ ссарын дын мауал бантысæд.
Æнайы цæссыгæй дæ рæхджы стыр хай фæуæд.
Æнайыл куыд аудыс, Хуыцау дыл афтæ саудæд.
Æнад цард фækæн.
Æнадæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æнады бон дыл акæнæд.
Æнады хъуыддæгтæ фæараз.
Æназым бон дыл акæнæд.
Æназым мард рахæсс дæ хæдзарæй.
Æназым нæмыджы цæф фæу.
Æназым Хуыцау дæ йæ уæззау къухæй æркъуырæд.
Æназымæй амæл.
Æназымтæ кæм сты, уырдæм дæ абалц кæнæд мæ уд.
Æназымы бон дыл акæнæд.
Æназымты баййаф.
Æнаккаг дæ æмæ æнаккагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æнаккаг куыдзæй æнаккагдæр цы фестай, ахæм бон дыл акæнæд адæмы судзгæ тæригъæдæй.
Æнаккагæй амæл.
Æнаккагæй батон дæ царды бонтæ.
Æнаккаджы бон дыл цы ныккæна, Хуыцауы цæст дын уый бауарзæд.
Æнаккаджы цардæй фæутæхсæн кæн.

Ænamondæй amæл.

Ænamondы bon дыл æркæнæд.

Ænamondыл цы bon акодта, уымæй фæцæр.

Æнарæхст къухæй дæм февнæлдæуæд.

Æнарæхст мард акæн.

Æнарæхст фæу ноджыдæр.

Æнарæхстæй æрцæуæд дæ дудгæ мæлæт.

Æнарæхстæй фæцæр.

Æнарæхсты амæттаг фæу.

Æнарæхсты бон дыл акæнæд рæхджы.

Æнарæхсты бонæй фæцæр.

Æнарæхсты боны ныгæд æрцу.

Æнафон мард дыл сæмбæлæд.

Æнафоны амæл.

Æнафоны æрцæуæд де сæфт.

Æнафоны бон дыл акæнæд.

Æнафоны бонмæ дæр мауал бахæццæ у.

Æнафоны гыгыйыл цы ‘мбисонд æрцыд, уыцы судзгæ æмбисонд дæ баййафæд.

Æнафоны дыл æрлæбырæнт дæ рустæ.

Æнафоны мард акæн.

Æнафоны фæндæгтыл – дæ хæтæн.

Æнафоны фæндæгтыл дæ сау барджытæ онггай бафтын кæнæд.

Æнафоны хъæргæнæг дыл сæмбæлæд.

Æнафоны хъуыддæгтæ фæкæн.

Æнафоны цæстæй дæм фæкастæуæд.

Æнафоны чындзыцыд дын цы фæуа, мæ уд дын уый фестæд.

Æнахуыр æвзагæй дæм фæдзырдæуæд.

Æнахуыр мард акæн.

Æнахуыр номæй дæм фæхъæр чындæуæд.

Æнахуырæй æрцæуæд дæ бындурзылд.

Æнахуырæй-æнахуырмæ фæцу.

Æнахуыры бонæй фæцæр.

Æнахуырыл цы æмбисонд сæмбæлд, уыцы æмбисонд дæ баййафæд.

Æнаххос æмбисонд дæ баййафæд.

Æнаххос бон – дæ тутт сæры сæфт.

Æнаххос мард – дæ хæдзары, ды ма нæ куы ныууадзай нæ адыл.

Æнаххос низæй фæсæй.

Æнаххос удхæссæджы хаст фæу.

Æнаххос Хуыцау дæ æркъуырæд.

Æнаххосæй адæргъ у.

Æнаххосæй дæ æрцæвæд Уæллаг.

Æнаххосæй фæсæй.

Æнаххостыл нымад æрцу.
Æнаххосы бонæй фæцæр.
Æнахъинон бон амæл.
Æнахъинон бон дын мæ уд фенæд, цы дын æмбæлы, уыдæттæ.
Æнахъинон мард æрцу.
Æнахъинон митыл дæ бафтауæд Дунескæнæг.
Æнахъом макуы рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Æнахъом макуы фен.
Æнахъомæй амæл.
Æнахъомæй дæ хист — мæ дзыхы.
Æнахъомты 'хсæн мауал разын.
Æнад цард фæкæн.
Æнæарæзтæй дын аззайæд уыцы хæдзар.
Æнæаргъуыдæй æрцæуæд дæ кæстæрты сæфт.
Æнæаргъуыд — дæ мыггаг.
Æнæаргъуыд — дæ цæгат.
Æнæаргъуыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æнæаргъуыдæй æрцæуæд де сæфт.
Æнæаргъуыдæй баззайæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Æнæарт, æнæфæнык фæу.
Æнæарт, æнæфæныкæй ссар дæ фидиссаг царды кæрон.
Æнæбары бон дыл акæнæд.
Æнæбары бонæй дæ цъæх Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æнæбары бонæй фæсæй.
Æнæбары бонæй цы батонай, цы чысыл рæстæг ма дын баззад, уый, ахæм фыдæлгъыст дæ баййафæд.
Æнæбары бонтæ фервит дæхи хуызæн сæфтдзæгтимæ.
Æнæбары митæ фæкæн.
Æнæбары фынгтæ цы февæрай, уый дын мæ цæст бауарзæд.
Æнæбары хъуыддæгтæ фæараз.
Æнæбауромгæ бонæй фæсæй.
Æнæбауромгæ мард дыл æрцæуæд.
Æнæбауромгæ мард рахæсс дæ ногконд хæдзарæй.
Æнæбауромгæ цæф дæ фæкæнæд Уæллаг.
Æнæбауромгæ цæфæй ныззгъæлæнтæ уæд дæ астæуыстæг.
Æнæбонæй æрцæуæд дæ фæстаг бон.
Æнæбоны бон дыл акæнæд.
Æнæбоны боны — дæ мæлæт.
Æнæбындар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæбындар фæу.
Æнæбындар цы фæуай, ахæм дудгæбон дыл акæнæд.
Æнæбындарæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æнæбындарæй фæхит дæ фыдæлты уæзгуытыл.
Æнæбындарæй фæцæр.

Æнæгъдау мард дæ фæкæнæд Уæллаг.
Æнæгъдау дæ æмæ æнæгъдауæй амæл.
Æнæгъдауæй – дæ цард.
Æнæгъдауы бон дыл акæнæд.
Æнæдарæг, æнæуромæг дæ Уæллаг фæкæнæд адæмы тæригъæдæй.
Æнæдарæг фæу.
Æнæдарæгæй дæ Хуыцау амарæд.
Æнæдарæджы бон дыл акæнæд.
Æнæдарджытыл цы бон акæны, уыцы бонæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Æнæдуар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæдуар, æнæхæдзарæй батон дæ царды бонтæ.
Æнæдуар фæу.
Æнæдуарæй цы аззайай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æнæдуарджынтыл цы бон акодта, тагъд уыцы бон акæнæд дæ сыгъд сæрыл дæр.
Æнæдзуар, æнæхуыцау фæу.
Æнæдзуар, æнæхуыцауæй дæ Дунескæнæг фæцæрын кæнæд.
Æнæзæнæг фæу.
Æнæзæнæгæй цы аззайай, ахæм бон дæ баййафæд.
Æнæзæнæджы хал – дæ хъуыры.
Æнæзæрдæмæдзæугæ дæ Уæллаг скæнæд.
Æнæзæрдæмæдзæугæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Æнæзæрдæмæдзæугæйæ фæцæр æмæ фæхæр.
Æнæзæрдæмæдзæугæйæ чи амард, уыдоны разæй фæу.
Æнæзæрдæмæдзæугæйæ чи фæхъуыд, уыдоны баййаф – уый дын мæ хуыздæр арфæ.
Æнæзæрдæмæдзæугæты бон дыл акæнæд.
Æнæзæрдæмæдзæугæты цæстæй дæм фæкастæуæд.
Æнæзонгæ адæмы къæхты бын амæл.
Æнæзонгæ адæмы зæрдæ дæм фæдардæуæд.
Æнæзонгæ былæй ахау.
Æнæзонгæ карды цæф цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Æнæзонгæ мард акæн.
Æнæзонгæ низ дыл сæмбæлæд.
Æнæзонгæйæ зонгæты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæзонд арвæй æлгъыст у æмæ йæ хал – дæ хъуыры.
Æнæзонд цы бонæй фæцард, уыцы бонæй фæцæр.
Æнæзондæй – дæ бинонты сæфт.
Æнæзонды фыдæмбисонд дæ баййафæд.
Æнæзонды цы кад вæййы, уыцы кадæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Æнæмард, æнæдзуар фæу.
Æнæмард æмæ дæ æнæдзуар Хуыцау фæкæнæд.

Æнæмард, æнæдзуарæй батон дæ царды хуыздæр бонтæ.
Æнæмард, æнæдзуары кадæй фæцæр.
Æнæмард, æнæдзуарыл Хуыцау цы æмбисонд акæнын кæны, уымæй дæу дæр ма ауадзæд.
Æнæмаст дæ Уæллаг макуы ныууадзæд.
Æнæмаст афонтæ макуы баййаф.
Æнæмаст цард макуы фен.
Æнæмаст цардмæ фæбæлл æмæ масты бахус уæд дæ сæр.
Æнæмастæй рацæрын дын ма бантысæд.
Æнæмастытæ кæм сты, уырдæм дæ рæхджы афæндараст кæнæд мæ уд.
Æнæмсæр хæстæй æрбацæуын дын мауал бантысæд.
Æнæмсæр хæстæн дæр искуы кæрон æрцæуы, дæ утæхсæнæн кæрон макуы уæд.
Æнæмсæр хæсты фæхъу.
Æнæмсæрты баййаф хъуымызбылæй.
Æнæмойæ амæл.
Æнæмойтæм мойджынæй тæхуды фæкæн.
Æнæмойты бон дæ баййафæд.
Æнæмойтыл мойджынæй дæхи цы ныхасай æмæ амонд цы никуы ссарай, ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд.
Æнæмыггаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Æнæмыггаг фæу.
Æнæмыггагæй дæ Хуыцау фæхир-хур кæнын кæнæд.
Æнæмыггаджы æмбисонд дыл акæнæд.
Æнæмыггаджы кадæй амæл.
Æнæмыггæгтыл дæ рæхджы бонты мæ уд анымайæд.
Æнæниз адæммæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцæр.
Æнæнизæй рацæргæ дæ мачи фенæд уæд та.
Æнæнизæй цы фæцæрон, уый мын фестæд де ‘взæр сæр.
Æнæниздзинад мын фест.
Æнæниздзинадмæ бæлгæ сис дæ уд.
Æнæниздзинады хос мын фæуæд дæ уд.
Æнæном фæу.
Æнæномæй амæл.
Æнæномæй дæм фæдзырдæуæд.
Æнæномы æмбисонд дыл Уæллаг акæнын кæнæд.
Æнæномты баййаф рæстæгыл.
Æнæнтыст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæнтыст фæу.
Æнæнтыстæй арвит дæ царды бонтæ.
Æнæнтыстæй æнæнтыстмæ фæцу дæ цард-цæрæнбонты.
Æнæнтыстæй фæцæр.
Æнæнтысты бон дыл акæнæд.
Æнæнтысты цы Хуыцау радта, дæу дæр уыцы Хуыцау сфæлдыста æмæ уыл æмхуызон бон акæнæд.

Æнæнхъæлæджы адæмыл æмбæлд-иу у.
Æнæнхъæлæджы бон дыл акæнæд.
Æнæнхъæлæджы бонтæ фервит.
Æнæнхъæлæджы цардæй фæцæр.
Æнæнцой дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæнцой фæу.
Æнæнцойæ батон дæ царды бонтæ.
Æнæнцойтау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæнцойтыл цы бон акодта, уыцы бон æркæнгæ дын мæ уд фенæд.
Æнæныгæд дæ Хуыцау фæкæнын кæнæд.
Æнæныгæд фæу.
Æнæныгæдæй баззай дæ сау сынтыл.
Æнæныгæдæй бамби тохы быдыры.
Æнæныгæдæй дæ фæраскъуын-баскъуын кæнæнт сынтытæ.
Æнæныгæдæй дæм мæ уд фæдзыназæд.
Æнæныгæдæй скæлм у.
Æнæныгæдæй цы баззайай, ахæм арфæ дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Æнæныгæдæй чи баззад, уыдоны æмбисонд дæ баййафæд.
Æнæныгæнæг дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Æнæныгæнæг фæу.
Æнæныгæнæг цы фæуай, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Æнæныгæд чи фæцис, уыдоны æхсæн дæ мæ уд байрайæд.
Æнæныгæнæгæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Æнæныгæнæгæй баззай.
Æнæныгæнæгæй дæ мæ цæст фенæд.
Æнæныгæнæгæй, дзуары каркау, тæрсгæ фæцу.
Æнæныгæнæгæй, Ичъынайы калмау, уæлæуыл баззай.
Æнæныгæнæгæй тæныскъуыд фæу.
Æнæныгæнæгæй тыппырхæлдтæ фæкæн.
Æнæныгæнæгæй фæхит æмæ фæниу.
Æнæныгæнæгæй де сфæлдисæг Хуыцауы æлгъыст баййаф.
Æнæныгæнæгæй чырыны æвæрдæй баззай.
Æнæныгæнæгæй чырыны æвæрдæй скæлм у.
Æнæныгæнæджы амондæй хайджын у.
Æнæныгæнæджы бон дыл акæнæд.
Æнæныгæнæджы кадæй фæцæр.
Æнæнысан мард ау.
Æнæнысанæй дæ фæхæтын кæнæд де Скæнæг.
Æнæнысанæй фæхæт.
Æнæнысанæй фæхæт æмæ фæнæт.
Æнæныфс дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Æнæныфсæй аззай.

Æнæныфсæй сау уæзгуытыл фæхит.
Æнæныфсæй чи аззад, уыдоны амондæй фæцæр.
Æнæрай дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæрай дзы скæн.
Æнæрай скæн дæ цъиусæрæй.
Æнæрайæ фæцæр.
Æнæрайы бон дыл акæнæд.
Æнæрайхæлгæ чи фæци, уый æмбисонд дæ баййафæд.
Æнæрайхæлгæйæ дæ Дунескæнæг бампылын кæнæд.
Æнæрайхæлгæйæ – дæ удисæн.
Æнæсæр дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæсæр митæ уарзыс æмæ дын сæ Хуыцау дæ къухæй макуы аппарын кæнæд.
Æнæсæрæй фæутæхсæн кæн ноджыдæр.
Æнæсæрæй фæхæт дæ уæзгуытыл.
Æнæсæрæнæй амæл.
Æнæсæрты бон дыл акæнæд.
Æнæсæрбос дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæсæрбосæй батон дæ нымад бонтæ.
Æнæсмудæн дæ æмæ æнæсмудæнæй амæл.
Æнæсмудæнæй фæцæр.
Æнæсмудæны бон дыл акæнæд.
Æнæсылгоймаг хæдзармæ фарн нæ цæуы æмæ дæ къæсæры сæрты сылыстæджы къах макуы бавæрдæуæд.
Æнæсылгоймагæй амæл.
Æнæтугæргæвст æрцу.
Æнæтугæргæвст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æнæтугæргæвстæй дæнгæлмард фæу.
Æнæтугæргæвсты бон дыл акæнæд.
Æнæуаг мард акæн.
Æнæуаг цардæй цы батонай дæ бонтæ, мæ цæст дын уый фенæд.
Æнæуагæй амæл.
Æнæуагмæ æрхауæд де 'взæр сæр.
Æнæуаджы мард дын мæ уд рæхджы фенæд.
Æнæуаджы мардæй ахъæбæр у.
Æнæуæлдайныхасæй фæдæнгæлмард у.
Æнæуæлдайныхасæй фæхъу.
Æнæуæрст адæмæй дæ бары хай ма фæуæд.
Æнæуæрст адæмæй дæ хай куыднæ фæуа, ахæм сау бон дыл акæнæд.
Æнæуæрст адæмæй æмкъай ссарынхъом ма бау.
Æнæусæй амæл.
Æнæ усæй фæцардтæ æмæ дын мæрдтыбæсты дæр ус æркæнын ма бантысæд.

Ænæуууæнк фæкæн.
Ænæуууæнк фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Ænæуууæнкгæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Ænæуууæнчы бон дыл акæнæд.
Ænæуынон фæу адæмæн.
Ænæуынонæй фæцæр.
Ænæуыноны бон дыл акæнæд нæ тæригъæдæй.
Ænæфсарм дзыхæй фæдзур ноджыдæр æмæ дæ пайда – дæхи.
Ænæфсарм мард акæн.
Ænæфсис дæ æмæ фæрстæскъуыд фæу.
Ænæфсисæй атъæпп у
Ænæфсисæй дыл алæбырæд дæ цæсгомы цъар.
Ænæфсисы бон дыл ныккæнæд.
Ænæфсисыл цы æфсисы бон акодта, уыцы æмбисонд сæмбæлæд дæуыл дæр.
Ænæфтиаг дæ Хуыцæутты Хуыцау фæкæнæд.
Ænæфтиаг фæу.
Ænæфтиагæй дæ цæсты фиутæ фæтайæнт, адæмы ис-бонмæ дзыназгæйæ.
Ænæфтиаджы бонæй фæцæр.
Ænæхайыр дæ Уæллаг фæкæнæд.
Ænæхайыр куыд фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Ænæхайыр фæу.
Ænæхайырæй баззай уæзгуытыл.
Ænæхайырæй фæхæт адæмы дæлбынты.
Ænæхæлафæй амæл.
Ænæхæлафæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Ænæхæлафæй – дæ ныгæнæн бон.
Ænæхæлафы æмбисонд дæ баййафæд.
Ænæхицау, æнæдарæгæй баззай.
Ænæхицау фæу.
Ænæхицау фæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Ænæхицауæй уæзгуытыл фæхитæнт дæ сомыгæнæн кæстæртæ.
Ænæхицауы хай фæу.
Ænæхицауы хайæ амæл.
Ænæхицауы хайæ фæцæр.
Ænæхъæр, æнæхъæлæбайæ – дæ удисæн.
Ænæхъæр, æнæхъæлæбайæ дæ мæ уд аныгæнæд.
Ænæхъыг бон дыл макуы æрцæуæд.
Ænæхъыг цард макуы æрæййаф.
Ænæхъыпп, æнæсыппæй æрцæуæд дæ адзал.
Ænæхъыпп, æнæсыппæй дæ нынныгæдæуæд.
Ænæцæгат дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ænæцæгат фæу адæмы уæзгуытыл.
Ænæ цæгатæй аззай дæ тыхсты бон.

Ænæ cægatæй dæ бонтæ фæтон уынджы къæйыл.
Ænæцот фæу.
Ænæ цотæй аззай дæ йедзаг хæдзарæй.
Ænæцотæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ænæцотæй дæ Хуыцау фесафæд.
Ænæцотыл цы бон акæны, уый дын рæхджы бонты фенæд мæ цæст.
Ænгом цард ма фен.
Ænгом цардмæ фæбæллут æмæ йæ макуы баййафут.
Ænгомæй ацæргæ уæ макуы мачи фенæд.
Ænгомæй æрцæуæд уæ судзгæ мæлæт.
Ænгуырстуанæй барынмæ æрхауæд дæ исбон.
Ænгуырстуанæй барынмæ æрцæуæд дæ давæггаг муртæ.
Ænгуырстуанæй фæбар дæ царды бонтæ.
Ænдæрг дæ фестын кæнæд Уæллаг.
Ænдæргæй фæхит дæ уæзгуытыл.
Ænдæрджы ахæсты фæу.
Ænдæрджытæ фæзилæнт дæ фæдыл.
Ænдæрджытæ фæцæуæнт дæ алы къахдзæфыл æмæ дын сæ ферхæзыны хос ма уæд цæргæ-цæрæнбонты.
Ænдидзын дын макуы бантысæд.
Ænдзыг дæ æмæ æндзыгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ænдзыгæй амæл.
Ænдзыгниз дыл бахæцæд.
Ænдзыгнизæй фæсæй.
Ænдзыгнизæй фæтæппæлæг у дæ тæлфын афон.
Ænдзыджы бон дыл акæнæд.
Ænдзыджы бонæй фæцæр дæ фезмæлæн рæстæджы.
Ænтыст дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Ænтысыны бон дæ макуы фæуæд.
Ænусæй-æнусмæ сæйут ноджыдæр.
Ænусæй-æнусмæ уын хорзæй макуы мацы бантысæд.
Ænусон цард макуы фенут.
Ænхъæлмæгæсгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Ænхъæлмæгæсгæйæ фæцæр æмæ фæнæт дæ цыбыр царды.
Ænхъæлцау дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ænхъæлцау Мадымайрæммæ фæкувы, фæлæ дæу кувыны бон дæр цы никуы фæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Ænхъæлцауæй фæцæр.
Ænхъæлцауæн зæрдæ авæрыны бон дæ макуы фæуæд.
Ænхъæлцауы бонтæ фервит.
Ænхъæлцауы зæрдæ макуы ссар.
Ænхъæлцауыл фæбæтт дæ ныфсытæ.
Ænхъизын дын мауал бантысæд.
Ænхъизыны бон дæ мауал фæуæд.

Ӕнцой дын ма уæд.
Ӕнцой макуы фен дæ цæстæй.
Ӕнцоймад дын де скæнæг Хуыцау макуы раттæд.
Ӕнцойад цы у, уый æнкъаргæ дæр макуы фæкæн.
Ӕнцойадмæ бæлгæйæ амæл.
Ӕнцойадмæ бæлгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Ӕнцойады бон дæ ма фæуæд.
Ӕнцойбон дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Ӕнцойбонæй æнцойбонмæ дæ Уæллаг Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ӕнцойбонмæ мауал ахæццæ у.
Ӕнцойбоны фыдæх – де ‘намонд къоппайы.
Ӕнцойбонтыл фæбæтт дæ ныфсытæ æмæ-иу сæ дæ къух дæ дзыхы акæн.
Ӕнцойлæг дын мауал баззайæд.
Ӕнцойлæуууæг макуы фен.
Ӕнцон цард макуы баййаф.
Ӕнцон цардмæ фæбæлл æмæ йын йæ дымгæ дæр макуы баййаф дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Ӕнцондзырдæй адæргъ у рæстæгыл.
Ӕнцонмард акæн.
Ӕнцонмард дын адæмы цæст фенæд.
Ӕнцонмардæй дæ адæнгæл кæнæд Уæллаг.
Ӕнцонудисæн фæкæн.
Ӕнцонудисæнæй рæхджы бафт дæ сыджытыхайыл.
Ӕнцонудисæнмæ фæбæлл æмæ дын дæ сыджытыхайыл сæмбæлыны бар-хъомыс макуы уæд.
Ӕнцъылд-мынцъылдтæ фæкæн.
Ӕнцъылды цы фесæфай, уыцы бон дыл акæнæд.
Ӕрбадт дын ма уæд ноджыдæр.
Ӕрбадт дын Хуыцау ма зæгъæд.
Ӕрбадты бон дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Ӕрвдзавд дæ Сантхо фæкæнæд.
Ӕрвдзавд дын Арвнæрынгæнæджы цæст бауарзæд.
Ӕрвдзавдæй басудз.
Ӕрвитæггаг куыдз дæр нæ хæры æмæ куыдзы бæлæгъы дон фæнуаз.
Ӕрвон арфæ дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Ӕрвон арфæ макуы фен.
Ӕрвон арфæйæ дæ де Скæнæджы цæст бахизæд.
Ӕрвон арфæмæ фæбæлл æмæ дæ дзырд Хуыцаумæ макуы фехъуысæд.
Ӕрвон æхсидав дыл сæмбæлæд.
Ӕрвон зæдтæн кувыны бон дæ мауал фæуæд.
Ӕрвон цæф фæу.
Ӕрвылаз дæм адæм кæуынмæ фæцæуæнт.

Æрвылаз мæрдтæ фæныгæн.
Æргом зæд дыл рахæтæд.
Æргом зæдæй æлгъыст фæу.
Æргом цæф дыл сæмбæлæд.
Æргомзæрдæ адæймаг макуы фен.
Æргомзæрдæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Æргомзæрдæйæ ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Æргомзæрдæйæ ацæуыны бон макуы фæуæд, кæм дын чи ис, уыдоны.
Æргомзæрдæйыл цы æмбисонд акодта, ахæм æнахъинон æмбисонд дын бауарзæд мæ цæст.
Æргъаг дын аргъ макуы райсæд.
Æргъаг дын дæ цæстæн дæр макуы фенын кæнæд дæ рафæлдисæг Хуыцау.
Æргъагыл батай æмæ баруай.
Æргъæвст цард дын уарзы мæ цæст
Æргъæвстæй арвит дæ царды бонтæ.
Æргъæвстæй æргъæвстмæ фæцу мæ уды тæригъæдæй.
Æргъæвстæй балæуу Барастыры къæсæрыл.
Æргъæвстæй ныммæлæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Æрдæгарæзт хъуыддæгтæ адарддæр кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Æрдæгарæзтæй баззайæд дæ дардыл хæдзар.
Æрдæгарæзтæй баззайæнт дæ райдайгæ хъуыддæгтæ.
Æрдиаг кæнынмæ уæм фæцыдæуæд ноджыдæр.
Æрдиаг фæкæн де 'намонд сæрыл.
Æрдиаггаг дæ сæр фæуæд.
Æрдиаггаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Æрдиаггаг фæу.
Æрдиаггаг фæуæд, ды цы мыггагæй рацыдтæ, уыдоны сæртæ.
Æрдиаггагæй фæцæр.
Æрдиаггаджы бон дыл акæнæд рæхджы.
Æрдиаггæнæг уæ мауал уæд.
Æрдиаггæнгæ амæл.
Æрдиаггæнгæ сæмбæл де 'нафоны адзалыл.
Æрду сисынхъом мауал у.
Æрдуйы сæрты ахизынхъом ма су.
Æрдуйы сæрты ахизынхъом дæ Хуыцау мауал скæнæд.
Æрдуйыл дæр цы къуырай дæ къах, ахæм бон дыл акæнæд.
Æрдуцын дын мауал бантысæд.
Æрдхорд арынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
«Æрдхорд, æрдхорд» фæкæн æмæ дын æрдхорд ссарын макуы бантысæд.
Æрдхорд макуы ссар.
Æрдхордæй зæрдæнцой макуы баййаф.

Ӕрдхордæй сайды фæу.
Ӕрдхордæн лæггад кæнынхъом макуы бау.
Ӕрдхордмæ бæлгæйæ амæл.
Ӕрдхордмæ фæбæлл æмæ дын йе ссарын ма бантысæд.
Ӕрдхорды ард дæ баййафæд.
Ӕрдхорды ард дæ фæдыл æфтыд цы фæуа, Уæллагæй дыл ахæм бон акæнæд.
Ӕрдхорды фарн дыл фыдæрдæм разилæд.
Ӕрдхорды фарнæй басудз.
Ӕрдхордыл сайдæй рацыдтæ æмæ дын де 'рдхæрдты рæгъы рацæуын мауал бантысæд.
Ӕрдызт уыдтæ æмæ æрдызтæй амæл.
Ӕрдызтæй фæхир-хур кæн зæххы къорийыл.
Ӕрдызты бон дыл акæнæд.
Ӕрдызты кад – дæ хæдзарвæндаджы.
Ӕрдызты номæй фæцæр.
Ӕрдын айвазынхъом ма бау.
Ӕрдын айвазынæн лæг хъæуы æмæ дæ лæджы тæф макуы ракæлæд.
Ӕрдз фенын дын ма бантысæд.
Ӕрдзы хæрзтæй æнæхайæ аззай.
«Ӕри, æри» фæкæн.
Ӕрийæ фæцæр.
Ӕрийы бон дæ мауал фæуæд.
Ӕрийы бонæй фæцæр.
Ӕригæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Ӕригæнгæйæ – дæ бинонты сæфт.
Ӕркув-æркув фæкæн цæргæ-цæрæнбонты.
Ӕркувæркувгæнгæ арвит дæ бонтæ.
Ӕркувæркувгæнгæйæ – дæ мæлæт.
Ӕрлæуд дын мауал уæд.
Ӕрлæуд кæмæн нал уыд, уый бон дыл акæнæд.
Ӕрра дæ æмæ æррайæ амæл.
Ӕрра дæ æмæ æррайæ батон де 'намонд царды бонтæ.
Ӕррайы бон дыл акæнæд.
Ӕртæ баныгæн.
Ӕртæ боны фæсæй, кæд æртæ хорзы ракæнынæн нæ дæ, уæд.
Ӕртæ дæ амæлæд рæхджы бонты.
Ӕртæ дзуарæй æлгъыст фæу.
Ӕртæ кæрдзыны макуы фен уе 'ртæкъахыгыл.
Ӕртæ кувæндоны фыдæх дыл æрцæуæд.
Ӕртæ «хорзæхы» дын уарзы мæ цæст: зынгхуыссынгæнджытæ, милицæ æмæ тагъдæххуысы машинæтæй макуы раафтид уæд дæ хæдзар.
Ӕртæ цæфы дæ Хуыцау фæкæнæд.

Æртæтигъон фат ахизæд дæ зæрдæйы.
Æртæтигъон фат дыл сæмбæлæд.
Æртул рæхджы бонты.
Æртулгæ дæ фенæд мæ уд.
Æртулын дæ кæнæд æппæтхъом Хуыцау.
Æртхъирæн фæкæн.
Æртхъирæнгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Æртындæс дæ амæлæд мæ тæригъæдæй.
Æртындæс ингæнмæ ныдздзыназ.
Æртысгæн дыууæ цæфы кæны æмæ уæ дыууæ æрбадæнгæлмард уæнт.
Æртысгæнæй цæф фæу.
Æрулæфт дын ма уæд.
Æрулæфт цы у, уый дын Хуыцæутты Хуыцау макуы базонын кæнæд.
Æрхау дæ мидбынаты.
Æрхау мæ тæригъæдæй.
Æрхауæн бон дын тагъд мæ цæст фенæд.
Æрхауын дæ кæнæд Уæллаг.
Æрхæмзæрдæйæ амæл.
Æрхæм дыл æрхæмы фæстæ цы æмбæла, тагъд дыл адæмы тæригъæдæй ахæм бонтæ акæнæд.
Æрхæндæг бонтæ фæтон.
Æрхæндæгзæрдæйæ дæ ноджыдæр Уæллаг фæцæрын кæнæд.
Æрхæндæг низ дæ уæгъд мауал суадзæд.
Æрхæндæг низæй рæхджы бонты адæргъ кæн дæ разгъорбазгъоргæнæн къæхтæ.
Æрхæндæгæй æрхæндæгмæ фæцу.
Æрхæндæгæй фæцæр.
Æрхæндæгæй цы рафтай, уыцы амонд дæ уæд.
Æрхуыст дын ма уæд.
Æрхъæц дын Хуыцау макуы базонын кæнæд.
Æрхъæцмæ дæ Уæллаг макуы фæлæууын кæнæд.
Æрхъæцмæ æрлæууыны тых дын Хуыцау макуы раттæд.
Æрхъæцмæ ма фæлæуу.
Æрхъулайы æрцæуæд дæ мæлæт.
Æрхъулайы бахау, уый дын зæгъæд мæ зæрдæ.
Æрхъулайы фæеудодой кæн.
Æрхъуыды дын ма уæд ноджыдæр.
Æрцындз райсынæн ма су.
Æрцындзæй сынк акæнынхъом дæ Хуыцау макуы бон скæнæд.
Æрцындзы цæф фæу.
Æрчиу-æрчиу фæкæн.
Æрчиу-æрчиугæнгæ — дæ мæлæт.
Æрчиу-æрчиугæнгæйæ фæцæр.

Ӕрыгон адӕймаджы уагӕй рацӕугӕ дӕ мачи фенӕд.
Ӕрыгон мӕрдтӕ цы фӕныгӕнай, ахӕм бонтӕ дыл акӕнӕд.
Ӕрыгонӕй амӕл.
Ӕрыгонӕй асӕттӕд дӕ тых.
Ӕрыгонӕй ӕрцӕуӕд дӕ бинонты сӕфт.
Ӕрыгонӕй дыл йӕ быдзгуытӕ фӕтонӕд мӕнӕй уый.
Ӕрыскъӕф тонын дын ма бантысӕд.
Ӕрыскъӕфафонмӕ ма фӕцӕр.
Ӕстӕм мард акӕн.
Ӕстӕм мӕрдтӕ фӕныгӕн.
Ӕстӕмты бон дыл акӕнӕд рӕхджы бонты.
Ӕфсарм цы у, уый базонынхъом макуы су.
Ӕфсӕрмӕй ӕрцӕуӕд дӕ ахсджиӕгты мӕлӕт.
Ӕфсӕрмы адӕймаг фӕкӕны ӕмӕ ӕфсӕрмхъом макуы су.
Ӕфсӕрмы бон дӕ мауал фӕуӕд.
Ӕфсӕрмы бон – дӕ мӕлӕт.
«Ӕфсад, ӕфсад» фӕкӕн ӕмӕ ӕфсады ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Ӕфсадмӕ ацӕуын дын ма бантысӕд.
Ӕфсады ӕрцӕуӕд дӕ сӕры сӕфт.
Ӕфсады цӕуынхъом ма бау.
Ӕфсӕддон макуы рахизӕд дӕ къӕсӕрӕй.
Ӕфсӕддон схъомыл кӕнынӕн ма бау.
Ӕфсӕдынмӕ фӕбӕлл ӕмӕ дӕ гуыбын кӕрдзынӕй макуы бафсад.
Ӕфсӕстхуызӕй дӕ макуы мачи фенӕд.
Ӕфсӕст цы у, уый дын Хуыцау макуы базонын кӕнӕд.
Ӕфсӕстӕй амӕл.
Ӕфсӕстӕй атонӕд дӕ фарсы тӕнӕг.
Ӕфсӕстыты бон дыл акӕнӕд.
«Ӕфсин, ӕфсин» фӕкӕн ӕмӕ дын дӕ хӕдзары ӕфсин фенын макуы бантысӕд.
Ӕфсин макуы бахизӕд дӕ хӕдзары къӕсӕрӕй.
Ӕфсин макуы фен.
Ӕфсинӕй рӕвдыд макуы баййаф.
Ӕфсинмӕ бӕлгӕйӕ амӕл.
Ӕфсины ӕлгъыст дыл ӕрцӕуӕд.
Ӕфсир макуы рафтау.
Ӕфсир рафтауын дын ма бантысӕд.
Ӕфсирӕфтыдӕй амӕл.
Ӕфсирӕфтыдӕй дӕ макуы мачи фенӕд
Ӕфсирӕфтыдӕй дыл фӕтонӕнт сӕ быдзгуытӕ, кӕм дын чи ис, уыдон.
Ӕфсис дын макуы уӕд.
Ӕфсис ма базон.
Ӕфсис цы у, уый дӕ хъуыдыйы кӕрон дӕр макуы 'рцӕуӕд.

Æфсондз фæхæсс дæ цæрæнбонты.
Æфсондз хæссынæн макуы су.
Æфсондзæвæрдæй амæл.
Æфсондзæй æфсондзмæ фæцу.
Æфсондзы бын батон дæ хуыздæр бонтæ.
Æфсондзы бын фæцæр.
Æфсымæр макуы фен.
Æфсымæры зæрдæ ссарынхъом макуы бау.
Æфсымæры кардыл æфтыд фæу.
Æфсымæрыл дæ цард дæттыс, фæлæ йын йæ хорз макуы фен.
Æхгæддуар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Æхгæддуарæй батон дæ бонтæ.
Æхгæддуарæй дæ рафтауæд уæлæ Уæллаг.
Æхгæддуарæй фæцæр.
Æхгæдзæрдæ дæ æмæ æхгæдзæрдæйæ амæл.
Æхгæдзæрдæйæ балæуу зындоны дуарыл.
Æхгæдзæрдæйæ фæцæр дæ хæрынæй дæ мæлынмæ.
Æхсæв дыл ма бон кæнæд.
Æхсæв дыл ма бон кæнæд, бон дыл ма изæр кæнæд.
Æхсæв дыл хуыссæг ма хæцæд, бон дын иуранæрхæст макуы уæд.
Æхсæв дын ма уæд.
Æхсæвæддæйæ дæ фæхир-хур кæнын кæнæд Хуыцау.
Æхсæвæддæйæ фæцæр æмæ фæхæр.
Æхсæвыгон ахуыссæд дæ зынг
Æхсæвыгон æрцæуæд дæ мæлæт.
Æхсæвыгон дæ баныгæдæуæд.
Æхсæвæр макуы фен.
Æхсæвæр хъармæй макуы баййаф дæ хæдзары.
Æхсæвæрафон дыл мауал æрцæуæд.
Æхсæвæрафонтæм мауал ахæсс.
Æхсæвбадæн дæм мæ уд фæкæнæд.
Æхсæвыгæтты фæхъеллау кæн.
Æхсæвыгон – дæ удхæссæн.
Æхсæны мард акæн.
Æхсæныдурæй – дæ мæлæнбон.
Æхсинниз дыл сæфтæд.
Æхсиннизæй фæсæй.
Æхсиннизы амæттаг фæу.
Æхсон дур фест.
Æхсызгон мард акæн.
Æхсызгон хабар макуы фехъус.
Æхсызгон хъуыддаг макуы фен.
Æхсызгондзинад дыл макуы æрцæуæд.
Æхсызгондзинад макуы фенут фыдæй-фыртмæ.

Æхсызгондзинадæй сис дæ уд.
Æхсинаг фæу.
Æхст æрцу дæ фыдызнæгты къухæй.
Æхсыны бон дæ мауал фæуæд.
Æхсынæл ацархай, фæлæ дæ къух æрхауæд.
Æххормаггуыбынæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Æххормаг мæлæт дæ æрæййафæд.
Æххормагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Æххормаджы бон дыл акæнæд.
Æххуырст дæ æмæ æххуырстæй æрцæуæд дæ фæстаджы бон.
Æххуырстæй амæл.
Æххуырстæй фæхæт ноджыдæр.
Æххуырсты къæбæрæй фæцæр.
Æххуырсты лæдзæг дæ къухæй макуы ахауæд.
Æххуырсты лæдзæг фæдæттут фыдæй-фыртмæ.
Æххуырсты лæдзæгæй дын сбардæуæд дæ сау чырын.
Æххуырсты лæдзæгимæ амæл.
Æххуырсты цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Æххуыс дыл макуы макæцæй сæмбæлæд.
Æххуыс макуы фен.
Æххуысгæнæг дын ма уæд.
Æххуысгæнæгæй хызт у.
Æххуысгæнæгмæ фæбæлл æмæ йæ дæ цæст ма фенæд.
Æххуысгæнинаг фæу.
Æххуысхъом дæ Уæллаг макуы скæнæд.
Æххуысхъоммæ фæбæлл æмæ дын де уæнгтæ сæхи æмбæрц айтынг кæнын макуы бантысæд.
Æхца æртымбыл кæнын дын ма бантысæд.
Æхца дæ цæстæй дæр цы никуы фенай, уыцы бон дыл акæнæд.
Æхцайæ макуы бафсæд.
Æхцамæ фæбæлл æмæ дæ дзы хай макуы фæуæд.
Æхцайы ард дæ басудзæд.
Æхцайы фыдæх дæ баййафæд.
Æхцайыл æрцæуæд дæ мæлæт.
Æхцайыл фæхæр дæ хъиутæ æмæ дзы дæ гуыбын бафсадыны бон макуы æрæййаф.
Æхцон цард макуы баййафæд дæ сæр.
Æхцон цард макуы фен.
Æхцондзинад дæ зæрдæйы кæроныл дæр макуы аныдзæвæд.
Æхцондзинад макуы баййаф.
Æцæгæлон адæмæн цъыфтытæрæн бæхæй фæцу.
Æцæгæлон адæмы къæхты бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Æцæгæлон æвзагыл дæм фæдзырдæуæд.
Æцæгæлон бæсты æрцæуæд дæ мæлæт.
Æцæгæлон бæстыл фæхæт.

Æцæгæлон зæххыл бахус у.
Æцæгæлон зæххыл ныгæд æрцу.
Æцæгæлон мард акæн.
Æцæгæлонæй дæ бахъæуæд æрдхорд аразын.
Æцæгæлоны нæмыг дыл сæмбæлæд.
Æцæгæлæттыл цыд фæу.
Æцæгдзинад макуы фен.
Æцæгдзинадмæ бæлгæ батон дæ царды бонтæ.
Æцæгдзинадмæ бæлгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.

# Б

Ба кæнын афонмæ ма ахæсс.
Ба кæнын дын ма бантысæд.
Багæнгæйæ амæл.
Багæнгæйæ æрцæуæд дæ бинонты судзгæ сæфт.
Багæнгæйæ дæ аныгæнæд мæ рыст уд.
Байы ад ма банкъар.
Байы бон дæ ма фæуæд.
Баба сдзурæг дæ ма рацæуæд.
Баба суæвынмæ фæбæлл æмæ дын ма бантысæд.
Бабайы дудгæ æмбисонд дæ рæхджы бонты цы бaйиафа, уыцы амонд дæ уæд Уæллагæй.
Бабайы бон дыл акæнæд.
Бабайыл судзгæ-дудгæйæ дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Бабын уа æнæхицау.
Бабын уа, дæумæ чи ‘рхауд.
Бабын уай, адæм æвзæрæн кæй æвзарынц.
Бабын уай, адæмы рæгъы чи нæ цæуы.
Бабын уай, адæмы хъæр кæмæ нæ хъуысы.
Бабын уай, адæмыл æлгъ чи кæны.
Бабын уай, адæмыл чи нæ ныхæсы.
Бабын уай, æвзæрæй цæвиттон чи исы.
Бабын уай, æвзæрæй-æвзæрмæ чи цæуы.
Бабын уай, бæхæй хæрæгмæ чи хизы.
Бабын уай, бонæн фæуынæй чи нæ тæрсы.
Бабын уай, бонæддæдæрæй чи цæры.
Бабын уай, зондæй дардмæ чи лидзы.
Бабын уай, род гал кæнын чи нæ уадзы.
Бабын уай, йæ исбон дымгæмæ чи дары.
Бабын уай, йæ сыгъзæрин æвзалыйæ чи ивы.
Бабын уай, йæ уæцъæфы йæ сæр чи хæссы.

Бабын уай, йæ фидæныл чи нæ хъуыды кæны.
Бабын уай, йæ хæдзары митæ æддæмæ чи калы.
Бабын уай, карды комыл цæуын фæндаг чи æнхъæлы.
Бабын уай, кæстæр æмæ хистæр сæ кæрæдзийæ чи не 'взары.
Бабын уай, къаты бон æмæ бæрæгбон сæ кæрæдзийæ чи нæ хицæн кæны.
Бабын уай, къуыри авд боны кæмæн нæй.
Бабын уай, лæджы номæй кæмæ нæ дзырдæуы.
Бабын уай, лигъдоны хъысмæтыл чи сразы.
Бабын уай, «мæн у» зæгъæг кæмæн нæй.
Бабын уай, мæрдтæ хурмæ калын куыст чи хоны.
Бабын уай, мæрдтæм æххуысмæ чи 'нхъæлмæ кæсы.
Бабын уай, митæй мæсгуытæ чи амайы.
Бабын уай, мыггаджы худинаггæнæг.
Бабын уай, мыд булкъæй чи нæ хицæн кæны.
Бабын уай, номылусимæ чи тох кæны.
Бабын уай, оммензæгъæг кæмæн нæй.
Бабын уай, раст æмæ зылын сæ кæрæдзийæ чи нæ хицæн кæны.
Бабын уай, рæстæг чи нæ хаты.
Бабын уай, сæны цъырттыл йæ муртæ чи калы.
Бабын уай, сæрд æмæ зымæг кæмæн нæй.
Бабын уай, сылгоймагимæ хъæбысæй чи хæцы.
Бабын уай, сылыстæг скæуæг кæуыл нæ уа.
Бабын уай, сылгоймаджы кæрдæны чи цæуы.
Бабын уай, сыхырнайы сцæгъдынмæ чи 'рхаудта.
Бабын уай, усракурын кæмæн не 'нтысы.
Бабын уай, урс æмæ сау сæ кæрæдзийæ чи нæ хицæн кæны.
Бабын уай, фæлхæрттæм чи 'рхаудта.
Бабын уай, фæстæмæ фæхæцæг кæмæн нæй.
Бабын уай, хæрзты чи нæ фæзмы.
Бабын уай, хион æмæ дадæгон чи нæ зоны.
Бабын уай, хорз æмæ æвзæр чи нæ хаты.
Бабын уай, хъазын чи нæ зоны.
Бабын уай, хъæуæй хъæдмæ сугтæ чи ласы.
Бабын уай, хъæубæсты 'хсæн чи нæ зыны.
Бабын уай, цард чи не 'мбары.
Бабын уай, цардмæ къуырттон карчы цæстæй чи кæсы.
Бабын уай, цæгатæрдыгæй халонæрбауасæг дæр кæмæ нæй.
Бабын уай, чъынды лæг.
Бабын уай, чъынды лæгмæ чи хæлæг кæны.
Бавдæлон дæ уæд дæ ныййарджытæ, мæ хур.
Бавдæлон дæ уæд, кæм дын чи ис, уыдон.
Бавдæлон дæ уæд мæ уд.
Багомыг дæ кæнæд не сфæлдисон Хуыцау.

Багомыг у.
Багомыг у ноджыдæр.
Багомыг уай, адæмы хъæр кæмæ нæ хъуысы.
Бадонзоныг дæ кæнæд Уæллаг.
Бадонзоныг у.
Бадт зонд дæм макуы ‘рцæуæд.
Бадт лæг макуы рахизæд уæ къæсæрæй.
Бадт лæгтæм бæлгæйæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд æмæ дын сæ зондæй хай ма уæд.
Баз макуы фен.
Базыл дæ сæр æдасæй цы никуы ‘рæвæрай, ахæм бон дыл акæнæд.
Базыгсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Базырсаст фæу.
Базырсастæй фæхæт адæмы уæзгуытыл.
Базырсастæй фæцæр.
Базырсисæн дын мауал уæд.
Базырсисыны бон дæ мауал фæуæд.
Байзæддаг макуы фен.
Байзæддаг цы у, уый дын Хуыцау зонын дæр макуы бакæнын кæнæд.
Байзæддагæй æрмист фæу.
Байзæддагмæ фæбæлл æмæ дын сæ мæнæй уый фæныгæнæд.
Байзæддагмæ фæбæлл æмæ дын сæ хистытæ — мæ дзыхы.
Байзæддагмæ фæбæлл æмæ дын сæ фенын ма бантысæд.
Байзæддагмæ фæбæлл æмæ дын сæ Хуыцау уынын дæр макуы фæкæнын кæнæд.
Байзæддагсæфт дæ Уæллаг фæкæнæд.
Байзæддагсæфт фæу ноджыдæр.
Байзæддагсæфтæй дæ рустæ хæрдмæ фæтон.
Байзæддагсæфты бон дыл акæнæд.
Байзæддаджы маст дæ бадомæд.
Байзæддаджы мастæй дæ дæ сæрыл хæрдмæ схæцыны бон макуы фæуæд.
Байзæддаджы мастæй сау хус бау.
Байраг макуы бахъомыл уæд дæ хæдзары.
Байраг уæ бæхы кармæ макуы ацæуæд, лæппу — лæджы кармæ.
Байрагджын бæх макуы бауасæд уæ кæртмæ.
Байрагджын бæх макуы рахизæд дæ кæртæй.
Байраджы хъиамæт фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Байрæз зæгъын дым макæй цæст бауарзæд.
Байрæзинаг макуы фен дæ сыгъд къæсы.
Байрæзын дын макуы бантысæд.

Байрæзыны кармæ ма ахæццæ у.
Байсыс.
Байсыс ноджыдæр мæ тæригъæдæй.
Байсысын дæ кæнæд Хуыцау.
Бакæнын дын макуыуал бантысæд, цы дуар дæ.
Бакæныны бон дæ мауал фæуæд.
Бакуырм дæ кæнæд Хуыцæутты Хуыцау.
Бакуырм у, адæмы хорз уынгæйæ.
Бакуырм у арвы рухсæй.
Бакуырм у мæ тæригъæдæй.
Бакъуырма дæ кæнæд Дунескæнæг.
Бакъуырма у мæ тæригъæдæй.
Балæуу, æнæбалæугæ дын кæдæм нал уыдзæн, уым рæхджы бонты.
Балæуу Барастыры раз.
Балæууæндон дын мауал уæд.
Балæууæндонмæ фæбæлл æмæ искæй дæлбазыр æрцæуæд дæ мæлæт.
Балбирæгътæ дæ бахæрæнт.
Балбирæгътæ дæм фæлæбурæнт.
Балбирæгътау æмбу фæкæнут.
Балбирæгътау дзæгъæлы фæниут.
Балбирæгътау стонггуыбынæй фæхитут.
Балбирæгътау уæ кæрæдзийы ссыртыл бафтут.
Балбирæгътау уæ кæрæдзийы фыдтæ бахæрут.
Балбирæгътæй фыддæр фæут.
Балбирæгъты амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Балбирæгъты холы фæут.
Балбирæгъты холы дæ Уæллаг фæкæнæд.
Балбирæгъты цагъды æрбаут.
Балбирæгътыл цыд дæ Уастырджи фæкæнæд.
Бамбæлæггаг къæбæрæй фæцæр.
Бамбæлæггаг къæбæрмæ æрхау.
Бамбæлæггаг къæбæрмæ фенхъæлмæ кæс.
Бамбæрзын дын мауал бантысæд, цы хæдзар дæ.
Бамби.
Бамби лæугæйæ.
Бамби уæлхъæдæй.
Бамби удæгасæй.
Бампыл.
Бампыл æмæ баруай адæмы цæстыты раз.
Бампыл æмæ баруай арвы зынгæй.
Бампыл æмæ баруай мæ тæригъæдæй.
Бампылыны бонмæ мауал ахæсс.
Бамынæг дæ кæнæд Уæллаг.

Бамынæг у ноджыдæр.
Бамыр дæ кæнæд Дунескæнæг.
Баназинаг æмæ бахæринаг макуыуал фен дæ цæстæй.
Баназыны бон дæ мауал фæуæд.
Бандзыг у.
Бандзыг у мæ фыддæрадæн.
Бандзыджы бон дæр дæ цынæуал фæуа, ахæм æмбисонд дыл акæнæд.
Барастыр дæ «барæвдауæд».
Барастыр дæм фæсидæд йæхимæ.
Барастыры рахиз къахыл æруадз дæ фæллад.
Барастыры фæсарц æвæрд фæу.
Барастыры хонæг дыл æрбамбæлæд.
Барæвдауæг дæ мауал уæд.
Барæвдыды фыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Барæг-бæхджын уæ макуы рахизæд.
Барæг-бæхджыны óкармæ уæ мачи ацæуæд.
Барæг-уазæг макуы балæууæд уæ къæсæрыл.
Барæг-уазæг макуы ‘рфистæг уæд уæ кæрты.
Барæг-уазæг макуы фенут.
Барæй мард æрцу.
Барæй тъæпп — дæ сæр.
Барæй цæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бар-æнæбары амæлæд дæ ахсджиаг.
Бар-æнæбары бон дыл акæнæд.
Бар-æнæбары — дæ мæлæт.
Бар-æнæбары дæ ‘нæбын къæртайы дон хæссыны сæр бахъæуæд.
Бар-æнæбары дæ сы...фæй дуртæ фехс.
Бар-æнæбары дæ фæрстæй фæхъæрз.
Бар-æнæбары сæфт дæ Уæллаг фæкæнæд.
Бар-æнæбары Хуыцауы цæф фæу.
Бар-æнæбары цъилау фæзил.
Баргъæвсын дæ кæнæд Хуыцау.
Баргъæвсыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Басаугуырм дæ кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Басаугуырм у адæмы цæстыты раз.
Басаугуырм-саудзыдзыда у.
Басаухæдзар дæ кæнæд Саубарæджы дзуар.
Басаухæдзар у.
Басаухæдзар уæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Басæттын дын мауал бантысæд.
Басæттыны бон — де сæфт.
Басæттыны тыххæй дæм йæ гæрзтæ чи бæтты, уыдоны фæндиаг дæ Уæллаг фæкæнæд.

Баст куыдз фест.
Баст куыдзау дæ бæттæнтæ фæтон.
Баст куыдзау фæлæбур.
Баст куыдзау фæниу цъæх арвмæ.
Баст куыдзæй дæ фæтындæуæд.
Баст куыдзæй фыддæр фæу лæбурынмæ.
Баст куыдзæн ма холлаг ныччындæуы, дæуæн холлаг ныккæнæг дæр мауал уæд.
Баст куыдзы амондæй фæцæр.
Баст куыдзы амондæй цы батонай дæ бонтæ, уыцы æмбисонд дыл æрцæуæд..
Баст куыдзы цардæй цæр.
Баст куыдзыл дæ фæнымадæуæд.
Бастайын дæ кæнæд Хуыцау.
Бастайыны бонмæ цæрæнбон дæр дын Хуыцауы цæст мауал бауарзæд.
Бастъæл.
Бастъæлын дæ кæнæд Уæллаг.
Басудз.
Басудз æмæ басауæвзалы у.
Басудз æмæ басауфæнык у.
Басудз æмæ фæнык фест.
Басудз цъыбыртты сыгъдæй.
Басудзинаг дæ æмæ дæ Хуыцау цъыбыртты сыгъд бакæнæд.
Басудзын дæ кæнæд Хуыцау.
Басудзыны бонмæ дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Басутыр дæ кæнæд де Сфæлдисæг.
Басутыр у.
Батай.
Батай адæмы тæригъæдæй.
Батай æмæ баруай, мæ бон.
Батай æмæ баруай де стджытыл дæ раттæг адæмы судзгæ тæригъæдæй.
Батай, баруай адæмы цæстыты раз.
Батай, баруай ноджыдæр.
Батайын дæ кæнæд дунескæнæг Хуыцау.
Баталынг дыл уæд дæ боны рухс.
Баталынг у.
Бауадзыг дæ кæнæд Хуыцау.
Бауадзыг у дæ цины бон.
Бæгæны нуазыны бон дæ мауал фæуæд.
Бæгæныйы ард дæ баййафæд.
Бæгæныйы ардæй дæ сынтæг мауал сис.
Бæгæныйы зæдтæй æлгъыст фæу.
Бæгънæг, бæгъæввадæй фæхит адæмы уæзгуытыл.

Бæгънæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Бæгънæгæй ныгæд æрцу.
Бæдулы каст фæкæн дæлейæ уæлæмæ.
Бæдулы цард дæ къухтæй макуы ахауæд.
Бæллиццаг мард акæн.
Бæллиццаг цард макуы фен.
Бæллиццаг цардмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцау дæ къухы макуы бафтауæд.
Бæлцуаты дæ бæх амæлæд, зæрыбонты — де 'мкъай.
Бæлцуаты цæуынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Бæлццон макуы рахизæд дæ къæсæрæй.
Бæлццонарæзтæй дæ макуы фендæуæд.
Бæлццоны кармæ уæ мачи ахæццæ уæд.
Бæндæнтæ фæбий.
Бæндæнтæ фæкал дæ хæрынæй дæ цæрынмæ.
Бæндæнтæ фæцу.
Бæрæг мард акæн.
Бæрæг нæмыг сæмбæлæд дæ риуыл.
Бæрæгбон дыл макуыуал æрцæуæд.
Бæрæгбон макуы фен.
Бæрæгбон мауал æрæййаф.
Бæрæгбонæй бæрæг æлгъыст фæу.
Бæрæгбонмæ æрцæуын дын ма бантысæд.
Бæрæгбонмæ бæлгæ амæл.
Бæрæгбонмæ уæ цъиуызмæлæг мауал баззайæд.
Бæрæгбонмæ фæбæлл æмæ дыл цынæуал æрцæуа, уый дын фенæд мæ уд.
Бæрæгбоны фыдæх дæ уæд.
Бæрæгбоныл мауал сæмбæл.
Бæр-бæр фæкæн.
Бæрбæргæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Бæрзæйдих дæ фæкæнæд Джеры дзуар.
Бæрзæйдих фæу.
Бæрзæйдихæй фæцæр.
Бæрзæйдихы сау бон дыл акæнæд.
Бæрзæйдихыл дæ ма ныууадзæд Дунескæнæг.
Бæрзæйсаст дæ фæкæнæд Уæллаг.
Бæрзæйсаст фæу.
Бæрзæйсастæй дæ мæ уд фенæд.
Бæрзæйсастæй фæцу.
Бæрзонддзуар дæ 'ркъуырæд.
Бæрзонддзуар дæ йæ бынты ацæуын мауал бауадзæд.
Бæрзонддзуар дыл йæ фыдæх ныххуырсæд.
Бæрзонддзуарæй æлгъыст фæу.
Бæрзонддзуары фыдæх дæ уæд.

Бæрзондылбадæг дæ ‘ркъуырæд.
Бæрзондылбадæг дæ ‘рцæвæд йæ тыхджын къухæй.
Бæрзондылбадæгæй æлгъыст фæу.
Бæрзондылбадæгæй дæ цард-цæрæнбонты дæ уоны мигъ фæбадæд.
Бæрзондылбадæгæй зæрдæнцой макуы ссар.
Бæрзондылбадæгæй, кæм дын чи ис, уыдон æлгъыст фæуæнт.
Бæрзондылбадæгæй мыггагмæ ‘лгъыст фæу.
Бæрзондылбадæгмæ бакувыны бон дæ макуы фæуæд.
Бæрзондылбадæджы арфæ макуы баййаф.
Бæрзондылбадæджы зæрдæ макуы ссар.
Бæрзондылбадæджы æлгъыст дыл æрцæуæд.
Бæрзондылбадæджы цæф дыл сæмбæлæд.
Бæркад дæм макуы ‘рцæуæд.
Бæркад макуы фен.
Бæркадæй хызт у.
Бæркадмæ бæлгæйæ æбæркадæй амæл.
Бæркадмæ бæлгæйæ батон дæ бонтæ.
Бæркады тæпп макуы фен дæ къуымты.
Бæркадарм æфсин макуы бахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Бæркадарм æфсин макуы фен дæ цæсты зулæй дæр.
Бæркадсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бæркадсæфт фæу дæ хæрынæй дæ цæрынмæ.
Бæркадсæфтæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Бæркадсæфты бон дыл акæнæд.
Бæркадхæссæг уæ мауал уæд.
Бæркадхæссæг уæ цæсты зулæй дæр цы никуыуал фенат, ахæм сау бон уыл акæнæд.
Бæркадхæссæг уын Хуыцауы цæст мауал бауарзæд.
Бæрц зонынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Бæрц макуы базон.
Бæрцæй дæр нæ макуы фæфылдæр ут.
Бæрцæй нуазын цы райдайай, ахæм бон дыл акæнæд.
Бæрцæй нуазынмæ ‘рцу.
Бæстон мард акæн.
Бæстон цард дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Бæстонгæнæг дæ мауал уæд.
Бæстонгæнæгæй дæ Хуыцау бахизæд.
Бæстонгæнæгмæ фæбæлл æмæ æнæбæстонгондæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Бæсты мард æрцу.
Бæстымард дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Бæсты мард цы ‘рцæуай, ахæм арфæ дын бæрзонд Хуыцау ракæнæд.

Бæсты мардæй дæ мæ уд фенæд.
Бæсты ныгæд æрцу.
Бæсты ныгæд дæ мæ уд рæхджы акæнæд.
Бæттинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бæттинаг фæу де 'дылы зонды аххосæй.
Бæттинагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Бæттинагæй батон дæ бонтæ.
Бæттинагæй бæттинагмæ фæцæут.
Бæттинагæй фæцæр.
Бæттинаджы бон дыл акæнæд.
Бæттинаджы бонæй фæцæр.
Бæхыл бадынхъом макуы су.
Бæхджын уазæг макуы балæууæд уæ къæсæрыл.
Бæхджын уазæг уæ цæсты зулæй дæр макуы фенут.
Бæхджын уазæджы амонд уæм макуы æрхауæд.
Бегара фæкæн.
Бегарайы дæ бикъæфтыд Уæллаг фæкæнæд.
Бегарайы дæ удыбонтæ схауæнт.
Бегарайы фæцу.
Бецау – дæ бон.
Бецауаг фæу.
Бецыкджын лæппу макуы рахизæд дæ къæсæрæй.
Бецыкджын лæппу макуы скæсæд дæ хъæццулы бынæй.
Бецыкджын лæппу макуы фен.
Бецыкджынæй ацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Бецыкджынты бон дыл акæнæд.
Бецыкджынтыл худыны бон дæ ма фæуæд.
Бикъæфтыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бикъæфтыд фæу, бикъыскъуыд кæй фæкодтай, уыдон азарæй.
Бикъæфтыдæй дæ фæцæрын кæнæд, æмбал кæмæн нæй, уыцы Стыр Хуыцау.
Бикъæфтыдæй фæцæр.
Бикъæфтыдæй фæцу.
Бикъæфтыды бон дыл акæнæд.
Билцъ ауадзын дын дзы макуы бантысæд.
Билцъ ауадзынмæ фæбæлл æмæ йæ ма 'рæййаф.
Билцъ макуы рауадз.
Бинойнаг æркæнын дын макуы бантысæд.
Бинойнагæй сæрбæрзондæй макуы ацу.
Бинойнагмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцау цæстæй дæр цы никуы фенын кæна, ахæм бон дыл акæнæд.
Бинойнаджы амондæй дæ хай макуы фæуæд.
Бинойнаджы рæвдыд макуы баййаф.
Бинойнаджы цин макуы фен.

Бинонтæ скæнын дын макуы бантысæд.
Бинонтæ скæнынмæ фæхæр дæ былы цъæрттæ æмæ дæ къухы макуы бафтæд.
Бинонтæ фенынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Бинонтæй æлгъыст фæу.
Бинонтæм фæбæлл æмæ сæ макуы банкъар.
Бинонты ард дæ баййафæд.
Бинонты ардæй æлгъыст цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Бинонты сæрыбæсты дæ Хуыцау фæцæуын кæнæд.
Бинонты фарнæй цъæх арт фæуадз.
Бинонты цардæй дæ Хуыцау макуы рацæрын кæнæд.
Бирæ амæлæнт дæ ратджытæй.
Бирæ дзурынæй бирæ амонд хуыздæр у, фæлæ дзы дæу хай макуы фæуæд.
Бирæмæ бæлгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Бирæмæ фæбæлл æмæ дæ цъус дæр макуы фæуæд.
Бирæты бон дыл акæнæд.
Бирæтæ кæм сты, уырдæм дæ мæ уд афæндараст кæнæд.
Бирæгъ дæ бахæрæд.
Бирæгъау дæ бæрзæй фæтасын ма комæд.
Бирæгъау сыджыт фæхæр.
Бирæгъау мæймæ фæниу.
Бирæгътæ дæ габазгай цы акæной, уыцы бон дыл акæнæд.
Бирæгъты холы фæу.
Бирæгъты цард дын мæ зæрдæ зæгъы æмæ дын æй Хуыцауы цæст бауарзæд.
Бирæгъты цард фæкæн.
Бирæгъты цардæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд: куы — фырæфсæст, куы — фырыстонг.
Бирæгъы цармы дæ батыхтæуæд.
Бирæгъы цармы тыхт фæу.
Бирæгъмарæн дæр дын цынæуал хай кæной, ахæм бон дыл акæнæд.
Бирæгъмарæн дурæй дæ фæхостæуæд.
Бирæгъмарæн нæмыг сæмбæлæд дæ тæккæ ныхыл.
Бирæгъмарæнæй æхст æрцу.
Бога кæнгæйæ амæл.
Бога кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Бога фæкæн.
Богайы ном дæ рагъæй макы ахауæд.
Богъы цæф фæу.
Богъ-богъ фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Богъ-богъ фæкæн, кæм дын чи ис, уыдоныл.
Богъбогъгæнгæ фæцу.

Богъбогъгæнгæйæ амæл.
Бон дæ хуыссæг ахсæд, æхсæв æгъуыссæгæй сæй.
Бон дæ цæстытæ риссæд, æхсæв – дæ дæндæгтæ.
Бон-иу дæ цæстытæ æмæ дæ къæхтæ риссæнт, æхсæв – дæ дæндæгтæ æмæ дæ хъустæ.
Бон сурмæ дзыназ, æхсæв – хурмæ.
Бонасадæн кæнгæйæ амæл.
Бонасадæн фæкæн.
Бонасадæн чи кодта, уыдон æмбисонд дыл акæнæд.
Бонæддæдæр фæкæн.
Бонæддæдæрæй æрцæуæд дæ мæлæт.

*Бонæй-æхсæвæй*
*Дæ цард – хуыссæгæй.*

Бонæй-бонмæ æгъæдзар фæу.
Бонæй-бонмæ æнæкъæдзилæй баззай.
Бонæй-бонмæ дæ бонтæ тынд фæуæнт.
Бонæй-бонмæ дæ сау рондз фæкал.
Бонæй-бонмæ дæ хъуыры рак фæзынæд.
Бонæй-бонмæ дын мæ уд дæ хисты къæбæртæ ахæрæд.
Бонæй-бонмæ фæцæр.
Бонæмгъуыд фæкæн.
Бонæмгъуыдæй фæцæр.
Бонæмгъуыдмæ Хуыцауы къухы лæвæрд æрцу.
«Бон-бон»-æй фæцæр.
Бонвæрнон фенын дын макуы бантысæд.
Бонвæрнон фенынмæ фæбæлл, фæлæ дæ йæ феныны бон мауал фæуæд.
Бонвæрноны скастмæ дын мæ уд, цы дын хъæуы, уый фенæд.
Бонвыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бонвыддæр дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Бонвыддæр фæу.
Бонвыддæрæй фæцæр.
Бонвыддæрæй фервит дæ царды бонтæ.
Бонвыддæры цард дын мæ цæст фенæд.
Бонвыддæртыл æфтыд фæу.
Бонзонгæ адæймаг уæ макуы рацæуæд.
Бонзонгæ лæг уын Хуыцау уынын дæр макуы фæкæнын кæнæд.
Бонзонгæ мард акæн.
Бонзонгæйæ атъæпп у.
Бонхуыздæр цард макуы фен.
Бонхуыздæрмæ фæбæлл æмæ йæ уынгæ макуы фæкæн.
Бонцухæй – дæ мæлæт.

Бонцухæй уонгцухæй фæхъу.
Бонцъæхтæм мауал ахæсс.
Бонцъæхтыл – дæ удисæн.
Буарыхай макуы ссар.
Буарыхай ссарын дын макуы бантысæд.
Буарыхайæ амонд макуы фен.
Буарыхайæ дæ рыст уд макуы сулæфæд.
Буарыхайæ макуы батæфс.
Буарыхаймæ бæлгæйæ буарæмпылд бау.
Буарыхайы ад ма банкъар.
Буарыхайыл бацин кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Буарыхайыл макуы 'рæнцой у.
Буд судзын дын макуы бантысæд.
Буды ад макуы банкъар.
Бузныг зæгъын дын макæй цæст бауарзæд.
Бузныджы бæсты дæ адæм æбузн цы уой, ахæм амонд дæ уæд.
Булæмæргъау ныззарын дын макуы бантысæд.
Булæмæргъау ныззарынмæ фæбæлл æмæ де 'взаг дæ комы арынджы ныррæсийæд.
Булæмæргъау ныззарыны бон дæ ма фæуæд.
Бухъ цард макуы фен.
Бухъ цардæй дæ Хуыцау тъæпп ахауын кæнæд.
Бухъ цардмæ бæлгæйæ амæл.
Бухъ цардмæ фæбæлл, фæлæ йæ уынгæ ма фæкæн.
Бухъ царды ад макуы базон.
Буц мард акæн.
Буцæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Буцæй дæ мæ уд ачындз кæнæд де 'нусон дунемæ.
Буцты хал ахæр.
Буцтыл дæ Уæллаг бафтауæд.
Бын бау.
Бын бауай, адæмимæ чи нæ хæццæ кæны.
Бын дæ Хуыцау бакæнæд.
Быронд фæу.
Бынгондæй дæ Хуыцау фæхир-хур кæнын кæнæд.
Бынсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бынсæфт фæу.
Бынсæфтæй фæхит адæмы уæзгуытыл.
Бынат æркæнын дын ма бантысæд.
Бынат ма 'ркæн.
Бынат ссарын дын макуы бантысæд.
Бынаты 'рбадын дын макуы бантысæд.
Бынæйласгæ фæу.
Бынæйласгæйæ фæцæр.

Бынæйласгæты бон дыл акæнæд.
Бындар дæ Хуыцау фæкæнæд, цы чызг дæ.
Бындарæй дæ зæрдæ ма барухс уæд.
Бындарæй дæ зæрдæмæ рухсы цъыртт макуы ныккæсæд.
Бындарæй дын зæрдæнцой Хуыцау макуы ссарын кæнæд.
Бындармæ бæлгæйæ бафт дæ сыджытыхайыл.
Бындары гадздза фæу.
Бындары лæппу дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бындары чызг фæу, дæу исты куы басæтта.
Бындурæфтыд фæу.
Бындурæфтыдæй фæутæхсæн кæн.
Бындурзылд дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Бындурзылд фæу.
Бындурзылдæй батон дæ царды бонтæ.
Бындурзылдты ‘мбисонд дыл акæнæд.
Бындз ратæхæг уæ мауал баззайæд.
Бындзы бон дæ цынæуал уа, ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд.
Бындзагъд уæ Хуыцау фæкæнæд.
Бындзагъд фæут.
Бындзагъдæй уæ фенæд мæ уд.
Бындзагъды бон уыл цы акæна, мæ цæст уын уый фенæд.
Бындзарæй уын цы сласой уæ уидаг, уыцы æмбисонд уыл рæхджы бонты акæнæд.
Бындзыггай баззай хæхты тигътыл.
Бындзыггай фæтон дæ бындзгуытæ.
Бынсæфт дæ Стыр Хуыцау фæкæнæд.
Бынсæфт фæу.
Бынсæфтмæ ‘рцу.
Бынсæфты бон дыл акæнæд.
Бынсæфтытæм цы тæхуды кæнай, ахæм бон дыл акæнæд.
Бынты фæбыр ноджыдæр.
Бынты фæцу, метройы цæуæгау.
Бынхор дæ æмæ дæ сæры хъæбæртæ бахæр.
Бынхорæй фæхит уæзгуытыл.
Бынхоры ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Бынып баззай, цы чызг дæ.
Бынып цы баззайай, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Бынылзад дæ Хуыцау фæкæнæд.
Бынылзад фæу.
Бынылзад фæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Бынылзадæй дæ Уæллаг фæхитын кæнæд.
Бынылзады бонтæ батон.
Бынычкъуыд ысут.
Бынычкъуыд уæ Хуыцау скæнæд.

Бынискъуыды ном уæ айхъуысæд.
Быныус дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Быныус фæу.
Быныусы цардæй фæцæр.
Бынычызг фæу.
Бынычызг фæхуин.
Бынычызгæй фæхит адæмы уæзгуытыл.
Бынычызджы ном дыл сбадæд.
Быр дæ бахæрæд.
Быры хæрд фæу мæ тæригъæдæй.
Бырау фест.
Бырауау фæзил дæхи алыварс.
Бырæджы ад фæкæн адæмæн.
Бырæджы ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Быцæу фæкæн.
Быцæу фæкæн дæ хæрынæй дæ мæлынмæ.
Быцæугæнæг фыдæх ары æмæ дæ адæмы фыдæх цы ‘ркъуыра, ахæм бон дыл акæнæд.
Быцæугæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Быцæугæнгæйæ – дæ бинонты сæфт.
Быцæугæнгæйæ дæ тъанг аскъуыйæд.
Быцæугæнджытыл цы ‘мбисонд æрцыд, ахæм æмбисонд дæ баййафæд рæхджы бонты.
Быцæуы бон дæ мауал фæуæд.
Быцъынæгыскъуыд дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Быцъынæгыскъуыд фæу.

# В

Вагæттыл дæ фæластæуæд дæ фæстаджы бонмæ.
Вагзалæй вагзалмæ дæ Уæллаг Хуыцау фæхæтын кæнæд.
Вагзалы дæ æрсурæд дæ адзал.
Вазыгджын мард акæн.
Вазыгджын мардæй дæ фенæд мæ уд.
Ваннæйы дæ хуыдугæй фенæд мæнæй уый.
Ваннæйы ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Ветеран суæвын дын ма бантысæд.
Ветеранты кармæ дæ Уæллаг ма ауадзæд.
Ветерантыл худыны бон дæ ма фæуæд.
Винтовкæйæ мард æрцу.
Винтовкæйы нæмыг дæ ныхыл сæмбæлæд.
Вулканы бын – дæ сæр.

# Г

Габатты гал ӕмӕ хъуджы ‘мбисонд уыл ӕрцӕуӕд.
Габатты гал ӕмӕ хъуджы ‘мбисондӕй царӕфтыд фӕут.
Габатты гал ӕмӕ хъуджы кадӕй цӕрут.
Габеты дзӕгъындзӕгау дӕ къуырттыл амӕл.
Гага ахӕрынхъом дӕ Хуыцау макуы скӕнӕд.
Гагуыхауд фӕу.
Гагуыхаудӕй дӕ фенӕд мӕ уд.
Гаджидау рауадзынхъом макуы су.
Гаджидауы аккаг дӕ Хуыцау макуы скӕнӕд.
Гаджидӕуттӕ уадзгӕйӕ ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Гадза фест.
Гадзайы гуыбынӕй дыл фӕрӕйӕнт йӕ къӕбыстӕ.
Гадза-бирӕгъ дӕ фестын кӕнӕд Уӕллаг.
Гадза-бирӕгъ фест ӕмӕ дӕхи бахӕр.
Гадза-бирӕгъау фӕниу ӕмӕ дын дзуапдӕттӕг мачи разынӕд.
Гайлаг ма фен.
Гайлаг макуы рахъомыл уӕд дӕ кӕвдӕсыл.
Галмарӕггаг хъуг чи фыста, уый бон дыл акӕнӕд.
Гакк-гуккау кӕйдӕр ахстӕтты фефтау дӕ цард-цӕрӕнбонты.
Гакк-гуккыл цы ’мбисонд ӕрцыд, ахӕм ӕмбисонд дыл ӕрбамбӕлӕд — дӕ къубал дӕхӕдӕг куыд акъуырай.
Гал-иу бабӕтт дӕ кӕвдӕсыл ӕмӕ-иу дзы рӕуӕд рауадз.
Галмдзарм уӕдӕртты цы фӕласай, уыцы бон дыл акӕнӕд.
Галиуӕй галиумӕ — дӕ мӕлӕт.
Галуан макуы фен.
Галуанӕй ракӕсыны амонд дӕм макуы ‘рхауӕд.
Галуаны фӕсӕй.
Галуанты бамби.
Галуӕрдоны ифтыгъд ӕрцу.
Галуӕрдоны ифтыгъдӕй уыргӕфтыд фӕу.
Гангренӕ дыл фӕзынӕд.
Гангренӕйӕ амӕл.
Гангренӕйӕ уӕнггай цы суай, уыцы бон дыл акӕнӕд.
Гауыр дӕ ӕмӕ гауырӕй ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Гауырӕй амӕл.
Гауыртимӕ — дӕ дзырддаг.
Гауырты бон дыл акӕнӕд.
Гӕбазгай ныуу.
Гӕбӕр дыл сӕфтӕд.
Гӕбӕрӕй ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Гӕбӕрбӕрзӕй ӕмӕ саузӕрдӕйӕ фӕцу.
Гӕбӕрниз дӕ ахӕссӕд.

Гæбæрниз дæм цъус цы фæкæса, ахæм бон дыл акæнæд рæхджы.
Гæбæрнизæй фæсæй.
Гæбæрнизы ахæсты фæу.

*Гæбæртæ – Гæбæраты,*
*цæгæртæ – Цæгæраты.*

Гæвзыкк мард акæн.
Гæвзыккæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Гæвзыккæй-гæвзыкмæ фæцу.
Гæвзыччы дзæкъул аппарыны бон дын макуы раттæд Уæллаг.
Гæвзыччы дзæкъул дæ рагъæй макуы аппар.
Гæвзыччы лæдзæг дæ рагъæй макуы ахауæд.
Гæвзыкдзинадæй лидз, фæлæ дæ йæхæдæг уæгъд куыд никуы ныууадза, ахæм амонд дæ уæд.
Гæды Сырдоны æмбисонд дыл акæнæд.
Гæды Сырдоны номæй фæцæр.
Гæды фæу.
Гæды фест.
Гæдыйæ амæл.
Гæдыйæ æрцæуæд дæ хæдзары сæфт.
Гæдыйы амондæй фæцæр.
Гæдыйы къах цыбыр у æмæ дæ Хуыцау дард ацæуын ма бауадзæд.
Гæдыйы ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Гæдыйы рихиты фæцу.
Гæдыйыл дæ фæнымадæуæд.
Гæдыбындар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Гæдыбындарæй амæл.
Гæдыбындарæй баззай.
Гæдыбындарæй фæцæр.
Гæдыбындарты бон дыл акæнæд.
Гæдыбындары ном фæхæсс.
Гæдыбындары номимæ фæцу уæзгуытыл.
Гæдыбындарты ‘хсæнæй макуы ацух у.
Гæдывад дæ æмæ гæдывадæй фæбыр адæмы тæригъæдæй.
Гæдывад митæ фæкæн ноджыдæр.
Гæдывадæй амæл.
Гæдывадæй дæ æрсурæд дæ адзал.
Гæдывадæй фæцæр.
Гæдывадæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Гæдывады ном ма ахауæд, кæм дын чи ис, уыдонæй.
Гæдымард акæн.
Гæдымард дæ Уæллаг фæкæнæд.
Гæдымардæй дæ фенæд мæ уд.

Гæдырдузæн райсынхъом дæр макуы су.
Гæдырдузæнæй æнæтугæргæвст æрцу.
Гæдырдузæнæй дæ бардузæд мæнæй уый.
Гæндон дæ Хуыцау фæкæнæд.
Гæндон фæу.
Гæндонæй фæхир-хур кæн.
Гæндонмæ ‘рхау.
Гæндоны бон дыл акæнæд.
Гæндзæхтæ цæгъдгæйæ амæл.
Гæндзæхтæ цæгъдгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Гæндзæхтæ цæгъдгæйæ дæ удисыныл архай æмæ дын дæ уд исын ма ‘нтысæд мæ тæригъæдæй.
Гæндзæхтæ цæгъдынæн бахъу.
Гæндзæхтæ цæгъдыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Гæныстон дæ æмæ ноджыдæр гæныстонмæ ‘рхау.
Гæныстон фæу.
Гæныстон цы фестай рæхджы, ахæм бон дыл акæнæд мæ рыст уды тæригъæдæй.
Гæныстонæй баззай.
Гæныстонæй дæ мæ фæллад уд фенæд.
Гæныстонмæ æрхау ноджыдæр.
Гæныстонмæ æрцу уыцы амондимæ.
Гæныстоны бон дыл акæнæд.
Гæныстоны бонæй фæцæр.
Гæныстоны дон фæнуаз.
Гæныстоны номæй дын аирвæзæн мауал уæд.
Гæныстоны цардæй рафт.
Гæпп кæнын дын мауал бантысæд.
Гæппæй дугъ нæй æмæ дзы дæ бæрзæй асæтт.
Гæркъа бау.
Гæркъайæ дæ мæ цæст баулæфæд.
Гæркъайæ дæ мæнæй уый фенæд.
Гæркъайæ фæцу.
Гæркъайы бонæй дын аирвæзт мауал уæд.
Гæркъæраг дæ Уæллаг Хуыцау фестын кæнæд.
Гæркъæраг фест.
Гæркъæрагæй уæлдай дæ адæм макуы ‘руарзæд.
Гæркъæраджы кадæй фæцæр.
Гæртам исын худинаджы хъуыддаг у æмæ худинаггагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Гæртамхор фæхуин.
Гæртамхорæй фæцæр.
Гæртамхорæй фæцу, адæм дыл «æххы-ту» куыд кæной.
«Гино, гино» дæ кæнынц æмæ дæ «гино» ном дæ рагъæй макуы ахауæд.

«Гино, гино» дæ кæнынц æмæ сын гинойæ фæцу.
Гобаныл дæ дæхи ‘руадзыны бон макуы фæуæд.
Гобаныл дæхи ‘руадзыны бон дæ де ‘нусон дунейы дæр макуы фæуæд.
Гоби дæ æмæ гобийæ – дæ мæлæт.
Гобийæ фæцу.
Гобийы бон дыл акæнæд.
Горбачевау сæнттæ дзурынæн цы бахъæуай, уыцы бон дыл акæнæд.
Гормон зæгъыны бон дæ мауал фæуæд.
Гормон фæу.
Гуыбынниз – дæ артæнты.
Гуыбынниз – дæ гуыбыны.
Гуыбынниз дæ лыстæг тъæнгты ацæуæд.
Гуыбынниз дæ урс уæрыккæн ахæссæд.
Гуыбынниз дыл фæзынæд.
Гуыбыннизæй æрбадæнгæлмард у.
Гуыбыннизæй фæсæй.
Гуыбыннизæй фæутæхсæн кæн æмæ дæ удисыны бон ма фæуæд.
Гуыбыннизæн дæ бауарзæд Уæлладжы зæрдæ.
Гуыбыннизы хай фæу рæстæгыл.
Гуыбыннизы хаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Гуыбырсæрæй фæлæуу.
Гуыбырсæрæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Гуыбырæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Гуыбырæй цæуæн бонтæ дын мæ уд фенæд.
Гуыдыр чи февæры, уыдоны бон дыл акæнæд.
Гуыдырæвæрд фæу.
Гуыдырæвæрдæй амæл.
Гуыдырæвæрдæй фæцæр.
Гуым-гуым фæкæн.
Гуым-гуым чи фæкæны, уыдон кæвдæсы дæ фæбастæуæд.
Гуымы быдыры æфсады ахæсты – дæ сæр.
Гуыпп кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Гуыппæй – дæ мæлæт.
Гуыппæй дæ рафæлдæхтæуæд.

*Гуырдзы цы кæнынц, уый – сæхицæн.*
*Мæ куыдз æргæвст – сæ хистæн.*

Гуырдзыйы къухы дæ Хуыцау ныппарæд.
Гуырдзыйы цармытыхт фæу.
Гуырдзыйыл дæ чи нæ нымайы, уый дын де ‘взæртæ бахæрæд.

Гуырысхо фæкæн.
Гуырысхойæ фæцæр.
Гуырысхойæ гуырысхомæ фæцу.
Гуырысхойы амæттаг бау.
Гуырысхойы хай фæу нoджыдæр.
Гыцци дæ мæрдæй йæ рустæ хæрдмæ фæтонæд.
Гыцци дыл йæ бындзгуытæ бындзыггай фæисæд.
Гыцци дыл зæрдæбын хъарджытæ фæкæнæд.
Гыцци дын дæ гыццыл хист ахæрæд.
Гыцци дын дæ хисты къæбæртыл йæ сау цæссыг фæкалæд.
Гыццийы æлгъыст дæ баййафæд.
Гыццыл макуы рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Гыццыл макуы фен.
Гыццыл нæмыг дæ рафæлдахæд.
Гыццыл нæмыг дыл сæмбæлæд æмæ-иу ды ма ‘рхау.
Гыццылæй амæл.
Гыццылты æмбисонд дыл акæнæд.

# Д

Дава æмæ ‘взона фæкæн.
Дава æмæ ‘взонайæ амæл.
Дава æмæ ‘взонайæ дарддæр макуы мацы базонæд дæ сæры къоппа.
Дава æмæ ‘взонайæ фæцæр.
Дава æмæ ‘взонамæ фæтырн.
Дава æмæ дæ ‘взонайы ном айхъуысæд.
Давгæ æмæ ‘взонагæнгæ æрцæуæд дæ уды сæфт.
Давгæ-давын фæдисоны нæмыг сæмбæлæд дæ ныхыл.
Давды фæу.
Давын æмæ ‘взонын фæкæн.
Давын æмæ ‘взонынæй дарддæр мацæуыл ныххæц.
Давын æмæ ‘взонынæй арвит дæ царды бонтæ.
Давын æмæ ‘взонынмæ фæтон дæ уды быцъынæг.
Давын æмæ ‘взоныны бон – дæ мæлæт.
Дагъытъайлаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дагъытъайлаг фæу.
Дагъытъайлаг цы фæуай, уыцы бон дыл акæнæд Уæллагæй.
Дагъытъайлагæй баззай.
Дагъытъайлагæй дагъытъайлагмæ фæцу.
Дагъытъайладжы ‘мбисонд дыл æркæнæд.
Дагъытъайладжы сæфт фæкæн.

Дада дын дæ соти ахæрæд.
Дадайы кармæ ма фæцæр.
Дадайы рахиз къухыл æвæрд фæу.
Дадайы тæригъæд дын баззайæд дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Дадайыл дæхи баргæйæ дæ æрхауын кæнæд Уæллаг.
Дадайыл дæхи барыны释 кармæ ма ахæццæ у.
Дам фæкæн бонæй-бонмæ.
Дамтæй – дæ цард.
Дамдумгæнгæ амæл.
Дам-думты хай фæу.
Дам-думтыл дæ бафтауæд дæ рафæлдисæг.
Дарæг æмæ дæ уромæг мауал уæд.
Дарæджы фист дæ мауал уæд.
Дарæджы фистæй фæцæр, цы лæг ды дæ.
Дарæс макуы фен.
Дарæсау дарæс скæнын дын макуы бантысæд усгур лæппуйау.
Даргъ мард баныгæн.
Даргъ мард рахæсс дæ хæдзары рæбынæй.
Даргъæвзаг дæ æмæ дын дæхи æрцауындзыны фаг скомæд.
Даргъæвзæгты бон дыл акæнæд.
Даргъкъах чызг дæ сынтæгыл йæхи макуы æруадзæд.
Даргъкъах чызг фенын дын макуы бантысæд.
Даргъкъах чызджытæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Даргъкъах чызджытæм фæбæлл æмæ дæм дзы кæсгæ дæр мачи бакæнæд.
Дард мард дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дардæй ласинаг фæуæд дæ сау табæт.
Дардмæ цæуынхъом макуы су.
Дардыл кæндтæ фæкæн.
Дардыл ныззилæнт дæ ахсджиæгты мæрдтæ.
Дастæй амæл.
Дастæй дæ аныгæнæд мæ уд.
Дасыны сæр дæ мауал бахъæуæд, афтæ дæ абæстон кæнæд мæнæй уый.
Дау фæкæн дæ хæрынæй дæ цæрынмæ.
Даугæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ абон – дæхи, дæ райсом – мæн.
Дæ абон – сыгъд, дæ райсомæй дæр дæ Хуыцау фыдæнхъæл фæкæнæд.
Дæ абонæй фыдæнхъæл фæу.
Дæ абоны зондæй – дæ цард.
Дæ абоны хъуыддæгтæ дæ фарсæй фæуæнт.
Дæ абоны хъуыддæгтæ дын цъæх арвы бын макуы батайæнт.
Дæ абоны цард дæ фарсы тæнæгæй акæлæд рæхджы бонты.
Дæ абоны цардæй æдзард фæу.

Дæ абоны цардмæ бæлгæ ма дæ былты цъæрттæ цы фæхæрай, фæлæ дæ къухты цынæуал бафта, уыцы бон дыл акæнæд.

Дæ авд фыртæй æнæныгæнæгæй аззай.

Дæ авд фыртыл авд хатты саутæ фæдар æмæ дын сæ сисын мауал бантысæд.

Дæ авдæн бæттыны бон дæ ма фæуæд.

Дæ авдæн дымгæтæн узинаг цы фæуа, ахæм амонд дыл акæнæд.

Дæ авдæнæй сабийы худын макуы райхъуысæд.

Дæ авдæнмæ цæссыгкалгæ фæдзыназ.

Дæ авдæны гæдыйы лæппын дæр макуы бахъомыл уæд.

Дæ авдæнбæттæн кæуынмæ асайæд.

Дæ авдæнбæттæнæй æнæрай скæн, куы ма мæ ныууадзай.

Дæ авдæнбæттæнтæй-иу дæ рухсгæнæн бонтæ цы фæраздæр уой, уыцы æмбисонд дыл акæнæд.

Дæ аг къуылдымæй тулинаг фæуæд.

Дæ агæй, æмбудæнтæ чи барæвдауа, ахæм ад макуы скæлæд.

Дæ агæй дын чырыстон кусарты фыд сисын макуы бантысæд.

Дæ агмæ афтидæй фæдзыназ.

Дæ аджы дын фæмызтæуæд.

Дæ аджы куыдзы л... ныххауæд.

Дæ агъуыст агъуындын дæ иунæг къоппайæн макуы бантысæд.

Дæ агъуыст цъыбыртты сыгъд бауæд.

Дæ агъуыстæй судзаггаджы мæрдтæ фæхæсс.

Дæ агъуыстæй ралæсын дын макуы бантысæд.

Дæ агъуысты дæ зæрдæйы фæндиаг макуы сбон кæн.

Дæ агъуыстыл сау туг ныууарæд дæ уды мæрдæй.

Дæ адæм дæ сау сæры къоппамæ кæуынмæ фæцæуæд.

Дæ адæм дыл саутæ скæнæд.

Дæ адæмæй айрох у.

Дæ адæмæй æрмист цы фæуай, ахæм амондæй фæцæр.

Дæ адæммæ дæхи фæлас æмæ дæ сæхимæ топпæхстæй æвваахсдæр цынæ бауадзой, ахæм амонд дæ баййафæд.

Дæ адæмы азарæй басудз.

Дæ адæмы зæрдæ макуы ссар, афтæмæй æрцæуæд дæ адзал.

Дæ адæмы сæрыбæсты фæцу.

Дæ адæмы фыдæх дæ баййафæд.

Дæ адджын бинонты сæфт дын Хуыцау фенын кæнæд.

Дæ адджын цард дæ къухæй цы ахауа, ахæм бон дыл акæнæд.

Дæ адджын цард сæнад уæд дæ уды фыдæй.

Дæ адзал дæ ‘рсурæд дæ кæстæрты тæригъæдæй.

Дæ адзалæй дын алидзын ма бантысæд.

Дæ адзалæй фыдцæф фæу.

Дæ адзалы бонæн – æвзæртæ фæлдыст.

Дæ аз додойы аз фæхуыйнæд.

Дæ аз додойгæнгæйæ цы арвитай, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.

Дæ аз дыл мауал æрцæуæд.
Дæ азæй фыдæлгъыст фæу.
Дæ азы фыдæх дæ сæрыл сæмбæлæд.
Дæ азым дæ сыгъд сæрыл æртыхсæд.
Дæ азымы бонæй дæ Уæллаг Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ азымыл басæттыны хъару дын дæ рафæлдисæджы цæст макуы бауарзæд.
Дæ аив дзыхыдзырд дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ аив уæнгтæ дын сау сыджыт ахæрæд.
Дæ аивтæ мæрдтæм бахæсс.
Дæ аипджын дзыхы – стыррыны цæф.
Дæ аипджын дзыхы – удхæссæг.
Дæ айæн базонын дын макуы бантысæд.
Дæ айæнмæ мауал ахæццæ у.
Дæ аккаг дзуары цæф фæу.
Дæ аккаг мæлæт ссар.
Дæ аккæгты рæхджы аййаф.
Дæ аласайыл ласгæ фæу.
Дæ алыварс дын иу лæг-фæхæцæг макуы разынæд дæ удисгæйæ.
Дæ алыварс зæхх куыд лæбыра æмæ йæ быны дæ сæр куыд кæна, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ алыварс стонг сырдтæ фæниуæнт.
Дæ амæйразмæйы мæстытæ дæр дæ сæрыл æртыхсæнт.
Дæ амæйразмæйы фыдтæ дæр байиафæд де 'намонд сæр.
Дæ амæйразмæйы цард дæ фарсы тæнæгæй акæлæд.
Дæ амæйразмæйы цард дын ма батайæд адæмы тæригъæдæй.
Дæ амонд адæмы къæхты бынмæ æрхауæд.
Дæ амонд амонды 'нгæс макуы бауæд.
Дæ амонд æнамонддзинадæй аив рæхджы бонты.
Дæ амонд басудзæд.
Дæ амонд бахъахъхъæнынæн ма су.
Дæ амонд бахъахъхъæныны тых дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Дæ амонд дæ дард цы фæлидза, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ амонд дæм фæтæргай уæд.
Дæ амонд дын æнамонды хос фæуæд.
Дæ амонд джидзæггаг уавæрмæ æрхауæд.
Дæ амонд зонынхъом дæ Хуыцау ма скæнæд.
Дæ амонд зылынбаст æргъомау фæхæсс.
Дæ амонд ссарынхъом ма бау.
Дæ амондæй амонды уагæй мацы фен.
Дæ амондæй амондхуызæй макуы ацу.
Дæ амондæй æнамонд фæу.
Дæ амондæй дæ зæрдæйы фæндиаг макуы сулæф.

Дæ амондæй дын дидинæг рафтауын макуы бантысæд.
Дæ амондæй зæрдæхудт фæу.
Дæ амондæй саугуырм бау.
Дæ амондæй хур макуы фен.
Дæ амондæй Хуыцауы цæст акъах.
Дæ амондæн – æвзæртæ фæлдыст.
Дæ амондæн – æвзæртæ хæринаг.
Дæ амондæн кæлмытæ 'мæ хæфсытæ – хæринаг.
Дæ амондæн куыдз ныффæлдис.
Дæ амондæн хæрæг фæлдыст фæуæд.
Дæ амонды бон кæуыны бон фæуæд.
Дæ амонды дзыхы – де 'взæртæ.
Дæ амонды рæстæгæн йæ дымæг дæр мауал аййаф.
Дæ амонды фæхъхъау фæу.
Дæ амондагуртæ сæ фыдыуæзгуытыл сæ дæндаг рафтауæнт.
Дæ амондагуртæй адæм дардмæ фæлидзæнт.
Дæ амондагуртæн Хуыцауы цæст мацы бауарзæд.
Дæ амондагурты Хуыцауы фыдæх баййафæд.
Дæ амондагуртыл æнамонды бон акæнæд.
Дæ амонддæттæг дæлæмæ 'рхауæд.
Дæ амонддæжын бинонтæй уынджы къæйыл аззай.
Дæ амонддæжын цард дæ къухæй ахауæд.
Дæ амонддæжын цардæй æдзард фæу.
Дæ амонды дзыхы, кæй ном нæ дзырдæуы, уыдон.
Дæ арæзт хæдзар ныккæлæд.
Дæ арæзт хъуыддаг басудзæд.
Дæ арæхстджын къухтæ дын сау сыджыт ахæрæд.
Дæ арæхстджын къухтæ мæрдтæм бахæсс.
Дæ арв аталынг уæд.
Дæ арв дыл æркæлæд.
Дæ арвыхай дыл хъæдтæ æмæ дуртæй фæуарæд.
Дæ арвыхайæ мацы фен.
Дæ арвыхайæ дыл хуры цæст макуы ракæсæд.
Дæ аргæвдæг куыдз аргæвдæд.
Дæ аргæвдæгæн мæ куыдз – фæлдыст.
Дæ армæй сой макуы 'ртæдзæд.
Дæ армы, кæй ном нæ дзырдæуы, уый.
Дæ армы – куыдзы л... .
Дæ армы хъыргъы дæр макуы 'рбадæд.
Дæ армæйдзагыл адæм æлгъ фæкæнæд.
Дæ арт ахуыссæд.
Дæ арт бауазал уæд.
Дæ арт макуы рандавæд.
Дæ арт макуыдæм разынæд.
Дæ артæй райгонд макуы мачи фæуæд.

Дæ артмæ хи батавæг макуы мачи уæд.
Дæ арты фæмиз.
Дæ артыл сау дон ауадз мæ тæригъæдæй.
Дæ артдзæст бамынæг уæд.
Дæ артдзæст уазалы ад скæнæд.
Дæ артдзæстæй цины хъæлæба макуы рантысæд.
Дæ арфæ бынатыл макуы сæмбæлæд.
Дæ арфæ макæмæ хъуысæд, афтæмæй адæмыл дæхи фæныхас.
Дæ арфæ сæфт уæд дæхийау.
Дæ арфæйæн дзуапп макуы райс.
Дæ арфæйыл-иу фæсмонæй дæхи бахæр — уый дын мæ ныхас.
Дæ арынг афтæ схуыскъаг уæд, æмæ дзы хъулыйас картофтæ дæр куыднæуал лæууой.
Дæ арынг йедзагæй макуы фен.
Дæ арынг мыстыты симæн суæд.
Дæ арынгæй дæм мыстытæ фæдзыназæд.
Дæ арынджыдзаг хыссæ макуы снæм.
Дæ астæу асæттæд.
Дæ астæу дæ зæрдæйы фæндиаг макуы сраст кæн.
Дæ астæуæй фæхъæрз æмæ фæнæт.
Дæ астæуы — къæдзниз.
Дæ астæуы — рыны цæф.
Дæ астæумагъз аскъуыйæд.
Дæ астæумагъз ацъæх уæд.
Дæ астæумагъзæй фæхъæрз.
Дæ астæумагъзæй фæхъæрз æмæ дын йе сдзæбæх кæныны хос ма уæд.
Дæ астæуцæджындз асæттæд.
Дæ астæуцæджындз схъисгай æрызгъæлæд дæ сæрыл.
Дæ астæуыстæг асæттæд.
Дæ астæуыстæгæй фæхъæрз.
Дæ астæуыстæгыл дын æнгузтæ фæсастæуæд.
Дæ астæуыстæгыл дын цæхх фæхостæуæд.
Дæ афон ма ‘рæййаф.
Дæ афон мæ куыйты афон суæд.
Дæ афонмæ ма ахæццæ у.
Дæ афонмæ бæлгæйæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Дæ афоныл мæлæт дæ рæхджы ‘рæййафæд.
Дæ афтид сæр дæ къæхты тæригъæд фæхæссæд.
Дæ ахсæн аскъуыйæд.
Дæ ахсæнмæ фæхъус.
Дæ ахсæнмæ хъусгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Дæ ахсæны тæвд цæхæр ныккæлæд.
Дæ ахсæны куыдз амæлæд.
Дæ ахсæныл дæ тых макуы аххæссæд.

Дæ ахсджиæгтæ аскъуыйæнт.
Дæ ахсджиæгтæ кæлддзагæй кæлæддзагмæ фæцæуæнт цæргæцæрæнбонты.
Дæ ахсджиæгтæ нæ тæригъæдæй схъæбæр уæнт.
Дæ ахсджиæгтæй афтид абад, мæ къона.
Дæ ахсджиæгтæй æнæ ахсджиаг фæу.
Дæ ахсджиæгтимæ иу æвзаг макуы ссарут.
Дæ ахсджиæгтимæ уæ кæрæдзийы фыдтæ фæхæрут.
Дæ ахсджиæгтимæ хъыцъыдæттæ фæнуазут.
Дæ ахсджиæгты мæрдтæм фæдзыназ адæмы тæригъæдæй.
Дæ ахсджиæгты фыдтæ бахæр.
Дæ ахсджиæгты цин макуы фен.
Дæ ахсджиæгты чъылбызгай фæуидз.
Дæ ахуыр дæ цы байрох уа, ахæм бон дын мæ уд фенæд.
Дæ ахуырæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ ахуырæй дæ л... хæрын макуы ныууадз.
Дæ ахуырæй рухс макуы фен.
Дæ ахуырæй фæиппæрд у.
Дæ ахуырæй фæсмонгондæй фæцу.
Дæ ахуырмæ дæ цынæуал равдæла, ахæм фыд дæ баййафæд.
Дæ ахуыры мæт дæ куыднæуал уа, ахæм низæй фæсæй.
Дæ ба йын дзуттаджы ба фæуæд.
Дæ байæ мæ Хуыцау фесафæд.
Дæ байы фыд мыл æрцæуæд.
Дæ баба дæ быныл баззайæд, мæ къона.
Дæ баба дæ сæркъулæй фæлæууæд.
Дæ баба дын дæ сау чырыныл схæцæд.
Дæ бабайæ æнæ баба фæу.
Дæ бабайæ баба райсынхъом макуы бау.
Дæ бабайы кармæ ма фæцæр.
Дæ бабайы хист ахæр.
Дæ бабайыл фæку.
Дæ бабын дын мæ уд фенæд.
Дæ бабынæй ныл тагъд зæрин хур ракæсæд.
Дæ бабыныл адæм байрайæнт.
Дæ бабынгæнæг дыл фæрайæд.
Дæ бабынгæнæджы фæндиаг дæ Хуыцау ноджыдæр фækæнæд.
Дæ бавналæнтæ ахауæнт.
Дæ бавналæнтæ бахус уæнт.
Дæ бавналæнтæ ингæнмæ ахæсс.
Дæ бавналæнтæ сыджытыхæрд фæуæнт.
Дæ бавналæнтæй æнæвналæнтæ фæу.
Дæ бавналæнтæй дæ мæлæн бонмæ фæхъæрз.
Дæ бавналæнты стæгниз фæзынæд.
Дæ бадæнтæ ахауæд.

Дæ бадæнтæ дыл баруайæнт.
Дæ бадæнтæ тымбылкъухыйас дæр мауал уæнт.
Дæ бадæнтæй фæхъæрз æмæ фæнæт дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Дæ бадæнты хæф фæзынæд.
Дæ бадæнтыл сынкъ æрзайæд.
Дæ бадæттинаг мæ фарсæй фæуæд.
Дæ бадæттинаг мын ма батайæд.
Дæ бадæттинагыл фæмиз.
Дæ бадæттинагыл фæмиз æмæ йæ афтæмæй дæхæдæг бахæр.
Дæ бадт адæмы зæрдæмæ цынæ фæцæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Дæ бадтæй дæ къухтæ дæ дзыхы акæн.
Дæ бадтыл куыйтæ фæрæйæнт.
Дæ бадтыл Къорозы куыйтæ фæниуæнт.
Дæ бадынджыр дын мачи фенæд.
Дæ бадынджырæй дæ ныййарджытыл хур макуы ракæсæд.
Дæ бадынджырæй дæ удист фæраздæр уæд.
Дæ бадынджырæй дæ фазыл фæбыр.
Дæ бадынджырæй дæ Хуыцауы цæст рахауæд.
Дæ бадынджырæй дæхæдæг дæр дæ риуыдзаг макуы сулæф.
Дæ бадынджыры боныл дуртæ фæфæлдæхтæуæд.
Дæ бадынджырыл дæ ныййарджытæ дæр макуы байрайæд.
Дæ базайраг базары амондæй хызт уæд.
Дæ базайраг базары аргъ макуы райсæд.
Дæ базайрагæй æнæрай фæу.
Дæ базайрагæй дæ зæрдæмæ хуры тын макуы ныккæсæд.
Дæ базайрагæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ базайрагæй де скъуыдтæ бампъузынхъом макуы бау.
Дæ базайрагæн аргъ макуы уæд.
Дæ базард адæмы зæрдæйыл макуы сæмбæлæд.
Дæ базардæй æнæрай скæн.
Дæ базардæй-иу дæ додой фæраздæр уæд.
Дæ базардæй фæсмонгонд фæу.
Дæ баздæхтæй дæ къахасаст фæраздæр уæд.
Дæ баздæхтæй дæ сæры кад дæ къæхты бынмæ ‘рхауæд.
Дæ баздæхтыл куыйтæ фæниуæнт.
Дæ базыг — дæ быны.
Дæ базгуытæ æрхауæнт.
Дæ базгуытæ дæ алыварс æрызгъæлæнт.
Дæ базгуытæ дæ зæрдæйы фæндиаг дардыл цы никуы айтындзай, ахæм бон дын мæ цæст бауарзæд.
Дæ базгуытæ зæххыл фæхаф.
Дæ базгуытæй æнæбазыгæй аззай.
Дæ базгуытæй дæрдтыл атæхын макуы бауæд дæ бон.
Дæ базгуытæй зæрдæйы фæндиаг макуы сис дæхи.

Дæ базгуыты тых бадон уæд.
Дæ базыр асæттæд.
Дæ базыртæ æркæлæнт.
Дæ базыртæ дардыл айтындзын макуы бауæд дæ бон.
Дæ базыртæ дыл дæ тыхст дуджы сайдæй цы разилой, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ базыртæ дын дæ зæрдæйы фæндиаг айтындзын макуы бантысæд.
Дæ базыртæ зæххыл хафгæйæ фæцу.
Дæ базыртæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ базыртæй фæхъæрз.
Дæ базырты тых бадон уæд.
Дæ базыхъ уæнгтæ æрызгъæлæнт.
Дæ базыхъ уæнгтæ дын сау сыджыт ахæрæд.
Дæ базыхъджынтæ иугай æрбадæнгæлмард уæнт.
Дæ базыхъджынтæй афтид абад.
Дæ базыхъджынты иу ингæны баныгæн.
Дæ базыхъджынтыл дæ сæры хилтæ бындзыггай фæтон.
Дæ байзæддаг айк мæцъисæй цы фæлдахой, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ байзæддаг адæмы рæнхъы макуы рацæуæд.
Дæ байзæддаг дуг-рæстæгæй æлгъыст фæуæнт.
Дæ байзæддаг дыл фæкæуæнт.
Дæ байзæддаг дын дæ хисты луаситæ фехсынæнт.
Дæ байзæддаг дын рухс зæгъынæй æфсæрмы цы кæной, ахæм мард дын уарзы мæ цæст.
Дæ байзæддаг кæлддзагæй-кæлддзагдæрмæ фæцæуæнт.
Дæ байзæддаг кæстæр макуы схъомыл кæнæд.
Дæ байзæддаг мæ куыдзы байзæддаг фæхуыйнæнт.
Дæ байзæддаг мыггагсæфт фæуæнт.
Дæ байзæддаг уыргæфтыд цы фæуой, уыцы бон сыл акæнæд.
Дæ байзæддаг Хуыцауæй æлгъыст цы фæуой, уый сын мæ цæст фенæд.
Дæ байзæддаг царды цин макуы бавзарæнт.
Дæ байраг бæхы бынатмæ макуы рацæуæд.
Дæ байрагæй æнæрай скæн.
Дæ байрагыл бадыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ байрагыл саргъ сæвæрынхъом макуы бау.
Дæ байрæзт дæ хицæуттæн масты хос фæуæд.
Дæ байрæзтæй дæ ныййарджытыл уынгæджыйы бон акæнæд.
Дæ байрæзтæй дæ зындоны къæсæрыл балæуу.
Дæ байрæзтæй дæ амæлæтмæ удисæн фæкæн.
Дæ байрæзтæй цард макуы фен.
Дæ байрæзтмæ дæ мад дæр макуы бабæллæд.
Дæ байрæзтыл дæ мад фæкæуæд.

Дæ байсæфт мын Хуыцау фенын кæнæд.
Дæ байсæфтæй ныл хур цы ракæса, мæ уд дын уый фенæд.
Дæ байсæфты бон адæм куывдтæ фæкæнæнт.
Дæ байсæфты бон нæм рæхджы æрбайхъуысæд.
Дæ байсæфты бон нын куывды бон фæуæд.
Дæ байсæфтыл адæм фæрайæнт.
Дæ байсæфтыл цин кæнынæй нæ Хуыцау бафсадæд.
Дæ байтыд нæмыг билцъ макуы суадзæд.
Дæ байтыд хъуыддæгтыл дæ Хуыцау фæкæлын кæнæд.
Дæ бакаст дæр дын масты хосхæссæг фæуæд.
Дæ бакастæй адæмы зæрдæ куыд уынгæг кæна, ахæм бон дыл дæ раттæг Хуыцауæй акæнæд.
Дæ бакасты фæхъхъау фæу.
Дæ бакастыл куыйтæ фæниуæнт.
Дæ балц æрдæгыл аскъуыйæд.
Дæ балцæй дæ зæрдæ ма барухс уæд.
Дæ балцæй дæ зæрдæхауд Хуыцау фæкæнæд.
Дæ балцæй дæ Хуыцау фæсмонгонд цы фæкæна, ахæм фæндæгтыл фæцу.
Дæ балцыл дæ мад фæкæуæд.
Дæ бандон дæ бынæй ахауæд.
Дæ бандон ссарын дын мауал бантысæд.
Дæ бандонæй хауæггаг фæу.
Дæ бандоны бæрзæндмæ дæ Хуыцау ма байрæзын кæнæд.
Дæ бандоныл æрбадыны бон дæ ма фæуæд.
Дæ бандоныл дæ æнцад абадыны бон макуы фæуæд.
Дæ бандоныл дæ ныххуыдæуæд, цы уарзт æй ды бакодтай.
Дæ бар дæхиуыл дæр макуы цæуæд.
Дæ барæй æнæ барæй аззай.
Дæ бартæ дын Уæллаг æрисæд.
Дæ бартæм фæтырн æмæ æнæбарæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ бартыл дæ дур ныффæлдахын цы бахъæуа, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ бардуаг дæ рауæлдай кæнæд.
Дæ бардуагæй æлгъыст фæу.
Дæ бардуагмæ дæ куывд макуы фæхæццæ уæд.
Дæ бардуаджы æлгъыст дыл сæмбæлæд.
Дæ бардуаджы фыдæх дæ баййафæд.
Дæ бардузæг дæ хуызæн суæд.
Дæ бардузæгæн — де ‘взæртæ хæринаг.
Дæ бардузæджы аджы — кæй дæ ралыг кодта, уыдон.
Дæ бардузæджы дзыхы — æргом кæй нæ дзырдæуы, уый.
Дæ бардзырд дæхимæ дæр макуы фехъуысæд, кæд дæуæй лæг нæй.
Дæ бардзырд йæ хъуын дæр макæмæн тасын кæнæд.

Дæ барыхай амæлæд.
Дæ барыхай дæ уынджы къæйыл фæуадзæд.
Дæ барыхай дыл саутæ скæнæд.
Дæ барыхаимæ уæ кæрæдзийы зæрдæтæ макуы ссарут.
Дæ барыхайæ æнæрай скæн, цас зæххыл æндæр чидæртæ дæр ис.
Дæ барыхайæ буары хай ма фен.
Дæ барыхайæ рæвдыд макуы базон.
Дæ барыхаймæ дæ Хуыцау худаистæй фæцæуын кæнæд.
Дæ барыхайы зæрдæ ссарын дын макуы бантысæд.
Дæ барыхайы цин дын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Дæ барыхайыл дæ бар ма цæуæд.
Дæ барыхайыл фембæлынæй-иу дæ уæнгтæ гæдыхъæдау цы ризой, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ басы хай дыл хъармæй макуы сæмбæлæд.
Дæ бæгуылæг равдисыны бон дæ макуы фæуæд.
Дæ бæгуылæджы кад дæ къæхты бынмæ ‘рхауæд.
Дæ бæдул дæ къухтæй агæпп кæнæд.
Дæ бæдул мæнæн куыд баззайа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ бæдулæй афтидармæй аззай.
Дæ бæдулы барæвдауыны бон дæ ма фæуæд.
Дæ бæлæгъ дуртыл баззайæд.
Дæ бæлæгъ дуртыл ныппырх уæд.
Дæ бæлæгъ змисы ныссæдзæд.
Дæ бæллæхтæ дæ сæрыл æртыхсæнт.
Дæ бæллиц дæ зæрдæйы амæлæд.
Дæ бæллиц сæххæст кæнын дын макуы бантысæд.
Дæ бæллиццаг амонд дæ къухæй ахауæд.
Дæ бæллиццаг цард дæ хъуыры цæхгæрмæ фæбадæд.
Дæ бæлон де ‘рмттæй ныппæррæст кæнæд.
Дæ бæлон де ‘рмттæй ныппæррæст ласæд æмæ, де знаджы хъæбысы цы абада, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ бæлонæй афтид абад.
Дæ бæлонæй уарзон ныхас макуы фехъус.
Дæ бæлонмæ кæсгæ-бæлгæйæ – дæ мæлæт.
Дæ бæлоны зæрдæ дын Хуыцау ма ссарын кæнæд.
Дæ бæлоны фæстæ цы атутæ кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бæлоныл дæ Хуыцау мауал сæмбæлын кæнæд.
Дæ бæлццон æгас хæдзар мауал ссарæд.
Дæ бæлццон фæндаджы сæрдæнтæ фæуæд.
Дæ бæлццон хæдзарыл мауал сæмбæлæд дæ удæгасæй.
Дæ бæлццонæй æнæбæлццон фæу.
Дæ бæлццонмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ ныуурс уæнт дæ сау цæстытæ.
Дæ бæлццоны мард дæм æрыхъуысæд.

Дæ бæлццоны сау уæрдон æрбатулæд дæ кæртмæ.
Дæ бæрæгбон æнæарæзтæй баззайæд.
Дæ бæрæгбон саразын дын мауал бантысæд æввахс рæстæджы.
Дæ бæрæгбонæй æнæбæрæгбон фæу.
Дæ бæрæгбонмæ дæ дунескæнæг Хуыцау мауал фæцæрын кæнæд.
Дæ бæрæгбоны фыдæх дæ уæд.
Дæ бæрæгбоны фыдæхæй чъырын арты басудз.
Дæ бæрæгбоныл фидæнацафон мауал сæмбæл.
Дæ бæрзæй асæтт.
Дæ бæрзæй ахауæд.
Дæ бæрзæй æмæ – мæ кард.
Дæ бæрзæй – дæ быны.
Дæ бæрзæй фæдыууæ уæд.
Дæ бæрзæйсаст дын мæ уд тагъд фенæд.
Дæ бæстæмæ дæ мард ласгæ фæуæд.
Дæ бæстæмæ дæ судзаггаджы мард ныхъхъуысæд.
Дæ бæстæйыл мауал сæмбæл.
Дæ бæстон мард дын мæ уд фенæд.
Дæ бæх æнæидонæй фæхæтæд.
Дæ бæх æмæ дæ ус æнæидоныл хæцæгæй адæмы уынгты дзæгъæлæй фæлекка кæнæнт.
Дæ бæхæй æнæ бæх фæу.
Дæ бæхы бын амæл.
Дæ бинонтæм сау ингæнтæм фæдзыназ.
Дæ бинонты мæрдæй фæбад.
Дæ бинонты быныл баззай.
Дæ бинонты мæрдтæ фæныгæн.
Дæ бинонты мæрдтæ фен.
Дæ бинонты мæрдтæм фæкæс æхсæвæй-бонæй.
Дæ бинонты мæрдтыл фæтон дæ бындзгуытæ.
Дæ бирæгъыхайы фæндиаг фæу.
Дæ бон дыл сихорафон аталынг уæд.
Дæ бон ныккал.
Дæ бон ныккал знаджы цæфæй.
Дæ бон халы сæрты ахизын дæр мауал уæд.
Дæ бонтæ банымайын дын мауал бантысæд.
Дæ бонтæ дыл бампылæд.
Дæ бонтæ нымаинаг фæуæнт.
Дæ буар дæ уæлæ алæбырæд.
Дæ буар де стджытыл бахус уæд.
Дæ буарæй дæ уæлæ мацыуал аззайæд.
Дæ буары тæригъæд дын баззайæд, куынæ йæ ныххуынчъытæ æмæ хъулæттæ кæнай.
Дæ буарыл царм мауал аззайæд, афтæ ахухулæг у.

Дæ бур рондз фæкал.
Дæ бухъ цард дæ фарсæй фæуæд.
Дæ бухъ цард дæ фарсы тæнæгæй акæлæд.
Дæ бухъ цард дæ хъæлæсæй тугимæ скæлæд.
Дæ бухъ цардæй афтид абад.
Дæ бухъ цардыл мæ куыдз фæмизæд.
Дæ буцхаст хъæбултæ адæмы уæзгуытыл кæугæ-ниугæйæ фæцæуæнт.
Дæ буцхаст хъæбултæй æнæнығæнæг фæу.
Дæ буцхаст хъæбултæм ингæнмæ, дæ бындзгуытæ тонгæ, фæдзыназ.
Дæ буцхаст хъæбулты иугай фæныгæн.
Дæ буцхаст хъæбулты хистытæ ахæр.
Дæ буцхаст хъæбулты цæстытыл æрхæц.
Дæ буцхаст хъæбултыл дæ къухисын бахъæуæд.
Дæ быгъуы — дæ мæрдтæн.
Дæ быгъуы дын хæринаг фæуæд.
Дæ быгъуы хæрынмæ дæ Уæллаг æркæнæд.
Дæ быдыртæ æдзæрæг фæуæнт.
Дæ быдыртæ дзæгъæл баззайæд.
Дæ быдыртæй дын дæ мард æрбаластæуæд.
Дæ быдыртыл азилын дын мауал бантысæд.
Дæ быдыртыл мауал афæлгæс.
Дæ бызгъуыр дæр мауал сæмбæлæд дæ хæдзарыл.
Дæ был æрыстыхсæд.
Дæ былæй хъазынæй дарддæр мацы базон.
Дæ былыл рак фæзынæд.
Дæ бынæй рухс скæсæд.
Дæ бынæй рухс суадзынæн ма бау.
Дæ бынтæ мæнæн куыд баззайой, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ быны аирвæз.
Дæ быны бындуртæ дæ хъуыры аирвæзæнт.
Дæ быны дон фæзынæд.
Дæ быны рухс дын мæ уд фенæд.
Дæ быны фæмиз.
Дæ быныл баззайæд дæ мад.
Дæ быныл баззайæд мæ уд.
Дæ быныл сæ бындзгуытæтонгæ ныууадз дæ цъæх хоты.
Дæ бынат дзæгъæл цы аззайа, уыцы амонд дыл æркæнæд.
Дæ бынатæй æнæбынат фæу.
Дæ бынаты æрбадынæн ма бау.
Дæ бынаты бадгæйæ баззай.
Дæ бынаты дæ дæндаг рафтау.
Дæ бынатыбардуаг дыл рахæтæд.
Дæ бынатыбардуагæй æлгъыст фæу.

Дæ бынатыбардуаджы зæрдæ макуы ссар.
Дæ бындар рафæлдæхæд.
Дæ бындар Хуыцауы цæфæй æрхауæд.
Дæ бындарæй æнæбындар фæу.
Дæ бындары ингæнмæ ныдздзыназ.
Дæ бындарыл дæ къухавæрыны бон мауал фæуæд.
Дæ бындур ныззилæд.
Дæ бындурæй ныккæл æмæ дæ мæрдæй мæ уд фæбадæд.
Дæ бындурæй рафæлдæх.
Дæ бындурæй рухс скæлæд.
Дæ бындурæй цъæх арт цы суадзай, уый дын мæ уд фенæд.
Дæ бындурмæ додой кæнынмæ фæцу.
Дæ бындуры сæфт дын мæ уд фенæд.
Дæ бындурыл куыройы фыдтæ фæзилæнт.
Дæ бынсæфт дын фендæуæд.
Дæ бынсæфтæй адæм фæрайæнт.
Дæ бынсæфтмæ дын фæцыдæуæд.
Дæ бынсæфты хъæр айхъуысæд.
Дæ бынсæфтыл дын фæрайæнт дæ комбæстæ.
Дæ бынхъæд ныззилæд.
Дæ бынхъæд рафæлдæхæд.
Дæ бынхъæдæй арт кæнынмæ æрхау.
Дæ быркуыйы амæл.
Дæ быркуытæ дын дæ цæссыгæй йедзаг кæнинаг фæуæд.
Дæ быркуыты бынæй дæ мæрдæй рухс скæлæд.
Дæ бырынкъ ахауæд.
Дæ бырынкъæй æвзæртæ фезмæнт.
Дæ бырынкъæй зæхх фæкъах.
Дæ бырынкъыл – æвзæртæ.
Дæ бырынкъыл æрхæцынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Дæ быцæуы – дæ мæлæт.
Дæ быцæуы къæдзил макуы аскъуыйæд.
Дæ быцъынæг атон.
Дæ быцъынæг фæтон æмæ дын размæ акъахдзæф кæнын ма бантысæд.
Дæ быцъынæгыскъуыд дын мæ уд фенæд.
Дæ гагуы дæ размæ рахауæд.
Дæ гагуыйы сындз фæныхсæд.
Дæ гаджидау æрдæггондæй баззайæд.
Дæ гаджидау рауадзын дын ма бантысæд.
Дæ гаджидауы арфæтæ дыл зыгъуыммæ рацæуæд.
Дæ гадза æвзаг ахауæд.
Дæ гадза дзых бамыр уæд.
Дæ гадза дзых гомæй баззайæд.
Дæ гадзайæ фыддæр фæу мигътæм рæйынмæ.

Дæ гадзайы æмгад дæ Хуыцау скæнæд.
Дæ гадзайы хуылфæй дыл йæ къæбылатæ фæрæйæнт.
Дæ газет æрдæгкастæй баззайæд.
Дæ газетæй æмбæрзинаг фæу.
Дæ гакк ахауæд.
Дæ гакк бахус уæд.
Дæ гакк зонынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Дæ гаккæй фæхъæрз, цы сывæллон дæ.
Дæ гал дæ ахсджиаджы хистæн бахъæуæд.
Дæ гал дæ хистæн æргæвст æрцæуæд.
Дæ галæй æгæвдæс фæу.
Дæ галы цармы фæцу.
Дæ галы цæстæй цы фæкæсай дунемæ, Хуыцау дæ уымæй уæлдæр ма сырæзын кæнæд.
Дæ гайлаг галы бынатмæ макуы ахæццæ уæд.
Дæ гайлаг дæ хистæн бахъæуæд.
Дæ гайлаг дæ хъæбулы хистæн бахъæуæд.
Дæ гайлагæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ гайладжы царм дын æрчъитæн бахъæуæд.
Дæ галуан аафтид уæд.
Дæ галуан дыл ныккæлæд.
Дæ галуан дæ уды мæрдæй дзæгъæл баззайæд.
Дæ галуанæй рахæссын дын ма бантысæд æмæ кæйдæр дæлфæдтæм ныгæд æрцу.
Дæ галуанмæ адæм, сæ сæрыхъуынтæ тонгæ, зоныгылæй фæцæуæнт.
Дæ галуаны дæ иузæрдыг адæм сæ бындзгуытæ фæтонæнт.
Дæ галуаны амæл.
Дæ галуаны дæ мæлæт æрцæуæд.
Дæ галуаны цардæй мацы фен.
Дæ галуаны цъыбыртты сыгъд бау.
Дæ галуаныл дæ уды мæрдæй цъæх арт сирвæзæд.
Дæ гауыз дын тагъд дæ быны акæнæнт.
Дæ гауыр мард дын мæ уд фенæд.
Дæ гауырæй дæ мæлæт æрцæуæд рæхджы бонты.
Дæ гæбæр акалын дын ма бантысæд.
Дæ гæбæр акалынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Дæ гæбæр бон макуы мацы бауæд.
Дæ гæбæр быны фæмиз.
Дæ гæбæр куыдзы æмгад су.
Дæ гæбæр сæр мæ куыйтимæ бахæр.
Дæ гæбæр сæры тæригъæд дын Хуыцау фæхæссын кæнæд.
Дæ гæбæр уд дæ хъæлæсæй схауæд.
Дæ гæбæр хуыз фесæфæд.
Дæ гæбæр хуызы фæхъхъау фæу.

Дæ гæбæр цæнгтæ мæ тæригъæдæй рæбыныл ахауæнт.
Дæ гæвзыкк мард дын мæ уд фенæд.
Дæ гæвзыкк уд схауæд.
Дæ гæвзыккæй дæ бон дæ гуыбын бафсадын макуы бауæд.
Дæ гæвзыччы худинаг айхъуысæд.
Дæ гæды дын дæ цæстытæ бахæрæд.
Дæ гæды дын дæ цæстыты гагуытæй фæхъазæд.
Дæ гæдыйы æмгад су.
Дæ гæдывад сæр амæлæд.
Дæ гæдывад уд де 'нæфсис гуыбыны аирвæзæд.
Дæ гæлдæр дæ размæ æрхауæд.
Дæ гæлдæрæй дæ Уæллаг Хуыцау фесафæд.
Дæ гæлдæры æвæрд фæу.
Дæ гæлдæры – дæ сæр.
Дæ гæлхæрд сæр амæлæд.
Дæ гæлхæрд уд схауæд.
Дæ гæмæх сæр дæ размæ æртулæд.
Дæ гæмæх сæр дæ хъæбысы æвæринаг фæуæд.
Дæ гæмæх сæр сыджытыхæрд фæуæд.
Дæ гæмæх сæрæй дын цурчытæ фæкъуырдæуæд.
Дæ гæмæх сæры тæригъæд фæхæсс.
Дæ гæмæх сæрыл туг ныууарæд.
Дæ гæнах æдзæрæгæй баззайæд.
Дæ гæнахæй дын рæстæгыл дæ сау мард рахастæуæд.
Дæ гæнахæй ласгæ фæу мæ тæригъæдæй.
Дæ гæнахмæ дыл де знаджы нæмыг сæмбæлæд.
Дæ гæнахы – дæ тæригъæддаг мæлæт.
Дæ гæнахыл мауал сæмбæл.
Дæ гæнахыл тыгъд æрцу.
Дæ гæндзæхтæ атил адæмы тæригъæдæй.
Дæ гæндзæхтæ ацæгъдыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ гæндзæхтæ фæцæгъд, кæй уды тæригъæд райстай, уыдоны фыдæхæй.
Дæ гæппыл цæст куыднæуал хæца, ахæм цæф баййаф.
Дæ гæртамхор сæр амæлæд.
Дæ гæртамхор сæр дын фæуæд хæринаг
Дæ гæртомхор сæры фиддон фæуæнт дæ тæригъæдтæ.
Дæ гæртæмттæ дæ хистæн бахъæуæнт.
Дæ гæртæмттимæ ныгæд æрцу.
Дæ гæртæмттыл дæ бавæрæд мæ уд.
Дæ гæххæтт æрдæгкондæй баззайæд.
Дæ гæххæтт æрдæгфыстæй дарддæр кæронмæ макуы акæн.
Дæ гоби мард дын мæ уд фенæд.
Дæ гоби сæр амæлæд.
Дæ гобийы 'вджид дæ Хуыцау фæкæнæд.

Дæ голлаг кæронмæ ахæссынæн ма су.
Дæ голладжы ныгæд æрцу.
Дæ гуыбын бахус уæд.
Дæ гуыбынæй дæ Хуыцау фесафæд.
Дæ гуыбынæй фæхъæрз.
Дæ гуыбындзæл сæр – сыджыты.
Дæ гуыбынмæ фæхъус.
Дæ гуыбыны рын фæзынæд.
Дæ гуыбыны – стыррыны цæф.
Дæ гуыбыны тæвд цæхæр ацæуæд.
Дæ гуыбыны тæригъæд фæхæсс.
Дæ гуыбыны хъуыр-хъуырмæ дæ Уæллаг фæхъусын кæнæд.
Дæ гуыбыны царм де рагъыл цы баныхæса, ахæм бон дыл рæхджы акæнæд.
Дæ гуыбыны царм де рагъыл баныхæсæд æмæ дын ацаходинаг макуы мацы уæд.
Дæ гуыбыны царм скæн.
Дæ гуыбыр сæр бахæр.
Дæ гуыдын æрдæгхæрдæй баззайæд.
Дæ гуыдын дзæгъæл баззайæд.
Дæ гуыдын мæнæн цы баззайа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ гуыдын рагъæйтулинаг фæуæд.
Дæ гуыл æрдæгхæрдæй баззайæд.
Дæ гуыл дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ гуыл хомæй баззайæд.
Дæ гуылæй дæ хæрыны бон мауал фæуæд.
Дæ гуылмæ фенхъæлмæ кæс æмæ дыл ма сæмбæлæд.
Дæ гуылы хæрд дæ фарсæй фæуæд.
Дæ гуырдз дæ хуылфы амæлæд.
Дæ гуырдзæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ гуырдзиаг мæрдтæн мæ куыдз аргæвд.
Дæ гыцци дыл йæ бындзгуытæ фæтонæд.
Дæ гыцци дыл фæкæуæд.
Дæ гыцци дын дæ ингæнмæ ныдздзыназæд.
Дæ гыцци дын дæ мард фенæд рæхджы бонты.
Дæ гыццийы къухтыл амæл.
Дæ гыццийыл мауал сæмбæл.
Дæ гыццимæ фæндæгтæ дын Уæллаг æрæхгæнæд.
Дæ гыццыл адæмы рæгъы макуы рацæуæд.
Дæ гыццыл ма бастыр уæд.
Дæ гыццылы ингæнмæ никку.
Дæ гыццылы тæригъæдæй дæ сау дзыккутæ аурс уæд.
Дæ гыццылы хист ахæр рæхджы бонты.
Дæ гыццылыл дæ сау бындзгуытæ фæтон.
Дæ давæггаг æнæхæрдæй баззайæд.

Дæ давæггаг дæ фарсæй куыд фæуа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ давæггаг дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ давæггаг хъилыл ауыгъд æрцу.
Дæ давæггагæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ давæггагæй райгонд макуы фæу.
Дæ давæггаджы фыдæхæй басудз.
Дæ давæггæгтæй дæ дæ гуыбын бафсадыны бон макуы фæуæд.
Дæ давæггæгтæй дæ сау сыджытыхайыл бафт.
Дæ давæггæгтæм æрхау.
Дæ давæггæгтыл амæл.
Дæ давын ныууадзын дын макуы бантысæд.
Дæ давынæй дæ Хуыцау хæдзархæлд фæкæнæд.
Дæ давыны къæдзил макуы аскъуыйæд.
Дæ дагъытъайлаг сæр адæмæн хæринаг фæуæд.
Дæ дагъытъайлаг сæр атъæпп уæд.
Дæ дагъытъайлаг сæр дæ къæхты тæригъæдæй йæхи къултыл фæхойæд.
Дæ дагъытъайлаг сæр уæзгуытыл баззайæд.
Дæ дагъытъайлаг сæр фæхист уæд.
Дæ дагъытъайлаг сæрæй дын пуртийау фæхъазтæуæд.
Дæ дагъытъайлаг сæрæй дын сугсæттæн къуыдыр сарæзтæуæд.
Дæ дагъытъайлаг сæры тæригъæд дæ баййафæд.
Дæ дада дæ бæсты авд дæлдзæх ныххауæд.
Дæ дада дæ бæсты дæнгæлмард фæуæд.
Дæ дада дæ тæригъæдæй дыууæ дуры астæу йæ сæр фæхойæд.
Дæ дада дойнагдур фестæд.
Дæ дада дыл рæхджы бонты фæкæуæд.
Дæ дада дын зæрдæзæгъгæ амонд фестæд.
Дæ дада уынгтыл баззайæд дæу агургæйæ.
Дæ дадайæ æнæдада фæу.
Дæ дадайæ царм æмæ стджытæй дарддæр мацыуал уæд.
Дæ дадамæ табæтмæ фæдзыназ.
Дæ дадамæ фæндагыл лæууд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ дадайы амонд басудзæд.
Дæ дадайы бын дон рацæуæд.
Дæ дадайы бындур ныззилæд.
Дæ дадайы дзыхы – æвзæртæ.
Дæ дадайы сæрыл фæмиз.
Дæ дадайыл фæку.
Дæ дадайыл цъæх арт сирвæзæд.
Дæ дадайыл чъындыниз фæзынæд.
Дæ дадалитæ бындзыггай фæтон.
Дæ дадалитæ дæ кæстæрты ингæнтæм бындзыггай фæкал.
Дæ дадалитæ иуæггай куыд фескъуынай, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ дадалитæ тоныны бон дæр дæ мауал фæуæд.

Дæ дадалитæй ауындзинаг фæу.
Дæ дамбаца дыл фæирвæзæд.
Дæ дамбацайæ мард æрцу.
Дæ дамбацайы цæф дыл сæмбæлæд.
Дæ дам-думтæ дæ сæрыл æрцæуæд.
Дæ дам-думтæ дæхи сæр баййафæд.
Дæ дам-думтæй дæхи ‘взаг стæнæг уæд.
Дæ дам-думтæй — де сæфт.
Дæ дарæг дæ æнæдарæг фæуæд.
Дæ дарæг дæ йæ къух йæ дзыхы акæнæд.
Дæ дарæгыл фæку.
Дæ дарæджы мæрдтыл фæлæуу.
Дæ дарæджы хист ахæр.
Дæ дарæс дын мæрдтæм кæнинаг фæуæд.
Дæ дарæс ма батон.
Дæ дарæс мæрдтæм бахæсс.
Дæ дарæсы дын де уæнгтæ атъыссыны бон макуы фæуæд мæ тæригъæдæй.
Дæ дарæсы дын кондæй рацæуын ма бантысæд.
Дæ дарæсы ныгæд æрцу.
Дæ даргъæрфыгджын дæ баныгæнæд.
Дæ даргъæрфыгджын дыл фæкæуæд.
Дæ даргъæрфыгджынæй æнæхай фæу.
Дæ даргъæрфыгджынæй де ‘нгуылдз дæ дзыхы аззайæд.
Дæ даргъæрфыгджынмæ фæбæлл æмæ йæ ма фен.
Дæ даргъæрфыгджынмæ цæуын дын ма бантысæд.
Дæ даргъæрфыгджыны баййаф.
Дæ даргъæрфыгджыныл дæ кæуыны бон мауал фæуæд.
Дæ даргъæрфыгджыныл дæ сæр фæхой.
Дæ дардуынаг цæст рæхджы мæ размæ рахауæд.
Дæ дардуынаг цæсты сындз фæныхсæд.
Дæ дæларм дур фæхæсс.
Дæ дæларм сынкъ æрзайæд.
Дæ дæлармæй фæтон дæ кæрдзыны къæбæр.
Дæ дæлæвзаг — «къафетт».
Дæ дæлæвзаг рак фæзынæд.
Дæ дæлæвзаг — стыррыны цæф.
Дæ дæлæвзаг дæлгоммæ сынкъ рауайæд.
Дæ дæлæвзагæй фæхъæрз.
Дæ дæлæмæдзыд сæр амæлæд.
Дæ дæлæмæдзыд сæр бахæр.
Дæ дæлбазыр æркæлæд.
Дæ дæлбазырыл арвы цæф сæмбæлæд.
Дæ дæлгоммæ митæ тагъд дæхи сæрыл æртыхсæнт.
Дæ дæлгоммæ ныхас дæхи сæр баййафæд.

Дæ дæлгоммæ хъуыддæгтыл дæ Уæллаг Хуыцау фæкæлын кæнæд.
Дæ дæлейы кæстæр макуы ’рбалæууæд.
Дæ дæлейы кæстæр макуы рахъомыл уæд.
Дæ дæлтъур былтæ фæракъуыр-бакъуыр кæн.
Дæ дæлтъурты ныгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ дæлфад ахауæд.
Дæ дæлфад дзабыры ад макуы банкъарæд.
Дæ дæлфадæй фæхъæрз.
Дæ дæлфадыл сынкъ рауайæд.
Дæ дæлфæдтæ уырзгай зæххы риуыл баззайæнт.
Дæ дæндаг ахауæд.
Дæ дæндаг дзы рафтау.
Дæ дæндаг ыл асæттæд, фæлæ дæ къухы хорзæй мацы бафтæд.
Дæ дæндæгтæ фæриссæнт цæрынæй-хæрынмæ.
Дæ дæндæгтæй Алеуы къæдзæхтæ феууил.
Дæ дæндæгтæй фæхъæрз.
Дæ дæндæгты тæригъæд баййаф, æууилынæй сæ куынæ сзынг кæнай.
Дæ дæндæгтыл дур æруайæд.
Дæ дæргъ æмæ дæ уæрх цы сиу уой, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ дæргъ дын дæ уæрхæй мачиуал рахатæд.
Дæ дæргъыл дæ уæрх фæхудæд.
Дæ дæргъæн дур дæ æркъуырæд.
Дæ дæргъæн цæф баййаф.
Дæ дæрзæг æвзагæй ауыгъд æрцу.
Дæ дæрзæг къухтæ ахауæнт.
Дæ дæрзæг къухтæ сыджытмæ бахæсс.
Дæ дæрзæг къухтæй сындз фæтон.
Дæ дæрзæг къухтæй цæхæр фесхъау.
Дæ дæрзæг къухтæм куыдзы къæбыла дæр макуы ‘рхауæд.
Дæ дæрзæг къухтыл фæмиз.
Дæ дæрзæджытæ фæрæтæй амаинаг фæуæнт.
Дæ дидинæг бампылæд.
Дæ дидинæг дыргъ макуы раттæд.
Дæ дидинæг райхæлдыл макуы мачи бацин кæнæд.
Дæ дидинæгæн райхæлын макуы бантысæд.
Дæ дидинæгæфтыд фæмæнг уæд.
Дæ дидинæфтыдыл бацин кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ дидинæфтыдыл куыдз амæлæд.
Дæ дидинæджы райхæлд дын Хуыцау ма фенын кæнæд.
Дæ дин дæ къæхты бынмæ æрхауæд.
Дæ дин фесæфæд.
Дæ динæй æнæрай скæн.
Дæ динæн, цы нæ хъæуы, уыдæттæ фæкæн.

Дæ динмæ сафынæй дарддæр бар-хъомыс нæ дарыс æмæ дæ йæ фыдæх баййафæд.
Дæ диныл мæ куыдз фæмизæд, кæд ды дингæнæг нæ дæ.
Дæ диныл фæгау.
Дæ диныл фæку.
Дæ диныл фæмиз.
Дæ дуар гуыдырæвæрдæй фæдар.
Дæ дуар дæ фæдылæхгæд фæуæд.
Дæ дуар дын лæгау лæг макуы бахойæд.
Дæ дуар лæдзæгтъыстæй баззайæд.
Дæ дуар сындзæрх скæн.
Дæ дуарæй цины хъæлæба макуы айхъуысæд.
Дæ дуармæ бæхджын уазæг макуы ‘рфистæг уæд.
Дæ дуарыл иу лæгбахæцæг ма уæд.
Дæ дуарыл куыдз бабæтт.
Дæ дуг дæ иувæрсты аивгъуыйæд.
Дæ дуг дæ фехсæд.
Дæ дугæй æлгъыст фæу.
Дæ дугмæ бæлгæйæ рафт.
Дæ дугмæ фæбæлл, фæлæ йæ ма ‘рæййаф.
Дæ дуджы зæрдæ макуы ссар.
Дæ дуджы фыдæх дæ баййафæд.
Дæ дуджы цæф фæу.
Дæ дугъ дæ фарсæй фæуæд.
Дæ дугъ дзæгъæлы фæуæд.
Дæ дугъæй дæ зæрдæ ма барухс уæд.
Дæ дугъгæнæн къæхтæ ахауæнт.
Дæ дугъгæнæн къæхтæй фæхъæрз.
Дæ дугъгæнæн къæхтæ дæ уæлæ кæрдæджы хæтæлтау бахус уæнт.
Дæ дугъгæнæн къæхты тæригъæд дæ уæд, искуы сын æнцой куы раттай.
Дæ дугъгæнæн къæхтыл фадниз фæзынæд.
Дæ дугъон бæх дæ мæрдæй цъыфтытæрæнтæм æрхауæд.
Дæ дугъон бæх дæу мысгæйæ уæзгуытыл мырмыргæнгæ фæцæуæд.
Дæ дугъон бæх дын рæхджы мæ уд ныффæлдисæд.
Дæ дугъон бæхæй сæрырдæм ахау.
Дæ дугъон бæхыл ахъазыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ дугъон бæхыл дын дæ сау сынт æрбахæссæнт.
Дæ дугъонæн дæ дон дарыны бон мауал фæуæд.
Дæ дугъоны къæхты бын амæл.
Дæ дугъоны рагъмæ схизынæн мауал бау.
Дæ дудгæ бон дæ æрсурæд.
Дæ дудгæ бон дын мæ уд фенæд.

Дæ дудгæ бонæй басудз.
Дæ дудгæ бонæй дæ Хуыцау цæрын кæнæд.
Дæ дудгæ бонмæ мауал ахæсс, ахæм арвы цæф фæу.
Дæ дудгæ боны азар дæ баййафæд.
Дæ дудгæ боныл адæм фæрайæнт.
Дæ дудгæ боныл дæ Уæллаг зæрдæскъуыдæй сæмбæлын кæнæд.
Дæ дудгæ-судзынæй макуы банцай.
Дæ дудгæ-судзынмæ адæм къуыбар цæссыг фæкалæнт.
Дæ дудын фæцæуæд.
Дæ дудынæй макуы ‘рæнцай.
Дæ дур дæ фæскъæбутыл сæмбæлæд.
Дæ дур дæ фæсчъылдымæй макуы райс.
Дæ дурæй мард æрцу.
Дæ дурзæрдæ аскъуыйæд.
Дæ дурын асæттæд.
Дæ дурын фæтæгены ад скæнæд.
Дæ дурыны бын сзынæд.
Дæ дурыны мыстытæ ахстæттæ скæнæнт.
Дæ дывæндæй хæдзархæлд фæу.
Дæ дывæндæн кæрон макуы ссар.
Дæ дывæндмæ – дæ цард.
Дæ дывæнды – де ‘гады мæлæт.
Дæ дыв-дыв ноджыдæр фæуæд.
Дæ дыв-дывæй макуы ‘рæнцай.
Дæ дывдывгæнæн дзых бахус уæд.
Дæ дывдывгæнæн дзыхæй æвзæртæ фæхæр.
Дæ дывдывгæнæн дзыхы де ‘взаг ныррæсийæд.
Дæ дывдывгæнæн дзыхы де ‘взаг ныххус уæд.
Дæ дывдывгæнæн дзыхы – фаджыс.
Дæ дывдывгæнæн дзыхыл æрхæцыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ дывдывгæнæн дзыхыл цæххойæн дур æруайæд.
Дæ дывзагон амонд басудзæд.
Дæ дывзагон æфсæртæ сæ кæрæдзи мауал æрцахсæнт.
Дæ дывзагон бинонты ингæнтæм зæрдæхæлдæй фæдзыназ.
Дæ дывзагон бырынкъ ахауæд.
Дæ дывзагон зæрдæ атъæпп уæд.
Дæ дывзагон сæр амæлæд.
Дæ дывзагон хъуыры – хуысары цæф.
Дæ дывзагон цæст рахауæд.
Дæ дыгъ-дыгъ мауал райхъуысæд.
Дæ дыгъ-дыгъ фæцæуæд.
Дæ дыгъ-дыгъæй дыл дæ цард амынæг уæд.
Дæ дыгъ-дыгъæй дын æрлæууын мауал бантысæд.
Дæ дыдзæсгом сæр амæлæд.
Дæ дыдзæсгом царм дыл бампылæд.

Дæ дыдзæсгом цармæй рабырын дын мауал бантысæд.
Дæ дымæг ахауæд.
Дæ дымæг бахус уæд.
Дæ дымæг фынджы сæр æвæринаг фæуæд.
Дæ дымæгæй дæ бындз сурыны бон мауал фæуæд.
Дæ дымæгæй стинаг фæу.
Дæ дымæгæй фæнæт.
Дæ джебогъ дæ зæрдæйы ныссæдзæд.
Дæ джебогъ дæ зæрдæйы тæккæ сæрыл сæмбæлæд.
Дæ джебогъæй амæл.
Дæ джебогъыл дæ æрсагъдæуæд.
Дæ джидзæг ныууадзын дын ма бантысæд.
Дæ джидзæггаг сæр адæмы къæхты бынмæ ‘рхауæд.
Дæ джыртт-джыртт фæцæуæд.
Дæ джыртт-джыртгæнæн къæхтæ ахауæнт.
Дæ джыртт-джыртмæ Кърозы куыйтæ фæрæйæнт.
Дæ дзабыртæ батонын дын ма бантысæд.
Дæ дзабыртæ мæрдтæм бахæсс.
Дæ дзабырты кæй атъыссыс, уыдон дын сæ рæбынтыл ахауæнт.
Дæ дзаг къуымтæ дзæгъæл аззайæнт.
Дæ дзаг къуымтæй афтид абад.
Дæ дзаг къуымтæй дæ мæлæнбон мацы фенæд.
Дæ дзаг къуымтæй дын Хуыцау ацаходыны бон цынæуал ратта, ахæм фыдамонд дæ баййафæд.
Дæ дзаг къуымтæй мæгуыргур фæцу, мæ бон.
Дæ дзаг къуымтæм тæрсгæ-ризгæйæ фæкæс.
Дæ дзаг къуымтæм цæссыгкалгæйæ фæдзыназ.
Дæ дзаг къуымты стонгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ дзаг къуымтыл азилыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ дзаг къуымтыл арт сирвæзæд мæ тæригъæдæй.
Дæ дзаг къуымтыл дæ бон куынæуал цæуа, Хуыцау дæ уыцы бонмæ фæцæрын кæнæд.
Дæ дзаг къуымтыл къуырттон каркау фæбад æмæ сæ дæ уд мацы фенæд.
Дæ дзаг къуымтыл цъиу-цъиу фæкæн.
Дæ дзагъыр цæст рахауæд.
Дæ дзаумæттæ батонын дын ма бантысæд.
Дæ дзаумæттæ дæ мæрддзаг фæуæнт.
Дæ дзаумæттæ дын фæстаджы конд фæуæнт.
Дæ дзæгъæлдзу сæрæн æвзæртæ — фæлдыст.
Дæ дзæгъæлдзуйæ — дæ мæлæт.
Дæ дзæгъæл мæрдтæн де ‘взæр куыдз — фæлдыст.
Дæ дзæгъæл митæ ныууадзын дын макуы бантысæд.
Дæ дзæгъæл сæр — дæ быны.
Дæ дзæгъæл уд дæ хъæлæсæй сæппар.

Дæ дзæкъул аппарын кæнын дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Дæ дзæкъул байдзаг кæнын дын макуы бантысæд.
Дæ дзæкъул дæ рагъæй макуы ахауæд.
Дæ дзæкъул мæгуыры нысан у æмæ демæ ныгæд æрцæуæд.
Дæ дзæкъул сæр дæ риуыл ауыгъдæй баззайæд.
Дæ дзæкъул хыбар-хыбургæнгæ фæрахæсс-бахæсс кæн.
Дæ дзæмбы бахус уæд.
Дæ дзæмбы рæбыныл ахауæд.
Дæ дзæмбыйæ дуртæ фæкъах.
Дæ дзæмбыйæ фæхъæрз.
Дæ дзæнгæда фæцæуæд.
Дæ дзæнгæдагæнæн дзыхы де 'взаг ныррæсийæд.
Дæ дзæнгæдагæнæн дзыхы – дур.
Дæ дзæнгæдайæ дæ мæлæт æрцæуæд.
Дæ дзæнгæдайæ дын æрлæуд мауал уæд.
Дæ дзæрнайы къус æнæхæрдæй баззайæд.
Дæ дзидзи басур уæд.
Дæ дзидзи рæбыныл ахауæд.
Дæ дзидзийæ фæхъæрз.
Дæ дзидзийы рак фæзынæд.
Дæ дзидзийы цъупп ахауæд.
Дæ дзидзидай ма бахъомыл уæд.
Дæ дзидзидайы авдæнмæ ныдздзыназ.
Дæ дзидзидайы дæлбынты цы аныгæнай, ахæм бон дыл рæхджы акæнæд.
Дæ дзидзидайыл дæ рустæ хæрдмæ фæтон.
Дæ дзуар дæлдæр фæуæд.
Дæ дзуар æмæ дæ фидиссæгты сæ кæрæдзийæ хицæн кæнынæн ма бау.
Дæ дзуарæй æлгъыст фæу.
Дæ дзуарыхай дыл фæкæуæд.
Дæ дзуарыхай дыл фыдырдæм разилæд.
Дæ дзуары цæст рахауæд, дæу адæмы рæгъы рацæуын чи нæ бауагъта.
Дæ дзуары цæст рахауæд, дæуæн дæ дыргъ фенын кæй цæст нæ бауарзта.
Дæ дзуарыл фæку.
Дæ дзуарыл, цы не 'мбæлы, уыдæттæ фæкæн.
Дæ дзул æрдæгхæрдæй баззайæд.
Дæ дзул дæ къухы схъуына уæд.
Дæ дзулæй дæ акомдзаг кæныны бон мауал фæуæд.
Дæ дзурæн дзых амыр уæд.
Дæ дзурæн дзых сау сыджытæй айдзаг уæд.
Дæ дзурæн дзыхæй æвзæртæ фæхæр.
Дæ дзурæн дзыхæй дæ дзурыны бон мауал фæуæд.

Дæ дзурæн дзыхæй куыйтæ æмæ хæрджытæ фæниуæнт æмæ фæуасæнт.
Дæ дзурæн дзыхы – æвзæртæ.
Дæ дзурæн дзыхы де ‘взаг ныббæзджын уæд.
Дæ дзурæн дзыхы калм фæзынæд.
Дæ дзурæн дзыхы калмы ‘взæгтæ фæдар.
Дæ дзурæн дзыхы – л... .
Дæ дзурæн дзыхы рак фæзынæд.
Дæ дзуттаг мæрдтæн – куыйтæ фæлдыст.
Дæ дзуттаг мæрдтæн мæ куыдз фæлдыст фæуæд.
Дæ дзуттаг митæй дæ сæры сæфт æрцæуæд.
Дæ дзыкку дын быныл ракондæуæд.
Дæ дзыккутæ тонгæ фæдзыназ дæ цæгатмæ.
Дæ дзыккутæ тоныны бон дæр дæ мауал фæуæд, ахæм дудгæ æмбисонд дæ баййафæд.
Дæ дзыккутæй ауыгъдæй дæ мæнæй уый фенæд.
Дæ дзыккутæй дæ æрцауыгъдæуæд.
Дæ дзыккутыл рæмпæг фæзынæд.
Дæ дзыпп фæхуынкъ уæд.
Дæ дзыппæй акæлæд дæ хæдзары бæркад.
Дæ дзыппы бæркад ма уæд.
Дæ дзырд адæммæ ма хъуысæд.
Дæ дзырд дзырды ад ма кæнæд.
Дæ дзырдæй сæгъ къуыбырæй дæр ма здæхæд.
Дæ дзырдæн аргъ ма уæд.
Дæ дзырдæн æрæвæрæн макуы ссар.
Дæ дзырды уæз ма уæд.
Дæ дзырды хицау дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дæ дзых сыджытæй бамыр уæд.
Дæ дзыхæй кæлмытæ æмæ хæфсытæ фæкал, æмæ дæ быны хæрд бакæнæнт.
Дæ дзыхы, кæй нæ уарзыс, уый æвзæртæ.
Дæ дзыхыл хæцынхъом макуы бау.
Дæ дзыхыл хæцыны бон дæ ма фæуæд.
Дæ дзыхъмард мæм æрбайхъуысæд.
Дæ дзыхъмардыл рæхджы мæ уд фæрайæд.
Дæ дзыцца дæ быныл баззайæд.
Дæ дзыцца дын дæ хист ахæрæд.
Дæ дзыццайы фæдыл цæрддзу бакæн.
Дæ дзыццайы фæндиаг хъомыл кæныны бон дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Дæ дзыццайыл фæку.
Дæ ердо дыл ныккæлæд.
Дæ ердо ныххауæд.
Дæ ердойæ фæздæг макуыуал скæлæд.

Дæ ердойæ хæфсытæ фезгъæлæнт.
Дæ ердойыл ауыгъд æрцу.
Дæ зарæг адарддæр кæнын дын мауал бантысæд.
Дæ зарæг æрдæгыл баззайæд.
Дæ зарæг дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ зарæг дæхимæ дæр ма хъуысæд.
Дæ зарæг дын бæрзонд сисын ма бантысæд.
Дæ зарæг макæмæ фехъуысæд.
Дæ зарæгау ныммынæг уæд дæ цард дæр.
Дæ зарæгæй дын дæхицæн ном скæныны бон Уæллаг макуы раттæд.
Дæ зарæгæй хæдзар скæнынхъом макуы бау.
Дæ зарæджы нывонд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ зарæджы фæхъхъау фæу.
Дæ зарæн дзых амыр уæд.
Дæ зарæн дзых байгом кæнын дын мауал бантысæд.
Дæ зарæн дзыхæй фæхъæрз.
Дæ зарæн дзыхы – æвзæртæ.
Дæ зарæн дзыхы – рак.
Дæ зарæн дзыхыл æрхæцыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ зарæн дзыхыл гуыдыр æвæрд цы ‘рцæуа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ зæвæт ахауæд.
Дæ зæвæттæй фæхъæрз.
Дæ зæвæтты скъуыдтæй кæлмытæ æмæ хæфсытæ фæуасæнт.
Дæ зæвæтты – фадниз.
Дæ зæвæттыл фæцу.
Дæ зæд дæ ралгъитæд.
Дæ зæд дыл йæ цæхæртæ æркалæд.
Дæ зæд дыл рахæтæд.
Дæ зæдæй æлгъыст фæу.
Дæ зæдæн арфæ кæнынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дæ зæдыхайы æлгъыст дыл тагъд бонты сæмбæлæд.
Дæ зæдыхайы хорзæх макуы фен.
Дæ зæлдаг дзыккутæ мæрдтæм бахæсс.
Дæ зæлдæгтæ дарын дын ма бантысæд.
Дæ зæлдæгтæ дын фæстаджы конд фæуæд.
Дæ зæлдæгты дын адæмы æхсæн ацæуын макуы бантысæд.
Дæ зæлдæгты дæ мæ уд афæндараст кæнæд дæ фæстаг фæндагыл.
Дæ зæлдæгты дæ сау цæссыг æнæвгъауæй фæкал.
Дæ зæнæг адæмы рæгъы макуы рацæуæд.
Дæ зæнæг æнцойбон макуы фенæд.
Дæ зæнæг бонвыддæр фæуæнт.
Дæ зæнæг былæй акæлæнт.

Дæ зæнæг уæзгуытыл ниугæ фæцæуæнт дæ уды мæрдæй.
Дæ зæнæгæй æнæзæнæгæй аззай.
Дæ зæнæгæй æрмист фæу.
Дæ зæнæгæй дардмæ лидзинаг цы фæуай, Хуыцау дын ахæм «арфæ» ракæнæд.
Дæ зæнæгæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ зæнæгæй дæ сæрыстырæй ацæуыны бон макуы фæуæд.
Дæ зæнæгæн дæ Хуыцау хъазæнхъул скæнæд.
Дæ зæнæджы зæрдæскъуыдтæй фен.
Дæ зæнæджы игæртæй фæфизонджытæ кæн.
Дæ зæнæджы ингæнтæ фæкъах.
Дæ зæнæджы марды чырынтыл дæ сæр фæхой.
Дæ зæнæджы мастæй дæ Хуыцау рафтын кæнæд.
Дæ зæнæджы номæй дæ сæрыл схæцынхъом макуы бау.
Дæ зæнæджы хистытæ фæхæр.
Дæ зæнæджы цин макуы фен.
Дæ зæнæгыл афæлгæсыны бон дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Дæ зæнг асæттæд.
Дæ зæнг фæдыуугæ уæд.
Дæ зæнгтæ ахауæнт.
Дæ зæнгтæ бадон уæнт.
Дæ зæнгтæй фæхъæрз.
Дæ зæнгты тæригъæд дын Хуыцау фæхæссын кæнæд.
Дæ зæнджы стæг асæттæд.
Дæ зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ зæрдæ атонæд лыстæг фæрчытæй.
Дæ зæрдæ дæ зæнæгæй макуы барухс уæд.
Дæ зæрдæ дæ зæнæгæй сау талынгæй фæхæсс.
Дæ зæрдæ дæ риуы къултыл йæхи фæхойæд.
Дæ зæрдæ дæ сабитæй æнцойад макуы фенæд.
Дæ зæрдæ дæ сомбонæй макуы барухс уæд.
Дæ зæрдæ дæ цардæй æнцой макуы фенæд.
Дæ зæрдæ макуы срухс уæд.
Дæ зæрдæдарæн ма байрæзæд.
Дæ зæрдæдарæнæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ зæрдæдарæнæй зæрдæскъуыд фæу.
Дæ зæрдæдарæнмæ ингæнмæ ныййеудодой кæн.
Дæ зæрдæдарæнмæ мæрдтæм фæдзыназ.
Дæ зæрдæдарæны баныгæн.
Дæ зæрдæдарæны зæрдæ ссарын дын макуы бантысæд.
Дæ зæрдæдарæны зæрдæскъуыдæй фæраскъæф-баскъæф кæн.
Дæ зæрдæдарæны къух саразынæн макуы бау.
Дæ зæрдæдарæны сæрыл дæ Уæллаг Хуыцау æрхæссæд.
Дæ зæрдæдарæны цæст рагæпп кæнæд.
Дæ зæрдæдарæны цин дын Хуыцау ма фенын кæнæд.

Дæ зæрдæсæрæй фæхъæрз.
Дæ зæрдæсæры ныссæдзæд уыцы кард.
Дæ зæрдæсæры — стыррыны цæф.
Дæ зæрдæйæ фæхъæрз.
Дæ зæрдæмæ фæхъус æхсæвæй-бонæй.
Дæ зæрдæмæ хуры тын макуы ныккæсæд.
Дæ зæрдæйы дуар æхгæдæй фæдар.
Дæ зæрдæйы дуар байгом кæнын дын макуы бантысæд.
Дæ зæрдæйы фæндиаг дын де 'мгæртты рæгъы рацæуын макуы бантысæд.
Дæ зæрдæйы фæндиаг цард ссарынæн макуы бау.
Дæ зæрдæйы хорзæх дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Дæ зæрдæйыл хуры цæст макуы сæмбæлæд.
Дæ зæрдиаг амæлæд.
Дæ зæрдиаг цард макуы ссарæд.
Дæ зæрдиагæй зæрдæскъуыдæй фæцу.
Дæ зæрдиаджы амонд макуы фен.
Дæ зæрдиаджы быныл баззай.
Дæ зæрдиаджы зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ зæрдиаджы къамыл фæдзыназ.
Дæ зæрдиæгты фыдтæ фæхæр.
Дæ зæрыбон æлгъыстаг фæуæд.
Дæ зæрыбон де 'мкъайæ бацарæфтыд у, дæ дард балцы — дæ бæхæй.
Дæ зæрыбон дæ хуры тын бамынæг уæд.
Дæ зæрыбон джидзæггагмæ æрхауæд.
Дæ зæрыбон зæрдæмæдзæугæ макуы уæд.
Дæ зæрыбон кукайæ фæцу.
Дæ зæрыбон хынджылæггагмæ æрцæуæд.
Дæ зæрыбон хъазинаг фæуæд.
Дæ зæрыбонæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ зæрыбонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Дæ зæрыбонмæ дæ Хуыцау цъæхцæстæй дæр ма аирвæзын кæнæд.
Дæ зæххон амонд басудзæд.
Дæ зæххон хъуыддæгтæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Дæ зæххы гæппæл дæ ингæнæн бахъæуæд.
Дæ зæххы гæппæлæй тагъд дæ къухы бафтæд уыцы тамако.
Дæ зæххы гæппæлы ныгæд æрцу.
Дæ зиан дæ хæдзарыл ма сæмбæлæд.
Дæ зиан дыл фыдырдæм саудæд.
Дæ зианæн æвзæртæ — хæринаг.
Дæ зианæн сыджытæй хай ма уæд.
Дæ зианыл дæхицæй дарддæр кæуæг ма уæд.

Дæ зивæг дæ ахæссæд.
Дæ зивæгæй дæ астæу сраст кæнынæн макуы бау.
Дæ зивæгæй – де сæфт.
Дæ зивæджы – дæ мæлæт.
Дæ зивæггæнаг сæр атъæпп уæд.
Дæ зивæггæнаг сæр бахæр.
Дæ зивæггæнаг сæр рæхджы бонты сау сыджыты атъысс.
Де знаг дæ фæдыл æфтыд фæуæд.
Де знаг дæм дæ сынтæджы бынæй сдарæд йæ сæр.
Де знагмæ бæлгæйæ – дæ уды сæфт.
Де знагмæ фæдзыназ кæрдзыны къæбæрмæ.
Де знаджы амæттаг фæу.
Де знаджы кардыл æфтыд фæу.
Де знаджы нæмыг дæ ныхы тæккæ астæу сæмбæлæд.
Де знаджы фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ зонгуытæ ахауæнт.
Дæ зонгуытæ – дæ быны.
Дæ зонгуытæ сраст кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ зонгуытæй фæхъæрз.
Дæ зонгуытыл бырыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Дæ зонгуытыл фæбыр.
Дæ зонгуытыл хаудæй дæ адзалы бонмæ фæдзыназ.
Дæ зонгуытыл хаудæй фæдзыназ уæлæмæ æмæ дæ хъуыдыгæнæг ма уæд.
Дæ зонгуытыл бырыны сæр дæ бахъæуæд.
Дæ зонд батайæд.
Дæ зонд – дæ сы... фы.
Дæ зонд дын сыджыт бахæрæд.
Дæ зонд зæндтимæ цынæуал уа, ахæм бон дын рæхджы мæнæй уый фенæд.
Дæ зонд мæрдтæм бахæсс.
Дæ зонд сыджыты хæринаг фæуæд.
Дæ зондæй – дæ мæлæт.
Дæ зондæй ме знæгтæ фæцæрæнт.
Дæ зондæй мæ куыдз дæр ма фæцæрæд.
Дæ зондæн æвзæртæ – хæринаг.
Дæ зондæн куыдз – фæлдыст.
Дæ зондæн цы хъæуы, уый йын Уæллаг ракæнæд.
Дæ зондмæ мæ куыдз фенхъæлмæ кæсæд.
Дæ зонды фæхъхъау дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Дæ зондыл мæ куыдз дæр макуы ацæуæд.
Дæ зондыл фæмиз.
Дæ зонджын хъуыддæгтæ дæ фарсы тæнæгæй акæлæнт тагъд рæстæджы.
Дæ зонджын хъуыддæгтæ дæ хъуыры фæбадæнт.

Дæ зонддждынтæ дæ разæй фæуæнт.
Дæ зонддждынты сау чырынтыл дæ сæр фæхой.
Дæ зонддждынты хистытæ фæхæр.
Дæ зонддждынтыл зæрдæскъуыдтæй батон дæ царды бонтæ.
Дæ зонддждынтыл саутæ фæдар.
Дæ зыд сæр аирвæзæд дæ хъуыры.
Дæ зыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ зыдæй дæ ахсæны аирвæз сæрæй-къæхтæм.
Дæ зымæг дыл мауал æрцæуæд.
Дæ зымæг фыдзымæгæй фæивæд.
Дæ зымæджы бонтæ дыл саутар бауæд.
Дæ зымæджыхай фенын дын мауал бантысæд.
Дæ зымæджыхайы дыл сау мит фæуарæд.
Дæ зынг ахуыссæд.
Дæ зынг бамынæг уæд.
Дæ зынгæй æнæ зынджыхайæ аззай.
Дæ зынгæй æртдзых макуы бау.
Дæ зынгмæ дæ дæ къухтæ атавыны бон макуы фæуæд.
Дæ зынгмæ йе 'ргом макуы мачи аздахæд.
Дæ зынгхуыст дын мæ уд фенæд.
Дæ зынджыхай бахуыссæд.
Дæ зыр-зыр фæцæуæд.
Дæ зыр-зырæй дæ Хуыцау макуы банцайын кæнæд.
Дæ ивар дæ къухæй макуы ахауæд, мæ къона.
Дæ ивар дæ фæдыл цы зила, уыцы «амонд» дæ уæд.
Дæ ивартæй дæ дæ сæрыл схæцыны бон макуы фæуæд.
Дæ ивгъуыд дæ фæдыл æфтыд фæуæд.
Дæ ивгъуыдæй алидзын дын ма бантысæд.
Дæ ивгъуыдæй дарддæр дын Хуыцауы цæст мацы бауарзæд.
Дæ ивгъуыдæй фæцæр.
Дæ ивгъуыдмæ фæбæлл.
Дæ ивгъуыдыл дæ дуртæ фæлдахын бахъæуæд.
Дæ игæр бамбийæд.
Дæ игæр дæ хуылфы ныппырх уæд.
Дæ игæр цæрдхуынчъытæ фæуæд.
Дæ игæрæй дæ зæхх хафын бахъæуæд.
Дæ игæрæй фæхъæрз æмæ фæнæт.
Дæ игæры рак фæзынæд.
Дæ идæдз дæ фæдыл дзыназгæйæ баззайæд.
Дæ идæдз дæ фæдыл уæ астæурæхыс йæ хъуырыл цы рахæссa, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ идæдз дыл къуыбар цæссыгæй фæкæуæд.
Дæ идæдз мад дæ быныл баззайæд.
Дæ идæдзæй дæ астæу макуы сраст кæн.
Дæ идæдзы тæригъæд фæхæсс.

Дæ идæдзыл дæ бон хæрдмæ саудын дæр макуы бауæд.
Дæ идон дæ къухтæй ахауæд.
Дæ идон дын дæхиуыл бакондæуæд.
Дæ идон уæгъдæй фæхæсс.
Дæ идонæй ауыгъд æрцу.
Дæ идоныл дын æрбахæцæг мачи фæуæд.
Дæ ингæн афтид аззайæд.
Дæ ингæнæй æвзæртæ фæбырæнт.
Дæ ингæнæй æнæ ингæн фæу.
Дæ ингæнмæ дын æвзæртæ фæфæлдыстæуæд.
Дæ ингæнмæ дын мæ уд ныдздзыназæд.
Дæ ингæны дæлгоммæ цы ‘рзилай, ахæм фыд дæм ныхъхъуысæд дæ ахсджиæгтæй.
Дæ ингæны дон фæзынæд.
Дæ ингæныл ма сæмбæл.
Дæ ирæд æнæистæй баззайæд.
Дæ ирæд дæттын дын мауал бантысæд.
Дæ ирæд тымбылгæнгæ сис дæ уд.
Дæ ирæдæй дын схист чындæуæд.
Дæ ирон дзуарыхайæ ‘лгъыст фæу.
Дæ ирон Хуыцау дыл æркæлæд.
Дæ ирон Хуыцауæй æлгъыст фæу.
Дæ ирон Хуыцауыл сайдæй рацыдтæ æмæ дыл адæмы хуыцæуттæ сæ цæхæртæ ныккалæнт.
Дæ ирон Хуыцауыл сайдæй цæуыс æмæ адæмы мæрдттæн фæлдыст фæу.
Дæ ирондзинад басудзæд.
Дæ ирондзинады фæхъхъау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ ирондзинадыл фæку.
Дæ ис басудзæд.
Дæ ис дæ ахсджиæгты хистытæн бахъæуæд.
Дæ ис, дæ бон ныккал.
Дæ ис, дæ бонæй æнæрай скæн.
Дæ исæй æнæис фæу.
Дæ исæй æфсæстхуызæй макуы ракæс.
Дæ исы цæсты дæ фæкæсын кæнæд Дунескæнæг.
Дæ исыл дæ цæст ма ‘ххæссæд æмæ сыл дæ бон ма цæуæд.
Дæ иу сæдæ макуы бауæд.
Дæ иунæг макуы бабирæ уæд.
Дæ иунæг сæр амæлæд.
Дæ иунæг уд сис.
Дæ иунæгæй афтид абад.
Дæ иунæгæй æнæныгæнæгæй аззай.
Дæ иунæгыл судзаггаджы хъарджытæй хъæлæсхæлд дæ Хуыцау фæкæнæд.

Дæ иунæджы сау машинæ дæм рæхджы æрбатулæд.
Дæ кад æнæнхъæлæджы æгады бынаты абадæд.
Дæ кад дæ къæхты бынмæ ‘рхауæд.
Дæ кад фесæфæд.
Дæ кад хæссынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Дæ кадæй мæ куыдз фæцæрæд.
Дæ кадмæ дæ кæстæртæ фæбæллæнт æмæ сæ къухы макуы бафтæд.
Дæ кады мæсыг рафæлдæхæд.
Дæ кады ном æгадмæ æрхауæд, мæ бон.
Дæ кады хист дын мæнæй уый ахæрæд.
Дæ кадыл фæмиз.
Дæ кадуарзаг сæр бахæр.
Дæ кадуарзаг сæр — сыджыты.
Дæ кадуарзагæй æгады мардмæ ‘рхау.
Дæ кард дæ зæрдæйы нынныхсæд.
Дæ кард дæ игæры ацæуæд.
Дæ кард дæ къухæй ахауæд.
Дæ кард йæ кæрддзæмы сызгæ уæд.
Дæ кардæй мард æрцу.
Дæ карды фындз дæ зæрдæйыл сæмбæлæд.
Дæ кардыл сагъд æрцу.
Дæ кас æрдæгхæрдæй аззайæд.
Дæ касы къус мæнæн баззайæд.
Дæ кафæн уæрджытæ ахауæнт.
Дæ кафæн уæрджыты магъз бадон уæд.
Дæ кафæн уæрджытыл бырынæн дæр мауал бау.
Дæ кафт æрдæгыл аззайæд.
Дæ кафт дæ уæрджытæ чъылбызгай тонынмæ ахизæд.
Дæ кафтæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ кафтмæ куыйтæ фæниуæнт.
Дæ кафтыл дæ рустæ хæрдмæ фæтон.
Дæ кæрдзын асæттынæн макуы бау.
Дæ кæрдзын æнæсастæй баззайæд.
Дæ кæрдзыны ард дæ баййафæд.
Дæ кæрдзыны ардæй басудз.
Дæ кæрдзынгæнæг дыл фæкæуæд.
Дæ кæрдзынгæнæгæй æнæкæрдзынгæнæг фæу.
Дæ кæрдзынгæнæджы зæрдæ макуы ссар.
Дæ кæрдзынгæнæджы зæрдæхудтæй дæ Уæллаг фæцæрын кæнæд.
Дæ кæрон æрцæуæд.
Дæ кæрон дын мæ уд рæхджы фенæд.
Дæ кæронмæ дæ дæ рафæлдисæг Хуыцау ма ауадзæд.
Дæ кæронмæ ма фæхæццæ у.

Дæ кæроныл ма сæмбæл.
Дæ кæрт æдзæрæгæй баззайæд.
Дæ кæрт скæрдæг уæд.
Дæ кæртæй дæ сау сынтыл ахæссæнт.
Дæ кæртæй ласгæ фæу.
Дæ кæртæй судзаггаджы хъарджытæ фæхъуысæнт.
Дæ кæртæй уазæг макуы рахизæд.
Дæ кæртмæ бахизын лæгау лæг йæ сæрмæ макуы схæссæд.
Дæ кæрты хæрæгсындз æрзайæд.
Дæ кæрты хъырттызмæлæг дæр мауал баззайæд.
Дæ кæрты цъиуызмæлæг мауал уæд.
Дæ кæрц батонын дын ма бантысæд.
Дæ кæрц дæ мæрддзаг фæуæд.
Дæ кæрц дын ныффæлдыстæуæд.
Дæ кæрц дын рæхджы бонты демæ бавæрæнт.
Дæ кæрц дзæгъæл баззайæд.
Дæ кæрц мæнæн цы баззайа, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ кæрцæй афтид абад.
Дæ кæрцæй æнæкæрц фæу.
Дæ кæрцы тыхт æрцу.
Дæ кæрцыл дын дæ судзгæ мард æрбахастæуæд.
Дæ кæсæн цæстытæ рахауæнт дæ размæ.
Дæ кæсæн цæстытæ фæриссæнт адæммæ кæсынæй.
Дæ кæсæн цæстытæй фæхъæрз.
Дæ кæсæн цæстыты цæхæр ныккæлæд.
Дæ кæсæн цæстытыл дын æрхæстæуæд рæхджы бонты.
Дæ цæхæр цæстытыл дын æрхæцæг мауал уæд.
Дæ кæстæр макуы схистæр уæд.
Дæ кæстæрæй рæхджы бонты дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ кæстæртæн дæ Хуыцау хъазæнхъул скæнæд.
Дæ кæуын фæцæуæд.
Дæ кæуынæй дæ зарынмæ макуы равдæлæд.
Дæ кæуынмæ дæм фæцæуæнт адæм.
Дæ кой мауал уæд.
Дæ кой фесæфæд.
Дæ койæ адæм фембæхсæнт.
Дæ койы аккаг дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дæ койгæнæг мауал уæд а зæххыл.
Дæ койгæнджыты макуы аййаф.
Дæ коймаг адæймагыл дæ Хуыцау макуыуал сæмбæлын кæнæд.
Дæ коймаг дон баназын дын мауал бантысæд.
Дæ ком андзыг уæд.
Дæ ком басур уæд.
Дæ комæй куыйтæ æмæ кæлмытæ фæхауæнт.
Дæ комы арынг дын рак ахæрæд.

Дæ комы арынг сцъутхал уæд.
Дæ комы арынгæй фæхъæрз.
Дæ комы арынджы де 'взаг мауал бацæуæд.
Дæ комы арынджы де 'взаг срæсийæд.
Дæ комдæл атонæд дæ фæрстимæ.
Дæ комдзаг ахауæд де знаджы къусмæ.
Дæ комдзаг ахæрын дын мауал бантысæд.
Дæ комдзаг баззайæд.
Дæ комдзагыл дæ дæ уд рауæлдай кæнын бахъæуæд.
Дæ комыкъултæ бандæдзæнт.
Дæ комыкъултæй хæф фæмизæд.
Дæ кусæрттаг дæ хистæн бахъæуæд.
Дæ кусæрттагæй дæ ацаходыны бон мауал фæуæд.
Дæ кусæрттаджы бон дыл акæнæд.
Дæ куывд дæ зæрдæйыл макуы сæмбæлæд.
Дæ куывд Хуыцаумæ макуы фæхæццæ уæд.
Дæ куывд хистмæ асайæд.
Дæ куывдыл дын иу кувæг мачи фæуæд.
Дæ куывддон адæм дæ хистмæ 'рбацæуæд.
Дæ куыдз дæ мæрдтæ бахæрæнт.
Дæ куыдз дæ мæрдтæн фæлдыст фæуæд.
Дæ куыдз дын фæлдыст фæуæд.
Дæ куыдзæн фæлдыст фæу.
Дæ куыдзæй дарддæр ды дæр ма ацу.
Дæ куыдзы амондæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ куыдзы бынаты амæл.
Дæ куыдзы 'мгад су.
Дæ куыдзы хъус дын — хæринаг.
Дæ куырдадз бакæнын дын ма бантысæд.
Дæ куырдадз дзæгъæл баззайæд.
Дæ куырдадзмæ бацæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ куырой фезгъалæд.
Дæ куыройы гæркъæраг асæттæд.
Дæ куыст æрдæгыл баззайæд.
Дæ кусинаг кæронмæ мауал ахæццæ кæн.
Дæ кусинагæй æнæрай скæн.
Дæ къаба батонынæн мауал су.
Дæ къаба дæ мæрддзаг фæуæд.
Дæ къаба дæ фæстаджы конд фæуæд.
Дæ къаба мæрдтæм бахæсс.
Дæ къабайы ныгæд æрцу.
Дæ къабæзтæ айтындзын дын ма бантысæд.
Дæ къабæзтæ æрызгъæлæнт.
Дæ къабæзтæй фæсæй.
Дæ къабæзтимæ дын уæ кæрæдзи бамбарын макуы бантысæд.

Дæ къалиутæ бахус уæнт.
Дæ къах ахауæд.
Дæ къах бахус уæд.
Дæ къахы скъуыдтæй туг фæмизæд.
Дæ къахы скъуыдтæй хæфсытæ фæуасæнт.
Дæ къахыл гангренæ фæзынæд.
Дæ къах айсыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ къахæрбавæрæн бон басудзæд.
Дæ къахæрбавæрæн бонæн æвзæртæ — фæлдыст.
Дæ къахæрбавæрæн боны фыдæх дæ баййафæд.
Дæ къахæрбавæрæн бонæл фæку.
Дæ къахвæндаг басудзæд.
Дæ къах-къухтæ асау уæнт.
Дæ къах-къухтæ ахауæнт.
Дæ къах-къухтæ басийæнт.
Дæ къæхты тæригъæд фæхæсс.
Дæ къæбæр асæттынхъом ма бау.
Дæ къæбæр æмбæхстæй фæхæр.
Дæ къæбæр дæ сы... фы бынæй фæхæр.
Дæ къæбæр дæ фарсæй фæуæд.
Дæ къæбæр дæ фарсыл ма бахæцæд.
Дæ къæбæрхæрд дæ фарсы тæнæгæй акæлæд.
Дæ къæбæры азар дæ ‘рсурæд.
Дæ къæбæры ард дæ баййафæд.
Дæ къæбæры фарнæй фæсæй.
Дæ къæбæры фыдæх дæ уæд.
Дæ къæбæргæнæг дæ æхсæвыгон лидзинаг фæуæд.
Дæ къæбæргæнæг дæ уынджы къæйыл фæуадзæд.
Дæ къæбæргæнæг дыл фæкæуæд.
Дæ къæбæргæнæг дын дæ быны цы фæмиза æмæ дæ хуылыдз сынтæгыл цы ныууадза, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ къæбæргæнæг дын дæ разы къæбæр макуыуал авæрæд.
Дæ къæбæргæнæгæй дæ æрмист Хуыцау фæкæнæд.
Дæ къæбæргæнæгæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ къæбæргæнæгимæ уæ кæрæдзийы зæрдæтæ макуы ссарут.
Дæ къæбæргæнæджы зæрдæ хъарм ныхасæй дæр макуы балхæн.
Дæ къæбиц аафтид уæд.
Дæ къæбицæй бæркады тæпп макуы райс.
Дæ къæбицæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ къæбицы бæркад цæссыгкалгæйæ фæхæр.
Дæ къæбицы бынæй рухс скæлæд.
Дæ къæбицы мыстæн йæ царм йе стджытыл ныххус уæд.
Дæ къæбицы стонг мыст мацæмæ бабæллæд.
Дæ къæдзил ахауæд.
Дæ къæдзил бахус уæд.

Дæ къæдзил, кæй нæ уарзыс, уый къухы ‘фтыд фæуæд.
Дæ къæдзилæй æнæкъæдзил фæу.
Дæ къæдзилæй стинаг фæу.
Дæ къæлæт аппарын дын ма бантысæд.
Дæ къæлæтæй дын аирвæзт макуы уæд.
Дæ къæлæты бадгæйæ баззай.
Дæ къæлæты бастæй амæл.
Дæ къæлæтджын басудзæд.
Дæ къæлæтджынæй рæхджы рахау.
Дæ къæлæтджынæй тагъд фыдцæфæй цы расæрбихъуырой кæнай, мæ уд дын уый фенæд.
Дæ къæлæтджынмæ дыл сæмбæлæд де знаджы цæф.
Дæ къæлæтджыны сис дæ уд.
Дæ къæлæтджыныл æрбадын дын ма бантысæд.
Дæ къæмисæнтæ фæриссæд.
Дæ къæмисæнтыл сæмбæлæд, чи дæ фæмард кæна, ахæм цæф.
Дæ къæсæр басудзæд.
Дæ къæсæр дын хох фестæд.
Дæ къæсæрæй бахизын дын мауал бантысæд.
Дæ къæсæрæй зæрдæзæгъгæ уазæг макуы рахизæд.
Дæ къæсæрмæ дæ фазыл фæбыр, фæлæ йыл мауал сæмбæл.
Дæ къæсæры сæрты фæдзыназ хуры рухсмæ æмæ дын адæмы судзгæ тæригъæдæй йæ фенын макуыуал бантысæд.
Дæ къæсæрыл æргæвст æрцу.
Дæ къæсæрыл æрцæуæд дæ мæлæт — æндæр аккаг дæр нæ дæ.
Дæ къæсæрыл куыдз амæлæд.
Дæ къæу-къæу фæцæуæд.
Дæ къæу-къæуæй адæм цы сфæлмæцой, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ къæукъæугæнæн дзыхъ сыджытæй айдзаг уæд.
Дæ къодах дæ хæдзар мауал ссарæд.
Дæ къодах мæрдтыл мауал сæмбæлæд.
Дæ къодах уæлæуыл удхаргæнгæйæ баззайæд.
Дæ къодахы сыджытæй хай ма фæуæд.
Дæ къодахыл арт сирвæзæд.
Дæ къона басудзæд.
Дæ къона бауазал уæд.
Дæ къона фехæлæд дæ дыууæ цæсты раз.
Дæ къона цъыбыртты сыгъд бауæд.
Дæ къонайы зынг бахуыссæд.
Дæ къонайы фарн алидзæд.
Дæ къонайыл цъæх арт сирвæзæд мæ тæригъæдæй.
Дæ къоппа ахауæд.
Дæ къоппа дæ уæлæ бахус уæд.
Дæ къоппайæ фæхъæрз.
Дæ къоппайы зондæй дæ мыггаг фæцæрæнт.

Дæ къоппайыл арт сирвæзæд æмæ де знæгты фæндиаг фæу.
Дæ къоти дæ мæрдтæн — фæлдыст.
Дæ къоти — дæ мæрдты хъæлæсы.
Дæ къуди хауды фæуæд.
Дæ къудистæг батасæд.
Дæ къудистæгæй фæхъæрз æмæ дзы хуылфхæлд фæу.
Дæ къудистæгæн ратасынгæнæн мауал бантысæд.
Дæ къул бакæлæд.
Дæ къулы бын — дæ сæр.
Дæ къулыл дæ хотыхтæ ‘рцауындзынæн макуы бау.
Дæ къух ахауæд.
Дæ къух бахус уæд йæ тæккæ рæбыныл.
Дæ къух зынг схъауынæй дарддæр макуы мацæмæн бабæззæд.
Дæ къух цыдæр къахынæн дæр макуы сбæззæд.
Дæ къухæй æнæрай скæн.
Дæ къухæй йæ амонд мачи ссарæд.
Дæ къухæй райгонд мачи фæуæд.
Дæ къухæй сындз фæтон.
Дæ къухæй фаджыс фезмæнт.
Дæ къухæй, цы не ‘мбæлы, уый фæкъах.
Дæ къухмæ дын макуы мацы рардæуæд.
Дæ къухмæ дын нуазæн макуы мачи авæрæд.
Дæ къухтæ дын мæнæй уый дзуарæвæрдæй авæрæд дæ фæтæн риуыл.
Дæ къухты тæригъæд дæ уæд, ды сæ иу уысм иу ран куы авæрай.
Дæ къухтыл гæбæр фæзынæд.
Дæ къухдарæн æнамонды боны конд фæуæд.
Дæ къухдарæн бакæнын дын ма бантысæд.
Дæ къухдарæн калм фестæд æмæ дæ уæнггай баныхъуырæд.
Дæ къухдарæн фыдбоны дардæй цы фæдарай, уыцы «амонд» дæ уæд.
Дæ къухдарæныл дæ амонд дæр фæуæд.
Дæ къуым аразын дын ма бантысæд.
Дæ къуым дæ дзæгъæл баззайæд.
Дæ къуым дыл ныккæлæд.
Дæ къуымæй дын дæ судзгæ мард рахастæуæд.
Дæ къуымæй ракæсын дын макуы бантысæд.
Дæ къуымæй судзгæ мæрдтæ фæхæсс.
Дæ къуыммæ аздæхын дын мауал бантысæд.
Дæ къуыммæ дæм хæрæг бауасæг дæр макуы мачи фæуæд.
Дæ къуымы бамби.
Дæ къуымы бæркад макуы фен.
Дæ къуымы дæ мæлæт æрцæуæд.
Дæ къуымы удæнцой макуы ссар, мæ къона.

Дæ къуымы, хъæмпы халау, цъыбыртты сыгъд цы бауай, тагъд дыл ахæм бон акæнæд.
Дæ къуымыл арвы цæф сæмбæлæд.
Дæ къуымыл цъæх арт сирвæзæд.
Дæ лалым аскъуыйæд.
Дæ лалым фæтæгены ад скæнæд.
Дæ лалымæй хъыцъыдон фæнуаз.
Дæ ласæггаг аскъуыйæд.
Дæ ласæггаг мæ къухы ‘вæрд фæуæд.
Дæ ласæггагæй дын дæ уд фелвæстæуæд.
Дæ ласæггагæй фæхъæрз.
Дæ ласæггаджы тæвдцæхæр ацæуæд.
Дæ лæг дыл мауал сæмбæлæд.
Дæ лæг йæ хæдзарыл макуыуал сæмбæлæд.
Дæ лæгæй æнæлæг фæу.
Дæ лæгæй æнæлæгæй аззай.
Дæ лæгимæ цæрын дын ма бантысæд.
Дæ лæгмæ цæуыны фадат дын цынæуал фæуа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ лæгыл дæ бындзгуытæ чъылбызгай фæтон.
Дæ лæджы амонд басудзæд, дæу уæхстыл чи нæ физонæг кæны.
Дæ лæджы бынял баззай.
Дæ лæджы дзыхы де ‘взæртæ, дæуæн дæ рохтæ уæгъдæй чи ауагъта.
Дæ лæджы дзыхы фæмиз, дæу адæмы бын чи баззайын кодта.
Дæ лæджы хист – дæ дзыхы.
Дæ лæггад адæммæ ма фехъуысæд.
Дæ лæггад дæм мауал æрбаздæхæд.
Дæ лæггад дыл дæ цæрынæй дæ хæрынмæ мауал сæмбæлæд.
Дæ лæггад дон-дон афардæг уæд.
Дæ лæггад – сæфт, дæхæдæг дæр – сæфт.
Дæ лæггад уазал доны къусы сæфт фæкæнæд.
Дæ лæггад хиды бынты афардæг уæд.
Дæ лæггадæй æнæрай скæн.
Дæ лæггадæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ лæггадыл-иу дæхи фæсмонæй цы бахæрай, ахæм бон дыл тагъд рæстæджы акæнæд.
Дæ лæгдзинад адæммæ макуы фехъуысæд.
Дæ лæгдзинад бафæзмæг дын мачи разынæд.
Дæ лæгдзинад дæ къуымæй макуы рахизæд.
Дæ лæгдзинад дæ къуымы амæлæд.
Дæ лæгдзинад фесæфæд дæ номимæ.
Дæ лæгдзинадæй адæмы рæгъы рацæуынхъом макуы бау.
Дæ лæгдзинадæй дæ бон дæ цард саразын ма бауæд.

Дæ лæгдзинадæн дæ бынсæфт фæраздæр уæд.
Дæ лæгдзинадæй лæгхуызæй макуы рацу.
Дæ лæгдзинадæй лæджы бынтæ скæнынæн ма бау.
Дæ лæгдзинадæй мыггагсæфт фæу.
Дæ лæгдзинадæй ном скæнынæн ма бау.
Дæ лæгдзинадæй хæдзархæлд фæу.
Дæ лæгдзинадмæ иу бабæллæгыл дæ цæст макуы схæцæд.
Дæ лæгдзинады кой хъусгæ дæр макуы мачи фæкæнæд.
Дæ лæгдзинадыл фæкæл.
Дæ лæгдзинадыл фæку.
Дæ лæдзæг дæ ингæнбарæн фæуæд.
Дæ лæдзæг дæ нывæрзæн æвæрд æрцæуæд.
Дæ лæдзæг дæ рагъыл саст æрцæуæд.
Дæ лæдзæгæй æрвылбон де рагъ хост цы 'ййафа, ахæм амондæй – дæ цард.
Дæ лæппу дæ бынып баззайæд.
Дæ лæппу уынгты лæппу фæуæд.
Дæ лæппуйæ æнæлæппу фæу.
Дæ лæппуйæ дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ лæппуйы ингæнмæ фæкæс.
Дæ лæппуйы сынтыл схæц.
Дæ лæппуйы хисты къæбæртыл фæбад.
Дæ лæппуйыл дæ сау æмбисонд акæнæд тагъд рæстæджы.
Дæ лæппуйыл дæр дæ сау бон ныккæнæд.
Дæ лæппуйыл рæхджы дæхи цы æрбадæнгæлмард кæнай, уыцы «амонд» дын мæ цæст фенæд.
Дæ лæппуйыл хæрдмæ фæтон дæ рустæ.
Дæ л... бахæр.
Дæ л... – дæ быны.
Дæ л...л фæкæл.
Дæ лæгъстæтæ дын дон йæ бынмæ аласæд.
Дæ лæгъстæтæ дын Хуыцау дзæгъæлы фæкæнæд.
Дæ лæгъстæтæй де 'взаг стæнæг уæд.
Дæ лопъо сывæллæтты мæрдтæм фæдзыназ.
Дæ лопъо сывæллæтты хистытæ фæхæр.
Дæ лукъа фæмизæд ноджыдæр.
Дæ лукъа фындз ныссæрфынхъом макуы бау.
Дæ лыскъ уд амæлæд.
Дæ лыскъ уд схауæд мæ къæхты бынмæ.
Дæ лыскъ уды тæригъæд дæ уæд, кæд не срæдаузæрдæ дæ, уæд.
Дæ лыстæн мауал сис.
Дæ лыстæнæй дын дæ мард ахæссæнт.
Дæ лыстæны дæ уд сгæпп кæнæд.
Дæ лыстæныл дæ æрæййафæд дæ адзал.
Дæ мад амæлæд.

Дæ мад æнæныгæд баззайæд.
Дæ мад дæ сау бынил баззайæд.
Дæ мад дæ сау бынил ниугæ æмæ тъизгæйæ фæцæуæд.
Дæ мад дæ мæрдæй йæ бындзгуытæ бындзыггай фæтонæд.
Дæ мад дæ мæрдæй йæ рустæ хæрдмæ фæлоцъи кæнæд.
Дæ мад дæ мæрдæй саутæ скæнæд.
Дæ мад дæ мæрдæй уæзгуытыл ниугæ фæтонæд йæ царды бонтæ.
Дæ мад дæ мæрдæй фæбадæд.
Дæ мад дыл зæрдæскъуыд фæуæд.
Дæ мад дыл саутæ скæнæд.
Дæ мадау æлгъыст фæу адæм æмæ Хуыцауæй.
Дæ мадау зæрдæскъуыдæй фæхир-хур кæн адæмы дæлбазырты.
Дæ мадау уæзгуытыл баззай.
Дæ мадау хъæбулы цин макуы фен.
Дæ мадæй æнæ мадæй аззай.
Дæ мадæй æрмист фæу.
Дæ мадæй зæрдæхудтæй фæтон дæ царды бонтæ.
Дæ мадæй уæзæджы къæйыл цы абадай, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.
Дæ мады æлгъыст дæ баййафæд.
Дæ мады æлгъыстæй дæ Хуыцау акъахдзæф кæнын мауал ауадзæд.
Дæ мады æхсыры хъуыртт дæ фарсæй фæуæд.
Дæ мады дзидзийы хъуыртт дæ фарсы тæнæгæй акæлæд.
Дæ мады дзидзитæ кæлмытæ фæдæйæнт, дæуæн æхсыр чи бадардта.
Дæ мады зæрдæ фæрчытæ фæхауæд.
Дæ мады къухтæ бахус уæд.
Дæ мады риуыл рак фæзынæд.
Дæ мады фæхъхъау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ мады хуыз фесæфæд.
Дæ мадыл фæку.
Дæ маймули сæр хæр.
Дæ мард æнæныгæд баззайæд.
Дæ мард дæ хæдзарыл ма сæмбæлæд.
Дæ мард дын рахастæуæд, кæдæм цæуыс, уырдыгæй.
Дæ мард дын мæ уд рæхджы бонты фенæд.
Дæ мард дзы ласгæ фæуæд.
Дæ мард Ленины мардау æнæныгæдæй баззайæд.
Дæ мард мæ куыдз бахæрæд.
Дæ мард мæм æрбайхъуысæд.
Дæ мард уæлæуыл æнæныгæдæй баззайæд.
Дæ мардæн æвзæртæ — хæринаг.

Дæ мардæн бахъæуæнт дæ муртæ.
Дæ мардæн дын æй мæ уд бахæрæд.
Дæ мардæн мæ куыдз аргæвд.
Дæ мардæхсæвæрæн бахъæуæд.
Дæ мардæхсæвæрæн фæлдыст фæуæд.
Дæ марды чырыны сæрæй дын тагъд дæ хæдзары дуар æртæ тъæппы цы ракæной, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ марой фæцæуæд.
Дæ маройм æ дын адæм фæтымбыл уæнт.
Дæ мæлæн бон арв дæлæмæ æрхауæд æмæ цъыфы ласт фæу.
Дæ мæлæн бон басудзæд.
Дæ мæлæн бонæн æвзæртæ — фæлдыст.
Дæ мæлæн бонмæ дæ Хуыцау мауал ауадзæд.
Дæ мæлæт дзы ссар.
Дæ мæрдæй дæ мад фæбадæд.
Дæ мæрддзаг фæуæнт дæ пысултæ.
Дæ мæрддзагæн бахъæуæнт, мæ хъулонæй кæй алхæдтай, уыдон.
Дæ мæрдон хуыз дын мæ уд фенæд.
Дæ мæрдтау фæу.
Дæ маст аскъуыйæд.
Дæ маст атонæд æмæ дзы цъыбыртты сыгъд бакæн.
Дæ маст дæ зæрдæйы ныццæм уæд.
Дæ маст дæ хъуырæй акæлæд æмæ дзы цы фæхуыдуг уай, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ маст райсынхъом макуы бау.
Дæ маст рахсидæд æмæ дзы басудзæд дæ сулæфæнтæ.
Дæ маст фæхуынкъ уæд.
Дæ маст хæссынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Дæ маст цы фæкъæртт уа, ахæм бон дыл Уæллаг Хуыцау ныккæнæд.
Дæ мастæй æнæмаст фæу.
Дæ мастæй æнæмастæй абад.
Дæ масты аныгъуыл.
Дæ масты фæхуыдуг у.
Дæ мастыл дын дон ауагъдæуæд.
Дæ мастыл фæхæцынæн ма бау.
Дæ мæгуыр — дæ бинонты.
Дæ мæгуыртæ дæ мæрдтæн фæлдыст фæуæнт.
Дæ мæгуыртæ дæ мæрдтæн — хæринаг.
Дæ мæгуыртæ дыл рæхджы цы ‘ртæфсой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ мæгуыртæ ферох кæныны бон дæ ма фæуæд.
Дæ мæгуыры бон базонынхъом дæ Хуыцау ма скæнæд.
Дæ мæгуыры бонæй фæцæр.
Дæ мæгуыры бынаты цы ‘рбадай, уыцы бон дæ баййафæд.

Дæ мæйдар æхсæвтæ дæ бонæй раивыны бон макуы фæуæд.
Дæ мæрддзаг фæуæнт, цы дарæс дын ис, уыдон.
Дæ муртæ дæ мардæн бахъæуæнт.
Дæ муртæ дæ мардæн хæрд фæуæнт.
Дæ муртæ мæрдтæмфæндаггæгтæн бахъæуæнт.
Дæ муртæ мургай хæрд цы фæуой, уыцы «амонд» дæ тагъд бонты фæуæд.
Дæ муртæ мургай цы ныууой, уыцы бон – дæ хай.
Дæ муртæй æнæрай скæн.
Дæ муртæй дын мæрдтæм фæндаггаг ма рантысæд.
Дæ муртæй мацы фен.
Дæ муртимæ донласт фæу.
Дæ муртимæ дæ зынджы амæттаг Хуыцау фæкæнæд.
Дæ муртыл арт сирвæзæд.
Дæ муртыл дæхи къуымых кардæй цы аргæвдай, ахæм хины æмбисонд дыл сæмбæлæд.
Дæ муртыл мæ куыдз фæмизæд.
Дæ мыггаг бынысkъуыд фæуæд.
Дæ мыггаг дæ сæхиуыл мауал банымайæнт.
Дæ мыггаг дыл сæ сæртæ дыууæ къухæй фæхойæнт.
Дæ мыггагæй æнæмыггаг фæу.
Дæ мыггагæй æнæмыггагæй абад мæ мыггаджы тæригъæдæй.
Дæ мыггагæй гæды дæр мауал рабырæд, афтæмæй бынысkъуыд сут.
Дæ мыггагæй цъиуызмæлæг мауал уæд.
Дæ мыггагимæ дæ иу æвзаг ссарыны бон ма фæуæд.
Дæ мыггагимæ цæрын дын ма бантысæд.
Дæ мыггагыл дæ дæ къух исын бахъæуæд.
Дæ мыггаджы ‘лгъыст дæ баййафæд.
Дæ мыггаджы быныл баззай.
Дæ мыггаджы зæрдæ дын Хуыцау макуы ссарын кæнæд.
Дæ мыггаджы къæхты бын – дæ мæлæт.
Дæ мыггаджы номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Дæ мыггаджы тæригъæд дын баззайæд.
Дæ мыггаджы тæригъæдæй дидинæг макуы рафтау.
Дæ мыггаджы тæригъæдмæ фæкæс.
Дæ мыггаджы фæхъхъау æрбау.
Дæ мыггагсæфт дын мæ уд фенæд.
Дæ мыггагсæфтыл дæ сæрыхъуынтæ иуæггай фæтон.
Дæ мыггагсæфтыл фæрай.
Дæ мызд æнæистæй баззайæд.
Дæ мызд бахæрын дын ма бантысæд.
Дæ мызд райсынмæ лæгъстæмæ фæцу.
Дæ мыздæй æнæмызд фæу.

Дæ мызды бæркад алидзæд.
Дæ намыс бахæр.
Дæ намыс фесæфæд.
Дæ намысыл æвзæр куыдз амæлæд.
Дæ нана дæ быныл баззайæд.
Дæ нана дыл йæ рустæ фæтонæд.
Дæ нана дыл кæуынæй йæхи хорз фенæд.
Дæ нанайæ рæвдыд макуы баййаф.
Дæ нанайы риуыл æвæрд фæу.
Дæ нанайы хисты рæгъытæ фæуадз.
Дæ нанайыл дзыназынæй дæ Хуыцау æрдæг фæкæнæд.
Дæ нæлгоймаг нæлгоймæгты рæгъы макуы рацæуæд.
Дæ нæлгоймагæй æнæ нæлгоймагæй абад.
Дæ нæлгоймагæй нæлгоймаджы тæф макуы ракæлæд.
Дæ нæлгоймагимæ цард макуы фенут зæххы цъарыл.
Дæ нæлгоймагыл дæ хъарæг кæныны бон ма фæуæд.
Дæ нæлгоймагыл цин кæнынæн макуы бау.
Дæ нæмыг дæ риуыл фæстæрдæм сæмбæлæд.
Дæ нæмыг фехсыны бон дæ ма фæуæд.
Дæ нæмыгæй дæ ахсджиаг фæмард уæд.
Дæ нæуджытæ – мæн, мæ зæрæдтæ – дæу.
Дæ низ дæ ахæссæд.
Дæ низ дæ сызмæлын мауал суадзæд.
Дæ низ дæ рагъæй мауал ахауæд.
Дæ низæй амæл.
Дæ низæй дæлгом-уæлгом фæкæн.
Дæ низæй фæрафт-бафт кæн дæ цард-цæрæнбонты.
Дæ низæй фæсæй.
Дæ низæй фервæзын дын мауал бантысæд.
Дæ низимæ мæ низтæ дæр дæ хай фæуæд.
Дæ низимæ фæудисæн кæн.
Дæ низы амæттаг дæ Уæллаг фæкæнæд тагъд рæстæджы.
Дæ низы судзæгтæ дæ артæнты ацæуæд.
Дæ низыл ноджы низтæ цы бафтой, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ низыл фæтых кæныны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Дæ ном фесæфæд.
Дæ номæй адæм дардмæ цы лидзой, уыцы амонд дæ уæд тагъд рæстæджы.
Дæ номы аккаг дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дæ номы нывонд фæу.
Дæ номыл дын адæм дуртæ фæфæлдахæнт.
Дæ номыл куыдз фæмизæд.
Дæ номыл фæмызтай æмæ ноджыдæр адæмы фæндиаг фæу.
Дæ нысангарз æнæлæвæрдæй баззайæд.
Дæ нысангарз дæ фæстæмæ хæссын бахъæуæд.

Дæ нысанæй фæиппæрд у.
Дæ нысаныл ма сæмбæл.
Дæ ныфс асæттæд.
Дæ ныфсæй æнæныфс фæу.
Дæ ныфсæй мæ куыдз дæр макуы срæйæд.
Дæ ныфсæй хъуыддæгтæ чи аразы, уый æнæныфс фæуæд.
Дæ ныфсмæ мæ куыдз фенхъæлмæ кæсæд.
Дæ ныфсыл æвзæр куыдз амæлæд, уый дын — мæ хуыздæр арфæ.
Дæ ныфсыл ныфс макуы бафтæд.
Дæ ных батонæд.
Дæ ныхджын сæр æрбамæлæд.
Дæ ныхыфыст дын дæ уды фæндиаг Хуыцау макуы бонты ауадзæд.
Дæ ныхыфыстæй дæ Уæллаг фесафæд.
Дæ ныхыфысты фæхъхъау дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дæ ныхас — кæм не 'мбæлы, уым.
Дæ ныхасæй адæмы цæсты авджы схъисау бахау.
Дæ ныхасæй æнæрай скæн.
Дæ ныхасы фарн фæлидзæд.
Дæ ныхасыл дæ былтæ цы нæмай, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ омдзæг дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ омдзæджы амæл.
Дæ омменгæнæн дзых сыджытæй айдзаг уæд.
Дæ омменгæнæн дзыхæй дуртæ æмæ мæртæ фæхæр.
Дæ омменгæнджытæй афтид абад.
Дæ онг онгыл цынæуал хæца, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ онгсæстытæ дын мæнæй уый фенæд.
Дæ огсæстытæй удисæн фæкæн.
Дæ паддзах дæ зондæй фæцæрæд.
Дæ паддзах дæм фæгæмæл уæд.
Дæ паддзах дæм хъуынджынæрфыгæй фæкæсæд.
Дæ паддзахæй æнæ паддзахæй аззай.
Дæ паддзахæй хæдзархæлд фæу.
Дæ пайда дæ сы... фы батъысс.
Дæ пайда — дæхи.
Дæ пайда — куыдзы мард.
Дæ пайдайæ дæ былтæ басой кæнынхъом ма бау.
Дæ пайдайы хъуыддæгтæй дæ дæ раттæг Хуыцау фæиппæрд кæнæд.
Дæ пайдайы цæсты фæкæс цæргæ-цæрæнбонты.
Дæ пайдайыл дæ уд аззайæд.
Дæ пакъуы дын акалдæуæд.
Дæ пакъуы дымгæтæм дард фæуæд.
Дæ папитæ дæ марды кæндтæн бахъæуæнт.

Дæ папитæ – дæ хистæн хæрд.
Дæ папитæй афтид абад.
Дæ папитæй æнæрай фæу.
Дæ папиты фæдыл дæ Хуыцау рафтын кæнæд.
Дæ папитыл фæку æмæ фæдзыназ.
Дæ парахат зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ парахат зæрдæйы фæндиаг цард дын де сфæлдисæг Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Дæ парахат цардæй парахат мард акæн.
Дæ парахат царды дæ зæрдæ ‘нцойад макуы ссарад.
Дæ парахатæй адæмы зæрдæ макуы ссар.
Дæ парахатæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ пиллон фæкæлæд.
Дæ пырх акалын дын ма бантысæд.
Дæ пырх дын, чи дæ нæ уарзы, уыдон акалæнт.
Дæ пырх скæлæд.
Дæ пыс-пыс фæцæуæд.
Дæ пысултæ – дæ мæрддзаг.
Дæ пысултæ дын дæ фæстаджы конд мæнæй уый скæнæд.
Дæ пысултæ дарын дын ма бантысæд.
Дæ пысултæ мæрдтæм бахæсс.
Дæ пысултæ скæнынæн мауал бау.
Дæ пысултæй дарддæр дæ бынтæ дымгæйы дымды фæуæнт.
Дæ пысулты дæ мæ уд аныгæнæд тагъд рæстæджы.
Дæ пъæр-пъæр фæцæуæд.
Дæ пъæр-пъæрæй дæ Уæллаг макуы банцайын кæнæд.
Дæ равдыст саразын дын ма бантысæд.
Дæ равдыстæй дæ зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ равдысты дæ дæхи равдисыны бон ма фæуæд.
Дæ равдыстыл дæ уд баззайæд.
Дæ равзæрæн бон дæлæмæ ‘рхауæд.
Дæ равзæрæн бонæн – æвзæртæ фæлдыст.
Дæ равзæрæн бонæн мæ сау куыдз аргæвд.
Дæ равзæрынгæнæг Хуыцау мацыхъом бауæд.
Дæ развæд мауал фен.
Дæ развæд фенын дын мауал бантысæд.
Дæ развæдæй дæ Уæллаг фæиппæрд кæнæд.
Дæ развæдмæ цырагъы рухсæй фæкæс.
Дæ размæ кæсыны бон дын Дунескæнæг Хуыцау мауал раттæд.
Дæ размæ чи уыд, уыдон баййаф.
Дæ размæйыуæтты бон дыл акæнæд.
Дæ Райгуырæн бæстæ мауал фен.
Дæ Райгуырæн бæстæ дын фыны фенын дæр мауал бантысæд.
Дæ Райгуырæн бæстæйæ хауæггаг фæу.
Дæ Райгуырæн бæстæмæ дæ лæггад макуы фæхæццæ уæд.

Дæ Райгуырæн бæстæйыл дæр мауал бахæцæд дæ мард.
Дæ Райгуырæн бæстæйыл мауал сæмбæл.
Дæ райгуырæн бон æлгъыстагæн баззайæд.
Дæ райгуырæн бон басудзæд.
Дæ райгуырæн бон дæлдæр фæуæд.
Дæ райгуырæн бон дын фæлдыст фæуæд, кæд дæ афтæ æвзæрæй цы кодта.
Дæ райгуырæн бон джидзæггагмæ æрхауæд.
Дæ райгуырæн бон заууаты бон фæуæд.
Дæ райгуырæн бонæн, æвзæрдæр цы ис, уый аргæвд.
Дæ райгуырæн бонæн макуы мацæмæй ссардæуæд йæ ном.
Дæ райгуырæн бонæн макуы скуывдæуæд.
Дæ райгуырæн боны фыдæх дæ басудзæд.
Дæ райгуырæн боны сæрыл дæ Стыр Хуыцау æрхæссæд рæхджы бонты.
Дæ райгуырæн боныл куыдз фæмизæд.
Дæ райгуырæн боныл хæрæджы туг ныккæлæд.
Дæ райдайæг дæ хуызæн суæд.
Дæ райдайæг мацыуал райдайæд.
Дæ райдайæгæн мацыуал райдайын бантысæд.
Дæ райдайæгыл дæ бон акæнæд.
Дæ райсом дыл баталынг уæд.
Дæ райсом дыл мауал æрцæуæд.
Дæ райсомы къухы мауал бафт.
Дæ райсомыл удæгасæй мауал сæмбæл.
Дæ райст-бавæрд дарæс батонын дын мауал бантысæд.
Дæ райст-бавæрд дарæс дæ мæрддзаг фæуæд.
Дæ райст-бавæрд дарæсы дын макуыдæм ацæуын бантысæд.
Дæ ралгъитæг – афтæ.
Дæ ралгъитæг æлгъыст фæуæд.
Дæ ралгъитæг дæр уыйау фæуæд.
Дæ ралгъитæг дæр Хуыцауæй æлгъыст цы фæуа, ахæм бон ыл акæнæд.
Дæ ралгъитæгæн дæ зæрдæйы фæндиаг фен.
Дæ ралгъитæджы Хуыцау ралгъитæд.
Дæ ран базонын дын ма бантысæд.
Дæ ранæй хауæггаг фæу.
Дæ ранмæ куыддæр ахæццæ уай, афтæ дæ уд сис.
Дæ ранмæ ма ахæццæ у.
Дæ раны макуы ‘рбад.
Дæ раныл ма сæмбæл.
Дæ раппарæн бон дæлæмæ ‘рхауæд.
Дæ раппæрст нын тагъд Хуыцау фенын кæнæд.
Дæ раппæрстæй дæ сæр дæ быны фæуæд.
Дæ раппæрстыл нæ тагъд Хуыцæутты Хуыцау фæрайын кæнæд.

Дæ рарæйæн бонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Дæ рарæйд – дæ бинонты.
Дæ рарæйдæй дæ сæры æркъæрцц фæраздæр уæд.
Дæ рарæйдыл тагъд фæсмонгонд фæу.
Дæ рарæцугъæг йæ ахсджиæгты арæцугъæд.
Дæ рарæцугъæг кæуинаггаг фæуæд.
Дæ рарæцугъæг хъыцъыдæттæ фæнуазæд.
Дæ рарæцугъæг цæнкуылтæй фæцæуæд.
Дæ рарæцугъæг цин мауал фенæд.
Дæ расидт дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ расидтæй фæсмонгонд фæу.
Дæ расидты ноджыдæр уæз ма уæд.
Дæ раст уд мæрдтæм бахæсс.
Дæ растæй амæл.
Дæ расыг макуы ‘рцæуæд.
Дæ расыгæй сæрысæфт фæу мæ тæригъæдæй.
Дæ расыггæнаг сæр мæрдтæм бахæсс.
Дæ ратонæг амæлæд.
Дæ ратонæг йæ бинонты удтæ æртонæд.
Дæ ратонæгæй фæхъу.
Дæ ратонæгыл макуы мацы ‘рхæцæд.
Дæ ратонæджы фарсы тæнæгæй акæл æввахс бонты.
Дæ ратонæджы фарсыл ма бахæц.
Дæ ратонæджы цæст рагæпп кæнæд мæ размæ.
Дæ ратонæн бонмæ – дæ ратонæджы цард.
Дæ ратонын кæй бон бауа, уый йæ бинонты удтæ иугай фæтонæд.
Дæ ратонын ын ма бантысæд.
Дæ рауай-бауай фæмæнг уæд.
Дæ рауай-бауайæ дæ къæхты тæригъæд фæхæсс.
Дæ рауай-бауайæ дæ къухы хъæды маргъ дæр ма бафтæд.
Дæ рауай-бауайыл цы ‘рфæсмон кæнай, уыцы бон дыл æрцæуæд.
Дæ рафæлдисæг дын де ‘взæртæ бахæрæд.
Дæ рафæлдисæг дын фæлдыст фæуæд.
Дæ рафæлдисæгæн æвзæртæ – фæлдыст.
Дæ рафæлдисæгæн фæлдыст фæу.
Дæ рафæлдисæгæн хæрæг ныффæлдис.
Дæ рафæлдисæгæн, цы нæ хъæуы, уыдæттæ фæкæн.
Дæ рахиз бахус уæд.
Дæ рахиз къух æрхауæд.
Дæ рахиз къух уæлæмæ мауал сис.
Дæ рахиз къухæй дæ сы...ф фæных.
Дæ рæбинаг фæхъæуæд.
Дæ рæбинаг цæджындз фæтасæд.

Дæ рæбинагæй фæцух у.
Дæ рæбинагыл туг ныууарæд.
Дæ рæбинаджы баййаф.
Дæ рæбинаджы хал ахæр.
Дæ рæгъау дын фæтардæуæд.
Дæ рæгъауæй афтид абад.
Дæ рæгъауы бон дыл акæнæд.
Дæ рæдыд базонын дын ма бантысæд.
Дæ рæдыд зонгæ-зонын цы фæлхат кæнай, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ рæдыдæй хатдзæгтæ аразынхъом ма бау.
Дæ рæдыдыл дæ сæр фæхой.
Дæ рæзинæгтæн рæзын ма бантысæд.
Дæ рæзинæгты сырæзт ма фен.
Дæ рæмбынкъæдз ахауæд.
Дæ рæмбынкъæдзæй фæхъæрз дæ цард-цæрæнбонты.
Дæ рæхыс дæ хъуыры æфтыд фæуæд.
Дæ рæхыс дæлбынты фæджиуæд.
Дæ рæхысæй дын фæхынджылæг чындæуæд.
Дæ рæхысы фарн дæ хæдзарæй фæлидзæд.
Дæ риу атонæд.
Дæ риу фæриссæд.
Дæ риу фæхъæн уæд.
Дæ риуæй фæхыррытт кæн.
Дæ риуæй фæхъæрз.
Дæ риуы Алардыйы цæф фæзынæд.
Дæ риуыгуыдыр асæттæд.
Дæ риуы де знаджы нæмыг нынныхсæд.
Дæ риуы æмбæрц дæ Хуыцау макуы ацæуын кæнæд.
Дæ риуы æмбæрц цард дын амондыскæнæг макуы раттæд.
Дæ риуыл æвæрд фæуæд дæ ахсджиаг.
Дæ риуыл дын дæ къухтæ дзуарæвæрдæй мæнæй уый авæрæд.
Дæ риуыл дын а чызг арт акæнæд.
Дæ риуыл топпы нæмыг сæмбæлæд.
Дæ риувæйнæг батонæд.
Дæ рихи дын ныддастæуæд.
Дæ рихитæ дын æрдугай фæтындæуæд.
Дæ рихитæ — фаджысы.
Дæ рихитыл дын мæ куыдз фæмизæд.
Дæ рондз фæкал.
Дæ рондз фæкæлæд мæ бинонты тæригъæдæй.
Дæ рондзы фæтул.
Дæ роцъо сыджыты ацæв.
Дæ роцъойæ зæхх фæхуым кæн.
Дæ рустæ фæтон.

Дæ русты царм дыл алæбырæд.
Дæ рухс бамынæг уæд.
Дæ рухсгæнинæгтæй дæм мацы фæхæццæ уæд.
Дæ рыг де знаджы цæфæй скæлæд.
Дæ рыг скæлæд.
Дæ рынчын бирæ цынæуал ахæсса, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ рынчын мæрдтыл бафтæд.
Дæ рынчынæй афтид абад.
Дæ рынчынæн сдзæбæх кæнын мауал бантысæд.
Дæ рынчыныл саутæ цы скæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ сабатизæр дын мæ уд ацаразæд.
Дæ сабатизæры дыл тагъд мæнæй уый фæкæуæд.
Дæ саби дыл къуыбар цæссыг фæкалæд.
Дæ сабийы зонд дæм рæхджы ‘рыздæхæд.
Дæ сабийы хист ахæр.
Дæ сабийыл сауты фæцу.
Дæ сабиты быныл дæ Хуыцау баззайын кæнæд.
Дæ сабиты сæртыл ныууарæд сау туг.
Дæ сабиты хистыты къæбæртæ тагъд дæ сы...фы бынæй фæхæр.
Дæ салам дæ дзыппæй макуы схауæд.
Дæ саламæй дæ уд схауæд.
Дæ саламыл фæку.
Дæ саламыл фæмиз æмæ йæ афтæмæй фæдæтт.
Дæ саргъ де ‘ккой хæссинаг фæуæд.
Дæ сасир дын фæтылдæуæд.
Дæ сасирæй дын фæнык фæлыуæрстæуæд.
Дæ сатæг уд схауæд.
Дæ сатæг удæн цæрын ма бантысæд мæ бинонты сау тæригъæдæй.
Дæ сау амонд басудзæд.
Дæ сау бон ныккал.
Дæ сау бонæй мæ уд фæбадæд.
Дæ сау бонмæ адæм цы фенхъæлмæ кæсой, Уæллаг дæ ахæм амондæй фæцæрын кæнæд.
Дæ сау боны дзыхы — ‘взæртæ.
Дæ сау боныл адæм фæрайæнт.
Дæ сау зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ сау зæрдæ дыууæ дихы цы фæуа, рæхджы дыл ахæм бон акæнæд.
Дæ сау зæрдæ тъæппытæ фæхауæд дæ ахсджиæгты мæрдæй.
Дæ сау зæрдæйы стыррыны цæф фæзынæд.
Дæ сау ингæнмæ дæ мад йæ сау цæссыг фæкалæд.
Дæ сау ингæнмæ дын ныййеудодой чындæуæд рæхджы бонты.
Дæ сау ингæнмæ дын ныккæсæд рæхджы мæ рыст уд.

Дæ сау ингæнмæ дыл фæкæуæнт æмæ фæтъизæнт, кæм дын чи ис, уыдон.

Дæ сау ингæны дæлгоммæ цы ‘рзилай ахæм бон дыл акæнæд.

Дæ сау ингæны дын, цы нæ хъæуы, уыдæттæ уымы бæстæм фæчындæуæд.

Дæ сау ингæны мæ сау куыдз амæлæд.

Дæ сау ингæныл хæрæгсындз æрзайæд.

Дæ сау къона сау хæлд фæуæд.

Дæ сау къонайæ рацæуын дын ма бантысæд.

Дæ сау къонайы тагъд цъыбыртты сыгъд бакæн.

Дæ сау машинæ мæм дæ мæрдæй æрбатулæд.

Дæ сау машинæйы ‘рцæуæд дæ мæлæт.

Дæ сау машинæйыл дæ ахсджиæгтæ сæ сæртæ цы фæхойой, уыцы бон дыл тагъд рæстæджы ныккæнæд.

Дæ сау рондз фæкал.

Дæ сау рондзы фæхуыдуг у.

Дæ сау сæр – сау сыджыты.

Дæ сау туджы фæмæц.

Дæ сау хуыз фесæфæд.

Дæ сау хъус басийæд æмæ ахауæд.

Дæ сау цæст дæ размæ рагæпп кæнæд.

Дæ сау цæстыты сырх цæхæр ныккæлæд.

Дæ сау цæссыг мæ сау тæригъæдæй фæкæлæд дæ ахсджиæгты мæрдæй.

Дæ саугуырм дын мæ уд фенæд.

Дæ саугуырм мæм рæхджы бонты цы ‘рбайхъуыса, уыцы бон дыл акæнæд, мæ къона.

Дæ саудзыдзыда мын мæ сæры аныхтау цы фæуа, ахæм бон дыл акæнæд адæмы тæригъæдæй.

Дæ саудзыдзыдайæ дæ дзыхмæ дон сисынæн цынæуал уай, атæм тыхцæф дыл сæмбæлæд.

Дæ саудзыдзыдайы бонæй фæцæр.

Дæ саударæг дыл рæхджы йæ зæрдæ сивæд.

Дæ саударæг дыл фæкæуæд.

Дæ саударæгæй айрох у.

Дæ саударæджы зæрдæйæ æнустæм фæхау.

Дæ сæйæн сисын дын ма бантысæд.

Дæ сæйæнæй мауал рабад.

Дæ сæйæны тагъд рæстæджы цы ныххæдмæл уай, уыцы амондæй фæцæр.

Дæ сæйæныл мауал сæмбæл.

Дæ сæйгæ мард дын мæ уд фенæд.

Дæ сæйгæ мардыл дын фæдзынæзтæуæд.

Дæ сæйгæ уат мауал сис.

Дæ сæйгæ уат сисын дын ма бантысæд.
Дæ сæмбæлæн бонæн æвзæртæ – хæринаг.
Дæ сæн дæ хистæн бахъæуæд.
Дæ сæнæй баназын дын ма бантысæд.
Дæ сæнæй дын дæ хисты рæгъытæ фæкæнæнт.
Дæ сæнæй дын рухс зæгъæнт рæхджы бонты.
Дæ сæны дурын фæтæгены ад скæнæд.
Дæ сæны мыст ныххауæд.
Дæ сæны фæмиз æмæ йæ афтæмæй дæхæдæг фæнуаз.
Дæ сæнтдзæф зонд аппарын дын ма бантысæд.
Дæ сæнтдзæф сæр дын æхсынинаг фæуæд.
Дæ сæнтдзæфæй ссар дæ мæлæт.
Дæ сæпп-сæпп фæцæуæд.
Дæ сæпп-сæппæй дæхи хъустæ райдайæнт хæлмаг кæнын.
Дæ сæр амæлæд.
Дæ сæр ахауæд йæ тæккæ рæбыныл.
Дæ сæр æрхауæд дæ размæ! – уый дын мæ цыфыддæр æлгъыст.
Дæ сæр басудзæд дæхи зынгæй.
Дæ сæр – дæ быны.
Дæ сæр, дæ фад цынæуал зонай, уыцы бон дыл æркæнæд.
Дæ сæр дын сæрмæ макуы схастæуæд.
Дæ сæр зылынмæ фæхæсс.
Дæ сæр мæрдтæм баскъæф.
Дæ сæр фæриссæд мæ сæры бæсты.
Дæ сæр фæрчытæ фæхауæд фæйнæрдæм.
Дæ сæр хауды фæуæд адæмы тæригъæдæй.
Дæ сæрæй дæ къæхтæм сау адар рæхджы бонты.
Дæ сæрæй фæхъæрз.
Дæ сæрмæ быцæутæ февæр æмæ дын йæ рыст бауромын ма бантысæд.
Дæ сæры зонд фæцæуæд.
Дæ сæры къуыдыр амæлæд.
Дæ сæры къуыдыр дыл фæуæз кæнæд æмæ йæ уромын мауал уæд дæ бон.
Дæ сæры мæсчъытæ атонæнт.
Дæ сæры мæсчъытæн æрæнгом кæнын мауал бантысæд.
Дæ сæры сæфт дын мæ уд фенæд.
Дæ сæрд дыл мауал æрцæуæд.
Дæ сæрдæй мацы фен.
Дæ сæрдмæ бæлгæйæ батон дæ бонтæ æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Дæ сæрдыл мауал сæмбæл.
Дæ сæрибарæй дын рацæрын ма бантысæд.
Дæ сæрибардзинад дæ къухæй ахауæд.

Дæ сæрибардзинад мауал æрæййаф.
Дæ сæрибардзинадмæ бæлгæ дæ рафтын кæнæд Хуыцау.
Дæ сæрибарыл æвзæртæ амæлæд.
Дæ сæрниз дæ уæгъд ма суадзæд.
Дæ сæрнизæй фæсæй дæ цард-цæрæнбонты.
Дæ сæрнизы амæттаг дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Дæ сæрнизыл мæ сæрнизтæ дæр цы бафтой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ сæт фæкæлæд.
Дæ сæфт дын мæ уд тагъд фенæд.
Дæ сæфтмæ дын фæцыдæуæд.
Дæ сæфты хъæр мæм æрбайхъуысæд рæхджы бонты.
Дæ сæфтыл дын дæ бинонтæ дæр цы фæрайой, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.
Дæ сидт макуы макæмæ фехъуысæд.
Дæ сидтæй æнæрай скæн.
Дæ сидтмæ дæ мадызæнæджы хъустыл дæр гыркъо цы не ‘рхауа, уыцы бон дæ баййафæд.
Дæ сидты амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ сидтыл «оммен» зæгъæг мачи уæд.
Дæ сидзæр адæмæй æлгъыст фæуæд.
Дæ сидзæр амондыл макуы фæхæст уæд.
Дæ сидзæр арахъхъы быркуыйы ныххауæд.
Дæ сидзæр æргъæвстæй фæцæуæд.
Дæ сидзæр бонвыддæр фæуæд.
Дæ сидзæр дæ зæрдæйы фæндиаг макуы айтынг кæнæд йæ базыртæ.
Дæ сидзæрæй дæ зæрдæ сидзæрхуызæй фæхæсс.
Дæ сидзæрæй сидзæрхуызæй аззай.
Дæ сидзæрæн йæ сидзæры ном йæ рагъæй макуы ахауæд.
Дæ сидзæрмæ зæрдæхæлдæй фæкæс.
Дæ сидзæртæн бахæринаг мацы уæд.
Дæ сидзæры лæдзæг дæ къухæй макуы аппар.
Дæ сидзæры лæдзæг дæ къухты бамбийæд.
Дæ сидзæры ном дæ рагъыл бæхбадт скæнæд.
Дæ сидзæры хур дын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Дæ сидзæры хурæн дыл йæ тын дæр макуы аныдзæвæд.
Дæ сидзæры хъæлæс сидзæрты фынгыл дæр макуы сыхъуысæд.
Дæ сидзæры цæстæн бафсис мацæмæй уæд.
Дæ сидзæрыл йæ бон баталынг уæд.
Дæ сидзæрыл йе знаг йæ къах æркъуырæд.
Дæ сидзæрыл коккайы ном сбадæд.
Дæ сидзæрыл хур ма ракæсæд.
Дæ сидзæрыл хъæды цъиутæ дæр тых цы уой, уыцы фыдбон уыл рæхджы акæнæд.

Дæ сидзæргæс дæ номæй уынгты ниугæ æмæ тъизгæ фæцæуæд.
Дæ сидзæргæс мады зæрдæ дыл фехæлæд.
Дæ сидзæргæсы ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
Дæ син асæттæд.
Дæ синтæ йыл фæрыстысты æмæ йыл дæ синтæй фæхъæрз.
Дæ сины састæй дæ къахыл слæууынæн мауал бау.
Дæ сины сæртæй дæ къухтæ тагъд дæ уæрджытæм цы 'рхауой, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ сираг бæх — дæ фæлдысты.
Дæ сираг бæхæй рахау.
Дæ сираг бæхыл де знæгтæн ивд æрцу.
Дæ сихор æнæхæрдæй баззайæд.
Дæ сихорæй æнæсихор фæу.
Дæ сихорхæсджытæ дыл мауал сæмбæлæнт.
Дæ сихорхæсджытæй дæ зæрдæ ма барухс уæд.
Дæ сомбон басудзæд.
Дæ сомбонæй æнæсомбон фæу.
Дæ сомбонæн æвзæртæ ныффæлдис.
Дæ сомбонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Дæ сомбоныл ма сæмбæл.
Дæ сонт митæ дын Уæллаг ма батайын кæнæд.
Дæ сонт сæр атъæпп уæд.
Дæ сонтæй дæ бинонты цагъд фен.
Дæ сонтæй фæхъу.
Дæ сонты бонтæ нымайын дæр дын ма бантысæд.
Дæ сонты бонтæй рахизын ма бафæраз.
Дæ соти — йæ дзыхы.
Дæ сотийы бон дын базарæнт.
Дæ сотийы къæбæртæ дын ахæрæнт дæ хæлæрттæ.
Дæ сохъхъыр цæстæй дæр дæ цæссыг куыд кæла, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ суадон басур уæд.
Дæ суадонæй баназын дын мауал бантысæд.
Дæ суадоны донмæ ма фæбæлл, фæлæ дæ дзы ацаходыны бон мауал фæуæд.
Дæ суадоны куыдз бамбийæд æмæ дзы афтæмæй фæнуаз.
Дæ сугсæттæгæй афтид абад.
Дæ сугсæттæгæй æнæсугсæттæг аззай мæ хъæбулты тæригъæдæй, æндæр дын исты куы зæгъон.
Дæ сугсæттæджы бон дыл акæнæд.
Дæ сулæфæнтæ ахус уæнт.
Дæ сулæфæнтæ бамбийæд.
Дæ сулæфæнтæ фæхуынчъытæ уæнт.

Дæ сулæфæнтæй фæхъæрз дæ кæстæрты тæригъæдæй, уыдон тымыгътæм сурынæй чи фæсахъатджын кодта.
Дæ сулæфæнты — æвзæрниз.
Дæ сулæфæнты рак фæзынæд.
Дæ сулæфæнты — хæцгæниз.
Дæ сусу-бусу фæцæуæд.
Дæ сусу-бусуйæ — дæ мæлæт.
Дæ сучъитæ бахус уæнт.
Дæ сучъитæ дыл бадон уæнт.
Дæ сучъитæ дын дæ фæсчъылдымæй фелвæстæуæд.
Дæ сучъитæ дын уæхстыл кондæй, цæххызæрстæй фенæд мæнæй уый.
Дæ сучъитæ мæ куыйтæн хæринаг фæуæнт.
Дæ сучъитæ — мæ дзыхы.
Дæ сучъитæй фæхъæрз.
Дæ сучъиты физонæгæй дын фæхуыфæд.
Дæ сучъитыл дын мæ уд цæхх айзæрæд.
Дæ сыбар-сыбур мауал райхъуысæд.
Дæ сыбар-сыбургæнæн дзых мæрæй айдзаг уæд.
Дæ сыбар-сыбургæнæн дзыхы — стыррыны цæф ныффидар уæд æмæ йын скъахын мауал бантысæд.
Дæ сыбар-сыбургæнæн дзыхыл згæ гуыдыр фæдзедзыкка кæнæд æхсæвæй-бонæй.
Дæ сыбыртт мауал райхъуысæд Уæлладжы цæфæй.
Дæ сыджытæй æнæхай фæу.
Дæ сыджытыхай дæ ма айсæд.
Дæ сыджытыхайæ æнæ сыджытыхай фæу, мæ разæй куынæ фæуай.
Дæ сыджытыхайыл мауал сæмбæл, кæд мын мæ къахт ингæн куыд бастай.
Дæ сыкъа асæттæд.
Дæ сыкъатæй зæхх фæкъах.
Дæ сыл дыл сайдæй рацæуæд.
Дæ сылæй æнæхай фæу.
Дæ сылыкъах амæлæд.
Дæ сылыкъах дæ дзæгъæл ныууадзæд.
Дæ сылыкъах дæ уæзгуытыл ниугæ фæцæуæд.
Дæ сылыкъах дæ зæрдæскъуыд фæкæнæд.
Дæ сылыкъах дæ иунæгæй аззайæд.
Дæ сылыкъах дæ мæгуырхуызæй фæцæуæд.
Дæ сылыкъах дæ мæрдæй кæугæ-ниугæ адæмы уæзгуытыл фæхитæд.
Дæ сылыкъах дыл йæ бындзгуытæ фæтонæд.
Дæ сылыкъах дыл саутæ скæнæд.
Дæ сылыкъах дыл сауты бæсты урсытæ скæнæд.

Дæ сылыкъах дыл тугцæссыг фæкалæд.
Дæ сылыкъах дыл фырадæргæй йæ рустæ хæрдмæ алæбырын кæнæд.
Дæ сылыкъахæй афтид абад.
Дæ сылыкъахæй æнæсылыкъах фæу.
Дæ сылыкъахæй дæ сæрыстырæй рацæуыны бон макуы фæуæд.
Дæ сылыкъахмæ рады фæлæуу.
Дæ сылыкъахы æлгъыст дыл рæхджы бонты æрцæуæд.
Дæ сылыкъахыл дæ бон ма цæуæд.
Дæ сылыкъахыл мæрдтæм цу æмæ дын йæ цурмæ бацæуæн ма уæд.
Дæ сыла-нæла сæр мæрдтæм бахæсс.
Дæ сыла-нæла сæр мæрдты ‘хсæн фæтъысс.
Дæ сыла-нæла цæсгом дыл басудзæд.
Дæ сыла-нæлайæ — дæ сæфт.
Дæ сылгоймаг дæм йе ‘ргом макуы раздахæд.
Дæ сылгоймаг дын йæ зæрдæйы дуæрттæ макуы байгом кæнæд.
Дæ сылгоймагæй æнæ сылгоймагæй аззай.
Дæ сылгоймагыл куыд аудыс, афтæ дыл саудæд Хуыцау.
Дæ сылгоймагыл куыд æнувыд дæ, афтæ ацæуæд дæ цард.
Дæ сылгоймаджы тæригъæд дын баззайæд.
Дæ сылгоймаджы тæригъæд дын Хуыцау дæ рагъæй макуы аппарæд.
Дæ сылгоймаджы цардæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ сылгоймаджы цас уарзыс, Хуыцау дæ уыйбæрц бауарзæд.
Дæ сылы стуаг уæд.
Дæ сылыйы хай акæлæд.
Дæ сылыйы хай аззайæд æнæхæрдæй.
Дæ сынкъ ныллæмарын дын ма бантысæд.
Дæ сынкъæй — де сæфт.
Дæ сым-сым фæцæуæд ноджыдæр.
Дæ сым-сымæй дæ фарсмæ æрлæууæг ма уæд.
Дæ сынтæг куыд у, афтæ дын дæ къæхтæ адаргъ кæнын макуы бантысæд.
Дæ сынтæгыл амæл.
Дæ сынтæгыл æргæвст æрцу.
Дæ сынтæджы æмбæрц макуы су.
Дæ сынтæджы æмбæрц суæвынмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Дæ сыппавæрæн бон басудзæд.
Дæ сыст амарынхъом ма бау.
Дæ сыстыл трактор куыд фæлдæха, ахæм рæстæг дыл рæхджы ныккæнæд.

Дæ сыстыты холы фæу.
Дæ сыстауæг дæ хуызæн суæд.
Дæ сыстауæг дæуæй хуыздæр лæгыл макуы сæмбæлæд.
Дæ сыстауæгыл фæку.
Дæ сыстауæджы хуызæн су.
Дæ сыстæггаг дæм макуы фæхæццæ уæд.
Дæ сыстæггаг дыл ма сæмбæлæд.
Дæ сыстæггаг дын иунæгæй макуы батайæд.
Дæ сыстæггагæй æнæхай фæу.
Дæ сыфтæр аирвæзæд.
Дæ сыфтæр аирвæзæд дæ каисты артдзæсты.
Дæ сых дыл фæкæуæнт.
Дæ сыхæй æнæсых фæу.
Дæ сыхимæ арахъхъы ласт фæут.
Дæ сыхы фæндиаг дæ де Скæнæг фæкæнæд.
Дæ сыхыл мауал сæмбæл.
Дæ табæт дæ хæдзарыл ма сæмбæлæд.
Дæ табæт сыджыт ма ссарæд.
Дæ табæтмæ дын фæниудæуæд æмæ фæдзынæзтæуæд.
Дæ табæты фæрстыл дæ ахсджиæгтæ сæ сæртæ фæхойæнт рæхджы бонты.
Дæ табæтыл дын схæцæнт.
Дæ таг адарддæр кæнынæн ма су.
Дæ таг бахус уæд.
Дæ таг дæ ном базонынæн ма суæд.
Дæ таг дæ фæдыл цы алвасай, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ таг дæуыл аскъуыйæд.
Дæ таг дын дæ ном демæ баныгæнæд.
Дæ таджы сæрылхаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ таджы сæрылхæцджыты фæныгæн.
Дæ тау рæхджы бахус уæд.
Дæ тауæй дæ зæрдæ ма барухс уæд.
Дæ тауы дидинрафтыд ма фен.
Дæ тауауагъдæй дæ удист фæраздæр уæд.
Дæ тауауагъдыл байрайыны бон дын Уæлладжы цæст макуы бон бауарзæд.
Дæ тæнзæрдæ атъæпп уæд.
Дæ тæнзæрдæйæ фæхъæрз.
Дæ тæнзæрдæйыл де 'намонды хабар сæмбæлæд.
Дæ тæригъæд дын фæхæссæд дæ афхæрæг.
Дæ тæригъæд зæххы цъарыл мауал бацæуæд.
Дæ тæригъæд мыггагмæ де 'ккой фæлух.
Дæ тæригъæд фæстагæттæн æмбисондæн дзуринаг фæуæд ноджыдæр.

Дæ тæригъæд ын ма батайæд, дæу æнæхъуаджы чи афхæры.
Дæ тæригъæдæй дæ марæг хъыцъыдæттæ фæнуазæд.
Дæ тæригъæдæй дæ Хуыцау басудзæд.
Дæ тæригъæдæй мысты хуынкъ туманæй фæагур.
Дæ тæригъæды бацæуыны фæстæ дæ марæг йæ ахсджиæгты игæртæ фæхæрæд.
Дæ тæрных басæттæд.
Дæ тæрных фæриссæд.
Дæ тæрныхæй дæлгом-уæлгомгæнгæ фæхъæрз.
Дæ тæф фæкæлæд.
Дæ тæфæй де 'мгæрæтты ацæуæнтæ куыднæуал уа, Уæллагæй дыл ахæм æмбисонд акæнæд.
Дæ тæфы бамби.
Дæ тæхæн базыртæ асæттæнт.
Дæ тæхæн базыртæ зæххыл ласгæ фæцу.
Дæ тæхæн базырты тæригъæд дын фиддон фæуæд.
Дæ тæхæн базыртыл цъæх арт сирвæзæд.
Дæ топп дæ къухыл фæирвæзæд.
Дæ топпæй хъазын дын ма бантысæд.
Дæ топпæхст дæ риуыгуыдырыл сæмбæлæд.
Дæ топпæхст фæмæнг уæд.
Дæ туг акæлæд.
Дæ туг æнæистæй бамбийæд.
Дæ туг æруазал уæд.
Дæ туг дæ хъæлæсæй фæкæлæд.
Дæ туг райсын дын ма бантысæд.
Дæ туг сурс уæд, дæ къахыл куыд никуыуал слæууай.
Дæ туг фæмиз.
Дæ туг фæом.
Дæ тугисджытæ дын дæ сау туг ныккалæнт.
Дæ туджджын дыл хæрхæмбæлд фæуæд.
Дæ туджджынимæ уæ кæрæдзийы кæрдтыл бафтут.
Дæ туджджыны къухы лæвæрд фæу.
Дæ тугдадзинтæ аскъуыйæнт.
Дæ тугдадзинтæй дæ туг акæлæд.
Дæ тыл ныххауæд.
Дæ тых бадон уæд дæ тыхдзырдмæ.
Дæ тых басæттæд мæ тæригъæдæй.
Дæ тыхæй дæ фæиппæрд кæнæд Уæллаг.
Дæ тыхы дæ Хуыцау ма бацæуын кæнæд.
Дæ тыхы фæдыл цæугæйæ дæ бæрзæй асæтт.
Дæ тыхыл дæ де Скæнæг макуы бауæндын кæнæд.
Дæ тъанг аскъуыйæд адæмы фæзмгæйæ.
Дæ тъæнгтæ дæ фæдыл ласгæ фæцу.
Дæ тъæнгтæ дæ хъæлæсæй фæкал.

Дæ тъæнгтæ дæ рагъыл цы баныхæсой, уыцы ‘лгъыст дæ баййафæд.
Дæ тъæнгтæ фелхынцъ уæнт.
Дæ тъæнгтæй дæлфæдтæ-уæлфæдтæ фæкæн.
Дæ тъæнгты — низ.
Дæ тъæнгты стыррыны цæф судзгæ æмæ дудгæ ацæуæд.
Дæ тъæнгты рак йæ уидæгтæ ауадзæд.
Дæ уаг базонынæн ма су.
Дæ уагæй дæ ахсджиæгтæ фæцæуæнт.
Дæ уагæй дæ бинонтæ фæцæрæнт.
Дæ уагыл дæ Уæллаг ма ныууадзæд.
Дæ уаджы хуызæн дæ Хуыцау скæнæд.
Дæ уадултæ цъæх арт фæуадзæнт.
Дæ уадулты арты басудз.
Дæ уадындз дæ къухæй ахауæд.
Дæ уадындз схъисгай ныссæттæд.
Дæ уадындзæй ацæгъдын дын мауал бантысæд.
Дæ уазæг æмæ дæ дæ бирæгъыхай лидзинаг фæуæнт.
Дæ уазæг дæ райгондæй макуы баззайæд.
Дæ уазæгæй æнæуазæг фæу.
Дæ уазæгимæ уæ кæрæдзийы ахсджиæгты мæрдтæм фæцæут æввахс рæстæджы.
Дæ уазæджы хист куыйтæн ратон-батонинаг фæуæд.
Дæ уазæггаг дæ хъуырæй скæлæд.
Дæ уазæггагæй дæнгæлмард фæу.
Дæ уалдзæг дыл мауал æрцæуæд.
Дæ уалдзæг кæугæ-дзыназгæйæ арвит.
Дæ уалдзæг мауал баййаф.
Дæ уалдзæгæй мацы фен.
Дæ уалдзæгыл дæ Хуыцау мауал сæмбæлын кæнæд.
Дæ уалдзæджы къæсæрæй бакæсын дын ма бантысæд.
Дæ уалдзæджы къæсæрыл — дæ удисæн.
Дæ уалдзæджы хурæй æнæхай фæу.
Дæ уалдзыгон бонтæ дæ фарсæй фæуæнт.
Дæ уалдзыгон бонтæ мауал батон.
Дæ уаргъ де ‘ккойæ макуы ахауæд.
Дæ уаргъ дын макуы мачи айсæд.
Дæ уаргъæй дæ къуым къуымхуыз макуы бауæд.
Дæ уаргъы бын дæ астæу макуы сраст кæн.
Дæ уаргъы бын дæ мæлæт æрцæуæд.
Дæ уаргъыл дын схæцæг макуы мачи фæуæд.
Дæ уаргъхæссæн уæхсчытæ æркæлæнт.
Дæ уарзæгой уд мæрдтæм бахæсс.
Дæ уарзон адæм дыл рахæтæнт.
Дæ уарзон адæмимæ цæрынæй ма бафсæд.

Дæ уарзон адæмы хорзæх макуы ссар.
Дæ уарзон амæлæд.
Дæ уарзон дыл æгады сайдæй рацæуæд.
Дæ уарзон мæнæн баззайæд.
Дæ уарзонæй æнæуарзон цы фæуай, уый дын — мæ хуыздæр арфæ.
Дæ уарзонмæ фæбæлл æмæ дæ йæ феныны бонмæ Уæллаг мауал ауадзæд.
Дæ уарзонимæ хъæрмуд цардмæ фæбæллут æмæ уын æй Хуыцау уæ къухы макуы бафтауæд.
Дæ уарзоны амонд фæхæсс æмæ зæхх дæ быны судзгæ фæцæуæд.
Дæ уарзоны бон дыл акæнæд.
Дæ уарзоны зæрдæйæ фæфизонджытæ кæн.
Дæ уарзоны номыл дæ фыды артдзæсты фæтон дæ сы... фы хъуынтæ.
Дæ уарзоны цæнгтыл сис дæ уд.
Дæ уарзоны цæсгом фенын дын мауал бантысæд.
Дæ уарзоныл мæ бон акæнæд æмæ йын йæ саутæ сисын мауал бантысæд.
Дæ уарзоныл фæу зæрдæскъуыд.
Дæ уарзоныл фембæлын дын мауал бантысæд.
Дæ уарзт дæ зæрдæйы фæндиаг макуы ацæуæд.
Дæ уарзтæй дæ Хуыцау фæхуыдуг кæнæд.
Дæ уарзтæй лидзинаг фæу.
Дæ уарзты адджынтæ фенын дын ма бантысæд.
Дæ уæзæг дурæппарæн фæуæд.
Дæ уæзæг дзæгъæл баззайæд.
Дæ уæзæг уæзæгуат фæуæд.
Дæ уæзæгæй дын дæ судзгæ мард рæхджы ахæссæнт.
Дæ уæзæгæй æхгæд машинæйыл ласгæ цы фæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ уæзæгмæ ма фæхæццæ у.
Дæ уæзæгыл амæлын дын ма бантысæд.
Дæ уæзæгыл дæ мард ма сæмбæлæд.
Дæ уæзæгыл дын уидаг ауадзын мауал бантысæд.
Дæ уæзæгыл мауал сæмбæл.
Дæ уæзæгыл цардхъом макуы бонты бау.
Дæ уæзæгыл цæрынæй ма бафсæд.
Дæ уæзæджы фарн ма фен.
Дæ уæзæджы фарнæй дæ Хуыцау æнæхай фæкæнæд.
Дæ уæййаг аргъ макуы райсæд.
Дæ уæййагæн аргъ скæнын макуы базон.
Дæ уæларт рафтау дæ дæндаг.
Дæ уæлартæй дæ баныгæндæуæд.

Дæ уæлартæй искуыдæм бæлцуаты ацæуынхъом макуы бау.
Дæ уæлзæххон хъуыддæгтæ æрдæгкондæй баззайæнт.
Дæ уæлзæххон хъуыддæгтæ скæнын дын ма бантысæд.
Дæ уæлзæххон цардæй дæ зæрдæ фæцъæх уæд.
Дæ уæлмæрд ма ссар.
Дæ уæлмæрдмæ ма фæхæццæ у.
Дæ уæлмæрдмæ фæндагыл хæрæгсындз æрзайæд.
Дæ уæлфад гал фæлæууæд.
Дæ уæлфады рыстæй дæ сæрыхъуынтæ фæтон.
Дæ уæнгтæ æрызгъæлæнт.
Дæ уæнгтæ бадон уæнт.
Дæ уæнгтæ дæ зæрдæйы фæндиаг макуы айтынг кæн.
Дæ уæнгтæ дæ коммæ мауал бакæсæнт.
Дæ уæнгтæ дæ фæдыл фæлас.
Дæ уæнгтæ радгай фæныгæн.
Дæ уæнгтæ цы фезгъæлой, Уæллагæй дыл ахæм фыдцæф сæмбæлæд.
Дæ уæгтæй фæхъæрз æмæ фæнæт.
Дæ уæнгты æмбæрц дарæс скæнын дын макуы бантысæд.
Дæ уæраг асæттæд.
Дæ уæраг – дæ быны.
Дæ уæраджы дын зынг уæхст азылдæуæд.
Дæ уæрджыты магъз дын Хуыцау бадон кæнæд мæ уæззау тæригъæдæй.
Дæ уæрджытыл фæбыр.
Дæ уæрджытыл фæцу дæ ахсджиæгтæм.
Дæ уæрдон дæ дард балцы асæттæд.
Дæ уæрдон суджы бæсты судзинаг фæуæд.
Дæ уæрдоныл дын дæ сау мард мæ уд æрбаласæд.
Дæ уæрмы æвæрд æрцу.
Дæ уæхск ацъæл уæд.
Дæ уæхск фелвæсæд æмæ йæ сисынæн мауал су.
Дæ уæцъæф тъæппытæ фæхауæд.
Дæ уæцъæфæй – дæ мæлæт.
Дæ уæцъæфы – дæ сæр.
Дæ уд сис.
Дæ удæгас ницыуал у æмæ дæ рæхджы Стыр Хуыцау мард фæкæнæд.
Дæ удæгасæй дæ мæлæт хуыздæр у æмæ дæ Уæллаг æркъуырæд.
Дæ удæгасы дзыхы – дæ чъизитæ.
Дæ удисæн фæкæн.
Дæ уд исын ма бафæраз.
Дæ уд исыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ удисыныл архай æмæ уый дæр дæ бон мауал уæд.

Дæ удхайраг цард дæ къухæй макуы ахауæд.

Дæ уды мæрдæй дзæгъæл баззайæнт дæ муртæ.

Дæ удылхæцæг дæ бахæрæд.

Дæ удылхæцæгæн де ‘взæртæ — фæлдыст.

Дæ удылхæцæгæн, цы нæ хъæуы, уыдæттæ фæкæн адæмы тæригъæдæй.

Дæ удылхæцæджы дзыхы — æвзæртæ.

Дæ удхæссæг дæ ахæссæд тагъд рæстæджы.

Дæ удхæссæг дæ фæсхъустæм лæуд фæуæд.

Дæ удхæссæджы къухты æфтыд фæу.

Дæ удыхос дæ къухы ма бафтæд.

Дæ удыхос дæ къухы уæд æмæ дзы спайда кæнын дæ бон ма бауæд.

Дæ уис æрдæгхастæй баззайæд.

Дæ уисы сæрты ахизынæн ма бау.

Дæ ус дæ бынтыл фæкафæд.

Дæ ус мæнæн баззайæд.

Дæ усæй æнæусæй фæцу.

Дæ усæй дæ къух рæхджы дæ дзыхы акæн.

Дæ усæй къæпдзыхæй аззай.

Дæ усы фæндиаг фæу.

Дæ усы цæстытæм фæдзыназ.

Дæ усыл дæ дзырд ма ‘рбадæд.

Дæ усгур фыдамондгур фæцæуæд.

Дæ усгурæй æнæдарæг, æнæуромæг фæу мæ судзгæ тæригъæдæй.

Дæ усгуры чындзæхсæв бахæрын дын ма бантысæд.

Дæ ускуырд фæмæнг уæд.

Дæ уынд басудзæд.

Дæ уынды бæсты дæ Хуыцау фæцæуын кæнæд.

Дæ уынды фæхъхъау дæ Уæллаг фæкæнæд.

Дæ уырг ныххауæд.

Дæ уырджы дур фæзынæд.

Дæ уыргæфтыд мын Хуыцау фенын кæнæд.

Дæ уыргæфтыдæй — дæ мæлæт.

Дæ фаг дæ макуы мацæмæй фæуæд.

Дæ фаг дæ сыджытæй дæр ма фæуæд.

Дæ фагыл дæ Хуыцау макуы ‘рлæууын кæнæд.

Дæ фадхъул асæттæд.

Дæ фадхъул фездыхсæд дæ быны.

Дæ фадхъулмæ цъыфы фæлæгæрд.

Дæ фаджыс фæстæмæ куыд хæрай, уыцы бон дыл акæнæд де стонггуыбын бинонты тæригъæдæй.

Дæ фаджыс фезмæнт.

Дæ фаджысы – дæ мæлæт.
Дæ фаджысыл фæкæл.
Дæ фазыл фæбыр.
Дæ файнустæй дарддæр дын сæрылхæцæг мачи разынæд.
Дæ файнусты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ фарн – фынæй.
Дæ фарнæй дæ кæстæртæн мацы баззайæд.
Дæ фарны хъуыддæгтæ дæ разæй амæлæнт.
Дæ фарны хъуыддæгтæ макæмæ фехъуысæнт.
Дæ фарныл нытту кæн.
Дæ фарнхæсджытæ дæ фарнсафджытæ фестæнт.
Дæ фарнхæсджытæй бацарæфтыд у.
Дæ фарнхæсджытæм фарны хъуыддаг макуы фехъуысæд.
Дæ фарнхæсджытыл фарны дзырд макуы сæмбæлæд.
Дæ фарс атонæд.
Дæ фарс бамбийæд дæ уæлæ.
Дæ фарс дæ уæлæ бахус уæд.
Дæ фарсæй акæлæнт мæ дзæбæхтæ.
Дæ фарсæй фæуæнт, мæ хъуагæй цы адджинæгтæ ахордтай, уыдон.
Дæ фарсмæ дæ кæстæр макуы балæууæд.
Дæ фарсмæ иу фарсхæцæгыл дæ цæст макуы схæцæд.
Дæ фарсмæ какон сындз æрзайæд.
Дæ фарсы Алардыйы цæф ацæуæд.
Дæ фарсы – стыр рын.
Дæ фарсы тæнæгæй акæлæнт, давæггагæй кæй ахордтай, уыцы нард хæйттæ.
Дæ фарсы тæнæгæй фæуæнт мæ лæггæдтæ.
Дæ фарсы тæнæгæй фæуæнт дæ давæггæгтæ.
Дæ фарсыл абыр.
Дæ фарсласæджы хуызæн су.
Дæ фарсылæвзаг аскъуыйæд.
Дæ фарсылæвзаг фæдудæд.
Дæ фарсылæвзаг фæдудæд æмæ фæсудзæд уыцы цывзыджын арахъхъæй.
Дæ фат суадзыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæ фат фаджысы рагъыл суайæд.
Дæ фæд айсæфæд.
Дæ фæд ма разынæд.
Дæ фæд мыггагмæ æлгъыстаг фæуæд.
Дæ фæдыл иу акæсæг мачи разынæд.
Дæ фæдыл дуртæ феппæрстæуæд.
Дæ фæдыл куыдз рарæйæг дæр ма уæд.
Дæ фæдыл хæрæгсындз æрзайæд.

Дæ фæдыл цъиуызмæлæг дæр цынæ баззайа, ахæм фыдæлгъыст дыл æрцæуæд.

Дæ фæдисонтæ дæ хæдзарыл мауал сæмбæлæнт мæ сабиты тæригъæдæй.

Дæ фæдисонæй æнæ фæдисыцæуæг фæу.

Дæ фæдисонæн йæхи фæдыл фæдисы цæуын цы бахъæуа, уыцы бон дыл акæнæд.

Дæ фæдисоны дæм тугамæхстытæй æрбахастæуæд.

Дæ фæдисоны сау сынт дын дæ къæсæрыл балæууын чындæуæд.

Дæ фæдисоныл арвы цæф сæмбæлæд.

Дæ фæдонтæй æнæфæдон фæу.

Дæ фæдонтæй æнæфæдон цы фæуай рæхджы бонты, ахæм æлгъыст дыл æрбамбæлæд, мæ къона.

Дæ фæдонты сæрыбæсты фæцу.

Дæ фæдонтыл æвæндоны хъарджытæ фæкæн.

Дæ фæдонтыл фæндоны хъарджытæ фæнывæнд.

Дæ фæздæг бамынæг уæд.

Дæ фæздæг мауал скæлæд.

Дæ фæздæг скæлæд тагъд рæстæджы.

Дæ фæздæг фæкал.

Дæ фæздæг Хуыцауы цæстытæ цы къаха, ахæм амонд дæ уæд.

Дæ фæздæджы бакъæркъа у.

Дæ фæздæджы дæ бахусчъерчъи кæнæд Уæллаг.

Дæ фæззæг дыл мауал æрцæуæд.

Дæ фæззæг мауал æрæййаф.

Дæ фæззæгмæ мауал ахæсс.

Дæ фæззæджы бæркад хистытæн бахъæуæд.

Дæ фæззæджы цæст дæ уалдзæджы цæстæй фæзыддæр уæд.

Дæ фæззæджы цæст мацæмæй бафсæдæд.

Дæ фæззыгон бонтæ дыл баруайæнт.

Дæ фæззыгон хуыз райсын дын ма бантысæд.

Дæ фæззыгон хъæлæсыдзаг макуы бахуд.

Дæ фæлдыст фæуæнт дæ муртæ.

Дæ фæлдыст фæуæд мæ куыдз.

Дæ фæнд дæ хъуыры фæбадæд.

Дæ фæнд фæмæнг уæд.

Дæ фæндмæ ма фæхæццæ у.

Дæ фæндтæ дæ хъуыры ныццæм уæнт æмæ дын сæ сæххæст кæнын макуы бантысæд.

Дæ фæндтæ мæнгæхстау фæуæнт.

Дæ фæндтæ сæххæст кæнын дын дæ фыны дæр макуы бантысæд.

Дæ фæндтæ фæндтæй цы аззайой, уыцы бон дыл акæнæд мæ судзгæ тæрæгъæдæй

Дæ фæндтæй мацы рауайæд.
Дæ фæндаг алæбырæд.
Дæ фæндаг басудзæд.
Дæ фæндаг æрдæгыл фескъуыйæд.
Дæ фæндаг дæ разæй судзгæ цы фæцæуа, ахæм бон дыл акæнæд мæ уды фæндиаг.
Дæ фæндаг зæйласт фæуæд.
Дæ фæндаг зæйы бын æрбайсæфæд æмæ дын йе ссарын мауал бантысæд.
Дæ фæндаг иуабонæй-иннабонмæ дæ ахсджиæгты тугты фæмæцæд.
Дæ фæндаг куыдзæппарæн былмæ базилæд.
Дæ фæндаг къæдзæхтæ æмæ цъыфдзæстытыл фæзилæд дæ хæрынæй дæ цæрынмæ.
Дæ фæндаг цъыбыртты сыгъд бауæд.
Дæ фæндагæй амондсыгъд фæу.
Дæ фæндагæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ фæндагæй зæрдæскъуыдæй æрыздæх.
Дæ фæндагæй фæиппæрд у мæ уды тæригъæдæй.
Дæ фæндагæй Хуыцауы зæрдæ скъах.
Дæ фæндагæй цард макуы фен.
Дæ фæндагæй цардыл макуы фæхæст у.
Дæ фæндагыл амонд макуы ссар.
Дæ фæндагыл арт сирвæзæд.
Дæ фæндагыл дæ уд схауæд.
Дæ фæндагыл кæрдæг æрзайæд.
Дæ фæндагыл сыгъд ссæуæд.
Дæ фæндагыл мауал сæмбæл.
Дæ фæндагыл сындз цы æрзайа, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ фæндагыл тыппырмард фæу.
Дæ фæндæгтæ дæ фæдыл судзгæ фæцæуæнт.
Дæ фæндаггæгтæ бахæрын дын ма бантысæд.
Дæ фæндаггæгтæ дæ фарсыл ма бахæцæнт.
Дæ фæндаггæгтæ дæ хистæн бахъæуæнт.
Дæ фæнык дын ныддымдæуæд.
Дæ фæнычы фæмиз.
Дæ фæрæт дæ уырджы нынныхсæд.
Дæ фæрæт дæ фæскъæбут ныссæдзæд.
Дæ фæрæтæй æргæвст æрцу.
Дæ фæрæтæй дæ сæр дыууæ дихы фæуæд.
Дæ фæрв сугтæ дæ хистæн бахъæуæнт.
Дæ фæрныг бон ныккал.
Дæ фæрныг бон ныккалын дæр дын мауал бантысæд.
Дæ фæрныг хæдзарæй дæ тагъд рахæссæнт.

Дæ фæрныг хæдзары дын цæрын ма бантысæд.
Дæ фæсдуар амæл.
Дæ фæсдуар æппарæггаг къæбæрæй фæцæр.
Дæ фæсдуар фæджиу.
Дæ фæсдуармæ æрхауæд дæ зæронд.
Дæ фæсмонæй — де сæфт.
Дæ фæсмонæн кæрон мауал ссар.
Дæ фæсмоны таг макуы аскъуыйæд.
Дæ фæсмоныл мæ куыдз ныммæлæд.
Дæ фæстаг адæмы къухтæм æрхауæд.
Дæ фæстаг бон æлгъыстаг фæуæд.
Дæ фæстаг бонæй дæ Уæллаг фæцæрын кæнæд.
Дæ фæстаг хынджылæггагмæ æрцæуæд.
Дæ фæстаджы бон дæ рæхджы æрæййафæд.
Дæ фæстаджы нозт дын фæуæд уыцы сыкъа.
Дæ фæстаджы раныхас дын фæуæд æмæ йæ кæронмæ цынæуал ахæццæ кæнай, уыцы æмбисонд дæ баййафæд.
Дæ фæстаджы тамакодымд фæуæд.
Дæ фæстаджы худт фæкæн.
Дæ фæстæ акæсæг мауал уæд.
Дæ фæстæ æхгæд æрцæуæд.
Дæ фæстæ дур дурыл мауал баззайæд.
Дæ фæстæ дымгæ фæзилæд дæ къуымты.
Дæ фæстæ йæ цæст рахауæд.
Дæ фæстæ куыдз срæйæг дæр мауал уæд.
Дæ фæстæ куыйтæ цы фæниуой, ахæм бон дыл ныккæнæд.
Дæ фæстæ цъиуызмæлæг мауал уæд де стыр мыггагæй.
Дæ фæстæ чъырын арты басудзæнт дæ марджытæ дæ сау тæригъæдæй.
Дæ фæхсын ахауæд.
Дæ фæхсын бирæгъты холы фæуæд.
Дæ фæхсын дын рæхджы мæнæй уый лыстæг æрлыгтæ кæнæд дзаг фынгыл.
Дæ фæхсынæй æнæфæхсын фæу.
Дæ фæхсыныл дын мæнæй уый цæхх айзæрæд.
Дæ фембæлæн бон басудзæд.
Дæ фембæлæн бон дæлæмæ æрхауæд.
Дæ фембæлæн бонæн æвзæртæ — фæлдыст.
Дæ фембæлæн бонæн мацæмæй фæкуывдæуæд.
Дæ фембæлæн боны фыдæх дæ баййафæд.
Дæ фембæлæн боны хуызæн су.
Дæ фиддон æй Хуыцау фæкæнæд.
Дæ фиддон фæуæд дæ уынгæджы бон.
Дæ фидис дæ разæй фæцæуæд дæ фæстаджы бонмæ.

Дæ фидисæй дæ Хуыцау фесафæд.
Дæ фидисæй де 'взагыл рак фæзынæд.
Дæ фидисы бон дæ Уæллаг æркъуырæд.
Дæ фидисыл фæсмонæй дæхи цы хæрай, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ фидыцы фæхъхъау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ фист акалын дын макуы бантысæд.
Дæ фист акалынмæ фæбæлл æмæ йæ макуы фен.
Дæ фист калгæйæ амæл.
Дæ фос дæ мардæнхæрд фæуæнт.
Дæ фос дæ хистыты кусæрттæгтæн бахъæуæнт.
Дæ фосæй афтид абад.
Дæ фосæй æнæфос фæу.
Дæ фосæй дæ рахауинаг цæст макуы бонты бафсæдæд.
Дæ фосæй сойбылæй макуы рахиз дæ къæсæрæй.
Дæ фосы æмгад су.
Дæ фосы фæдыл – дæ мæлæт.
Дæ фыд амæлæд.
Дæ фыд дæ мæрдæй сæркъулæй фæцæуæд.
Дæ фыд – дæ хай.
Дæ фыд дыл йæ сæр дыууæ къухæй фæхойæд.
Дæ фыдæй æнæфыдæй аззай.
Дæ фыдæй фыдтæй фылдæр рæвдыд макуы баййаф.
Дæ фыдбылызтæ – дæхи.
Дæ фыдбылызтæй дæ атæлфыны бон мауал бауæд.
Дæ фыдмæ кæуынмæ фæцу.
Дæ фыдтæ дæ уæлæ бахус уæнт.
Дæ фыдтæ дæ уæнгтыл батайæнт.
Дæ фыдтæ де 'взæр сæрыл æртыхсæнт.
Дæ фыдтæ дыл бон дон кæнæд, æхсæв – зæу-зæу.
Дæ фыды амынд фæндагæй дæ Хуыцау фæиппæрд кæнæд.
Дæ фыды артдзæсты дæ мæлæт æрцæуæд.
Дæ фыды уæларт батон дæ бонтæ.
Дæ фыды уæларт рафтау дæ дæндаг.
Дæ фыды уæларт фæхир-хур кæн.
Дæ фыды фарн ахæссынæн ма бау.
Дæ фыды фæндиаг дæ Хуыцау ма байрæзын кæнæд.
Дæ фыдыл атутæ кæнын дæ цы бахъæуа, уыцы æмбисонд уыл акæнæд.
Дæ фыдыл дæ рустæ фæтон.
Дæ фыдыл кæугæ-ниугæйæ фæцу.
Дæ фыдæбон донласт фæуæд.
Дæ фыдæбонæй дæ хæдзарыл мацы бафтæд.
Дæ фыдæх дæ ахсджиаегтыл сæмбæлæд.
Дæ фыдæхæй дæхи сæр басудзæд.

Дæ фыдгул – афтæ, уый куыд бацис.
Дæ фыдгул уыйау фæуæд.
Дæ фыдгулты амæттаг фæу.
Дæ фыдгулты кæрдтыл цы бафтай, ахæм æлгъыст дыл сæмбæлæд.
Дæ фыдгулты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ фыдгултыл дæ Уæллаг фæцæуæг кæнæд.
Дæ фыдфынты амæттаг фæу.
Дæ Фыдыбæстæ дæ фæхъæрзæд.
Дæ Фыдыбæстæй æрмист фæу.
Дæ Фыдыбæстæм дæ мард ныхъхъуысæд.
Дæ Фыдыбæстыл ма сæмбæл.
Дæ фырт дæ мæрдæй йæ сæр къултыл фæхойæд.
Дæ фырт дын дæ цæстытæ æрæхгæнæд.
Дæ фыртæй æнæфыртæй аззай.
Дæ фыртыл зæрдæскъуыд фæу.
Дæ фырыхъулы хуызæн кæстæртæй æнæхай фæу.
Дæ фырыхъулы хуызæн кæстæртæй æнæхайыр скæн.
Дæ фырыхъулы хуызæн кæстæрты иугай фæныгæн.
Дæ фырыхъулы хуызæн кæстæртыл цæссыггай батай.
Дæ хабар дыл афтæ æнæнхъæлæджы сæмбæлæд, дæ хурхмæ марæн кæрдтæ куыд фæхæссай.
Дæ хабарæй дæ зæрдæ аскъуыйæд.
Дæ хай ахæрын дын ма бантысæд.
Дæ хай ахæрынæн ма бау.
Дæ хай баззайæд.
Дæ хай дæ къухæй ахауæд.
Дæ хай дæ хæдзарыл ма сæмбæлæд.
Дæ хай дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ хай мæнæн баззайæд.
Дæ хай ссарынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Дæ хай уæзгуытыл хъеллауаг фæуæд.
Дæ хай уæййаг фæуæд.
Дæ хайæ афтид аззай.
Дæ хайæ æнæхай фæу.
Дæ хайæ дæ гуыбын макуы бафсад.
Дæ хайæ дæ къух дæ дзыхы акæн.
Дæ хайæ дæ хай ма фæуæд.
Дæ хайæ лæджы зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ хайæ уæцъæфыскъуыд фæу.
Дæ хайы – марг.
Дæ хайы мыст ныххауæд.
Дæ хал, дæ бæндæн фæхауæнт.
Дæ хал дæ ралгъитæг ахæрæд.

Дæ хал макуы схауæд хорзырдæм.
Дæ хал сисын дын ма бантысæд.
Дæ халæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ халмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ дæ цæстытæ ныуурс уæнт.
Дæ хару æнæкондæй баззайæд.
Дæ харуйы къус куыйты хæринаг фæуæд.
Дæ харуйы къус æнæхæрдæй баззайæд.
Дæ хауинаг цæст дæ размæ æргæпп кæнæд.
Дæ хауинаг цæстæй мацыуал фен.
Дæ хахуыртæ дæхи сæрыл æрцæуæнт.
Дæ хахуыртæй дæ Хуыцау хæдзархæлд фæкæнæд.
Дæ хахуырты фыдтæ дæхи сæрыл æртыхсæнт.
Дæ хæдзар басудзæд.
Дæ хæдзар бынысæфт фæуæд.
Дæ хæдзар дын Хуыцау фехалæд.
Дæ хæдзар кæуæндон цы фæуа тагъд рæстæджы, уыцы фыд дыл æрцæуæд.
Дæ хæдзар номылусы хæдзар фæхуинæд.
Дæ хæдзарæй æнæхæдзар фæу.
Дæ хæдзарæй боны рухсмæ ракæсынхъом мауал бау.
Дæ хæдзарæй дын дæ мард раппæрстæуæд.
Дæ хæдзарæй мард рахæсс рæхджы бонты.
Дæ хæдзарæй уæзæджы къæйыл аззай.
Дæ хæдзармæ адæм кæуынмæ фæцæуæнт.
Дæ хæдзармæ адæм къордтæ-къордтæй фæтындзæнт.
Дæ хæдзары астæуæрæхыс дæ хъуырыл конд æрцæуæд.
Дæ хæдзары бындур ныззилæд.
Дæ хæдзары къултæ дыл бакæлæнт æмæ сæ быны дæ уд сис.
Дæ хæдзары рæбинаг цæджындз фæцудæд.
Дæ хæдзары рæбинаг цæджындз йæ бындурæй рафæлдæхæд адæмы æлгъыстæй.
Дæ хæдзары хъырттызмæлæг мауал баззайæд.
Дæ хæдзары чынты рын фæзынæд.
Дæ хæдзарыл бомбæ æрхауæд æмæ уæ дур дурыл мауал баззайæд.
Дæ хæдзарыл ма сæмбæл.
Дæ хæдзарыл ракетæ суайæд.
Дæ хæдзарыл сармадзаны нæмыг сæмбæлæд.
Дæ хæдзарыл туг ныууарæд дæ сау мæрдæй.
Дæ хæдзарыл чъырын арт сирвæзæд æмæ дзы фыццаг дæ ницæйаг сæр цъыбыртты сыгъд цы бакæна, дунескæнæг Хуыцауæй дыл ахæм фыдæлгъыст рæхджы бонты сæмбæлæд.
Дæ хæдзарвæндаг дыл рахæтæнт.
Дæ хæдзарвæндагæй æнæхæдзарвæндаг фæу.

Дæ хæдзарвæндагмæ цæргæ-цæрæнбонты дæ зæрдæйы тыппыртæ уадзынмæ фæцу.
Дæ хæдзарвæндаджы сæфт дын мæ уд фенæд.
Дæ хæдзардарæг дæ афтид абадæд.
Дæ хæдзардарæгæй къæпдзыхæй аззай.
Дæ хæдзардарæджы хист – дæ дзыхы.
Дæ хæдзархæлд дын мæ уд фенæд.
Дæ хæдзархæлдыл адæм сæ къах цы æркъуырой, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ хæрæг дæ мæрдтæн ныффæлдис.
Дæ хæрæг дын, цы нæ хъæуы, уыдæттæ фæкæнæд.
Дæ хæрæджы бын амæл.
Дæ хæрв аппарын дын ма бантысæд.
Дæ хæрвы æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ хæрд, дæ нозтыл фæмиз æмæ сæ афтæмæй дæхæдæг фæнуаз æмæ фæхæр.
Дæ хæрд дæ фарсæй фæуæд.
Дæ хæрд дæ фарсы тæнæгæй калгæ фæхит уæзгуытыл.
Дæ хæрд дын ма батайæд.
Дæ хæрд куыйтæн калинаг фæуæд.
Дæ хæрдыл дæм фæсмон æрцæуæд.
Дæ хæрзæггурæггаг æнæлæвæрдæй баззайæд.
Дæ хæрзæггурæггаг раттын дын ма бантысæд.
Дæ хæррæгъ дæ сыджытыхаймæ ма фæхæццæ уæд.
Дæ хæррæгъ халæттæн холыйаг фæуæд.
Дæ хæррæгъæй мæрдтæм мацы бахæццæ уæд.
Дæ хæррæгътæ аппарын дын макуы бантысæд.
Дæ хæррæгъты сис дæ уд.
Дæ хæс æнæфыстæй баззайæд.
Дæ хæс бафидынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дæ хæсгард – дæ уырджы.
Дæ хæсгард дæ цæстыты сагъд фæуæд.
Дæ хæсгардæй дын дæ къубал ачъепп чындæуæд.
Дæ хæсгæ мард дын мæ уд фенæд.
Дæ хæстæджытæ дыл фæкæуæнт.
Дæ хæстæджытæ дын дæ ласгæ мардмæ æртымбыл уæнт.
Дæ хæстæджытæй иу хур бон æнæхæстæгæй аззай.
Дæ хæстæджытæм додойгæнгæ æмæ дæ сæрыхъуынтæ тонгæ фæцу мæ тæригъæдæй.
Дæ хæстæджыты хистытæ фæхæр.
Дæ хæстмондаг зæрдæ хæстыскъуыд фæуæд.
Дæ хæстмондаг сæр хæсты цæхæрæй цы басудза, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæ хид ныккæлæд.

Дæ хидтæ дæ фæдыл кæлгæ цæуæнт.
Дæ хидтæ дæ фæдыл басудзæнт.
Дæ хидтæ донласт фæуæнт.
Дæ хидтыл ахизыны бон дын Хуыцау мауал раттæд.
Дæ хин дæ сæрыл æртыхсæд.
Дæ хинтæ дæ хæдзарæй ма рацæуæнт.
Дæ хинтæй амæл.
Дæ хинтæй цъæх арт фæуадз.
Дæ хинтыл фæкæл.
Дæ хист дын бахæрæд.
Дæ хист — мæ дзыхы.
Дæ хистмæ дын æрбацæуæнт адæм.
Дæ хисты къæбæртæ — мæ дзыхы.
Дæ хисты къæбæртыл дын куыйтæ сæ кæрæдзи фæратонбатон кæнæнт.
Дæ хистаг фæуæд дæ гайлаг.
Дæ хицау дын де сæфт фенæд.
Дæ хицауæй æнæхицау фæу.
Дæ хо дыл йæ зæрдæйы тыппыртæ суадзæд.
Дæ хо дыл фæкæуæд.
Дæ хойы зæрдæ ссарынæн ма бау.
Дæ холы бирæгътæн раскъуын-баскъуынинаг фæуæд.
Дæ хорзæх дыл ма сæмбæлæд.
Дæ хорзæхæй æнæхорзæх фæу.
Дæ хорзæхыл мæ куыдз фæмизæд.
Дæ худ адæмы къæхты бын æууæрдинаг фæуæд.
Дæ худ ахауæд.
Дæ худджынтæй æнæныгæдæй баззай.
Дæ худджынты фæныгæн.
Дæ худы кад хæссынæн ма бау.
Дæ хур анығуылæд.
Дæ хур дыл мауал скæсæд.
Дæ хурæй æнæхай фæу.
Дæ хурыхай ахуыссæд.
Дæ хурыхайæ æлгъыст фæу.
Дæ хуры цæст бацъынд уæд.
Дæ хуры цæстæй ма бафсæд.
Дæ хурхæй фæхъæрз.
Дæ хурхы рак фæзынæд мæ тæригъæдæй.
Дæ хурхы сæртæ фæхæсс.
Дæ хурхы стыррыны цæф цы фæзына, уыцы бон дыл акæнæд Уæлладжы æлгъыстæй.
Дæ хурхыл де знаджы кард асæрфæд йæхи.
Дæ хуыз басудзæд.

Дæ хуыз фæцæуæд.
Дæ хуыз фесæфæд.
Дæ хуызæй дæ мидæг мацыуал аззайæд.
Дæ хуызæны азарæй басудз.
Дæ хуызæны сæрмæ мард æрцу.
Дæ хуызы фæхъхъау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ хуыздæр амæлæд æмæ дæхæдæг фæу.
Дæ хуыздæр амæлæд æмæ дæхæдæг фæхуин, уæд та.
Дæ хуыздæрты мæрдтæ мæм æрбайхъуысæнт.
Дæ хуыздæрты мæрдтæ фен.
Дæ хуыздæрты мæрдтæн бахъæуæнт дæ муртæ.
Дæ хуыздæрты фæхъхъау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ хуылфæй фæнæт.
Дæ хуылфы тæвдцæхæр ацæуæд.
Дæ хуымгæнд æнæтыдæй баззайæд.
Дæ хуымгæнд бабæстон кæнынмæ дæ дæ ахсджиæгты хистытæй мауал равдæлæд.
Дæ хуымзæхх æгуыстæй баззайæд.
Дæ хуымзæхх дурæппарæн фæуæд.
Дæ хуымзæхх дзæгъæл баззайæд.
Дæ хуыссæг фæлидзæд.
Дæ хуыссæгæй æнæхай фæу.
Дæ хуыссæн мауал ссар.
Дæ хуыссæнмæ мауал баирвæз.
Дæ хуыссæны фæсæй.
Дæ Хуыцау дæ ралгъитæд.
Дæ Хуыцау дыл æркæлæд.
Дæ Хуыцау дыл фæкæуæд
Дæ Хуыцауæй æлгъыст фæу.
Дæ Хуыцаумæ дæ арфæ ма фехъуысæд.
Дæ Хуыцауы фыдæх дыл ныккæлæд.
Дæ Хуыцауыхай дыл æркæлæд.
Дæ Хуыцауыхай дыл галиумæ рацæуæд.
Дæ Хуыцауыхай дыл йæ цæхæртæ æркалæд.
Дæ Хуыцауыхай дын тæрхонгæнæг фæуæд.
Дæ Хуыцауыхайæ æлгъыст фæу.
Дæ Хуыцауыхаймæ фæлæгъстæ кæн æмæ йæм дæ куывд макуы фехъуысæд.
Дæ Хуыцауы цæст рахауæд, дæу йе сфæлдисгæ зæххыл цæуын чи уадзы.
Дæ Хуыцауы цæст рахауæд, дæуæн йе сфæлдисгæ зæхх чъизи кæнын кæй цæст уарзы.
Дæ хыз ныккæныны бон дын Уæллаг ма раттæд.
Дæ хыз сисын дын ма бантысæд.

Дæ хызы бын дæ уд схауæд.
Дæ хым-хым фæцæуæд.
Дæ хъавд фæмæнг уæд.
Дæ хъавдæй мацы рауайæд.
Дæ хъадамантæ аппарын дын макуы бантысæд.
Дæ хъазт дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ хъазт Хъазийы хъазт фæуæд.
Дæ хъал бон ныккал.
Дæ хъал бонæй дæ Хуыцау бирæ ма рацæрын кæнæд.
Дæ хъама дæ фæсонтæй акæсæд.
Дæ хъама йæ кæрддзæмы сызгæ уæд.
Дæ хъамайыл æрхау.
Дæ хъамайыл дæ цы æрсагъдæуа, рæхджы дыл ахæм бон акæнæд мæ уды тæригъæдæй.
Дæ хъарæг фæцæуæд ноджыдæр.
Дæ хъарæджы таг мауал аскъуыйæд.
Дæ хъару асæттæд.
Дæ хъару батайæд де знæгты фæндиаг.
Дæ хъаруйы цæсты фæкæс æмæ дын иу хъуыддаг кæронмæ акæнын макуы бантысæд.
Дæ хъæбул амæлæд.
Дæ хъæбулæй æнæ хъæбулæй аззай.
Дæ хъæбулы фыдтæ фæхæр.
Дæ хъæбулыл, йæ хъæбул йæ хæдзарыл кæмæн нал сæмбæлд, уый судзаггаджы бон акæнæд.
Дæ хъæд-хъиутæ дæр мауал сæмбæлæнт дæ мæгуыр хæдзарыл.
Дæ хъæд-хъиутæ фæхæр.
Дæ хъæлæс амыр уæд.
Дæ хъæлæс бахус уæд.
Дæ хъæлæс мауал райхъуысæд де 'мгæртты рæгъæй.
Дæ хъæлæсæй фæнæт.
Дæ хъæлæсы марг фæзынæд.
Дæ хъæр бамыр уæд.
Дæ хъæр дæхимæ дæр мауал фехъуысæд.
Дæ хъæрæй бакъуырма у.
Дæ хъæрæй дæ хъæлæсы уадындзтæ атонæд.
Дæ хъæрмæ дæ хъусты къæрмæджытæ фæзынæд.
Дæ хъæрзын фæцæуæд.
Дæ хъæрзынæй дын æрлæуд ма уæд.
Дæ хъæстæ дæ ферох кæнæд.
Дæ хъæстæйæ дæхæдæг æрбахухулæг у.
Дæ хъæстæйы æлгъыстæй сис дæ уд.
Дæ хъæубæстæ дын дæ мард фенæд.
Дæ хъæубæстæ дын дæ сæфтмæ фæтындзæнт.

Дæ хъæубæсты æлгъыст дæ баййафæд.
Дæ хъæубæсты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд, де ’фхæрд адæм дын сæ цæсты дзаг куыд феной.
Дæ хъæууон митæ аппарын дын ма бантысæд.
Дæ хъæууон цард фæмыс æмæ йæ дæ цæсты тигъæй дæр макуыуал фен.
Дæ хъæуист сæр амæлæд.
Дæ хъæуист сæр дын — хæринаг.
Дæ хъиамæт дын дон йæ бынмæ аласæд.
Дæ хъиамæтæй дæ хæдзармæ мацы фæхæццæ уæд.
Дæ хъиамæтæй дæ хæдзарыл иу мæртыдзаг макуы бафтæд мæ уды тæригъæдæй.
Дæ хъизæмар дын мæ уд фенæд.
Дæ хъизæмарæй дæ Уæллаг макуы фервæзын кæнæд.
Дæ хъиласы дæ хистæн æргæвст æрцæуæд.
Дæ хъиласыйæ æнæрай скæн, уынгмæ рахизын ма нæ куы бауадза.
Дæ хъиласыйы сытыл сагъд æрцу.
Дæ хъиутæ бахæр.
Дæ хъиутæ хæргæйæ батон дæ царды бонтæ.
Дæ хъиу-хъиу фæцæуæд.
Дæ хъиу-хъиуæй дæ цæрынæй дæ хæрынмæ макуы банцай.
Дæ хъомыс — Алеуы хæхтæм.
Дæ хъомыс — дæ мæрдтæм.
Дæ хъул сах макуы абадæд.
Дæ хъултæ фæриссæнт.
Дæ хъултæй фæхъæрз.
Дæ хъулон хъæбул амæлæд.
Дæ хъулон хъæбулы фыдтæ фæцæхджын кæн.
Дæ хъулон хъæбулы хист — дæ дзыхы.
Дæ хъус ахауæд.
Дæ хъус макуы ныззарæд.
Дæ хъус ныззарæд, дæ цæгатæй ныфс кæмæй авæрыс, уыдон сæфтыл.
Дæ хъусты — хъуснiз.
Дæ хъусæнтæ — сау сыджыты.
Дæ хъусæнтæй бон туг цæуæд, æхсæв — хæф.
Дæ хъусæнтæй фæхъæрз.
Дæ хъуыды куыд фесæфа, ахæм фыд дыл æнæнхъæлæджы æрбамбæлæд.
Дæ хъуыды схæццæ уæд.
Дæ хъуыр фæриссæд.
Дæ хъуыры — къах.
Дæ хъыпп-сыпп мауал райхъуысæд.

Дæ цалх асæттæд.
Дæ цалх ахауæд.
Дæ цалх фæхуынкъ уæд.
Дæ цалхæн атулын мауал бантысæд.
Дæ цар æртæдзæд.
Дæ цар бамбийæд æмæ дæ сæрыл æркæлæд.
Дæ цар дыл ныккæлæд.
Дæ цард аллайаг фæуæд.
Дæ цард дзырддаг цы фæуа, уыцы бон дæ баййафæд.
Дæ цард йæ хъуыры аирвæзæд.
Дæ цард мын баззайæд.
Дæ цард дæ къухæй аирвæзæд.
Дæ цард дæ тæргай фæлидзæд.
Дæ цард ма фæмыс, фæлæ дæ къухы мауал бафтæд.
Дæ цард разилæд фыдырдæм.
Дæ цард раууатмæ æрцæуæд.
Дæ цард царды хуызæн цынæуал уа, уыцы бон дæ баййафæд.
Дæ цардæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ цардæй дæ мæлæт хуыздæрыл цы нымайай, уыцы уагмæ дæ Уæллаг æрæппарæд.
Дæ цардæй дæ Хуыцау хауæггаг фæкæнæд.
Дæ цардæй куыдзы цард хуыздæр у æмæ, куыдзы мард цы акæнай, уыцы амондæй дæ Уæллаг фæцæрын кæнæд.
Дæ царды кæронмæ дæ Хуыцау ма ауадзæд.
Дæ цард-цæрæнбонтæ адæммæ хæлæггæнгæйæ батон.
Дæ цард-цæрæнбонты адæммæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцу.
Дæ цард-цæрæнбонты æнцойад макуы фен.
Дæ цард-цæрæнбонты бинонты цин макуы бавзар.
Дæ цард-цæрæнбонты дæ сыст акалынæн ма бау.
Дæ цард-цæрæнбонты дæ фазыл фæбыр.
Дæ цард-цæрæнбонты дын бон æмæ æхсæв ма уæд.
Дæ цард-цæрæнбонты дын чындзы цæуын ма бантысæд.
Дæ цард-цæрæнбонты «икъа-икъа» фæкæн.
Дæ цард-цæрæнбонты Ичъынайы калмау дæхи фæраппар-баппар кæн.
Дæ цард-цæрæнбонты къултыл хæцгæ фæцу.
Дæ цард-цæрæнбонты лæгмондаджы цард фæкæн.
Дæ цард-цæрæнбонты лæджы хуызæн лæг макуы рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Дæ цард-цæрæнбонты хорзæй мацы фен.
Дæ цард-цæрæнбонты мæ фæдыл фæралæс-балæс кæн.
Дæ цард-цæрæнбонты мæ фæндиагæй дæ сынтыл рабадынæн макуы бау.
Дæ цард-цæрæнбонтæм мæ цæстæнгасмæ фæкæс.

Дæ цард-цæрæнбонты раст ныхас макуы сирвæзæд дæ дзыхæй.
Дæ цард-цæрæнбонты рæстæгæн аргъ кæнын макуы базон.
Дæ цард-цæрæнбонты сдзырдхъом макуы бау.
Дæ цард-цæрæнбонты сыстхæрдæй фæхъиу-хъиу кæн.
Дæ цард-цæрæнбонты фыдæй-фыдмæ фæцу.
Дæ цард-цæрæнбонты хорз макуы фен.
Дæ цард-цæрæнбонты хуыздæрæнхъæл фыддæрмæ фæцу.
Дæ цард-цæрæнбонты Хуыцауæй æлгъыст фæу.
Дæ цард-цæрæнбонты цард макуы фен.
Дæ цард-цæрæнбонты «цард, цард» фæкæн æмæ цард дæ иувæрсты аивгъуыйæд.
Дæ цард-цæрæнбонты цардыл ма фæхæст у.
Дæ цард-цæрæнбонты цæрынæй макуы бафсæд.
Дæ цард-цæрæнбонты цæрыныл фæхъар дæ уд æмæ дын цæрын ма бантысæд.
Дæ цард-цæрæнбонты цоппай фæкæн.
Дæ цард-цæрæнбонты цъитийæ уæлдай макуы макæй батав.
Дæ цард-цæрæнбонты цъитийæ уæлдай макуы макæй фарс бахъарм кæн.
Дæ цард-цæрæнбонты чындзы фæцу æмæ дын чындзы фæцæуын макуы бантысæд.
Дæ цард-цæрæнбонты чъылыхдонæй баззай мæ тæригъæдæй.
Дæ цард-цæрæнбонты чъындыйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæ царм дæ уæлæ алæбырæд.
Дæ царм дæ уæлæ бахус уæд.
Дæ царм дыл бампылæд.
Дæ царм дыл банцъылæд.
Дæ царм дыл фæуæз кæнæд.
Дæ царм дын дзабыры бынтæн фæагуырдæуæд.
Дæ цармæй дæ фелвæстæуæд.
Дæ цармæй къогъодзитæ фæрæхсадæуæд.
Дæ цармæй фæхицæн у.
Дæ цармы мауал бацу.
Дæ цæгат бындзагъд фæуæд.
Дæ цæгат дæ быныл баззайæд.
Дæ цæгат донласт куыд фæуой, уыцы бон сыл акæнæд.
Дæ цæгат цæгатуат фæуæд.
Дæ цæгатæй æнæцæгат фæу.
Дæ цæгатæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ цæгатæй дæм гæдыйы лæппын дæр мауал æрбахауæд.
Дæ цæгатæй дæм халон æрбауасæг дæр мауал уæд.
Дæ цæгатæй дæм халон фæуасæд.
Дæ цæгатæй кæуын фæцæуæд.
Дæ цæгатæй сылыстæджы хъæр фæхъуысæд.

Дæ цæгаты фыдтæ хъусынæй дæ хъустæ схæлмаг уæд.
Дæ цæгатæй хъырттызмæлæг дæр мауал рацæуæд.
Дæ цæгатæй цины хъæлæба мауал фехъус.
Дæ цæгатмæ дæ ахсджиæгтæм дæ зонгуытыл фæбыр.
Дæ цæгатмæ дæ фæндæгтæ алæбырæд.
Дæ цæгатмæ кæуынмæ фæцу.
Дæ цæгаты дæхи уазæгæй фæхат.
Дæ цæгаты мæрдтæм фæцу.
Дæ цæгаты сæр дын Хуыцау байсæд.
Дæ цæгатыл дæ бындзгуытæ фæтон.
Дæ цæгатыл фæдар саутæ.
Дæ цæл дæ фарсæй фæуæд.
Дæ цæл дын ма батайæд.
Дæ цæлыл фæсмонгонд фæу.
Дæ цæрæнбонтæ æрбакъуындæг уæнт.
Дæ цæрæнбонтæ дыл æртайæнт.
Дæ цæрæнбонты адæмы хъæр куыд никуы бамбарай, Хуыцауæй ахæм æлгъыст фæу.
Дæ цæрæнбонты арвы рухс макуы фен.
Дæ цæрæнбонты дæ цардæй дæ хауд зæрдæ макуы барухс уæд.
Дæ цæрæнбонты дыл хуры цæст макуы ракæсæд.
Дæ цæрæнбонты дын «мæн у» зæгъæг мачи разынæд.
Дæ цæрæнбонты зæрдæскъуыдæй фæниу.
Дæ цæрæнбонты кукайæ фæцу.
Дæ цæрæнбонты курайæ курамæ фæцу.
Дæ цæрæнбонты макæй зæрдæ ссар.
Дæ цæрæнбонты макæуыл бацин кæн.
Дæ цæрæнбонты тона æмæ æвзонайæ фæцæр.
Дæ цæрæнбонты тона фæкæн æмæ дæ цардхуызæй макуы мачи фенæд.
Дæ цæрæнбонты хуры цæст макуы фен.
Дæ цæрæнбонты Хуыцауæй æлгъыст фæу.
Дæ цæрæнбонты хъæды халонау иунæгæй фæтон дæ хуыздæр бонтæ.
Дæ цæрæнбонты хъæды халонау саузæрдæйæ фæкæс адæмы зæрдæтæм.
Дæ цæрæнбонты чъырын арты фæсудз.
Дæ цæргæ-цæрæнбонты фыдцард фæкæн.
Дæ цæрынæй дæ мæлынмæ æппынæдзух «офф» фæкæн.
Дæ цæрынæй дæ хæрынмæ дæ дзых макуы фæзыхъхъыр кæн.
Дæ цæрынæй дæ мæлынмæ дæ дзыхыдзаг зæрдæбынæй макуы бахуд.
Дæ цæрынæй дæ хæрынмæ дæ зæрдæ дæ цардæй макуы барухс уæд.

Дæ цæрынæй дæ хæрынмæ фыднизæй фæсæй.
Дæ цæрынæй дæ хæрынмæ хорз макуы фен.
Дæ цæсгом басудзæд.
Дæ цæсгом дыл алæбырæд, куыдзы с... фау.
Дæ цæсгом дыл бампылæд, карчы къахау.
Дæ цæсгом дыл баруайæд.
Дæ цæсгом дыл батайæд æмæ баруайæд.
Дæ цæсгом дыл цъыбыртты сыгъд бакæнæд.
Дæ цæсгомы царм дыл ныкъкъæркъа уæд.
Дæ цæсгомы цармæй дын къогъодзитæ фæрæхсадæуæд.
Дæ цæсгомыл æвзæр куыдз амæлæд.
Дæ цæсгомыл дын мæ куыдз фæмизæд.
Дæ цæсгомыл мæ куыдзы туг ныккæлæд.
Дæ цæссыг басур уæд.
Дæ цæссыг дæ ахсджиæгты мæрдæй фæкал.
Дæ цæссыг дæ рустыл здыйы æртæхтæй фæтулæд.
Дæ цæссыг макуы басур уæд.
Дæ цæссыг фæкал ноджыдæр.
Дæ цæссыгæй дæхи цы фехсай, уыцы бон дыл акæнæд.
Дæ цæссыджы фæмæц.
Дæ цæссыджы фæхуыдуг у.
Дæ цæст мын цы уарзы, Хуыцауы цæст дын уый бауарзæд.
Дæ цæст рахауæд.
Дæ цæсты дзаг сын макуы фен.
Дæ цæстыдзаг макуы ракæс.
Дæ цæсты къала бæлас æрзайæд.
Дæ цæстытæй фæхъæрз.
Дæ цæстыты зынг уæхст азилæд.
Дæ цæстыты – какон сындз.
Дæ цæстыты рухс батайæд.
Дæ цæстыты туг ныббадæд.
Дæ цæстыты фиутæ бадон уæнт.
Дæ цæстыты фиутæ сæм хæлæгæй батайæнт.
Дæ цæстытыл хуыссæджы цъынд мауал æрхæцæд.
Дæ цæстæнгас – дæ бинонты.
Дæ цæстæнгас фесæфæд.
Дæ цæттæ хæдзар дыл ныккæлæд.
Дæ цæхх, дæ кæрдзынæй макуы макæй зæрдæ ссар.
Дæ цæхх, дæ кæрдзыны фыдæх дæ баййафæд.
Дæ цæхх, дæ кæрдзыныл дын мачи барвæссæд.
Дæ цин дæ фарсæй фæуæд.
Дæ цин дæ хъуыры фæбадæд.
Дæ цин ма æрæййаф.
Дæ цин мастмæ цы асайа, ахæм бон дыл акæнæд.

Дæ цинаг дыл ма æрцæуæд.
Дæ циныбонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Дæ цинылдæхицæй дарддæр бацингæнæг ма уæд.
Дæ циныл фæкæл.
Дæ цонг асæттæд.
Дæ цонг ахауæд.
Дæ цонг бахус уæд йæ тæккæ рæбыныл.
Дæ цонг дæ уæлæ дзедзлойгæнгæ фæхæсс.
Дæ цыкурайы фæрдыг дæ къухæй ахауæд.
Дæ цыкурайы фæрдыг дæм йе 'ргом макуыуал раздахæд.
Дæ цыкурайы фæрдыгæй æлгъыст фæу.
Дæ цыкурайы фæрдыджы ингæнмæ рæхджы ныдздзыназ мæ сидзæрты тæригъæдæй.
Дæ цыппæртæ ахауæнт.
Дæ цыппæртæй фæхъæрз.
Дæ цыппæртыл бырыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Дæ цыппæртыл фæбыр.
Дæ цыппæртыл фæцу.
Дæ цырагъ ахуыссæд.
Дæ цырагъæн ссудзын мауал бантысæд.
Дæ цырагъы рухс мауал фен.
Дæ цъæй фæмизæд.
Дæ цъæм-цъæм фæцæуæд.
Дæ цъиу ахауæд.
Дæ цъиу бахус уæд.
Дæ цъындайы бос аскъуыйæд.
Дæ цъындайы босæй ауындзинаг фæу.
Дæ цъындайы босыл фæкæл.
Дæ чем сæфт уæд.
Дæ чеммæ дæ Хуыцау макуы æрцæуын кæнæд.
Дæ чиныг æнæкастæй баззайæд.
Дæ чиныг æрдæгфыстæй фæджиуæд дæ кусæн фынгыл.
Дæ чиныг мæнæн баззайæд тагъд рæстæджы.
Дæ чызг быны чызг фæуæд.
Дæ чызг дæ быныл баззайæд.
Дæ чызг дæ быныл кæугæ-ниугæйæ фæцæуæд.
Дæ чызг дыл фæкæуæд.
Дæ чындзæхсæвмæ — дæ нымад бонтæ.
Дæ чындзæхсæвы бон дæ баййафæд адæмы судзгæ æмæ дудгæ æлгъыст.
Дæ чындзæхсæвы бон — дæ мæлæт.
Дæ чындзæхсæвы бон мауал æрæййаф.
Дæ чындзыцыд сындзылцыд цы фæуа, уыцы амондæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг Хуыцау.

Дæ чындзыцыд фæмæнг уæд.
Дæ чъиухид фæкал.
Дæ чъиухидæй дæ хæдзарыл мацы бафтæд.
«Дæдæй» кæныны бон дæ ма фæуæд.
Дæдæй фæкæн.
Дæдæйаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæдæйаг фæу.
Дæларм-уæларм фæкæн.
Дæларм-уæлармæй фæлæуу.
Дæлæмæ æрхау.
Дæлæмæ æрхауæд мæгуыр лæджы Хуыцау.
Дæлæмæ æрхау, цы къæвда дæ.
Дæлæмæ æрхау, цы Хуыцау дæ.
Дæлæмæдзыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæлæмæдзыды ном демæ æрцæрæд.
Дæлæсыхыл-иу уæм арт куы сирвæза, уæд-иу уæлæсых та куывдтæ цы кæной, уыцы зондæй фæцæрут.
Дæлæуæлæгæнгæ – дæ цард.
Дæлæуæлæгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæлбынты амæл.
Дæлбынтæй дын уæлæмæ схизын ма бантысæд.
Дæлбынтæй уæлбылмæ фæдзыназ.
Дæлвæндагæй схизынхъом ма бау.
Дæлгоммæ амæл.
Дæлгоммæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Дæлгоммæ дæ мæ уд авæрæд.
Дæлгоммæ дæ сыджыт аныхъуырæд.
Дæлгоммæ дыл ныккæлæд сау сыджыт.
Дæлгоммæ ныгæд æрцу.
Дæлгоммæ ныгæдæй дæ тагъд рæстæджы мæ уд цы фена, ахæм бон дыл акæнæд.
Дæлгоммæ тъæпп дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæлгоммæ цæф дыл сæмбæлæд.
Дæлгом-уæлгом фæкæн фырадæргæй.
Дæлгом-уæлгомгæнгæ сис дæ уд.
Дæлдæр кæнынæй баихсийæнт де ‘рбадæнтæ.
Дæлдæр ныххау дæ бинонты тæригъæдæй.
Дæлдæр тъæпп дæ Дунескæнæг фæкæнæд.
Дæлдæр фæу.
Дæлдæр цæф дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дæлдæр цы ныххауай мæрдты бæсты, уыцы æлгъыст дæ баййафæд.
Дæлдон дæ де Скæнæг фæкæнæд.
Дæлдон фæу.

Дæлдонæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæлдзæх дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дæлдзæх ныххау мæ тæригъæдæй.
Дæлдзæх фæу.
Дæлдзæхты фæбыр.
Дæлдзæхты фæцу ноджыдæр.
Дæлдзæхты цæугæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Дæлдзиныг дæ Уæллаг цы фæкæна, ахæм бон дыл тагъд рæстæджы акæнæд.
Дæлдзиныг фæу.
Дæлдзиныгæй баззай.
Дæлдзиныгæй фæцæр.
Дæлдзиныгæй фæцу.
Дæлимон дæ фæсайæд.
Дæлимонты къухты бафт.
Дæлимонты сайд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дæлимонты хай цы фæуай, ахæм æмбисонд дæ баййафæд.
Дæлимонтыл хуыздæр бады дæ зонд æмæ дæлимонтыл нымад æрцу.
Дæлингæн ныххау.
Дæлингæн фæу тагъд рæстæджы.
Дæлингæнæй дæ утæхсæн фæцæуæд æмæ дæ хъусæг мачи уæд.
Дæллаггалæй амæл.
Дæллаггалæй фæцу дæ цард-цæрæнбонты.
Дæллаггалы бон дыл акæнæд.
Дæлфадихсыд бау.
Дæлфадихсыдæй æнæбарыбонтæ фервит.
Дæнгæлмард акæн.
Дæнгæлмæрдтæ фæкæнут ноджыдæр.
Дæнгæлнизæй фæсæй.
Дæнгæлнизæй фæхъæрз дæ цæргæ бонты.
Дæндаг дын ма уæд æмæ дæ дæндæгтæ риссæнт.
Дæндагдзæф фæу.
Дæргъæй-дæргъмæ мард банығæн.
Дæргъæй-дæргъмæ мард рахæсс дæ хæдзарæй.
Дæрдтыл фæзил, фæлæ дын хæдзар ссарын ма бантысæд.
Дæуæй дарддæр ма мæ æвзæр чи загъта, уый дзурæнтæ — сыджыты.
Дæуæй дарддæр ма мæ æнæхъуаджы чи афхæрдта, уымæн йæ дзурæн дзыхы рак фæзынæд.
Дæхи адæмыл æфтыд фæу.
Дæхи азарæй басудз.
Дæхи амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæхи æфсымæрты къухæй рафт.

Дæхи дасыны бон дæ мауал фæуæд.
Дæхи зынгæй басудз.
Дæхи мад амæлæд.
Дæхи сæр басудзæд дæ хинтæ æмæ дæ кæлæнтæй.
Дæхи сæрыл æртыхсæнт де 'лгъыстытæ.
Дæхи фыдæй амæл.
Де 'бузн сæр амæлæд.
Де 'бузн сæр дæ къæхты тæригъæд фæхæссæд.
Де 'бузн сæр дын холы фестæд.
Де 'бузн сæрæй фæхъæрз.
Де 'бузн сæры дæ донзоныг къæхты тæригъæд уæд.
Де 'вæрæнтæ дзæгъæл баззайæнт.
Де 'вæрæнтæй æнæхайæ аззай.
Де 'вæрæнты бæркад мæнмæ æрбацæуæд, ды сæ стонг гуыбынæй рафт.
Де 'ввонг цард дæ къухтæй ахауæд.
Де 'ввонг цардæй уæзæджы къæйыл афтид абад мæ сау тæригъæдæй.
Де 'ввонгхор дын дæ сæр бахæрæд.
Де 'ввонгхорæй æнæбындар фæу.
Де 'ввонгхоры хъуыры аирвæзæнт дæ ис, дæ бон.
Де 'вдадзы хос дыл ма сæмбæлæд.
Де 'вдадзы хос дын Луайы хосæй уæлдай мацы баххуыс кæнæд.
Де 'вдадзы хос дын марг фестæд.
Де 'вдадзы хос дын сæрысæфты хос цы феста, уыцы сæфты бон дыл акæнæд.
Де 'вдай азы мауал æрæйййаф.
Де 'вджид æй Хуыцау фæкæнæд, йæ дзыхмæ хус къæбæр сисынæн дæр куыднæуал уа.
Де 'вджид – мæ куыдз.
Де 'взаг бахус уæд.
Де 'взаг бахуыскъ уæд, кæй дзы фефхæрдтай, уыдон уæззау тæригъæдæй.
Де 'взаг йæ рæбыныл ахауæд.
Де 'взаг дæ комы арынджы мауал бацæуæд.
Де 'взаг дæ комы арынджы срæсийæд.
Де 'взаг дур фестæд.
Де 'взаг стæг куыд феста, ахæм бон дыл акæнæд.
Де 'взагæй æвзæртæ фезмæнт.
Де 'взагæй л... фæхæр.
Де 'взагæй сындз фæтон.
Де 'взагæй цæхæр фесхъау.
Де 'взаджы цъуппыл рак фæзынæд.
Де 'взæртæ – дæ мæрдтæн.

Де ‘взæртæ дæ раттæгæн – хæринаг.
Де ‘взонг бон ныккал.
Де ‘взонг зæрдæ аскъуыйæд.
Де ‘взонг зынг ахуыссæд.
Де ‘взонг сæр амæлæд.
Де ‘взонг цард æрдæгыл аскъуыйæд.
Де ‘взыгъддзинад раргом кæнын дын ма бантысæд.
Де ‘гæр кал.
Де ‘гъдау дæр – сæфт æмæ дæ сæр дæр.
Де ‘гъдауимæ тагъд дæ сæр дæр цы фесафай, ахæм бон дыл Уæлладжы цæфæй акæнæд.
Де ‘дзард сæр амæлæд.
Де ‘дзард фыды баййаф.
Де ‘дзард фыды боны фарн дын фæуæд.
Де знаг амæлæд.
Де знаг фæкæлæд дæ бæсты.
Де знæгтæй дын дæхи атонын ма бантысæд.
Де знæгтæм кæсгæ-бæлгæйæ фæцæр.
Де знæгты амæттаг фæу.
Де знæгты зæрдæ дын цы зæгъы, уый дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Де знæгты кæрдтыл бафт.
Де знæгты къухы лæвæрд фæу рæхджы бонты.
Де знæгты фæндиаг дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Де знæгты фæндиаг фæу.
Де знæгтыл фæзилæнт дæ фæндæгтæ.
Де ‘ккой йæ фæхæсс мæрдты бæсты.
Де ‘ккойæ макуы ахауæд дæ мæгуыры дзæкъул.
Де ‘ккойæ макуы ахауæд де ‘ргъом.
Де ‘лгъ дæ разæй фæцæуæд.
Де ’лгъ кæнын ныууадзын дын макуы бантысæд.
Де ‘лгъæй дæ фесафæд Хуыцау.
Де ‘лгъаг митæ аппарын дын макуы бантысæд.
Де ‘лгъаг миты амæттаг фæу.
Де ‘лгъыст дæ бинонтыл æрцæуæд.
Де ‘лгъыст дæ ницæйæг сæрыл æртыхсæд.
Де ‘лгъыст дæ сæры баййафæд.
Де ‘лгъыст дæ хæдзары астæуцæджындзыл сæмбæлæд.
Де ‘лгъыст дæм дæсахæмæй здæхæд.
Де ‘лгъыст – дæхи.
Де ‘лгъыстæй нын Хуыцау мацы бахай кæнæд, дæхи сæр æй рæхджы бонты баййафæд.
Де ‘лгъысты амæттаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Де ‘лхыскъгæнæн ныхас – дæхи.

Де ‘мбай мæ куыдз уæд.
Де ‘мбайæ мæ куыдз амæлæд.
Де ‘мбаймæ мæ куыдз фæцæрæд.
Де ‘мбæйтты макуы аййаф.
Де ‘мбæйтты рæгъы дæ Хуыцау ма рауадзæд.
Де ‘мбал мæ куыдз дæр макуы бауæд.
Де ‘мбæлттæ дыл фæкæуæнт.
Де ‘мбæлттæй фæиппæрд у.
Де ‘мбæлттæй фæхъу.
Де ‘мбæлтты амæттаг фæу.
Де ‘мбæлтты бон дыл акæнæд.
Де ‘мбæлтты зæрдæ дыл фæхудæд.
Де ‘мбæлтты рæгъы рацæуынхъом макуы бау.
Де ‘мбæлтты цæстытæм фæкæс.
Де ‘мбисонд — дæхи.
Де ‘мбисонд, чи дын ис, уыдон дæр баййафæнт.
Де ‘мвæнд — мæ куыдз.
Де ‘мвæнд мæ куыдз дæр макуы уæд, афтæмæй батон дæ царды бонтæ.
Де ‘мгæрттæ дыл сыджыт бакалæнт.
Де ‘мгæртты рæгъы рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Де ‘мгæртты æхсæнæй дæ барджын хъæлæс макуы райхъуысæд.
Де ‘мгæртты рæгъы дæ барджын хъæлæс фæтары уæд.
Де ‘мдæргъ дæ табæтæй дæр ма фæуæд.
Де ‘мдæргъ чырыны æвæрд фæу.
Де ‘мзонд адæймагыл макуы сæмбæл.
Де ‘мзонд адæмимæ — де сæфт.
Де ‘мзондты баййаф.
Де ‘мкъай амæлæд æмæ стæй сæрыстырæй ды рацу-бацу кæн.
Де ‘мкъай дæ афтид абадæд.
Де ‘мкъай дæ æнæмкъайæ аззайæд.
Де ‘мкъай дæ уарзтæй ма бафсæдæд.
Де ‘мкъай дæ зæрдæрисгæйæ фæцæуæд.
Де ‘мкъай дæ къæпдзыхæй цы фæуадза, ахæм бон дыл акæнæд.
Де ‘мкъай дыл йæ бындзгуытæ фæтонæд.
Де ‘мкъай дыл йæ сæр фæхойæд.
Де ‘мкъай дыл саутæ скæнæд.
Де ‘мкъай дыл фæкæуæд.
Де ‘мкъайау адæмы уæзгуытыл баззай.
Де ‘мкъайау гуыбындзæл фæцу.
Де ‘мкъайау нозты ныххау.
Де ‘мкъайау уынгты фæхит.
Де ‘мкъайæ æнæмкъай фæу, кæй фæсайдтай, уыдоны тæригъæдæй.

Де ‘мкъайы амонд фæхæсс.
Де ‘мкъайы æвзæртæ бахæр, уыцы сæфты йæ хæдзары чи дары.
Де ‘мкъайы баййаф рæхджы бонты.
Де ‘мкъайы бон дыл тагъд рæстæджы акæнæд.
Де ‘мкъайы бынил баззай зæрдæхæлдæй.
Де ‘мкъайы кæлмæрзæн фæдар.
Де ‘мкъайы къабайы фæцу.
Де ‘мкъайы мондæгтæ фæис адæмæй.
Де ‘мкъайы ном дæ айрох уæд.
Де ‘мкъайы номæй дарддæр дын зæххы цъарыл табуйаг мацыуал баззайæд.
Де ‘мкъайы сæрæн аргъ кæнынхъом дæ Дунескæнæг Хуыцау цы никуы бонты скæна, ахæм фыдæмбисонд дæ рæхджы бонты баййафæд мæ тæригъæдæй.
Де ‘мкъайы фæдыл фæхит æмæ дæ куыдзы хъуыды дæр макуы ‘ркæнæд.
Де ‘мкъайы фæрстæ дын фехæлæнт.
Де ‘мсæр адæм дæ мардмæ цы лидзой, уыцы амонд дæ уæд.
Де ‘мсæр адæмæй æрмист фæу.
Де ‘мсæр адæмæй дæ къæсæрæй макуы мачи бахизæд.
Де ‘мсæр адæмы фæндиаг фæу.
Де ‘нæсысмудæн сæр хæр.
Де ‘рбадæнтæй дæ цæсгомы цъар скæн.
Де ‘рбадæнтæй фæхъæрз.
Де ‘рвад дæ йæ къух йæ дзыхы акæнæд.
Де ‘рвадæлтæй æрмист фæу.
Де ‘рвадæлты рæгъы макуы рацу.
Де ‘ргъаг аргъ макуы райсæд.
Де ‘ргъом бараст кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Де ‘ргъом дæ рагъыл бамбийæд.
Де ‘ргъомы бын амæл.
Де ‘ргъомы бын бадонзоныг у.
Де ‘рдиаг фæцæуæд.
Де ‘рдиаггагмæ дын æртымбыл уæнт адæм.
Де ‘рдиаггаджы мард мæм æрбайхъуысæд.
Де ‘ркъуырæг къуырд фæуæд.
Де ‘ркъуырæгæн макуыуал мачи баззайæд.
Де ‘ркъуырæджы Хуыцау æркъуырæд.
Де ‘ррæхойæг йæ ахсджиæгты æррæхойæд.
Де ‘ррæхойæг рæхуыст фæуæд Уæллагæй.
Де ‘ррæхойæджы хист – дæ дзыхы.
Де ‘рфадæг бацæнкуыл уæд.
Де ‘рфадæг фæстытæ фæуæд.

Де ‘рфадæг цонгдихæй баззайæд.
Де ‘рфадæджы фæстытæй фенæд мæ уд.
Де ‘рхъуыды фесæфæд.
Де ‘рхъуыдыйы фæхъхъау дæ Уæллаг фæкæнæд.
Де ‘рхъуыдыйыл æвзæр куыдз амæлæд.
Де ‘рцæуæн бон мæ тæригъæдæй басудзæд.
Де ‘рцæуæн бонæн æвзæртæ фæфæлдыстæуæд.
Де ‘рцæуæн фæндæгтæ дæ фæдыл судзгæ фæцæуæнт.
Де ‘рцыд дæ бар уыд, фæлæ дæ ацыд дæ бар цынæуал уа, уыцы бон дыл акæнæд.
Де ‘рцыдæй дæ бæрзæйсаст фæраздæр уæд.
Де ‘рцыдыл куыйтæ фæниуæнт.
Де ‘рымысæг мацыуал æрымысæд.
Де ‘рымысæгæн мацыуал бантысæд.
Де ‘рымысæджы хуызæн су.
Де ской макуы уæд.
Де скойæ адæм дардмæ цы лидзой, ахæм бон дæ баййафæд дæ уды мæрдæй.
Де скойы аккаг дæ Хуыцау ма скæнæд.
Де скъола басудзæд.
Де скъола ныккæлæд йæхи уæзæй.
Де скъолайæ дæуæй хуыздæр ма рацæуæд.
Де скъолайыл чъырын арт сирвæзæд.
Де скъуыдтæ бампъузыны бон дæ ма фæуæд.
Де скъуыдтæй дæ гæбæр фезгъæлæнт.
Де стæг дæ хъуыры фæбадæд.
Де стæгдар дæ сыджытыхайыл мауал сæмбæлæд.
Де стуртæ дæ мардæнхæрд фæуæнт.
Де стурты фæдыл рафт.
Де стъалы ахуыссæд.
Де стъалыйыхай арвæй рахауæд.
Де сфыцæг дзыгуын галы цармæй рæхсад хус æрчъитæ феуилæд.
Де сфыцæгæн макуы мацы бабæрн чындæуæд.
Де сфыцæгæн мацы бантысæд.
Де схафæг дæлдæр фæуæд.
Де схафæг цардæй хафт æрцæуæд.
Де схафæджы къухтæ ахауæнт.
Де схафæджы уæнгтæ бадон уæд.
Де ‘ууæнк бахæр.
Де ‘ууæнкæй дæ Уæллаг фесафæд.
Де ‘фсарм бахæр.
Де ‘фсæддон æфсæддон дарæсы ныгæд æрцæуæд.

Де ‘фсæддон дæм ласгæ фæуæд.
Де ‘фсæддон дыл мауал сæмбæлæд.
Де ‘фсæддоныл дæ рустæ хæрдмæ фæтон.
Де ‘фсæртæ бадон уæнт.
Де ‘фсæрты тæригъæд дын мæрдты дæр ма батайæд.
Де ‘фсæртыл дур æруайæд.
Де ‘фсымæр амæлæд.
Де ‘фсымæрæй æнæфсымæрæй аззай.
Де ‘фсымæры ингæнмæ ныййеудодой кæн.
Де ‘фхæрд райсынхъом макуы бау.
Де ‘хсар асæттæд.
Де ‘хсар æвдисыны бон дæ макуы фæуæд.
Де ‘хсарæй æнæхсар фæу.
Де ‘хсары цæсты фæкæс.
Де ‘хсары цæсты фæкæс æмæ дæ адæмы зæрдæ макуы барухс уæд.
Де ‘хсæв дыл мауал сбон уæд.
Де ‘хсæвæр æнæхæрдæй баззайæд.
Де ’хсæвæрæй æнæхсæвæрæй аззай.
«Демократты» фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
«Демократты» хуызæн су.
Дидинæг ма фен.
Дидинæг рафтау, фæлæ дын дыргъ раттын макуы бантысæд.
Дидинæг рафтауын дын макуы бантысæд.
Дидинæг рафтауынмæ фæбæлл, фæлæ дын æй Уæллаг уынын макуы фæкæнын кæнæд.
Дидинæгæфтауын афонмæ ма ахæццæ у.
Дидинæгæфтыдæй бахус у.
Дисмард дæ Хуыцау фæкæнæд.
Диссагæн дзуринаг фæу.
Диссаджы бон амæл.
Диссаджы бон дыл фæстаг бон акæнæд.
Дихтæ æмæ къуыхтæ бау.
Дихтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дихтæй æрцæуæд уе сæфт.
Дихтæй уыл æмбæлæд уе знаг.
Додой кæнынмæ дæм фæцæуæд адæм.
Додой фæкæн де ‘намонд сæрыкъоппайыл.
Додойаг – дæ сæр.
Додойаг дæ фæкæнæд, уæлейæ чи кæсы æмæ дæ фыдбылызтæ нымад кæмæн сты, уый.
Додоймæ дæм фæцыдæуæнт адæм.
Додойы бон дыл акæнæд.

Додойы бонæй фæцæр.
Додойы боны гуырд фæу.
Додойыл дæ ма ныууадзæд Уæллаг; фыддæртæ дын цы фена нæ цæст, ахæм æмбисонд дæ баййафæд адæмы судзгæ æмæ дудгæ тæригъæдæй.
Дойнагдур æруайæд де ’фсæртыл, цæмæй дæ дзурыны бон мауал фæуа.
Дойнагдур дæ фестын кæнæд дæ амондыскæнæг.
Дойнагдуртæ фæхæр.
Дойнагдуртæ феууил уыцы æфсæртæй.
Дойнагдуртыл фæхой де ‘намонд сæр.
«Дон, дон» фæкæн.
«Дон, дон» фæкæн æмæ дын дæ дзыхыл доныс дарæг мачи уæд.
«Дон, дон» фæкæн æмæ дын донæй бафсис ма уæд.
Дон раивылæд æмæ дæ сæр йæ мидæг фæуæд.
Дон рацæуæд æмæ дæ аласæд.
Донавæрæг дын мачи уæд.
Донарæхæн дæ Хуыцау макуы ауадзæд.
Донарæхæн цард макуы фен.
Донæй дæр дæ гуыбын макуы бафсад.
Донæй дæр дæ фаг хай макуы фæуæд.
Донæй дæр дын рухсзæгъæг мачи фæуæд.
Донæй дæр макуы бафсæд.
Донæркæнæг макуы ссар.
Донбеттырты хай фæу.
Дойныйæ амæл.
Дойныйæ мæл æмæ дын донавæрæг мачи уæд.
Дойныйæ мæл æмæ дын донæй бафсис ма уæд.
Донзоныг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Донзоныгæй фæцæр.
Донзоныгæй фæцу.
Донласт фæу.
Донласт чи фæци, уый хал ахæр.
Дуар рахгæнынхъом ма бау.
Дуарæфтыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дуарæфтыдæй фæхой дæ сæр.
Дуарæхгæд фæу.
Дуарæхгæдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дуарбакæнæг дын ма уæд.
Дуджы азар дæ баййафæд.
Дуджы комытæф макуы банкъар.
Дуджы цыд макуы фæхат.
Дуг-рæстæгæй æлгъыст фæу.

Дуг-рæстæджы фыдæх ссар.
Дугъ кæнынхъом дæ Уæллаг макуы скæнæд.
Дугъы дæ бæх фæкæлæд æмæ дæ бæрзæй ныссæтт.
Дугъы макуы баразæй у.
Дугъæтты æхсæн макуы разын.
Дугъæттыл нымад макуы æрцу.
Дудгæ æмæ судзгæ фæбад.
Дудгæ æмæ судзгæ фæцу.
Дудгæ бон дыл акæнæд тагъд рæстæджы.
Дудгæ бонæй – дæ авналæнтæ.
Дудгæ бонæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Дудгæ мард дыл æрцæуæд.
Дудгæ фæбад.
Дудгæ цæф дыл сæмбæлæд.
Дуне дыл галиумæ разилæд.
Дуне макуы фен.
Дунейы æлгъыстытæ дæ сæр баййафæд.
Дунейы æлгъыстытæ дæ сæрыл æртыхсæнт æмæ сæ дæ бон сисын мауал бауæд.
Дунейы зиæнттæ фæныгæн.
Дунейы мæрдтæн цъыфтытæрæн бæхæй фæцу.
Дунейы мæрдтыл дæ бындзгуытæ фæтон.
Дунейы номæй дæм дзырды бар макуы æрхауæд.
Дунейы фыдбылызтæ – дæ хай.
Дунейы хæрзтæ дæ цæсты зулæй дæр макуы фен.
Дунейы хæрзтæ дыл нæккæлæнт æмæ дын дæ зæрдæ макуы срухс кæнæнт.
Дунейы хæрзтæй дын Хуыцау хай ма скæнæд.
Дунескæнæг дæм йæ мидбылты макуы бахудæд.
Дунескæнæг Хуыцау дæ æргæрах кæнæд.
Дунескæнæг Хуыцау дын дæ зæрдæ ноджыдæр нытталынг кæнæд.
Дунескæнæг Хуыцауæй фыдæлгъыст фæу.
Дунескæнæг Хуыцаумæ дæ хъуырыцъар фæиваз æмæ йæм дæ куывд макуы фехъуысæд.
Дунескæнæг Хуыцауы зæрдæ макуы ссар.
Дунескæнæг Хуыцауы къухылæвæрд фæу.
Дунескæнæг Хуыцауы фыдæх ссар.
Дунескæнæг Хуыцауы фыдæхæй басудз.
Дунескæнæг Хуыцауы цæхæртæ дыл æркæлæнт.
Дур æруайæд де ‘фсæртыл.
Дур – дæ гуыбыны.
Дур фест.

Дуры цæф фæу.
Дуры цъуппыл бахус у.
Дурты бын амæл.
Дурты бын – дæ сæр.
Дурты бын ныгæд æрцу.
Дуртыл хаф дæ дæндæгтæ.
Дурадзагъд фæу.
Дурадзагъдæй суринаг цы фæуай дæ хæдзарæй дæр, уыцы бон дыл акæнæд.
Дурæнкъуыст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дурæнкъуыстæй фæтон дæ царды бонтæ.
Дурæппарæн дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дурæппарæнæй баззай.
Дурдзавд фæу.
Ды куы равзæрдтæ, уæд æфхæлц чи нæ арæзта, уыдонæн æвзæртæ – фæлдыст.
Дывæлдахæй ныгæд æрцу.
Дывæлдахæй фæцу.
Дывæнд фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Дывзагон усы дзыхы бахау.
Дывзагонæй фæцæр.
Дывзагоны ном дæ рагъæй мауал ахауæд.
Дывыдон фæу.
Дывыдонæй фæбад дæ нымад бонты.
Дывыдонæй фæрацу-бацу кæн.
Дывыдоны бон дыл акæнæд.
Дыгай мæрдтæ фæныгæн.
Дыгай мæрдтæм фæдзыназ.
Дыдзæсгом фест.
Дыдзæсгомæй – дæ мæлæт.
Дыдзы хур дæр макуы фен.
Дызæрдыггæнгæ фæцæр.
Дыкъахыг бирæгъ дыл амбæлæд.
Дыкъахыг бирæгъты холы фæу.
Дымгæ дæ фæхæссæд.
Дымгæсæрæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дымды фæу.
Дымысдæр уыдтæ æмæ дымысдæрæй баззай.
Дымысдæрæй амæл.
Дыууадæс цæфы дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дыууадæс фыдцæфы фæу.
Дыууæ æмæ дыууиссæдз дзуарæй æлгъыст фæу.

## Дж

Джауыр фест.
Джауырты амæттаг фæу.
Джебогътыл сагъд æрцу.
Джеоргуыбатæ дыл мауал æрцæуæнт.
Джеоргуыбаты зæдтæ æмæ дауджытæй æлгъыст фæу.
Джеры дзуар дæ йæ бынмæ ма суадзæд.
Джеры дзуар дæ ралгъитæд.
Джеры дзуар дæм комкоммæ кæсы æмæ дæ комкоммæ æркъуырæд.
Джеры дзуар дыл йæ цæхæртæ ныккалæд.
Джеры дзуармæ цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Джеры дзуары бæрæгбон дыл фидæнмæ мауал æрцæуæд.
Джидзæггагæй – дæ мæлæт.
Джидзæггагæй джидзæггагмæ фæцу.
Джис-къус фæкæн.
Джискъусгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Джихмард акæн.
Джихмард дæ бæрзондылбадæг Хуыцау фæкæнæд.
Джихниз дыл фæзынæд.
Джихнизæй амæл.
Джихнизæй фæсæй.
Джихнизæй чи сæйы, уыдоны æмбисонд дыл акæнæд.
Джоджорайы ласт фæу.
Джызæлы дын арахъхъ цы дарой, Æрыдон дын цывзы цы хæрын кæной, уыцы уавæрмæ æрхау.
Джызæйлаг сæгъы æмбисонд дыл æрцæуæд.
Джыртмæ фæцæуæнт дæ хуыздæртæ.
Джыртмæ фæцæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Джыртмæ фæцу.
Джыртт-джыртт фæкæн.

## Дз

Дзаг – дæ сæр.
Дзаг фæу.
Дзаг хæдзар ссарын дын ма бантысæд.
Дзаг хæдзармæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Дзаг цæстæй ракæсгæ дæ макуы мачи фенæд.

Дзагæй рацæуын дын макуы бантысæд.
Дзагарм æфсин макуы æрлæууæд дæ фынджы уæлхъус.
Дзагарм дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дзагармæй дæ хæдзарыл цы никуы сæмбæлай, ахæм амондæй фæцæр.
Дзагарммæ фæбæлл æмæ дын дзагарм уæвын макуы бантысæд.
Дзагъырдзастæй баззай.
Дзагъырдзастæй фæцу адæмы ‘хсæнты æмæ сæм дæ цæсты фиутæ фæтайæнт.
Дзаджджын бинонтæм фæбæлл æмæ дын се скæнын макуы бантысæд.
Дзаджджын бон макуы фен.
Дзаджджын рæстæг ма баййаф.
Дзаджджын фысымтыл цыд дæ Хуыцау макуы бонты фæкæнæд.
Дзаджджын хæбизджынтæм фæбæлл æмæ дын дзы хæрын ма бантысæд.
Дзаджджын хæдзар скæнынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Дзаджджын хæрыны бон дæ ма фæуæд.
Дзаджджын цард ма фен.
Дзаджджынæй ацæрынхъом дæ Уæллаг макуы скæнæд.
Дзала сласынæн ма бау.
Дзала сласынхъом дæ Хуыцау дæ лæгау лæджы кары дæр макуы бакæнæд.
Дзаумайы хорз де уæнгтыл макуы æрæппар.
Дзаумафсæстæй дæ мачи фенæд.
Дзаумацухæй фæтон дæ царды бонтæ.
Дзæбæх амонд макуы фен.
Дзæбæх бонтæм фæбæлл, фæлæ сæ уынгæ макуы фæкæн.
«Дзæбæх дæн» зæгъыны бон дæ макуы фæуæд.
Дзæбæх зæгъынæн ма су.
Дзæбæх макуы у – цæргæ-цæрæнбонты хъæрзгæ-нæтгæйæ фæцу.
Дзæбæх рæстæг ма фен дæ фыны дæр.
Дзæбæхæй ацæрын дын ма бантысæд.
Дзæбæхæй нæ цæуыс, фæлæ дæхи фыдæй дæ хæдзарыл маал сæмбæл.
Дзæбæхты бон дыл акæнæд.
Дзæбæхты хал дæ хъуыры æфтыд фæуæд.
Дзæбæхтыл бафт.
Дзæбидырау дæ дæ сæрыл бæрзонд схæцгæ макуы мачи фенæд.
Дзæбуг æмæ хъæсдарæджы æхсæн – дæ сæр.
Дзæбугæй цæф – дæ фæскъæбутæн.
Дзæбуджы цæф дыл æруайæд.
Дзæгъæл баззай.

Дзæгъæл баззайæнт дæ лыстæгфыст чингуытæ.
Дзæгъæл баззайæнт дæ мæрдæй дæ хиуæттæ.
Дзæгъæл баззайæнт дæ мæрддзæгтæ.
Дзæгъæл баззайæнт, цæгатæрдыгæй дын чи ис, уыдон.
Дзæгъæл дæ абадæнт дæ ныййарджытæ.
Дзæгъæл дæ абадæнт, кæм дын чи ис хион-хæстæгæй, уыдон.
Дзæгъæл дæ аззайæд дæ бары хай.
Дзæгъæл дæ аззайæд дæ сылы къах.
Дзæгъæл баззайæд дæ къæсæр.
Дзæгъæл баззайæнт дæ сасир æмæ дæ арынг.
Дзæгъæл фæхæт ноджыдæр.
Дзæгъæл фæцу дæ мойы мæрдæй.
Дзæгъæлæй адæргъ у.
Дзæгъæлæй атъæпп у.
Дзæгъæлæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дзæгъæлæй батон, цы нымад бонтæ ма дын баззад, уыдон.
Дзæгъæлæй джидзæггаджы бынатмæ æрхау.
Дзæгъæлæй рафт адæмы уынгты.
Дзæгъæлæй ссыст æмæ сысмаг у.
Дзæгъæлæй фæхæтæнт, чи дын ис, уыдон.
Дзæгъæйлаг фæу.
Дзæгъæйлагæй баззай.
Дзæгъæлбадт фæкæн.
Дзæгъæлбадтæй батон дæ рæстæг.
Дзæгъæлбадтæй бамби дæ фыды артдзæсты.
Дзæгъæлбадтæй де 'рбадæнтыл дæлгоммæ сынчъытæ æрзайæнт.
Дзæгъæлгаст дæ Хуыцау фæкæнæд ноджыдæр.
Дзæгъæлгаст фæу.
Дзæгъæлдзу уыдтæ рагæй дæр æмæ ноджыдæр дзæгъæл цы фæцæуай, уыцы амонд дын бауарзæд мæ цæст.
Дзæгъæлдзуйæ – дæ мæлæт.
Дзæгъæлдзуйы бон дыл акæнæд.
Дзæгъæлдзырд дыл бафтæд.
Дзæгъæлдзырдæй де 'фсæртæ ныууайæнт.
Дзæгъæлдзырдæй де 'фсæртæ сзынг уæнт.
Дзæгъæлдзых кæстæртæм фæхъус.
Дзæгъæлдзыхæй фæцæр.
Дзæгъæлзад дæ Уæллаг фæкæнæд.
Дзæгъæлзад фæу мæ къæхты тæригъæдæй.
Дзæгъæлзадæй баззай.
Дзæгъæлзады бон дыл акæнæд.
Дзæгъæлкъахæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Дзæгъæлкъахæй фæджыртт-джыртт кæн адæмы уæзгуытыл æмæ дын мидæмæ зæгъæг мачи уæд.

Дзæгъæлкъахы бонæй фæцæр.
Дзæгъæлмард акæн.
Дзæгъæл уыдтæ, дзæгъæл дæ æмæ дзæгъæлæй батон дæ царды бонтæ! – уый дын мæ ивуыл хуыздæр арфæ.
Дзæгъæлæй амæл.
Дзæгъæлы ном фæхæсс дæ амæлæты бонмæ.
Дзæм-дзæмы суадонæй дын хай ма уæд.
Дзæм-дзæмы суадонмæ æфтгæ дæр цы никуы бакæнай, уыцы бон дыл акæнæд уымы бæсты.
Дзæнæт дæ фыны дæр макуы фен.
Дзæнæтæй дын хай ма уæд.
Дзæнæты цардмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Дзæнæты цъæх нæууыл бад æмæ дын æз та ардыгæй мæ хъал цардæй мæ фынджы уæлдæйттæй цы рухс кæнон, уыцы бон дыл рæхджы акæнæд.
Дзæнгæда фæцæгъд.
Дзæнгæда цæгъдынæй дарддæр дын Хуыцауы цæст мацы бауарзæд.
Дзедзылой фæкæн.
Дзедзылойгæнгæ фæцæр.
Дзой-дзой цы фæкæнай, уыцы амонд дæ уæд! – уый дын бауарздзæн мæ цæст.
Дзойдзойаг фæу.
Дзойдзойгæнгæйæ амæл.
Дзуар дæ ралгъитæд.
Дзуар дæ ралгъитæд дæ дидинкалæн азты.
Дзуар дыл йæ цæхæртæ æркалæд.
Дзуар дын дæ кувинæгтæ ма айсæд.
Дзуар скæнын дын ма бантысæд.
Дзуарæй æлгъыст фæу.
Дзуары азарæй басудз.
Дзуары лæджы арфæ дыл макуы æрцæуæд.
Дзуары фыдæх дæ баййафæд.
Дзуары цæф фæу.
Дзуарæфтауын дын ма бантысæд.
Дзуарæфтауынмæ ма ахæццæ у.
Дзуарæфтауыны бон дæ мауал фæуæд.
Дзуарæфтыдæй амæл.
Дзул асæттынæн ма бау.
Дзул æмæ мыд иумæ макуы фен.
Дзул æмæ мыды цардмæ фæбæллут, фæлæ булкъ æмæ давоны цардæй батонут уæ бонтæ.
Дзул æмæ мыды цардмæ фæбæллут, фæлæ йæ макуы баййафут.

Дзул æмæ цæххæй макуы бафсад дæ гуыбын.
Дзул бахæрын дын ма бантысæд.
Дзул донимæ дæр макуы фен.
Дзул дын мыды атулын ма бантысæд.
Дзул ма фенæд дæ марды кæнд.
Дзулмæ фæбæлл æмæ дæ дзы дæ гуыбын бафсадыны бон макуы фæуæд.
Дзулы азарæй басудз.
Дзулы ард дæ баййафæд.
Дзулы зæй дæ фæласæд.
Дзулы фыдæхæй судзгæ æмæ дудгæйæ фæцу.
Дзуллаг макуы райс дæ къуымæй.
Дзуллаг макуы фен дæ къуымы æрулæфгæ.
Дзурын дæ фæндæд æмæ дын дзурæн ма уæд.
Дзурыны бон дæ мауал фæуæд.
Дзурыны бонмæ фæбæлл æмæ йæ ма æрæййаф.
Дзуттаг дæ фестын кæнæд Уæллаг — тона, æвзона куыд кæнай æппынæдзух.
Дзуттагау марлæимæ фæцу.
Дзуттаджы цармы фæцу.
Дзуттагæй дæхи фæхиз æмæ хæрæджы битъынайау дæ фындзы бын æрзайæд.
Дзуттаджы хæсы бахау.
Дзывыр кæм ныссадзай, уыцы зæххы гæппæл дын ма бауарзæд Уæлладжы цæст.
Дзывыр макуы ралас дæ кæртæй.
Дзывырыл хæцынхъом макуы бау.
Дзырд зæгъынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Дзырд сæппарынæн макуы бау.
Дзырдæппарæн фæу.
Дзырддаг фæу.
Дзырддагæн баззай.
Дзырддаджы бон дыл акæнæд.
Дзырддзæугæ лæг уæ макуы рацæуæд.
Дзырдхæсгæйæ амæл.
Дзырдхæсгæйæ дæ æркъуырæд Уæллаг.
Дзырдхæссæгæй æрцæуæд де сæфт, адæмæн фидиссаг куыд фæуай.
Дзырдхъом ма бау.
Дзых дзурынæн у, фæлæ дзы ды кæлмытæ æмæ хæфсытæ цы фæдарай, уыцы бон дæ баййафæд.
Дзыхæй сæфт сы... фæй сæфтæй æвзæрдæр у, ды та сæ дыууæйæ дæр сæфт дæ æмæ дæ Уæллаг дыууæ ахъаззаг цæфы æркæнæд.

Дзыхъхъы амæл.
Дзыхъхъы лæуд фæу.
Дзыхъмард дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дзыхъмард фæу.
Дзыхъмардæй дæ мæ уд фенæд.
Дзыхъмарды æмбисонд дæ баййафæд.
Дзыцца дæ æнæнызгæнæг фæуæд.
Дзыцца дыл йæ бындзгуытæ гæбазгай тонгæ тугцæссыгтæй фæдзыназæд.
Дзыццайы лæггæдтæ дæ хъуырæй дæ игæртимæ тугхæццæйæ скал рæхджы бонты.

# Е

«Ед у» дарæг дæ ма уæд.
«Ед у» зæгъæг уæ макуыуал рацæуæд.
Елиа дæ æрцæвæд.
Елиа дæ ралгъитæд.
Елиа иуцæфон у æмæ дæ йæ дыккаг сау цæф мауал бахъæуæд.
Елиа иуцæфон у æмæ дæ йæ иу цæф хæдзархæлд фæкæнæд.
Елиайæ фыдæлгъыст фæу.
Елиайы цæф дыл афтæ сæмбæлæд, æмæ дæ къахыл слæууынæн цынæуал бауай.
Елиайы цæхæртæ дыл æркæлæнт.
Елиайы цæхæртæй басудз æд ис, æд бис.
Емынæ – дæ артæнты.
Емынæ дæ ахæссæд.
Емынæ – дæ гуыбыны.
Емынæйы хаст фæу.
Ердо аразын дын ма бантысæд.
Ердойæ дæ æрæхстæуæд.
Ердохæлд фæу.
Есо Чырыстийæ æлгъыст фæу.
Есойæ æлгъыст фæут фыдæй-фыртмæ.
Есойы цæхæрæй басудзæд дæ сæр.
Есойы цæхæртæ дыл æркæлæнт.
Еу æмæ сар – дæ къона.
Еу æмæ сар де 'взæр сæр.
Еу æмæ сайраг – дæ хæдзар.
Еу æмæ сайраг дæ ракурдджыты хæдзар фæуæд.
Еу æмæ сайраг фæу, уæд та.
Еу æмæ сайраг фæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.

Еудодой дыл фæкæнæд мæ уд.
Еудодойаг – дæ иунæг къоппа.
Еудодойаг дæ фæкæнæд Уæллаг Хуыцау.
Еудодойаг фæу мæ уды тæригъæдæй.
Еудодойгæнгæ дæм фæцæуæнт дæ цæгат.
Еудодойгæнгæ фæцу адæмы уæзгуытыл.
Еузæгъæг дын ма уæд.
Еукæнинаг фæу.
Еукæнынмæ дæм фæцæуæнт адæм.
Еу-сар – дæ сæр.
Еу-сар дыл фæкæнæнт дæ ахсджиаг хъæбултæ.
Еу-сар фæкæн.
Еу-сайраг фæу.
Еууаг – де ‘намонд сæр.
Еууаг фæу.
Еууагмæ æрхау дæхиуæтты тæригъæдæй.
Ехс райсынхъом ма бау.
Ехсæй æрцæвыны бон дæ мауал фæуæд.
«Ехх» фæкæн.

# З

Загъд кæнын дын мауал бантысæд.
Загъд кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Загъд къахгæйæ амæл.
Загъд фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Загъдгæнгæ амæл.
Загъдгæнгæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Загъдгæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Загъдгæнджыты æрсабыр кæнынхъом ма бау.
Загъдгæнджыты фыдæх дыл сæмбæлæд.
Загъдкъахæн фæкæн.
Загъта-багъта дарæг дæ мауал уæд.
Загъта-багъта кæнын дын ма бантысæд.
Загъта-багъта фæкæн.
Загъта-багътайæ атъæпп у.
Згъта-багътайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Загъта-багътайæ бацарæфтыд у.
Загъта-багътайæ дæ цыппæртыл фæбыр.
Загъта-багътайæ дыл адымæд дæ цард.
Загъта-багътайæ раууатмæ æрцу.
Загъта-багътайæ зыбыты сæфт фæу.

Загъта-багътайæ мыггагсæфт фæу де знæгты фæндиаг.
Загъта-багътайæ рафт.
Загъта-багътайæ рафтæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Загъта-багътайæ ссар де сæфт.
Загъта-багътайæ фæараз дæ цард æмæ дын йæ саразын макуы бантысæд.
Загъта-багътайæ фæцæр æмæ дын цæрын ма бантысæд.
Загъта-багътайæн бахъу.
Загъта-багътайы бон дæ ма фæуæд.
Загъта-багътайы бон дыл æркæнæд.
Загъта-багътайы — дæ сæр.
Загъта-багътайыл фæу æмæ дæ цæрыны бон мауал фæуæд.
Зад бафтауынхъом мауал су.
Зад макуы райс дæ къуымæй.
Задæй дæм макуы мачи фæкæсæд, цъæмæлтæй дæм кæсæнт.
Зады азар дæ баййафæд.
Задыны хæлд фæкæн.
Задыны хæлд фæкæнæд, кæм дын чи ис хæстæг, хионæй, уыдон.
Зазхæссæн дыл мауал æрцæуæд.
Залиаг калм фест æмæ дæхи бахæр.
Залиаг калмы ныхъуырды фæу.
Залиаг калмы холы дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Зарæг самонын дын мауал бантысæд.
Зарæг самоныны бон дæ мауал фæуæд.
Зарæджы сæйрагæн баззай.
Зарæджы сæр фæу.
Зарыны бон дæ мауал фæуæд мæ тæригъæдæй.
Заууат фæу.
Заууатæй баззай ацы комбæсты.
Заууатмæ æрцу ноджыдæр.
Заууаты бон дыл акæнæд тагъд бонты.
Захъайаг хæрæг фест.
Зачъейы кармæ ма фæцæр.
Зачъеджын хистæр уæ макуы рацæуæд.
Зæбул-зæбул фæкæн.
Зæвæттæсдæргæйæ батон дæ бонтæ.
Зæвæттæсдæргæйæ фæцæр дæ мæлæты бонмæ.
Зæгæл дын дæ сæры цы æркъуырой, ахæм бон дыл акæнæд.
Зæгæл дын де ‘фсæры акъæдз чындæуæд, кæд гъеуæд уæддæр фæлæууис дæ дзæнгæдацæгъдынæй.
Зæгæлæй мард æрцу.
Зæд дæ ралгъитæд.
Зæддоны абадын дын макуы бантысæд.

Зæдтæй æлгъыст фæу.
Зæдтæм дæ лæгъстæ макуы фехъуысæд.
Зæй дæ фæласæд уæд та.
Зæйы амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зæйы бын фæу.
Зæйласт фæу.
Зæйластæй баззай фыдæй-фыртмæ.
Зæйуат фæу.
Зæйуатæй дæ баззайын кæнæд Уæллаг.
Зæйласты ном дыл сбадæд.
Зæйхафт фæу.
Зæйхафты бон дыл акæнæд.
Зæлдаг макуы фен.
Зæлдæгтæ макуы фенæд дæ буар.
Зæлдæгтæ дарынмæ фæбæлл æмæ сæ макуы баййаф.
Зæлдæгты ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Зæлдæгты ныгæд æрцу.
Зæлдæгтыл ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Зæнæг макуы фен.
Зæнæгæй рæвдыд макуы баййаф.
Зæнæгмæ бæлгæйæ – дæ мæлæт.
Зæнæгмæ фæбæлл æмæ дын зæнæджы уарзт Хуыцау макуы базонын кæнæд.
Зæнæгыл фæхæр дæхи æмæ сын сæ рæвдыд макуы базон.
Зæнæджы ад макуы банкъар.
Зæнгдих фæу.
Зæнгсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зæнгсастæй фæхир-хур кæн.
Зæппадзы æвæринаг фæу.
Зæрæстон фæу мæ уæнгты тæригъæдæй.
Зæрæстонæй баззай.
Зæрæстонæй цы баззайай, ахæм бон дыл акæнæд.
Зæрдаив митæ фæкæн.
Зæрдаивæй фæцæр.
Зæрдæ дын куыд нал уа, ахæм æлгъыст дыл æрцæуæд.
Зæрдæ ссарынхъом ма бау.
Зæрдæйæ хъæрзгæйæ фæрафт-бафт кæн.
Зæрдæйы хъустæ дын Хуыцау ма раттæд.
Зæрдæбын мард акæн мæ фæндиаг.
Зæрдæбын ми макуы фен.
Зæрдæбын ныхас макуы фехъус дæ цард-цæрæнбонты.
Зæрдæбын хъарджытæ дыл фæчындæуæд.
Зæрдæбын хъуыддагыл дæ Хуыцау макуы бафтауæд.
Зæрдæбынæй дæ фæдæлсыджыт кæнæд мæнæй уый.

Зæрдæдарæн адæймагыл макуы сæмбæл.
Зæрдæбын æмбал макуы ссар.
Зæрдæбын бон дыл макуы æрцæуæд нырæй фæстæмæ дæр.
Зæрдæбын цот макуы фен.
Зæрдæдзавд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зæрдæдзавд фæу мæ кæстæрты тæригъæдæй.
Зæрдæдзавдæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Зæрдæдзавды бон дыл акæнæд.
Зæрдæдзæбæх цард макуы фен.
Зæрдæдзæбæхæй рацæрын дын ма бантысæд.
Зæрдæдзæбæхæн дæ уæнгтæ макуы айтындз дæхи фæндиаг.
Зæрдæдзургæ фæу.
Зæрдæдзургæйæ амæл.
Зæрдæдзургæйæ баззай дæ цард-цæрæнбонты.
Зæрдæдзургæйæ фæтон дæ царды бонтæ.
Зæрдæмæдзæугæ амонд макуы ссар.
Зæрдæмæдзæугæ амондыл Хуыцауы цæхæрадоны дæр макуы сæмбæл.
Зæрдæмæдзæугæйæ ’нæзæрдæмæдзæугæ мард акæн.
Зæрдæниз дæ ахæссæд.
Зæрдæниз дæ мауал суадзæд мæ тæригъæдæй.
Зæрдæниз райс æмæ дзы дæ бон зæрдæйы фаг сулæфын мауал бауæд.
Зæрдæнизæй бандзыг уæнт дæ уæнгтæ.
Зæрдæнизæй фæсæй æмæ фæсудз.
Зæрдæнизы хаст фæу.
Зæрдæнкъуыст фæу.
Зæрдæнкъуыстæй хъысхъысгæнгæ фæцу дæ уæзæгыл.
Зæрдæрухс бон макуы фен.
Зæрдæрухс цард ма базон.
Зæрдæрухсæй дæ Хуыцау макуы рауадзæд адæмы ‘хсæнмæ.
Зæрдæрухсæй макуы рацæр дæхи уды фæндиаг.
Зæрдæрыстæй фæцу.
Зæрдæрысты бон кæуыл акодта, уыдоны хал ахæр.
Зæрдæсаст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Зæрдæсастæй фæтон дæ царды бонтæ.
Зæрдæскъуыд фæу.
Зæрдæскъуыдæй баззай.
Зæрдæскъуыдæй фæхир-хур кæн.
Зæрдæтахт фæу.
Зæрдæхæлд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зæрдæхæлд фæу мæ уæззау тæригъæдæй.
Зæрдæхсайд дæ а бæсты дзуæрттæ фæкæнæнт.
Зæрдæхсайд куыд фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.

Зæрдæхсайгæйæ амæл.
Зæрдæхсайгæйæ фæтон дæ царды бонтæ.
Зæрдæхсайдæй фæцæр.
Зæрдæхудт фæу.
Зæрдæхудтæй баззай.
Зæрдæхудтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Зæрдæхудтæй фæцæр, кæд уый цард у, уæд.
Зæрдæхудтæй фæцу адæмы ‘хсæн, дæ сæрыл схæцыны бон дæ куыднæ фæуа.
Зæрдæхудты бон дыл акæнæд.
Зæрдæхъæлдзæг цард макуы фен.
Зæрдæхъæлдзæгæй ацæугæ дæ мачи фенæд.
Зæрдæхъæрмттæ фæкæн дæ ахсджиæгты мæрдтыл.
Зæрдæхъыгæй фæцу.
Зæрдæцъæх дæ Уæллаг фæкæнæд.
Зæрдæцъæхæй баззай дæ цард-цæрæнбонты.
Зæрдæцъæхæй цæр æмæ хуры рухсыл дæ цæст макуы акъуыр.
Зæрдæцъæхыл дæ ма ныуурадзæд Уæллаг – ноджы фыддæртæ цы фенай, ахæм сау бонтæ дыл акæнæд.
Зæрдылдарæн фыдтæ февзар.
Зæрдылдарæн цины бон макуы фен.
Зæронды бонмæ ма фæцæр.
Зæронды кармæ чи нæ фæцард, уыдон рæхджы бонты уымы бæсты баййаф.
Зæрыбон дын цæстытыл æрхæцæг ма фæуæд.
Зæрыбонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Зæрыбонмæ ма фæхæццæ у.
Зæрыбоны ад ма банкъар.
Зæрыбоны маст дæ бадомæд.
Зæфцы фыдæй – дæ мæлæт.
Зæфцы фыдæй мауал сис дæ сынтæг.
Зæхх дæ быны алæбырæд.
Зæхх дæ быны лæбыргæ фæцæуæд æмæ дын дзы аирвæзт куыднæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Зæхх дæ быны чъырын артау фæсудзæд.
Зæхх дæ рæхджы бахæрæд.
Зæххæй дын хай ма уæд.
Зæххæй ма бафсæд.
Зæххы фарн дæ баййафæд.
Зæххы фарнæй æлгъыст фæу.
Зæххы фарнæй басудз.
Зæххы цъарыл цалынмæ хæрд æмæ нозт уа, уæдмæ адæмы тæригъæдæй зынудисæн фæкæн.
Зæххыл цалынмæ хæрд æмæ нозт уа, уæдмæ фæцæр.

Зæххы бардуаг дæ йæ зæхмæ ма бауадзæд.
Зæххы бардуаг дæ ралгъитæд.
Зæхы бардуаг дыл йæхи атигъ кæнæд.
Зæххы бардуаг дыл рахæтæд.
Зæххы бардуаг дын зæххæй хай ма бакæнæд.
Зæххы бардуаг дын ма ныххатыр кæнæд.
Зæххы бардуагæй æлгъыст фæу.
Згæ дæ бахæрæд уæд та.
Згæ дыл бафтæд.
Згæ дыл схæцæд ноджыдæр.
Згæхæрд фæу.
Зды нæмыг дыл сæмбæлæд.
Зды цæссыг фæкал.
Зды цæссыгæй дæ Уæллаг æркæуын кæнæд.
Зиан зианы фæдыл цы 'ййафай, уыцы бон дыл акæнæд адæмы мæгуыр зиæнтты тæригъæдæй.
Зианджыны хал ахæр.
Зианджыны царм скæн.
Зивæг дыл бафтæд.
Зивæг фæкæн.
Зивæгæй – дæ мæлæт.
Зивæггæнгæйæ фæдæнгæлмард у.
Зилдух фæкæн дæхи алыварс.
Зинты хай фæу.
Змæлæг уæ мауал баззайæд.
Знаг лæгау лæгæн вæййы æмæ-иу не знæгтæ не 'нтыстытæм кæсгæ-бæлгæйæ цæрæнт.
Знаджы нæмыг дæ дæ уынгæджы бон баййафæд.
Знаджы нæмыг дыл сæмбæлæд.
Знаджы нæмыгæй рафт.
Знаджы хъæбулмæ дæр дурзæрдæйæ чи акæсы, уый уæзæгыл саби макуы бахъомыл уæд.
Знæгтæ фæагур дæ ахсджиæгтæй.
Знæт фæкæн.
Знæтгæнгæйæ амæл.
Зокъо рафтау.
Зокъотæ дыл æрзайæнт.
Зокъотæ дыл цалынмæ зайой, уæдмæ цæр адæмы къæхты бын.
Зонд ссаргæйæ у, фæлæ йыл ды макуы фæхæст у.
Зондагур фæцу, фæлæ дæ къухы макуы бафтæд.
Зондджын лæджы ныхас дыл макуы сæмбæлæд.
Зоныгдих дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зоныгсаст фæу.
Зулдзыхæй сис дæ уд.

Зулдзыхæй фæбад.
Зулдзыхæй фæцæр адæмы 'хсæн.
Зулмæ фæцу.
Зыбыты æррайы бон дыл акæнæд.
Зыбыты иунæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Забыты расыгæй æрбасутыр у.
Зыгъуыммæ ацæуæнт дæ хъуыдыгонд хъуыддæгтæ.
Зыгъуыммæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Зыгъуыммæ дæ баныгæдæуæд.
Зыд æмæ фыдæй фæцæр.
Зыд фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Зыд фæкæн, фæлæ дæ цæст макуы мацæмæй бафсæдæд.
Зыды бон дыл æркæнæд.
Зыдгæнгæйæ амæл.
Зылынджынæй араст у дæ фæстаг фæндагыл.
Зылынджыны бандоныл фæбад.
Зымæг дыл æрцыд, фæлæ уалдзæг мауал баййаф.
Зымæг дыл мауал æрцæуæд.
Зымæг мауал æрæййаф.
Зымæгон-зымæджы дæргъы фæхъæрз æмæ фæнæт.
Зын бон дыл акæнæд, мæ къона.
Зынæфсис дæ æмæ дæ сæры хъæбæртæ дæр аирвæзæнт дæ хæлд уæцъæфы.
Зынæфсис дæ æмæ макуы мацæмæй бафсæд.
Зынæфсисы бон дыл ныккæнæд.
Зынг дыл сирвæзæд.
Зынг зæгъынæй ком нæ судзы, фæлæ дæуæн дæ хъуыры зынджытæ цы ацæуой, ахæм бон дыл акæнæд.
Зынгæй басудз.
Зынгыл лæуд фæу.
Зынджы амæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Зынджы хай фæу.
Зынггур фæцу.
Зынггур фæцу æмæ дын йæ дуар мачи бакæнæд.
Зынггур фæцу æмæ дын зынг раттын макуы макæй цæст бауарзæд.
Зынгхуыст фæу.
Зынгхуыстæй — дæ цард.
Зындон фестæд дæ фæрныг цард.
Зындоны фæбад.
Зындоны фæсæй.
Зындзард лæджы къухы ныххау.
Зындзард фæкæн.
Зындзардæй амæл адæмы тæригъæдæй.

Зынудисæн фæкæн.
Зынудисгæйæ ныхъхъæбæр у.
Зырнау фæзил.
Зыхъхъырдæндаг æмæ дæ саузæрдæйæ фæцæрын кæнæд де скæнæг Хуыцау.

# И

«Иа» фæкæн хæрæгау.
Ивазинаг фæу.
Ивæзтытæ бау.
Ивар бафидынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ивар кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Иварæй ивармæ фæцу.
Иваргæнæг уæ ма рацæуæд.
Иваргæнæгæй уæлдай мацæмæн сбæзз.
Иваргæнæгæй хуыздæр уæ макуы мачи басгуыхæд.
Иваргæнæггаг дын — куыдзы хъус.
Иваргæнæджы фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Иваргонд фæу.
Ивартæ фидгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Иварты бын дæ макуы фæуæд дæ сæр схъил кæныны бон, æндæр дын цы зæгъон.
Ивæг дæ ма уæд.
Ивддзаг дæ Дунескæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Ивддзаг мард акæн.
Ивддзаг мардæй дæ мæ уд фенæд.
Ивддзаг мардæй дыл мæ уд фæдзыназæд.
Ивддзаг цæф дæ фæкæнæд де Сфæлдисæг.
Ивддзагæй æрцæуæд де сæфт.
Ивддзагæй де знæгты кæрдтыл бафт.
Ивддзаджы бон дыл акæнæд мæ тæригъæдæй.
Ивинаг фæу.
Ивгъуыд дæ нæ хъæуы æмæ дын фидæн дæр Хуыцау дæ къухы макуы бафтауæд.
«Ивгъуыд-ивгъуыд»-гæнгæ амæл.
Ивгъуыды цырæгътæ дын Уæллаг макуы фенын кæнæд.
Ивгъуыдыл дур фæлдахыс æмæ дын дæ фидæныл дурфæлдæхт фæуæд.
Ивылд доны ласт фæу.
Ивылддæр кæм у, уым — дæ сæр.
Ивылæны — дæ цæрæн.

Игæрæфтыдæй фæцæр.
Игæрнизæй фæсæй.
Игæрнизæй дæлгæмттæ-уæлгæмттæ цы фæкæнай, ахæм бон дыл акæнæд адæмы арфæйæ.
Игæрхæлд дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Игæрхæлдæй æрцæуæд дæ судзгæ мæлæт.
Игæрхæлдæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Игæрхæлдæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Игæрхæлдæй уæзгуытыл фæбыр.
Игæрхæлдмæйы цæрæнбонтæ дæр дын мауал бауарзæд де скæнæг Хуыцауы цæст.
Игæрхæлдыл дæ цынæ ныууадза Уæллаг, ахæм бон дыл акæнæд мæ тæригъæдæй.
Игæрхуыз удхæссæг дæ къæсæрыл æрбалæууæд йæ къæдз цæвæгимæ.
Идадзæй дæ фæластæуæд.
Идадзæй ласынæй дарддæр мацы куыстæн сбæзз.
Идæдз бындартæм фæдзыназ.
Идæдз дæ мæ уд абадæд.
«Идæдз дæн», «идæдз дæн» фæкæн æмæ дын дæ амонд ссарын макуы бантысæд.
Идæдз лæг дзæгъæл куырæй æгаддæр у æмæ уый цардæй батон, амондыскæнæг дын цы царды бонтæ снывонд кодта, уыдон.
Идæдз лæджы цард дæ къухæй макуы ахауæд.
Идæдз усы æлгъыст дыл æрцæуæд.
Идæдз усы æлгъыстæй ничима аирвæзт æмæ дзы бæрзæйсастæй фæцу.
Идæдзæй арвит дæ зæры бонтæ.
Идæдзæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Идæдзæй базæронд у.
Идæдзæй дæ мæ уд фенæд æвваxс рæстæджы.
Идæдзæй дæм цæгатæрдыгæй халонæрбауасæг дæр зивæг куыд кæна, ахæм бон дыл акæнæд.
Идæдзæй дын кæстæры хурæй дæр ма барухс кæнæд дæ зæрдæ Дунескæнæг.
Идæдзæй «лæг-лæг»-гæнгæ фæцу.
Идæдзæй мыггагæй рæвдыд макуы банкъар.
Идæдзæй номылусы цард фæкæн.
Идæдзæй фæхæт адæмы уæзгуытыл.
Идæдзмæ сывæллæттæ дæр дзырдхъом сты æмæ дæм уыцы номæй фæдзырдæуæд ноджыдæр.
Идæдзмæ тæхудиаджы бон дыл акæнæд.
Идæдзы æвзагæй фæдзур.
Идæдзы бонæй дæ Хуыцау макуы фервæзын кæнæд.

Идæдзы зæрдæйæ фæцу дæ хъуыддæгты фæдыл.
Идæдзы кадмæ æрхау.
Идæдзы кæрдæны фæрабыр-бабыр кæн.
Идæдзы ном дæ рагъæй макуы ахауæд дæ цæргæ бонты.
Идæдзы цард дын Хуыцау макуы аппарæд дæ уырынгтæ къухтæй.
Идæдзы цардмæ цы фæбæллай, ахæм бон дæ баййафæд.
Идæдзты хал ахæр.
Идон бафтауыны бон дæ мауал фæуæд.
Идонæфтыдæй адæргъ кæн дæ къæхтæ.
Идонæфтыдæй фæцу цъæх Хуыцауы бын.
Идонбакæнæг дын макуы разынæд.
Идонбосыл æрбахæцыны бон дæ макуы фæуæд.
Идонбосыл хæцгæйæ фæхъу.
Идонрайсæг уæ макуы рацæуæд.
Изæрæй дæ мæ уд аныгæнæд.
Изæрдалынгтæм – дæ цæрæнбон.
Изæрмæ – дæ удисæн.
Изæрмæ дæ Хуыцау мауал фæцæрын кæнæд.
Изæры дыдзы хуримæ дæ фæстаг фæндагыл лæуд цы фæуай, мæ уд дын уый фенæд.
Изæрыгон æрцæуæд дæ мæлæт.
Изгардгæнгæ – дæ цард.
Икъа-икъа фæкæн.
Икъа-икъагæнгæйæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Икъа-икъайæ дарддæр макуы мацы базон.
Инæлар макуы рацæуæд уæ мыггагæй.
Инæлары онг ма фæцæр.
Ингæн дын ма разынæд дæ райгуырæн зæххыл.
Ингæн дын фестæд дæ фыды хæдзар.
Ингæнкъахæг дын ма разынæд.
Ингæнкъахæгæй фæхæр дæ къæбæр.
Ингæнкъахæгæй фæцу.
Ингæнкъахæджы амонд ахæр.
Ингæнкъахæджы кадæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Ингæнмæ бацу.
Ингæнмæ дæм фæдзыназæнт дæ ахсджиæгтæ.
Ингæнмæ дæм фæдзырдæуæд.
Ингæнмæ дзурæгау дын фæмысæнт дæ ном, чи дын ис, уыдон.
Ингæнмæ ныдздзыназ дæ ахсджиæгтæм.
Ингæнмæ цы ныдздзурай дæ хуыздæртæм, уыцы амонд дæ уæд, кæй нæ уарзыс, уыдоны тæригъæдæй.
Ингæны æвæрд фæу, æндæр дын цы зæгъон.
Ингæны æрбынат кæн.

Ингæны былыл æрцæуæд дæ мæлæт.
Ингæны былыл баззай æнæныгæнæгæй.
Ингæны дæ авæрæд мæ уд.
Игæны дæ дæ фарсыл æрзилыны бон мауал фæуæд.
Ингæны дæ мæ уд фенæд.
Ингæны дæлгоммæ цы 'рзилай, дæ ахсджиæгтæй дæм ахæм хабар ныхъхъуысæд.
Ингæны къæйыл бадгæйæ баззай.
Ингæны къæйыл бахус у.
Ингæны къултæ дыл фæлæбырæнт.
Ингæны ныххау.
Ингæны сыджыт ныллæбырæд дæ быны.
Ингæны фаг дæ мауал фæуæд дæ фыдæлты уæзæгæй.
Ингæныл фæхæрут уæ кæрæдзи.
Инджын сылытыппыр куыд ныввæййы, афтæ дæ тугтыппыр фестын кæнæд Уæллаг.
Инджынæй дæр макуы бафсад дæ гуыбын.
Инкубаторы цъиутау ивддзæгтæ фæкæнут.
Икубаторы цъиутау фæдзой-дзой кæнут.
Инфаркт дæ ныццæвæд.
Инфаркты цæф фæу.
Иппæрдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Иратаманы де 'мбисонд цы ныхъхъæр уа, ахæм бон дыл акæнæд рæхджы бон.
Иратаманыл айхъуысæд де 'гады сæфт.
Ирвæзинаг уæ мауал баззайæд.
Ирвæзтцæстæй фæкæс цардмæ.
Ирвæзынгæнæг уæ мауал уæд.
Иргъæвæгыл хылгæнæгæй фылдæр æрхауы æмæ сæ амæттаг фæу.
Иргъæвæн дын мауал уæд мæ уæззау тæригъæдæй.
Иргъæвгæ-иргъæвын мæлæтдзаг цæф фæу.
Иргъæвджыты амæттаг фæу.
Ирддзаст чызг макуы ракæсæд дæ къæсæрæй.
Ирддзаст чызг макуы скæсæд дæ хъæццулы бынæй.
Ирон адæм дæ сæ рæгъы мауал ауадзæнт.
Ирон æгъдауыл ныгæд æрцу дæ цины бон.
Ирон æлгъыст дæ баййафæд де 'взонджы бонты.
Ирон æлгъыст дыл æрцæуæд.
Ирон æлгъыст цæуаг у æмæ дын дзы фервæзт ма уæд.
Ирон хъоды дыл бачындæуæд.
Иронау дзурæг уæ мауал баззайæд.
Иронау дзурыны бон дæ мауал фæуæд.
Иронæй мæгуыргур никуы уыд æмæ ирон фарнæй басудз.
Иронæй мæгуыргур цæуынæй фидиссагдæр ницы ис æмæ фидиссагæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Иронимæ дзырддаг дæ Хуыцау фæкæнæд.

Ироны ахæсты дæ Уæллаг цы баппара, ахæм бон дыл акæнæд.

Ироны кард дæ хурхыл æвæрд фæуæд.

Ироны нæмыг дын дæ риуыгуыдыр айгæрдæд.

Ироныл æмбæлд фæу дæ тыхагуырды.

Иронвæндаг фæкæн.

Иронвæндаггæнгæ дæм фæцæуæд мæнæй уый.

Иртасæг уæ мауал уæд.

Иртасинаг уæ Хуыцау фæкæнæд.

Иртасын уын мауал бантысæд, цы куыстытæ стут.

Иртæст фæут, кæм уын чи ис, уыдонæй.

Иртæстæй амæл.

Иртæстæй æрцæуæд уæ удты сæфт, цы бинонтæ стут.

Ирхæфсын уын ма бантысæд.

Ирыстойнаг дон уæ хъуыры макуыуал ахизæд.

Ирыстойнаг низ нæй, фæлæ куы фæзына, уæд дзы фæдæнгæлмард ут.

Ирыстойнаг низ уыл фæзынæд.

Ирыстойнаг низæй фæсæйут ирон адæмы тæригъæдæй.

Ирыстон дыууæ дихы уа, ууыл чи архайы, уымæн дыууæ дихæй æрцæуæд йæ мæлæт.

«Ирыстон», «Ирыстон» фæкæн æмæ йæ сыджыты ныгæд макуы æрцу.

Ирыстон уæлдзæнæт у, фæлæ дын дзы цæрын ма бантысæд.

Ирыстон Хуыцауæн адджын бæстæ у æмæ йе знæгтæ Хуыцауы фыдæхæй сыгъд фæуæнт.

Ирыстонæн мæймæ рæйæг куыдзæй фæцу.

Ирыстонæн нæ фыдбоны сыхæгтæ цы аразынмæ хъавыдысты, уый сæхи сæртæ рæхджы бонты бавзарæнт.

Ирыстонæн урс уæрыккæй фæцу.

Ирыстонмæ кардимæ чи цæуы, уыдонæн мæрдты Барастырыл — сæ фæндаг.

Ирыстоны зæдтæ æмæ дæ дауджытæ ласгæмард фæкæнæнт.

Ирыстоны зæххæй дæ ингæнваг ма фæуæд.

Ирыстоны зæххæй хауæггаг фæу.

Ирыстоны знæгтæ ирон зынгæй бадзудæнт.

Ирыстоны знæгты сæ кæрæдзийы амæттаг Хуыцау фæкæнæд.

Ирыстоны знæгтæн æвзæртæ — хæринаг.

Ирыстоны знæгтæн мæ куыйтæ фæлдыст фæуæнт.

Ирыстоны знæгтæн цъыфтытæрæн бæхæй фæцу.

Ирыстоны знæгты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.

Ирыстоны знæгтыл ирон карды цæхæр ныккæлæд.

Ирыстоны сæрылхаст дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг Хуыцау.

Ирыстоны тæригъæд дæ сæрыл æртыхсæд.

Ирыстоны тæригъæд йæ цыфыддæр знæгты баййафæд.

Ирыстоны тæригъæд нæ тайы æмæ нæ фыдбоны сыхæгтæн цæрынæй-хæрынмæ йæ фидинаг фæуæд.

Ирыстоны тæригъæдæй нæ фыдбоны сыхæгты мыггагыскъуыд Хуыцæутты Хуыцау фæкæнæд.

Ирыстоны тæригъæдæй не знæгтæ цæргæ-цæрæнбонты цы фæсæйой, ахæм бон сыл акæнæд.

Ирыстоны цæрыны амонд дæм Уæллаг Хуыцауæй макуы бон æрхауæд.

Ирыстоныл нæ фыдбоны сыхæгтæ цы бон кæнын кодтой, уый сæ сæртæн фиддон уæд.

Исæфсæст дын Хуыцау макуы зæгъæд.

Исæфсæстæй дын цæрын ма бантысæд.

Исæггагмæ фæдзыназæнт дæ мæгуыр къуымтæ.

Ис-бис фæкæн æмæ исбон дæ цæстæй макуы фен.

Исджынæй стонггуыбынæй амæл дæ ис-бисыл.

Исджынтæм бæлгæйæ тъангыскъуыд фæу рæхджы бонты.

Исджынты фæфæзм, фæлæ сæ æййафгæ макуы акæн.

Исджынтыл уæрст æрцæуæнт дæ нымад бонтæ.

Исинаг фæу æмæ дыл хæрдмæсхæцæг мауал уæд.

Исинагæй æнæ сисæгæй – де сæфт.

Искæй бын амæл.

Искæй дæлбазыр дæ æрæййафæд дæ адзал.

Искæй дæлфæдтæм æрцæуæд де сæфт.

Искæй къæхты бын æрцæуæд дæ мæлæт.

Искæйонау дæ искæй дæлбазырæй рахæссæнт дæ фæстаг фæндагыл.

Искæйонæй фæхит дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.

Искæйонæй фæцæр.

Искæйонты мæгуыры бон дыл акæнæд.

Искæйонтыл худыс æмæ сын дæллаггалæй фæхырх дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.

Искуы æрцæуæд дæ дзæгъæл мæлæт.

Искуыцæй дæ æрласæнт сау уæрдоныл.

Исты фыд дæ баййафæд, мæгуыр адæмы судзгæ æмæ дудгæ тæригъæдæй дæ сынтæг куыднæуал сисай.

Итувæрæг макуы фен дæ царды.

Итувæрдæй амæл.

Итугæнгæйæ дæ æрæййафæд дæ адзал.

Иу бонæй фæцæр.

Иу бонваг дæ Хуыцау ма скæнæд.

Иу боны бонæй дæ фæцæрын кæнæд æппæтхъом Уæллаг.

Иу дæ сдæнгæлмард уæд.

Иу дæ схъæбæр уæд мæ тæригъæдæй.

Иу ингæнмæ уæм ныдзыназæд мæ уарзæгой зæрдæ.
Иу ингæны æвæрд фæут.
«Иу, иу» фæкæнут.
«Иу, иу»-гæнгæ æрцæуæд уæ мæлæт.
Иу «мæн у»-зæгъæг уæ мауал уæд.
Иу нысан уын Хуыцау макуы раттæд.
Иу нысан уын Хуыцæутты Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Иу уæ мауал баззайæд, цы сывæллæттæ стут.
Иу Хуыцау у æмæ дæ йæ фыдæх рæхджы бонты баййафæд.
Иу цæстытыл æрхæцæг дæ уынгæджы боны ма фæуæд дæ цуры.
Иуæггай ныуут.
Иуæггай уын уæ сæфт фенæд мæ уд.
Иуæрдæм фæзилыны бон дæ мауал фæуæд, афтæ дыл сæмбæлæд де знаджы нæмыг.
Иуæхстон топпы нæмыг сæмбæлæд дæ тæккæ ныхыл.
Иубон æрцæуæд де ‘гады мæлæт.
Иугай-дыгай бынсæфт фæут.
Иугæнæг уæ мауал баззайæд.
Иугæнæгмæ фæбæллут æмæ уын æй Хуыцау уæ цæсты тигъæй дæр цы никуы фенын кæна, уыцы арфæ уыл æрцæуæд рæхджы бонты.
Иу дагъæй кæм не ‘ххæссут, уым уæ дыдагъ кæнын цы бахъæуа, ахæм бон уыл акæнæд.
Иу дагъмæ фæбæллут æмæ уын уæ дыдагъ райхалын макуы бантысæд.
Иудадзыг адæммæ кæсгæ-бæлгæйæ фæцæрут.
Иудадзыг карды бын лæугæйæ батонут уæ царды бонтæ.
Иудадзыг «мæн у, мæн у» фæкæнут.
Иудадзыг тæдзынæгæй цыхцырæджы бынмæ фæлидзут ноджыдæр.
Иудзæфон (Аларды) чи у, уый азар дæ басудзæд.
Иудзæфоны цæф дыл сæмбæлæд.
Иудзинад уæ хъуыдыйы кæронмæ дæр макуы æрцæуæд.
Иудзинад уын Хуыцау макуы раттæд.
Иудзинад уын Хуыцауы цæст уæ сæфты бон дæр ма бауарзæд.
Иудзинадмæ бæлгæйæ æрцæуæд уе сæфт.
Иудзинадмæ бæлгæйæ бындзагъд фæут.
Иудзинадмæ фæбæллут æмæ, тагъд Барастыры дунейы цы баиу уат, ахæм бон уыл акæнæд.
Иудзинадмæ фæбæллут æмæ уæ кæрæдзийы ‘взаг макуы бамбарут.
Иудзырдон адæм æнæбасæттон сты æмæ, сымахæн уæ дзырд кæрæдзийыл цы никуы æрбада, ахæм амонд уæ уæд.
Иудзырдон уæ Уæллаг макуы скæнæд.

Иумæйаг ингæны æвæрд æрцæут.
Иумæйаг мард акæнут.
Иунæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Иунæджы æмбисонд дыл акæнæд.
Иууæладзыгонæй ракæсынхъом дæр макуы бонты су.
Иууæладзыгонæй уæлдæр дæ Уæллаг макуы суадзæд.
Иухуызон мард уын мæ цæст фенæд.
Иухуызон мæрдтæ фæныгæнут ноджыдæр, чи уæ нæ уарзы, уыдоны фæндиаг.
Иухуызон цæф уыл сæмбæлæд.
Иухъусон Карумы[1] бон дыл акæнæд.
Ифтонггондæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ифтонггондмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Ифтыгъд æрцу.
Ифтыгъд æрцу де знаджы 'фсондзы.
Ифтыгъд чи сты, уыдоны хъысмæтмæ цы фæбæллай, уыцы бонæй фæцæр.
Ифтыгъдæй æрцæуæд дæ ахсджиæгты бынысæфт.
Ифтыгъдæй дæ æрæййафæд дæ адзал.
Ифтындзинаг фæу.
Ифтындзынæн дæр цынæ бабæззай, ахæм бон дыл æркæнæд.
Их дыл æрцæуæд.
Их уыл ныууарæд.
Ихы бын чи фæцис, уыдоны бон уыл акæнæд рæхджы бонты.
Ихыл бырыны бон дæ мауал фæуæд.
Ихастæрдыл фæсæй.
Ихæнризæй дæ рафтын кæнæд Уæллаг.
Ихдзагъд фæут.
Ихзæйы бын æрцæуæд уæ мæлæт.
Ихзæйы бын уæ мыггагыскъуыд фæкæнæд дунескæнæг рæстаг Хуыцау.
Ихзæйы ласты фæут.
Ихзæрдæйæ батон дæ царды бонтæ æмæ дын зæххыцъарыл «мæн у»-зæгъæг мачи уæд.
Ихзæрдæйæ фæцæр дæ фыды артдзæсты.
Ихxoст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ихын галуан – дæ цæрæн.
Ихсыд æмæ ивзыдæй – дæ мæлæт.
Ихсыд æмæ ивзыдæй фæцæр.
Ичъына дыл мауал æрцæуæд.

---

[1] Коцойты Арсены радзырд «Æнæхъус Карум»-ы сæйраг хъайтар.

Ичъынайы калмау дын дæ бынат рæстæгыл ссарын ма бантысæд.
Ичъынайы калмау уæлæуыл баззай.
Ичъынайы калмау уæлæуыл цы баззайай, нoджыдæр удхаргæнгæйæ, ахæм бон дыл акæнæд мæ тæригъæдæй.
Ичъынайыл мауал сæмбæл.
Ичъынайыл чинæуал сæмбæлд, уыдоны бон дыл акæнæд.

# Й

Йæ зонд – дæ сæры.
Йæ зонд дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Йæ зондæй фæцæр.
Йæ къухы сæ хъыргъы дæр макæмæн æрбадæд.
Йæ мад амæлæд.
Йæ мад йæ быныл баззайæд.
Йæ мад æм иронвæндаггæнгæ фæцæуæд.
Йæ мад ыл йæ бындзгуытæ цы фæтона йæ ингæны къæймæ, тагъд ыл йе 'мгæртты мадæлты тæригъæдæй ахæм бон акæнæд.
Йæ мад ыл тагъд саутæ цы скæна, уыцы бон ыл акæнæд.
Йæ мады æхсыры хъуыртт йæ фарсæй фæуæд.
Йæ мады лæггæдтæ йæ фарсы тæнæгæй акæлæнт.
Йæ мадыл фæба...æд, кæд уый æцæг ирон лæппу нæу.
Йæ мард дæм æрбайхъуысæд.
Йæ мард дæм æрбаласæд рæхджы бонты.
Йæ мард сæ мæрдтæм макæмæн фæхæццæ уæд.
Йæ мард ын фен.
Йæ мардæй йын сывæллæтты фæтæрсын чындæуæд.
Йæ мардыл ын фæку.
Йæ сау уæрдон дæм æрбатулæд.
Йæ сæйгæ уат ма сисæд.
Йæ фæд-фæд кæмæн зилыс, уымæй æвæд фæу.
Йæ фæд-фæд цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Йæ фæхъхъау фæу.
Йæ хал ын ахæр.
Йæхинымæр чи фæндтæ кодта, уый бон дыл акæнæд.
«Йед у» дарæг дæ ма уæд.
«Йед у» зæгъæг дæ мауал рацæуæд.
Йе 'мбисонд – йæхи.
Йе 'мбисонд дæ баййафæд.
Йе 'мбисондæй дын фервæзт мауал уæд.
Йесо Чырыстийæ æлгъыст фæу.

Йесо Чырыстийы фыдæх дæ баййафæд.
Йесойы æлгъыст фæу.
Йесойы цæхæртæй басудз.
Йесойы цæхæртæ дыл æркæлæнт адæмы тæригъæдæй.

# К

Кабинет макуы фен.
Кабинеты ‘рбадын дын макуы бантысæд.
Кабинеты ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Кабинетыл фæхæр дæ уды бонтæ æмæ дын дзы дæ зæрдæйы фæндиаг кусын ма бантысæд.
Каблук кæнынхъом макуы су.
Каблук скæнын дын ма бантысæд.
Каблук скæнынмæ фæбæлл æмæ йе скæнынхъом макуы бау.
Каблукджын макуы рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Каблучы бын æрцæуæд дæ мæлæт.
«Кавказаг, кавказаг» кæныс æмæ сæ фыддæрты къухы æфтыд фæу.
Кавказаг мард акæн.
Кавказаг цæф дæ æркæнæд Уæллаг.
Кад æмæ рад цы сты, уый дын дæ амондыскæнæг макуы базонын кæнæд.
Кад макуы фен.
Кадаварæй арвит дæ царды бонтæ.
Кадаварæй фæцæр дæ цард-цæрæнбонты.
Кадгæнæг дын ма уæд.
Кадгæнæг уæ макуы мачи уæд.
Кадгæнæг уын мачи разынæд.
Кадгæнгæ æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Кадджын мард акæн.
Кадмæ бæлгæйæ амæл.
Кадмæ бæлгæйæ – дæ мæлæт.
Кадмæ бæлгæйæ – дæ хæдзары сæфт.
Кадмæ бæлгæйæ фæцæр.
Кадмæ фæбæлл æмæ йæ ма фен.
Кадмæ цæуыны бæсты мардмæ фæцу.
Кадмондæгты баййаф рæхджы бонты.
Кадмондæгты бон дыл акæнæд.
Кадхъуагæй фæхит адæмы ‘хсæн.
Кады хъуыддаг макуы фен.
Кады хъуыддæгты бæсты марды хъуыддæгтæ цы фæкæнай, уыцы бон дыл акæнæд.

Кадыл мæлæты бæсты дын кардыл мæлæт ссарын кæнæд Уæллаг.
Кадылмард æрцу.
Кадæггаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Кадджытæ æмæ зарджыты сæйраг фæу.
Каис кæнын дын ма бантысæд.
Каисæн лæггад кæныны амонд дæм макуы æрхауæд.
Каисæн лæггадхъом макуы су.
Каисмæ фæбæлл æмæ йæ ма ‘рæййаф.
Каисы кардæй – дæ мæлæт.
Каисыл цин кæнынæн ма бау.
Какон сындзытæ фæтон дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Какон сындзытæ феууилут, цы ус æмæ лæг сымах стут.
«Калак, калак» фæкæн æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Калакдзауты фæдыл фæцу.
Калакдзаутыл дæ фыны дæр макуы сæмбæл.
Калддзæгæй æрцæуæд дæ сау мæлæт.
Калддзæгæй дæ мæ уд фенæд.
Калинаг – дæ муртæ.
Калинаг фæуæд дæ астæуцæджындз.
Калинаг фæуæд дæ сæры магъз.
Калм дæ фестын кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Калм дæ цуры æрттивгæ уæддæр кæны æмæ уымæй фыддæр фæу.
Калм куыд æлгъаг у, афтæ дыл адæм æлгъ цы кæной, ахæм бон дыл акæнæд сæ тæригъæдæй.
Калм фест æмæ дæ къæдзилæй дæхи бахæр.
Калмау хæрвивæн фæкæн.
Калмдзæф фæу æмæ уымæй æрцæуæд дæ адзал.
Калмдзæф фæу рæхджы бонты æмæ дын хосгæнæг хос ма-уал ссарæд.
Калмхор дæ де скæнæг фестын кæнæд.
Калмхоры ном де рагъæй мауал ахауæд.
Калмы ном дæ гæбæр рагъæй райсынæн макуы бау.
Калмы номимæ фæбыр адæмы ‘хсæн.
Калмы хæст фæу.
Калмы хæстæй æрцæуæд дæ фидиссаг уды сæфт.
Кæлмыты холы дæ Хуыцау фæкæнæд.
Капекк сисынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Капекгур дæ Хуыцау адæмы къæсæртыл фæхæтын кæнæд мæ тæригъæдæй.
Капекмæ фæбæлл æмæ йын йæ зæлланг макуы фехъус.
Капеккыл æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Капеччы аргъ дæ цынæ уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Капеччы бонæй фæцæр.

Кар макуы базон.
Кардзыдмæ дæ Уæллаг ма фæцæрын кæнæд.
Кардзыдмæ ма ахæццæ у.
Кары ард дæ баййафæд.
Кард ныссæдзæд дæ зæрдæйы.
Кардæй мард дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Кардæй цæф фæу.
Кардæлвæстæй æрхауæд дæ бæрзæй дæ размæ.
Кардæлвæстæй цæуыны хъару дын Хуыцау макуы раттæд.
Кардæлвæстытыл цы бон акæны, уыцы бон дын тагъд рæстæджы фенæд мæ цæст.
Карды комæй амæл.
Карды комыл – дæ фæндаг.
Карды комыл – дæ фæндаг, айчы хъуызджы – дæ хæдзар.
Карды цæф дæ Уæллаг фæкæнæд.
Кардыл фæдзедзылой кæн.
Карз арахъхъ дын дæ зæрдæйы тæгтæ айгæрдæд.
Карз арахъхъ дын дæ хурхысæртæ ахгæнæд.
Карз арахъхъæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Карз æлгъыст дæ баййафæд.
Карз лæгтыл цы бон акодта, уымæй дын аирвæзт ма уæд.
Карз лæджы цæф дыл сæмбæлæд.
Карз мард дын мæ цæст фенæд.
Карз низ – дæ артæнты.
Карз низ дæ зæрдæйы фæзынæд.
Карз низ дæ мауал суадзæд дæ сынтæгæй фезмæлын кæнын.
Карз низæй фæсæй.
Карзæй амæл.
Карзæй карздæр фæкæн æмæ дзы дæ уды сæфт ссар.
Карзæй-карздæрмæ фæцу.
Карк кардæвæрд бæрзæимæ куыд цæры, афтæ дæ фæцæрын кæнæд де снывгæнæг Хуыцау.
Карк дæр ма йæ айкæй æфсæрмы кæны, ды уыйхъом дæр ма су.
Карк ма йæ айкыл бацин кæны, ды цин кæнынæн дæр ма бау.
Каркарæхмæ уæ Хуыцау макуы ауадзæд.
Карчы амонд – дæ хъуыры.
Карчы амондæй батон дæ бонтæ.
Карчы къахау бампыл.
Карчы цъиуау цъипп-цъипгæнгæ фæцу.
Каркаситæ кæнынмæ фæбæлл æмæ дæ уыцы бон макуы фæуæд.
Каркаситæ кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Каркаситæгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Каркаситæгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Карст дарæс макуы фенæд дæ рагъ.

Карст-барстæй дæ æрбадæнгæлмард кæнæд дæ амондфыссæг.
Карст-барстæй — дæ цард.
Карст-рыгъдæй — дæ адзалфыст.
Карст-рыгъдæй дæ аныгæнæд мæнæй уый.
Картоф дæр макуы фенæд дæ цæст.
Картоф макуы фенæд дæ хус гуыбын.
Картофæй дæр макуы бафсад дæ гæлдæр ахсæн.
Картофдонæй дæр макуы бафсæд.
Картофдоны цы аудайай, уый дæр макуы райс дæ мæгуыр къуымæй.
Картофджын дæр макуы фенæд дæ фынг.
Картофджынмæ ‘рхау.
Картофхæрæн фæкæн.
Картфхæрæнæй тъæпп фæхауæнт дæ тæнтæ.
Картофы арахъхъæй хуыздæр нозт райсын дын макуы бантысæд дæ ихсыд къуымæй.
Кас дæр макуы фен.
Касæй дарддæр мацы фенæд дæ фынг.
Касæй дæр макуы бафсад де стонг, ивæзт гуыбын.
Касфыцын цы у, уый дæр макуы базон.
Касхæрæн фæкæн.
Касхæргæйæ ‘рцæуæнт дæ ахсджиæгты сæфт.
Касхоры ном макуы ахауæд дæ рагъæй.
Катай фæкæн дæ уды номæй.
Катайаг фæу.
Катайæ амæл.
Катайæ дарддæр дæ сæрымагъз мацы ‘рцахсæд.
Катайгæнгæ — дæ цард.
Катайгæнгæйæ ‘рцæуæд дæ адзал.
Катайы бон дæр дæ цынæуал фæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Катайыл фæу æмæ дæ цард айрох уæд.
Кау макуы фен.
Кауауон амбæхсыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Каудуарæй фæхиз дæ цард-цæрæнбонты.
Каумих — дæ артæнты.
Каумихыл бахус у.
Каумихыл сагъдæй дæ фенæд мæ цæст.
Каурæбын — дæ удисæн.
Кауылхус æрцу.
Кафаг лæппу хæдзар нæ кæны æмæ дæ хæдзарæй рахизгæ макуы мачи фенæд.
Кафæггагæй — дæ цард.
Кафгæйæ — дæ мæлæт.
Кафгæ-кафын дæ æрæййафæд дæ удхæссæг.

Кафгæ-кафын дæ æркъуырæд Уæллаг.
Кафгæ-кафын дæ зæнг асæттæд.
Кафгæ-кафын дæ ракъуырæд йæ цæвæгæй дæ удхæссæг.
Кафтизæр макуы фен.
Кафынмæ фæбæлл æмæ дæ уæнгтæ айсынæн макуы су.
Кафыны бон дæ мауал фæуæд.
Кафыны бон кæй нал фæцис, уыдоны ’мбисонд дыл акæнæд.
Кæвдæс макуы фен.
Кæвдæсарды барæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Кæвдæсарды бонæй – дæ амонд.
Кæвдæсджыны амонд дæм макуы ‘рхауæд.
Кæвдæстæ фæбий æмæ дын Хуыцау, цы сæ бабæттай, уый дæ къухы макуы бафтауæд.
Кæвдæсы – дæ мæлæт.
Кæвдæсы дæ ныххурх чындæуæд.
Кæвдæсы кæй бабастай, уый – дæ мардæнхæрд.
«Кæд, кæд» фæкæн.
«Кæд»-æй дæ ма афæрсæд дæ удхæссæг.
Кæдæй-уæдæй – дæ мæлæт.
Кæй нæ уарзыс, уый æлгъыст дыл æрцæуæд.
Кæй нæ уарзыс, уый дæлбазыр амæл.
Кæй нæ уарзыс, уый къæсæрыл бахус у.
Кæй нæ уарзыс, уый мæрдтæн мæрдтыбæсты дондзауæй фæцу.
Кæй нæ уарзыс, уый мæрдты чырынтыл дæ сæры стджытæ фæхой.
Кæй нæ уарзыс, уый фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Кæй нæ уарзыс, уымæ къæбæргур фæдзыназ.
Кæй нæ уарзыс, уымæ ‘ххуысагур фæцу.
Кæлæддзаг дæ æмæ кæлæддзагæй æрцæуæд дæ ахсджиæгты мæлæт.
Кæлæддзагæй бамби.
Кæлæддзагæй бамби æмæ бахус у.
Кæлæн адæймаг дæ æмæ кæлæнтæй æрцæуæд дæ судзгæ мард.
Кæлæнæй – дæ цард.
Кæлæнгондæй æрбадæнгæлмард у.
Кæлæнтæй – дæ адзал.
Кæлæны бон дыл акæнæд.
Кæлæхы галау дæ къæхтæ макуы сраст кæн.
Кæлæхы галау тæрсгæ-ризгæйæ фæцу.
Кæлгæ-кæлын дæ бæрзæй асæтт.
Кæлгæ-кæлын дæхи зæххытыл фæхой.
Кæл-кæл кæнын дын мауал бантысæд.
Кæл-кæл фæкæн æмæ дæ зæрдæ мæстæй фæрчытæ фæхауæд.
Кæлкæлгæнгæ дæ аныгæнæд мæнæй уый.

Кæлкæлгæнгæ сис дæ уд.
Кæлкæлгæнгæйæ тъæппытæ фæхау.
Кæлмæвзагæй дæ Хуыцау зæххыл дæ гуыбыны цъарыл фæбырын кæнæд.
Кæлмæвзагæй цæр.
Кæлмæрзæн ныккæнынæн макуы су.
Кæлмæрзæн чи фæдары, уыдоны фарн дæ адæмы рæгъы ацæуынхъом макуы скæнæд.
Кæлмæрзæнджын макуы рахизæд дæ къæсæрæй.
Кæлмæрзæнджынты рæгъы макуы рацу, цы мæлинаг чызг дæ.
Кæлмдзæф фæу.
Кæлмхæрдæй амæл.
Кæлмхæрдæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Кæлмхъус æмæ чъиусæрæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Кæнгæ мады ‘лгъыст дæ ныхыл сæмбæлæд.
Кæнгæ цонгæй фæцæр.
Кæнгæ худтæй фæхуд.
Кæндæй дарддæр дæ хæдзары фынг макуы фен.
Кæндтæ фæкæн дæ ахсджиæгты мæрдæй.
Кæндтæ фæкæнæд де ‘взæр сæр.
Кæндтæ кæныны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Кæндтæм фæцу.
Кæндтæн бахъæуæд дæ ис, дæ бон.
Кæндты дзыназгæйæ цæссыггай æрызгъæл мæ дыууæ цæсты размæ.
Кæндты рафт.
Кæндтыл зилгæйæ æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Кæнды дæр дæм макуы ‘рхауæд хицæн хай.
Кæндыс нуæзт дын фæуæд.
Кæндысдон ацæуæд дæ хъуыры.
Кæнкдзыкку чызджытæ фæхъомыл кæн.
Кæнксæр дæ æмæ кæнксæрæй — дæ мæлæт.
Кæнксæрæй батон дæ царды бонтæ.
Кæнксæрæй дæ ‘рæйййафæд дæ адзал.
Кæнкхæрд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Кæнкхæрдæй æрцæуæд дæ ахсджиæгты сæфт.
Кæнон дын ма уæд.
Кæнон зонынхъом макуы бау.
Кæрæдзи цы бахæрат мæгуыр адæмы тæригъæдæй, уыцы бон уыл акæнæд.
Кæрæдзиимæ дæлгом-уæлгом фæкæнут.
Кæрæдзийæн аккаг фæут.
Кæрæдзийæн уæ хорз ракæнынхъом мачи бауæд.

Кæрæдзийы кæрдтыл бафтут.
Кæрæдзийы мæрдты былтыл, цынæ хъæуы, уыдæттæ фæкæнут рæхджы бонты.
Кæрæдзийы сæфт фенут.
Кæрæдзийы фæндиаг фæут.
Кæрæдзийы цæстмæ куыдзæппарæн къæдзæхæй ахаут.
Кæрæдзийыл гаут.
Кæрæдзимæ афтид тæбæгътæ æмæ хус дзæкъултæ фæхæссут.
Кæрæдзимæ мæрдтæм фæцæут.
Кæрæф дыл бафтæд ноджыдæр.
Кæрæф фæкæн дæ амæлæты бонмæ æмæ дын, дæ хисты рухс цæмæй зæгъой, уый хус къæбæртæй дæр ма уæд.
Кæрæфгæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Кæрæфдзастæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Кæрæфы бон дыл акæнæд.
Кæрæфы бонæй фæцæр.
Кæрæфы ном дыл сбадæд.
Кæрдæг фæхæр цыппæркъахыгау.
Кæрдæгæй дарддæр дын Хуыцау бахæрыны хъомыс мацæмæй раттæд.
Кæрдæгджын уыгæрдæны уис макуы ʻрхæсс.
Кæрдæгхæссæнтæм мауал ахæсс.
Кæрдæджы сæрты ахизынхъом мауал у.
Кæрдгæйæ сис де ʻвзæр уд.
Кæрдыны бонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Кæрдыны бонмæ ма ахæццæ у.
Кæрдгæ-хуыйгæ фæцу.
Кæрддзæф дæ Уæллаг фæкæнын кæнæд.
Кæрддзæфæй æрцæуæд де сæфт.
Кæрдихгай бау.
Кæрдихгай дæ фæуыгъдæуæд.
Кæрдихгай цы бауай æмæ дæ ʻртымбылгæнæн цынæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд, кæй уды хъынцъым райстай, уыдоны судзгæ æмæ дудгæ тæригъæдæй.
Кæрддзæм дын мауал уæд, цы кард басгуыхтæ.
Кæрддзæмæй сисæг дæ мауал уæд, цы кард дæ.
Кæрддзæмы нывæрын дын мауал уæд.
Кæрддзæмы сызгæ у.
Кæрдо бæласау дæ фæуыгъдæуæд.
Кæрдо бæласау дæ фæуыгъдæуæд æмæ дæм, зæрдæ цæмæй барухс уа, ахæмæй мацы ссардæуæд.
Кæрдохоры ныхты — дæ удисæн.
«Кæрдзын, кæрдзын» фæкæн æмæ дзы макуы бафсæд.
Кæрдзынæй макуы бафсад дæ гуыбын.

Кæрдзынваг макуы райс дæ къуымæй.
Кæрдзынгæнæг макуы фен дæ хæдзары.
Кæрдзынгур фæцу адæмы сыгъд æмæ рыгъд уæзгуытыл.
Кæрдзынмæ фæбæлл æмæ дæ дзы хай ма фæуæд.
Кæрдзынхæссæгæй батон дæ бонтæ æмæ дзы де стонг гуыбын макуы бафсад.
Кæрдзынхъуаджы ном дæ рагъæй макуы аппар.
Кæрдзынхъус фæхуин.
Кæрдзыны фыдæх дæ баййафæд.
Кæрдзыны фыдæхæй мауал сис дæ сынтæг.
Кæркæ-мæркæ къаба скæнын дын макуы бантысæд.
Кæркниз – де уæнгты.
Кæркниз дыл фæзынæд.
Кæркнизæй сæппар дæ уд.
Кæркнизæй фæутæхсæн кæн.
Кæркуасæнты – дæ удисæн.
Кæрон æрцæуæд де 'гуыдзæг цардæн.
Кæройнаджы бон дыл акæнæд.
Кæронмæ ацæуын дæ Хуыцау ма ауадзæд.
Кæрт аразыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Кæрты бакæнинаг дын макуы уæд.
Кæрты кæй бакæнынц, уыдоны æмгад су.
Кæрты кæнинаг фæут.
Кæрц макуы скæн.
Кæрцмæ фæбæлл æмæ дын йæ балхæнын макуы бантысæд.
Кæрцы дысты дæ къухтæ атъыссыны бон дæ макуы фæуæд.
Кæсæнау адæмы цæстытæм фæкæс.
Кæсгæ-бæлгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Кæсгæ-бæлгæйæ баруай æмæ батай.
Кæсгæ-бæлгæйæ фæцæр.
Кæстæр макуы аузут уæ авдæны.
Кæстæр рацæуæг уæ мауал уæд.
Кæстæрарæхæй уæ Хуыцау бахизæд.
Кæстæрарæхмæ уæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Кæстæрæй уæ къухтæ уæ дзыхы цы акæнат, ахæм æлгъыст уæ баййафæд.
Кæстæриуæггæнæг уæ макуы рацæуæд.
Кæстæрмæ бæлгæйæ батонут уæ бонтæ.
Кæстæрмæ фæбæллут, фæлæ уын æй Хуыцау уæ фыны дæр макуы фенын кæнæд.
Кæстæртæ фæныгæнут.
Кæстæртæн уæ зондамонæг ма рацæуæд.
Кæстæрты дзуарæй æлгъыст фæут.
Кæстæрты зонд – уæ сæрты.

Кæстæртыл фæмарут уæхи æмæ уын доны къус уæ къухтæм макуы авæрæд.

Кæстæртыл фæхæрут уæ хъиутæ æмæ сын сæ ингæнтæм ныдздзыназут.

Кæстæртыл цы тых хардз кæнут, уый уын дон йæ бынмæ аласæд.

Кæстæрхъуагæй батон дæ бонтæ.

Кæсгæ-бæлгæйæ фæцу адæмы 'хсæн.

Кæсын, фыссыны бон дæ ма фæуæд.

Кæттаг дæ уæнгтыл æрбаппарай, уый хъом макуы бау.

Кæуæг дыл мауал уæд.

Кæуæн бонтæ дын Хуыцау раттæд.

Кæугæ чи фæкæны мардыл, уыдоны мæрдтыл дæхæдæг фæку.

Кæугæйæ амæл.

Кæугæ æмæ ниугæ фæцу дæ цард-цæрæнбонты.

Кæугæ-ниугæйæ арвит дæ царды хуыздæр бонтæ.

Кæуинаггаг — дæ иунæг сæрыкъоппа.

Кæуинаггаг фæу.

Кæуынæн бахъу æмæ дæ цард айрох уæд.

Кæуындзастæй фæцæр.

Кæуындзæг фæбадæд дæ хъуыры.

Кæуынмæ дæм фæцæуæнт.

Кæуыны бон дæ мауал фæуæд, ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд.

Кæуыныл дæ Уæллаг сбæндæн кæнæд.

Кæф ахсынмæ фæбæлл æмæ цъингуыр дæр макуы бафтæд дæ къухы.

Кæфæй цъингуыр рахицæн кæныны зонд дын макуы раттæд Уæллаг Хуыцау.

Кæфмæ фæбæлл æмæ йын йæ ад макуы базон.

Кæфтæй-Кæсæгмæ айхъуысæд дæ худинаггаджы хабар.

Кæфтæй-Кæсæгмæ æрцæуæд дæ мæлæт.

Кæфтæй-Кæсæгмæ дыл адæм «æххы-ту» фæкæнæнт.

Кæфтæй-Кæсæгмæ цард макуы фен.

Кæфхъуындаримæ дæ бахъæуæд тох кæныны сæр.

Кæфхъуындары дзыхы — дæ сæр.

Кæхц макуы фен.

Кæхц хæссынхъом макуы бау.

Кæхцгæнæн дыл мауал æрцæуæд.

Кæцæй дæ æркъуырдзæнис Уæллаг, уый хатгæ дæр ма фæкæн.

Кой скæнæг дæ мауал уæд.

Койаг фæуæд дæ сæр.

Койгæнинаг фæу.

Коккайы мад фæхуин.

Комбастæй фæцу.

Комнизæй фæсæй.
Комхæлдæй амæл.
Комхæлиуæй дæ баныгæдæуæд.
Кæмхусæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Комбæстæсæфт фæут.
Комбæстæсæфты ном уыл рæхджы бонты сбадæд.
Комвæдис фæкæнут.
Комвæдисы ацæуæг уæ ма рахъомыл уæд.
Комвæдисы уæ лæгызмæлæг мауал баззайæд.
Комдзаг аныхъуырынæн мауал бау.
Комдзаг сисынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Комдзог дыл фæцыдæуæд.
Комдзогæй ссар дæ адзал.
Комдзыргъ фæрæт ныссæдзæд дæ дыууæ уоны астæу.
Комдзыргъ фæрæтæй лыстæг къуыхтæ ‘рцу.
Комуадзæнтæм дæ Хуыцау мауал фæхæццæ кæнæд.
Комуадзыны бон дæ мауал фæуæд.
Конд цы у, уый макуы фен.
Кондæй дæ Хуыцау фæдæнгæлмард кæнæд.
Кондæй конды хуызæн макуы су.
Кондджын хуыз райсын дын макуы бантысæд.
Кондмæ фæтырн æмæ дын кондхуызæй макуы бантысæд адæмы ‘хсæнмæ рахизын.
Коса лæджы фæндиаг фæу.
Косайæ амæл.
Крахмалгондæй асæтт дæ астæу.
Крахмалгондты ‘мбисонд дыл акæнæд дæ бинонты тæригъæдæй.
Критикæ кæнынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Критикæ кæныны бон дын Уæллаг мауал раттæд.
Критикæгондæй сис дæ уд.
Куадзæн ма æрæййаф.
Куадзæн-ма æрæййаф дæ удисгæ.
Куадзæнмæ ныуурс уæд дæ цæстытæ.
Куадзæны дыл мæнæй уый судзаггаджы хъарджытæ фæкæнæд.
Куадзæныл сæмбæлыны бон дæ мауал фæуæд.
Кувæг уæ мауал баззайæд.
Кувæг Хуыцау дыл фыдырдæм рахæтæд.
Кувæггаг дын дæ къухмæ макуы авæрдæуæд.
Кувæджы куывд йæхиуыл нæ цæуы æмæ Хуыцауæй арфæгонд макуы фæу.
Кувинаджы ардæй æлгъыст фæу.
Кувинаджы фыдæх дæ æркъуырæд.
Кувынхъом макуы баут.
Кувынхъоммæ уæ мачи ахæццæ уæд.

Кулдуар бакæнын уын макуы бантысæд.
Кулдуарæй уæ фервыстæуæд фæстæмæ.
Култæгæнгæ фæцæут.
Култæгæнгæ чи фæцæуы, уый бон уыл акæнæд.
Култæгæнгæйæ æрцæуæд уæ зæрдиæгты сæфт.
Кура-тона дын Уæллаг макуы аппарын кæнæд дæ къухæй.
Кура-тонайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Курæггагæй фæцæр.
Кургæ-курын æрхауæд дæ цонг.
Куринаг чызг макуы байрæзæд уæ хæдзары.
Куринаг чызджы释 кармæ уæ мачи ацæуæд.
Куринаг чызджытæ фæныгæнут.
Кусарт ма фенæд уæ быууат.
Кусæрттаджы номыл уæ быууаты сæнычч ы хъусæй дæр туг-суадзынхъом макуы баут.
Кусæг уæ макуы бахъомыл уæд.
Кусгæ-кусын æрцæуæд дæ мæлæт.
Кусыны бон дæ макуы фæуæд.
Куывд кæнынæн макуы бау.
Куывдтыл фæзил хæдзари-хæдзар.
Куывддонмæ цæуынхъом дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Куывддзауы ном дæм макуы ‘рхауæд.
Куывддзауы номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Куыдз амæлæд дæ цæсгомыл.
Куыдз бахæрæд дæ раттæг.
Куыдз бахæрæд дæ рафæлдисæг.
Куыдз бахæрæд дæ цæхджын хойраг.
Куыдз дæ мæрдтæ бахæрæнт.
Куыдз дæ номыл цы æлгъ кæна, ахæм бон дыл акæнæд.
Куыдз дыл амæлæд.
Куыдз дын бахæрæд де ‘взæртæ.
Куыдз дын — фæлдыст.
Куыдзæй æвзæрдæрмæ фæцу.
Куыдзæмгад фест.
Куыдз-бындар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Куыдзбындарæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Куыдзæмгадæй фæцæр.
Куыдзæппарæн къæдзæхæй æппæрст æрцу адæмы фыдæхæй.
Куыдздоны фæтон дæ бонтæ.
Куыдзы зæрдæ фæу.
Куыдзы сæр дын — хæринаг.
Куыдзы сы... фæй фæдым.
Куыдзы сы... фæй фæуар, дæуæн ма ‘рлæуд куы уа.
Куыдзы сы... фмæ дæр дæ ма бауагъдæуæд, цы арæхсты хи-цау дæ.

Куыдзы туг ацæуæд дæ хъæлæсы.
Куыдзы туг дыл ныккæлæд.
Куыдзы тугæй æхсад æрцу.
Куыдзы фырт дæ æмæ куыдзы фыртæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Куыдзы цардæй фæцæр.
Куыдзы цармы тыхт фæу.
Куыдзы цармы тыхтæй фæцу.
Куыдзыл дæр дæ цынæуал нымадæуа, ахæм æмбисонд дæ баййафæд рæхджы.
Куыйты холы фæу.
Куынæг æмæ мынæгмæ фæцæут.
Куынæггонд фæут.
Куырæтджынтæ макуы рахъомыл уæд уæ къуымы.
Куырæтджынтæ фæныгæн.
Куырæтджынтæн нывонд – дæ сæр.
Куырæтджынты къухы æфтыд фæут.
Куырм æмæ къуылыхæй фæцу.
Куырм дыл бафтæд.
Куырмæджы фæтон дæ царды бонтæ.
Куырдуаты фæбад дæ амæлæты бонмæ.
Куыройзылд фæкæн дæхи алыварс.
Куыройы фыдтæ дæ феууæрдæнт.
Куыройы фыдты ‘хсæн амæл.
Куырыхон лæг макуы фенæд дæ цæст.
Куырыхоны зондæй хызт у.
Куыст дын бирæгъ фестæд æмæ дæ бахæрæд.
Куыстагур фæхит адæмы къуымты.
Куыстæй дæ удхæссæг фен æмæ дæ ахæссæд.
Куыстæфхæрдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Куыстхъом лæг макуы рахизæд уæ къæсæрæй.
Куыфы ныгæд цы ’рцæуай, уый дын – мæ арфæ.
Куыфы хæссинаг фæу.

# Къ

Къаба скæнынхъом макуы бау.
Къаба чи дары, уыдоны къæлæты баст æрцу.
Къабайаг балхæнын дын макуы бантысæд.
Къабайы амæл.
Къабайы ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Къабазгай лыгтæ æрцу.
Къабазгай фæу.

Къабазджын лæппуты ахæсты бахау.
Къаддæрæй-къаддæрмæ фæцæуæд дæ куыдзы мыггаг.
Къаддæрæй-къаддæрмæ фæцу фыдæй-фыртмæ.
Къаддæргæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къадзты хæлæттаг фæу.
Къай макуы ссар.
Къай ссарынмæ фæбæлл æмæ йæм дурæхстæй хæстæгдæр макуы балæуу.
Къайагур фæхит адæмы уæзгуытыл.
Къайæн дæ макуы мачи равзарæд.
Къаймæ фæбæлл æмæ æнæкъайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къаймондагæй амæл.
Къайы аккаг дæ макуы мачи скæнæд.
Къайыл фæку æмæ дын къай ссарын ма бантысæд.
Къала бæлæстæ фæлух æмæ дæ æртдзыхæй мачи фенæд.
Къала бæлæсты бын тъангыскъуыд фæу.
Къалатийæ фæдзыназ.
Къалатийы конд æрцу.
Къалиу рауадзын дын макуы бантысæд.
Къалиугай фезгъæл.
Къалосты ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Къалосты фæсæпп-сæпп кæнут фыдæй-фыртмæ.
Къам аразын дын цы бахъæуа, рæхджы дыл ахæм бон акæнæд.
Къам исын дын бахъæуæд дæ уды мæрдæй.
Къам исын дын ма бантысæд.
Къамбец фест.
Къамбецау дымгæйы ныхмæ фæцу.
Къамбецау зыгъуыммæ фæхæц.
Къамбецджын дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Къамбецдзарм дарын дæ бахъæуæд.
Къамбецдзармæй дæ цæсгомы царм бæзджындæр у æмæ дын æфсармы хъомыс Хуыцау макуы раттæд.
Къамбецдзармæй раив дæ цæсгомы царм.
Къамбецдзармы фæхит уæзгуытыл.
Къамбецуæрдон ласын дæ цы бахъæуа, ахæм бон дыл акæнæд, ифтыгъдæй кæй дарыс, уыдоны уæззау тæригъæдæй.
Къамбецуæрдоны ифтыгъд æрцу.
Къанвой фæцу.
Къанвойæ кæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Къандзол макуы фенæд дæ уæнгтæ.
Къаппа-къуппа фест æмæ халгай фæйнæрдæм фæтæх.
Къаппа-къуппайæ фæцæр.
Къаппа-къуппайæ уæлдай кæрæдзийыл макуы ‘рхæцут.
Къаты бон æмæ дын бæрæгбон сæ кæрæдзийæ æвзаринаг фæуæнт.

Къаты бонмæ мауал фæцæр, кæд хуыцаубоны цы куыст у.
Къафетт макуы акæн дæ комы.
Къафетт макуы фен.
Къах – дæ роны.
Къах – дæ хъуыры.
Къахбастæй амæл.
Къахдзæф акæныны бон дæ мауал фæуæд.
Къахихсыд бау.
Къахихсыд дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнæд.
Къахихсыдæй амæл.
Къахкъæлæттыл дæ фæластæуæд.
Къахкъухтыл фæбыр зæххы цъарыл.
Къахсæрфæнæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Къахсæрфæнæй фæцу дæ цыфыддæр знæгтæн мæ тæригъæдæй.
Къахыргонд фæуæд дæ цардбонтæ.
Къацциу фæмыс тъæнджы мæйы.
Къацциуæй хуыздæр бахæринаг дын дæ раттæг макуы зæгъæд.
Къæбæда дæ æмæ къæбæдайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæбæдаты бон дыл акæнæд.
Къæбæл къуырд æрцæуæд дæ хъæлæсы.
Къæбæлыл бадгæ дæ фенæд мæнæй уый.
Къæбæлдзыг мард акæн.
Къæбæлдзыг мардæй дæ сæмбæлын кæнæнт дæ мæгуыр къæсыл.
Къæбæр агур æмæ дын йæ арын ма ‘нтысæд.
Къæбæр раттæг дын ма уæд.
Къæбæрæй макуы бафсад де стонг гуыбын.
Къæбæрмæ бæлгæйæ стонг гуыбынæй хæт адæмы уынгты.
Къæбæргур фæцу.
Къæбæргурæй дæ Хуыцау фæкæуын кæнæд.
Къæбæргурæй де стонг гуыбыны хъуыр-хъуырмæ фæхъус.
Къæбæргурты мæрдтæн фæлдыст фæу.
Къæбæргурты ‘мбисонд дæ баййафæд.
Къæбæрхъуагæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Къæбиц макуы фен.
Къæбутдзæф фæу.
Къæбутдзæф фæхуин дæ амæлæты бонмæ.
Къæбутдзæфæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæбутсасты ‘мбисонд дæ баййафæд.
Къæбыла фест æмæ адæммæ рæвдыдмæ фенхъæлмæ кæс.
Къæбыла фест æмæ мæймæ фæрæй.
Къæбысау дзæгъæлы фæрæй.
Къæбысы ном аппарын дын макуы бантысæд.
Къæдзæй амæл.
Къæдз-къæдзы фæцу дæ цард-цæрæнбонты.

Къæдз-мæдзытæ фæкæн.
Къæдзмæдзытæгæнгæ сис дæ уд.
Къæдзæхтыл баззай æрхъисгай.
Къæдзил дыл æрзайæд, кæй хуызæн дæ, уыдонау.
Къæдзилджын дæ æмæ къæдзилджынты холы фæу.
Къæдзилджынæй фæцу ноджыдæр.
Къæдзилджынты бын — дæ мæлæт.
Къæдзилджынтыл нымад æрцу рæстæгыл.
Къæдзниз дыл фæзынæд.
Къæдзнизæй зылынмард æрбау.
Къæдзнизæй фæсæй æмæ фæнæт.
Къæдзнизæй чи фæсад, уыдоны æмбисондæй багæндон у.
Къæзæнæг дыл фæзынæд.
Къæйты бын ныгæд æрцу.
Къæйтыл фæхаф дæ дæндæгтæ.
Къæйных дæ æмæ къæйныхтыл æмбæлд фæу.
Къæйныхæй фæсутыр у.
Къæйныхты бон дыл акæнæд.
Къæйттæ фæныгæн.
Къæйттæ-къæйттæй уæ Хуыцау фесафæд.
Къæлæсы мард акæн.
Къæлæсы-мæлæсы фæкæн.
Къæлæсытæгæнгæ адæмæн худинаггагæй баззай.
Къæлæсытæгæнгæ дыл мæ уд фæхъарджытæ кæнæд.
Къæлæт фæдар дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Къæлæтæфтыдæй æрбамæл.
Къæлæтæфтыдæй — дæ цард.
Къæлæтæрфыг макуы фен.
Къæлæтæрфгуытæм фæбæлл æмæ дæ сæ Хуыцау фыддæрадæнгæнæгау æнæхай фæкæнæд.
Къæлæтæрфгуыты бын куыдзы мард акæн.
Къæлæтæрфгуыты уарзыны бон дæ ма фæуæд.
Къæлæтæрфгуытыл нымад макуы ‘рцу.
Къæлæтдзаг — дæ цæрæн, кæлæддзаг — дæ мæлæн.
Къæлæтдзагæй фæхит уæзгуытыл.
Къæлæтджын макуы фен.
Къæлæтджынмæ фæбæлл æмæ дæ фæхсбандоныл æнæмæтæй абадыны бон дæр макуы фæуæд.
Къæлæтджыны бадыны бон дæ ма фæуæд.
Къæлæтджыныл дын бæллицæн æрбадыны бон дæр Хуыцау ма раттæд.
Къæлæуау уæзгуытыл фæсæпп-сæпп кæн.
Къæлуа фæхæр.
Къæлуайæ уæлдай уæ кæрæдзийыл макуы æрхæцут.

Къæпп фæкæн фæйнæрдæм.
Къæппæввонгæй фæлæуу алцæмæ.
Къæппæгæвæрынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Къæпкъæпгæнгæйæ фæцæр.
Къæппойæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæпсырджын чызг – дæ хай.
Къæпы æфсæдынæн нæу æмæ дзы макуы бафсæд.
Къæпы макуы фен дæ хæдзары.
Къæрид кæрцы æрцæуæд дæ уды сæфт.
Къæрид кæрцы фæхæт уæзгуытыл.
Къæрис къæбæртæ феууил.
Къæрис къæбæртыл ныйихсийæд дæ цыргъ дæндæгтæ.
Къæр-къæр фæкæн мацы-уцытыл.
Къæркъæраг дыл бафтæд мæ фыддæрадæн.
Къæркъæргæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæрмæг – дæ дзурæнты.
Къæрных кæнынхъом дæр ма бау.
Къæрных фæкæн.
Къæрных фæкæн æмæ дын бафсис мацæмæй уæд.
Къæрныхæггагæй дæ гуыбын макуы бафсад.
Къæрныхæггагæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Къæрта дыл рафæлдæхæд.
Къæрттæй цъула ма аппар.
Къæртгай бау.
Къæртгай фæхау фæйнæрдæм.
Къæртгæнинаг фæу де знæгтæн.
Къæрттытæ фæхау.
Къæрцц баййаф Уæллагæй.
Къæрцц баййафæд дæ сæрыкъоппа.
Къæрццарæзтæй дæ мæ уд авæрæд уæлтæрхæг.
Къæрццæмдзæгъд фæкæн дæ ахсджиæгты мæрдæй.
Къæрцц-къæрцц фæкæнæд де ‘намонд сæры къуыдыр.
Къæс аразынил фæхæр дæ хъиутæ æмæ дын дзы сбон кæнын ма бантысæд.
«Къæсæр, къæсæр» фæкæн æмæ дын хæдзар кæнын ма бантысæд.
Къæсæр хох у æмæ дын йæ сæрты ахизын ма бантысæд.
Къæсæргæрон æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæсæргæсæн дæр макуы сбæзз.
Къæсæрсыгъд фæут.
Къæсæры сæрты ахызынхъом уæ мачи бауæд.
Къæсæрыл-иу фæкæл.
Къæс-къæс фæкæн.
Къæс-къæс фæкæн æмæ дæ дзырд зæгъынхъом макуы бау.
Къæскъæсгæнгæ ‘рбадæнгæлмард у.

Къæскъæсгæнгæ ‘рцæуæд дæ бинонты сæфт.
Къæсса хæссынæй дарддæр мацæмæн сбæзз.
Къæсса хæссынхъом макуы су.
Къæссавæлдæхт дæ Уæллаг фæкæнæд.
Къæу-къæу кæн, фæлæ дæ куыдзы хъуыды дæр мачи кæнæд.
Къæу-къæу фæкæн кæйдæрты куыдзау.
Къæукъæугæнæджы номимæ фæхæт зæххы къорийыл.
Къæукъæугæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæцæлс...æй æрцæуæд дæ мæлæт.
Къæцæлс...æй фæцу дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Къоболайæ цы хойай дæ сæр, ахæм бон дыл акæнæд.
Къоболайы цæф фæуæд дæ сæр.
Къобор гал макуы ‘рбæтт дæ кæвдæсыл.
Къобор гал сифтындзын дын макуы бантысæд.
Къогъоты хæрд фæу.
Къогъодзи скæнынæн дæр макуы бау.
Къодах фест.
Къодахау дæ æд уидæгтæ фæкъахтæуæд.
Къодахау дæм фæдзырдæуæд.
Къодахджынмæ – дæ сæр.
Къонадымд фæу.
Къонасыгъд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Къоппасæфт цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Къордгæйттæй – уæ мæлæт.
Къордгæйттæй цагъд æрцæут.
Къох-къох фæкæн.
Къох-къох чи кæны, уыдоны æмгад су.
Къохкъохгæнæджы тæф фæкæн.
Къубалыскъуыд æрцу.
Къубалыскъуыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Къуда куыдзау дын дæ цæстытæ сæ кæрæдзийыл авæрæн ма уæд.
Къуда уырыйау зæххы бынты фæбыр.
Къудиджын дæ æмæ къудиджынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Къудистæгтастæй фæцу.
Къулæгæй хост æрцæуæд дæ сæры хъæбæр.
Къулæнцæйтты дæ фæцæуын кæнæд Хуыцау.
Къулгæрæтты фæцу.
Къулæфцæгæй æрцæуæд дæ ахсджиæгты сæфт дæ мæрдæй.
Къулæфцæгæй батон дæ царды бонтæ.
Къулæфцæгæй дæ фенæд мæ уд.
Къулбадæг дæ æмæ дыл къулбадджыты бон акæнæд.
Къулбадæгахуыр дæ чи скодта, уый мæрдтæн, цы нæ хъæуы, уыдæттæ фæкæн.
Къулбæрзæйæ амæл.

Къулбæрзæйæ батон дæ царды бонтæ.
Къулбæрзæйæ фæкæс.
Къулбæрзæйæ фæцæр.
Къулгæрон дæ аныгæнæд мæнæй уый.
Къул-къул фæцу адæмы цæстæнгасæй.
Къулрæбынæй дын ахæссæнт дæ судзгæ мард.
Къулбадæг усы æлгъыст дыл æрцæуæд.
Къулбадæг усы хин дæ баййафæд.
Къупп кæнын дын мауал бантысæд.
Къупп кæнынæй дæ игæрхæлд фæкæнæд Уæллаг.
Къупп кæныны бон дæ мауал уæд.
Къупгæнгæйæ ссар дæ адзал.
Къупп-къупп фæкæн дæ развæндаг.
Къупри фест.
Къупри фест æмæ арахъхъæй бадон уæнт дæ рæуджытæ.
Къуприйау дын нозт дæ тæнтæ бахæрæд.
Къупристыгъдæй дæ мæ уд фенæд.
Къусбарæй дын фæарæзтæуæнт дæ хисты кæндтæ.
Къуту фест æмæ дын бафсис мацæмæйуал уæд.

*Къутуйы бын — дæ цæрæн,*
*Къутуйы бын — дæ мæлæн.*

Къухæвæрæг дын мачиуал разынæд.
Къухæй-къухмæ ахау.
Къухæй-къухмæ фæцу дæ фæстаджы бонмæ.
Къухдарæн макуы фен.
Къухдарæн фæдарыны删мæ дæ ма ахæццæ кæнæд Уæллаг.
Къухдарæнмæ фæбæлл æмæ дыл æй бакæнæг ма уæд.
Къухджын-къахджынтæй цы фелгъитыс, уыдон дæхи æнамонд сæр уæлдайджынтæй баййафæд.
Къухихсыд фæу.
Къуыбылой фест, фæлæ, кæдæм тулыс, уый макуы базон.
Къуыбылойау куырмæй фæтул.
Къуыбыррихи лæг макуы рахизæд дæ къæсæрæй.
Къуыбырхъус фест.
Къуыбырхъусау дæ адæм топпæхстмæ фæцагурæнт.
Къуыбырхъусау фæниу æмæ дын иу батæригъæдгæнæг мачи уæд.
Къуыбырхъусау фæниу цæргæ-цæрæнбонты.
Къуыбырхъусы Беджызатæ цæрдудæй куыд бастыгътой, уыцы æмбисонд дыл акæнæд.
Къуыбырхъусы мардæй дæ ныммардæуæд.
Къуыввитзондæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Къуыввитсæртыл цытæ ‘рцæуы, уыдæттæй дын фервæзт ма уæд.

«Къуыдайраг» бафидис кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Къуыдайраг макуы фен, кæд дын дæ уд нæ хæры.
Къуыдайраг цæфæй сис дæ уд.
Къуыдары нывонд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Къуыдарыл бафтæд дæ цард.
Къуыдыр дæ æмæ къуыдырæй баззай.
Къуыдыры бон дыл акæнæд.
Къуыдыргæлмыты холы фæу.
Къуызгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Къуызгæйæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Къуылымпы фæхуин.
Къуылымпыгæнгæйæ дæ фесафæд Хуыцау.
Къуылымпыйæ – дæ мæлæт.
Къуылымпыйы низ дыл бафтæд.
Къуылымпыйы хос фест ноджыдæр.
Къуылых мардæй амæл.
Къуылыхæй дыл æрбамбæлæд дæ адзал.
Къуылых-къуылых фæхит де 'взæрмæбæлджыты уæзгуытыл.
Къуылыхнозтджынæй – дæ мæлæт.
Къуылыхты амонд дæ баййафæд.
Къуым ссарынæн ма бау.
Къуымæй дын рахæссæнт дæ мард.
Къуымы амæл.
Къуымбилтæй фæракæс-ракæс кæн гæдыйы лæппынау.
Къуымбилты тыхтæй амæл.
Къуымзилæй дарддæр макуы мацæмæн бабæзз.
Къуымзилы ном макуы ахауæд де 'ккойæ.
Къуымых зондæй фæцæр.
Къуымых кардæй дæ аргæвстæуæд.
Къуымых кардæй – дæ мæлæт.
Къуымых уыдтæ, къуымых дæ æмæ къуымыхæй фæхит адæмы 'хсæн.
Къуымыхзондæй къуымыхзондмæ фæцу.
Къуымыхцыйы фаг дæр макуы æрдуц дæ бирæ фæллойæ.
Къуымыхцыйы цæстæй фæкæс цардмæ.
Къуындæджы – дæ удисæн.
Къуыпных лæппу макуы фен.
Къуыпп макуы дар адæмы æхсæнæй.
Къуыппи-къуыпп фæзил амондагур.
Къуыппи-къуыпп фæзил амондагур æмæ дæм амонд хæстæг макуы æрлæууæд.
Къуыпсин æмкъай – дæ ныхыфысты.
Къуыри авд боны йеддæмæ нæу, фæлæ дзы ды дæ хæдзарæй аст марды цы хæссай, ахæм бон дыл акæнæд.

Къуыри раздæр – дæ ныгæнæн бон.
Къуыридзыдмæ уæ мачи хæссæд.
Къуырийæ къуыримæ хистытæ фæкæн.
Къуырийы сæр дыл мауал æрцæуæд.
Къуырийы сæр мауал æрæйййаф.
Къуырийы сæрæй æлгъыст фæу.
Къуырийы сæрыл цынæуал сæмбæлай, ахæм бон дыл акæнæд.
«Къуырисæр-къуырисæр» фæкæн.
«Къуырисæр-къуырисæр» фæкæн æмæ йæ мауал æрæйййаф.
Къуырма бæлон дæ фестын кæнæд дæ рафæлдисæг.
«Къуырма, къуырма»-йæ быны къуырма бау.
Къуырмагарчы цардæй фæцæр.
Къуырмадзæф дæ, йæ чъылдыммæ кæмæн дзырдæуы, уыцы Аларды фæкæнæд.
Къуырматы бонæй фæцæр.
Къуырткъуыртгæнгæ фæцу.
Къуырткъуыртгæнгæйæ ссар дæ мæлæт.
Къуыртт рауадзын дын ма бантысæд.
Къуыртт-къуыртт фæкæн.
Къуырттон карчы кадæй ме знæгтæ фæцæрæнт.
Къуырттон карчы кадæй батон дæ бонтæ.
Къуырфцæстæй амæл.
Къуырцдзæвæнæй дын рахизын мауал бантысæд.
Къуырцдзæвæны – дæ мæлæт.
Къуырцц дæ кæнæд Уæллаг.
Къуырццæй сис дæ уд.
Къуытты бау мæ тæригъæдæй.
Къуытты бау ноджыдæр.
Къуыттыты бонæй фæцæр.
Къуых-къуых фæкæн.
Къуыхкъуыхгæнджытæ дын тагъд рæстæджы фезмæнтæнт дæ ингæн.
Къуыхтæ бау.
Къуыхтæ дæ а комбæсты дуæгтæ фæкæнын кæнæд.
Къуыхтæй ныгæд æрцу.
Къуыхтæгондæй дæ мæ уд фенæд.
Къуыххытт-къуыххытт фæкæн.
Къуыхцы кæнгæйæ амæл.
Къуыхцыгæнинаг дын мацыуал баззайæд.
Къуыхцыйы боны гуырд фæу.
Къыбар-къыбур фæкæнæд дæ зæронд стджытæ.
Къыбар-къыбур чи кæны, уыдонæй макуы фен дæ зæрдæйы фаг.
Къыбаркъыбургæнгæйæ дæ æнæ табæтæй аныгæнæнт дæ ахсджиæгты хуыздæртæ.

# Л

Лабæрадурæй дын цырт фестæд дæ иунæг бындар.
Лазæй амæл.
Лазæй лазмæ фæцу.
Лакъами бахæрынæн дæр мауал су.
Лакъамийæ дæ зæрдæ фæхæццæ кæнæд.
Лакъамитæ хæрыны бон дæ мауал фæуæд.
Лакъамиты фыдæх дæ баййафæд.
Лакъон доны – дæ удисæн.
Лакъон доны ласт фæу.
Лакъоны ‘рцæуæд дæ фидиссаг мæлæт.
Лалисайы дзуарæй æлгъыст фæу.
Лалхуыз уынгæ нæ, хъусгæ дæр макуы фæкæн.
Лалым дæ æмæ лалымæй баззай.
Лалым фест, ды ма нозтæй куы бафсæдай.
Лалымау тъæппытæ фæхау.
Лалымæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лалымæй дæ мауал раиртæстæуæд.
Лалымы ‘мбисонд дыл акæнæд.
Ласгæ мард дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ласгæ мард фæу.
Ласгæ-ласын – дæ удисæн.
Ласинаг дæ фæкæнæд дæ амондыскæнæг.
Ласинаг фæу.
Лылымыстыгъд дæ акæнæд нæ фыдбоны сыхæгтæ.
Лауыз фæбадæд дæ хъуыры æмæ уымæй фæхурх у.
Лауызгæнæнтæ мауал æрæйййаф.
Лауызгæнæнтæм дæ Хуыцау мауал фæцæрын кæнæд.
Лауызвæлдæхт фæу де ‘мбæрц тебæйы.
Лæбургæйæ батон дæ царды кадавар бонтæ.
Лæбургæйæ ‘рцæуæд дæ адзал.
Лæбургæ-лæбурын топпы нæмыг сæмбæлæд дæ тæккæ ныхыл.
Лæбурдтытæ фæу.
Лæбуринаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Лæбурынæн бахъу æмæ дæ айрох уæд цард.
Лæбурынмæ фæцæттæ кæн дæхи æмæ дын де уæнгтæ сисын макуы бантысæд.
Лæбурыны бон дæ ма фæуæд.
Лæбурыныл батон дæ царды бонтæ.
Лæбырд фæу.
Лæбырдæй ахау.
Лæбырын байдай де знæгты фæндиаг.

Lævar næmyg dæ zærdæjyl suajæd.
Lævar kænynhʺom makuy bau.
Lævar tabæt dyl sæmbælæd.
Lævar hur dæ makuy batavæd.
Lævar huræj dær makuy bafsæd.
Lævaræj lævarmæ fædzynaz.
Lævargænæg dyn machi uæd.
Lævargænæggag de ‘nærhʺæc ud shauæd.
Lævargængæjæ amæl.
Lævargæninag dyn Huycau macy rattæd.
Lævargond — de ‘vzær særy kʺuydyr.
Lævarhory nom de ‘kkojæ makuy ahauæd.
Lævarhʺom dæ Huycau makuy skænæd.
Lævarhʺommæ fætyrn æmæ dyn je suævyn makuy bantysæd.
Læværd fæu de znægty kʺuhy.
Læværd fæu uællægty kʺuhy.
Læg amælyn dær zony æmæ ædzardæj baft dæ sydzhytyhajyl.
«Læg, læg» fækæn æmæ dyn sæ «Com hʺæmæ» zægʺæg machi fæuæd.
Læg makuy rahizæd dæ hædzary kʺæsæræj.
Lægagur fæzil adæmy hædzærttyl.
«Lægaj, lægaj» fækæn æmæ dzy lædzhy mondægtæ makuy nymmar.
Lægau dæ makuy machi bafæzmæd.
Lægau makuy macy hʺuyddadzhy sær ærlæuu.
Lægau læg makuy rahizæd dæ kʺæsæræj.
Lægau læg makuy fen.
Lægau lædzhy ad makuy makæmæn skæn.
Lægævzaræny fæstejy azzaj.
Lægævzargæjæ ‘rcæuæd dæ mælæt.
Lægævzærstæj ærcæuæd ue sæft.
Lægæj-lægmæ — mæ kard æmæ dæ bærzæj.
Lægærdgæ-lægærdyn ærhau de znadzhy cæfæj.
Lægærdyny bon dæ maual uæd.
Lægæty ærcæuæd dæ mælæt.
Lægæty cærinag dæ Huycau fækænæd.
Lægbiræg dæ Huycau festyn kænæd æmæ dæ cængty fydtæ bahær dæ hʺæbulty tærigʺædæj.
Lægbirægʺæj ærcæuæd dæ mælæt.
Lægbyndar uæ kʺæsæræj makuy rahizæd.
Lægbyndar uæ makuy racæuæd.
Læggag makuy racæuæd dæ hædzaræj.
Læggad ma bazon.
Læggadæj dæ cæstytæ urs kænænt, dæ uængtæ — mælgæ.

Лæггадгæнæг дын мачи уæд.
Лæггадгæнæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лæггады бон дæ макуы фæуæд.
Лæггадыл фæмæл æмæ æгадæй æрцæуæд де сæфт.
Лæгдæртау фæу.
Лæгдугъы дыл разæй макæй цæст æрхæцæд.
Лæгдыхæй фæархай æмæ дæ зæрдæ дæхицæй макуы барухс уæд.
Лæгджын хæдзæртты аййафыны хъомыс дын Хуыцау макуы раттæд.
Лæгдзарм тæнæг у, фæлæ дæуæн надæй цы сбæзджын уа, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Лæгдзинад боныгон цырагъы рухсæй фæагур æмæ дын æй Хуыцæутты Хуыцау дæ къухы цы никуы бафтауа, ахæм амонд дæ уæд.
Лæгдзинадмæ фæбæлл æмæ куыдздзинадимæ æрцæуæд дæ мæлæт.
«Лæг-лæг»-гæнгæ дæ Хуыцау уæзгуытыл фæхитын кæнæд.
Лæгмары цармы тыхт фæу.
Лæгмæрдтæ кæнут.
Лæгмæрдтæ уыл фæцæуæнт.
Лæгмæрдтæ фæфидут.
Лæгмондагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лæгмондаджы зæронд бау.
Лæгойæ арвит дæ царды бонтæ.
Лæгойты æмбисонд дæ рæхджы бонты баййафæд.
Лæгойты хал ахæр.
Лæгсырдæй дын аирвæзт ма уæд.
Лæгсырды ссыр – дæ хурхы.
Лæгсырдыл æмбæлд фæу.
Лæгуаргъ хæссынхъом макуы бау.
Лæгуаргъ хæссынхъомæй æрцæуæд де сæфт.
Лæгуаргъы бын дæ къæхтæ фæдыдагъ уæнт.
Лæгуынсæрæй амæл.
Лæгуынсæртæ дын фæгуырæнт.
Лæгуынсæртæ фæхъомыл кæн.
Лæгтыдзуар уæ лæджы кармæ макæй рауадзæд.
Лæгтыдзуар уæ лæджы фæндагыл макæй афæндараст кæнæд.
Лæгтыдзуар уыл йæ къух ауадзæд.
Лæгты дзуар уын уæ кувинаг макуы айсæд.
Лæгтыдзуарæй æлгъыст фæу.
Лæгтыдзуары зæрдæ макуы ссарут.
Лæгтыдзуары ном фæдзур æмæ лæгмæ бæлгæйæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Лæгхуыз уæ мачи рацæуæд.
Лæгуат фæу.

Лæгъз ныхас зæгъынæн макуы бау.
Лæгъстиаджы бон дыл акæнæд.
Лæгъстиаджы цард фæкæн.
Лæгъстæмхасæнты батон дæ царды бонтæ.
Лæгъстæмхасæнты фæцæр.
Лæдаринаг фæу ноджыдæр.
Лæдæрсын дын мауал бантысæд
Лæджы тæф дæ макуы ракæлæд.
Лæдзæг дæ рагъыл асæттæд.
Лæдзæгджын уазæг дæ къæсæрыл макуы ’рбалæууæд.
Лæгмар дæ æмæ лæгмарæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лæгмарæггаг дæ туджы аргъ фидын фæхъæуæд.
Лæгхор дæ æмæ дæ фидиссаг сæр тагъд лæгхорты холы фæуæд.
Лæгхорты номæй дæм фæдзырдæуæд æмæ дæ ахсджиæгты фыдтæ дæ хъуыры аирвæзæд.
Лæгхорты ахæсты — дæ сæр.
Лæгхортыл фыст æрцæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Лæпп-лæпп фæкæн.
Лæппу кæстæр дæ хæдзары макуы ралæг уæд.
Лæппу уæ макуы ралæг уæд.
Лæппувзæрстæй рацæугæ уæ макуы мачи фенæд.
Лæппугуырд макуы фен.
Лæппузмæлæг макуы фенут уæ мыггаджы.
Лæппын уæм цæргæс цынæ кæна, ахæм бон уыл акæнæд.
Лæппынвосæй фæхæрут уæ ис-бон.
Лæппынджынæй лæгджынмæ макуы раивут.
Лæсæны бын — дæ сæр.
Лæсæнуатыл — дæ фæндаг.
Лæскъæй хуыздæр мацæмæй фæфос кæн.
Лæскъисæгæй рафтау дæ дæндаг.
Лæфлæфгæнгæйæ фæцæр.
Лæхартæнтæй цæр.
Лæхартæнтæй фервит дæ бонтæ.
Лæхдзыхæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лæхцард фæкæн.
Лæхцарды бамби.
Лæхъуг айкау бамби.
Лæхъугæй бацу де ‘нусон бынатмæ, уым дæр дыл æлгъ куыд кæной.
Лекка фæкæн.
Леккагæнгæйæ амæл.
Лекъ æмæ чынты фæндиаг фæу.
Лекъаг кард — дæ артæнты.
Ленк кæнын дын мауал бантысæд.
Ленк кæныны бон дæ мауал фæуæд ацы арвы бын.

Ленкгæнгæйæ аскъуыйæд дæ зæрдæ.
Ленкгæнгæйæ сис дæ уд.
Ливоры цæф сæмбæлæд дæ тæккæ риуыл.
Лидзинаг дæ фæкæнæд Хуыцау.
Лидзинаг фæу, фæлæ нæм фæстæмæ мауал æрыздæх.
Лодыр дæ æмæ уыцы номæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Лодырæй æрцæуæд де ‘гады мæлæт.
Лоло фæкæн.
Лологæнгæйæ фæараз дæ цард.
Лолойæн бахъу.
Лопъо гæдыныхæстæгæнгæ амæл.
Лопъо гæдыныхæстæ фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Лопъогæнинаг фæу.
Луаринаг дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг.
Луарынмæ æрхау.
Луæрст æрцу.
Лухинаг фæу де знæгтæн.
Лыгтæ бау.
Лыгтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Лыгтæй дæ аныгæнæд мæнæй уый.
Лымæныскæнынхъом ма бау.
Лымæны фыдæх дæ баййафæд.
Лыскъ дæ бахæрæд.
Лыскъæвзаг фест.
Лыскъсæрæй амæл.
Лыскъсæрæй фæхит, де сæфт кæй фæнды, уыцы адæмы æхсæн.
Лыскъсæрты кадæй фæцæр.
Лыстæгкъах æфсин – де ‘ргъомбасты.
Лыстæгкъахджынты зæвæтты бын амæл.
Лыстæгхуыд дзаума макуы фен.
Лыстæйнæгтæ фæкæн.
Лыстыл дæ æрбахæссæд мæ уд.
Лыстыл хаст фæу дæ мæгуыр къæсмæ.

# М

Ма æрхиз.
Ма æрхизæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Ма дæ æрхизын кæнæд Хуыцау.
Ма байрæз.
Ма байрæзæнт дæ ахсджиæгтæ.
Ма байрæзæнт дæ рæзинæгтæ.

Ма базæронд у.
Ма базæронд уæнт дæ мыггаджы кæстæртæ.
Ма бастыр у, афтæмæй фæхъу.
Ма бафсæд, дæ хæдзармæ кæй æрчындз кодтай, уый цинæй.
Ма бафсæд хуры рухсæй.
Ма бахæццæ у дæ хæдзармæ.
Ма бахъомыл у, афтæмæй ныл сæмбæлæд дæ сау табæт.
Ма бахъомыл уæнт дæ хъæбултæ.
Ма бахъомыл уæнт дæ хъулон хъомылгæнинæгтæ.
Ма бахъомыл уæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Ма бахъомыл уæнт, ныфс кæмæй авæрыс, уыцы кæстæртæ.
Ма бон фен, ма – цард.
Ма дæ базæронд кæнæд Хуыцау.
Ма дæ бафсадæд Дунескæнæг цардæй дæр, бонæй дæр.
Ма дын бантысæд арвæй стъалытæ скъæфын.
Ма дын бантысæд дæ конд хъуыддæгтæ бабæстон кæнын.
Ма дын бантысæд дæ мæрддзæгтæ кæронмæ батонын.
Ма дын бантысæд мæ рæзты ахизын.
Ма дын бантысæд сырæзын.
Ма дын бантысæд чындзæхсæв скæнын.
Ма дын бантысæд чындзы цæуын.
Ма дзы бафсæд.
Ма хур фен, ма – бон.
Магуса дæ æмæ магусайæ æрцæуæд де сæфт.
Магусайæ – дæ мæлæт.
Магусайы æмбисонд дыл акæнæд.
Магусайы кадæй фæцæр.
Магусайы къæбæр фæхæр.
Магусайы ном ма ахауæд дæ рагъæй.
Магусайы номимæ фæцæр.
Магусайы цæстæй дæм фæкастæуæд.
«Мад, мад» фæкæн æмæ мады уарзт макуы банкъар.
Мад суæвын дын ма бантысæд.
Мадард бæгънæгæй – дæ мæлæт.
Мадæй æнæмад фæу.
Мадæл фысы зæрдæйæ фæцæр.
Мады ад макуы банкъар.
Мады лæггад бафидынхъом макуы су.
Мады номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Мады фыдæх дæ басудзæд.
Мадыл бацин кæнынхъом дæ Уæллаг макуы скæнæд.
Мадымайрæм дæ ралгъитæд.
Мадымайрæм дæ хъæбулы аккаг макуы скæнæд.
Мадымайрæммæ бакувыны бон дæ мауал фæуæд.

Мадымайрæмы æлгъыст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Мадымайрæмы фыдæхæй цъыбыртты сыгъд бакæнæнт дæ ахсджиæгтæ.
Мадзура дæ баййафæд.
Мадзура фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Мадзурайæ батон дæ бонтæ.
Мадзурайæ фæцæр.
Мадзурайы адæм нæ уынынц æмæ дыл мадзурайы бон акæнæд.
Мадзурайы уынгæг бон дыл акæнæд.
Май дыл мауал æрцæуæд.
Майы дзуæрттæй æлгъыст фæу.
Майы хур дыл мауал ракæсæд.
Маймули дæ æмæ маймулийы кадæй фæцæр.
Маймули фест.
Маймулийау адæмæн хынджылæджы хос фæу.
Маймулийæ æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Маймулийæ уæлдай дæ мацæуыл фæнымадæуæд.
Маймулийы бон дыл акæнæд.
Майрæмæй æлгъыст фæу.
Майрæмы дзуары фыдæх дæ баййафæд.
Макæ зæгъæг дын мауал уæд.
Макæй зæрдæ балхæн.
Макæй зæрдæ дыл фæриссæд.
Макæй зæрдæ ссар.
Макæй зæрдæ ссарын дын бантысæд.
Макæй зæрдæбын дзырд дыл сæмбæлæд.
Макæй зонд райсынæн бау.
Макæцæй барухс уæд дæ зæрдæ.
Макæцы зæды арфæ дыл сæмбæлæд.
Макуы барухс уæд дæ хауд зæрдæ дæ кæстæртæй нырæй фæстæмæ дæр.
Макуы бафсæд дæ кæстæрты цинæй.
Макуы дæ бафсадæд Хуыцау дæ хъæбулты амондæй.
Макуы дыл макæцæй сæмбæлæд хуры цæст.
Макуы дын бантысæд бинонтæ æркæнын.
Макуы дын бантысæд дæ амонд ссарын.
Макуы дын бантысæд дæ хæдзары кæстæр фенын.
Макуы дын бантысæд кæстæрты цинæй бафсæдын.
Макуы дын бантысæд халы сæрты ахизын дæр.
Макуы дын бантысæд чындзы фæцæуын.
Макуы макæй зæрдæ балхæн.
Макуы макæй зæрдæ ссар.
Макуы мацы фен дæ цардæй.
Макуы мацыхъом бау.

*Макуы сæрфат базон,*
*макуы – æрвад.*

Макуыдæм ацæуын дын бантысæд, цы хæдзардарæг дæ.
Макуыдæм ацæуынхъом дæ бакæнæд Хуыцау.

*Макуыдæм цæуынæн у,*
*макуы – цæрынæн.*

Малусæг фенын дын мауал бантысæд.
Малусæгыл бацин кæныны бон дæ ма фæуæд.
Мамæлайы бон дæ баййафæд.
Мамæлайы бон дыл акæнæд.
Мамæлайы бонтæ фервит.
Мамæлайы къæбæр дæр дын макуы уæд.
Мамæлайы къæбæр фæхæр.
Мамæлайы къæбæрæй дæр макуы суадз де стонг.
Мамæлайы къæбæрæй фæцæр.
Мамæлайы къæбæрмæ фенхъæлмæ кæс.
Мамм дæ ахæссæд.
Маммæй маммæ фæцу.
Маммы холы фæу.
Марг – дæ артæнты.
Марг – дæ артæнбынты.
Марг – дæ гуыбыны.
Марг – дæ тъæнгты.
Марг – дæ хъуыры.
Марг дын фестæнт, кæй ахордтай, уыдон.
Маргæвзагæй фæсæй.
Маргæвзагæй цæф фæу.
Маргæй дæнгæлмард æрбау.
Маргджын калм дæ Уæллаг фестын кæнæд.
Мард æвзисты хъæстæ цас фæвæййы, уымæй уæлдай царды хъæстæ макуы фæу.
Мард æрцу де знаджы кардæй.
Мард дæ хæдзарæй рабырæд.
Мард дæ хæдзарæй рахæсс.
Мард дæ Хуыцау фæкæнæд мæ тæригъæдæй.
Мард фæу.
Мард чи фæци, уыдоны рæстæгыл баййаф.
Мардау дæ Уæллаг фæкæнæд.
Мардау дæ цæстытæ дзагъырæй баззайæнт.
Мардæй уæлдай дын фезмæлæн мауал уæд.
Мардæнхæрд фæу.

Мардæрцыдæй мардæрцыдмæ фæдодой кæн.
Мардæфсон фæкæн.
Мардæфсонæй мардæфсонмæ – дæ цæрæнбон.
Мардæхсæвæры кæрдзынтæ фæкæн.
Мардкъахæй фæхæт адæмы уæзгуытыл.
Марды кæндтæ фæкæн.
Марды фæндаггæгтæм æрхау.
Марды фæндаггæгтæм ме знаг æрхауæд.
Марды чырынмæ кæуыл фæцин кодтай, уый бон дыл акæнæд.
Маринаг дæ æмæ де знæгты кæрдтæй рафт.
Мариналжы бон дыл акæнæд.
Маринаджы бонæй фæцæр.
Марой дæ Хуыцау фæкæнын кæнæд.
Марой кæнынмæ дæм къахихсыд бауæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Марой кæнынмæ дæм фæцæуæнт адæм.
Марой фæкæн.
Маройаг – дæ сæр.
Маройаг фæуæд дæ ахсджиæгтæ.
Маройгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Маройгæнгæ фæцу.
Мархо дарын дын ма бантысæд.
Марходаргæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Мархохоры номимæ æрцæуæд дæ адзал.
Маст цард фæкæн.
Мастæфхæрдæй амæл.
Мастгæнгæ аскъуыйæд дæ дурзæрдæ.
Мастимæ дæ бонтæ фæтон.
Мастисджыты къухы æфтыд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Мастрæсыдæй фæцæр.
Мастыскъуыд фæу.
Мауал дæ рабадын кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Мауал рабад.

*Махæй дын – хæлар,*
*Хуыцауæй – хæрам.*

Махæрдыгон дон дæ хъуыры мауал ацæуæд.
Махæрдыгон дур дæ æркъуырæд.
Махæрдыгон дзуарæй æлгъыст фæу.
«Махон» зæгъæг дын ма уæд.
«Махон» зæгъæгмæ фæбæлл æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Махонты куыдзау дзæгъæлæй амæл.
Мацæмæ дæм фенхъæлмæ кастæуæд.

Мацæмæй бафсæд.
Мацæмæй бафсæдæнт, цæгатæрдыгæй ныфс кæмæй авæрыс, уыдон.
Мацæмæй бафсæдыны хъомыс дын раттæд иунæг Хуыцау.
Мацæмæй дæ бафсадæнт а бæсты дуæгтæ.
Мацæмæй дæ бафсадæнт, кæмæ фæкувыс, уыцы иунæг Хуыцау æмæ дуæгтæ.
Мацæмæй дын фæкуывдæуæд.
Мацæмæй фæкуывдæуæд мæгуыр лæджы рафæлдисæгæн.
Мацæмæн дæ сбæззын кæнæд Уæллаг.
Мацæуыл банцой уæд дæ уд.
Мацæуыл фæлæууæд дæ хъеллауаг зæрдæ.
Мацы аккаджы адæймаг дæ рацæуæд.
Мацы дын бантысæд.
Макуы дын мацы бантысæд ноджыдæр мæ мæгуырты тæригъæдæй.
Мацы фен.
Мацы фен дæ цардæй.
Мацыхъом дæ бакæнæд Хуыцау.
Мачи уæ бастыр уæд.
Мачи уæ ацæуæд лæджы links кармæ.
Мæ амонд — дæ хъуыры.
Мæ амонд — дæ хъуыры æмæ стæй ды рацу-бацу кæн кафгæ æмæ заргæ.
Мæ амондæй фæцæр.
Мæ бон дыл акæнæд.
Мæ бонæй дæ ахсджиæгтæ фæхъæрзæд æмæ фæнæтæд.
Мæ бонæй фæцæр дæ ахсджиæгтимæ.
Мæ дзæбæхтæ дæ фарсы тæнæгæй акæлæнт.
Мæ дзæбæхтæ — дæ фæдыл æфтыд.
Мæ дзæбæхтæ дын ма батайæнт.
Мæ дзæбæхтæ дын марг фестæнт.
Мæ дзæбæхтæ рондзæй фæкал.
Мæ куыдз дæ мæрдтæ бахæрæнт.
Мæ куыдзы æмгад су.
Мæ куыдзы сæр бахæр.
Мæ куыдзы хал — дæ хъуыры.
Мæ куыдзы цардæй фæцæр.
Мæ куыдзы цармы тыхт фæу.
Мæ лæггæдтæ дæ фарсæй фæуæнт.
Мæ лæггæдтæ дæ фарсы тæнæгæй акæлæнт ноджыдæр.
Мæ лæггæдтæ дын туг фестæнт.
Мæ лæггæдтæ тугæй калгæйæ сæппар дæ куыдзы уд.
Мæ лæггæдтæ тугæй фæом.

Мæ лæггæдтæ омын дын ма бантысæд, афтæмæй семæ сæппар дæ уд.
Мæ лæггæдтæ фидынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Мæ лæггæдтыл фæкæл.
Мæ мæгуыртæ дæр – дæ хай.
Мæ мæгуыртæ дæр – де 'ккой.
Мæ мæгуыртæй дæр фæхъæрз.
Мæ мæгуыртæй дæр фæхъæрз æмæ фæнæт.
Мæ низтæ – дæ хай.
Мæ низтæ дæр дæ низтыл бафтæд.
Мæ низтæ дæр дæ разæй цы скæнай, уыцы бон дыл акæнæд.
Мæ низтæ – де уæнгты.
Мæ низтæ дыл бафтæд.
Мæ низтæй азмæлынхъом мауал у.
Мæ низтæй дæр ды фæсæй.
Мæ низтæй фæсæйыны бон дæ мауал фæуæд.
Мæ сæры бæсты фæцу.
Мæ сæры низтæ – дæ сæры.
Мæ сæры низтæ – дæ хай.
Мæ сæрылхаст фæу.
Мæ тæригъæд – дæ артæнты.
Мæ тæригъæд –ацы Дунесфæлдисæджы.
Мæ тæригъæд – дæ ласæггаджы.
Мæ тæригъæд – дæ хурхы.
Мæ тæригъæд – дæ хурхуадындзы.
Мæ тæригъæд – де знаджы.
Мæ тæригъæд фæххæсс.
Мæ уæнгты низтæ де уæнгты бацæуæд.
Мæ фæллад уæнгты тæригъæд – де 'ккой.
Мæ фæллад уæнгты тæригъæд фæхæсс.
Мæ фæллад уды тæригъæд дын баззайæд.
Мæ фæллад уæнгты тæригъæдæй уæ хъырттызмæлæг мауал баззайæд.
Мæ фæллад уæнгты тæригъæдæй хæдзархæлд фæу.
Мæ фæллад цæнгты тæригъæд дын баззайæд.
Мæ фыдбылызтæ – дæ хай.
Мæ фыдбылызтæ дæ хъуыры ныххауæнт.
Мæ фыдфынтæ дæ хай фæуæнт ноджыдæр.
Мæ фыдфынтæ фæхæсс.
Мæ фыдыфыдæн мæрдтыбæсты цъыфтытæрæн бæхæй фæцу, кæд дæ дзыхы радавинаг нæу.
Мæ фыдыфыды сæфт фæкæн.
Мæ фыдыфыды æмбисонд дыл акæнæд.
Мæ фыдыфыдыл тагъд уымы бæсты сæмбæл.

Мæ хуыфджытæ – дæ хъуыры.
Мæ хъæбулы бæсты мæ хъæбулы хъæбул амæлæд.
Мæ хъæбулы сæры бæсты мæ сæр – цæхæры.
Мæ цардæй батай æмæ баруай.
Мæ цардæй фæцæр.
Мæ царм скæн.
Мæ цармы дæ рахæссæнт дæ фæстаг фæндагыл.
Мæ цармы тыхт фæу.
Мæ цармы фæцу.
Мæ цахъхъæн ма су.
Мæ цахъхъæнмæ ма фæцæр.
Мæ цахъхъæнмæ уæ макуы мачи ахæццæ уæд.
Мæгуыр – дæ бон.
Мæгуырæй амæл.
Мæгуырæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Мæгуырæй дæ мæнæй уый аныгæнæд.
Мæгуырæй – дæ фæстаг бон.
Мæгуырæй мæгуырмæ фæцу.
Мæгуырæй фæхит адæмы уæзгуытыл.
Мæгуыргур фæцу.
Мæгуыргур цæуын ирон йæ сæрмæ нæ хæссы, фæлæ дæуæн мæгуыргурæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Мæгуыргурæй дæ æрæййафæд дæ адзал.
Мæгуыргуры уавæрмæ æрхау.
Мæгуыргурыл худыны бон дæ мауал фæуæд.
Мæгуырмæ æрхауæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
«Мæгуыр-мæгуыр»-гæнгæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Мæгуырты æмбисонд дæ баййафæд.
Мæгуырты хал – дæ хъуыры.
Мæгуыры бон дыл акæнæд.
Мæгуыры бонæй арвит дæ цард.
Мæгуыры лæдзæг ма ахауæд дæ къухæй.
Мæгуыры лæдзæгимæ фæхæт дæ фыдгойгæнджыты уæзгуытыл.
Мæгуырыл цы æмбисонд æрбамбæлд, уый – дæ хай.
Мæгуырты бонæй дын аирвæзт ма уæд.
Мæгуырхуызæй фæлæуу.
Мæгуырхуызæй фæцу.
Мæйæ-мæймæ æррадонмæ кæнинаг фæу.
Мæйæ-мæймæ дæ ахсджиæгты фæныгæн.
Мæйнæуæгджынæй фæцæр.
Мæйнæуæгджынты бон дыл акæнæд.
Мæйнæуæгджынтыл дæ банымадæуæд.
Мæкъулæгау тыхулæфт фæкæн.
Мæкъуыл амайынхъом макуы су.

Мæкъуыл амайгæйæ цъерийы хъил дæ артæнты суайæд æмæ дæ уд сис.
Мæкъуыстæгсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Мæкъуыстæгсастау зылын-мылынты фæбыр ноджыдæр.
Мæл æмæ дын дæ удисын ма æнтысæд.
Мæл æмæ дын мæлыны бон ма уæд.
Мæлæг удтæм фæтæхуды кæн.
Мæлæг удты амондмæ цы тæхуды кæнай, ахæм бон дыл акæнæд.
Мæлæг удты фæфæзм.
Мæлæн дын ма уæд мæ тæригъæдæй.
Мæлæт дæ фæскъæбут цы февзæра, ахæм бон дыл акæнæд.
Мæлæтдзагæй дæ мæ уд фенæд.
Мæлæты бон дыл акæнæд рæхджы.
Мæлгæ-мæлын дæ зæрдæ фæстæмæ фехсайæд.
Мæлгæ-мæлын — къах дæ хъуыры.
Мæлын дын мауал бантысæд.
Мæлыны бон дæ ма фæуæд.
Мæлынил архай æмæ дын дæ уд исын ма æнтысæд адæмы тæригъæдæй.
Мæлдзыджы тых дæ цынæуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Мæллæг усау адæмы уындмæ фæбæлл.
Мæллæг усы фæндиаг фæу.
Мæллæггæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Мæллæгхуызæй фæцу.
Мæнгæхст фæу.
«Мæн у» кæнгæйæ амæл.
«Мæн у» фæкæн.
«Мæн у» фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Мæнау адæмы æххуысмæ фенхъæлмæ кæс.
Мæнау дæ кæстæрты быныл баззай.
Мæнау дæ сынтæгæн сисын мауал бантысæд.
Мæнау дыл хуры цæст макуы ракæсæд.
Мæнау искæй къухмæ æрхау.
Мæнау искæй къухмæ фенхъæлмæ кæс.
Мæнау фæсæй æмæ фæнæт.
Мæнау хуры рухсмæ фæдзыназ.
Мæныйас дур дæ æркъуырæд.
Мæныйас лæг дæ хæдзары къæсæрæй макуы рахизæд.
Мæнæ-мæнæ фæкæн æмæ дыд «мæн у» зæгъæг макуы разынæд.
Мæнæуы ард дæ хæдзархæлд фæкæнæд.
Мæнæуы фыдæх дæ баййафæд.
Мæнгард дæ æмæ мæнгардæй — дæ мæлæт.
Мæнгæй-мæнгмæ фæбыр.
Мæнгæй фæцæр.

Мæнгзæгъæг Бецъаты низæй (астæунизæй) фæсæйæд.
Мæнгтъангæй фæхъæрз.
Мæнгтъангыскъуыд фæу.
Мæнгудæй – дæ мæлæт
Мæнузæгъæг дæ мауал уæд.
Мæнузæгъæг мауал баззайæд дæ мыггагæй.
Мæр фæхæр.
Мæры – дæ сæр.
Мæрасæрæй фæцæр.
Мæрдадзы фæбад.
Мæрдæхсæвæртæ фæцæттæ кæн.
Мæрдæхсæвæртæн бахъæуæд дæ ис, дæ бон.
Мæрдæхсæвæртæн бахъæуæд дæ цард.
Мæрдæхсæвæрты фæбад цæргæ-цæрæнбонты.
Мæрдвæлурсæй дæ æрæййафæд дæ адзал.
Мæрдвæлурсæй дæ цы ауынон уæлтæрхæг, уыцы бон дыл акæнæд.
Мæрдвынæй бау.
Мæрдвынæй дæ Хуыцау бакæнын кæнæд.
Мæрдвынæйы бон дыл акæнæд.
Мæрддаг фæу.
Мæрддагæй баззай.
Мæрдджынмæ цæуæгау дæм фæцæуæнт адæм.
Мæрдджыны бон дыл акæнæд.
Мæрддзаг дын фæуæд.
Мæрддзаг фæу.
Мæрддзæгтæ дыл скæнæд мæнæй уый.
Мæрддзæгтæн дын бахъæуæд.
Мæрддзæгты фæцу.
Мæрддзæстæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Мæрддзæстыты бон дыл акæнæд рæхджы.
Мæрддзыгой фæцу.
Мæрддзыгой цæуын дæ къухæй макуы ахауæд.
Мæрдон дзыхæй фæдзур.
Мæрдон сыджыт дыл ныккæлæд.
Мæрдонхуыз райс.
Мæрдонхуыз райсын дын мауал бантысæд.
Мæрдривæд ныккæнгæ уæ мæ цæст фенæд.
Мæрдривæдæй æнæныгæд баззайут.
Мæрдтæ – дæ хæдзары.
Мæрдтæ нæмыгагурынмæ куы фæцæуынц, уæд-иу сыл саугуырм æмæ саукъуылых бафтæд.
Мæрдтæ уæ сæхимæ ма айсæнт.
Мæрдтæ фæныгæн.

Мæрдтæ фыццаг дæ нæмыгыл фæхæст уæнт.
Мæрдтæй стонггуыбынæй дзыназ.
Мæрдтæйдзæуджыты къухты æфтыд фæу.
Мæрдтæйдзæуджытыл – дæ фæндаг.
Мæрдтæм бацу.
Мæрдтæм сæ бахæсс.
Мæрдты авд дæлдзæхы ныххау.
Мæрдты дæ къусимæ адæмы фынгтыл мæгуыргур фæрацу-бацу кæн.
Мæрдты дæлæмæ ныххау.
Мæрдты дæр дын ма бантысæд уыцы райст-бавæрд дарæс батонын.
Мæрдты дын æвзæртæ – хæринаг.
Мæрдты дын бахæринаг мацы уæд.
Мæрдты дын сулæфыны бон ма уæд дæ тæригъæдтæй.
Мæрдты йын урскъах бæхæй фæцу.
Мæрдты куыдзау фæниу.
Мæрдты къæй фæу.
Мæрдты мæ куыдзы сæр хæр.
Мæрдты мæ хæрæджы сæр фæхæр, æндæр дын саходинаг мацæмæй уæд.
Мæрдфынæй бау.
Мæрдхуыст фæкæн.
Мæрдырох дыл бафтæд ноджыдæр.
Мæрдты дæр мын лæггадгæнæг у.
Мæрдты дæр мын къæхтæхсæгæй тон дæ бонтæ.
Мæрдты йæ де ‘ккой фæхæсс.
Мæрдты йæ рахиз цонгыл æвæрд фæу.
Мæрдты йын урскъах бæхæй фæцу.
Мæрдты саугуырмæй фæхæт.
Мæрдты саудзыдыдайæ фæлæс.
Мæрдты уæ кæрæдзийы къухтыл æвæрд фæут.
Мæрдты хай фæу.
Мæрдтыбæсты йын дæ армыдзыхъхъы хъайла фæфыц.
Мæрдтыбæсты йын цъыфтытæрæн бæх фест.
Мæрдтыбæхæй йын фæцу.
Мæрдтыбирæгъ фест.
Мæрдтыбирæгъау фæниу.
Мæстаг бонтæ фæтон
Мæстаг хъуыддæгтæ дыл фæцæуæд.
Мæстад фæкæн.
Мæстæй дæ уд ис æмæ дæ удисыны бон ма уæд.
Мæстæйдзагæй амæл.
Мæстæйдзагæй фæцæр.

Мæстæймард дæ Уæллаг фæкæнæд.
Мæстæймаринаг фæу.
Мæстæлгъæд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Мæстæлгъæдæй сис дæ уд.
Мæстæлгъæдæй амæл.
Мæстæлгъæдты бон дыл акæнæд.
Мæстджынæй абалц у де 'нусон дунемæ.
Мæстджынæй фæцæр.
Мæстджынæй фæцу.
Мæстджынхуыз фæис дæхи хуызæттæм кæсгæйæ.
Мæсыг амайын дын ма бантысæд.
Мæсыг амайыны бон дæ ма фæуæд.
Мæсыгæй дæ рахæссæнт.
Мæсыгæй дæ де знæгты кæрдты фындзтыл рахастæуæд.
Мæсыггæсæй фæцу.
Мæсыгджын дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Мæсыгмæ фæбæлл æмæ дзы дæ мæлæт ссар.
Мæсыгуатæй баззай.
Мæсыгхæлд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Мæсыджы дæ мæлæт æрцæуæд.
Мæсыджы сисыл хуыд æрцу.
Мæт дын ницы ис, дæ сæрæн тыхмæт кæныс æмæ дæ Хуыцау мæтмард акæнæд.
Мæтгæнгæйæ амæл.
Мæтгæнджыты бон дæ баййафæд.
Мæтмард фæу.
Мæтмардæй дæ фенæд дæ ахсджиæгтæ.
Мæус – дæ мыггаг.
Мæус – де скъола.
Мæхъхъæлы фæндиаг мæ куыдз дæр ма фæуæд.
Мæцъисæй нæминаг дæ Хуыцау цы фæкæна, ахæм бон дыл акæнæд.
Мæцъисæй фæтул карчы ræвдуан.
Ме 'вджид баззай.
Ме 'лгъыст дыл æрцæуæд.
Ме 'мбисонд – дæ хъуыры.
Ме 'мзондмæ дæ Хуыцау макуы байрæзын кæнæд.
Ме 'муынг дæр дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Ме 'нæуынон дæ Уæллаг фæкæнæд.
Ме 'нæуынон фæу.
Ме 'рмкъух мын чи бамбæхста, уый иугай æрмкъухтæ ивæд æмæ йæ дыккæгты сæр макуы бахъæуæд.
Ме 'хсидавæй сыгъд фæу.
Местæ скæнын дын ма бантысæд.

Местæм фæбæлл æмæ сæ дæ къахы фындз дæр макуы атъысс.
Ми кæнынæн ма бау.
Мигæнæн ифтындзыны кармæ ма байрæз.
Мигæнæн райсынхъом макуы бау.
Мигæнæнæй – дæ мæлæт.
Мигъ бон дæ æрсурæд дæ адзал.
Мигъ фæбадæд дæ хъуыдыйы.
Мигъджын арвæй дарддæр хуры цæст макуы фен.
Мидæгмоймæ æвзæр фæцæуы æмæ æвзæрæй – дæ мæлæт.
Мидæгдон фæнуаз.
Мидæгдон фæнуаз, æддæмæ рахизын дын макуы бантысæд.
Мидбылты бахудыны бон дæ макуы фæуæд.
Мидбылты худгæ макуы макæй фен.
Мизгæ-мизын фехгæн.
Мизын дын ма бантысæд.
Мизыны бон дæ мауал фæуæд.
Мила-куыдзæй фæхит уынгты.
Мила-куыдзы кадмæ æрхауæд дæ кад.
Мила-куыдзыл дæуæй фылдæр æууæнк цы уа, уыцы кадмæ æрхау.
Милицæ, зынгхуыссынгæнджытæ æмæ дæм тагъдæххуысы машинæтæ фæцæуæнт.
Милицæйы къухы æфтыд фæу.
Милмæ дæ æхстæуæд.
Милмæ ист æрцу.
Милмæ æхст цы фæцæуой, кæм дын чи ис, уыдон.
Миллиард макуы фен де стыр фыдæбонæй.
Миллиардтæ тымбыл кæныныл фæу æмæ дæ цæрын айрох уæд.
Миллионер суæвынмæ фæбæлл æмæ стонггуыбынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Миллионер суæвыны бон дæ макуы фæуæд.
Минас кæнын дæ фæндæд æмæ дæ дæ къух макуы самонæд.
Минас кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Минасгæнгæйæ ссар дæ мæлæт.
Минæварæн макуы сбæзз.
Минæвæрттæ æрвитын дын ма бантысæд.
Министр дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Министрæй кусын дын ма бантысæд.
Минстры бынатмæ фæбæлл æмæ йæм хæстæджыты дæр макуы ацу.
Мисындзæгыскъуыд фæу.
Миты бын – дæ сæр.
«Мой-мой» фæкæн.
Моймæ фæбæлл æмæ дын чындзы цæуын ма бантысæд.

Мондаджы цард фæкæн.
Моргмæ дæ мæнæй уый баскъæфæд.
Морджы дæ фæрсæг мачи уæд.
Морджы бамби.
Мугæйæ дæр макуы бафсад де стонг гуыбын.
Мукъуджынæй дæм фæдзырдæуæд.
Мукъутæпырх æрцу.
Мулкмæ бæлгæйæ бынсæфт фæу.
Мулкмæ фæбæлл æмæ гæвзыккæй æрцæуæд де сæфт.
Мулчы аккаг дæ макуы скæнæд Хуыцау.
Мургай ныуу.
Муртæ бау.
Мусонг — нæ, халагъуд дæр макуы фен.
Мустучъийы йас цынæуал уай, ахæм бон дыл акæнæд.
Мусуат уæ Хуыцау фæкæнæд.
Мыггаг ныфсы хос у æмæ дæ Уæллаг æнæмыггаг фæкæнæд.
Мыггаг уæ мауал баззайæд.
Мыггагæй æнæмыггаг фæу.
Мыггагæй дæм халон æрбауасæг мауал уæд.
Мыггагæй кæуæг дыл мауал уæд.
Мыггагмæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Мыггагсæфт фæут.
Мыггагыскъуыд аут.
Мыггагыскъуыд фæу нæ мыггаджы æлгъыстæй.
Мыггаджы быныл дæ рустæ хæрдмæ тонгæйæ баззай.
Мыд хæрыны бон дæ макуы фæуæд.
Мыдамæст макуы фен.
Мыддон макуы ацæуæд дæ хъуыры.
Мыды искæй хæдзары дæр макуы атул дзул.
Мыдыкъус дын дæ разы æрæвæрын макуы бантысæд.
Мызд райсын дын макуы бантысæд.
Мыздæй мыздмæ хæстæ цы исай, уыцы бон дыл акæнæд.
Мынæггондæй фæцæр.
Мыр-мыр кæнын дын ма бантысæд.
Мырхгæ-мырхын — дæ мæлæт.
Мысайнаг раттын дын ма бантысæд.
Мысинæгтæй — дæ цард.
Мыст дæр мацæуыл афæстиат уæд дæ къуымы.
Мыст цæуыл расæрфа йæ къæдзил, уый макуы фен дæ хæдзары.
Мыстау æппынæдзух стонгхуызæй фæцу дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Мыстау хуынчъыты фæлæс.
Мыствæндагыл — дæ удисæн.
Мыствæндæгтыл фæхæт.

Мыстулæгау хуызивæнтæ фæкæн.
Мыхуырæвæрдæй арвит дæ царды бонтæ.
Мыхъ-мыхъ фæкæн ноджыдæр.
Мыхъмыхъгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Мыхъмыхъхъы[1] кæрчытау уæ къуыдырмæрдтæй фенæд мæ уд.

# Н

«На» фæкæн.
Над нады фæдыл цы ‘ййафай, ахæм бон дыл акæнæд.
Надвæлладæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Наинагæй дæ аныгæнæд мæ уд.
Наинагæй ныгæд æрцу дæ бирæ бинонты æхсæн..
Найгæ-найын фæдæнгæлмард у æмæ дыл фыдæбон кæнын мауал бахъæуа.
Найгæ-найын фæхиу у.
Найын дын мауал бантысæд.
Найыны бон дæ мауал фæуæд.
Най кæнын дын ма бантысæд.
Най фæкæн æмæ стонггуыбынæй дæ къух дæ разæй фæхæсс.
Най фæкæн, фæлæ дæ гуыбын чырыстон кæрдзынæй макуы бафсад.
Найаг макуы фен дæ мусы.
Найгæнæджы дзаг цæстæй ракæсын дын макуы бантысæд.
Найгæнæджы зæрдæйыуагмæ фæбæлл.
Найгæнæн дыл мауал æрцæуæд.
Найгæнæны ‘рцыдмæ фæбæлл, фæлæ йæ мауал æрæййаф дæ фырчъындыйæ.
Найгонд фæуын дын мауал бантысæд.
Налат дæ æмæ налатæй — де сæфт.
Налатмæ фæцу ноджыдæр.
Налатты бон дыл акæнæд рæхджы бонты.
Налатты къухы æфтыд фæу.
Налхъуыт-налмастæм фæбæлл æмæ сыл дæ цæст дæр макуы акъуыр.
Намыссæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Намыссæфт фæу ноджыдæр.
Нард хай макуы фен.
Нард хæйттæм фæбæлл æмæ дæм мæллæг хай дæр макуы ’рхауæд.

[1] Е п х и т ы   Т æ т æ р и й ы радзырд «Мыхъмыхъхъы кæрчытæ»-йы сæйраг хъайтар.

Нарт-иу кæй ныхмæ хæцыдысты, ныр сын сæ кад тыхæй исынмæ чи хъавы, уыдоныл сæ судзгæ фæттæ суайæнт.
Нарт синмæхæстæг карчы фыд нæ хордтой æмæ дæ сæ фæзмыны бон макуы фæуæд.
Нарт фатарм уыдысты æмæ дæ зæрдæйыл суайæд нæртон фат.
Нарт хатыр нæ зыдтой æмæ сæ фыдæх баййафæд, йæхи сыл тыхæй чи ныхасы, уыдон.
Нартау уæ зæдтимæ тохыл бафтауæд Уæллаг Хуыцау.
Нартмæ бæлгæйæ тъангыскъуыд фæут.
Нарты ‘мбисонд уæ баййафæд.
Нарты сæфт уæ Хуыцау фæкæнæд.
Нарты Сырдонау адæмы зæрдæ макуы ссар.
Нарты Сырдонау дæ къæбæр дæ с...ы бынæй фæхæр.
Нарты Сырдонау дæ фæдтæ сæрфгæ фæцу.
Нарты Сырдонау дæ хæдзары къæсæрæй макуы мачи бахизæд.
Нарты Уырызмæджы зонд дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Нарты цæхæрæй басудзæнт сæ гæды «фæдонтæ».
Нартыл тыхæй чи бæтты сæхи, уыдон нарты фыдæх баййафæд рæхджы бонты.
Нартхор хæрыны бон дæ ма фæуæд.
Нартхоры фыдæх – нартæй чи нæу æмæ æдзæсгомæй йæхи нæртон чи хоны, уыдоны.
Насау тулгæ фæцу.
Насау фырнæрстæй нытътъæпп лас.
Нау аразын дын ма бантысæд.
Наулæууæн ссарынæн ма бау.
Науы цæуынхъом макуы су.
«Наци, наци» фæкæн æмæ дæ нацийыл макуы бафт.
Наци цы у, уый макуы базон.
Национ зондыл макуы фæхæст ут.
Национ химбарынад уæм ноджыдæр макуы ’рцæуæд.
«Нæ» фæкæн æппынæдзух.
«Нæ» фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Нæгæнгæйæ сис дæ уд.
Нæдзурон фæкæн, кæм дын чи ис, уыдонмæ.
Нæй фæкæн.
Нæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Нæйбындар – дæ сæр.
Нæйбындар фæу.
Нæйбындарæй фæцæр.
Нæл гæдыйы цард фæкæн.
Нæл гæдыйы цард фæкæн æмæ адæмы уæзгуытыл æрцæуæд дæ мæлæт.
Нæл гæдыйы цард фæкæн æмæ дын «мæн у» зæгъæг мачи разынæд.

Нæл гæдыйы цард фæкæн æмæ дын хæдзар скæнын макуы бантысæд.
Нæл уæ лæджы кармæ макуы ацæуæд.
Нæл уæ нæлы хуыз макуы райсæд.
Нæлгоймаг бындар макуы бахъомыл уæд уæ къæсы.
Нолгоймагæй уæ нæлгоймаджы тæф макуы ракæлæд.
Нæлмæ фæбæлл æмæ сылтæ фæар.
Нæлтæ фæнығæнут.
Нæлыстæг уæ макуы рацæуæд.
Нæлыстæг уæм макуы рахъомыл уæд.
Нæлыстæгмæ бæлгæ уæ Хуыцау бынысæфт фæкæнæд.
Нæлыстæгмæ фæбæллут æмæ уæ хæдзарæй сылыстæг дæр макуы рахизæд.
Нæлыстæгмæ фæбæллут æмæ уын авдæны йæ аузын макуы бантысæд.
Нæмæггæгтæ фæфидут ноджыдæр.
Нæмгæ-нæмын аскъуыйæнт дæ уды бонтæ.
Нæмгæ-нæмын æрбадæнгæлмард у.
Нæминаг фæу.
Нæмыг дыл сæмбæлæд.
Нæмыг сæмбæлæд дæ тæккæ ныхыл.
Нæмыгæй мард æрцу.
Нæмыгаппарæг уæ макуы рацæуæд.
Номыгаппарæгæй Хуыцауæй хызт ут.
Нæмыггай ныппапылой уæнт дæ дардыл быдыртæ.
Нæмыгджын быдыртæй дæ цæст макуы бафсæдæд.
Нæмыгдзæф дæ Уæллаг фæкæнæд.
Нæмыгдзæфæй фæсæй.
Нæмыгдзæфæй фæтæппалмард у.
Нæрæджы цæф дыл сæмбæлæд.
Нæрæмон цард фæкæн.
Нæрæмонæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Нæрæмоны ном фæхæсс æмæ нæдтытæй фæхæт зæххы цъарыл.
Нæрдæй фæйнæрдæм тъæппытæ фæхау.
Нæртон лæг дæ æмæ нæртон мард акæн.
Нæртон цард фæкæнын дын ма бантысæд.
Нæртонæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Нæсæттон дæ æмæ нæсæттонтыл æмбæлд фæу.
Нæсæттонæй сæмбæл дæ адзалы боныл.
Нæтгæ æмæ дæ хъæрзгæйæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Нæтгæ æмæ хъæрзгæйæ фæцу.
Нæтгæ-нæтын æрцæуæд дæ мæлæт.
Нæтгæ-нæтын дæ тъангыскъуыд Хуыцау фæкæнæд.
Нæтгæ-нæтын сис дæ уд.

Нæтинаг дæ Уæллаг Хуыцау цы фæкæнын кæна, ахæм бон дыл рæхджы акæнæд.
Нæтыны бон дæ мауал фæуæд.
Нæуæндæгты бон дыл акæнæд.
Нæфæразгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Нæфæтчиаджы ард дæ баййафæд.
Нæхи дзуарæй æлгъыст фæу.
Нæхицæй дæ цынæуал хонæм, ахæм бон дыл акæнæд.
Нæхуыдтæг дæ цы аныгæнæм, ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд.
Не 'ппæтмæ кæсгæ-бæлгæйæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Не 'ппæты бæсты дæр ды фæсæй.
Не 'ппæты низтæ дæр – дæ сæры.
Не 'ппæты низтæ дæр дæ хъуыры аирвæзæнт.
Немыц æмæ дæм уырыс фæдзурæнт.
Немыцы къухы æфтыд фæу.
Нердыгон зæд дæ æркъуырæд.
Нердыгон низ дæ ахæссæд.
Нердыгон низæй фæсæй.
Низ дæ ахæссæд.
Низау дæ цы тæрсой адæм, уыцы бон дыл акæнæд.
Низæй мауал сис дæ сынтæг.
Низæй фæсæй.
Низæфхæрдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Низджынæй фæтон дæ царды бонтæ.
Низхæссæг дæ æмæ уыцы низæй тагъд бадон уæнт де уæнгтæ.
Низы холы фæу.
Никуы бæхы къæхты хъæр вæййы, никуы – бæхы хуыррытт, афтæмæй сцъиувæдис вæййыс æмæ фæдисы æрцæуæд дæ мæлæт.
Ниуæн бонтæ дыл акæнæд.
Ниугæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Ниуинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Ницæйаг дæ æмæ ницæйагæй æрцæуæд дæ удысæфт.
Ницæйагæй ницæйагмæ фæцу.
Ницæйæгты бон дыл акæнæд.
Ницæйæгтыл нымад æрцу дæ рафæлдисæгæй.
Ницы дæ æмæ ницыйæ – дæ мæлæт.
Ницы-мацытæ фæкæн.
Ницы-мацытæй арвит дæ цард.
Ницы-мацытæй батон дæ бонтæ.
Ницы-мацытæй – дæ судзаггаджы мæлæт.
Ничи дæ æмæ ничийæ батон дæ нымад бонтæ.
Ничийæ фæцæр.
Ничийы бон дыл акæнæд.

Ничиты гацца фæу.
Ничиты гаццайæ баззай.
Ногаз дыл ног фыдтимæ фæцæуæд.
Ногазы къæсæрыл – дæ мæлæт.
Ногазы хорзæх макуы фен.
Ног амонд ссарын дын мауал бантысæд.
Ногбон дыл мауал æрцæуæд.
Ног цæф баййаф.
Ног цæф дыл сæмбæлæд.
Ногарæзт хæдзарæй дæ рачындз кæнæнт дæ фæстаг фæндагыл.
Ногарæзт хæдзармæ дæм мæнæй уый хъарджытæ кæнынмæ фæцæуæд.
Ногаргъуыдæй Барастыры къæсæрыл балæуу.
Ногаргъуыдæй фæтæппалмард у.
Ногахст цыхт макуы фен.
Ногахст цыхтæй дæр макуы бафсад дæ ахсæн.
Ногæвзæрдæй дадайы митæм хъавыс æмæ дадаты granmæ ма ахæццæ у.
Ногæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Ногæй-ногмæ фæцу.
Ногæй-ногмæ фæхъав æмæ дын дæ цард саразын макуы бантысæд.
«Ног-ног» фæкæн.
Ногæлхæд дарæс макуы фенæд дæ буар.
Ногæмпъызтæй дарддæр ногæй макуы мацы фен.
Ногæхсадæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Ноггуырд макуы фен.
Ноггуырды зондæй фæцæр.
Ноггуырды кæуын макуы райхъуысæд уæ хæдзарæй.
Ногифтыгъд гал макуы æрбæтт дæ кæвдæсыл.
Ногифтыгъдæй-ногифтыгъдмæ фæцу.
Нозт райсынхъом макуы су дæ къуымæй.
Нозтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Нозтæй мауал сулæф.
Нозтджынæй де сулæфæнтæ куыд ахгæной, ахæм бон дыл акæнæд.
Нозтмард акæн.
Нозтыл дæ бафтауæд ноджыдæр дæ хæйрæджытæ.
Нозтыл фæфæстинон кæн æмæ дзы дæ мæлæнбон æнæхай фæуæд.
Ном æрмæстдæр хегæнæн у, фæлæ дæуæн цæрæнбонты цы фæхе чындæуа, ахæм амондæй фæцæр.
Номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Номгæнджытæй æнæ номгæнæг аззай.

Номдзыд лæг дæ къæсæрæй дæр макуы бадарæд йæ сæр.
Номдзыд суæвынмæ фæбæлл æмæ æнæномæй æрцæуæд де сæфт.
Номсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Номы чызг фæхуин.
Номхæссæны чызг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Номылус фæхуин.
Номылусæй батон дæ царды бонтæ.
Номылусы амондæй фæцæр.
Нуазæн лæгау лæгмæ фæдæттынц æмæ нуазæны аккаг макуы су.
Нуазæны кадмæ макуы сырæз.
Нуазгæ-нуазын дæ нозт дæ хурхысæрты фæбадæд.
Нуазын дын мауал бантысæд.
Нуазыны бон дæ мауал фæуæд.
Нуазыныл фæу æмæ дæ цард айрох уæд.
Нуæрттæхæлд фæу.
Нуæрттæхæлдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Нуæрттæхæлдæй фæцæр.
Нурыдзæхдонæй дарддæр дæ къуымæй макуы мацы райс.
Нурыхæрæн фæкæн.
Нывæфтыд дзырд дæ макуы сирвæзæд.
Нывгæнæг Хуыцау у æмæ дзы æлгъыст фæу.
Нывсæфт фæу.
Нывдæрзынæй дарддæр макуы мацы базон.
Нывыл митæм фæхъав æмæ æнæуагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Нывыл ныхас зæгъынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Нывыл хъуыддаг аразынæн макуы бау.
Ныгæд æрцу.
Ныгæдæй дæ мæ уд фенæд.
Ныгæнæг дæ цы ничиуал уа, ахæм бон дыл акæнæд.
Ныгæнинаг фæу.
Ныгуылæнырдæм дæ баныгæдæуæд.
Ныгъуылдæй фæцæр.
Ныгъуылдæй ныгъуылдмæ фæцу.
Ныддур дæ кæнæд Хуыцау.
Ныззарыны бон дæ мауал фæуæд.
Ныййарæг дæ хуызæн макуыуал ныййарæд.
Ныййарæджы лæггæдтæ базонынхъом макуы бау.
Ныййарæджы лæггæдтæ дæ хъуырæй скæлæнт.
Ныййарæджы лæггæдтæ тугæй фæом.
Ныййарæджы лæггæдтыл фæкæл.
Ныййарæджы фыдæх дæ фæдыл æфтыд фæуæд.
Ныййарæджы фыдæхæй цъыбыртты сыгъд бакæн.

Ныййарæджы цармы тыхт фæу.
Ныййарын дын мауал бантысæд.
Ныккæрдын дын мауал бантысæд, цы дурджын дæ.
Ныккука дæ кæнæд Дунескæнæг.
Ныккука у ноджыдæр, искуы ма куы бахъомыл уай.
Нымад лæг дæ æмæ нымад мард акæн.
Нымæт дарынхъом макуы бау.
Нымæты ныгæд æрцу.
Нымæты тыхт фæу.
Нымæтыл хæссинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Нымдæй фæцу.
Нымудзæг дæ æмæ нымыгъдæй — дæ мæлæт.
Нымудзгæ-нымудзын дыл сæмбæлæд арвы цæф.
Нымудзджыты бон дыл акæнæд.
Нымудзинаг цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Нымудзынæй дарддæр дын Хуыцауы цæст мацы хорз бауадзæд.
Нымудзыны бонмæ — дæ цæрæнбон.
Нымыгъд фæу.
Нынкъуысын дæ кæнæд уидæгтæм Уæллаг.
Ныннæрс æмæ тъæппытæ фæхау.
Ныннæрсын дæ кæнæд де Сфæлдисæг.
Ныннæрыны бон дæ мауал фæуæд.
Нынниу дæ ахсджиæгты сау мæрдæй.
Нынниуын дæ кæнæд дæ Рафæлдисæг дæ уды мæрдæй.
Ныннуазыны бон дын мауал раттæд Хуыцæутты Хуыцау.
Нырæй фæстæмæ бæрзæйсаст фæу.
Нырæй фæстæмæ марды фынгтæ фæцараз.
Нырмæ дæм адæм цинтæм цыдысты, ныр дæм сæ сæртæ хойгæ фæцæуæнт дæ уды мæрдæй.
Ныры адæмы фæндиаг дæ фæкæнæд Хуыцау.
Нысайнаг дæттынхъом макуы бау.
Нысанмæвæрд æрцу.
Нысаныл макуы сæмбæлæд дæ дзырд.
Ныфс дæ макуы мачи авæрæд.
Ныфс дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Ныфсмæ фæбæлл æмæ æнæныфсæй амæл.
Ныфссаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ныфссастæй амæл.
Ныфссастæй фæцæр.
Ных дын Хуыцау макуы раттæд.
Ныхас зæгъынæн макуы су.
Ныхасæппарæн дæм фæкæнæнт адæм.
Ныхасæппаринаг фæу.
Ныхасинæгтæй фæцæр.

Ныхинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Ныхкъуырд фæу.
Ныхкъуырдæй амæл.
Ныхкъуырдæй æрцæуæд дæ ахсджиаджы мæлæт.
Ныхкъуырдæй цæуын дæр дын мауал бантысæд дæ уарзон æмгæртты рæгъы.
Ныхкъуырдæй фæцæр.
Ныхкъуырдæй фæцу дæ адæмы æхсæн.
Ныхкъуырды бон дыл акæнæд.
Ныхыдзуарæй æлгъыст фæу.
Ныхыфыстæй амæл.
Ныхыфыстæй фæцæрыны бон дæм мауал æрхауæд.

# О

«О» зæгъæг дæ мауал уæд.
«О» зæгъыны бон дæ мауал фæуæд дæ адзалы размæ.
Обæуттæ фæкæн дæ ахсджиæгтыл.
Обауы бын дæ авæрæд мæнæй уый.
«Ой-ой» фæкæн.
Ойойаг — дæ сæр.
Ололи фест æмæ дын зæххылæрбадт мауал уæд.
Ольгинскæйаг цард макуы фен дæ брутаг куыстæй.
Ольгинскæйæгты цардмæ фæбæлл, фæлæ дæ брутаг куыстæй дæ къухы макуы бафтæд.
Омгæ-омын дæ игæр дæ хъуырæй сæппар кæрдихгай.
Омгæ-омын дæ уыргтæ сгæпп кæнæнт мæ размæ.
Омгæ-омын де сулæфæнтæ дæ хурхы сæрты фæбадæнт.
Омыны бон дæ мауал фæуæд.
Оммен кæнынхъоммæ ма фæцæр.
Оммен зæгъæг уæ мауал баззайæд.
Оммен зæгъынæн лæг хъæуы æмæ лæджы кармæ ма ахæццæ у.
Оммен фæкæн адæмы фынгтыл.
Оммен гæнæг уæ макуы рахъомыл уæд.
Омменгæнгæ дæ хъæрæй фæхуыдуг у.
Омменгæнинаг уын уæ фынгыл æрæвæрын макуы бантысæд.
Онг дæ онгыл цынæуал хæца, ахæм бон дыл акæнæд.
Онггай бахус у уæлхъæдæй.
Онггай дæ скъуыхтæ чындæуæд.
Онггай фæу.
Оратор фест æмæ дæ де 'фсæртæ кæрæдзийыл æрæвæрыны бон макуы фæуæд.

Ораторты фæзмгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Орден райсынхъом макуы бау.
Орден хæссыны бонмæ ма фæцæр.
Орденджыны аккаг дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Особа уыд, гуырдзыоба никуы уыдис æмæ сын æй Хуыцау сæ къухы макуыдæр бафтауын кæнæд.
Особайæ особамæ – гуырдзыйы сæфт.
Оуу – дæ сæр.
Оуугæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
«Офф-офф» фæкæн æхсæвæй-бонæй.
Оффофгæнгæ сис дæ уд.
«Оххай» фæкæн дæ хæрынæй дæ цæрынмæ.
Оххайаг – дæ сæр.
Оцани бæхау – дæ мæлæт.
Оцанийау зырзыргæнгæйæ сис дæ уд.
Оцанийæ дзыхъмард фæу.
Оцанийы амæттаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Оцанийыл æмбæлд фæу дæ фæндагыл.

# П

Паддзах æмæ дæ Хуыцауы азар баййафæд.
«Паддзах, паддзах» фæкæн, фæлæ паддзахад дæ цæсты зулæй дæр макуы фен.
Паддзахæй æвдисыс дæхи, фæлæ дын паддзахиуæг кæнын ма бантысæд.
Паддзахы азарыл фæкæл.
Паддзахы бынатмæ фæбæлл æмæ дын йæ къæлæтджын фенын дæр макуы бантысæд.
Паддзахы фыдæх дæ баййафæд.
Паддзахы фыдæхæй басудз.
Паддзахы цæф æмæ дæ адæмы фыдæх баййафæд.
Пайда дæ хуызæттæ нæ фæкæнынц æмæ йын йæ цин макуыдæр банкъар.
Пайдаимæ фæдзурæд дæ зæрдæ.
Пайдайæ æнæпайда фæу.
Пайдамæ фæбæлл æмæ стонггуыбынæй ныммæл.
Пайдайы бон – дæ мæлæт.
Пайдайыл дæ уд æрцæуæд уæлдайгонд.
Пайдагæнæггаг дæ бинонты цагъд фен.
Пайдаджынæй æнæпайда фæхуин.
Пайдайаг дæ мацыуал баззайæд.

Пакабазырæй фæцу.
Пакъуы базыл макуы æруадз дæ сæр.
Папылойаг фæуæнт дæ мæгуыр муртæ.
Папылойгæнæггаг куыввдтæ фæкæн.
Папылойгæнинаг фæу.
Папылоймæ æрцæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Парахат цард дын макуы бантысæд.
Парахатæй ацæуынхъом макуы бау.
Парахатæй – дæ ахсджиæгты сæфт.
«Парти, парти» кæнут æмæ иу хъæуы куыйтау фæлæбурут уæ кæрæдзимæ.
Партимæ бацæуын дын ма бантысæд.
Паспорт куыйтæн дæр дæттынц, дæуæн æнæ паспортæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Паспорт райсын дын ма бантысæд.
Паспорт райсынхъом макуы су.
Патриот уæ макуы рахъомыл уæд.
«Патриот, патриот» кæныс æмæ патриотты амæттаг фæу.
Пæр-пæр кæнын дын мауал бантысæд.
Пæр-пæр кæнынмæ бæллыс, фæлæ йæ уынгæ макуы бонты фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Пæр-пæр фæкæн.
Пæрпæргæнгæйæ ацæуынмæ фæхæр дæ былы цъæрттæ.
Пæррæстытæ фæкæн, æндæр мацæмæн бау ацы царды.
Пæртт-пæртт фæкæн æнæхъуаджы.
Пæхпæхгæнгæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Пенси райсын дын ма бантысæд.
Пенсийы кармæ ма фæцæр.
Пенсийы тыххæй дæхи хæрыс æмæ дын йæ райсын ма бынтысæд.
Пенсийыл хæрыс дæхи æмæ йын йæ цин ма фæхат.
Пецы дæ дыууæ цæсты ныххауæнт.
Пецы сыгъд æрцу.
Пиллон арты сыгъд æрцу.
Пилон фæкал.
Пиллонгæнгæ фæцу.
Пирæны пырд цы ‘рцæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Профессор лæг макуы фен.
Пудрæгæнинаг фæу уымы бæстæм.
Пудрæгондæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Пуйаг фæу.
Пуситæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Пыр-пыр кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Пыр-пыр фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.

Пырпыргæнинагæй баззай.
Пырхæнтæ фæу.
Пырхæнтæй фæхау.
Пысырайау фæсудз æмæ фæдуд.
Пыхсбыны – дæ мæлæт.
Пыхцылсæр чызг – дæ хай.
Пыхцылтæй фæраст у дæ фæстаг фæндагыл.

# Пъ

Пъа кæннынхъом ма фæу.
Пъагæнгæйæ – дæ удисæн.
Пъагон макуы фен.
Пъагонджын уæм уазæгуаты дæр макуы фæзынæд.
Пъалто дæ цæстæй дæр макуы фен.
Пъалтодарынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Пъалтоджын уазæг дæ хæдзары къæсæрæй макуы бахизæд.
Пъамидорхæрæн фæкæн.
Пъамидорхæрдæй дæ ахсæны рак фæзынæд.
Пъамидорхæрдæй тъæппытæ фæхау.
Пъартфелджын дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Пъæззы дыл ныббадæд.
Пъæр-пъæр кæнынæй дæ Уæллаг макуы бафсадæд.
Пъæр-пъæр кæнынмæ куыройы гæркъæрагæй фыддæр фæу.
Пъæрпъæргæнинаг, кæм дын чи ис, уыдон.
Пъæрттытæ дæ Хуыцау фæхауын кæнæд.
Пъæрттытæ фæхау.
Пъланмæ гæсгæ дæ Уæллаг фæцæрын кæнæд.
Пълæнттæ кæнын дын ма бантысæд.
Пълæнттæ фæкæн æмæ дын дзы мацы сæххæст уæд.
Пъол кæнын дын макуы бантысæд.
Пъолæхсæн хъилæй над æрцу.
Пъолсæрфæгæй фæцу де знæгтæн.

# Р

Раарфæгæнæг дын мачи разынæд.
Раафтид уæнт дæ дзадджын къуымтæ мæ сау тæригъæдæй.
Рабад-бабад фæкæн дæ сау низæй.
Рабадт дын ма уæд ноджыдæр.
Рабадын дæ мауал суадзæд дæ низ.

Рабадынæн мауал бау.
Рабадынмæ фæтырн æмæ дын дæ сынтæг сисын макуы бантысæд.
Рабадынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Рабадыны бон дæ мауал фæуæд.
Рабалц у, кæцæй нал æрцæуай, уырдæм.
Рабалц у мæрдтæм.
Рабалцгæнæг дæ мауал уæд.
Рабар-бабар фæкæн дæ авналæнтæ.
Рабарбабаргæнгæйæ фæцæр.
Рабырæг дæ мауал уæд.
Рабырæг дæр кæмæй нал ис, уыдоны хал ахæр.
Рабырæн дын мауал уæд дæ къæппæгæй.
Рабыр-бабыр фæкæн адæмы уæзгуытыл.
Рабыр-бабыраг фæу.
Рабыр-бабырæй дыл мауал уæраг баззайæд, мауал — цонг.
Рабыр-бабырæн бахъу æмæ дæ айрох уæнт дæ кæнинаг хъуыддæгтæ.
Равдæлæд дæ рæхджы бонты мæлынмæ.
Равдæлын дæ кæнæд Уæллаг дæ фæстаг балцы.
Равзаргæ адæмы рæгъы макуы рацу.
Равзаргæйæ равзаргæмæ уæ бынысæфт æрцæуæд.
Равзаргæйæ — уе сæфт.
Равзаргæтæ кæм сты, уым дæ балæууын кæнæд Уæллаг.
Равзаргæты астæуæй фæхъу.
Равзаринæгтæм дæ æрхауын кæнæд де сфæлдисæг Хуыцау.
Равзид-бавзид фæкæн æмæ хъуыддаг саразынхъом макуы бау.
Равзидбавзидгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Рагæпп кæн æмæ фæстæмæ багæпп кæнынæн макуыуал су.
Рагæпп кæнын дын мауал бантысæд.
Рагæпп-багæппы бон дæ мауал фæуæд.
Рагзаманы гал кæм æрхуыссыдаид, уый галы аргъ уыд, хъуг кæм æрхуыссыдаид, уый — хъуджы, фæлæ ды рæхджы бонты дæ сыджытыхайыл æнæаргъæй бафт.
Рагмард акæн.
Рагмæрдтыл хæрдмæ фæтон дæ рустæ.
Рагмæрдтыл хъарæггæнгæйæ батай æмæ баруай, æхсæры аппау.
Рагон теуайы æмбисонд дæ баййафæд — де ‘нæзондæй тугхор сырдты холы фæу.
Рагуалдзæг æрæййаф, фæлæ дæ йæ хур мауал батавæд.
Рагуалдзæг дæм дæ рагмæлæтимæ æрцæуæд.
Рагуалдзæджы дæ сулæфыны бон мауал фæуæд.
Рагуалдзæджы фæкæл æмæ афæдзмæ сæйгæмард цы акæнай, уый дын мæ уд фенæд.

Рагфыдæлтау фæу, кæд дын дæ зæххытæ дæр уыдон нæ кусдзысты.

Рагфыдæлтæ дæ сæхицæн урс уæрыккæн ахæссæнт, кæд сæ фыдгойæ æрæнцаис.

Радав дæ химарæн кард.

Радавæн алцæмæн дæр ис æмæ дын марды чырын давд фæуæд.

Радавыны бон дæ мауал фæуæд.

Радио фест, ды ма куы æрлæууай дæ дзурынæй.

Радиойæ дзурæгау дæм фæдзырдæуæд æхсæвæй-бонæй.

Радыгай фæныгæн дæ ахсджиæгты.

Радыгай цæрддзу бакæнут уæ кæрæдзийы фæдыл.

Раджы арвæй сыгъзæринтæ дæр уарыд, ныр дзы дæуыл сау туг ныууарæд.

*Раджыма-раджы*
*Сау рын – д' аджы.*

Радзур-бадзурæн бахъу ноджыдæр.

Разагъды лæг уæ мыггаджы дæр макуы фен.

Разар-базар кæнынил баихсийæд дæ хуыздæр бонтæ.

Разæй – дæ ингæн.

Разæй чи уыд, уыдонау фæу.

Развæлгъау дæ мæрддзæгтæм фæдзыназ.

Размæ мауал рацу.

Размæ уæ адæмы рæгъы цы ничиуал рацæуа, ахæм сæфты бон уæ баййафæд.

Разгæмттæ дарынæн ма бау.

Раздарæн дæ мæрддзаджы дзаума фæуæд.

Раздарæн райхалыны бон дæ макуы фæуæд.

Раздæр мæрдтæм цæуынмæ кæй хал схауа, уый ды фæхуин.

Раздæры кад дæ къæхты бынмæ æрæппæрстай æмæ адæмы къæхты бын амæл.

Раздыхс-баздыхс дæ рæхджы фæкæнын кæнæд дæ амондскæнæг.

Раздзог æвзарынæн макуы баут.

Раздзог бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл у æмæ сымахæн æнæраздзогæй æрцæуæд уе сæфт.

Раздзогæй зонд райсынæн макуы сут.

Раздзоджы нæмыг дыл сæмбæлæд.

Размæ дын тагъд дæ къæхтæ цы ахæссой, ахæм æмбисонд дыл æрцæуæд.

Размæ цæуын дын макуы бантысæд.

«Размæ цом» дын мачи зæгъæд.

Размæ цу æмæ дæ рæстæджы дымгæ фæстæмæ цы хæсса, уыцы амонд дæ уæд.

Размæ чи цæуы, уыдон аййафын дæ къухы макуы бафтæд.

Размæгæнæг дын Хуыцау макуы раттæд.

Разы кæимæ уай, уыдон дæ æнæразыйæ цы зайой, ахæм амондæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.

Разыбадæджы нæмыг дæ риуыл сæмбæлæд.

Разыбадæджы нæмыгæй дæ сæры мæгъзтæ ныппырх уæнт æмæ сырдтæн сдæринаг фæуæнт.

Разыгондæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Разыйы дзырд кæмæн радтай, уый дæ æнæразыйæ аззайæд.

Разыйы дзырд макуы макæмæй фехъус.

Разымæ бæлгæйæ æнæразыйæ аззай.

Разынгæ дæ макуы мачи фенæд.

Райваз-байваз кæнинаг фæу.

Райвазбайвазгæнгæйæ скæн дæ фæстаджы хæкъуырцц.

Раивæг дæ макуы фæуæд дæ тыхнад хæдзары.

Раивинаг фæу рæхджы бонты.

Раирвæз-баирвæз фæкæн мæ тæригъæдæй.

Раиртасæг дæ мауал уæд.

Раиртасæн дын мауал уæд, цы фарст дæ.

Райгасгæнæн кæмæн нал ис, уыдоныл бафт.

Райгасгæнинаг дын фæуæнт адæмы мæрдтæ.

Райгæйæ сис дæ уд.

Райгонд дæ ма фæуæд дæ ракурджытæ.

Райгонд дæ ма фæуæд, кæй дæ, уыдон.

Райгонд дæ ма фæуæд мæ уд.

Райгондæй дæ макуы мачи аздæхæд.

Райгондæй дæ мачи баззайæд – фæхудинаг уыдзынæ.

Райгуырын дын ма бантысæд.

Райгуырын кæмæн нæ бантыст, иунæг Хуыцау дæ уыдон амондæй хайджын фæкæнæд.

Райдайын дын мауал бантысæд, цы хъуыддаг дæ.

Райдайын дын не ʻнтысы æмæ дын фæуын дæр мауал бантысæд.

Райсом бæрæгбон у æмæ йæ мауал æрæйййаф.

Райсом дыл мауал æрцæуæд.

Райсомæй – дæ бионты сæфт.

Райсомæй хур цы зæдтæ, дауджытыл скæсы, уыдон дыл сæ цæхæртæ æркалæнт.

Райсомырдæм дæ уд дæ хъæлæсæй сгæпп кæнæд.

Райсоммæ дæ къæхтæ цы адаргъ кæнай, мæ уд дын уый фенæд.

*Райсомраджы*
*Марг – дæ аджы!*

Райсомы дзуæрттæй æлгъыст фæу.
Райсын æмæ раттын иу сты, фæлæ дæу райсыны бон мауал фæуæд.
Райуарæггагæй дæр дæ хай макуы фæуæд.
Райуарæггагмæ фенхъæлмæ кæс.
Райуарбайуаргæнинаг фæуæнт дæ муртæ.
Райхæлын дын макуы бантысæд.
Райхæлыныл фæхæр дæ хъиутæ æмæ рыгъдæй-рыгъддæр цы кæнай, уыцы бон дыл акæнæд.
Райыны бон дæ ма фæуæд.
Рак дыл фæзынæд.
Рак фæзынæд де 'взагыл.
Ракæй атай æмæ аруай.
Ракæй æрбамæл дæ царды уалдзæджы.
Ракæй дæ мауал бауæд дæ сынтæг сисыны бон.
Ракæй чи фæтæппæлæг, уый бон дыл акæнæд.
Ракаф-бакаф фæкæн æмæ, дæ кафт кæимæ сфидауа, ууыл макуы сæмбæл.
Ракафын дæ фæндæд æмæ де уæнгтæ сæхимбæрц айтынг кæнын дæ бон макуы бауæд.
Ракафыны бон дæ макуы фæуæд.
Ракæл æмæ басудз адæмы тæригъæдæй.
Ракæл æмæ дæ схъил кæныны бон мауал фæуæд.
Ракæл æмæ дын схъил кæнын мауал бантысæд.
Ракæл дæ бындзарæй.
Ракæлæнт, кæм дын цы ныфсы мæсгуытæ ис, уыдон.
Ракæлыны бон дæр дæ мауал фæуæд, афтæмæй цъыбыртты сыгъд бакæн.
Ракæн-бакæн фæкæн æмæ дын хъуыддаг саразын макуы бантысæд.
Ракæрдæд дæ уæллаг æфсирхъæлæсæй.
Ракæрдинаг дæ мацыуал аззайæд.
Ракæс-бакæс фæкæн æмæ, дæ зæрдæ цæуыл фæлæууа, ууыл дæ цæст макуы схæцæд.
Ракетæ дыл сæмбæлæд.
Ракетæйы цæф фæу.
Ракетæйы цæфæй кæрдихгай фæйнæрдæм фæхау.
Ракойгæнæг уæ мауал баззайæд зæххыцъарыл.
Ракойгæнæджы мæрдтæн – мæ куыдз.
Ран дæхæдæг нæ зоныс, фæлæ дæ Хуыцау дæ раны æркъуырæд.
Раны мард æрцу.

Ранкъуыс-ранкъуыс фæкæн æмæ дæ бынаты бамби.
Ранкъуысын дын мауал бантысæд.
Ранкъуысыны бон дын Уæллаг макуы раттæд.
Раныхас кæн æмæ нæ дæ ныхасæй уæлвæндаг куынæ фæкæнай, уæд Ныхасы дзуарæй æлгъыст фæу.
Раныхас-баныхасæн бахъу.
Раныхасы бон дæ мауал фæуæд мæ тæригъæдæй.
«Раст дæн», «Раст дæн» фæкæн æмæ дæ рæстдзинад макæй бауырнæд.
Раст лæгæй мæрдтыбæсты уæрдоны сæмæн аразынц æмæ мæрдтыхай — дæ сæр.
Раст лæгыл фылдæр æмбæлы æмæ де знæгты амæттаг фæу.
Растæг адæмы къæхты бын æрцæуæд дæ адзал.
Растгæнæн кæмæн нал ис, уыдоны хал — дæ хъуыры.
Растдзæф фæу.
Растдзинадмæ фæбæлл æмæ йæ макуы фен.
Растзæрдæ адæймагыл макуы сæмбæл.
Растзæрдæйæ дæ иунæг бон дæр Хуыцау ма рацæрын кæнæд.
Расыг мард акæн.
Расыгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Расыггæнаг дæ æмæ дæ уыцы нозт иу расыгæй фæласæд де ‘нусон дунемæ.
Расыгхъуаг ма дæ æмæ ноджы аназ, кæд тъæппытæ фæхауис æмæ дæ фервæзин.
Ратас-батас фæкæныс сæрбахъуыды æмæ ноджыдæр фæратас-батас кæн.
Раттæг адæмы азарæй басудз.
Раттæг дæ мауал уæд.
Раттæг зæххы фыдæх дæ баййафæд.
Раттæгæй, дарæгæй уæ иу дæр мауал баззайæд.
Ратул-батул цы фæкæнат, ахæм низ уæ ахæссæд.
Ратулбатулаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ратулын дæ кæнæд Уæллаг.
Ратулын дæ кæнæд Хуыцау æмæ фæстæмæ стулын нæ, дæ уæрагыл слæууынхъом дæр цы никуыуал бауай.
Раууатмæ æрцу.
Раууатæй баззайут уæ фыдызнаджы цæфæй.
Рафад атынæгæй.
Рафадын дæ кæнæд Хуыцау.
Рафадын дын ма бантысæд.
Рафæлдæхын дæ кæнæд де скæнæг Хуыцау.
Рафæлдæхынæй дарддæр дын къахатилæн цынæуал уа, уыцы бон дыл акæнæд.

Рафт де ‘взæрмæгæнджыты фæндиаг.
Рафт-бафт фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Рафтбафтгæнгæйæ фæцæр.
Рафтут.
Рафтут стырæй-чысылæй.
Рафтын дæ кæнæд Уæллаг.
Рафтынæй дарддæр дæ сулæфыны бон мауал фæуæд.
Рафысс-бафысс фæкæн, æндæр мацыхъом бау.
Рафысбафысгæнгæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Рафысбафысгæнинаг фæу.
Рахауæнт дæ гагуытæ мæ размæ.
Рахау-бахау фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Рахаубахаугæнгæйæ сис дæ уд.
Рахаубахаугæнинаг фæу ноджыдæр, цы лæг дæ.
Рахауинаг цæст дын ис æмæ рæхджы дæ къахы быn — цъыззитт.
Рахафбахафгæнинаг фæу.
Рахæр-хæр дæ кæнæд мæнæй уый рæхджы дæ сыджыты хаймæ.
Рахæт-бахæтæй хуыздæр хъуыддагыл дæ макуы бафтауæд де скæнæг Хуыцау.
Рахæт-бахæт фæкæн дæ уды фыдæнæн.
Рахæтбахæтгæнгæ ниугæйæ фæцу адæмы уæзгуытыл.
Рахиз æмæ галиу сæ кæрæдзийæ раиртасынхъом макуы бау.
Рахиз сисынæн макуы су.
Рахизæрдæм зилын макуы базон.
Рахизсаст фæу.
Рахон-бахон кæнут уæ кæрæдзи судзгæ мæрдтæм.
Рахъуыды-бахъуыды фæкæн, фæлæ хорз зæгъын дæ бон макуы бацæуæд.
Рахъуыз-бахъуыз кæнынæй дарддæр дæ цард-цæрæнбонты макуы мацы базон.
Рацæгъдæггаг мызд цы фидай, ахæм бон дыл акæнæд.
Рацæуæг уæ мауал баззайæд.
Рацух у де ‘мгæртты рæгъæй.
Рацъаг фæрæты цыргъ дæ бæрзæйыл æруайæд.
Рацъон бирæгъы сырд дæ фæчындæуæд.
Рæбинаг цæджындзгай фæфæлдæхут адæмы сау тæригъæдæй.
Рæбинæгтæ фæныгæн.
Рæбынмæ бындзагъд цы суат, ахæм бон уыл акæнæд.
Рæвдауынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Рæвдыдхуызæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Рæвдыдхъуагæй — дæ уды сæфт.
Рæвдыдцухæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Рæгъ рауадзынхъом макуы бау.
Рæгъгæнæгæн дæр макуы сбæзз.
Рæгъæды бонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Рæгъ-рæгъы уæ равæрæд мæнæй уый.
Рæдийгæ алчидæр кæны æмæ рæдыдæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Рæдыдæй мард æрцу.
Рæдзæгъдтæй халæтты холы фæут нæ тæригъæдæй.
Рæдзæ-мæдзæ фæкæн ноджыдæр, кæд Дзудзуйы бæлон нæ дæ.
Рæз мауал схæсс.
Рæзинагæй баййаф, рæзын кæмæн нæ бантыст, уыдоны.
Рæзинагæй фæдæлсыджыт у.
Рæзты ахизынхъом макуы бау.
Рæзхæссын дын мауал бантысæд.
Рæзын дын мауал бантысæд.
Рæзыны бон дæ цынæуал фæуа, ахæм æмбисонд дæ баййафæд.
Рæзынæг дыл фæзынæд.
Рæинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Рæйаг куыдзæй фыддæр фæу.
Рæйгæ ма кæн, хæцгæ ма кæн, фæлæ дæ тæсæй уæ хæдзары къæсæрæй макуыуал мачи бахизæд.
Рæйгæ-рæйын дæ мæлæт æрцæуæд.
Рæйыны бон дæ мауал фæуæд.
Рæмбынкъæдзсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Рæмбынкъæдзсаст фæу дæ фырфыдахинæй.
Рæмпæг дæ бахæрæд, цы дзаума дæ.
Рæмпæгхæрдæй дæ мæ уд фенæд.
Рæмпъузæн ныхас кæныс æппынæдзух æмæ рæмпъызт фæу.
Рæмпъызтæй амæл.
Рæнхъæвæрдæй ныгæд æрцæут.
Рæнхъæй слæууын уын мауал бантысæд.
Рæнхъгай — уæ мæлæт.
Рæнхъон рацæуæг дæр уæ мауал уæд.
Рæстаг мардæй дæ фенæд мæ цæст.
Рæстæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Рæстæг æмæ йæ зæдтæй æлгъыст фæу.
Рæстæг дын цæрынæн дæр цынæ сфаг уа æмæ мæлынæн дæр, уыцы амонд — дæ хай.
Рæстæг зæрдæйы хъæдгом хосгæнæг у, фæлæ дæуæн уый дæр мацыуал схос кæнæд.
Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу куыдзау цы фæниуай, ахæм æмбисонд дыл сæмбæлæд.
Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу удисæн фæкæн.
Рæстæгæрвитæн фæкæн æмæ рæстæгæй арфæгонд макуы фæу.

Рæстæгæрвитыны бон дæ ма фæуæд.
Рæстæгмæ æрцæуæм ацы цардмæ не ‘ппæт дæр, фæлæ дзы дæуæн цæрын ма бантысæд.
Рæстæгмæ дæ удæй æмхасæнтæ цы фæкæнай, ахæм æлгъыст дæ баййафæд.
Рæстæгсафæн фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Рæстæгсæфт дæ Хуыцæутты Хуыцау фæкæнæд.
Рæстæгыл – дæ мæлæнбон.
Рæстæджы дымгæ дæ фæхæссæд.
Рæстæджы хъæр дын Хуыцау макуы бамбарын кæнæд.
Рæстæй дæ фæдæлсыджыт кæнæд мæ уд.
Рæстæй ныгæд æрцу.
Рæствæндаг фæу, кæцæй нал æрыздæхынц, уырдæм.
Рæствæндаг фæу мæрдтæм.
Рæстыты разæй мæрдтæм фæу.
Рæстдзæвины нæмыг дыл суайæд.
Рæстдзæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Рæстдзинад зæгъынхъом макуы бау.
Рæстдзинадæй дын дæ зæрдæ тугкалгæ фелвæстæуæд дæ риуæй.
Рæстдзинадæй хызт у.
Рæстдзинадмæ фæбæлл æмæ дæ цæстытæкъахæн фæуæд.
Рæстдзинадыл – дæ фæкæлæн.
Рæстмæгæнæг дын дæ хъуыддæгтæ рæстмæ макуы ауадзæд.
Рæстмæгæнæгæй æлгъыст фæу.
Рæстмæйаг макуы мацы фен дæ хæдзары.
Рæстуд адæймаг дæ фыны дæр макуы фен.
Рæстудæй дæ Хуыцау бахизæд.
Рæсуг дон баназын дын ма бантысæд – сахуыр ыл уыдзынæ.
Рæсугъд цард дæ къуымы макуы фен.
Рæсугъд цардмæ фæбæлл æмæ дæлбынты ссар дæ адзал.
Рæсугъдæй-рæсугъддæртыл фæзил æмæ дыл сæ ту дæр цы ничи бакæна, ахæм хал ахæр.
Рæсугъдтæм фæбæлл æмæ сæ къæхтæсæрфæнæн дæр макæй бахъу.
Рæсыдæй амæл.
Рæсыдæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Рæуæг митæ фæкæн ноджыдæр.
Рæубазыр дæ, фæлæ дын атæхын ма бантысæд.
Рæувадæй фæчепп-чепп кæн дæ амæлæты бонмæ.
Рæувадты бон дæ баййафæд.
Рæузондæй дæ Хуыцау фæхир-хур кæнын кæнæд.
Рæузондæй фæцæр.

Рæучийы ном макуы ахауæд дæ рагъæй.
Рæхджы — дæ мæлæн бон.
Рæхджы дæ цæстытæ адæммæ хæлæгæй цы рахауой, мæ цæст дын уый фенæд.
Рæхджы дын мæ уд дæ быны хæссæнтæ цы фена, ахæм бон дыл акæнæд.
Рæхджы дын мæ уд дæ с... фы хæссæнтæ фенæд.
Рæхоинаг æмæ рæхуыстæй маринаг фæу.
Рæхысбастæй батон дæ царды бонтæ.
Рæхысбастæй фæцу.
Резинæ дзабырты батон дæ царды бонтæ.
«Ресторан, ресторан» фæкæн, фæлæ дæ хæдзары кой макуы схауæд.
Рестортантæй ласинаг фæу.
Рестораны ныгæд æрцу.
Рестораны æрцæуæд дæ мæлæт.
Ривæддон фæу.
Ривæддонæй баззай, цы зæхх дæ.
Ривæддонæн дæр мауал сбæзз мæ уды тæригъæдæй.
Ризæг дыл фæзынæд.
Ризæгæй бацæгъд дæ тыбыртæ.
Ризæгæй дæнгæлмард фæу.
Ризгæ-ризын — дæ удисæн.
Ризыны бон дæр дæ мауал фæуæд, афтæмæй дæ фæсутыр кæнæд Уæллаг.
Рисгæ æмæ дудгæ фæцу.
Рисгæ фæцу æмæ фæнæт.
Рисгæйæ сис дæ уд.
Риссаг низ дæ артæнты фæзынæд.
Риуæгънæгæн кæй дарыс, уый дын мæнæн аззайæд.
Риуæгънæгæн кæй дарыс, уымæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Риуæмбæрц ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Риуæмбæрцæй ацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Риухъæнæй фæцу.
Риуыгъд æмæ тъæппæй фæцæр.
Риуыгъыны бон дæ мауал фæуæд.
Рихи дарыны бон дæ ма фæуæд.
Рихи лæг дары æмæ рихи дарыны кармæ ма ахæццæ у.
Рихиджынтæ фæныгæн.
Рихиджынты granмæ ма фæцæр.
Рихийæ сомы кæныны бон дæ макуы фæуæд.
Рихийы фарн макуы базон.
Рогвадæй фæхæт.

Род дын галы删 кармæ макуы ахæццæ уæд.

# С

Сабантъыйæ байдзаг уæд дæ буар.
Сабат дыл мауал æрцæуæд.
Сабатæхсæвтæ фæараз.
Сабатбонтæ дын фæарæзтæуæд.
Сабатбонæй дарддæр дын бæрæгбон мауал уæд.
Сабæлутхуызæй дæ мæ уд уæлтæрхæг фенæд.
Сабæттæгтæй – дæ цард.
Сабæттæгтæм фенхъæлмæ кæс.
Сабæттæгтыл фæтонут уæ кæрæдзи.
Саби арæвдауынæн ма бау.
Саби барæвдауынæн нæ дæ æмæ рæвдыд макуы баййаф дæ Хуыцауыхайæ.
Саби зæд у æмæ дын зæд макуы фенын кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Саби макуы ауз дæ авдæны.
Саби макуы ракæсæд уæ къæсæрæй.
Саби макуы фен.
Саби схъомыл кæнынæн ма бау.
Сабийы зондæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Сабимæ бæлгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Сабыр бонтæм фæбæлл æмæ дын сæ дæ раттæджы цæст макуы бауарзæд.
Сабыр мард акæн.
Сабыр цард дын макуы раттæд де Скæнæг.
Сабырæй чи бафтыд йæ сыджытыхайыл, уыдон дын фæстейæ суринаг фæуæнт.
Сабырты хал дын – хæринаг.
Сабыртыл нымад æрцу рæхджы бонты.
Сабырад фенын дын ма бантысæд.
Сабырадæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Сабырадмæ фæбæлл æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Сабырады бонмæ ма ахæсс.
Сабырадыл фæтох кæн æмæ дын дзы æнцойæ цæрын ма бантысæд.
Сабырæй дæ къæбæр дæ хъуыры макуы ахизæд.
Сабыргæнинаг фæу.
Саг фæкæлæд.
Сагартæн уæ макуы рахъомыл уæд.
Сагсур лæппу уæ макуы рацæуæд.
Сагтæм фæбарут уæхи æмæ сын сæ дымгæ дæр макуы аййафут.
Сагхуызæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Сагæйтты ‘хсæвæр мауал æрæййаф.

Сагæйтты ‘хсæвæрмæ ма фæцæр.
Сагой суайæд дæ артæнты.
Сагойæ дæ фæцагъдæуæд.
Сагъадахъ æрцауындзынæн макуы бау.
Сагъадахъæй фат сисыны бон дæ мауал фæуæд.
Сагъæс фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Сагъæсгæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Сагъæссаг – де ‘взæр сæр.
Сагъæссаг фæу.
Сагъд хъилы цъуппыл – дæ цæрæн.
Сагъдау цы аззайай, уыцы бон дыл акæнæд.
Саджил лæууын дæ бахъæуæд.
Саджилзæрдæйæ дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Саджил зондæй хуыздæр хъуыды дæм Хуыцау макуы ‘руадзæд.
Саджилæй амæл.
Саджилыскъуыд æрцу.
Садзгæ зондæй фæцæр.
Саинаг фæу.
Сайд – дæ сæр.
Сайдвæстаг фæу.
Сайраг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сайраг фæу.
Сайраг фæуæнт, ды цы хæдзарæй рацыдтæ, уыдон.
Сайрагæй цы баззайат, ахæм бон уыл акæнæд.
Сайрагтæм тæхуды цы кæнат, уыцы дугтæ уыл ныккæнæнт.
Сайтан дæ æмæ сайтаны мардæй ныммæл.
Сайтанты къухыфтыд фæу.
Сайын базыдтай æмæ тагъд Хуыцауæй сайд цы баййафай, уыцы бон дыл акæнæд.
Сайыны боны – дæ мæлæт.
Салдаты цæуын дын ма бантысæд.
Салдаты цинелы ныгæд æрцу.
Санчъех саразынхъом дæ Уæллаг мауал бакæнæд.
Санчъехæй дын сбарстæуæд дæ ингæн.
Сапон макуы фенæд дæ буар.
Сапонæхсад макуы баййаф.
Сар – дæ къона.
Сар – дæ сæр.
Сар фæкæн.
Сар цы фæкæнай, уыцы бон дыл акæнæд.
Сарæй сармæ фæцу.
Саразын дын мауал бантысæд.
Саргъауыны бон дæ ма фæуæд.
Саргъмæ схизынæн ма бау.

Саргъы бæхыл сбадыны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Сармадзаны нæмыг дыл сæмбæлæд.
Саси дыл фæзынæд.
Сасиргур фæцæут фыдæй-фыртмæ.
Сасиргурæй уын фæфидис чындæуæд.
Сатæг уæлдæф сулæфын дын ма бантысæд.
Сатæг æхсæры хуызæн чызг макуы бахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Сатæгсау низ уыл сыстæд, мыггаг уæ куыднæуал баззайа.
Сау арт дыл ссæуæд.
Сау арты басудз.
Сау æндзыг бау.
Сау æндзыгнизæй фæсæй.
Саубон дыл акæнæд.
Саубонæй басудз.
Саубонæй басудзæнт – ды кæй хæдзарæй рацыдтæ.
Саубонæй фæбад.
Сауæрфгуыты фæндиаг фæу.
Сауæрфгуытыл фæзил æмæ бурæрфыг дæр макуы бафтæд дæ къухы.
Саубазыр удхæссæг дæ ахæссæд.
Саубазырджынты холы фæу.
Саугуырм дæ Хуыцау бакæнæд.
Саугуырм низ дыл бахæцæд.
Саугуырмæй фæцу.
Саугуырмæй уырзæй фæагур дæ фæндаг.
Саудалынг дыл бауæд нæ рухс дуне.
Саудалынджы – дæ удисæн.
Саударæг дыл мауал уæд.
Саударæн бонтæ дыл ныккæнæд ноджыдæр.
Саударæнæй саударæнмæ фæцу дæ уды тæригъæдæй.
Саудæг дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Саудудгæбонæй батон дæ царды бонтæ.
Саудудгæбонæй фæцæр.
Саудзыдзыда бау.
Саудзыдзыдайæ фæхæт адæмы уæзгуытыл.
Саудзыдзыдайæ фæцу.
Саузæрдæйæ фæцæр.
Саузæрдæскъуыд фæу.
Сау ингæны ныххау.
Сау къæйты бын амæл.
Сау къæйты бын бамби.
Сау ныккæнæг дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Сау сыджыт дæ бахæрæд.

Саузæрдæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Саукъах ном фæхæсс дæ амæлæты бонмæ.
Саумарой дыл фæкæнæд дæ ахсджиæгтæ.
Саумаройаг фæу.
Сау нæмыг дыл сæмбæлæд.
Саумæр дыл ныккæлæд.
Саумæры бамби.
Саусæрæй фæцу.
Саутæ ивгæйæ цæр.
Саутæ фæдар.
Сауты фæхæт.
Сахаруатæй баззай.
Сахатгай фæнымай дæ царды бонтæ.
Сахаты ‘мгъуыдмæ – дæ мæлæт.
Сахъатджынæй фæцу цæрынæй-хæрынмæ.
Сахъгуырд уæ къæсæрæй макуы ракæсæд.
Сахъгуырдтæ фæнығæн.
Сахъгуырдтимæ – дæ быцæу.
Сæ амондæн фæлдыст – мæ куыйтæ.
Сæ амондæн фæлдыст фæуæнт.
Сæ ацæуæнтæ æрбауынгæг уæнт.
Сæ бон ныккалæнт знаджы цæфæй.
Сæ бон сыл изæр мауал кæнæд, се ‘хсæв – бон.
Сæ боны рухс саумæйдар æхсæвæй раивææнт тагъд рæстæджы.
Сæ боны рухсæй сын хай ма уæд.
Сæ боны хай сыл баталынг уæд.
Сæ быны фæмизæнт.
Сæ гæнæнтæ æрбакъуындæг уæнт.
Сæ дзыхты – саумæр.
Сæ мæрдтæ æнæнығæд баззайæнт.
Сæ мæрдтæ, кæй ном нæ дзырдæуы, уыдæттæ фæхæрæнт мæрдтыбæсты.
Сæ мæрдтæ мæ куыдзы сæр æхсынгæ фæцæуæнт.
Сæ мæрдтæй æнæмард фæуæнт.
Сæ мæрдтæн мæ куыдз аргæвдæнт.
Сæ мыды къусы къæм ныххауæд.
Сæ низтæ бонæй-бонвыддæр цы кæной, ахæм æлгъыст сæ баййафæд.
Сæ сæр кæм нæ хъæуы, уым сæ сæртæ лыгмæ фæдæттæнт.
Сæ сæртæ – куыдзы сы... фы.
Сæ сæрты зонд сæ зæвæтты бацæуæд.
Сæ сæртыл куыройы фыдтæ фæзилæнт.
Сæ сыстыл поезд цы фæлдæха, уыцы бонмæ сæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.

Сæ тыбыртæ фæцæгъдæнт мæ тæригъæдæй.
Сæ уынгæджы бон мæ куыдз — сæ ныфс.
Сæ уынгæджы бон се знаджы къухы — сæ марæн кард.
Сæ уыргтæ сæ хъæлæсæй фæкалæнт.
Сæ ф...ыл фæкæлæнт.
Сæ фæндтæ сæ хъуыры фæбадæнт.
Сæ фæндтæ фæндтæй цы аззайой, уыцы ботæ сыл рæхджы акæнæнт мæ хъæбулты тæригъæдæй.
Сæ фыдæбæттæ сын дон йæ бынмæ аласæд.
Сæ фæндтæ фæмæнг уæнт.
Сæ фыдтæ сыл батайæнт.
Сæ худæн дзыхтæ ныззылынтæ уæнт.
Сæ худæн дзыхты сау сыджыт ныккæлæд.
Сæ худджынтæй тагъд æнæхудджынтæ фæуæнт.
Сæ худджынты фæнызгæнæнт.
Сæ худтæ дæлбынтæм æппаринаг фæуæнт.
Сæ фынты цæмæй фæтæрсынц, уый сыл æрцæуæд.
Сæ цæстыты бон къала бæлас зайæд, æхсæв сыл мæрдвынæй æфтæд.
Сæ чызджытæ сæ фыды артдзæсты æфтауæнт сæ дæндаг, сæ лæппутæн ускурын ма ’нтысæд.
Сæ чындзытæ хуыскъæй хæтæнт адæмы уæзгуытыл.
Сæвджын лæппутæ фæныгæн.
Сæгъ фест æмæ сæгъау фæуас.
Сæгъау дæ фæстаг гомæй фæхæсс.
Сæгъæлвыд дæ фæчындæуæд.
Сæгъгæсæн дæр макуы сбæзз.
Сæгъдонæй дарддæр дæ хæдзармæ макуы бауагъдæуæд.
Сæгъхъисты фæцу дæ райгуырдæй дæ амæлæты бонмæ.
Сæгъы сыйы тъыст æрцу.
Сæдæ азмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Сæдæ азы сæрæй ракæсын дын ма бантысæд.
Сæдæаздзыдмæ фæбæлл æмæ дын Хуыцау йе ‘рдæг дæр ма схай кæнæд.
Сæй æмæ дын хос ма уæд.
Сæйгæ дæ Бæрзонд Хуыцау фæкæнæд.
Сæйгæ фæу.
Сæйгæ-сæйын дæ уд сис æмæ дæ кæстæртæ уынджы къæйыл баззайæнт.
Сæйыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Сæкæр ахæрыны бон дын Хуыцау макуы раттæд.
Сæкæр макуы фен.
Сæкæрниз дыл фæзынæд.
Сæкæрнизæй фæсæй.

Сæлхæр дæ æмæ сæлхæрæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Сæлхæрты æхсæнæй фæхъæуæд де 'намонд сæр.
Сæмæнæй цалхы æхсæн фæцæр.
Сæмбæлæд дыл... Хуыцауы цæф.
Сæмпæрчъийæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæмпæрчъийæ фæцу.
Сæн макуы фен.
Сæнæй дæхи макуы бафсад.
Сæнæй дын фæрухс чындæуæд.
Сæнæфсир искæй къухмæ дæр макуы фен.
Сæнмæ бæлгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæнмæ фæбæлл æмæ дын дзы баназын макуыуал бантысæд.
Сæнар фæхæр.
Сæнарбæрзæйæ арвит дæ царды бонтæ.
Сæнармæ дæр бæлгæ цы кæнай, уыцы бонæй — дæ цард.
Сæнархорæй æрцæуæд дæ фидиссаг мæлæт.
Сæндидзын дын мауал бантысæд.
Сæндидзыны бон дæ мауал фæуæд.
Сæнттæ фæцæгъд.
Сæпп-сæпп кæныны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Сæпп-сæпп фæкæн.
Сæпсæпгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Сæпсæпгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæр адæймагыл вæййы æмæ йæ дæуæн Хуыцау макуы раттæд.
Сæр зæгæлыл дæр ис, фæлæ æнæ цæф размæ не 'ккуырсы æмæ дыл уый бон акæнæд.
Сæрæгас уæ Хуыцау макуы ныууадзæд.
Сæрæгасæй маул сæмбæл дæ хæдзарыл.
Сæрæй-сæрмæ уæ сæгътыл фæивдæуæд.
Сæрæн лæг уæ макуы рацæуæд.
Сæрæнгомау дæр уын æгæр фæуæд.
Сæрæнгуырд макуы фенут.
Сæрæнгуырдтæм фæбæллут æмæ æнæсæрæнтæ фæхъомыл кæнут.
Сæрæфтыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сæрбастæй фæнæт ноджыдæр.
Сæрбастæй фæцу.
Сæрбахъуыды куыйтау фæниут.
Сæрбахъуыды уæ иу фезмæлæг макуы разынæд.
Сæрбахъуыды уæ къонайы къæйтыл фæмизут.
Сæрбахъуыды уæ устыты къабаты бын фембæхсут.
Сæрбахъуыды уæ хъырттызмæлæг ма разынæд.
Сæрбахъуыды хотых райсынхъом макуы сут.
Сæрбæрзондæй рацæуыны бон дæ макуы фæуæд.

Сæрбæрзондæй сæрныллæгмæ æрхау.
Сæрбæрзондмæ фæбæлл æмæ сæрныллæгæй фæцу.
Сæрбæттæнджын макуы балæууæд дæ уæларынг.
Сæрбæттæнджын макуы рахизæд дæ къуымæй.
Сæрбихъуырæйттæ фæкæн.
Сæрбихъуырæйттæ чи кодта, уый бон дыл акæнæд, кæй нæ уарзыс, уыдон фæндиаг.
Сæрбихъуырæйттæгæнгæ дæ Уæллаг фæцæуын кæнæд.
Сæрбихъуырæйттæгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæрбихъуырæйттæгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сæрбихъуыройаг фæу.
Сæрбос макуы фенут.
Сæрвасæнджын чызг макуы фен.
Сæрвæлтау ивд æрцу.
Сæргой фæу.
Сæргуыбырæй амæл.
Сæргуыбырæй фæцу адæмы 'хсæн.
Сæргуыбырæй фервит дæ царды бонтæ.
Сæргълæууæджы онг уæ макуы мачи бахъомыл уæд.
«Сæргълæууæг, сæргълæууæг» фæкæнут æмæ æнæ сæргълæууæгæй бынысæфт фæут, кæй сæргъы лæуут, уыдоны æлгъыстæй.
Сæрджын лæг уæ макуы рацæуæд.
Сæрджын саг рамарын дын макуы бантысæд.
Сæрдзæгæй баст æрцу.
Сæрдзæгæй бæттинаг сæрхъæн дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сæрзæдтæгæнæг лæг уæ макуы рацæуæд.
Сæрзилæджджынтимæ — дæ дзырды сæр.
Сæрзилæджджынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæрзилæджджынæй фæцæр.
Сæрзилæн низ дыл фæзынæд.
Сæрибар мард акæн.
Сæрибар мардæй дæ мæнæй уый фæдæлсыджыт кæнæд.
Сæрибарагур фæхат де знæгтæм.
Сæрибаргæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Сæрибаргæнинаг фæу.
Сæрибармæ фæбæлл æмæ дын йæ фенын макуы бантысæд.
Сæркъулæй дæ фæцæуын кæнæд Хуыцау.
Сæркъулæй фæлæуу.
Сæрмæхæссинаг адæмыл макуы сæмбæл.
Сæрмæхæссинаг макуы су.
Сæрнывонд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сæрнывондæй фæцæр.
Сæрнывонды бон дыл акæнæд.
Сæрныллæгæй æрцæуæд дæ бинонты сæфт.

Сæрныллæгæй рафт.
Сæрныллæгæй сæрныллæгдæрмæ цы ’рхауай, уыцы бон дыл акæнæд.
Сæрра у ноджыдæр.
Сæрсæттæн цæф цы баййафай, уыцы амонд дын Уæлладжы цæст бауарзæд.
Сæрсæфæны – дæ сæр.
Сæрхауд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сæрхауд фæу.
Сæрхæлд цы фæуай, уыцы арфæ дыл мæнæй æрцæуæд.
Сæрхызтæй – дæ мæлæт.
Сæрхызтæй фæцæр.
Сæрхъæнæй сæрхъæндæр дын бауарзæд Хуыцауы цæст.
Сæрхъæнæй сæрхъæндæрмæ фæцу.
Сæрхъæнтæ фæцæуæнт дæ хæдзарæй.
Сæрхъæнтимæ дæ бахъæуæд быцæу кæныны сæр.
Сæрхъуагæй æрцæуæд де сæфт.
Сæрхъызой дын дæ фыны дæр макуы разынæд.
Сæрхъызоймæ фæбæлл, фæлæ йæ уынгæ макуы фæкæн.
Сæрылхæцæг дын мауал уæд.
Сæрылхæцæджы къухæй – де сæфт.
Сæрысæфт – дæ сæр.
Сæрысæфт – дæ хай.
Сæрак дзабыр макуы фенæд дæ дæлфад.
Сæракдзабырджынтæ дыл æнæрвæссон цы кæной, къогъодзиджынтæ дæ сæхиуыл цынæ нымайой, уыцы амонд дæ уæд.
Сæракдзабырджынты къæхты бын – дæ мæлæт.
Сæрд дыл мауал æрцæуæд.
Сæрдон-сæрддæргъы дын хуры цæст фенын макуы бантысæд.
Сæрдмæ фæбæлл æмæ дын дæ уæнгтæ батæфсын кæнын ма бантысæд.
Сæрдыгон-сæрддæргъы зынудисæн фæкæн.
Сæрдарæй – æнæсæрдар нын фыдæлтæй баззад æмæ дзы сымах дæр мацы фенут.
Сæрдарæй æнæсæрдар цы аззайат, ахæм бон уыл акæнæд.
Сæрдариуæг кæнын дын ма бантысæд.
Сæрдариуæггæнгæ адæмы знаг цы фестай, Хуыцауæй дын ахæм арфæ ‘рвыст æрцæуæд.
Сæрдасæнæй æргæвст æрцу.
Сæрдасæны хуызæн дæ æмæ дын æй Хуыцау дæ марæнгарз фестын кæнæд.
Сæрдасæны цæгатæй дæ фæдастæуæд.
Сæры фахс дыл нал и, фæлæ тагъд дæ сæрæй дæр афтид цы абадай, ахæм бон дыл акæнæд.

Сærыхицауæй æнæсæрыхицау фæу.
Сærысхъæлæй ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Сæстытæ бау.
Сæстытæ дæ Дунескæнæг бакæнæд.
Сæтæлæгау дæ хъузджы фæцæр.
Сæтæлæгау зæххыл де 'лгъаг фæдуадзгæ фæбыр.
Сæтæлæгау дæ хæдзар дæ рагъыл фæрахæсс-бахæсс кæн.
Сæуæхсидыл бацинкæнынхъом макуы бау.
Сæумæкъуырццæй – дæ удисæн.
Сæумæкъуырццæй мæ цæст дæ адзалы цинæй байдзаг уæд.
Сæумæцъыккæй дын мæ цæст дæ уды сæфт фенæд.
Сæууæрдæд дæ рæстæджы цалх.
Сæууæрдинаг дæ цы ницыуал аззайа, ахæм бон дыл акæнæд.
Сæууон хуры тын дын зæрдæнцой макуы 'рхæссæд.
Сæухизафон ласгæмард æрбау.
Сæухизафонмæ дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд.
Сæфт – дæ сæр.
Сæфт, кæм дын чи ис, уыдон.
Сæфтæй сæфтдæр – дæ ахсджиæгтæ.
Сæфтæгæй цæфхады 'хсæн – дæ цæрæн.
Сæфтæгджынтыл нымад æрцу.
Сæфтæгнизæй фæсæй.
Сæфтдзагæй – дæ мæлæт.
Сæхи зынгæй басудзæнт.
Сæхи зынгæй цъыбыртты сыгъд цы бакæной, уый сын мæ цæст фенæд.
Сæхиау сæ цот дæр уæнгхъуæгтæй фæгуырæнт.
Сæхиимæ фæтох кæнæнт.
Сæхимæ – сæ фыдбылыз.
Сæхимæ фæхæцæнт.
Сæхинымæры сæнттæ цы фæцæгъдой, ахæм дуг сæ 'рæййафæд.
Сæхирдæм фæуæд сæ фыдбылыз.
Сæхирдыгæй сыл сирвæзæд, сæ сæртæ кæм басудзой, ахæм чъырын арт.
Сæхирдыгон низ сæ ахæссæд.
Сæхирдыгон низ – сæ сафæг.
Сæхирдыгон низ сыл тагъд цы фæзына, ахæм бон сыл акæнæд.
Сæхиуыл дзуæрттæ фефтауæнт, афтæмæй сæ арв æркъуырæд.
Сæхицæй ноджыдæр маймулитæ фæаразæнт.
Сæхицæй – сæ марджытæ.
Сæхицæн сæ Хуыцау удхæсджытæ фестын кæнæд.
Сæх-сæх фæкæнæд дæ сау туг де знаджы цæфæй.

Сæхсидæд дæ туг æмæ дæ зæрдæ фырмæстæй нытъттъæпп кæнæд.
Сæхсидинаг дæ мацыуал баззайæд.
Сæххæст уæд дæ бæллиц... дæ уд сисыны тыххæй.
Сæццæ мард акæн.
Сæццæ митыл æфтыд у ноджыдæр.
Сæццæ митæ фæкæнæнт, чи дын ис, уыдон.
Сæццæгондæй батон дæ царды бонтæ.
Сгæбæр уæнт ноджыдæр.
Сгуыхтытæм фæцу.
Сгуыхтытыл папылой кæнинаг фæуæнт дæ мæгуыр муртæ.
Сдымыны бон дæ мауал фæуæд — фæздæг де сулæфæнты фæбадæд.
Сдзæбæхгæнæн дын мауал уæд.
Сдзурыны бон дæ мауал фæуæд.
Сдзурыны бон дæ Уæллагæй мауал фæуæд.
Се 'вадатæй — се сæфт.
Се 'вастæй — сæ мæлæт.
Се 'взаг сæ комы дур фестæд.
Се 'взаг — сæ хъуыры сагъд.
Се 'взæгтæй дуртæ 'мæ хуыртæ фесдæрæнт.
Се 'взонг удтæ мæрдты къæсæрыл балæууын кæнæнт.
Се 'взонг удты тæригъæд сын Хуыцау фæхæссын кæнæд.
Се 'гады ном дардыл ныхъхъæр уæд.
Се 'гомыг марой мæм фæхъуысæд.
Се 'гъдау сæ къæхты бынмæ æрхауæд.
Се 'дылы митæ сын зондзонæн макуы уæд.
Се 'дыхæй сæ сау мæлæт ссарæнт.
Се 'лгъыст сæхи сæртæ рæхджы бонты баййафæд.
Се 'мбæлтты тæригъæд сæ баййафæд.
Се 'мбæрц дуртæ сæ æркъуырæнт.
Се 'мбисонд — сæхи.
Се 'мбудæнты — арвы цæхæр.
Се 'мбыд сæртæн сæ къæхты тæригъæд фидинаг цы фæуа, уыцы арфæ сыл æрцæуæд.
Се 'мгуыппæй — сæ сæфт.
Се 'мдзу мæ куыдз фæкæнæд.
Се 'мдзу цæуæгыл макуы сæмбæлæнт.
Се 'мпъызт хæлæфтæ аппарын сын макуы бантысæд.
Се 'мтохгæнджыты кæрдтыл сæ зæххы бынты цæуджытæ бафтауæнт.
Се 'муаг — мæ куыйтæ.
Се 'муат — хæрджытæ.
Се 'мцæдис — се сæфтмæ чи бæллы, уыдон.

Се ‘намонд сæрты тæригъæд сын æнустæм фидинаг фæуæд.
Се ‘намондæй – сæ бинонты сæфт.
Се ‘намондæн фæлдыст фæуæнт.
Се ‘намонды бонæй сæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Се ‘намонды сæ амонд цы агурой, ахæм бон сыл акæнæд.
Се ‘нæджелбетт митæ сæхи уæнт.
Се ‘нæзæрдæ митæ сын цъæх арвы бын фидинаг фæуæнт.
Се ‘нæзæрдæмæдзæугæ бонæй сæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Се ‘нæмбаргæ бонæй сын Дунескæнæг Хуыцау макуы ныббарæд.
Се ‘нæнамыс хъуыддæгтæй сыл сæ цæсгæмтты цъар алæбырæд.
Се ‘нæрцæфæй сæ сæртæ – сæ быны.
Се ‘нæсæр митæ сын тагъд фидинаг цы фæуой, уый сæ баййафæд.
Се ’нæсæрмæхæссонæй атъæпп уæнт.
Се ‘нæсæрмæхæссонæй куыдзы сы... фы – сæ сæртæ.
Се ‘нæууылд ныхæстæ – искæй сы... фы.
Се ‘нæхайыры митæ сын Стыр Хуыцау фиддон фæкæнæд.
Се ‘нæфсис ахсæнты – сæ сæртæ.
Се ‘нæфсисæй искæй ердойæ ныххауæнт.
Се ‘нæхафтæй сæ мæлæт æрцæуæд.
Се ‘нæхæлаф мыггаг бынысkъуыд суæнт.
Се ‘нæхин сæртæ сын – хæринаг.
Се ‘нæхсад æрбадæнты хуызæн суæнт.
Се ‘нæхца мæрдтæн æвзæртæ ныффæлдисæнт.
Се ‘нæцарæй се сæфт æрцæуæд.
Се ‘нæцæфхад фосы тæригъæд сын Хуыцау ма ныббарæд.
Се ‘ндон бæрзæйтæ сæ размæ æртасæнт.
Се ‘ндыгъд уæнгтæ алæзæрæнт.
Се ‘нкъараг зæрдæтæ аскъуыйæнт.
Се ‘нкъард хъуыдытæм хъусынæй дарддæр зæххыл кæнинаг цынæуал хатой, ахæм бон сыл акæнæд.
Се ‘нтыст цæсты макуы сахадæд.
Се ‘нуд æрбадæнтæм фесмудæнт.
Се ‘нусæй сайд фæуæд.
Се ‘нхъæлмæгаст сын Уæллаг фæмæнг кæнæд.
Се ‘нхъæлцауæй æнæнхъæлцау фæуæд.
Се ’нхъæлцауыл фæеудодой кæнæнт.
Се ‘нцъухынæй сæ сæрты сæфт цы ссарой, ахæм бон сæ баййафæд.
Се ‘нцъылд бæрзæйтæ макуы сраст кæнæнт.
Се ‘ппæлаг сæртæ сын – хæринаг.
Се ‘рбадавгæ дзырдæй сæ мæлæт ссарæнт.
Се ‘рбайсæфт Хуыцауæн фæндон фæуæд.

Се ‘рбайсæфты бон сæ райгуыræн бонимæ цы баиу уа, ахæм æлгъыст сæ баййафæд.
Се ‘рбаздæхынæй сæ сæ фын фæсайæд.
Се ‘рбарæйынæй сын Уæллаг сæ ныхы цæф фæраздæр кæнæд.
Се ‘рбауад сæхиуыл баст цынæуал уа, ахæм бон сыл акæнæд.
Се ‘рбауадзæджы сæр — сæ быны.
Се ‘рбауадзæджы сæр сæ танчыты бын ныцъцъист уæд.
Се ‘рбафсæрстæй сæ бæрзæйы саст фæраздæр уæд.
Се ‘рбахсгæ нæмыг сæ риутыл сæмбæлæд.
Се ‘рбацыдæй сæ адзал фæраздæр уæд.
Се ‘рбацыд сæхи бар кæмæн уыд, фæлæ сæ фæстæмæ аздæхæнтæ кæмæн æрæхгæдæуыд, уыдоны бон сыл акæнæд.
Се ‘рбацыдæй фæсмонгонд цы фæуой, Хуыцауæй сыл ахæм фæндон сæмбæлæд.
Се ‘рвад — мæ куыдз.
Се ‘ркафт сын фæстаджы кафт фæуæд.
Се скæнæг сыл фæкæуæд.
Се ‘фсад — нæ къæхты бын.
Се ‘фсæст ахсæнты — сæ сæртæ.
Се ‘хсар асæттæд.
Се ‘хсæн къухтæ рæбыныл ахауæнт.
Се ‘ххормаг гуыбынты тæригъæд фæхæссæнт.
Сиахс макуы фен дæ бирæ чызджытæй.
Сиахсаг макуы ‘рбалæууæд дæ къæсæрыл.
Сиахсиуæг кæнынмæ дæ Хуыцау макуы сарæхсын кæнæд.
Сиахсы цыдæй дæ Хуыцау бахизæд.
Сигналгæнгæ дæ мæ уд афæндараст кæнæд дæ фæстаг фæндагыл.
Сидзæр аззай дæ нæргæ ныййарджытæй.
Сидзæрæй фæдзыназ адæмы къуымты.
Сидзæрдонмæ ‘рхау.
Сидзæрдоны къуымты дыууæрдæм фæкæн дзыназгæйæ.
Сидзæрты бон дыл акæнæд рæхджы бонты.
Сидзæрхуызæй дæ фæцæуын кæнæд Уæллаг.
Сидзæрхуызæй фæлæуу.
Сидзæрхуызæй хир-хур кæн уæзгуытыл.
Сидзæрыл дæр ма хур скæсы, дæу хурæй дæр хай мауал фæуæд.
Сидзæргæс цы цардæй фæцæры, уый дын бауарзæд Хуыцауы цæст.
Сидзæргæсæй фæхæт уæзгуытыл.
Сидзæргæсы бон дыл акæнæд.
Сидзæргæсы зæрдæйæ фæцæр.
Сидзæргæсыл цы хур фæкæсы, уымæй хайджын фæу ды дæр.

Сикъо галы бон дыл æркæнæд.
Сикъо галы цардæй фæцæр.
Симгæ-симын дæ уд сис.
Симгæ-симын — къах дæ роны.
Сымыны бон дæ мауал фæуæд.
Синсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Синсаст фæу.
Сис дыл рафæлдæхæд æмæ йæ быны фæу.
Сисгæрæтты — дæ цæуæн.
Сисинаг дæ мацыуал баззайæд.
Сисрæбын — дæ удисæн.
Систæ суадзынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Сих фест æмæ дæ адæм дардмæ лидзæд.
Сихæй батон дæ царды бонтæ.
Скæлм у мæ уæззау тæригъæдæй.
Скæсыны бон дæ мауал фæуæд.
Скæуыны бон дын ма раттæд Хуыцау.
Скæуыны тых дæм ма разынæд.
Скифаг кард — дæ артæнты.
Скифаг цæф дыл сæмбæлæд.
Скойаг макуы фен.
Ской-скойæ — дæ царды бонтæ.
Скувинагæй дын макуы мацы раттæд Хуыцау.
Скувын дын макуы бантысæд.
Скъæр сæ ноджыдæр.
Скъæрæг дæ мауал уæд.
Скъæрæнты дæ афæлварæд Уæллаг.
Скъæрыны бон дæ мауал фæуæд.
Скъæт саразынхъом дæр ма бау.
Скъæтмæ дæр дæ ма бауагъдæуæд.
Скъæты чи ис, уыдоны цур дæ фæбастæуæд.
Скъæфæггагæй дарддæр дын Хуыцау мацы раттæд.
Скъæфæггагæй — дæ цард.
Скъæфгæ-скъæфын фæдисы раз фæкæл.
Скъæфинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Скъæфт фæу.
Скъоладзау суæвынæн ма бау.
Скъола фæуын дын ма бантысæд.
Скъолайы къæсæрæй дын дæ къах байсын ма бантысæд.
Скъудаджынæй дарддæр дæ хъуыры макуы мацы ацæуæд.
Скъуыинаг дæ æмæ рæхджы тъæппытæ цы фæхауай, уыцы амонд дæ уæд.
Скъуыинагæй скъуыдмæ — дæ фæндаг
Скъуыинагæй тæппалмардмæ фæхау.

Слæуд дын мауал уæд.
Слæууын дын мауал бантысæд.
Смаггæнагæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Смаггæнгæйæ бафт дæ сыджытыхайыл.
Смудæгæн – куыдзы мард.
Смудæгмæ цы ‘мбæлы, уый дыл рæхджы сæмбæлæд.
Смыст уæд дæ хæдзар.
Снæтснæтгæнгæ – дæ удисæн.
Сниуыны бон дæ ма фæуæд.
Сой макуы разынæд дæ къуымы.
Сойаг макуы ацæуæд дæ хъуыры.
Сойаг макуы фен.
Сойæфсæст хæдзар макуы фен.
Сойбыл цардмæ фæбæлл æмæ дын йæ фенын ма бантысæд.
Сойбылæй дæ макуы мачи фенæд.
Сойбын хæдзарæй рацæуынæн макуы су.
Сойджын цард ма фен.
Сойдзæстæй макуы ракæс.
Сойкъах, сойкъухæй рацæрыны бон дæ ма фæуæд.
Сойхуыз райсынхъом макуы бау.
Сойын цырагъ ссудзыны бон дын Хуыцау макуы раттæд.
Сомы кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Сомыгæнгæйæ фæцу.
Сомыгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Сомыгондæй баззай.
Сомыйаг фæу.

*Сомытæ – Собаты,*
*æлгъыстытæ – Козаты.*

Сомыхъом макуы бау.
Сон – дæ хай.
Сонт зондæй – дæ цард.
Сонтмард акæн.
Соти дæ хæдзары баййаф.
Сотиæгтæн бахъу.
Сохъхъыр галау зулмæ фæцу.
Спæррæст кæнын дын ма бантысæд.
Ссады тæпп макуы райс дæ къуымæй.
Ссæуинаг дын чи у æфсадæй, уый сау гæххæтт дыл сæмбæлæд.
Ссæуын ма бантысæд дæ пъагонджынæн.
Ссæуыны бон ма фæуæд, ныфс кæмæй æвæрыс, уымæн.
Ссывдтытæ æрæвæрын дын макуы бантысæд дæ фынгыл.
Ссывдтыты фыдæх дæ баййафæд.

Ссырæй риуыгъд баййаф.
Стайдзарм кæрц макуы фен.
Стайдзарм кæрцы дæ къухтæ макуы атъысс.
Стайын дын мауал бантысæд, цы мит дæ.
Стаугæ дæ фæкæнæд, фæлæ адæмы рæгъы макуы рацу.
Стæг – дæ уырджы.
Стæг – дæ хъуырысагъд.
Стæгдары хуызæнæй фæцу.
Стæгнизæй фæсæй.
Стæгсастæй бафт де 'нусон дунемæ.
Стæгхъæнæй фæхир-хур кæн.
Стæлфæн дын цынæуал уа, уый дын фенæд мæ цæст.
Стæлф-стæлф ма фæкæн, фæлæ дæ удхæссæг стæлфын мауал бауадзæд.
Стæлфыны бон дæ мауал фæуæд.
Стæм низ дыл фæзынæд æмæ дын сулæфыны бон мауал раттæд.
Стæммард акæн.
Стæрæй æрцæуын дын мауал бантысæд.
Стæры цæуынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Стæфсæн дын мауал уæд.
Стæфсыны хъом дын Хуыцау ма зæгъæд.
Стæхыны бон дæ ма фæуæд.
Стæхыныл фæцархай, фæлæ дын дæ базыртæ айтынг кæнын ма бантысæд.
Стигъинаг дæ дæ амондыскæнæг фæкæнæд.
Стигъинаг фæу.
Стигъын дæ цы бахъæуа цæрдудæй, уыцы амонд дæ уæд.
Стыгъддæндаг æмæ саузæрдæйæ фæтон ноджыдæр дæ цар-ды бонтæ.
Стонггуыбынæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Стонггуыбынæй бафт дæ сыджыты хайыл.
Стонггуыбынæй фæцу.
Стыр кæнын дæ ма бауадзæд Уæллаг.
Стыр кæнынмæ бæллыс, фæлæ дын Уæллаг æндæр амонд ныххæлар кæнæд.
Стыр кæныны бонæй хызт у.
Стырзæрдæ дæ æмæ стырзæрдæмард акæн.
Стырниз дын – уыцы худæнты.
Стыррын – дæ артæнты.
Стыррын – дæ ласæггаджы.
Стыррыны цæф ацæуæд дæ хъуыры.
Стыррыны цæф бахæр.
Стъалы фенын дын мауал бантысæд.

Стъалыджын æхсæвтæм фæбæлл æмæ дæ сæ феныны ‘хсæв мауал фæуæд.
Стъæлды фæу.
Стъæлдыфæуинæгтыл нымад æрцу.
Стъæлын дын мауал бантысæд.
Суадоны донмæ фæбæлл, фæлæ дын дзы дæ ком бауымæлгæнæн ма уæд.
Суазæггæнинаг дын мачи уæд.
Суар дæ фыны дæр макуы фен.
Суарæй дæ дæ дойны суадзыны бон макуы фæуæд.
Суарийæ зынаргъдæр макуы су.
Суарийы аргъ дæр макуы бау.
Сугæндзарæн дæ ныхыл сæмбæлæд æмæ дæ тыбыртæ бацæгъд.
Сугсæттынхъом макуы бау.
Судзаг дæ хъуыры фæбадæд æмæ фæхуыдуг у.
Судзаггаджы мард акæн.
Судзгæ æмæ дудгæ фæбадæд дæ ныййарæг, дæуæн рухсы цъыртт чи фенын кодта.
Судзгæ æмæ дудгæ фæцу.
Судзгæ бон дыл акæнæд.
Судзгæ бонæй фæцæр.
Судзгæ рыстæй фæрисс.
Судзгæ рыстæй фæцæр.
Судзгæ фæбад.
Судзин фест æмæ адæмы зæрдæ макуы ссар.
Судзиндоны — дæ цæрæн.
Судзины фындз де ‘нгуылдзы зæрдæйы суайæд æмæ дзы дæ уд схауæд.
Судзины фындзмæ фæдзыназ.
Судзинаг дæ æмæ тагъд сыгъд цы ‘рцæуай, уыцы арфæ дыл æрцæуæд.
Суинаг дæ, фæлæ дын суинаг кæнын ма бантысæд.
Суинагæй фæбалц у де ‘нусон дунемæ.
Суй фæу.
Суйтæ фæкæн.
Суйтæуадзгæйæ æрцæуæд дæ царды кæрон.
Сулæ-мулæ фæкæн.
Сулæ-мулæйæ тула-муламæ æрхау.
Сулæмулæгæнгæ адаргъ кæн дæ къæхтæ.
Сулæфæн дын мауал уæд.
Сулæфыны бон дæ мауал фæуæд.
Султъы рауагъдæуæд дæ тæккæ рагъæй.
Султъытæ дæ фæуагъдæуæд.

Султъытæ дын цы уадзой дæ рагъæй æмæ афтæмæй цы сисай дæ уд, мæ цæст дын тагъд рæстæджы уый фенæд.
Сур зæххыл дæ къахавæрыны бон мауал фæуæд.
Сур зæххыл мауал сæмбæл.
Сур фæу.
Сурæй рацæуыны бон дæ мауал фæуæд дæ цъаммар хъуыддæгтæй.
Сургæнинаг фæу.
Суртæгæнгæ бафт, кæмæ тырныс, уыдоныл.
Суртæгæнгæйæ дын уæлион царды бынат мауал разынæд.
Сурзæххæй дын хай ма уæд.
Сурзæххон адæймаг фенын дын мауал бантысæд.
Сусæг фæкæн.
Сусæггаг митæй фæцæр ноджыдæр.
Сусæггагæй арвит дæ царды бонтæ.
Сусæгхор дæ æмæ, цы хæрыс, уый фыдæх дæ баййафæд.
Сусæны хуры бон де стæфсын кæнынæн ма бауæд.
Суссæй амæл.
Сусу-бусу фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Сусу-бусу фæкæн æмæ дæ дзырд зæгъынхъом макуы бау.
Сусубусугæнгæйæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Сутырæй амæл.
Сухты цагъд фæут.
Суынæргæнæг уæ мауал баззайæд.
Суынæргъыны бон дын Уæллаг мауал раттæд.
Суынинаг дæ цы ницыуал аззайа, ахæм цæф дыл сæмбæлæд.
Суыныны бон дæ мауал фæуæд.
Сфауыны бон дын Хуыцау мауал зæгъæд.
Сфæдын дæ кæнæд дæлион тыхтæ.
Сфæлдисæг дæ æркъуырæд.
Сфæлдисæгмæ дæ лæгъстæ макуы фехъуысæд.
Сфæлдисæгмæ фæкув æмæ дæ дзырдтæ дæхимæ дæр ма фехъуысæнт.
Сфæлдисæджы цæхæртæ дыл æркæлæд.
Сфæлдисын дын макуы мацы бантысæд.
Сфæлтæрыны бон дæ ма фæуæд.
Сфæраз... арвы цæф.
Сфидар у дæ удисгæйæ.
Сфидауын дæ кæнæд Хуыцау... уæлтæрхæг.
Сфыссинаг фæу.
Сфыц цæджджинаг аджы.
Сфыцын дæ кæнæд Уæллаг дæхи артмæ.
Схойæггагæй фæхæр дæ къæбæр.
Схойыны бон дæ мауал фæуæд.

Схъауинаг фæу.
Схъæластæуæй цæуын дын мауал бантысæд.
Схъæлдзырдæй дыл сæмбæлæд, цы дын хъæуы, уый.
Схъæлныхасæй – дæ мæлæт.
Схъæлрихийæ фæраст у мæрдтыбæстæм.
Схъæлрихиджынты бон дыл акæнæд.
Схъæлсæрæй дæ къулбæрзæймæ æрæппарæд Уæллаг.
Схъæлсæрæй цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Схъæлфындзæй рæхджы цъæлфындзмæ цы ’рхауай, уыцы амонд дæ уæд.
Схъæрзын мауал сфæраз.
Схъæрзыны хъару дæр дæм мауал уæд.
Схъиуæггаг бонтæ дын Уæллаг Хуыцау фервитын кæнæд мæ тæригъæдæй.
Схъиуæггаджы цард фæкæн.
Схъиуд каст фæкæн.
Схъиуд цыдæй фæцу.
Схъиуд лæг дæ æмæ схъиудæй – дæ бинонты фæцагъд.
Схъиуинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сцыбыр уæд дæ мыггаг.
Сы дыл æрзайæд.
Сыцæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Сыбар-сыбуры бон дæр дæ мауал фæуæд.
Сыбыр дын ардыгæй аззайæд.
Сыбыры хай фæу.
Сыбыртты бон дæ мауал фæуæд.
Сывæдæгдæинаг фæу.
Сывæллоны зонд дæ сæры бацæуæд.
Сывæрджын усы фарнæй æлгъыст фæу.
Сыггай фæхау фæйнæрдæм.
Сыггай фезгъæл.
Сыгъд æмæ уырыдæй фæцæр.
Сыгъд – дæ ракурджытæ.
Сыгъд дыл ссæуæд.
Сыгъд ссæуæд, ды цы хæдзарæй рацыдтæ, ууыл.
Сыгъдæй уырыдмæ фæцу.
Сыгъдæг кæнинаг фæу.
Сыгъдæггæнæн дын мауал уæд.
Сыгъдæгзæрдæйæ мæ уд дæ мард фенæд.
Сыгъдæй дæ Хуыцау фæтæппæлæг кæнæд.
Сыгъзæрин макуы фен.
Сыгъзæринтæм фæбæлл æмæ ‘рхуы дæр макуы фен.
Сыгъзæринхъæстæ дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Сыд æмæ уырыдæй фæцæр.

Сыдæймард фæу.
Сыджыт дæ бахæрæд
Сыджыты хæринаг зæрдæ фæхуин.
Сыджытхуыз цы райсай, уыцы ‘мбисонд дæ баййафæд.
Сыздæхыны бон дын Хуыцау мауал зæгъæд.
Сыздухæд дæ Хуыцау зыгъуымырдæм.
Сызмæлыны бон дæ мауал фæуæд.
Сыкъадзæфæй дæ мæлæт ссар.
Сыкъадзæфæй сæрысæфтмæ фæцу.
Сыкъасаст цы баййафай рæстæгыл, уыцы хорз дын мæ уд фенæд.
Сыл бирæгъау фæниу.
Сыламонд дын Хуыцау макуы раттæд.
Сыламондæй фæцæр.
Сыла-нæлайы ном макæмæ ауадз.
Сылæнгæсæй фæцæр.
Сылбындар фæу.
Сылвазæй арвит дæ царды бонтæ.
Сылгоймаг макуы фен.
Сылгоймаджы аккаг дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Сылгоймаджы номæй уæм фæдзырдæуæд.
Сылгоймаджы фарнæй фæцæр.
Сылкъи номæй фæцæр.
Сылты бын амæл.
Сылты бын æрцæуæд дæ уды мæлæт.
Сылты бын баззай.
Сылуарзаджы кад дæ рагъæй макуы ахауæд.
Сылы зондæй — дæ цард.
Сылы кад дæр дæ мауал уæд.
Сылыстæджы зонд дæр дын Хуыцау ма схай кæнæд.
Сымах цы зонд ссарат, уый дон аласæд.
Сымæры тæф дæ хæдзар фæкæнæд.
Сым-сым кæныны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Сым-сым фæкæн.
Сымсымæг дæ æмæ сымсымæгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Сымсымгæнгæ арвит дæ царды бонтæ.
Сынæр фæцæгъд æгомыг фосау.
Сынæрцæгъдæн фæкæн.
Сынæрцæгъдджыты къæлæты баст æрцу.
Сындæггай æрцæуæд дæ мæлæт.
Сындз æрзайæд дæ уæзгуытыл.
Сындз æрзайæд де ‘взагыл.
Сындзæвзаг дæ æмæ де ’взаг — куыдзы сы... фы.
Сындзæрх фæу, цы хæдзар дæ.

Сындзæрхæй баззайæд дæ хæдзар.
Сындзджыны – дæ удисæн.
Сындзджыны – дæ цæрæн.
Сындзкъухæй дæ фæцæрын кæнæд не сфæлдисон Хуыцау.
Сындзын телы бæстытæй амæл.
Сындзытæ фæтон уыцы ‘взагæй.
Сынкъ æрзайæд де ‘взагыл.
Сынкъ æрзайæд де ‘рбадæнтыл.
Сынкъ рацæуæд де ‘взаджы цъуппыл.
Сынт дæм фæуасæд æппынæдзух.
Сынтытæ фæтæхæнт дæ ахсджиæгтæм.
Сынтыты холы дæ Уæллаг фæкæнæд.
Сырæзын дын макуы бантысæд.
Сырæзынмæ фæбæлл æмæ Хуыцауæй сайды фæу.
Сырæзыны бон дæ ма фæуæд.
Сырд дæ фæсдуарæй фæниуæд.
Сырдвæдтыл дæ баихсийын кæнæд дæ амондыскæнæг.
Сырдты холы фæу.
Сырддонцъиуы цардæй фæцæр.
Сырддзармы тыхтæй дæ бавæрдæуæд.
Сырддзастæй фæкæс дунемæ.
Сырсыргæнаг бæгæныйы къусыл схæцынæн макуы бау.
Сыртт-сыртт фæкæн адæмы уынгты.
Сырх дыл фæзынæд.
Сырхæй æрбадæнгæлмард у.
Сырхыдзуары фыдæх дæ уæд.
Сырхыдзуарæй æлгъыст фæу.
Сырхгуыбынниз дыл фæзынæд.
Сырхгуыбыннизæй амæл.
Сырхзынг фест.
Сыскъуынæд уæ Хуыцау.
Сыст уæ бахæрæд ноджыдæр.
Сыстбæрзæйæ фæрацу-бацу кæн.
Сыстзæрдæты фæндиаг фæу.
Сыстсæры ном дæ рагъæй ма ахауæд.
Сыстхæрдæй батон дæ царды бонтæ.
Сыстхæрдæй бафт де ‘нусон дунейыл.
Сыстхæрдæй фæцæр.
Сысылыджын хуымтæ фæкæрд.
Сысылыйæ уæлдай дын бахæринаг мацы уæд.
Сыф-сыф фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Сыфтæрафон мауал æрæйййаф.
Сыфтæрæфтауын дын ма бантысæд.
Сыфцæй ласинаг фæу.

Сых дыл фæкæуæд.
Сыхаг макуы фен.
Сыхаджы барæвдауыны бон дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Сыхæгты фыдæх дæ баййафæд.
Сыхбæсты æлгъыст дыл æрцæуæд.
Сыхырнайы луæрст æрцу.
Сыхъалгæнæг дæ ма уæд.
Сыхъалгæнинаг дын макуы рахъомыл уæд.

# Т

«Табæт, табæт» фæкæн æмæ бæгънæгæй ныгæд æрцу.
Табæтæй дарддæр дæм мацы ‘рхауæд де стыр бынтæй.
Табæтæй дæр дæ хай ма фæуæд.
Табæты æвæринаг фæу.
Табæтыл фæтонут уæ кæрæдзи.
Табу фæкæн.
Табу фæкæн дæ удмарджытæн.
Табуйаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Табуйаг фæу.
Таг уæ мауал рахъомыл уæд.
Тагыскъуыд фæу.
Тагыскъуыдæй фæцæр.
Тагъд дæ мæ уд уæлтæрхæг авæрæд.
Тагъдгæнгæйæ дæ сæр — дæ быны.
Тагъд-тагъдæй мæрдтæм фæраздæр у.
Тагъдыл — дæ мæлæт.
Тадзгæ фæдæтт дæ ахсджиæгтæн сæ къæбæр.
Тадзгæ-баргæйæ — дæ цард.
Тайæн дын макуы уæд дæ къæбæр.
Тайгæ-руайгæ — дæ уды цард.
Тай-тай кæнгæйæ батон дæ бонтæ.
Тайыны бон дæ мауал фæуæд.
Тала ныссадзын дын макуы бантысæд.
Талайæ дæ æрбасастæуæд.
Талайыл донæркæнынхъом макуы бау.
Талмастæуджыныл макуы сæмбæл.
Талф-тулфæй фæкæн дæ хъуыддæгтæ.
Талынг адæймаг дæ æмæ талынг мард акæн.
Талынг æхсæвы мард æрцу.
Талынг ныккæнды бамби.

Талынг цард фæкæн.
Талынгæй рацæуын дын мауал бантысæд.
Талынгмæ дыл фæдзыназæд мæ уд.
Талынджы æрцæуæд дæ мæлæт.
Тамако дын марг фестæд.
Тамакойæ басудз.
Тамакойыл ивинаг — дæ муртæ.
Таппызайраг — дæ сæр.
Таппызайраг фæу.
Тар цард фæкæн дæ уды фыдæнæн.
Тарæрфыгæй дæ Уæллаг фæцæуын кæнæд.
Тарвазмæ сæххæссынхъом макуы бау.
Таргъæнджынæй фæцæр.
Тардзастæй дын хурдзастмæ рахизын макуы бантысæд.
Тарниз дæ сулæфæнты ныззилæд.
Тарниз дыл фæзынæд.
Тарнизæй сæй.
Тарнизджынæй адæмы ‘хсæнмæ фæбæлл æмæ дæ адæм сæхи цы хизой, ахæм амондæй фæцæр.
Тарнизджынæй де сулæфæнтæ кæрдихгай хуыфгæ-хуыфын фæкал.
Тарстзæрдæйæ фæцæр.
Тарстхуызæй æрцæуæд дæ адзал.
Тарстхуызæй тарстхуыздæр цы кæнай, ахæм амонд дæ баййафæд.
Тарстхуызæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Тарф рынчын фæу.
Тарфнизæй бамбийæд де сулæфæнтæ.
Тарцæсгомæй фæцæр.
Тарцæсгомæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Тас ма зон æмæ уымæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Тасмард акæн.
Тасгæ-уасгæ къах — дæ роны.
Тасты фæу.
Тасындзæггæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Тау макуы суадз.
Тауинаг аппарынхъом макуы бау.
Таусуадзын дын ма бантысæд.
Таусуадзын кæмæн нæ бантыст, уый хал ахæр.
Таухус бау.
Таухусæй амæл.
Тауыскъуыд фæу.
Тауыскъуыдæй фæцæр.
Тауыскъуыдæй Хуыцауылгъыстæй бафт дæ сыджытыхайыл.

Таурæгъты дзуринаг фæу.
Тæвдæй – дæ мæлæт.
Тæвднизæй сæй.
Тæгæлмард æрбакæн.
Тæгæлмард дæ æрбакæнын кæнæд дæ амондфыссæг.
Тæгæнайы – дæ сæр.
Тæгтæ-тæгтæй фезгъæл.
Тæдзгæ-тæдзгæ фæцу.
Тæдзинаг фæу.
Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ – дæ фæндаг.
Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ хауæггаг фæу.
Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ цæуинаг фæуæд, ды цы хæдзарæй рацыдтæ, уыдон.
Тæдзыны бонмæ дæр мауал ахæццæ у.
Тæккæ райсом – дæ ахсджиæгты хистытæ.
Тæккæ райсом дæ удисыны бон мауал фæуæд.
Тæлæт кæнынмæ хъавыс æмæ дзы дæ хæдзарыл мауал сæмбæл.
Тæлæт кæныны бон дын мауал раттæд Дунескæнæг.
Тæлæтгæнгæйæ дыл сæмбæлæд де знаджы нæмыг.
Тæлæтгæнгæйæ – дæ бинонты сæфт.
Тæлæтгæнинаг уæ фæкæнæд уæ рафæлдисæг
Тæлæттаг фæут.
Тæлфаг мард акæн.
Тæлфыны бонмæ цынæуал æнхъæлмæ кæсай, ахæм къæппæджы бахау.
Тæлыты бамби.
Тæмæссаг мард дын мæ цæст бауарзæд.
Тæнкъæртт фæу.
Тæнтъихæгæй æрцæуæд бæ бинонты быны сæфт.
Тæнхæлд фæу дæ зынæфсисæй.
Тæнхæлдæй фæцу.
Тæныскъуыд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Тæпп æрæвæрынæн макуы бау.
Тæппалмард акæн.
Тæппæрæвæрынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Тæппæлттæй фæхау.
Тæргайæ амæл.
Тæргайгæнæггаг мын – дæ хай.
Тæргæйттæгæнинаг фæу.
Тæргæбæхæй фæсур дæ фыдбылыз.
Тæригъæд дæ сæрыл тыхт фæуæд.
Тæригъæдæй дын фæлидзæн макуы уæд.
Тæригъæдгæнгæйæ дæ мæлæт ссар.
Тæригъæдгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.

Тæригъæддаг цы фæуай, уыцы дуг дыл æрцæуæд.
Тæригъæддаджы бон дыл акæнæд.
Тæригъæддаджы мард акæн.
Тæригъæддаджы уавæрмæ æрхау.
Тæригъæдджынæй дæ де сфæлдисæг фæцæрын кæнæд.
Тæринаг фæу дæ туг-стæгæй.
Тæрсгæ-ризгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Тæрсынгæнæн дæ фестын кæнæд дæ раттæг.
Тæрхæгмæсисæг дын ма разынæд.
Тæрхонгæнæг дын — Уæллаг.
Тæрхонгæнинаг фæу.
Тæрхонгонд фæу Стыр Хуыцауæй.
Тæрхоны дæ дзурыныбон мауал фæуæд.
Тæрхъус фест æмæ хæппæй уадзыг кæн, хыппæй — сур.
Тæрхъусы цармы тыхт фæу.
Тæрхъусы цармы фæцæр дæ райгуырдæй дæ адзалы бонмæ.
Тæссар зондылхæст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Тæссарвадæй рафт.
Тæссарвадæй фæхиз дæ хъысмæт æмæ дзы дæхи атонын ма бауæд дæ бон.
Тæссармæ фæцу.
Тæтæры къухылæвæрд æрцу.
Тæтæры холы фæу.
Тæф фæкæн.
Тæф фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Тæфгæнгæйæ арвит дæ царды бонтæ.
Тæфкалгæйæ фæцу адæмы 'хсæн.
Тæфæбонæй фæхæт.
Тæфæбоны — де 'намонд сæр.
Тæфæрфæс дын фæкæнæнт адæм.
Тæфæрфæсгæнæг дын мауал уæд.
Тæфсæг дыл фæзынæд.
Тæфсæг дын æрбацыбыр кæнæд дæ царды бонтæ.
Тæфсæгæй ацух у де 'мгæртты æхсæнæй.
Тæфсæджы фæсарцæвæрд фæу.
Тæх дæ фæстаг фæндагыл.
Тæхгæ-тæхын æрхау.
Тæхыны бон дæ мауал фæуæд.
Тæхуды кæныны бонæй — дæ цард.
Тæхудыгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Тезгъо кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Телыхъæд дæ фестын кæнæд Хуыцау.
Тбау-Уацилла дын дæ куывд макуы айсæд.
Тбау-Уациллайæ æлгъыст фæу.

Тбау-Уациллайы фыдæх дыл ныккæлæд.
Тигъджын фат дыл сæмбæлæд.
Тигъмæ фæцу.
Тигъмæ дæм фæкастæуæд.
Тиласæрæй фæцу адæмы æхсæн.
Тилинаг, кæм дын чи ис, уыдон.
Тилинаг цы фæуай, уыцы амондæй фæцæр.
Тихалæджы сæрты ахизынхъом мауал бау.
Тлаттаты Аннæйы æлгъыстытæ дыл æрцæуæнт.
«Тобæ» зæгъынхъом ма су.
Тобæгæнинагæй дæм мацы разынæд.
Ток дæ ныццæвæд.
Токы цæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Тона æмæ ’взонайæ фæцæр.
Тона фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Тонайы бон æрцæуæд дæ мæлæт.
Тонайы бон дæ мауал фæуæд.
Тонинаг фæу.
Тонинаг æмæ дæ æвзонинаг тагъд рæстæджы фæкæнæд Уæллаг.
Топп дæ ныхыл æвæрд фæуæд.
Топпадзагъдæй хаст фæу.
Топпæргъæвдæй ацæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Топпæхстмæ мæ разы лæуд фæу.
Топпы нæмыг дæ риуы ахизæд.
Топпы нæмыг дыл сæмбæлæд.
Топпы нæмыг дын дæ риу айгæрдæд.
Топпы нæмыгæй амæл.
«Тормоз» ном дæ рагъæй макуы ахауæд.
«Тормоз» фæхуин ноджыдæр.
Тохгæнгæйæ ссар дæ адзал.
Тохы бонмæ дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Тохы – дæ мæлæт.
Ту бакæныны аккаг дæр мауал су.
Тугæнæн фæу.
Туагад фæкæн адæмæн.
Туасы фындз – дæ сы... фы.
Туг дыл ныууарæд.
Туг фæом.
Тугамæстæй æрцæуæд дæ адзал.
Тугахуырстæй фæцу.
Тугæвдылд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Тугæйдзаг – дæ цард дæр, дæ мард дæр.
Тугæрхæмттæй амæл.
Тугæрхæмттæй фæцæр.

Тугвæд фæуадз.
Туггарз дæм фæдардæуæд.
Тугдадзинлыг æрцу.
Тугдæппалæй амæл.
Тугдзыхæй-тугдзыхдæрмæ фæцу.
Тугисæг дын мауал баззайæд.
Тугкалæны скæн фæстаг сулæфт.
Тугмондагæй фæцæр ноджыдæр.
Тугомæн фæкæн.
Тугрынæй æрбадæнгæл уæнт, чи дын ис, уыдон.
Тугрынæй дæ фæсæйын кæнæд дæ раттæг.
Тугрынæй фæтæгæлæг у.
Тугтæригъæдджынæй дæ фæхир-хур кæнын кæнæд Уæллаг.
Тугуарæны – дæ тугмондаг сæрыкъоппа.
Тугфиддон дын фæуæд адæмы тæригъæд.
Тугхæстæг макуы фенæд дæ цæст.
Тугхорæй схауæд де 'взæр уд.
Тугцъиры ном ма ахауæд дæ рагъæй.
Туджджын фест æгас адæмæн.
Туджджыны цæстæй дæм фæкастæуæд.
Туджы – дæ сæр.
Туджы зæй дæ фæласæд.
Туджы къæвда дыл æрцæуæд.
Туджы фæмæц.
Тулгæ-тулын былæй ахау.
Тулгæ-хаугæ фæцу.
Тулинаг фæу.
Туман сисынæн макуы бау.
Туманы сы... фæй фæаргъ кæн дæ ахсджиæгтæн.
Туманы сы... фæй фæкæс цардмæ.
Туманыл дæ бинонты ныццæгъд.
Туркаг кард – дæ артæнты.
Тутæ æмæ æртæ фæрдыджы фæхау.
Тутсæрæй рафидиу.
Тутыр дæм йе 'рраты рауадзæд.
Тутыры бирæгъты холы бау.
Тутыры куыйтæн сæ хай аппарынхъом макуы бау.
Тутыры цæхæртæ дыл ныккæлæд.
Тухиаг фæу.
Тухигæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Тухиты ссар дæ адзал.
Тухийы тыхтæй фæцу.
Тыбар-тыбуры бон дæ макуы фæуæд.
Тыгуырæй – уæ мæлæт.

Тылсаст дæ Хуыцау фæкæнæд, кæд разæй цы суыдтай.
Тылифгондæй – дæ мæлæт.
Тымбылтæй ныгæд æрцу.
Тын бийын дын ма бантысæд.
Тындбазырæй тæхынмæ фæхъав æмæ зæххысæрдæнтæ фæу.
Тыппырмард акæн.
Тыппырхæлд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Тыр макуы фен дæ хæдзары.
Тыр-тыр фæкæн дæ фыды сæрыл.
Тырыса сисынæн ма бау.
Тырыса хæссынхъом макуы су.
Тыфтырыкъойæ – дæ мæлæт.
Тыфылтæ фæкал ноджыдæр.
Тыхагур фæцу æмæ нæм дæ сау уæрдон æрбатулæд.
Тыхбегарамæ дæ фæкондæуæд.
Тыхбыны куыст фæкæн.
Тыхдзарæй дæ рафтын кæнæнт уæллæгтæ.
Тыхдзырдæй ныруайæд де 'взаг.
Тыхлæгæй æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Тыхлæгæй тыхлæгмæ фæцæут.
Тыхлæмæрст цы фæкæнай дæхи, уымæ æрхау.
Тыхмард – дæ хай.
Тыхнуæзтæй тъæппытæ фæхау.
Тыхстæй амæл.
Тыхст æмæ уырыдæй фæцæр.
Тыхтона фæкæн.
Тыхулæфтæй дарддæр дæ сулæфыны бон макуы фæуæд.
Тыхфыстæй дарддæр Музæ дæ фæрсты дæр макуы атæхæд.
Тыххудт фæкæн.
Тыххуыфтæй дæ игæртæ скал.
Тыххъæрæй дæ хурхысæртæ атонæнт.
Тыхцард фæкæнут фыдæй-фыртмæ.
Тыхцардæй рафтут.
Тыхцæф дæ фæкæнæд Уæллаг.
Тыччы сисынхъом мауал бау.

# Тъ

Тъангыскъуыд фæу.
Тъанг-тъылланг фæкæн.
Тъангæй-тъунгæй дæ хъуыры аирвæзæнт.
Тъангыскъуыд дæ Хуыцау фæкæнæд.

Тъангыскъуыдæй удисæн кæн.
Тъангыскъуыдмæ – дæ хъомыс.
Тъæллангæй дарддæр дæ хъуыры макуы мацы ахизæд.
Тъæппытæ дæ фæхауын кæнæнт а бæсты дзуæрттæ.
Тъæппытæ фæхау.
Тъæппытæхаугæйæ тон дæ царды бонтæ.
Тъизгæ сæмбæл дæ царды кæроныл.
Тъизгæйæ – дæ удисæн.
Тъизгæ-тъизын дæм æрцæуæд дæ удхæссæг.
Тъизинаг фæу.
Тъупгæнинаг дæ фæкæнæд дæ фыдæлты дзуар.
Тъылæй над æрцу.
Тъылланг-тъыллунг кæнынæй дарддæр хæринаг аразын макуы базон.
Тъымы-тъыматы мæ тæригъæдæй цард макуы фен.
Тъырийы фырт фæхуин.
Тъыфылтæ фæхау.

# У

Уавæр аразæг у, фæлæ дæуæн халæг разынæд.
Уавæрæй фæхъаст кæн æмæ де 'гуыдзæгæй цардаразынæн ма бау.
Уагдæттæгæй айрох у.
Уагыл бакæнын дын макуы мацы бантысæд.
Уагъылы дидинæг куы 'фтауа, уæд дæ афтид гуыбыны хъуырхъуырмæ фæхъус.
Уаддымгæ дæ фæхæссæд.
Уаддзагъдæй баззай.
Уаддзалх дæ йæ быны бауурдæд.
Уаддзалх дыл сæрæй кæронмæ цы атула, ахæм бон дын мæ цæст фенæд.
Уаддзалхы бын – дæ сæр.
Уадтымыгъ дæ фæхæссæд.
Уадтымыгъы бын – дæ лæджыхъæдæвдисæн.
Уады дымды фæу.
Уадындзæй цæгъдынæн макуы бау.
Уадзæбæх – дæ бон.
Уадзæбæхæй дæ цард ацæуæд.
Уадзыгæй баззай ноджыдæр.
Уазалад скæнæд дæ къæс.
Уазалæй дæ цыппæртæ цы баиу кæнай, ахæм бон дыл акæнæд.

Уазалдзыдæй сис дæ уд.
Уазалзæрдæйæ арвит дæ царды бонтæ.
Уазалзæрдæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Уазалзæрдæйæ фæцæр.
Уазæг макуы бахизæд дæ къæсæрæй.
Уазæг макуы фен.
Уазæгцæуынхъом макуы бау.
Уазæджы аккаг макуы су.
Уазæгиуæг кæнынæн дæ макуы равзæрстæуæд.
Уазæгхоры ном дæ бæрзæйыл сбадæд.
Уайгæ-уайын дæ уд сис.
Уайдзæф сраст кæнынæн ма бау.
Уайдзæфæй – дæ удисæн.
Уайдзæфгæниаг фæу.
Уайсадæг чындзы фарнæй дæ Хуыцау бахизæд.
Уайсадæггаг дæттынхъом маку бау.
Уайсадгæйæ – дæ мæлæт.
Уайсадинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уайсадыны æфсæрмæй дæ дзыхæй макуыуал сдзур.
Уайых дæ Уæллаг фæкæнæд.
Уайых фæу.
Уал дæ амæлæнт.
Уал тъæппы – дæ сæр.
Уал тъæппы фæу.
Уалæ дæ Уæллаг æркъуырæд.
Уалæ дæ Хуыцау ралгъитæд.
Уалæ дын Хуыцау фæуæд тæрхонгæнæг.
Уалæ цъæх Хуыцауы къухылæвæрд фæу.
Уалдзæг ма æрæййаф.
Уалдзæг-уалдзæджыдæргъы дæ сынтæг макуы сис.
Уалдзæджы куыстытæм фæкæс æмæ дæ бон дæ къухтæ атилын макуы бауæд.
Уалдзæджы куыстытæм дæ уæнгтæ – дон.
Уалдзæджы хурæй дæ уæнгтæ мауал бангæс уæнт.
Уалдзæджырдæм – дæ удисæн.
Уаллон калммæ йæхи куыд ивæзта, уыцы æмбисонд дыл æрцæуæд.
Уаллонау, зылынмылынгæнгæ, фæбыр.
Уаллоны ‘мбисонд дæ баййафæд.
Уалынджы дæ ахсджиæгтæй æнæ ахсджиаг фæу.
Уалынджы – дæ бинонты сæфт.
Уалынджы – къах дæ хъуыры.
Уалынмæ – дæ удисæн.
Уанæбары æвæндонæй дæ уд сис.

Уанæбары фæцæрæнт, æнæхъуаджы де ‘взæры кой чи ракæны, уыдон ахсджиæгтæ.
Уарæггагæй дæр дæ хай макуы фæуæд.
Уаргъæвæрдæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Уаргъæвæрдæй дæ Хуыцау фæлæууын кæнæд.
Уаргъæвæрдæй фæцу.
Уаргъджын хæрæгау дæ къæхтæ фæдзуарæвæрдтытæ кæн.
Уарзаг зæрдæйы хъарм макуы банкъар.
Уарзгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Уарзон дын Дунескæнæг макуы банкъарын кæнæд.
Уарзонæй фыдæлгъыст фæу.
Уарзонмæ фæбæлл æмæ дын Хуыцауæй нывгонд макуы уæд.
Уарзондзинад макуы базон.
Уарзт банкъарынæн дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Уаринаг фæут.
Уас, дæ мад дæ бынып баззайæд, цас мæлинаг дæ.
Уас, мауал бахъомыл у.
Уасыны бон дæ мауал фæуæд.
Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын макуы æрныуæрдæд.
Уастырджи дæ фыдвæндæгтыл фæцæуын кæнæд.
Уастырджи дæм йе ‘ргом макуы раздахæд.
Уастырджийæ дæ кæстæртæн раарфæ кæнын айрох уæд.
Уастырджимæ фæлæгъстæ кæн æмæ йæм дæ куывд макуы фехъуысæд.
Уастырджийы зæрдæ макуы ссар.
Уахорз дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Уахорз макуы фен.
Уацайрагау дæ игæрæй зæхх фæхаф.
Уацайраджы бон дыл акæнæд.
Уацайраджы царм скæн.
Уацамонгæ райсын дын макуы бантысæд.
Уацамонгæйæ нуазынхъом макуы су.
Уацæг – дæ сæр.
Уæ аджы мыст ныххауæд.
Уæ амондæн куыйтæ – фæлдыст.
Уæ бон аталынг уæд.
Уæ былтæ дыууæ къухæй цы фæхойат, ахæм дуг уыл ныккæнæд.

*Уæ гал – æгæвдæс,*
*Уæ фос – æнæгæс.*

Уæ гæнæнтæ æрбакъуыиндæг уæнт.
Уæ гуыбынты æхсидæвтæ ныххауæд.

Уæ дæндæгтæй фæхъæрзут.
Уæ зæрдæтæ аскъуыйæнт.
Уæ йедзаг дзыппытæ тагъд цы атæбæкк уой, уыцы амонд уæ баййафæд.
Уæ кой — авд дæлдзæх.
Уæ къæбæр адджынæн макуы бахæрут.
Уæ къухты фыдтæ фæхæрут.
Уæ раздзогæй æнæраздзог фæут.
Уæ раздзогыл уæ бон акæнæд.
Уæ рæуджытæй здыхстытæ фæкæнут.
Уæ рихиты фарн уæ къæхты бынмæ æрхауæд.
Уæ сы... фты дымгæ фæзилæд.
Уæ тъæнгтæй фæхъæрзут.
Уæ уыргтæй дæлгом-уæлгом фæкæнут.
Уæ уыргты дуртæ фæзынæд.
Уæ Хуыцауыхай уыл æркæлæд.
Уæ фæдисæттæй æвæдис ут.
Уæ фыдæбæттæ дон-дон афардæг уæнт.
Уæ фыдбылызтæ уæхи сæртыл æртыхсæнт.
Уæвæн цæмæн нæй, уый дæр дæ сæр баййафæд.
Уæгъддзырд  фæкæн.
Уæгъддзыхы ‘мбисонд дæ баййафæд.
Уæгъдибарæй — де сæфт.
Уæгъдибарæй цæуыны бон дæ ма фæуæд.
Уæгъдидонæй ссар дæ сæры сæфт.
Уæгъдидонæй фæхæт.
Уæгъдидонтыл цытæ сæмбæлы, уыдонæй дын фервæзт ма уæд.
Уæгъды фæуæнт дæ бирæ фыдæбæттæ.
Уæд дæ ахсджиæгты фыдтæ фæхæр, ды куы фæчъил уай.
Уæд мын цæр... фаджысы рагъыл.
Уæд мын фæсæй.
Уæд ын йæ мард фен.
Уæдæгондæй — дæ уды сæфт.
Уæдæгондæй — дæ цард.
Уæддæр дæ туг дæ хъæлæсæй фæкал.
Уæзæгуат фæу.
Уæзæджы къæйыл æрцæуæд дæ адзал.
Уæзгуытыл баззай.
Уæзгуытыл фæхæт.
Уæздан адæймагыл фембæлын дын ма бантысæд.
Уæздан уæвынмæ фæбæлл æмæ æлгъагæй сæмбæл дæ царды кæроныл.
Уæздæттау дæ фæкæнæд Уæллаг.
Уæзданхуызæй рацæуынæн макуы су.

Уæззау низæй фæсæй.
Уæзхъус дæ де Скæнæг фæкæнæд.
Уæзхъусæй фæбæлл адæмы сусу-бусутæ базонынмæ.
Уæйгæнæг дæ æмæ уæйгæнæгæй æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Уæйгæнæгæй ныммæл.
Уæйгæнæгæн – куыдзы мæлæт.
Уæйгæнинаг фæуæд де 'взæр сæр.
Уæйгонд æрцу дæ фыдызнæгтæн.
Уæййаг дæ дæ амондыскæнæг фæкæнæд.
Уæладзгуытæ макуы фен.
Уæладзгуытæ скæнын дын ма бантысæд.
Уæларвæй æрхау æмæ зæххыл тæгæлтæ фæхау.
Уæларвмæ стæхын дын ма бантысæд.
Уæларвон бадджытæй æлгъыст фæуæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Уæларт æрцæуæд дæ мæлæт.
Уælартмæ фæдзыназ.
Уæларынг балæууыны бон дæ макуы фæуæд.
Уæларынг лæугæйæ батон дæ царды бонтæ.
Уæларынгæй дын рахастæуæд дæ мард.
Уæлахиз ма 'рæййаф.
Уæлахиз фенын дын ма бантысæд.
Уæлахизмæ бæлгæйæ бафт дæ сыджытыхайыл.
Уæлахизмæ бæлгæйæ фæтыппырмард у.
Уæлахизмæ ма иу бон куыд хъæуа, афтæ сис дæ уд.
Уæлахизы бон æрæййафын дын ма бантысæд.
Уæлахизыл фæцин кæн, фæлæ дын дзы рацæрын ма бантысæд.
Уæлæ-дæлæ фæкæн æмæ-иу дæлейæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Уæлæмæ скæсыны бон дæ ма фæуæд.
Уæлæмæдзæуæг уæ мачи разынæд.
«Уæлæмæ, уæлæмæ» фæкæнут æмæ дæлæмæ-дæлæмæ цы фæцæуат, ахæм амондæй фæцæрут.
Уæлæрдæм цæуæг уæм ма разынæд.
Уæлæсиныл архайут æмæ дæлæсинæй арвитут уæ царды бонтæ.
Уæлæсыхæй-дæлæсыхмæ цъыбырттысыгъд баут.
Уæлæуыл кæугæ-тъизгæйæ фæцæут.
Уæлæуыл уæ цард-бон мачи фенæд.
Уæлæуыл уæ хъиутæ фæхæрут, мæрдты та фыддæр фæут.
Уæлбæдæн ныхынæн дæр ма су.
Уæлбæдæнылхъомылæй цардыссарынæн ма бау.
Уæлбæхæй фистæджытæн дондзау фæцу.
Уæлбæхæй хæрæгмæ хизинаг фæу.
Уæлбылты цæуынæн макуы су.

Уæлвæндæгты цæуыны ныфс дæм макуы ’рцæуæд.
Уæлгоммæ хуысгæйæ фæсæй.
Уæлдæрæй уæлдæрмæ фæцу, стæй иу хауд ракæн æмæ дæ бæрзæй ныссæтт.
Уæлдæф дæ хъуыры бæзджын кæнæд, дæ рæуджыты — сæлгæ.
Уæлдæфæй дæ хъуыр æхгæнгæ цы кæна, дæ рæуджытæ — хæлгæ, ахæм бонтæ дыл ныккæнæд.
Уæлиау фæцу æмæ быниау æрхау.
Уæлибых макуы æрæвæр дæ фынгыл.
Уæлибыхтæй кувыны амонд дæм макуы ’рхауæд.
Уæлибыхты ард дæ басудзæд.
Уæлибыхты фыдæх дæ баййафæд.
Уæлион бадджытæ дæм фæхъызæнт.
Уæлих, уæлмит къæйы сæрыл аззай.
Уæллаг дæ æркъуырæд.
Уæллаг дæм фæхъызæд.
Уæллагæй æлгъыст фæу.
Уæлладжы æлгъыст комкоммæ дæ ныхыл андæдзæд.
Уæлладжы фыдæх дыл сæмбæлæд.
Уæлладжы цæфæй дын фæивгъуыйæн ма уæд.
Уæлмæрдтæм дæ ма бауагъдæуæд.
Уæлмæрдтæм дæ мард ма фæхæццæ уæд.
Уæлхъæдæй амæл.
Уæлхъæдæй бахус у.
Уæнггай æрцу дæ райгуырæн къуыммæ.
Уæнггай бау.
Уæнггай лыгтæ æрцу.
Уæнггай уидзинаг фæу.
Уæнгдих дæ Дунескæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Уæнгдих фæу.
Уæнгдихтæ дæ бакæнæд дæ фыдбылыз.
Уæнгдон бау.
Уæнгмардæй фервит дæ бонтæ.
Уæнгрогæй ацæугæ дæ мачи фенæд.
Уæнгсаст фæу.
Уæнгсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уæнгтæгондæй дæ фенæд мæнæй уый.
Уæнгты низæй фæсæй.
Уæнгуагъд æмæ сæрныллæгæй батон дæ бонтæ.
Уæнгхъаджджынæй æрныллæджытæ у.
Уæнгхъуагæй цæр.
Уæнгцухæй фæхæбæцц-хæбæцц кæн.
Уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй рафтæнт дæ ымад царды бонтæ.

Уæны стæг дæ хъуыры аирвæзæд.
Уæны стæг дæ хъуыры фæбадæд.
Уæны стæгæй дæм халон цы бауаса, ахæм цæф дыл сæмбæлæд.
Уæны стæджы акæс æмæ дæ мæрддзæгтæ дæ уæлæ баппар.
Уæныг дын галы бынатмæ макуы ахæццæ уæд.
Уæныг макуы æрбæтт дæ кæвдæсыл.
Уæргсаст фæу.
Уæргсаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уæрæйдæйæ дæ Уæллаг Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Уæрæйдæйæ фæцу.
«Уæрæйдæ-рæйдæ» дæ сæрымагъз æвдисæг фæуæд.
Уæрæседзау[1] æнæджелбеттæй дæуыл цы худа, ахæм бон дыл акæнæд.
Уæрæседзауæй дæ Хуыцау фыддæр фæкæнæд салтай-балтай кæнынмæ.
Уæрæхдæндаг æмæ стыгъдбылæй фæцу.
Уæрдæх сыздухынæн ма бау.
Уæрдæхæй ауындзинаг фæу.
Уæрдон макуы ратулæд дæ хæдзары кæртæй.
Уæрдон макуы сифтындз дæ хæдзары.
Уæрдоныл ласинаг дæ а комбæсты дуæгтæ фæкæнæнт.
Уæрдонвæд макуы фенут æнæхъæн комбæстæй.
Уæрдонвæдыл цинæй суртæ фæкæнут.
Уæрдонджынæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Уæрм фæкъах дæ фыдызнæгтæн æмæ дзы ныххау.
Уæрмæй дын уæлæмæ схизын макуы бантысæд.
Уæрмæй уæлæмæ скæс-скæс фæкæн.
Уæрыччы цард фæкæн æмæ дæм адæм бирæгъты каст фæкæнæнт.
Уæуу – дæ сæр.
«Уæуу» кæнинаг дæ мыггаг фæуæд.
Уæууа дæ де сфæлдисæг фæкæнæд.
Уæууа – дæ ракурджытæ.
Уæууа – ды чындзы цы хæдзарæй рараст дæ, уыдон.
Уæууаг фæу.
«Уæуу-уæуу» фæкæн æмæ дæ рыст макæмæ фехъуысæд.
Уæфсаг дæм галмдзармæй макуы æрхауæд.
Уæфсагæй дарддæр пайда макуыцæй фен.
Уæхсксаст фæу.
Уæхсджын нæлгоймаг макуы рахъомыл уæд дæ хæдзары.
Уæхски-уæхск мæрдтæм – уæ фæндаг.

---

[1] Б р ы т ъ и а т ы   Е л б ы з д ы х ъ о й ы пьесæ «Уæрæседзау»-ы сæйраг хъайтар.

Уæхскæуæзæй мæрдтæм фегæрд фæндаг.
Уæхст сырхзынгæй – дæ артæнты.
Уæхстаг ралыг кæнынæн макуы бау.
Уæхстыл уæ сфизонæг чындæуæд.
Уæцъæф фест æмæ дæхæдæг дæхи хуылфы аирвæз.
Уæцъæфджынæй уæцъæфджындæрмæ фæцу.
Уæцъæфыскъуыд фæу.
Уд барæвдауынæн макуы бау.
Уд уд у, фæлæ ды удæнцой макуы ссар.
Уд уд у, фæлæ дын Хуыцау уды цин макуы базонын кæнæд.
Удаистæй фæцæр.
Удаистæй фæцу.
Удæнцой макуы ссар.
Удæнцой макуы фен.
Удæгас мардмæ фæкæс дæ хæдзары тæккæ астæу.
Удæгас мæрдтæ фæныгæн.
Удæгасæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Удæгасæнхъæл мæрдтæм фæкæс.
Удæгасгæнинаг фæу.
Удæнцой макуы ссар.
Удæнцой макуы фен дæ цард-цæрæнбонты.
Удварн дæм йæхи ‘вдисгæ дæр макуы ракæнæд.
Удвæллойæ дæ уд макуы сулæфæд.
Удвидар цы у, уый зонынхъом макуы бау.
Удгай бафтут уæ сыджытыхайыл.
Удгай уæм фæцæуæнт адæм хъарæг кæнынмæ.
Удгоймаг уыл цы никуыуал бафта, ахæм бон уыл акæнæд.
Уддзыд кæнинаг уæ Хуыцау фæкæнæд.
Удисæн кæн æмæ дæ уд сисын ма уæд дæ бон.
Удист дæ Хуыцау фæкæнæд.
Удтæ чи хæссы, адæмæн уый ад фæкæн.
Удуæлдайæ фæцæр.
Удхайраг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Удхар фæкæн.
Удхаргæнæн бонтæ дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Удхаргæнгæйæ арвит дæ цард.
Удхаргæнинаг фæу.
Удхæссæг дæ ахæссæд.
Удхæссæг – дæ дзыхы.
Удхæссæг дæ Хуыцау фестын кæнæд адæмæн.
Удхæссæг дын фестæд.
Удхæссæг йæ ахсджиæгты ингæнтæм ныдздзыназæд, мæн хæдзархæлд чи фæкодта.
Удхæссæг куырм у – «æвзонг у, зæронд у» не ‘взары –

кæуыл фæхæст вæййы, уый уд ахæссы, æмæ йын фарс чи хæцы, уыдон дæр уыйау саугуырмæй фæхæтæнт.

Удхæссæг куырм у æмæ ноджыдæр саудзыдзыдайæ фæлæсæд авд дæлдзæхы.

Удхæссæг фест дæ раттæг адæмæн.

Удхæссæг хæдзархæлд фæуæд, Иры хæдзардарджыты иуæггай чи уидзы.

Удхæссæгау адæмы зæрдæ макуы ссар.

Удхæссæгау дæ адæм макуы æруарзæд.

Удхæссæгау дæ адæм цæргæ-цæрæнбонты сæхи фæхизæнт.

Удхæссæгау дæ Хуыцау мацæмæй бафсадæд.

Удхæссæгау ды иуæрдæм æнцай, адæм – иннæрдæм.

Удхæссæгау уды рыст макуы банкъар.

Удхæссæгæй дарддæр макуы макæй зæрдæ ссар.

Удхæссæгæн æвзæртæ – фæлдыст, дæу зæххыл цæуын чи уадзы.

Удхæссæгæн макуыуал мачи баззайæд, мæн æнæныгæнæгæй чи ныууагъта.

Удхæссæгæн мацы бантысæд, мæгуыры къæсæрыл чи ‘рбалæууыд.

Удхæссæгæн уд куы уаид, уæд адæмы хъæбулты нæ хæссид, æмæ дыл æнæудæй уый бон акæнæд.

Удхæссæгæн хъæбул нæй, фæлæ мæ тæригъæдæй уæлхъæдæй бахус уæд ноджыдæр.

Удхæссæгыл дæ бон акæнæд.

Удхæссæгыл фæдзыназæд мæ уд.

Удхæссæджы ахсджиæгты хистытæм фæцæут.

Удхæссæджы мæрдтæн мæ куыдз – фæлдыст, дæумæ уыйбæрц уæлæуыл чи кæсы.

Удхæссæджы фæсарцæвæрд фæу.

Удхæссæджы хай фæу.

Удхæссæджы хъæбул амæлæд.

Удхæссæджы хъæбул амæлæд, удтæ хæссынмæ чи ‘рцæуы.

Удхæссæджы хъæбулты мæрдтæм фæцæут.

Удхæссæджы хъæбулты хистытæм уæ фæцæуын кæнæд Уæллаг.

Удхæссæджы цæстæй дæм фæкастæуæд.

Удхор дæ æмæ дын Хуыцауы цæст хуыздæр мацы бауарзæд.

Удхъуагæй дæ Уæллаг фæцæрын кæнæд.

Удыбæстæ дын Дунескæнæг ма зæгъæд.

Удызмæлæг уæ мауал баззайæд мæ рыст уды тæригъæдæй.

Уды хос дын удыскъуынæн фестæд.

Уе ‘взæртæ уын – хæринаг.

Уе ‘гæр фæкалут, цы адæм стут сымах.

Уе ‘гъдауæн куыйтæ – фæлдыст.

Уе ‘ддагбакасты фæхъхъау фæут.
Уе ‘ддæгуæлæтæй мæрдтæ фæхæссут.
Уе ‘мбаргæты фæныгæнут.
Уе ‘мпъузæнтæ ноджыдæр фæзæу-зæу кæнæнт.
Уе ‘намонд сæртæ дыгай лæдзджытæй цы хойат, ахæм хабар уыл сæмбæлæд.
Уе ‘намондæй дуртæ дæр цы кæуой, ахæм тæригъæддаджы хъуыддæгтæ уыл фембæлæд.
Уе ‘нуды тæф фæкæлæд ноджыдæр.
Уе ‘рбассонæг дыккаг хатт йæ къухтæй зынджытæ фессонæд.
Уе ‘ргъиуджын уæнгтæ адон уæнт.
Уе ‘рбадæнтыл сындзытæ æрзайæд — донзоныгæй куыд фæхитат.
Уе ‘рбасурæг дыккаг хатт куыдз æрбасурæд.
Уе ‘рвадæлтæй æнæрвад фæут.
Уе ‘рра сæртæ уæ тæвд цæхæрты атъыссæнт.
Уе ‘рра сæрты фæндиаг уæ уе скæнæг тагъд фæкæнæд.
Уе ‘рттигъ фæттæ уæ кæрæдзийыл сæмбæлæнт.
Уе ‘ртхутæг уæ цæстыты фæкæлæд.
Уе ‘рулæфтæй-иу уæ фæсмон фæраздæр уæд.
Уе ‘рхъуыды бадон уæд.
Уе ‘рцыдæй уæ фæтары фæраздæр уæд.
Уе ‘рцыдыл куыйтæ фæниуæнт.
Уе ‘фсымæртæй ныфсавæрынæн макуы сут.
Уе ‘фсымæртæм иронвæндаг фæкæнут.
Уе ‘фсымæрты тугæй уæхи фехсут.
Уе ‘хсарæй æнæхсарæй аззайут.
Уе ‘хсæвæй уæ райсоммæ удхъуаг цы кæнат, ахæм диссаг уæ баййафæд.
Уе ‘хсæвæр уæ æнæмастæй макæмæн ацæуæд йæ хъуыры.
Уе ‘хсæвыцæстæй фæкæсут адæммæ.
Уе ‘хсæн туджы зæйтæ фæцæуæд.
Уе ‘ххормаг гуыбынтæ уын æккойæ хæссинаг фæуæнт.
Уемæ мæ куыдз фæцæрæд.
Уемæ чи дзуры, уый дæр сымахæй хуыздæр нæу æмæ уæ кæрæдзийы хæлттæ ахæрут.
Узæлинаг фæу.
Узгæ-узын ахау æмæ дæ сæр дурмæ ’рхæсс.
Узинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уигъгæ-уигъын схауæд дæ уд.
Уигъинаг фæу.
Уидагджынмæ фæбæлл æмæ æнæуидагæй рафæлдæх.
Уидагхус дæ дунейы фарн бакæнæд.
Уидыг сисынæн мауал бау.

Уидаджы бын цы фæлдæхай, уыцы бон дыл акæнæд.
Уираг дур фест.
Уираг дуртæ феууил.
Уираг уираг у, дæу Хуыцау фыддæр фæкæнæд.
Уираджы хæсджын дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уис сисынхъом ма бау.
Уисой рауадзынхъом дæ Хуыцау ма скæнæд.
Улæфын дын ма бантысæд.
Улæфынмæ фæбæлл æмæ дæ фæллад уæнгтæ мæрдтæм рисгæйæ фæхæсс.
«Ура» фæкæн æмæ дæм сабырæй зæгъинаг дæр мацы разынæд.
Уромæг дæ мауал бауромæд æмæ дæ бинонты фæцæгъд.
Уромгæ-уромын дæ сæр мæрдты атъысс.
Уроминаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Урсбуарджынмæ фæбæлл æмæ дæ саубуарджын дæр мауал фæуæд.
Урскъух æмæ афтидгуыбынæй фæхит уынгты.
Урсыты сау зæрдæимæ фæцу.
Урссаджы хъæстæ макуы фæу.
Ус фест æмæ фæйнæрдæм гадза бирæгъау фæлæбур.
Усаг ссарынæн ма бау.
Ус-бирæгъ дæ Уæллаг фестын кæнæд.
Усгур цæуын дын ма бантысæд дæ рафæлдисæджы æлгъыстæй.
Усгурарæзтæй  рацæуын дын макуы бантысæд.
Усджын лæджы фарнæй хызт у.
Усы кæрдæны фæхæт.
Усы кæрдæны рафтау дæ дæндаг.
Утæхсæн кæн æмæ дын удисын ма бантысæд.
Утæхсæн фæкæн.
Утт-утт дæ фæчындæуæд æмæ дæлбынты ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Уыгау хъоппæгцæстæй фæкæс æмæ, дæ алыварс цы цæуы, уый фенынæн ма бау.
Уыйбæрц дæ Хуыцау ма фæцæрын кæнæд, адæмы хъæр бамбарай.
Уый хуызæн су.
Уыйас дур дæ æркъуырæд.
Уыйау фæу.
Уынгæгбон дыл акæнæд.
Уынгæгзæрдæйæ дыл фæхъарджытæ чындæуæд.
Уынгæгхъуырæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Уынгтæсæрфæн дæ Хуыцау фæкæнæд.
Уынгтæсæрфынæн дæр макуы сбæзз.
Уынгты ниугæ фæцу.
Уыргæфтыд фæу.

Уыргхæлдæй фæцу.
Уырзыйас дæр дын адæмы зæрдæйæ ма бантысæд ссарын.
Уырсмæ фæцу.
Уырсыты къæхты бын амæл.
Уырыйау зæххы бынты фæбыр.
Уырыдæй фæбад.
Уырыс дæм фæхъусæнт æмæ фæдзурæнт.
Уырыссаг хотыхы цæф фæу.
Уысмæй-уысммæ дæ игæртæ дæ хъæлæсæй фæкал.
Уысмæн фыдбылыз дыл цы æмбæла, ахæм диссаг дæ баййафæд.
«Уысс» дын фæкондæуæд.
Уытъырыйау цъымараты фæрабыр-бабыр кæн.
Уыхеры фæкæн.
Уыхерыгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Уыхерыйаг дæ Хуыцау фæкæнын кæнæд.
Уыцы æвзаг куыдзы къæдзилы бын фæдар.
Уыцы æвзаг дын куыдзы сы... фы.
Уыцырдыгон дон дын Хуыцау мауал бадарæд.

# Ф

Фаг ничи зоны æмæ-иу, уæлдай кæй ахæрынц, уый сæ фарсы тæнæгæй акæлæд.
Фаг чи нæ рацард, уыдоны разæй фæу.
Фагæй фылдæр цы ахордтай, уыдон дын марг фестæнт.
Фагæй хизыс æмæ дæ фарсæй фæхъæуæнт.
Фадат дын мауал фæзынæд дæхи сраст кæнынæн.
Фаддзу фæкæн.
Фадинаг фæу дæ тæккæ астæуыл.
Фадниз дыл фæзынæд.
Фаднизæй дæ Уæллаг фæсæйын кæнæд.
Фадхъулдих фæу.
Фадхъулсаст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фадынæг дыл фæзынæд.
Фадынæгæй дæ сынтæг сисынæн мауал бау.
Фаджыс фæхæр дæ цæрынæй дæ мæлынмæ.
Фаджысгонд дæ æмæ дын фаджысæй схизын макуы бантысæд.
Фаджысдоны – дæ удисæн.
Фаджысласæны æвæрд æрцу.
Фаджысхæссæгæй батон дæ бонтæ.
Фаджысы ныгæд æрцу.
Фаджысы амæл.

Фазæбыр фæкæн.
Фаззон ахæссынæн ма су.
Фаззоны ард дæ баййафæд.
Файнустимæ цæрыны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Файнустытау уæ кæрæдзи фæхæрут.
Файнустытау уæ кæрæдзиимæ быцæу фæкæнут.
Фалæ чи ис, уыдон рæхджы бонты аййаф.
Фалæмæ дæ афæндараст кæнæд мæ уд.
Фалæмæ дæм фæдзырдæуæд рæхджы.
«Фалæмæ цæуын», «фалæмæ цæуын» фæкæн æмæ дын ацæуын ма бантысæд.
Фалæрдæм атагъд кæн.
Фалæрдæм дæ Уæллаг акъул кæнæд.
Фалæрдыгæй мæм дæ сау хабар æрбайхъуысæд.
Фалæрдыгон дон баназын дын мауал бантысæд.
«Фалдæр фæбад»-зæгъæг дын мауал уæд.
Фараст баныгæн фæд-фæдыл.
Фарастаздзыдмæ ма ахæццæ у.
Фаринтæ дæ бакæнæд Уæллаг.
Фаркгай фæйнæрдæм фæхау.
Фарн дæм æввæхсты дæр макуы ацæуæд.
Фарнæй хызт у.
Фарнмæ фæбæлл æмæ æгадæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Фарнхæссæгыл – нæ, фарныхъæуккæгтыл дæр дæ Хуыцау макуы сæмбæлын кæнæд.
Фарны аккаг макуы су.
Фæрнæй фæдар дæ бызгъуыртæ.
Фæрнджын лæг дæ къæсæрæй макуы бакæсæд.
Фæрныг фысымæн макуы сбæзз.
Фæрныгад дын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Фарсдарæг дын макуы разынæд.
Фарсласæг дын ма уæд.
Фарсхæцæгыл макуы сæмбæл.
Фарсылæвзагхус бау.
Фат æхсынæн ма бау.
Фат дæ риуыл сæмбæлæд.
Фатæхстæй æввахсдæр дæм макуы мачи æрлæууæд.
Фатер райсынхъом ма бау.
Фау фæхæсс адæммæ æмæ дæ сæ къæхтæ сæрфыны аккаг дæр макуы скæнæнт.
Фауæггагæй – дæ мæлæт.
Фаугæ-фауын дæ арв æркъуырæд.
Фауд фæу адæмæй.
Фауыны бон дæ мауал фæуæд.

Фашисты ном нæ фыдбоны сыхæгты рагъæй мауал ахауæд.
Фæабух, фæабух æмæ дæ æнцойæ абадыны бон дæр мауал фæуæд.
Фæбыр æмæ дæ астæу асæтт.
Фæбырыны бон дæ мауал уæд.
Фæдагурæг фæцу æмæ дæхи фæд дæр фесæфæд.
Фæдамоныны бон дæ мауал фæуæд.
Фæдæлдзæх у.
Фæдджийыл хæцгæйæ фæхит зæххы цъарыл.
Фæдджийыл хæцынæй дарддæр мацы базон.
Фæдджийыл хæцынæн дæр макуы су.
Фæдис фæкæн æппынæдзух.
Фæдисаг фæу.
Фæдисæй дын дæ мард æрбаласæнт.
Фæдисæй фæхъу.
Фæдисгæнæг уæ мауал баззайæд.
Фæдисгæнгæйæ дæ хурхысæртæ аскъуыйæнт.
Фæдисгæнинаг фæу.
Фæдисон рацæуæг уæ мауал уæд.
Фæдисы рацæуæг уæ мауал уæд.
Фæдисы уæ бæхтæ цы кæлой, фынгæвæргæйæ – уе 'фсинтæ, фердæхыны рæстæджы – уæхæдæг, уыцы æмбисонд уыл акæнæд.
Фæдон макуы фен.
Фæдон схъомыл кæнынæн ма бау.
Фæдонджынты баййафын дын ма бантысæд.
Фæдонсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фæдоны цин макуы банкъар.
Фæдоныл бацин кæнынæн ма бау.
Фæдонзоныг у.
Фæдсæфт дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фæдсæфт фæу.
Фæдуд æмæ фæсудз.
Фæдудын дæ кæнæд дæ рафæлдисæг.
Фæд-фæдыл февæр дæ ахсджиæгты.
Фæдылдзæуæг уæ мауал баззайæд.
Фæдзæл аласынхъом уæ мачиуал уæд.
Фæдзæхсинг фæут.
Фæдзæхсын уæ фæхъæуæд æппынæдзух.
Фæздæг уæ мауал скæлæд.
Фæздæгкалгæ цъыбырттысыгъд бау.
Фæздæджы бакуырм у.
Фæздæджы бахус-къæркъа у.
Фæздонджын хъуг макуы рахизæд дæ кæртæй.

Фæззæг бæркадарм у, фæлæ дзы дæ хæдзармæ байсынхъом ма су.
Фæззæггуывд макуы фен.
Фæззæгмæйы цæрæнбон дын мауал бауарзæд Хуыцауы цæст.
Фæззæг-фæззæджы дæргъы дæ хæдзармæ цы бæркæдтæ фæхастай, уыдон хистытæн фæхардз кæн.
Фæззæгыл мауал сæмбæл.
Фæззæджы дзуæрттæй æлгъыст фæу.
Фæзиан у.
Фæзмыны бон дæ мауал фæуæд.
Фæивгъуыйын дæ кæнæд Уæллаг.
Фæиппæрд у де 'мгæрттæй.
Фæйнæгфарсæй фæлынфарсмæ 'рхау.
Фæкæл æмæ уæлæмæ сыстынæн мауал бау.
Фæкæл мæ тæригъæдæй.
Фæлахсæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Фæлахсæй фæхир-хур кæн.
«Фæлæ»-тæ фæкæн æмæ дын хъуыддаг саразын макуы бантысæд.
Фæлæбур æмæ дæ удхæссæг фелвас дæ къухмæ.
Фæлæбурыны бон дæ мауал фæуæд.
Фæлваринаг фæу.
Фæлдисинаг фæу дæ фыдызнæгтæн.
Фæлдыст ын фæу.
Фæлдыст фæу, кæй хуызæн дæ, уымæн.
Фæлдыстæй фæцæр.
Фæлдысты бæх ын фест.
Фæлдысты бæхæй йын фæцу.
Фæлдурæдждджын фæу.
Фæлдурæдждджынæй фæцу адæмы 'хсæн.
Фæлдзæгъдæн фæкæн.
Фæлдзæуæн рæстæгæй дын рахизын мауал бантысæд.
Фæлдзæуæн рæстæджы адаргъ кæн дæ къæхтæ.
Фæлдзæуæн рæстæджы тæккæ астæу дурдзавдæй баззай.
Фæливинаг фæу.
Фæлывдæй баззай.
Фæлидзæн дын цы никуыдæм уа, ахæм бон дыл ныккæнæд.
Фæлитой дæ æмæ дæ фæлитойæ æрсурæд дæ адзал.
Фæлитойæ дзыхъмард фæу.
Фæлладæй амæл.
Фæлладæй дæ æрсурæд дæ удхæссæг.
Фæллой кæнын дын ма бантысæд.
Фæллойбонтыл фæкус æмæ сæ мацы фен.
Фæллойгæнæг макуы фен.

Фæллойгæнæджы кармæ ма ахæццæ у.
Фæллойгæнгæйæ дæ гуыбын кæрдзынæй макуы бафсад.
Фæллойгæнгæйæ дæ дæхимæ макуы равдæлæд.
Фæллойджынты баййафын дын ма бантысæд.
Фæллойхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Фæллойхъуагæй дæ рафтын кæнæд Уæллаг.
Фæлм фæбадæд дæ цæстытыл.
Фæлмæвæрдæй арвит дæ цард.
Фæлмæхгæд цардæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Фæлмас цард макуы фен.
Фæлмæн мард акæн.
Фæлмæн сылыстæг макуы баййаф дæ сынтæджы.
Фæлмæн сылыстæджы рæвдыд макуы базон.
Фæлмæн сынтæджы дын дæхи ‘руадзын макуы бантысæд.
Фæлмæнбуар чызджы дæ фыны дæр макуы барæвдау.
Фæлмæндзых адæймагыл макуы сæмбæл.
Фæлмæндзых æмæ сындзæвзагæй фæдзур.
Фæлмæндзыхæй фæдзур, сындззæрдæйæ фæцæр.
Фæлмæнзæрдæйæ амæл.
Фæлмæцыдæй амæл.
Фæлмæцыды боныгуырд фæу.
Фæлмæцынгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фæлмхуыз дыл схæцæд.
Фæлтæр фæкæн.
Фæлурсæй сис дæ уд.
Фæлхæрттæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Фæлхæрттыл фæзил.
Фæлывд баййаф дæ амондыскæнæгæй.
Фæлывдæй балæуу Барастыры къæсæрыл, уый дын базондзæн дæхи аккаг лæггад.
Фæлывдæй фæцæр.
Фæмард у.
Фæндагамонæг дын мачи фæуæд.
Фæндагамонд ын фест.
Фæндаггонхуызæй дæ мачи фенæд.
Фæндаггоны зæрдæссарынæн макуы бау.
Фæндагсыгъд фæу.
Фæндаджы сæрдæнтæ дæ фæкæнæнт а комбæсты зæдтæ.
Фæндаджы сæрдæнтæ фæу.
Фæндаджы сæрдæнтæ цы фæуай, ахæм бон дыл акæнæд.
Фæндагсар Уастырджи дæ фæндаджы сæр макуы слæууын кæнæд.
Фæндагсар Уастырджи дын фæндагамонд макуы фæуæд.
Фæндаг-фæндаг... уæлмæрдмæ – дæ фæндаг.

Фæндаджы сæрдæнтæ фæу.
Фæндаджы сæрты ахизынæн ма бау.
Фæндон зæгъынæн макуы бау.
Фæндæй мард æрцу.
Фæндвидар хъуыды дæ макуы сирвæзæд.
Фæндтæ кæнынæн бахъу.
Фæндтæ кæныны бон дæ ма фæуæд.
Фæндтæ фæкæн, адæм та сæ цард аразæнт.
Фæндтæ фæкæн æмæ дæ хъуыры фæбадæнт.
Фæндæй у цард æмæ дæ фæндтæ кæнынмæ мауал равдæлæд.
Фæндты афтæ стыхс, æмæ дæ хъуыддагаразынмæ мауал равдæлæд.
Фæндыр айвазынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Фæндыр райсынæн ма бау.
Фæндырджын макуы бахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Фæндырдзагъд макуы райхъуысæд дæ дардылзылд галуанæй.
Фæндырты цæгъдинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фæндырты цæгъдинаг, зарджыты заринаг дæ де Скæнæг цы фæкæна æмæ дыл адæм «æххы-ту» цы фæкæной, уыцы фыдамонд дæ баййафæд.
Фæндзайаздзыдмæ уæ мачи ахæццæ уæд.
Фæниу æмæ фæдодой кæн адæмы тæригъæдæй.
Фæниу дæ ахсджиæгты мæрдæй.
Фæниуын дæ кæнæд Уæллаг.
Фæниуыны бон дæ мауал фæуæд.
Фæнык дæ Хуыцау фестын кæнæд.
Фæнык фест.
Фæнык фест мæ дудгæбонæй.
«Фæныкгуыз» номимæ фæцæр.
Фæрай адæмы тæригъæдæй дæ бинонты сæфтыл.
Фæрайыны бон дын Уæллагæй мауал уæд нывгонд.
Фæракæ-бакæ кæн æмæ та дæ саст къусмæ ‘рхау.
Фæракджынæй дарддæр дын бахæринаг макуы мацы уæд.
Фæракъах-бакъах кæн æмæ та де скъуыд дзыппытæ фæфæлдах радгай.
Фæранк бафæзмынæн ма бау.
Фæранк фенын дын ма бантысæд.
Фæранчы ныхты — дæ мæлæт.
Фæранчы фезмæлд дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Фæранчы цармы бацæуынæн ма су.
Фæрахъуыды-бахъуыды кæн æмæ дæ куыдзы бынаты ныххау.
Фæрæт дæ хъусты тæккæ астæу ныссæдзæд.
Фæрæтдзæф фæу.
Фæрв сугтæ ласынæй дарддæр хъæдмæ цæуынæн ма бау.

Фæрв сугтæ фæсудз.
Фæрвджынæй дын фæрв сугты бæсты дæ мард æрласæнт.
Фæрдыг дарынхъом дæ Уæллаг ма бауадзæд.
Фæрдыгдзых къухдарæн бакæнын дын ма бантысæд.
Фæриссын дæ кæнæд дæ раттæг.
Фæрссаг мард акæн.
Фæрссаг хъуыддæгтыл бафт æмæ дæ айрох уæд дæ царды нысан.
Фæрсæг дæ мачи фæуæд.
Фæрсæй-фæрстæм ныгæд æрцæут.
Фæрсæй-фæрстæм фæцæр дæ удхæссæгимæ.
Фæрскæфтыд фæу.
Фæрскгай дæ фæкæнын кæнæд Уæллаг.
Фæрсксаст дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фæрсмæ дæр дæм цы ничиуал кæса, ахæм бон дыл акæнæд.
Фæрсудзинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фæрсылæй амæл.
Фæртт-фæртт фæкæн.
Фæрчытæ фæхау.
Фæсайдта мæ, Хуыцау æй сайдвæстаг фæкæна.
Фæсарæнтæй фæрæй æмæ дын дæ къæу-къæу мачи хъусæд.
Фæсарц бадгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Фæсарц бадгæйæ фæцу.
Фæсауунæй бирæгъау фæниу.
Фæсауунмæ – дæ мæлæт.
Фæсæй.
Фæсæйын дæ кæнæд дæ рафæлдисæг.
Фæсæйыны бон дæ мауал фæуæд.
Фæсæмбисæхсæв мæм дæ уды сау сæфт æрбайхъуысæд.
Фæсæфцæгæй мæм дæ сау машинæ æртулæд.
Фæсбæрæгбон дын цæрыны фадат мауал фæуæд.
Фæсвæд æрцæуæд дæ мæлæт.
Фæсвæдты – дæ цæуæнтæ.
Фæсдуар – дæ мæлæт.
Фæсдуарæй дын, куыдзау, дæ къах æрбавæрыны бар ма уæд.
Фæсдзæуинæй фæхæт.
Фæсивæд дын дæ ном айрох кæнæнт.
Фæсивæды аййафынæн макуы су.
Фæсивæды рæнхъы макуы рацу.
Фæсидæг дæм куыд нæ уа, ахæм ничиты куыдз фест.
Фæскъæвда хур бон макуы фен.
Фæскъона фæлæзæр.
Фæскъонайæ рахизынæн ма бау.
Фæскъонамæ фæдзыназ дæ удыхайагмæ.

Фæскъул – дæ мæлæн.
Фæсмойнаг фæу.
Фæсмон фæкæн дæ райгуырдыл.
Фæсмонгонд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фæсмонгондæй фæцæр.
Фæсмынты батон дæ царды бонтæ.
Фæсмынты фæцу.
Фæснай дæр къæбæрæй макуы бафснай дæ гуыбын.
Фæстаг нозт дын фæуæд.
Фæстагсæфт фækæн.
Фæстагæттæн дæ ном фидиссагæн баззайæд.
Фæстагæтты фыдæх ссар.
Фæстагмæ дæ фыдмитæ рондзимæ фæкал.
Фæстаджы хæрд дын фæуæд.
Фæстаджы цыд дын фæуæд де скæнæгæй.
Фæстаджырдæм дæ Хуыцау сæрра кæнæд.
Фæстæзадæй батон дæ бонтæ.
Фæстæзæгъæг дын ма уæд.
Фæстæмæ алæуу.
Фæстæмæ алæууын дын мауал бантысæд.
Фæстæмæкъахæй фæцæр.
Фæстæмæкъахджынты ахæсты ныххау.
Фæстæмæ-размæ фæкæн.
Фæстæмæ-фæстæмæ алæуу.
Фæстæрдæм æрцæуæд дæ мæлæт.
Фæстæрдыгæй дæ æрбагæрах чындæуæд.
Фæстæрдыгæй цæф фæу.
Фæсудз æмæ дын срухс кæнын ма бантысæд.
Фæсур у.
Фæсутыр дæ кæнæд Уæллаг.
Фæсхæдзар æрцæуæд де ʻгады мæлæт.
Фæсхæрд дæ ныййарæд дæ мад.
Фæсхæст схауæд дæ уд.
Фæсхохæй мæм дæ мард æрыхъуысæд.
Фæсхохæй мæм дæ сау машинæ æртулæд.
Фæсхуым дæ «ело» кæныны бон мауал фæуæд.
Фæсчъылдымæй мард æрцу.
Фæсым-сым кæн æмæ дын мацы нытъæпæн кæнын бантысæд.
Фæтагъд кæн æмæ дæ сæры сæфт ссар.
Фæтары у.
Фæтæг ссарын уын макуы бантысæд, цы адæм стут.
Фæтæджы азарæй басудз.
Фæтæнком хъамайæ – дæ удыскъуыд.
Фæтæнриу лæппу макуы райгуырæд не знæгтæм.

Фæтæнуæхск лæппу нæ фыдбоны сыхæгтæ се 'хсæн макуы фенæнт.
Фæтæппæлæг у.
Фæтк æмæ уæм æгъдау макуы уæд.
Фæткмард акæн.
Фæтымбыл у.
Фæтыхсын дæ кæнæд дæ амондыскæнæг.
Фæуадзæд дæ дæ къæлæсæрфыг.
Фæуас цъæх хæрæгау.
Фæуæлгоммæ у.
Фæфид дæ тæригъæдтæ Хуыцауы раз.
Фæфыддæр у мæ тæригъæдæй.
Фæфыц зындоны арты.
Фæхауæггаг у дæ фыдæлты уæзæгæй.
Фæхæт æмæ дын хæдзар ссарæн ма уæд.
Фæхæт ноджыдæр адæмы уæзгуытыл.
Фæхæцæг дыл ма уæд.
Фæхæцинаг дыл мацыуал баззайæд.
Фæхе кæнынæн ма бау.
Фæхегæнæг дын мачи разынæд.
Фæхегæнæгæй дæ Хуыцау хызт уадзæд.
Фæхонæг дæ мачи фæуæд.
Фæхоныны æфсон дæ къух дæ сы... фы фæтъысс.
Фæхты хост æрцу.
Фæхудинаг уæд де 'взæр сæр.
Фæхудыны бон дæ ма фæуæд.
Фæхудыныл дæ уд фæхъар æмæ-иу дын кæуынмæ асайæд.
Фæхуынкъ у.
Фæхуыфын дæ кæнæд Уæллаг.
Фæхыбар-хыбур кæн æмæ дæ митæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Фæхырх дæ фыдызнæгтæн.
Фæхырхын дæ кæнæд де 'дылы зонд.
Фæхъав-фæхъав фæкæн æмæ дын мацы бантысæд.
Фæхъæрз æмæ фæнæт, кæй зæрдæтæ фæриссын кодтай, уыдоны тæригъæдæй.
Фæхъæрз дæ сæры хъæбæртæй.
Фæхъæрз мæ тæригъæдæй.
Фæхъæрзын дæ кæнæд ноджыдæр дæ амондыскæнæг.
Фæхъизæмар кæн уæззау низæй.
Фæхъил дæ кæнæнт а комбæсты дзуæрттæ.
Фæхъу де 'мгæртты æхсæнæй.
Фæхъус у де 'мгæртты рæгъы.
Фæхъхъау фæу адæмæн.

Фæхъызыны бон дæ ма фæуæд.
Фæхъырн æмæ мæ куыдзау ныхъхъус у.
Фæцагъды уæ кæнæд уæ рафæлдисæг.
Фæцагъды ут ииуылдæр.
Фæцарæхсыны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Фæцуд æмæ дын æнцойбалæууæг мачи разынæд.
Фæцудын дæ кæнæд дæ рафæлдисæг.
Фæцудыны бонмæ – дæ цард.
Фæцудыныл дæ ма ныууадзæд дæ амондыскæнæг.
Фæцух дæ кæнæд Уæллаг.
Фæцух у адæмæй.
Фæцъипп кæн дæ кард æмæ дæ уырджы ныссæдзæд.
Фæцъист дæ кæнæд дæ рафæлдисæг.
Фæцъист у арвæй зæххы астæу.
Фæчепп-чепп кæн уæзгуытыл.
Фæчъыллиппытæ кæн æмæ стæй мæ куыдзы бынатмæ æрхау.
Фæчъыртт дыл чындæуæд – æндæры аккаг нæ дæ.
Февдæлон у рæхджы бонты.
Февдæлын дæ кæнæд Хуыцау.
Февдæлыны бон дæ ма фæуæд.
Февзидын дын ма бантысæд.
Февзидынæй фæцæфмæ – дæ цæрæнбон.
Февзид-февзид фæкæн, фæлæ дын ныццæвын ма бантысæд.
Февзидыны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Февнал-февнал фæкæн, фæлæ дын бавналын макуы бантысæд.
Февналыны бон дын Хуыцауæй нывгонд ма разынæд.
Феддæдуар дæ кæнæд Уæллаг.
Феддæдуар у дæ бинонтæй.
Феддæдуар у цардæй.
Фезгъæл хиды æртæхтæй.
Фезгъæл цæссыггай.
Фездахæггаг æнæздахæг фæу.
Фездахæн дын мауал уæд.
Фездахыны бон дæ ма фæуæд.
Фездухæд дæ Уæллаг.
Фезмæлæг уæ куыднæуал баззайа, уыцы бон уыл æркæнæд адæмы æлгъыстæй.
Фелвæсфелвæсгæнгæ фæдар дæ цырыхъхъытæ.
Фемæхс фыдырдæм.
Фемæхсын дæ кæнæд дæ рафæлдисæг æмæ дзы дæ сæрысæфт ссар.
Фембæлæггаг дын – сæрынад.
Фембылды дæ кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Фембылды у дæ фыдызнагæн.

Фенæг лæгыл макуы сæмбæл.
Ферттив æмæ фæтары у.
Ферттывтай æмæ дæ фæтары кæнæд дæ амонддæттæг.
Ферттивыны бон дæ ма фæуæд.
Ферттивыны бонмæ — дæ цард.
Ферттивыны бонмæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцау ма бантысын кæнæд.
Ферхæц æмæ дæ сулæфыны бон мауал фæуæд.
Ферхæц æмæ дæ хæринаг дæ хъуыры фæбадæд.
Ферхæц-ферхæц фæкæн.
Ферхæцын дæ кæнæд Уæллаг.
Фесафæд дæ де 'дылы зонд.
Фесæф.
Фесæф æмæ дын ссарын мауал бантысæд.
Фесæф дæхи аххосæй.
Фесæфæд дæ сæр.
Фесæфинаг дæ æмæ дæ Хуыцау ноджыдæр фесафæд.
«Фесгуых» тагъд рæстæджы.
«Фесгуыхын» дæ кæнæд Уæллаг.
Фесмуд фæйнæрдæм æмæ дæ зæрдæ макуы мацæмæй барухс уæд.
Фестауæнт дæ ноджыдæр æмæ адæмы къæхты бынмæ æрхау.
Фест-фест кæнынæн бахъу.
Фестынмæ дæ Хуыцау мауал фæцарæхсын кæнæд.
Фестыны бон дæ мауал фæуæд.
Фестъæлф Уæлладжы цæфæй.
Фестъæлфынмæ — дæ цæрæнбон.
Фестъæлфыны бон дын мауал раттæд дæ ныхыдзуар.
Фесхойæг дæ уæд, барæвдауæг дын ма разынæд.
Фесхойгæйæ — дæ бинонты сæфт.
Фесхойыны бон дæ ма фæуæд.
Фесхъиу фыдцæфæй.
Фесхъиуæггаг дæ кæнæд Хуыцау дæ фыдæлты зæххæй.
Фесхъиуæггаг у.
Фесхъиу-фесхъиу дæ фæкæнын кæнæд Уæллаг.
Фесхъиуыны бонтæ дыл ныккæнæд.
Феууил хъæдтæ æмæ дуртæ.
Фехсæнт дæ де 'рдхæрдтæ, кæд æмгары рис базонис.
Фехсид дæ масты æмæ зæрдæскъуыд фæу.
Фехситт дыл кæнæнт адæм.
Феххуысгæнæг макуы фен.
Феххуысгæнæгмæ фæбæлл æмæ дын йе ссарын ма бантысæд.
Фидауинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
«Фидауын, фидауын» фæкæн æмæ дын бафидауын ма бантысæд.

Фидауынгæнæггæгтæ фæфид.
Фидауыны ныфсæй – де сæфт.
Фидæн дæм йæ мидбылты макуы бахудæд.
«Фидæн, фидæн» фæкæн æмæ дзы фыдæнхъæл фæу.
Фидæнмæ фæбæлл æмæ дзы зæрдæфæлæууинагæй мацы фен.
Фидæны дæ мæлæт ссар.
Фидæны – дæ ныфсыты сæфт.
Фиддон дын фæуæнт мæ дзæбæхтæ.
Фидинаг дын фæуæд дæ мады ‘хсыры хъуыртт.
Фидис дæ цы фæкæной адæм, уыцы бон дыл акæнæд.
Фидисгæнгæйæ сис дæ уд.
Фидиссаг фæу.
Фидиссаг фæу ноджыдæр.
Фидиуджытæ фервит.
Фидыдад дæ цæсты зулæй дæр макуы фен.
Фидынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Фидыцджынæй рацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Физонæг дæ хъуыры макуы ахизæд.
Физонæггаг ссарынæн ма су.
Физонæггæнынæн ма бау.
Физонæггонд æрцу дæ фыдызнæгты къухæй.
Физонæггондæй дæ мæ цæст фенæд.
Философы митæ фæкæн, фæлæ, философи цы у, уый макуы бамбар.
Фист акалын дын ма бантысæд.
Фисткалдæй дæ мачи фенæд.
Фистæгæй фæцу дæ мæлæты бонмæ.
Фисынмæ ‘рцæуæд дæ мæлæт.
Фисынмæзондæй дæ фæцæрын кæнæд дæ амондфыссæг.
Фиуæвæрдæй дæ сулæфæнтæ цынæуал уа, ахæм низæй фæсæй.
Фиу макуы стух
Фиу стухын дын ма бантысæд.
Фиуджын дæ хъуыры макуы ацæуæд.
Фиуджынмæ фæбæлл æмæ дæ дзы бахæрыны бон ма фæуæд.
Фондз цæфы фæу.
Фос дæ æмæ фосимæ – дæ цæрæн.
Фосгæсæй дарддæр макуы мацæмæн бабæзз.
Фосджын дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Фосниз дыл фæзынæд.
Фосхъаджджынæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Фосы къæлæты баст æрцу.
Фсати дæм йæ дзæбæх цæстæй макуы ракæсæд.
Фсатийы зæрдæ макуы ссар.

Фсатийы фосæй дын хай ма уæд.
Фсатимæ сагæнхъæл фæдзыназ æмæ дæ куыдзы хъуыды дæр цы никуы ’ркæна, ахæм амонд – дæ хай
Фу кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Фу-фу фæкæн дæ давæггæгтыл дæ уды тæригъæдæй.
Фуфугæнгæ фæцым дæ басы хуыпп.
Фыд аз дыл скæнæд.
Фыд азы хаст фæу.
Фыд дæ хæдзары бацæуæд.
Фыдамонд – дæ хай.
Фыдамонд фæу.
Фыдарт – дæ хай.
Фыдарт фæу.
Фыдаудæн дыл фæкæнæд.
Фыдахæсты бахау.
Фыдахуыр дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыдæбойнаг – дæ сæр.
Фыдæбойнаг фæу.
Фыдæбон фæкæн дæ удисгæйæ.
Фыдæбонгæнгæйæ сис дæ цардыл дæ къух, цы лæг дæ.
Фыдæбонгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыдæбоны гуырд дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Фыдæвзагæй фæцæр.
Фыдæвзаджы цæф фæу.
Фыдæгъдау дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыдæгъдауæй æрцæуæд дæ удисæн.
Фыдæлгъыст дæ баййафæд.
Фыдæлгъыст – дæ хай.
Фыдæлгъыст дыл æрцæуæд.
Фыдæлгъыст фæу де Скæнæгæй.
Фыдæлгъыстæй фæсæй.
Фыдæмбæлæг дыл æрбамбæлæд.
Фыдæмбæлæджы цæф фæу.
Фыдæнæн дæ цæст мæ фазмæ æрхауæд.
Фыдæнхъæл дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыдæнхъæл фæу.
Фыдæнхъæлæй батон дæ царды бонтæ.
Фыдæнхъæлæй фæцæр.
Фыдæнхъæлы бон дыл акæнæд.
Фыдæнцой фæу.
Фыдæх дæ ныхыл сæмбæлæд.
Фыдæхджынæй дæ Уæллаг æрбамарæд.
Фыдæхсæв дæ фæсахсæвæрты дзуæрттæ фæкæнæнт.

Фыдæхсæв фæу мæ кæстæрты уæззау тæригъæдæй.
Фыдæхсæвæй дын аирвæзт ма уæд.
Фыдбойнаг фæу.
Фыдбон – дæ хай.
Фыдбонæй фæцу.
Фыдбоны азар дæ басудзæд.
Фыдбоны амæттаг фæу.
Фыдбоны бонæй фæцæр.
Фыдбоны хай фæу.
Фыдбоны халон дæм бауасæд.
Фыдбоны цард фæкæн.
Фыдбылыз дыл сæмбæлæд.
Фыдбылызы цард фæкæн.
Фыдбылызхæссæг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыдбылызы хай фæу де знæгты æлгъыстæй.

*Фыдвадат –*
*дæ фадат.*

Фыдвадат фæу.
Фыдвадатæй батон дæ царды бонтæ.
Фыдвадатæй – дæ мæлæнбон.
Фыдвæззæг фæу.
Фыдвæззæгæй дын аирвæзт мауал уæд.
Фыдвæззæджы бон дыл акæнæд.
Фыдвæнд – дæ хай.
Фыдвæндæй æвæд фæу.
Фыдвæндæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Фыдвæндаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыдвæндаг фæу, фылдæр кæй уарзыс, уыдон æлгъыстæй.
Фыдвæндæгтæ – дæ хай.
Фыдвæндæгтыл – дæ хæтæн.
Фыдвæндæгтыл – дæ цæуæн.
Фыдвæндæгтыл фæцу ноджыдæр.
Фыдгæнæг дыл хæрхæмбæлд фæуæд.
Фыдгæнæджы къухы ‘фтыд дæ Хуыцау фæкæнæд рæхджы бонты.
Фыдгултæ дæм фæцæуæнт.
Фыдгулты кæрдтыл бафт.
Фыдгулты фæндиаг фæу.
Фыдгул-фыдзæрдæ – дæ хай.
Фыдгул-фыдзæрдæйы хай фæу адæмы тæригъæдæй.
Фыдгуыбынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Фыдгуырд дæ æмæ фыдмард акæн.

Фыдгуырдæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Фыдгуырдты æмбисонд дыл акæнæд.
Фыд – дæ хай.
Фыд дыл æрцæуæд.
Фыд зымæджы къухы бафт.
Фыд рæстæг дыл ныккæнæд.
Фыд сæвæр.
Фыд скæн.
Фыдæй фыдмæ фæцу.
Фыддæр дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыддæр фæу.
Фыддæрæй æрцæуæд дæ мæгуыр хæдзары мæгуыр сæфт.
Фыддæрмæ цы ’рцæуай, Хуыцау дын ахæм «арфæ» ракæнæд.
Фыддон, фыддуры хай фæу.
Фыддуг дыл ныккæнæд.
Фыддзæст дыл сæмбæлæд.
Фыддзæф дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыддзу фæкæн цæрæнбонты.
Фыддзырд дыл бафтæд.
Фыддзырдæй де ‘взаг ахауæд.
Фыддзырдæй де ‘взаг бахус уæд йæ рæбыныл.
Фыддзырдæй де ‘взаг дæ комарынджы мауал бацæуæд.
Фыддзырдæй де ‘взаг ныруайæд.
Фыддзырдæй де ‘взаг стæг фестæд.
Фыддзырдæй де ‘взаг срæсийæд.
Фыддзых фæу дæ бинонты фыдæнæн.
Фыдзаманы амæл.
Фыдзæрдæ – дæ хай.
Фыдзæрдæйæ фæцæр.
Фыдзæронд бау.
Фыдзæрондмæ фæцæр æмæ цардæй мацы фен.
Фыдзонд дыл бафтæд.
Фыдзонддæр дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыдзыкъуырæй æрцæуæд де ’гады мæлæт.
Фыдзымæг дæ фæкæнæнт а комбæсты дзуæрттæ.
Фыдзымæг фæу де ’нахъом кæстæрты тæригъæдæй.
Фыдкой – дæ хай.
Фыдкуадзæн фæу.
Фыдлæг æмæ фыдбоны ахæсты – дæ сæр.
Фыдлæджы ахæсты фæу.
Фыдлæджы къухы ныххау.
Фыдми – дæ хай.
Фыдмиаг фæу.

Фыдмийы къухылæвæрд фæуæд дæ куыдз-сæр.
Фыдниз – де уæнгты.
Фыднизæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Фыднизæй фæсæй дæ удисæн бонмæ.
Фыднизæй фæхъæрз æмæ фæнæт.
Фыднизы ахæсты фæу.
Фыдногаз фæу мæ тæригъæдæй.
Фыдном фæхæсс.
Фыдох дæ баййафæд.
Фыдохаг фæу.
Фыдохæй амæл.
Фыдохæй фæцу.
Фыдсад фæкæн.
Фыдсад фæкæн, чи дæ нæ уарзы, уыдоны фæндиаг æмæ мæ фæндиаг.
Фыдсæрд фæу.
Фыдсыл усы къухы ныххау.
Фыдсылгоймаг дæ хъæццулы бынæй скæсæд.
Фыдрын – дæ хай.
Фыдрын дæ хурхы хъуырхъуыргæнгæ афардæг уæд рæстæгыл.
Фыдтæ дыл фæцæуæд.
Фыдтæ фæуын.
Фыдтæ февæр.
Фыдтæ февзар.
Фыдуаг мард акæн.
Фыдуалдзæг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыдуд фæкæн.
Фыдус – дæ хай.
Фыдусы æлгъыст дыл æрцæуæд.
Фыдусы фыдæлгъыст дæ баййафæд дæ дидинæфтауæн бон.

Фыдуацхæссæг фæу.
Фыдуæзæг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Фыдфынты хай фæу ноджыдæр.
Фыдхайæ æрбадæнгæлмард у.
Фыдхæрдæй тъæппытæ фæхау.
Фыдхуыз дыл бафтæд.
Фыдхуыз райс.
Фыдхъизæмар – дæ хай.
Фыдхъизæмар фæкæн де 'нæуынон адæмы уæзгуытыл.
Фыдхъус дæ Уæллаг фæкæнæд.
Фыдхъуынæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Фыдцард фæкæн.

Фыдцæф фæу.

Фыдцъылызæй амæл.

Фыдцъылызæй æрцæуæд дæ мæлæн бон.

Фыдцъылызæй фыдцъылыздæрмæ фæцу, кæй хæйттæ фæхордтай, уыдоны ’лгъыстæй.

Фыдызгъæл бауæларт кæнын дын макуы бантысæд.

Фыдызгъæл макуы фен дæ цард-цæрæнбонты.

Фыдызгъæл макуы сфыцæд дæ аджы.

Фыдызгъæл хæрыны бон дæ ма фæуæд.

Фыдызгъæлы ард дæ баййафæд.

Фыдызгъæлы хайыл сæ кæрæдзи чи ныттоны, уыцы куыйты цармы фæцу.

Фыдындæй арвит дæ царды бонтæ.

Фыдындæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.

Фыдыусы фæндиаг фæу.

Фыдыусмæ фæкæс.

Фыййау фæцу дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.

Фыййаухъом ма бау.

Фыййауы лæдзæг макуы ахауæд дæ къухæй.

Фын зондцух нæ уыны æмæ дын фын фенын макуы бонты бантысæд.

Фын уынынæн ма бау.

Фынæй фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.

Фынг макуы фен.

Фынгтæ февæр... хисты фынгтæ.

Фынгыл бадынæн ма бау.

Фындзæфтыд фæу.

Фындзæфтыдæй батон дæ царды бонтæ.

Фындзæфтыдæй уынгты фæхъеллау кæн.

Фындзхауд фæу.

Фырдзырд дыл бафтæд.

Фырзыд фæкæн.

Фырт макуы фен.

Фырт схъомыл кæнын дын ма бантысæд.

Фыры сыйы здыхт æрцу.

Фысгæ-фыссын, Габеты дзæгъындзæгау, дæ лæхъуг къуырттыл амæл.

Фысдзармы фæцу æмæ бирæгъдзастæй фæкæс.

Фыццаг дæ бинонты сæфт фен, стæй сæ фæдыл мæрдтæм цæрддзу бакæн.

Фыццагæтты рæхджы аййаф.

Фыццæгтау фæу.

Фыцын дын мауал бантысæд, цы фыдызгъæл дæ.

# Х

Хабайраг фæу.
Хабар кæнынхъом ма бау.
Хабæрттæгæнгæ сис дæ уд.
Хабæрттæгонд ма фæу, афтæ дæ арв æркъуырæд.
Хабæ-сабæ кæн.
Хабæ-сабæйæ фæцæр.
Хабедзенхуызæй фæцу.
Хадзы фест.
Хадзы-мадзы фæкæн.
Хай дæ макуы мацæмæй фæуæд.
Хай дыл макуы сæмбæлæд.
Хай дын ма уæд æнæуæрст адæмæй.
Хай макуы фен.
Хай райсынæн ма бау.
Хай райсынхъом дæ Хуыцау ма скæнæд.
Хайад исынæн макуы бабæзз.
Хайæ æнæхай фæу.
Хайæ хайджынхуыз макуы райс.
Хайгай фæу дæ бинонты тæригъæдæй.
Хайгæнæг дæ Уæллаг макуы скæнæд.
Хайгæнæгæй æнæхайæ аззай.
Хайгæнæггаг дæ сæр над баййафæд.
Хайгæнæггаг дыл мады ‘лгъыст цы сæмбæла, уыцы амонд дæ уæд.
Хайгæнæн дын мацы уæд.
Хайгæнгæ кард ныссæдзæд дæ зæрдæйы.
Хайгæнгæйæ хайгæнинаг фæу.
Хайгонд дын мацы ‘рцæуæд дæ фыды стыр бынтæй.
Хайдæттæг фæу æмæ дæ хай ма фæуæд.
Хайджын макуы мацæмæй фæу.
Хай исыны бон дæ ма фæуæд.
Хаймæ фæтырн æмæ дын æй Уæллаг дæ къухы макуы бафтауæд.
Хайы аккаг ма су.
Хайыл фæку æмæ дзы æнæхай фæу.
Хайуан макуы рахизæд де скъæтæй.
Хайыр дын ма уæд дæ фыдæбон.
Хайыр дын ма фæуæд, дæ хъуыры цы ахизы, уый.
Хайыраг дын мацы уæд дæ дардыл къуымты.
Хайыргæнæг дын хайыр мацы ныккæнæд.
Хал амæрзын ма бауæд дæ бон.

Хал аскъуынынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Хал сисынæн ма бау.
Халæй халмæ дæ дæ къах авæрыны бон ма уæд.
Халмæ дæ асинтæ ‘вæрын бахъæуæд.
Халы сæрты ахизынхъом ма бау.
Хала-булатыл фæзил.
Халагъуд саразынæн ма ском.
Халагъудæй фæракæс-ракæс кæн.
Халагъуды цæринаг фæу.
Халамæрзæнау иуæрдæм фæхаф.
Халамæрзæны цæф дыл сæмбæлæд.
Халассæрæй фæцу де ‘взонджы бонты.
Халатджын дæ къуымты макуы разилæд.
Халæгæй дарддæр аразынхъом макуы мацæмæй бау.
Халæггаг фæу.
Халæппарæг æлгъыстаг у æмæ æлгъыст фæуæд дæ сæр.
Халæппæрст фæу.
Халгæ-халын дæ сæргой Хуыцау фæкæнæд.
Халдих бау.
Халдихтæй дæ дæ нымæтыл æрхæссæнт.
Халхор фæхуин æмæ дын физонæг бахæрын макуы бантысæд.
Халинаг дæ а комбæсты дзуæрттæ фæкæнæд.
Халын дын ма бантысæд.
Халер дыл фæзынæд.
Халерæй фædæнглмард у.
Халерæй фæсæй.
Халон дæм фæуасæд.
Халонау хъуахъ кæнынæй дарддæр мацы базон.
Халонау фæхъуахъ кæн дæ ахсджиæгтæм.
Халоны фендау уæд адæмæн дæ фенд.
Халсар макуы фен дæ хæдзары.
Халсардоны разилынхъом макуы бау.
Хамбохъ хæрынæй дарддæр дын мацы бантысæд.
Хамут конд дыл æрцæуæд.
Хамутæвæрдæй дæ фæцæуын кæнæд дæ амондыскæнæг.
Харбызау схъулæттæ у.
Хардз кæнынхъом ма су.
Хардз фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хардзау дæм æркæсæд дæ цард.
Хардзау хардз дæ хъæбулты тыххæй цы кæнай, уыцы бон дæ баййафæд.
Хардзгæнаг дæ æмæ хæрдзтæй рафт.
Хардзгæнæггаг ма-иу дæ æлгъыстытæ дæр цы фæуа, уыцы амондæй фæцæр.

Хардзгæнгæйæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Хардзгæнинаг фæу.
Хардзгонд дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Хару саразынæн ма бау.
Хару хæрынхъом дæр дæ Хуыцау ма бакæнæд де 'гуыдзæгæй.
Харуйаг макуы райс дæ къуымæй.
Хаст фæуæд дæ хæдзар.
Хаст фæу.
Хасты – дæ сæр.
Хасты хъæр уæ айхъуысæд.
Хатгæнинаг фæу.
Хатгонд æрцу.
Хатиагау дæм фæдзырдæуæд.
Хатиагау фæдзур.
Хатинаг дæ фæкæнæд Уæллаг.
Хаттæй-хатт пъолы хъил дæр фехсы æмæ дæ зæрдæйыл сæмбæлæд.
Хатынæй рафт.
Хатыр дын мацы уæд.

*Хатыр-матыр –*
*Хадты Бытъыр.*

Хатыргæнæн дын макуы уæд.
Хатыргæнгæ фæцу дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хатыргæнгæйæ æрцæуæд дæ уды сæфт.
Хатыргæнинагмæ æрхау.
Хауæггаг фæу.
Хауæггагæй фæцæр.
Хауд фæу дæ хæдзарæй.
Хауинаг дæ фæкæнæд Хуыцау.
Хауыны бон дæ мауал фæуæд.
Хафа æмæ æвзонайæ фæцæр.
Хафгæйæ амæл.
Хафгæ-хафын фæхъу æмæ де 'мбисонд ныхъхъæр уæд.
Хафинаг фæу.
Хафынайæ фæцæр.
Хафыны бон дæ мауал фæуæд.
Хахгонд æрцу.
Хахуыр фæкæн ноджыдæр.
Хахуыргæнгæйæ амæл.
Хахуыргæнинаг фæу.
Хахуыргонд дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг.
Хахх æрцу де 'мгæртты рæгъæй.

Хаццон фæис æмæ та-иу афтидгуыбынæй аззай.
Хаццонæн бахъу дæ цард-цæрæнбонты.
Хаццоны фæцу.
Хæбæцц фæбад.
Хæбæццæй баззай зæххыл.
Хæбизджын макуы ацæуæд дæ хъуыры.
Хæбизджын макуы фен.
Хæбизджынгондæй дарддæр дæ хæбизджын бахæрыны бон макуы фæуæд.
Хæбизджыны ард дæ басудзæд.
Хæбуздзыхъ дыл фæзынæд.
Хæбуздзыхъхъæй ныкъкъуыппытæ-дзыхъхъытæ у.
Хæдæвзагæй æнæвзаг фæу.
Хæдæгъдау кæстæр уæ макуы рацæуæд.
Хæдæлдæрттæ фæкæнут.
Хæдæргъæвд топп дыл сæмбæлæд.
Хæдæргъæвд топпы нæмыг дæ риуыл суайæд.
Хæдæфсарм сылыстæг уæм ма рахъомыл уæд.
Хæдæфсармæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæдæфсармты бон дыл акæнæд.
Хæдæфцæгæй фæцу.
Хæдæхсы нæмыг дæ ныхыл сæмбæлæд.
Хæдбарæй де уæнгтæ макуы айваз.
Хæдбарты бонæй фæцæр.
Хæдбарад макуы фен.
Хæдбарджынæй ацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Хæдгутонæй дæхи дарынхъом ма су.
Хæддзуйæ фæхит адæмы уæзгуытыл.
Хæддзуйæ фæцæр.
Хæдзондæй дæ мачи фенæд.
Хæдивæгæй уæлдæр схизынæн ма бау.
Хæдивæджы бынаты рафт.
Хæдифтонг мард акæн.
Хæдифтонгæй æрбацарæфтыд у.
Хæдифтыгъд æрцу.
Хæдифтыгъдæй фæтон дæ царды бонтæ.
Хæдмæл мард акæн.
Хæдмæлæй æргæвдинаг фæу.
Хæдмæлæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæдмæлæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Хæдмæлтæ фæхæр.
Хæдмæлхор дæ скæнæд Уæллаг.
Хæдмæлхор фест.
Хæдмæлхоры номимæ фæцæр.

Хæдон дарыны бон дæ ма фæуæд.
Хæдон макуы фенæд де уæнгтæ.
Хæдоны ацæуынæн ма бау.
Хæдтæхæг æрхауæд æмæ дæ сæрыл сæмбæлæд.
Хæдтулгæ дыл сæмбæлæд.
Хæдтулгæйæ рахау.
Хæдтулгæйы цæуынæн ма бау.
Хæдтулгæйыл ласинаг дæ Хуыцау фæкæнæд рæхджы бонты.
Хæдтыхми — дæ хай.
Хæдтыхмийæ амæл.
Хæдуагæй ацæугæ дæ мачи фенæд — фæхудинаг уыдзынæ.
Хæдхæцæг паддзахы цæф фæу.
Хæдхæцгæйæ бахæр дæ хъиутæ.
Хæдхицауæн лæггадгæнинаг фæу.
Хæдхонгæйæ фæзил адæмы хæдзæрттыл.
Хæдхуызæй ацæуын дын ма бантысæд.
Хæдхуызæй фæдæнгæлмард у.
Хæдзайраг дæ Хуыцау ма фæкæнæд.
Хæдзар аразынæн ма бау.
Хæдзаркæнинаг фæу.
Хæдзар мауал ссар.
«Хæдзар, хæдзар» фæкæн æмæ дын хæдзар скæнын ма бантысæд.
«Хæдзар-хæдзар»-гæнгæ фæцу æмæ æнæхæдзарæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæдзарад скæнын дын ма бантысæд.
Хæдзарæй-хæдзармæ фæзил.
Хæдзарваг фæллой дын, дæ къухтæм æмхасæнтæ куы фæкæнай, уæддæр æртымбыл кæнын ма бантысæд.
Хæдзарвæндагыскъуыд фæут.
Хæдзаргай фæлæбырут æмæ былæй калд æрцæут.
Хæдзаргæнæг уæ мауал баззайæд.
Хæдзаргæнæгау фæскъæсæр æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæдзаргæсæн дæр цынæуал сбæззай, уыцы бон дыл акæнæд.
Хæдзардарæг дæ мауал уæд.
Хæдзарджынæй æнæхæдзар фæу.
Хæдзардзинтæм фæбæлл, фæлæ сæ макуы баййаф.
Хæдзардзинты рæгъы ацæуынæн ма бау.
Хæдзари-хæдзар фæзил дæ уды мæрдæй.
Хæдзари-хæдзар цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Хæдзаронты номæй дæм макуы бадзырдæуæд.
Хæдзарсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæдзаруат фæу.
Хæдзаруатæй баззай дæ цæрджыты мæрдæй.

Хæдзархалæджы ном дыл сбадæд.
Хæдзархалæй амæл.
Хæдзархалы номимæ фæхир-хур кæн.
Хæдзархæлд фæу.
Хæдзархъуагæй батон дæ бонтæ.
Хæдзарцухæй арвит дæ цард.
Хæдзæй здыхт æрцу.
Хæзгул дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Хæзгул скæнынæн ма бау.
Хæзгулæй хæзгулмæ фæцу.
Хæзгулы амондæй фæцæр.
Хæзгулы кадæй батон дæ царды бонтæ.
Хæзгулы къухтæм дæ æрæппарæд дæ амондыскæнæг.
Хæзгулы цæстæй дæм фæкастæуæд.
Хæзна æвæрын дын ма бантысæд.
Хæзна макуы фен.
Хæзнадæттæг дæ Уæллаг тыхæй фæкæнæд.
Хæзнадæттинаг фæу.
Хæзнадон ссарынæн макуы бау.
Хæзнаджынæй æнæхæзнайæ абад.
Хæзнайыл амæл.
Хæзнайыл æргæвст æрцу.
Хæзнайыл дæ бинонты цагъд фен.
Хæзнакъахæджы цин макуы банкъар.
Хæзнакъахæн дæ цæсты зулæй дæр макуы фен.
Хæзнакъухæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Хæйрæг дæ фæсайæд.
Хæйрæдждджынæй фæцу.
Хæйрæджыты æлгъыст фæу.
Хæйрæджыты хай — дæ сæр.
Хæкъуырцц фæкæн.
Хæкъуырцгæнгæйæ сæппар дæ уд.
Хæкъуырцгæнгæйæ фæкал дæ цæссыг.
Хæкъуырцгæныны бон дæ мауал фæуæд.
Хæкъуырцкуыд дæ фæкæнын кæнæд Уæллаг.
Хæкъуырцкуыдæй скал дæ рæуджытæ.
Хæлар ахæссынæн макуы су.
Хæлар макуы фен.
Хæлар ссарынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Хæларад саразын дын макæимæ бантысæд.
Хæларæй фæцæрын макæимæ базон.
Хæларджынæй æнæхæлармæ цы æрхауай, ахæм бон дыл акæнæд.
Хæларзæрдæйæ ацæуын дын макуы бантысæд.

Хæлæрттæй æнæхæларæй аззай.
Хæлæрттæн «Цомут хъæмæ» зæгъынхъом макуы бау.
Хæлæрттæм знаджы цæстæй фæкæс, знæгтæм — хæлары цæстæй.
Хæлары ард дæ баййафæд.
Хæлары æфсон де знæгтæн фæлæггад кæн.
Хæлары бонæй фæцæр.
Хæлары ердойæ ныххау.
Хæлары зæрдæ ссарынæн макуы бау.
Хæлары зæрдæхудт дæ баййафæд.
Хæлары къухмæ фæдзыназ.
Хæлары къухылæвæрд фæу.
Хæлары номæй фæцæр.
Хæлары ронывырдæй фæцу.
Хæлары цæстытæм кæсинаг фæу.
Хæлаф ницы у, фæлæ дæ аккаг хæлафы макуы атъысс дæ къæхтæ.
Хæлаф скæнынæн ма бау.
Хæлаф цы у, фæлæ æнæхæлафæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæлæг фæкæн адæммæ, фæлæ дын сæ баййафын макуы бантысæд.
Хæлæгæй адæммæ дæ цæсты фиутæ батайæнт.
Хæлæгæй цæстхауд фæу.
Хæлæггаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæлæггæнаг дæ æмæ фырхæлæгæй фыдбон баййаф.
Хæлæггæнæджы ном фæхæсс.
Хæлæггæнæджы хал ахæр.
Хæлæггæнгæйæ сис дæ уд.
Хæлæггæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæлæггондæй батон дæ царды бонтæ.
Хæлæгмард акæн.
Хæлæйфаг фæу.
Хæлæттаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæлæттаггæнинаг фæу.
Хæлæттаггæнинагæй дæ мæ уд фенæд.
Хæлæттаггæнинагмæ æрхау.
Хæлæттаггæнинаджы ном дыл сбадæд.
Хæлæттаггонд фæу.
Хæлæттаггондæй дæ бындур ныззилæд.
Хæлæттаггонды ном фæхæсс.
Хæлæф фæкæн.
Хæлæф фæкæн æмæ дæ сыджытæй дæр хай ма фæуæд.
Хæлæфаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хæлæфæй æрдуйы сæрты ахизынæн мауал у.

Хæлæфæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Хæлæфæй дæлгом-уæлгом фæкæн.
Хæлæфæй тъангыскъуыд фæу.
Хæлæфæй фæтъиз æмæ фæнæт.
Хæлæфгæнаг дæ æмæ дæ дæ рафæлдисæг мацæмæй бафсадæд.
Хæлæфгæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæлæфгæнгæ дæ æрæййафæд дæ удхæссæг.
Хæлæфгæнгæйæ фæцæр.
Хæлæфгæнгæйæ фыдбоны цард цы фæкæнай, дæ ныхыфыстæй дæ уыцы амонд фæуæд.
Хæлæфгæнгæйæ батон дæ нымад царды бонтæ.
Хæлæфгæнгæйæ хир-хуйраг фæу.
Хæлæфгæнинаг фæу.
Хæлбурцъ кæнын дын мауал бантысæд.
Хæлбурцъ фæкæн дæхимидæг æмæ дæ иу хъуыдыгæнæг мачи фæуæд.
Хæлбурцъгæнаг дæ æмæ хæлбурцъгæнгæйæ æрцæуæд дæ царды кæрон.
Хæлбурцъгæнæн дын цынæуал уа, уыцы бон дыл æркæнæд.
Хæлбурцъгæнгæйæ фæсутыр у.
Хæлбурцъгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хæлд дæ æмæ хæлдæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хæлдæй фæхит уæзгуытыл.
Хæлдæй хæлдмæ фæцу.
Хæлдимæ цæрыс æмæ йын йæ хал ахæр.
Хæлдтыл бафт.
Хæлды ном фæхæсс ноджыдæр.
Хæлддзаг дæ æмæ хæлддзагæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хæлддзаджы ном дыл цы сбада, уыцы амондæй фæцæр.
Хæлддзагæй дæ фæцæрын кæнæд дæ амондыскæнæг.
Хæлиу фæлæууыны бон дæ ма фæуæд.
Хæлиуæй баззай.
Хæлиуæй фæхиу у.
Хæлиугæнгæйæ дæ астæуыл афæд.
Хæлиугондæй баззай.
Хæлиудзых дæ æмæ дын дæхи базонын ма бантысæд.
Хæлиудзыхæй батон дæ цард.
Хæлиудзыхты бон дыл акæнæд.
Хæлиу-мæлиу фæцу.
Хæлмаг дæ адæмы буарыл æмæ, хæлмаг цæмæй ахауы, уыцы хос дыл сæмбæлæд.
Хæлмагæй фыддæр фæу.
Хæлмагæн хос ис, дæуæн хос ма разынæд.
Хæлмаггæнинаг фæу.

Хæлмагниз дыл бахæцæд.
Хæлмагнизæй фæсæй.
Хæлмагнизы амæттаг фæу.
Хæлттæ фæхæсс.
Хæлттæ хæссын дын мауал бантысæд.
Хæлттæхæсгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæлттæхæссæджы бон дыл акæнæд.
Хæлттæхæссинаг фæу.
Хæлуарæгау тынтæ фæбий æмæ дæ тынджынæй мачи фенæд.
Хæл-хæл кæныны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Хæлхæлгæнгæйæ сæппар дæ уд.
Хæлхæлгæнинаг фæу.
Хæлц æмæ нозт макуы фен.
Хæлцæй макуы бафсад дæ гуыбын.
Хæлцы æмгæрон дæ Хуыцау макуыуал ауадзæд.
Хæлын дæ фестын кæнæд Уæллаг.
Хæлын кæрцы бамби.
Хæлын худæй хуыздæр дзаума ма фенæд дæ буар.
Хæлынæй нымæл.
Хæлынты амæл.
Хæлынбазырджынæй мæргътимæ тæхыныл фæхъар дæ уд.
Хæлынбыттыр фест.
Хæлынбыттырау мауал мæргътæй у, мауал — мыстытæй.
Хæмпæлгæрдæг æрзайæд дæ уæзгуытыл.
Хæмпæлгæрдæджы бын фæу.
Хæмпæлджыны — дæ мæлæт.
Хæмпæлзачъе зæронд лæгæй ныхъхъембыр у дæ фыды æрчъиты.
Хæмпæлзачъейæ — дæ мæлæт.
Хæмпæлрихийæ фæцу.
Хæмпæлсæр цы цардæй фæцæры, уыцы амонд дын бауарзæд мæ цæст.
Хæмпæлсæрæй фæцу.
Хæмпæлты æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæмпæлты æппаринаг фæу.
Хæмпæлты гуырд дæ æмæ хæмпæлты æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæмпæлты дæ баныгæдæуæд.
Хæмпæлтыл бафт.
Хæмпус буар макуы фен.
Хæмпус буармæ фæбæлл æмæ мæллæг сылыстæг дæр макуы фен.
Хæмпус буарыл — дæ удисæн.
Хæмпус буарыл де ‘рмттæ макуы æруадз.
Хæмпус сылыстæг дæ иувæрсты дæр макуы ахизæд.
Хæмхудджын лæгмæ фæкæс.
Хæмхудджынæй фæцæр адæмы ’хсæн.

Хæмхудджынæй фæцу, чи дæ сфæлдыста, уый рæзты.
Хæмхудджынты номæй дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Хæмц-хæмц кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Хæмц-хæмц фæкæн.
Хæмцхæмцгæнгæ сис дæ уд.
Хæмцхæмцгæнæн дын мауал уæд дæ хæлд дæндæгтæй.
Хæмцхæмцгæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Хæмцхæмцгæнгæйæ бæхау сæппар дæ уд.
Хæмцхæмцгæнинаг фæу.
Хæндыг макуы фен дæ хæдзары.
Хæндыгкъахæг фæхуин.
Хæндыгхъусæй фæцу.
Хæнкъæлтæй дарддæр дын бахæринаг макуы мацы уæд.
Хæнцъул кæныны бон дæ ма фæуæд.
Хæнцъулæй рæвдыд макуы баййаф.
Хæнцъулы рæвдыд макуы базон.
Хæпп кæнынхъом макуы су.
Хæппæнтъиртт фæкæн.
Хæпкæнинаг фæу.
Хæпп-хæпп кæнынæй дарддæр мацы базон.
Хæппæртæ феппар.
Хæраг дæ æмæ хæрдæй ма бафсæд.
Хæргæ-хæрын тъæппытæ фæхау.
Хæргæйæ сис дæ уд.
Хæрын дын мауал бантысæд.
Хæрыны бон дæ мауал фæуæд.
Хæрыны бонæй фæнымай дæ цард.
Хæрам хæссынæн ма бау.
Хæраймаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæраймаг фæу, æнæхъуаджы кæй хæрам кæныс, уыдоны дудгæ тæригъæдæй.
Хæрамæй ссар дæ адзал.
Хæрамæй фæцæр.
Хæрамæй хæрамдæрмæ фæцу.
Хæрамгæнгæйæ дæ æркъуырæд Уæллаг.
Хæрамгæнинаг фæу.
Хæрамгондæй фæу де знæгты фæндиаг.
Хæрамджын – дæ фæстагæттæ.
Хæрамджынтимæ – дæ хъуыддæгтæ.
Хæрамдзастæй саудзыдзыдайæ фæлæс.
Хæрамдзастæй фæкæс дæ цард-цæрæнбонты.
Хæрамзæрдæйæ батон дæ царды бонтæ.
Хæрамиуæг фæкæн ноджыдæр, хорз ракæнын дын ма бантысæд.

Хæрамиуæггæнæгæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Хæрамхæссæгæй дæ æрæййафæд дæ адзал.
Хæрамы бон амæл.
Хæрамы къухылæвæрд фæу.
Хæрæг æрцæуæд æргæвст дæ мардæн.
Хæрæг бахæрæд дæ мард æмæ дæ дзуар.
Хæрæг дæ æмæ хæрджыты къæхты бын — дæ мæлæт.
Хæрæг дын — фæлдыст.
Хæрæг фест.
Хæрæгбындар дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæрæгбындарæй фæцæр.
Хæрæггæсæй фæцу.
Хæрæггур дæ Хуыцау фæцæуын кæнæд.
Хæрæгджын дæр макуы су.
Хæрæгисæй дæ хæрæггур фæцæуын кæнæд дæ рафæлдисæг.
Хæрæгсаст фæу.
Хæрæгсастæй баззай.
Хæрæгсындз фæхæр.
Хæрæгсындзæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Хæрæгуæргътæ фæлух.
Хæрæгхæлмаг дыл бахæцæд æмæ дын схосгæнæн мауал уæд.
Хæрæджы сæр дын — хæринаг.
Хæрæджы тъæнгтæ дын фæлдыст фæуæнт.
Хæрæджы тъæнгтæ фæхæр.
Хæрæджы тъæнгтæ хæргæ фæцу.
Хæрджытæ дын — фæлдыст.
Хæрджытæм цæуинаг фæу.
Хæрджытимæ баринаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хæрджытимæ — дæ бынат.
Хæрджыты бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæрæн дæ куыднæуал уа, ахæм низæй фæсæй.
Хæргæ-хæрын дæ къæбæр дæ хъуыры фæбадæд.
Хæргæ-хæрын тъæппытæ фæхау.
Хæрд фæуæд дæ сæр.
Хæрдагур фæзил адæмы уæзгуытыл.
Хæрдафон дæ хъуыддæгтæ уæзгуытыл тауинаг фæуæнт æмæ-
иу ды та дæ гуыбыны фæдыл бафт.
Хæрдæй макуы бафсæд.
Хæрдæнхъæл фæзил хæдзари-хæдзар.
Хæрдæфсис дын де Скæнæг ма раттæд.
Хæрдæфсисæй дæ кард йæ кæрддзæмы нытътъысс.
Хæрдваг ссарынæн ма бау.
Хæрдджынæй рацæугæ дæ мачи фенæд.
Хæрдджынхуыз равдисынæн макуы бау.

Хæрдмондагæй фæтон дæ бонтæ.
Хæрдсайæн митæ фæкæн æмæ кæрдзынæй дæ гом гуыбын макуы бафсад.
Хæрдхуызæй рацæуын дын ма бантысæд.
Хæрдхъуагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæрдхъуагæй фæхъус де стонг гуыбыны хъуыр-хъуырмæ.
Хæрдцухæй – дæ цард дæр, дæ мæлæт дæр.
Хæрзад хæринаг макуы фен.
Хæрзад хæринагæй дæ дæ гуыбын бафсадыны бон макуы фæуæд.
Хæрынæн ма бау.
Хæрыны бон дæ не Скæнæгæй мауал фæуæд.
Хæрæфырт макуы балæууæд дæ къæсæрыл.
Хæрæфыртæй сæрыстырæй ацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Хæрæфыртмæ бадзурыны бонæй дæ Уæллаг бахизæд.
Хæрæфырты уарзт макуы банкъар.
Хæрæфыртыл бацин кæнынæн ма бау.
Хæрв фæдар.
Хæрвы æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæргæфс фест.
Хæргæфсау ма бæхтыл нымад у, ма – хæрджытыл.

*Хæрдæй-уырдыгæй –*
*дæ сæфтырдыгæй.*

Хæрдвæндæгтыл фæцу.
Хæрдмæ цæуынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Хæрдмæ-уырдыгмæ фæкæн.
Хæрдтæ æмæ уырдгуытæ – дæ хай.
Хæрдтæ æмæ уырдгуыты рафт.
Хæрдты ахæцыны бон дын Хуыцауы цæст мауал бауарзæд.

*Хæрдты утæхсæн кæн,*
*уырдгуыты – удисæн.*

Хæрдты фæкæс.
Хæрдты фæкæс æмæ ныллæджыты æрбад.
Хæрдгæбыд макуы фен.
Хæрдгæбыд скæнын дын ма бантысæд.
Хæрзбын бау.
Хæрзбын дæ бакæнæд дæ амондыскæнæг.
Хæрзарæзтæй рацæуын дын макуы бантысæд.
Хæрзарæхст никуы уыдзынæ, фæлæ ма хæрзамæстæй цы фæцæуай, уыцы амонд дæ уæд.

Хæрзарæхстæй дæ кард — дæ уонджы.
Хæрзарæхстджын мард æрбакæн.
Хæрзаудæнгæнæг дæр дыл ма уæд.
Хæрзахуырæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæрзахуыры бон дын Дунескæнæг макуы раттæд.
Хæрзæг аразынæн ма бау.
Хæрзæг кæнын дын ма бантысæд.
Хæрзæггурæггаг райсын ма базон.
Хæрзæггурæггаг раттынæн ма бау.
Хæрзæгъдау бафæзмынхъом дæ Хуыцау макуы бакæнæд.
Хæрзæгъдауæй фыдæгъдаумæ фæцу.
Хæрзæмбæлæг дыл макуы сæмбæлæд.
Хæрзæмбæлæгæй хызт у.
Хæрзæмбæлæгæн раарфæ кæнынхъом макуы бау.
Хæрзæхсæв зæгъæг дын мачи уæд.
Хæрзбон зæгъыны фадат дын мауал фæуæд.
Хæрзбон кæнынæн бахъу.
Хæрзбон фæкæн дæ адджын адæмæн.
Хæрзбонгæнгæ сис дæ уд.
Хæрзвæстаг макуы фен.
Хæрзвæстагæй дæ къух дæ дзыхы акæн.
Хæрзвæстагмæ фæбæлл æмæ дын Хуыцауæй нывгонд ма уæд.
Хæрзгæнæг дæ ныхыфысты макуы разынæд.
Хæрзгæнæгæй фыдгæнæджы ном фæхæсс.
Хæрзгæнæгмæ фæбæлл æмæ дыл фыдгæнджытæ фембæлæнт.
Хæрззонд суæвын дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Хæрззондæй фыдзондмæ фæцу.
Хæрзиуæг райсынхъом ма су.
Хæрзиуæггæнæгыл макуы сæмбæл.
Хæрзиуæггур дæ Уæллаг фæцæуын кæнæд.
Хæрзиуæггурæй рафт.
Хæрзиуæггуры амонд — дæ хъуыры.
Хæрзиуæггуры номæй фæцæр.
Хæрзиуæгдæттæджы зæрдæ дын Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Хæрзиуæгджынæй ацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Хæрзифтонг цард макуы фен.
Хæрзифтонгæй мæм дæ мард æрбайхъуысæд.
Хæрзифтонгмæ цæрын дын ма бантысæд.
Хæрзкондæй дæ мæрддзæгты бацу де 'нусон бынатмæ.
Хæрзкъахт ингæны дæ аныгæнæд мæнæй уый.
Хæрзмæ хъуыддаг саразынæн макуы бау.
Хæрзмæгæнæгæй хызт у.
Хæрзнад, хæрзкондæй ссар дæ адзал.

Хæрзсæфт фæкæн.
Хæрнæг скæнæг дын ма уæд.
Хæрнæггаг фæуæнт дæ муртæ.
Хæрнæджытæ фæкæн.
Хæррæгъ дæ фестын кæнæд дæ рафæлдисæг.
Хæррæгъæй фæцу.
Хæррæгъты æрцæуæд дæ царды кæрон.
Хæрхæмбæлд дыл фæуæд дæ удхæссæг.
Хæр-хæр фæкæн.
Хæрхæргæнгæ сис дæ уд.
Хæрхидоны фæцу.
Хæрынкъа дæ зæрдæйы тæккæ астæу ныссæдзæд.
Хæс бафидынæн ма бау.
Хæс курыны бон дæ мауал фæуæд.
Хæсæй хæсмæ – дæ цард.
Хæсæвæрдæй амæл.
Хæсфидынхъом дæ Хуыцау ма бакæнæд.
Хæсгардау чъыллипп фæкæн.
Хæсгарддзæф фæу.
Хæсгур дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хæсджынæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хæс исинаг дæ фæкæнæд дæ амондыскæнæг.
Хæсгæ фæу.
Хæсгæмард дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæсгæмардæй ссар дæ ингæн.
Хæснаг кæнинаг фæу.
Хæснаг кæнын дын ма бантысæд.
Хæснаг кæныны бон дын мауал раттæд Хуыцау.
Хæснаг фæкæн, æндæр мацы базон.
Хæснагæй æрцæуæд дæ уды сæфт.
Хæснагæн фæцæгъд дæ бинонты.
Хæснаггæнæггаг дын дæ сæр рачындæуæд.
Хæснаггондæй сæмбæл дæ сыджытыхайыл.
Хæснагыл мард æрцу.
Хæссинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хæссинаг фæу дæ уды мæрдæй.
Хæссыны бонмæ – дæ цард.
Хæссынхъом макуы бау.
«Хæст, хæст» кæн æмæ йæ быны – дæ сæр.
Хæстагур фæцу æмæ дзы дæ сæр мауал æрхæсс.
Хæстамонд дæ дардмæ цы фæлидза, ахæм дуг дыл акæнæд.
Хæстамондæй хайджын ма фæу.
Хæстарыдæй дæ Уæллаг фæцæуын кæнæд.
Хæстарыдæй сис дæ уд.

Хæстарыдæй хæстарыдмæ фæцу.
Хæстæввонгæй нæмыг сæмбæлæд дæ тæккæ ныхыл.
Хæстæввонгæй фæлæуу æмæ дæ уæддæр æдзæттæйæ æййафæд.
Хæстæндзарджыты фæндиаг фæу.
Хæстæфхæрдæй фæцу æмæ дæ иу барæвдауæг ма уæд.
Хæстбойнонæй амæл.
Хæствæлладæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хæствæлтæрдмæ ма ахæццæ у.
Хæстдзагъд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæстдзагъды уæлдæйттыл бафтын дын мауал бантысæд.
Хæстифтонг у æмæ дæ хæцыны бон ма фæуæд.
Хæстифтонгæй нæмыг ахизæд дæ зæрдæйы.
Хæсткъахæг дæ æмæ дзы дæ сæр басудзæд.
Хæстмондагæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Хæстмондагæй фæцæр.
Хæстнадæй амæл.
Хæстон рацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Хæстулæфт фæкæн.
Хæстулæфтгæнгæ сæппар дæ уд.
Хæстхъом макуы бау.
Хæстæг ссарынæн ма бау.
Хæстæгæй хæстæгмæ дæ сау хабар æрбайхъуысæд.
Хæстæгæй хæстæгмæ ласгæ фæу.
Хæстæггаг дæ мацы æрызгъæлæд.
Хæстæгджынæй дæ мачи базонæд.
Хæстæгдзинад макуы базон.
Хæстæгиуæг кæнынæн ма бау.
Хæстæджыты фыдæх ссар.
Хæстæджыты фыдæхыл фæкæл.
Хæстæгдзуар дыл йæ цæхæртæ ныккалæд.
Хæстæгдзуарæй æлгъыст фæу.
Хæстæгмæ мыл дæ хъæргæнджытæ сæмбæлæд.
Хæтаг куыдзы мардæй амæл.
Хæтаг куыдзы цардæй фæцæр.
Хæтаг сылæй фыддæр фæу.
Хæтаг сылæмгад дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хæтæнхуагæй баззай.
Хæтæг цард фæкæн.
Хæтгæ фæцу, кæй нæ зоныс, уыдоны уæзгуытыл.
Хæтгæйæ ссар дæ мæлæт.
Хæтгæцардæй дæ рафтын кæнæд Уæллаг Хуыцау.
Хæтинаг фæу ноджыдæр.
Хæтын базыдтай æмæ дын æй Хуыцау дæ къухæй мауал аппарæд.

Хæтæнты ахæтын дын ма бантысæд.
Хæтæнты ахæтын æмæ дын цæуæнты ацæуын мауал бантысæд.
Хæтæнты дæ фæкæлын кæнæд Хуыцау.
Хæф фæцæуæд дæ хъустæй.
Хæффындзæй фæсым-сым кæн.
Хæфцæстæй фæцу.
Хæфскъахæй амæл.
Хæфсхоры номæй батон дæ бонтæ.
Хæфсытæ фæуасæнт дæ къæхтæй.
Хæхбæстаг дон баназын дын мауал бантысæд.
Хæцаг куыдзау фæрæй.
Хæцгæ низ дыл фæзынæд.
Хæцгæ низæй фæсæй.
Хæцинаг фæу.
Хæцæнгарз сæмбæлæд дæ тæккæ зæрдæсæр.
Хæцæнгарзæй мард æрцу.
Хæцæнгарзджын суæвын дын ма бантысæд.
Хæцæнуаты — дæ мæлæт.
Хæцгæйæ æрхау.
Хæцгæ-хæцын дæ сæр — дæ быны.
Хæцгæ-хæцын дыл нæмыг суайæд.
Хæцинаг фæу дæ папиты тæригъæдæй.
Хæццæ цард фæкæн.
Хæццæгæнæг дæ æмæ хæццæйæ — дæ мæлæт.
Хæццæгæнинаг фæу.
Хæццæгомау дæ æмæ хæццæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хæццæгонд дæ кæронмæ фæкæнæд Уæллаг.
Хæццæ-мæццæ фæкæн.
Хæцъæфтад фæу.
Херы фæкæн.
«Хе» фæкæнæг дын ма уæд.
Хехына кæнгæ фæцу.
Хецъро дæ фæкæнын кæнæд Уæллаг.
Хи азарæй басудз.
Хи амонд дæ цы айрох уа, уыцы бон дыл æркæнæд, дæ кæстæрты æнамондмæ кæсгæйæ.
Хи базонын дын ма бантысæд.
Хи æвзаджы цæф фæу.
Хи марын дæ бахъæуæд.
Хи фыдты тыхт æрцу.
Хи хæдзар дын Хуыцау мауал зæгъæд.
Хи цæсты къала бæлас уын, искæй цæсты æрду дæр нæ.
Хибар царды ад ма банкъар.
Хибарæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Хибаргондæй фæбад дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хибæстаг адæймаг фенын дын ма бантысæд.
Хивастæй бафт дæ адзалы къухы.
Хивæнд дæ æмæ хивæндæй – дæ мæлæт.
Хивæндæй дæ къухы бафтæд дæ царды кæрон.
Хиввæрсонæй æрбадæлдзæх у.
Хиввæрсонты бон дыл акæнæд.
Хид аразын дын ма бантысæд.
Хид аразынæн бахъу.
Хидгæрон æрцæуæд дæ мæлæт.
Хидгæсæй фæцæр æнустæм.
Хидæртæхтæй фезгъæл.
Хидвæрдгуытæй фæхау фæйнæрдæм.
Хидвæллойæ цæрыны бон дæ макуы фæуæд.
Хидгæнинаг фæу.
Хидкалæн бонтæ фæтон.
Хидкалгæйæ цæр, цас дæ фæнды, уыйас.
Хидниз дыл фæзынæд.
Хизинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хизыны бонмæ фæцæр.
Хизын дæ цы бахъæуа фосау, уыцы амонд дын бауарзæд дæ раттæджы цæст.
Хиирхæфсгæйæ дыл сæмбæлæд дæ фыдбылыз.
Хиирхæфсыны бон дæ ма фæуæд.
Хил дарынхъом ма су.
Хил фæдар дæ ахсджиæгтыл.
Хил фæдарынмæ ма фæцæр.
Хилдарыны хъом дын Хуыцау ма зæгъæд.
Хилæг дыл фæхæцæд.
Хилæджы маргæй дæ сулæфыны бон мауал фæуæд.
Хилæджы цæф фæу.
Хилинаг фæу дæ цыппæртыл.
Хилыны бон дæр дын ма зæгъæд Уæллаг.
Химидæг ауайут.
Химидæг бамбийут.
Хин æмæ кæлæнæй фæцæр.
Хин æмæ дыл кæлæн бафтæд.
Хин æрцæуæд де ‘намонд сæрыл.
Хин баййафæд, кæм дын чи ис, уыдон.
Хинæй хинмæ фæцу.
Хинæйдзагæй дæ Уæллаг цæрын кæнæд.
Хинвæндæй дарддæр дæ сæрмæ рæстаг хъуыды макуы ‘рцæуæд.
Хингæнæджы ‘лгъыст дæ ныхыл сæмбæлæд.
Хингæнгæйæ дæ уд сис.

Хингæнинаг дæ не скæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Хингонд фæу.
Хингонд фæуæнт дæ ахсджиæгтæ.
Хингондæй фæцæр.
Хиндзастæй дæ Хуыцау фæкæсын кæнæд.
Хиндзыдæй фæцæр.
Хинтæ æмæ тæгæлтæ фæхау.
Хинтæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хинтæй дæ дæ ныхыдзуар дæр мауал аирвæзын кæнæд.
Хинты амæттаг фæу.
Хинтыл дæ дæ амондыскæнæг фæкæлын кæнæд.
Хинтылсæрст дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Хинкъал макуы фен.
Хинкъал хæрын дын мауал бантысæд.
Хинкъалхæрынхъом ма бау.
Хион зæгъæг дын ма уæд.
Хионæй-дадæгонæй – судзгæ фæбадут.
Хионæй-дадæгонæй – уыргæфтыд фæут.
Хиппæлой митæ фæкæн.
Хиппæлой митыл бахъу.
Хиппæлойæ æрцæуæд дæ сæфт.
Хиртгæнгæ фæцу.
Хиртгæнгæйæ дæ сæры мæгъзтæ æркæлæнт дæ размæ.
Хиртгæнгæйæ фындзæфтыд фæу.
Хиртгæнинаг фæу.
Хист кæнынæн бахъу дæ бинонты хуыздæрæн.
Хистаг фæу.
Хистæй хистмæ фæцу дæ уды тæригъæдæй.
Хистæн хæрд æрцу.
Хистаг дын мацы уæд æмæ хистгæнджытæм фæхæлæг кæн.
Хистгæнæг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хистгæнæджы бонæй фæцæр.
Хистгæнæнтæ фæагур æмæ дæ дæ ахсджиагæн хист скæныны бон ма фæуæд.
Хистхоры ном фæхæсс.
Хистытæ кæнынæн бахъу æмæ дæ цæрын айрох уæд.
Хистыты дæ бахъæуæд лæггад кæнын.
Хистытыл фæзил ноджыдæр.
Хистæр макуы фен.
Хистæргай уæ афснайæд мæ уд.
Хистæриуæг кæнынæн ма бау.
Хистæриуæггæнæг уæм мауал баззайæд.
Хистæртау фæу.
Хиталæгау батай æмæ руадæй фæлæуу.

Хиталæджы сæрты ахизынæн асинтæ февæр.
Хиталæджы сæрты хизгæйæ фæкæл æмæ дæ уæраг ныссæтт.
Хиу лæугæйæ фæхиу у æмæ дæ астæуыл афæд.
Хиу ныллæуу.
Хиу чи лæууыд, уыдоны бон дыл акæнæд.
Хиуæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хиуæй фæцу.
Хиуа дæ галиу хъусæрдыгæй фæзарæд.
Хиуайы зондæй фæцу бæлцуаты.
Хиуауасæг уæм мауал уæд.
Хиуылфæхæцæг уæ ма разынæд.
Хихгай нызгъæл.
Хихъахъхъæнынхъом макуы бау.
Хицау дын ма разынæд.
Хицауагурæг фæцу.
Хицауадæй æнæхицау аззай.
Хицауиуæггæнæг уæ мачи разынæд.
Хицæн фæкæн.
Хицæнæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хицæнæй рафтау дæ дæндаг.
Хицæнгæнгæйæ фæцæр.
Хицæнгæнинаг дæ де Сфæлдисæг фæкæнæд.
Хицæнгондæй атæппæлæг у.
Хицон ма базон.
Хицонæй сæфт æрцу.
Хицонджынмæ фæбæлл æмæ æнæхицонæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хицонджыны цæстæй кæсыны бон дæ ма фæуæд.
Хицонджынтыл нымад макуы æрцу.
Хо ма фен.
«Хо, хо» фæкæн æмæ æнæхойæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Ходыгъды фæндиаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хойæ æнæхойæ аззай.
Хойы ад ма банкъар.
Хойы зæрдæ ссарынæн ма бау.
Хойы зæрдæ æфсымæрмæ у, æфсымæры зæрдæ — хъæдмæ, фæлæ дæуæн дæ зæрдæйы кард нынныхсæд.
Хойы уарзт дын Хуыцау ма базонын кæнæд.
Хойы фыдæх дæ баййафæд.
Хойы фыдæхæй цъыбырттысыгъд æрцу.
Хомæ фæбæлл æмæ дын æй Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Хоинаг фæу.
Хойæг дæ цы фæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Хойæггаг дæттын дæ цы бахъæуа, ахæм амондæй дæ бон — хорз.

Хойæны бын дæлгом-уæлгом фæкæн.
Хойгæ дæ мæ уд фенæд.
Хойгæйæ тугдæппал схау.
Хойгæ-хойын уыргæфтыд фæу.
Хойгæ-хойын фæдæнгæлмард у.
Хойын дæ бахъæуæд.
Хойынæй рафт.
Хойынæн мауал сбæзз.
Хойыны дуг дыл ныккæнæд.
Хойраг дæ гуыбыны фаг макуы фен.
Хойрагарæх дæ цæстызулæй дæр макуы фен.
Хойрагæй дæ цæст макуы бафсæдæд.
Хойрагхъуаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хойрагцухæй фæтон дæ бонтæ.
Хойраджы ард дæ баййафæд.
Хойраджы фыдæхæй басудз.
Холы фæхæр.
Холыхорæй фæцæр.
Холыхоры ном фæхæсс.
Холыхортыл нымад æрцу.
Хом фыд фæхæр бирæгъау.
Хомбылæй фæцу.
Хомфыхтыл фæзил.
Хомхоры ном фæхæсс.
Хомхоры номимæ рафт.
Хонæг дæ сыхæгтæм дæр макуы фен.
Хонгæйæ дæр мауал сæмбæл дæ ныййарджытыл.
Хонинаг фæу дæ хæдзармæ.
Хонын дæ бахъæуæд дæ бинонтæм.
Хонынвæнд дæ сæрмæ цæугæ дæр макуы æркæнæд.
Хонынмæ фенхъæлмæ кæс æмæ дæ куыдзы хъуыды макуы мачи æркæнæд.
Хоныны бон дæ ма фæуæд.
Хоныны зæрдæ дын макуы бауарзæд Хуыцауы цæст.
Хоныны фадат дын ма саразæд дæ амондфыссæг.
Хор, донæй макуы бафсæд.
Хор, донмæ фæбæлл, фæлæ дын сæ раттæг мачи фæуæд.
Хор, доны хъæстæ макуы фæу.
Хорарæх макуы фен дæ хæдзары.
Хорæй ма бафсæд.
Хорæрзад ма фен.
Хорæрцыд дын Уæлладжы цæст ма бауарзæд.
Хорæфсæст цæстæй ракæсын дын макуы бантысæд.
Хоргур фæзил хæдзари-хæдзар.

Хорджын аз дыл макуы ныккæнæд.
Хорзайæны дæр де стонг гуыбын фæных.
Хорсæфт фæу.
Хорхъуагæй батон дæ бонтæ.
Хорцухæй фæцæр.
Хоры азар дæ баййафæд.
Хорыссæджы зæрдæйыуагæй макуы рацæр.
Хордзенджын уазæг дæ къæсæрыл макуы бахизæд.
Хордзентау æмауыгъдæй фæлæуут.
Хордзентау уæ кæрæдзи фæуромут.
Хорз дæ фæсонæрхæгмæ дæр макуы ’рцæуæд.
Хорз кæнынхъом макуы бау.
Хорз макуы ракæн.
Хорз ракæн æмæ фыд ссар.
Хорзайæнмæ ма ахæццæ у.
Хорзау дæ Хуыцау ма фæкæнæд.
Хозау мауал фæу.
Хорзæй уæ хуыздæрмæ цæуынхъом мачи фæуæд.
Хорзæрдæм уæ макуы макæй сæры магъз скусæд.
Хорзæрдыгæй уæ мачи аззайæд.
Хорзгæнæг уыл ма сæмбæлæд.
Хорздзинад дардмæ дæр макуы фен.
Хорззæрдæ макуы ссар.
Хорззæрдæ ссарынæн ма бау.
Хорзлæджыхъæдджын адæймагыл уынджы дæр макуы сæмбæл.
Хорзмыггаг сылыстæг дæм зулмæ дæр макуы фæкæсæд.
Хорзмæ фæбæлл æмæ дыл макуы сæмбæлæд.
Хорзсæфт фæу.
Хорзæх дыл макуы сæмбæлæд.
Хорзæхджын суæвын дын ма бантысæд.
Хорзæхмæ фæбæлл æмæ схуыстæй амæл.
Хос кæнын дын бахъæуæд.
Хосарæхæй хосы фыдæй фæсæй.
Хосгæнæг дын хос мауал ссарæд.
Хосгæнæджы фыдæй дын дæ сынтæгсисын мауал бантысæд.
Хосгæнæггаг дæ удæй фæфид.
Хосгæнæн дын мауал уæд адæмы тæригъæдæй.
Хосгæнæндонмæ ласыны бон дæ мауал фæуæд.
Хосгæнгæйæ сис дæ уд.
Хосгæнинаг фæу.
Хосгæнинагæй æрдæгмæ дæр мауал ахæццæ у.
Хотых райсынæн ма бау.
Хотыхдар уæ макуы рацæуæд.
Хотыхджын лæджы кадæй хызт у.

Хотыхджынæй æнæхотыхджынты къухæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хотыхифтонгæй æнæхотыхджынты ‘хсæн фембæхс.
Хотыхифтыгъдæй хотыхы къæппæгыл зæрдæджынæй æрбахæцынæн ма су.
Хотыххæссæг уæ ма рацæуæд.
Хотыххæссæгмæ фæбæллут æмæ йæ цæстæй ма фенут.
Хотыххъуаг феййафут уæ цæрынæй уæ хæрынмæ.
Хотыхы цæф баййаф.
Хох дыл рафæлдæхæд.
Хохаджы сагъæс дæм ма бахъарæд.
Хохæй хохмæ хæлиу фæлæуу.
Хохмæ хизын дæ бахъæуæд æмæ йæ цъуппæй ратул.
Хохы бын – дæ сæр.
«Хо, хо» фæкæн, фæлæ дын мацы саразын бантысæд.
Хохогæнгæйæ сæппар дæ уд.
Хочъи дыл фæзынæд.
Хочъийæ фæсутыр у.
Хочъийы хаст фæу.
Худ дарынæн ма бау.
Худ лæг фæдары æмæ, лæгты къæхты бын амæл, кæд ды лæг нæ дæ.
Худаистæй фæцу, кæм дын чи ис, уыдонмæ.
Худныккæнæг уæ ма рацæуæд.
Худныккæнæг уæ мауал баззайæд.
Худæг мард акæн – адæм дыл артæнхæлдтæ куыд кæной.
Худæггаг дын – хæлын худ.
Худæн бонтæ дæ фæсонæрхæджы дæр макуы фен.
Худæнбыл у, фæлæ дæ цæссыг дæ зæрдæмæ фезгъæлæд.
Худæнбылæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Худæнбылæй сауты фæцу.
Худæндзаст мард акæн.
Худæндзастæй араст кæн дæ къæхтæ.
Худæндзастæй дæ афæндараст кæнæд мæнæй уый дæ фæстаг фæндагыл.
Худæндзастæй цæуынмæ фæтырн æмæ æлхынцъæрфыгæй бафт дæ адзалы къухты.
Худæндзастæй цæуыны бон дæ макуы фæуæд.
Худæндзастæй чи афæндараст йæ фæстаг фæндагыл, уыдонмæ тæригъæдæй рæхджы бонты баййаф.
Худгæ сæппар дæ уд.
Худгæйæ фæсутыр у.
Худинаггаг фæу.
Худинаггагæй баззай.
Худинаггагæй батон дæ царды бонтæ.

Худинаггаджы мард дын бауарзæд Уæлладжы цæст.
Худинаггаджы цардæй фæцæр.
Худинаггæнæг дæ æмæ худинаггаджы мард акæн.
Худинаггæнæгæй сæмбæл дæ ницæйаг царды кæроныл.
Худын ма бантысæд дæ ахсджиæгтæн.
Худын дын ма бантысæд Уæлладжы цæфæй.
Худынæввонгæй тъæппытæ фæхау.
Худындзастæй сæмбæл дæ сыджытыхайыл.
Худынмæ фæбæлл æмæ кæугæйæ амæл.
Худынмондагæй дæнгæлмард фæу.
Худыны бон дæ мауал фæуæд.
Худыны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Худыныл фæцархай æмæ-иу дын кæуынмæ асайæд.
Хур дыл анығуылæд.
Хур дыл ма скæсæд дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хур ма фен.
Хур фенын дын макуы бантысын кæнæд Уæллаг.
Хур фенынæн ма бау.
Хурауон æрцæуæд дæ мæлæт.
Хурауон батон дæ цардбонтæ.
Хурауонæй рахизын дын ма бантысæд.
Хурæй дын бафсис ма уæд, зæххæй — хай.
Хурæй дын хæдон ма уæд, зæххæй — дзабыр.
Хурæй хæдон фæдар, зæххæй — дзабыр.
Хурæнгæс макуы рахизæд дæ хæдзары къæсæрæй.
Хурæнгæсмæ фæбæлл æмæ дыл йæ рухс дæр макуы аныдзæвæд.
Хурæнгæсты къæхтæсæрфæнæй рафт.
Хурæргом хъуыддаг бакæнынæн макуы бау.
Хурæргом цард дын Хуыцау макуы раттæд.
Хурæрзылдмæ — дæ цард.
Хурæркаст фенын дын ма бантысæд.
Хурæркастмæ мауал ахæсс.
Хурæфсæст цард макуы фен.
Хурæфсæстæй хуры цæст мауал ауын.
Хурварс абадыны бон дæ ма фæуæд.
Хурварсмæ фæбæлл æмæ сымæр ныккæнды сис дæ уд.
Хурвæлтæр уæ макуы рахъомыл уæд.
Хурвæлтæрмæ фæбæлл æмæ фыддæрæй фыддæрмæ фæцу.
Хурзæрин дыл мауал скæсæд.
Хурзæрин фенын дын мауал бантысæд.
Хурзæринæй æлгъыст фæу.
Хурмæ дæ царм æмпылгæ кæнæд, къæвдамæ — ивæзгæ.
Хурмæ хусгонд æрцу.
Хуры азар дæ басудзæд.

Хуры цæст макуы фен.
Хурыскаст мауал фенæнт дæ ахсджиагтæ.
Хурыскаст фенын дын мауал бантысæд.
Хурыскæсæн мауал фен дæ кæстæртимæ.
Хурыскæсæны дзуæрттæй æлгъыст фæу.
Хурыскæсæнырдæм дæ фæндæгтæ æхгæд æрцæуæнт.
Хурыскæсæнырдыгæй дыл хур мауал скæсæд.
Хурхбастæй ныххуыдуг у.
Хурхгондæй амæл.
Хусгæнинаг фæу.
Хусгондæй амæл.
Хуссайраг дон баназын дын мауал бантысæд.
Хуссарырдæм цæуæг уæ мауал уæд.
Хуссарвахс абадыны бон дæ мауал уæд.
Хус сыфтæрау габазгай фезгъæл.
Хуы фест.
Хуыгæс фæцу ноджыдæр.
Хуыгæсæй дарддæр мацæмæн сбæзз.
Хуыгуыбын фест.
Хуыгуыбынæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хуыдоны конд æрцу.
Хуыдоны сис дæ уд.
Хуыдзармы фæцæр.
Хуыйы цармы тыхт фæу.
Хуыйысæры кад – дæ сæры.
Хуысар – дæ дзыхы.
Хуысары цæф фæу.
Хуыд æрцу дæ бынатмæ.
Хуыдуг кæнинаг фæу.
Хуыдуггондæй сис дæ уд.
Хуызæнæн цард макуы фен.
Хуыздæр кæнын дын ма бантысæд.
Хуыздæйраг ма фæу.
Хуыздæйрагырдæм дæ Хуыцау ма фæкъул кæнæд.
Хуыздæрæй-хуыздæрмæ фæцу æмæ дæ Хуыцау хуыздæраг ма фæкæнæд.
Хуыздæрæн дæ макуы равзæрстæуæд.
Хуыздæрырдæм цæуынæн ма бау.
Хуыздæрырдыгæй дыл суайæд нæмыг.
Хуыздæрырдыгæй цæф фæу.
Хуыздæргæнæг дæ ма фæуæд.
Хуыздæргæнæн дын дæ Хуыцауыхайы цæст мацыуал бауарзæд.
Хуыздæргæнгæ уæ макуы мачи ацæуæд.

Хуыздæргæнгæйæ хуыздæрты разæй фæу.
Хуыздæргæнинаг дæ а комбæсты зæдтæ фæкæнæнт.
Хуыздæргонд цу æмæ æвзæрæй æвзæрдæрмæ æрхау.
Хуыздæртау фæу.
Хуыздæрхъуаг дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Хуызивæн фæкæн.
Хуызивæнтæгæнгæ батон дæ бонтæ.
Хуызивæнтæгæнгæйæ – дæ удисæн.
Хуызивæнтæгæнгæйæ дын Уæллаг сæппарын кæнæд дæ ницæйаг уд.
Хуызивæнтæгæнинаг фæу.
Хуызивд дзаумайау дæ удæй дæ мидæг мацыуал аззайæд.
Хуызивдæй æрбамæл.
Хуызисинаг фæу.
Хуызист стыр кæнын дын бахъæуæд.
Хуызсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хуызфæливæнтæгæнгæ фæрамбæхс-бамбæхс кæн дæ адзалæй.
Хуызхор дыл фæзынæд.
Хуызхоры хæрд фæу.
Хуыинаг фæуæд де 'нæфсис уæцъæф.
Хуыйæндаджы хуызæнæй фæцу.
Хуыйыны бон дын Хуыцау мауал раттæд.
Хуыккомагуринаг фæу.
Хуыккæмтты фембæхс.
Хуылфниз дыл фæзынæд.
Хуылфнизæй фæсæй.
Хуылфнизы амæттаг фæу.
Хуылыдзæй ивæзтау зæххыл фæрабыр-бабыр кæн.
Хуылыдзæй ивæзты цардæй фæцæр.
Хуылыдзгæнинаг фæу.
Хуылыдзмард акæн.
Хуым бакæнын дын ма бантысæд.
Хуым кæнынæн ма бау.
Хуымгæнæджы зæрдæйы цин макуы базон.
Хуымгæнгæйæ дæ гуыбын кæрдзынæй макуы бафсад.
Хуымгæнгæйæ сис дæ уд.
Хуымзæххæй дæ цæст макуы бафсæдæд.
Хуымæллæгау искæйæнцæйтты фæхил.
Хуымæтæджы – дæ фæллæйттæ.
Хуын макуы фенæд дæ цæст.
Хуындæджы фæбад.
Хуындæджыбадгæйæ баззай.
Хуындзау ацæуын дын ма бантысæд.
Хуындзæутты фæдыл фæцу.

Хуынгæнгæйæ æнæхуын фæу.
Хуынкъгæнинаг фæу.
Хуынхæссæджы зæрдæ дын макуы раттæд Хуыцау.
Хуынчъытæ бау.
Хуынчъытæй фæдзыназ.
Хуыртæ æмæ дуртæ фæхæр.
Хуырх фæнуаз æмæ дын уый дæр дæ гуыбыны фаг макуы уæд.
Хуыр-хуыр фæкæн.
Хуырхуыргæнгæйæ сæппар дæ уд.
Хуырым галау галиумæ фæхæц.
Хуырымгондæй батон дæ цард.
Хуысар дæ йæ фæсарц авæрæд.
Хуысар – дæ хурхы.
Хуысар дыл фæзынæд.
Хуысарæй дын фервæзт мауал уæд.
Хуысарæй фæсæй.
Хуысары хаст фæу.
Хуысары цæф – дæ дзыхы.
Хуыскъ цард фæкæн.
Хуыскъагæй баззай.
Хуыскъастæуæй фæцу.
Хуыскъæй амæл.
Хуыснæг фæцу æмæ дæ гуыбын кæрдзынæй макуы бафсад.
Хуыснæгæй амæл, адæм дыл «æххы-ту» куыд кæной.
Хуыснæггаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хуыссæг дын ма уæд.
Хуыссæгдзастæй фæдзыназ.
Хуыссæгхъæлдзæгæй – дæ удисæн.
Хуыссæджы ахæсты – дæ сæр.
Хуыссæн дын ма уæд мæ тæригъæдæй.
Хуыссæнгарзыл дæ дæхи æруадзыны бон макуы фæуæд.
Хуыссæны рафт.
Хуыфæг дæ ахæссæд.
Хуыфæг дыл фæзынæд.
Хуыфгæ-хуыфын сис дæ уд.
Хуыфæджы хаст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хуыфинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хуыфын дын мауал бантысæд.
Хуыцау дæ афтæ бауарзæд, ды мах цас уарзыс, æмæ дыл йæ цæхæртæ æркалæд.
Хуыцау дæ мауал суадзæд.
Хуыцау дæ ралгъитæд.
Хуыцау дыл йæ цæхæртæ мах бæсты дæр æркалæд.
Хуыцауæй æлгъыст фæу.

Хуыцауæй фыдæлгъыст фæуæд дæ ахсджиаегтæ.
Хуыцауæлгъыст фæу нoджыдæр.
Хуыцауæхсæв мауал æрæйиаф.
Хуыцаубон дыл мауал æрцæуæд.
Хуыцауы къухылæвæрд фæу.
Хуыцауыстæн фæкæн æмæ дæ йæ фыдæх уæд дæ мæнг сомытæм.
Хуыцæутты Хуыцау дын ма ныббарæд.
Хуыцæутты Хуыцау дын фæуæд тæрхонгæнæг.
Хуычъы уидзынæн ма бау.
Хыбар-хыбур фæкæн.
Хыбархыбураг фæуæд дæ сæфтдзаг сæр.
Хыбархыбургæнгæ фæцу.
Хыбархыбургæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хызы амæл.
Хыл кæныныл дæ сардауæнт дæ хæйрæджытæ.
Хыл фæкæн.
Хылæмхицæй дæ фæцæрын кæнæд дæ рафæлдисæг.
Хылгæнгæйæ дæ къах дæ адзалыл скъуыр.
Хылгæнинаг дæ де ʻнамонд сæр фæкæнæд.
Хылгондæй æрбамæл.
Хылкъахыныл ныллæуу æмæ дзы дæ сæрысæфт ссар.
Хылкъахæггаг дын – æввонг мæлæт.
Хылкъахгæйæ фæхъу де ʻмгæртты рæгъæй.
Хылмондагæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хым-хым кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Хым-хым фæкæн.
Хымхымæг дыл бахæцæд.
Хымхымгæнгæ удхар фæкæн.
Хымхымгæнгæйæ дæ уд сис.
Хымхымгæнинаг фæу.
Хынджылæг фæчындæуæд дæ мыггаджы чызджытæ æмæ чындзытæй.
Хынджылæгæй джидзæг скъæрыс æмæ джидзæггаг – дæ сæр.
Хынджылæггаг – дæ мыггаджы хистæртæ.
Хынджылæггаг – дæ сæр.
Хынджылæггаг фæу.
Хынджылæггæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хынджылæггæнгæйæ сис дæ уд.
Хынджылæггæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хынджылæггонд æрцу.
Хынджылæджы бон дыл акæнæд.
Хынцыны бон дæ ма фæуæд.
Хыртт-мыртт фæкæн.

Хыртт-мырттаг фæу.
Хырттым-бырттымæй дарддæр мацы базон.
Хырх фест æмæ дæхи скæрдæнтæ кæн.
Хырхæйæргæвст æрцу.
Хырхæйфаст дæ де скæнæг фæкæнæд.
Хырхгæ дæ Уæллаг фæцæуын кæнæд.
Хырхгæйæ æрхау дæ мидбынаты.
Хырхинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хырхыны бон дæ мауал фæуæд.
Хырхыргæнгæйæ – дæ удисæн.
Хырхыргæнинаг фæу.
Хырычъы фысы æмбисонд дыл акæнæд.
Хыссæ кæныны бон дын Хуыцау ма раттæд.
Хыссæ снæмынæн ма бау.
Хыссæйау дæ фезмæстæуæд ноджыдæр.
Хыссæйау тула-мула фæкæн.
Хыссæйы номæй дæм фæдзырдæуæд.
Хыссæкъухæй фæцу æмæ дæ бинонтæн æхсæвæрваг скæнынхъом ма бау.
Хыссæйæдзаг къухæй дæ мачи фенæд.
Хыссæкъухæй фæцу, фæлæ хыссæ кæнынæн ма бау.
Хытъын рауадзынæй дарддæр мацы базон.
Хытъынайæ фæрафт-бафт кæн.
Хытъынæй хытъындæрмæ фæцу.
Хытъынгондæй ссар дæ уды сæфт.
Хытъынджынæй фæцу заинаг усау.

## Хъ

Хъабыл суæвынæн ма бау.
Хъав, æмæ дæм æвзидæг фæраздæр уæд.
Хъавгæйæ сæмбæл дæ адзалыл.
Хъавгæ-хъавын дыл де знаджы нæмыг сæмбæлæд.
Хъавинаг фæу.
Хъавынæн бахъу æмæ дын аразын мацы бантысæд.
Хъавыны бон дæ мауал фæуæд.
Хъадаманæвæрдæй батон дæ царды бонтæ.
Хъадаманджынæй фæцæр.
Хъадамантæ аппарын дын ма бантысæд.
Хъадаманты фæцу.
Хъадджджын мацæмæй баййаф сæрызондæй дарддæр.
Хъазайраг дæ фестын кæнæд Уæллаг.

Хъазайрадон æфсондз фæхæсс ноджыдæр.
Хъазайраджы барад аппарын дын ма бантысæд.
Хъазайраджы цардæй фæцæр.
Хъазау дæ сæр ныхъхъил кæн, фæлæ дын дзы хъазы зондæй фылдæр зонд макуы бацæуæд.
Хъазхуызæй фæцу.
Хъазы зонд – дæ сæры.
Хъазы цæсгомæй фæцæр.
Хъазы цæсгомимæ фæцу адæмы æхсæн.
Хъазхъуыр рæсугъд макуы фен.
Хъазхъуырты фæдыл зилынæн бахъу æмæ дæ дæ амонд ссарын байрох уæд.
Хъазахъ дыл æртыхсæд.
Хъазахъхъаджы нæмыг дыл сæмбæлæд.
Хъазахъы къухылæвæрд фæу.
Хъазæнхъул дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хъазæнхъул фест сывæллæттæн.
Хъазгæ æмæ худгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъазгæйæ сис дæ уд.
Хъазгæмхасæнты дæ къæхтæ адаргъ кæн.
Хъазгæ-хъазын æрбадæнгæлмард у.
Хъазгæ-хъазын дыл фæирвæзæд дæ хотых.
Хъази цы хъазт фæкодта, уымæй дын аирвæзт ма уæд.
Хъазийы хъазт фæкæн.
Хъазинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъазт макуы базон.
Хъазт макуы фен.
Хъазтвæлладæй æрбамæл.
Хъазтизæрмæ цæуыны фадат дын макуы фæуæд.
Хъазтизæртыл фæзил æмæ дæ кусын айрох уæд.
Хъазын дын ма бантысæд.
Хъазынмондагæй фæцу.
Хъазынхъом дæ Хуыцау ма фæкæнæд.
Хъазынхъуагæй фæхутæлæг у.
Хъазыны бон дæ ма фæуæд.
Хъазуат куыстæй рафт.
Хъазуатæй æрбамæл.
Хъазуатæй кусыны бон дын Хуыцау макуы раттæд.
Хъазуатæй сис дæ сау уд.
Хъазуатон куысты бон дæ макуы фæуæд.
Хъайла фæхæр æмæ дзы зæрдæхауд фæу.
Хъайлахæрдæй рафт.
Хъайлахоры номæй фæцæр.
Хъаймæт дæ æрæййафæд.

«Хъаймæт, хъаймæт» кæныс æмæ дзы æппæты фыццаг дæ сæр басудзæд.
Хъаймæтæй дын фервæзт мауал уæд.
Хъаймæттаг дæ фæкæнæд дæ амондыскæнæг.
Хъаймæты бон дыл æркæнæд.
Хъайтар макуы фен.
Хъайтар уæ макуы рацæуæд.
Хъайтардзинад равдисынæн макуы бау.
Хъал дæ æмæ хъал мард акæн рæхджы.
Хъал цард макуы фен.
Хъал цардæй атъæпп у.
Хъал цардмæ фæбæлл æмæ дын де уæнгтæ атынг кæнын макуы бантысæд.
Хъалæй ацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Хъалбиттайæ фæцу.
Хъалбиттайы бон дыл акæнæд.
Хъалзæрдæ дын дæ амондыскæнæджы зæрдæ ма бауарзæд.
Хъалзæрдæйæ рацæуыны бон дæ ма фæуæд.
Хъалты къæхты бын амæл.
Хъалты фæдыл фæдугъ кæн æмæ дын сæ баййафын макуы бантысæд.
Хъалты фæфæзм æмæ гæвзыккæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Хъалон фæдар.
Хъалонæвæрдæй фæцæр.
Хъалондар дæ дæ рафæлдисæг скæнæд.
Хъалондарæй фæцу.
Хъалонисæджы кадæй фæцæр.
Хъалонфидæг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъама — дæ зæрдæйы.
Хъамаджынтыл æмбæлд фæу.
Хъамадзæф дæ дæ амондыскæнæг фæкæнын кæнæд.
Хъамайæ къуыхтæ æрцу.
Хъамалвæстæй фæрацу-бацу кæн.
Хъамалвæстæй цæуыны сæр дæ бахъæуæд.
Хъамбулджын кæстæр макуы рахъомыл уæд дæ къуымы.
Хъамбулджынтæ фæныгæн.
Хъамбулсаст дæ фæкæнæд Уæллаг.
Хъамылты хæтгæйæ рафт.
Хъамылы æрцæуæд дæ мæлæт.

*Хъамылы — дæ цæрæн,*
*хъамылы — дæ мæлæн.*

Хъамылджыны ахизынæн ма бау.
Хъан макуы фен.

Хъан хæссынæн ма бау.
Хъанхæссæджы зæрдæйæ фæцæр.
Хъаны цардыл сахуыр у æмæ дын адæмы цард ад мауал скæнæд.
Хъандзал кард дыл сæмбæлæд.
Хъандзал карды цæф фæу.
Хъарæг кæнын дыл бахъæуæд.
Хъарæг кæныны тых дын Хуыцау мауал раттæд.
Хъарæг кæныныл фæу æмæ дæ папитæ уæзгуытыл ныффалгæрон уæд.
Хъарæг фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хъарæггаг фæу.
Хъарæггæнæг фæцу дæ цæгатмæ.
Хъарæггæнгæ атæхæнт дæ хуыздæр азтæ.
Хъарæггæнгæ фæцу, кæм дын чи ис, уыдонмæ.
Хъарæггæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъарæггæнинаг фæуæд дæ бинонты хуыздæр.
Хъарæггæнинаг фæуæд де 'взæр сæр.
Хъарæггæнинаг фæут æнæхъæн мыггагæй.
Хъарæггæнинагæй баззай.
Хъард фæу дæ тæригъæдтæ æмæ дын сæ Хуыцау дæ сæрыл уыцы калд æркæнæд.
Хъаринаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъарм бон макуы фен.
Хъарм бинонты астæу макуы æрбад.
Хъарм цард дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Хъармзæрдæйæ дæ хъуыддæгты фæдыл макуы азил.
Хъару æвдисыны дуг дыл ныккæнæд æмæ æвзæрæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъару дæм ис, фæлæ дæ йæ равдисыны бон ма фæуæд.
Хъаруджынтæ тыхæвзаргæйæ фæхъæуынц æмæ дыл се 'мбисонд акæнæд.
Хъарусаст дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъаст кæнынæй дарддæр макуы мацы базон.
Хъаст фæкæн дæ цард-цæрæнбонты.
Хъастгæнгæйæ рафт.
Хъастгæнгæйæ рафтау дæ дæндаг.
Хъастгæнинаг фæу.
Хъастгонд у.
Хъаугъа фæкæн.
Хъаугъагæнгæ ссар дæ мæлæт.
Хъаугъагæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъаугъайаг — дæ цъиусæр.
Хъаугъайаг фæу.

Хъаугъайы бон дæр дын Хуыцауы цæст мауал бауарзæд.
Хъаугъайы боныгуырд фæу.
Хъахбай дæ æмæ хъахбайæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъахбайæ батон дæ бонтæ.
Хъахбайдон скæн дæ хæдзарæй.
Хъахбайтимæ амæл.
Хъахъхъæнинаг фæу.
Хъахъхъæныны бон дæ ма фæуæд.
Хъæбæрæй баззай.
Хъæбæрæй дæ афснайæнт дæ ахсджиæгтæ.
Хъæбæрмард акæн.
Хъæбæргæнинаг фæу.
Хъæбæрдзыхæй фæрæй.
Хъæбæрзæрдæйæ фæныгæн дæ ахсджиæгты.
Хъæбæрхорæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Хъæбæрхоры фыдæх дæ баййафæд.
Хъæбул макуы фен.
Хъæбулджын дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Хъæбулджынæй рацæугæ дæ мачи фенæд.
Хъæбулджынтæм фæбæлл æмæ сæ амондæй хызт у.
Хъæбулы ад дын Стыр Хуыцау ма базонын кæнæд.
Хъæбулы амонд дын Мадымайрæмы цæст ма бауарзæд.
Хъæбулхор дæ æмæ дын Уæллаг хъæбулы ад мауал банкъарын кæнæд.
Хъæбулхорæй фæцæр.
Хъæбулхоры æмбисонд дыл акæнæд.
Хъæбыс кæнынæн ма бау.
Хъæбыс-хъæбыс фæхуысс мæ куыдзимæ.
Хъæбысыдзаг сылгоймаг макуы фен.
Хъæбысыдзаг сылгоймагыл бацин кæнынæн ма су.
Хъæвдын ныййар хъæбулы бæсты.
Хъæвдын фæрæйæд дæ авдæнæй.
Хъæвдынты мад фæхуин.
Хъæдтæ æмæ дæм хæхтæ фæдзурæнт.
Хъæдгарз аразынæн ма су.
Хъæдгæронæй дарддæр хъæды бацæуынæн ма бау.
Хъæдгæсы кадæй фæцæр.
Хъæдгомæй фæцу.
Хъæддаг дæ æмæ хъæддагæй æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Хъæддых фæлæууыны бон дæ ма фæуæд.
Хъæддыхæй амæл.
Хъæддыхы кармæ ма ахæццæ у.
Хъæдджынæй сæмбæл дæ фæстаг бынатыл.
Хъæддзау фæцу æмæ дæ хъæдæй æрластæуæд.

Хъæддзау цæуыны бон дæ мауал фæуæд.
Хъæдрæбыны — дæ мæлæт.
Хъæдур фæхæр.
Хъæдурæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Хъæдурæй дæ удхæссæг фæуын æмæ дын уый дæр ма уæд бахæринаг.
Хъæдфадæныл ауыгъд æрцу.
Хъæд-хъæд цæуинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хъæдхъиутæ хæрыны бон дæр дæ мауал фæуæд.
Хъæдысыст дæ бахæрæд.
Хъæдысыст дæ цуры фæстейы аззайæд.
Хъæдысыстæй фыддæр фæу хъæд хæрынмæ.
Хъæды халон фест.
Хъæды халон фест æмæ дæ хъæбулты фыдтæ фæнымай.
Хъæды халон холы хæрынмæ дæ цуры æфсæрмы фæкæнæд.
Хъæды халонау дæ уоны фæкæс.
Хъæды халонау иунæгæй амæл.
Хъæды халонау иунæгæй батон дæ бонтæ.
Хъæды халонау хъуахъ фæкæн фæйнæрдæм.
Хъæды халоны номимæ фæцæр.
Хъæдын зондæй фæуынаффæтæ кæн.
Хъæдын къахæй фæбар зæхх.
Хъæдын къахæй фæхой дæ уæзгуытæ.
Хъæдындз хæрыны бон дæ ма фæуæд.
Хъæдындзы бонæй фæцæр.
«Хъæздыг дæн, хъæздыг дæн» фæкæн æмæ дæ цæй мидæг баныгæной, уый дын ма уæд.
Хъæздыг дæр зоны мæлын æмæ дæ мæнæй уый рæхджы цы фæдæлсыджыт кæна, уыцы амонд — дæ хай.
Хъæздыг лæджы митæ фæкæн æмæ мæгуырæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæздыг мард акæн.
Хъæздыг мард рахæсс дæ хæдзары рæбынæй.
Хъæздыг цардмæ фæбæлл æмæ дæ гуыбыны царм хуырх æмæ кæрдзыны хъæбæрæй алопъо уæд.
Хъæздыгæй амæлыны бон дæ ма фæуæд.
Хъæздыгæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæздыгæй мæгуыр фæхуин.
Хъæздыгæй фæцæр æмæ дæ бирæ бынтæй дæ гуыбын афтид кæрдзынæй бафсадын дæ цæст макуы бауарзæд.
Хъæздыггæнæн дын макуы уæд.
Хъæздыджы бонæй рацæрыны фадат дын Уæллаг Хуыцау макуы раттæд.
Хъæздыджы митæ фæкæн æмæ дæ мæгуыры ныгæд акæнæнт.

Хъæздыджы ном фæхæсс æмæ мæгуырæй æрцæуæд дæ удисæн.
Хъæздыджыты къæхты бын амæл.
Хъæздыджыты мæрдты баййаф.
Хъæздыджыты фæфæзм æмæ де ‘хсæвæр хъармæй макуы ацæуæд дæ хъуыры.
Хъæздыджытыл нымад де ‘нусон дунейы æрцу.
Хъæлтæ æмæ æртæ фæрдыджы фæхау.
Хъæлтæ дæ фæхауын кæнæд Уæллаг.
Хъæлтæ фæхау.
Хъæлæба фæкæн.
Хъæлæбагæнгæ сис дæ уд.
Хъæлæбагæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хъæлæбагæнинаг фæу.
Хъæлæбагæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæлæбагæнджыты хал ахæр.
Хъæлæс дын мауал уæд.
Хъæлæсгæнгæйæ фæлæуу фæндæгты былтыл.
Хъæлæсист дæ а комбæсты дзуæрттæ фæкæнæнт.
Хъæлæссæфт дæ Уæллаг цы æрбакæна, ахæм амонд дæ баййафæд.
Хъæлæссæфт фæу.
Хъæлæсы дзаг дæ туг фæом.
Хъæлæсы дзаг сдзурыны бон дæ макуы фæуæд.
Хъæлдзæг бон дыл макуы æркæнæд.
Хъæлдзæг цардмæ фæбæлл æмæ дæ бонтæ кæугæйæ батон.
Хъæлдзæгæй æрцæуæд дæ мæлæнбон.
Хъæлдзæгæй цæрыны бон дæ макуы фæуæд.
Хъæлдзæггæнинагæй дæр дæ хъæлдзæгæй цы ничи фена, ахæм амондæй фæцæр.
Хъæлдзæггæнинаг фæу.
Хъæлдзæгдзастæй рацæугæ дæ макуы мачи фенæд.
Хъæлдзæгзæрдæйæ де знæгтæ фæцæуæнт.
Хъæлзæнгæй цæугæйæ дæ зæнг дыууæ дихы цы фæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Хъæмæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæмæ æрцæуын дын мауал бантысæд.
Хъæмæ æрцæуынмæ фæбæлл æмæ æцæгæлон адæмы къæхты бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæмпхор уазæгæй уæлдæр ма схиз.
Хъæмпы халау дæ дымгæ фæхæссæд.
Хъæмпы халау цъыбыртты сыгъд цы бауат, уый уын уарзы мæ зæрдæ.
Хъæмпын арты басудз.
Хъæмпынсæрæй хуыздæр дын балæууæндон макуы уæд.

Хъæр дæм макуы фехъуысæд.
Хъæрахст кæнынæн бахъу.
Хъæрæй дзурыны бон дын Уæллаг мауал раттæд.
Хъæргæнгæйæ æрцæуæд дæ удисæн.
Хъæргæнинаг фæу.
Хъæрзгæ æмæ нæттгæ фæцу.
Хъæрзинаг дæ де Скæнæг фæкæнæд.
Хъæрзыны боныгуырд фæхуин.
Хъæрзыны сæр дæ мауал бахъæуæд.
Хъæрмуатæй дæ мачи фенæд.
Хъæрмуатмæ фæбæлл æмæ йæ ма фен.
Хъæрмуд бон уыл макуы æрцæуæд.
Хъæрмуд цард уын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Хъæрмудæй ацæугæ уæ мачи фенæд.
Хъæрмудмæ фæтырнут æмæ бонфыддæр фæут.
Хъæрмуст хæринаг дæ хъуыры макуы ацæуæд.
Хъæрццыгъа фест æмæ дын кæртæй цъиу рахæссын макуы бантысæд.
Хъæрццыгъайы амондæй фæцæр.
Хъæсдарæгау дæ фæхостæуæд.
Хъæсдарæгæй дзæбуджы æхсæн æрцæуæд дæ тæригъæддаг мæлæт.
Хъæсдарæгæй дзæбуджы æхсæн фæцæр.
Хъæстаг фæу.
Хъæстаг фæу æмæ дын хъастгæнæн дæр цынæуал уа, уыцы бон дæ баййафæд.
Хъæстæ æвзагæй дæ адзал ссар.
Хъæстæ дæ артæнты ныххауæд.
Хъæстæбындар дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъæстæбындарæй фæцæр.
Хъæстæгонд æрцу.
Хъæстæйæ амæл.
Хъæу скæнын дын ма бантысæд.
Хъæубæстаг дæ, лæг у, зæгъгæ, макуы зæгъæд.
Хъæубæстаджы арфæ макуы райс.
Хъæубæстаджы зæрдæ макуы ссар.
Хъæубæстæ дын дæ мардыл фæкæуæд.
Хъæубæстæ дын дæ табæтыл сæ сæртæ фæхойæнт.
Хъæубæстæ дын дæ хæсгæ мард фенæд.
Хъæубæстæ дын дæ хист бахæрæд.
Хъæубæстæй хъодыгонд фæу.
Хъæубæстæн «æгас фæцæут» зæгъынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Хъæубæсты фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.

Хъæубæстыл нымад макуы æрцу.
Хъæуваг макуы ском.
Хъæувæдисы цæуынхъом ма разын.
Хъæувæтк макуы фен.
Хъæугæрон – дæ мæлæт.
Хъæугуывдмæ дæ ма фæуагъдæуæд.
Хъæугуывды дæм нуазæн макуы æрхауæд.
Хъæуинаг дæ де Скæнæг фæкæнæд.
Хъæуинаг фæу.
Хъæуи-хъæу дæ Уæллаг Хуыцау фæхæтын кæнæд.
Хъæуи-хъæу фæзил æмæ адæмы фыдæхæй дарддæр макуы мацы ссар.
Хъæуи-хъæу цæугæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъæуккаг лæджы зæрдæ балхæнынæн макуы су.
Хъæуккаг лæджы тæригъæд дæ баййафæд.
Хъæууат фæут.
«Хъæуын, нæ хъæуын»-æй мауал уæд дæ цард.
Хъæвс-хъæвс фæкæн дæ цæрынæй дæ хæрынмæ.
Хъæвсхъæвсгæнгæ арвит дæ царды бонтæ.
Хъæвсхъæвсгæнинаг фæу.
Хъæхъхъаг куыдзау дæ лæдзæгæй фæхостæуæд.
Хъæхъхъаг куыдзау рæхысбастæй фæцæр.
Хъæхъхъаг куыдзау фæйнæрдæм фæлæбур.
Хъæхъхъаг куыдзы бон дыл акæнæд.
Хъæхъхъаг куыдзы кадæй фæцæр.
Хъæцциц дæ æмæ хъæццицæй æрцæуæд дæ адзал.
Хъæццицты бонæй фæцæр.
Хъæццул æрæмбæрзыны бон дæ макуы фæуæд.
Хъæццул макуы æрæмбæрз дæ фæллад уæнгтыл.
Хъæццулы макуы æрхъæрм уæнт дæ рыст уæнгтæ.
Хъæцынæй дарддæр дын мадзал макуы уæд.
Хъеллау фæкæн.
Хъеллауаг дæ де Сфæлдисæг фæкæнæд.
Хъеллаугæнгæ дæ Уæллаг фæзилын кæнæд зæххы къорийыл.
Хъеллаугæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Хъеллаугæнинаг дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Хъеллаугонд фæу дæ иубæстон адæмы раз.
Хъен фæлæуу цавддурау.
Хъенгонд æрцу.
Хъенлæудæй дæ уæрджытæ дæ быны цы фæуой, уый дæ баййафæд.
Хъенлæудæй дæ ныддонзоныг кæнæд дæ амондыскæнæг.
Хъенлæудæй цы бафтай, уыцы бон дыл акæнæд.
Хъентæ-ментæ фæкæн.

Хъиамæтгæнинаг фæу.
Хъиамæт фæкæн æмæ дæ фыдæбон макæмæ фехъуысæд.
Хъиамæтгæнæггаг къах — дæ роны.
Хъиамæтгæнгæ батон дæ царды бонтæ.
Хъиамæтгæнгæйæ æрцæуæд дæ уæззау мæлæт.
Хъиамæтгæнгæйæ рафт.
Хъиамæтгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хъиамæтгæнинаг фæу æмæ дæ хъиамæт макæмæ фехъуысæд.
Хъиамæтгондæй æнæ хистæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Хъиамæтджынты бонæй дын аирвæзт ма уæд.
Хъиамæттаг фæу.
Хъизæмар фæкæн.
Хъизæмарæй сис дæ уд.
Хъизæмаргæнæг зæды рыстытæ дæр дæу фæуæд.
Хъизæмаргæнæг уды тæригъæдтæ дын — фидинаг.
Хъизæмаргæнгæ сис дæ уд.
Хъизæмаргæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъизæмаргæнгæйæ батон дæ ницæйаг царды бонтæ.
Хъизæмаргæнгæйæ дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Хъизæмаргæнгæйæ дыл сæмбæлæд арвы цæф.
Хъизæмаргæнинаг дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Хъизæмаргæнинаг фæу.
Хъизæмаргонд фæу, фæлæ дæ тæригъæдтæ уæддæр дæ сæрæн фиддон фæуæнт.
Хъизæмаргондты баййаф.
Хъизæмардзинадæй дæ Хуыцау макуы фервæзын кæнæд.
Хъил — дæ артæнты.
Хъиладзагъдæй сырд æрцу.
Хъиладзагъдæн дæ фæхастæуæд.
Хъилæй дæ фæхостæуæд.
Хъилæй мард æрцæуæд дæ ахсджиаг — уый дын мæ арфæ.
Хъилгæнинаг фæу.
Хъилгонд æрцу.
Хъиллæуд фæкæн.
Хъилхъæдурæй даргъдæр ныуу.
Хъилхъусæй дæ фæцæрын кæнæд Хуыцау.
Хъилхъусæй фæлæуу.
Хъинц фæкæн.
Хъинцгæнгæ фæтул.
Хъинцгæнинаг фæу.
Хъинцхъинцгæнгæйæ фæтулæнт, кæм дын чи ис, уыдон.
Хъинц-хъинц кæнынæн бахъу.
Хъинцгæнæн дын мауал уæд.
Хъинцгæнгæйæ æрцæуæд дæ уды сæфт.

Хъинцгæнинаг фæу Уæлладжы цæфæй.
Хъисынтæ фæдар.
Хъисыны æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъисынты тыхт фæу.
Хъисынты фæцу.
Хъиу-хъиу кæныны бонтæ дыл ныккæнæд.
Хъиу-хъиу фæкæн.
Хъиухъиугæнаджы цармытыхт фæу.
Хъиухъиугæнæн дæр дын мауал уæд.
Хъиухъиугæнгæ дæ Уæллаг фæдæнгæлмард кæнæд.
Хъиухъиугæнгæйæ арвит дæ царды бонтæ.
Хъиухъиугæнинаг дæ де сфæлдисæг Хуыцау фæкæнæд.
Хъихъхъ фæкæн.
Хъихъгæнаг хуыфæг дын де сулæфæнтæ ахгæнæд.
Хъихъгæнаг хуыфæг дыл фæзынæд.
Хъихъхъытæгæныны бон дæ мауал фæуæд.
Хъихъхъытæгæнинаг фæу дæ адæмæй.
Хъи-хъыри фæкæн.
Хъобайнæгтау дын дæ сæрибарыл сдзурын макуы бантысæд.
Хъоды дыл цы бакæной дæ комбæстæ, ахæм амонд дæ уæд.
Хъодыгонд фæу.
Хъодыгондæй амæл.
Хъодыгæнинаг фæуæд дæ ахсджиæгтæ.
Хъодыгонд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъодыгондæй бафт дæ сыджытыхайыл, мæрдтæ дæ сæхимæ куыднæ айсой.
Хъодыгондмæ цы хæлæг кæнай, уыцы бон дыл акæнæд.
Хъодыгонды амондæй фæцæр.
Хъозидæндаг дын разайæд.
Хъозидæндаг фæхуин.
Хъолайы мæсыджы фæстаг тох дын фæуæд.
Хъоло фæхæр – дæ ахсæн дзы куыд алопъо уа.
Хъоло æмæ дын хуырхæгæй дарддæр бахæринаг мацы уæд.
Хъолодзау фæцу.
Хъолойæ дын фæрухс чындæуæд.
Хъом дæуæй зондджындæр сты æмæ уыдон æмгад су.
Хъомæй дæ ма равзæрстæуæд.
Хъомвосыл нымад æрцу.
Хъомгæсæн дæр цынæ сбæззай, уыцы амонд дæ уæд.
Хъомгæсы къæбæр фехсын.
Хъомдарæны дæ фæдардæуæд.
Хъомдарæны рафтау дæ дæндаг.
Хъомрæгъау дæ цæстæй дæр макуы фен.
Хъомрын уыл фæзынæд.

Хъомрынæй уæ тауинаг дæр мауал баззайæд.
Хъомы бынтæ хафынæй дарддæр мацæмæн сбæзз.
Хъомы фæдыл акæсыны бон дæр дын ма раттæд Хуыцау.
Хъомпалгæнгæ – дæ цард.
Хъомпалгæнгæйæ дыл æруайæд æвзæр цæф.
Хъомпалгæнинаг уæ фæкæнæд уæ амондфыссæг.
Хъомпалгондæй ссарут уе сæфт.
Хъомыл кæнын дын ма бантысæд.
Хъомыл кæныны бон дæ ма фæуæд.
Хъомыл хъæбулыл бацин кæнынæн макуы бау.
Хъомылад макуы фен.
Хъомылæй дыл сæмбæлæд дæ адзал.
Хъомылæй фæдæлдзæх у.
Хъомылгæнæгæй хъомылгæнинаг фæу.
Хъомылгæнæн дын цынæуал уа, ахæм амондæй фæцæр.
Хъомылгæнгæйæ сæры цæф – дæ хай.
Хъомылгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъомылгæнинаг дæ, фæлæ дын адæмы судзгæ тæригъæдæй схъомыл кæнын макуы бантысæд.
Хъомылгондæй фæсутыр у.
Хъомылдзинад райсын дын ма бантысæд.
Хъоппæгцæстæй фæцу.
Хъоргъы амæл.
Хъоргъы батон дæ царды бонтæ.
Хъоргъы дæ ауагъдæуæд.
Хъримаг дæ риуыл æвæрд фæуæд.
Хъримаджы нæмыг сæмбæлæд дæ ныхыл.
Хъримаджы нæмгуытæ дын ныссыхырна кæнæнт дæ фæтæн риу.
Хъуаг мацæмæй у, сæрымагъз æмæ æнæниздзинадæй дарддæр.
Хъуагæй – дæ ныгæнæнбон.
Хъуаггæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъуаджы бон дыл акæнæд.
Хъуари фадынæн ма бау.
Хъуариаг равзарынæн ма бау.
Хъуариау фаст æрцу.
Хъуарисæрæй ракæсын дын макуы бантысæд.
Хъуарисæрæй фæцу.
Хъуахъгæнæг дын дæ сæры стджытæ фехсынæд.
Хъуахъгæнгæйæ сис дæ уд.
Хъуахъгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Хъуахъгæнинаг фæу.
Хъуахъгæнинаг дæ Уæллаг Хуыцау фæкæнын кæнæд.
Хъуахъгæнинаг дæ æмæ дын дзы аирвæзт мауал уæд.

Хъуахъхъ фæкæн, кæм дын чи ис æмæ халонау кæмæ фæуасыдтæ, уыдоны тæригъæдæй.
Хъуахъхъы бон дын дæ амондыскæнæджы цæст мауал бауарзæд.
Хъуг схъомыл кæнын дын ма бантысæд.
Хъуг хæдзардарæг у æмæ хæдзарсæфт фæу æнæ хъугæй.
Хъуг фест æмæ адæмы уæзгуытыл фæлекка кæн.
Хъугдзармы тыхт æрцу.
Хъугдзастæй фæдзыназ адæммæ.
Хъузджыцæринаг дæ де сфæлдисон Хуыцау фæкæнæд.
Хъузон макуы фен.
Хъузонæн макуы бабæзз.
Хъул сæууилынæн ма бау.
Хъулджын лæппу макуы фен.
Хъулсаст фæу.
Хъулсастæй фæрабыр-бабыр кæн уæзгуытыл.
Хъулгъа, цы не 'мбæлы, уыдæттæ фæхæрæнт.
Хъулгъайы амæттаг мæ куыдз дæр макуы бонты фæуæд.
Хъулгъайыл ныккæнæд кæуинаггаг бонтæ, махмæ æппынæдзух, хъæуа, нæ хъæуа, топпыкæсæны чи кæсы.
Хъулон цард макуы фен.
Хъулонæй дæ æрбасутыр кæнæд Уæллаг.
Хъулонгæнгæйæ ссар дæ адзал.
Хъулонгонд дæ Хуыцау фæкæн.
Хъулонгæнинаг фæу æвзæрæрдæм.
Хъулонгондæй фæдæнгæлмард у.
Хъулон-мулонæй æрцæуæд дæ царды кæрон.
Хъунцъ дæ Уæллаг фестын кæнæд.
Хъунцъау ныйивæз.
Хъусагæй дæ хъусыны бон макуы фæуæд.
Хъусæвдисæнæй фæцу де знæгтæн.
Хъусæг дæм мачи уæд, афтæмæй дæ хурхы сæртæ атон дзурынæй.
Хъусæггаг дыл мадæлгъыст сæмбæлæд.
Хъусæй цух фейяф.
Хъусгæ кæн, фæлæ дæ уыныны бон ма фæуæд.
Хъусгæ-хъусын дыл сæмбæлæд Хуыцауы лæдзæг.
Хъусдарæг дæм мауал уæд.
Хъусдаринаг дæ а комбæсты зæдтæ фæкæнæнт.
Хъусджын хæрæг фест.
Хъусджын хæрæгау фæхырх адæмæн.
Хъусинаг фæу.
Хъустæ æмæ цæстытæ фест.
Хъус-хъус кæнгæйæ цард макуы ссар.
Хъус-хъус фæкæн.

Хъус-хъусæй ссар дæ адзал.
Хъус-хъусæн бахъу дæ царды хуыздæр азты.
Хъусхъусдзуринаг фæуæнт дæ хъуыддæгтæ.
Хъусцæг хæссынмæ ма ахæццæ у.
Хъусыны бон дæ ма фæуæд.
Хъуыдатт иу ран фæкæн, æфтаугæ — æндæр ран.
Хъуыдатгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъуыдатгæнинаг фæу.
Хъуыдатты бон дын Уæлладжы цæст мауал бауарзæд.
Хъуыддаг аразынæн ма бау.
Хъуыддаггæнæг дæ ма рацæуæд.
Хъуыддаггæнгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъуыддаггæнгæйæ сис дæ уд.
Хъуыддаггæнинаг фæу.
Хъуыддагхалæгæй дыл сæмбæлæд Хуыцауы цæф.
Хъуыддагхуызæй дæ макуы мачи фенæд.
Хъуыды дæм макуы æрцæуæд.
Хъуыды кæнынæй хъуыдысæфт фæу.
Хъуыды кæнынæн бахъу æмæ дæ хъуыддæгтæ æрдæгкæнд-тытæй баззайæнт.
Хъуыдыгæнæг уæ мачи рацæуæд.
Хъуыдыгæнгæйæ рафт.
Хъуыдыгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Хъуыдыджын хуызæй дæ макуы мачи фенæд.
Хъуыдыдзаст дын де Скæнæджы цæст ма бауарзæд.
Хъуыдыйаг дæ ныхыдзуар фæкæнæд.
Хъуыдыхуыз райсынил фæархай æмæ æдылыхуызбынæй фæкæс.
Хъуыдыдыйæ æрбадæнгæлмард у.
Хъуызгæ фæцу.
Хъуызгæ цард фæкæн.
Хъуызæн дын цынæуал уа, уыцы бонæй фæцæр.
Хъуызгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъуызгæ-хъуызын арц дæ къахы суайæд.
Хъуызил ном де рагъæй макуыуал ахауæд.
Хъуызыны фадат дæ мауал фæуæд.
Хъуызил номимæ ссар дæ мæлæт.
Хъуымбылдзыкку дарын дын ма бантысæд.
Хъуымбылдзыкку рауадзынæн ма бау.
Хъуымызбылæй фæцæр.
Хъуымыздзыхæй дæ цæрыны бон мауал фæуæд.
Хъуына дæ бахæрæд.
Хъуына дыл схæцæд.
Хъуынавæрд дæ фæкæнæд Уæллаг.

Хъуынайæ фæхæр дæ къæбæр.
Хъуыназæрдæйæ дæ де Скæнæг фæцæуын æмæ фæцæрын кæнæд.
Хъуынахæрд фæу.
Хъуынахорæй фæцу адæмы ‘хсæн.
Хъуынджынæрфыгæй зæрдæскъуыд æрбау.
Хъуынджынбæрзæйты кадæй фæцæр.
Хъуынджынсæрæй фæцу æмæ дын дæхи сæлвынын макуы бантысæд.
Хъуынджынхъусджын Хъæсæйы ном дыл сбадæд.
Хъуынджын цæсгомимæ гуырд фæу.
Хъуынтъыз хуыз райс.
Хъуынтъызæй амæл.
Хъуынтъыздзастæй фæцæр.
Хъуынтъызты бон дыл акæнæд.
Хъуыргъуындæг фæкæн.
Хъуырдухæнгæнгæйæ сис дæ уд.
Хъуырдухæнгæнинаг дæ дæ ныхыдзуар фæкæнæд.
Хъуырдухæнгондæй фæсутыр у.
Хъуырниз дыл фæзынæд.
Хъуырнизæй фæсæй.
Хъуырrytт-хъуырrytт фæкæн, фæлæ дын донæй дæр бафсис макуы уæд.
Хъуырrytт-хъуырrytт кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Хъуыртхъом макуы мацæмæй фæу.
Хъуыр-хъуыр фæкæн ноджыдæр.
Хъуырхъуыргæнгæйæ — дæ мæлæт.
Хъуырхъуыргæнгæ дæ фæцæрын кæнæд Уæллаг.
Хъуырхъуыргæнгæ фезмæл дæ хæдзары къуымты.
Хъуырхъуыргæнгæйæ æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Хъуырхъуыргæнинаг фæу.
Хъуытаз сæвæрынæн ма баут.
Хъуытазхъæлæсджын макуы фенут.
Хъуытазцæгъдæг уæ мауал уæд.
Хъуыттыгæнинаг фæу.
Хъуыттыгонд æрцу.
Хъыбылджын дзæргъыты холы фæу.
Хъыг фен, цин дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Хъыгаг хабæрттæ фæкæн.
Хъыггæнæг зæды хуызы фæцу адæмы рæгъы.
Хъыггæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Хъыггæнинаг дæ Стыр Хуыцау фæкæнæд.
Хъыггонд фæу.
Хъыгдаринаг дæ Дунескæнæг фæкæнæд.

Хъыгдарыны бон дæ мауал фæуæд.
Хъыгджынæй фæцу.
Хъыгзæрдæйæ батон дæ бонтæ.
Хъыгтæ дыл фæцæуæнт.
Хъыдзыгæнинаг фæу, фæлæ дæ худыны охыл дæ былтæ базыхъхъыр кæныны бон ма фæуæд.
Хъызинаг дæ фæкæнæд дæ амонд.
Хъызт бон æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъызыны тых дын Хуыцауы цæст ма бауарзæд.
Хъылдым мысты бон дыл акæнæд зымæджы къæсæрыл.
Хъылдымгæнгæйæ асæтт дæ бæрзæй.
Хъылдым фæкæн æмæ дæ цард аразын айрох уæд.
Хъыллипп кæныны амонд дæм мауал æрхауæд.
Хъыллипгæнгæйæ дæ сæр — дæ быны.
Хъыллистгæнгæ дыл сæмбæлæд дæ фыдбылыз.
Хъыллистгæнинаг фæу.
Хъылма фæдым ноджыдæр.
Хъылмайæ фæхуыдуг у.
Хъым-хъым фæкæн.
Хъымхъымгæнгæ æрцæуæд дæ удисæн.
Хъымхъымгæнинаг дæ дæ амондфыссæг фæкæнæд.
Хъынцъым фæкæн дæ райгуырдæй дæ амæлæты бонмæ.
Хъынцъымаг фæу.
Хъынцъымгæнгæйæ фæтон дæ царды бонтæ.
Хъынцъымгæнинаг дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг.
Хъыпп-сыпп скæнын мауал сфæраз.
Хъыпы дыл фæзынæд.
Хъыпыйы къухы дæ авæрæд Уæллаг.
Хъыргъы дæ цы аскъæфа, уый дæ хæдзары макуы разынæд.
Хъырнаг куыдзæй фыддæр фæу.
Хъырнгæ фæцу.
Хъырнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъырнинаг дæ фæкæнæд дæ раттæг.
Хъырныны бон дæ мауал фæуæд.
Хъыррыст фæкæн.
Хъыррыстгæнгæ батон дæ цард.
Хъыррыстгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Хъысмæтæлгъыст фæу.
Хъысмæтæй дæ зæрдæ макуы барухс уæд.
Хъыс-хъыс фæкæн.
Хъысхъысгæнгæ сæмбæл дæ адзалыл.
Хъысхъысгæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Хъысхъысгæнинаг фæу.
Хъыцъыдæттæ фæнуаз.

# Ц

Цавд баййаф Уæллагæй.
Цавдау цы аззайай, ахæм боны фарнæй фæцæр.
Цавддурау сагъдæй баззай.
Цавддур дæ Хуыцау фестын кæнæд.
Цагъайраг дæ Уæллаг ацаразæд.
Цагъайраджы къæлæт фæдар.
Цагъар фæцу дæ фыдызнæгтæн.
Цагъд æрцæут.
Цагъдуæлдæйттæ дæр уæ мауал аззайæд.
Цагъдхъуагæй уыл мæнæй уый фæхъарджытæ кæнæд.
Цагъды фæут мæ фæндиаг.
Цад – цаддоны, фæрв – цъалайы, дæу хуры бын æрбадыны фадат ма фæуæд.
Цадæггай адаргъ кæн дæ къæхтæ.
Цадæггай æрцæуæд дæ мæлæт.
Цай дæ хъуыры фæбадæд æмæ дæм дæ удхæссæг уырдыгæй сдарæд йæ сæр.
Цай цымыны бон дын Хуыцау мауал зæгъæд.
Цал азы дыл цæуы, уал дæ æрбадæнгæлмард уæд.
Цалæрдæм дзырдæппарæн кæныс, уал дихы дæ фæкæнæнт дæ хæйрæджытæ.
Цалæрдæм ныззилыс, уал баныгæн дæ ахсджиæгтæй.
Цалдæриддæр мæнг дзырды загътай, уал цæфы – дæ сæр.
Цалх дыл атулæд.
Цалхы бын ныцъцъист у.
Цалхуызон ныхас кæныс, уалхуызон мард æрцу.
Цалцæг кæнын дын мауал бантысæд.
Цалцæггæнæг дæ мауал уæд.
Цалцæггæнæн дын цынæуал уа, уыцы уавæрмæ æрхау.
Цалцæггæнгæйæ ныккæл.
Цалцæггæнинаг фæу.
Цалынмæ хохæй дур тула, быдыры цалх зила, уæдмæ утæхсæн фæкæн.
Цалынмæ дæ уд исай, уæдмæ скæлм у.
Цалынмæ дыл зокъотæ разайа, уæдмæ куыдзы цардæй цæр.
Цалынмæ хæхтæ тыччыйы йæстæ кæной, денджызтæ – цæссыджы йæстæ, уæдмæ дæ царды бонтæ куыдзы тындæй фæтон.
Цалынмæ Пъетъре Пъаулемæ лидза, уæдмæ – дæ цæрæнбон.
Цалынмæ хур ныгуыла, уæдмæ йæ разæй фæу.
Цар дыл ныккæлæд.
Царæфтыд фæу.

Царкалд дæ Хуыцау фæкæнæд.
Царв макуы ацæуæд дæ хъуыры.
Цæрвджын макуы фен.
Цард æмæ дыл бон макуы æрхæцæд.
Цард дын Хуыцау ма зæгъæд.
Цард макуы фен.
«Цард, цард» фæкæн æмæ æдзардæй æрцæуæд дæ бинонты сæфт.
Цард саразын дын ма бантысæд.
Цард халыны бæсты дæ хæдзархæлд Хуыцау фæкæнæд.
Цард халыны бон дæ мауал фæуæд.
Цардамонд макуы ссар.
Цардамонд ын фест.
Цардамондджынæй дыл макæй цæст æрхæцæд.
Цардамондджынты фæфæзм, фæлæ дын сæ баййафын макуы бантысæд.
Цардаразæгæй æдзард фæу.
Цардæгасæй рацæуын дын ма бантысæд.
Цардæй æдзард фæу.
Цардæмдзу ацæуын дын ма бантысæд.
Цардæнхъæл дæ тыбыртæ фæцæгъд æмæ дын размæ рацæуын ма бантысæд.
Цардæнхъæл æдзард фæу.
Цардæфсæстæй дæ макуы мачи фенæд.
Цардæфсис макуы базон.
Цардбæллонæй æрбаскъуыййæд де 'дзард уд.
Цард-бон дыл макуы æрхæцæд.
Цард-бон ма фен.
Цардвæлладæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Царддæттæг дæ æдзард фæкæнæд.
Царддомдæй фæсутыр у.
Цардмондаг дæ, фæлæ цардæй мацы фен дæ туг-стæджы тæригъæдæй.
Цардхуыз макуы бау.
Цардхуызæй рацæуын дын макуы бантысæд.
Цардхъом макуы бау.
Цардхъуагæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Цард-цæрæнбонты дæ дзых макуы фæзыхъхъыр кæн.
Царды дын æвзæртæй дарддæр бахæринаг макуы мацы уæд.
Царды рухс макуы фен.
Царм æмæ дыл фыд мауал баззайæд.
Цармыдзаг ныннæрс.
Цармыдзаг цы ныннæрсай, уыцы бон дыл тагъд акæнæд.
Цармыстыгъд фæу.
Цармыстыгъдæй фæниу хурмæ.

Царциаты æмбисонд дыл акæнæд.
Царциаты æмбисонд дыл акæнæд æмæ быны-бынсæфт фæу.
Царциаты сæфт фæкæнæнт дæ мыггаг.
Цас тагъддæр амæлай, уыцы хорз дыл æрцæуæд.
Цасдæриддæр фыдтæ дыл æрцæуа, уыйбæрц — хуыздæр.
Цатыр скæнынæн ма бау.
Цатыр скæнынмæ фæбæлл æмæ дын халагъуд саразын ма бантысæд.
Цатыргонд саразын дæр ма бауæд дæ бон.
Цаудæй амæл.
Цауддæрмæ фæцу бонæй-бонмæ.
Цауддзинадыл дæ ноджыдæр бафтауæд Уæллаг.
Цахæм адæймаг дæ, ахæм мæлæт дын бауарзæд дæ амондыскæнæджы цæст.
Цахæм дæ, ахæм цæф фæу.
Цæвæг иргъæвæджы кæм нал фæзоны, уыдон æхсæн — дæ сæр.
Цæвгæ-цæвын дæ фындзы хъæл ныссæтт.
Цæвæгхъæдау растæй баззай.
Цæвæджы хъæд аныхъуыр.
Цæвинаг фæу.
Цæвыны бон дæ мауал фæуæд.
Цæвыны бонмæ — дæ цард.
«Цæгат, цæгат» кæн æмæ дæ дзы иу фæрсæг макуы фæуæд.
Цæгатæрдыгæй дæм хъæргæнджытæ фæцæуæнт.
Цæгатдзæф фæу.
Цæгатсæфт дæ Хуыцау фæкæнæд.
Цæгаты маст дæ бахæрæд.
Цæгаты маст зын уромæн у æмæ йæ цынæ сфæразай, ахæм бон дыл акæнæд.
Цæгаты мастæй рафт.
Цæгатырдыгæй дæм халæттæ фæуасæнт.
Цæгаты халæтты холы фæу.
Цæгæр ма гæбæрыл бахуды, дæу худыны бон дæр мауал фæуæд.
Цæгæрдымæгæй адæмæн худæджы хос фæу.
Цæгæрсæрæй фæцу.
Цæджындз фест дæ бынаты, куыд нысхъæл уай.
Цæгъдгæйæ сис дæ уд.
Цæгъдгæ-кафгæ фæцу стонггуыбынæй.
Цæгъдинаг æмæ фидисгæнинаг фæу хъæуæй-хъæумæ.
Цæгъдыны бон дын мауал раттæд дæ рафæлдисæг.
Цæдис ахæссыны зонд дын ма бауарзæд Уæлладжы цæст.
Цæдис кæнынæн ма бау.
Цæдисæмбал ссарынхъом дæ ма бакæнæд Хуыцау.

Цæдджинаг дыл рафæлдæхæд æмæ йæ быны сфыц, ды йæ уæлартмæ хæрд куынæ фæуай.

Цæджындз фест æмæ дын фезмæлæн ма уæд.

Цæмæдæриддæр дæ сындзкъух фæкæнай, уыдон дын Хуыцау сæнад кæнæд.

Цæйау акæнынц: дæ хъæлæсæй дæ туг скал.

Цæкуы фест æмæ дæ мæлæнбон райхæл.

Цæкуыйаг фæу.

Цæкуыйау фæкаф.

Цæкуыйау райхæл тæвд къæйтыл.

Цæкуыхæлд фæу.

Цæкуыхорæй фæцæр.

Цæл дæр макуы фен æмæ минас дæр.

Цæлгæнæггаг дæ сæр бæстытæй фæхæсс.

Цæлгæнгæ æрцæуæд дæ уды сæфт.

Цæлгæнгæйæ балæуу мæрдты къæсæрыл.

Цæлæмбыд бау.

Цæлгуыбынæй сис дæ уд.

Цæлхдур фест адæмæн.

Цæмæй нал сулæфай, уый – дæ хай.

Цæмæй фæтæппæлæг уай, уый – дæ хурхы.

Цæмæйдæриддæр тæрсыс, уый дæ баййафæд.

Цæнгæты таст дын фæуæд.

Цæндыл дур макуы ссар.

Цæндыл дурыссарынхъоммæ ма фæцæр.

Цæнкуылæй фæцу мæ тæригъæдæй.

Цæнкуылтæ бау.

Цæрæг уæ мауал баззайæд.

Цæрæн кæм нæй, уым батон дæ бонтæ.

Цæрæнбонты дзæгъæл фæхит.

Цæрæнбонты йын фæлдыст фæу.

Цæрæнбонты удхарæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Цæрæндонæй мæлæндонмæ – дæ фæндаг.

Цæрæнуат ссарынæн ма бау.

Цæрддзу бакæнут уæ кæрæдзийы фæдыл.

Цæрдтæй мæрдты æхсæн баззай.

Цæрдудæй æрцæуæд дæ мæлæт.

Цæрдудæй дæ бахус чындæуæд.

Цæринаг гуырд дæ ма фæкæнæд Уæллаг.

Цæрын дын ма бантысæд.

Цæрынæй-хæрынмæ фæхъæрз æмæ фæнæт.

Цæрмыстыгъд æрцу.

Цæсгом армыдзагæй уæлдай нæу æмæ дыл алæбырæд дæ цæсгомы царм.

Цæсгомджынæй ацæугæ дæ мачи фенæд.
Цæссыг фæкал ноджыдæр адæмы тæригъæдæй.
Цæссыгæппарæг дыл мауал уæд.
Цæссыгызгъалгæ фæцу.
Цæстæй мауал суын.
Цæстмæ митæ фæкæн.
Цæстмæхъусæй фæцæр.
Цæстуарзон цард дын Хуыцау мауал зæгъæд.
Цæстуынгæ фыдбылыз дыл æрцæуæд.
Цæстфæлдахæгæй æрцæуæд де 'намонд мæлæт.
Цæстфæлдахæн митæ аразæн дын цынæуал уа, уый дæ бай-йафæд.
Цæстфæливæгæй рафтау дæ дæндаг
Цæстфæливæн бон дыл мауал æрцæуæд.
Цæстцухæй фæхæт уæзгуытыл.
Цæстыдзаг дын цы фенон, уыцы бон дыл акæнæд.
Цæстыйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Цæстыты низæй бакуырм у.
Цæстыты низæй фæхъæрз.
Цæттæ кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Цæттæ удхæссæг æрбалæууæд дæ фæскъæсæр.
Цæттæ фыдбылыз дæ баййафæд.
Цæттæ фыдбылæзæй дæ Уæлладжы бон дæр мауал бауæд фервæзын кæнын.
Цæттæгæнгæйæ сис дæ уд.
Цæттæгæнинаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Цæттæгондæй æрцъынд кæн дæ цæстытæ.
Цæттæйæ сæмбæл дæ адзалыл.
Цæттæйы бон дæ мауал фæуæд.
Цæттæмæ фæтырн æмæ æдзæттæйæ фæдæнгæлмард у.
Цæу ма фосы разæй цæуынæн бæззы – дæу цæуы кад дæр мауал уæд.
Цæу фест æмæ фосы разæй фæцу.
Цæугуисттæ макуы ахъазæнт дæ фосы æхсæн.
Цæуаг нæ дæ, фæлæ æнæ цæуынæй дæр макуы макæй зæрдæ ссар.
Цæуæгты разæй фæу Тъæпæн хъæумæ.
Цæуæн нæ, бырæн дæр дын цынæуал уа, уыцы бон дыл акæнæд.
Цæугæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Цæугæцардгæнджыты баййаф.
Цæугæ-цæуын сис дæ уд.
Цæуинаг никуыдæм дæ, фæлæ цæуинаг чи у, уыдоны разæй фæу дæ фæстаг фæндагыл.

Цæукъатæ цæуæнт дæ фосы раздзогтæ.
Цæуинаг фæу де 'нусон дунемæ.
Цæуын дын макуыдæм бантысæд.
Цæуыны бонтæм фæтырн, фæлæ дын сæ Уæллаг æрæхгæнæд.
Цæуынхъом макуыдæм бау.
Цæуынхъусæй батон дæ царды бонтæ.
Цæуæт кæмæн нæй, уыдоны амондæй фæцæр.
Цæуæт кæныны бон дæ ма фæуæд.
Цæуæтæй дын дзагцæстæй ракæсын макуы бантысæд.
Цæуæтæй зæрдæрайæ макуы алæууу.
Цæуæтджыны цæстæй макуы акæс.
Цæуæтмæ фæбæлл æмæ хуыскъæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Цæуæты цин ма фен.
Цæуæты цинæй макуы байдзаг уæнт дæ цæстытæ.
Цæуæты цот фенын дын ма бантысæд.
Цæуæтыл бацин кæныны бон дын Мадымайрæм макуы раттæд.
Цæуæтыл макуы ахæсс дæ цæст.
Цæуыл кæуыс, куырм, æмæ – цæстытыл, æмæ дæ кæуинаг-гаг фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Цæуылдæр тыхсгæйæ фæраст у де 'нусон дунемæ.
Цæуылдæр фæтыхс æмæ дын йæ базонын ма бантысæд.
Цæуылдæриддæр бацин кæныс, кæронмæ сæ дæ зæрдæ ма-цæмæй барухс уæд.
Цæуылфæнды банцой уæд дæ зæрдæ, фæныкæй-иу æрыз-гъæлæнт дæ размæ.
Цæф кæныны бон дæ мауал фæуæд.
Цæф фæуæд де 'дылы сæрыкъоппа.
Цæфтæ фæу.
Цæфхад ныссадзын дын ма бантысæд.
Цæфхадæй сæфтæджы æхсæн – дæ цæрæн.
Цæфхадсадзæн фæкæн.
Цæфхадсадзинаг дæ дæ ныхыдзуар фæкæнæд.
Цæфхадцух бæхыл фæцу.
Цæхæр фест æмæ дæхи зынгæй басудз.
Цæхæртæ фæкал.
Цæхæртæвдæй арт фæуадз.
Цæхæрхафæн фæкæн.
Цæхæрхуызæй рацæуын дын макуы бантысæд.
Цæхæрцæст лæппутæ макуы рацæуæнт уæ мыггагæй.
Цæхгæр ныззил æмæ былæй ахау.
Цæхгæрмæ ныгæд æрцу.
Цæхдон макуы фен дæ къæсы.
Цæхджын хойрагау цæхджын хойраджы ад базоныны амонд дæ макуы фæуæд.

Цæхджын фыдтæ нывæрыны бон дын Уæлладжы цæст ма бауарзæд.
Цæхджынгонд æрцу.
Цæхджынтæ хæрынæй дарддæр дын бахæринаг мацы уæд.
Цæхх æмæ кæрдзынæй макуы бафсæд.
Цæхх фæхæр æмæ дзы дæ уыргтæ фæхуынчъытæ уæнт.
Цæххæй дарддæр дын дзыхы акæнинаг мацы уæд.
Цæххæрæн бонтæ дыл ныккæнæд.
Цæххойæн дурæй хост æрцу.
Цæххъуагæй фæсулæ-мулæ кæн.
Цереччы згъæр хъæдындзы цъарау чи ахауын кодта, уыцы кардæй къуыхтæ æрцу.
Цикъæйау фæлурсæй дæ ауынæд мæнæй уый.
Цин дын Уæллаг ма зæгъæд.
Цин дын Хуыцау ма зæгъæд, маст дын зæгъæд.
Цинаг макуы фен.
Цинад дын дæ амондфыссæджы цæст ма бауарзæд.
Цинæн дыл йæ хъæлæба дæр макуы аныдзæвæд.
Цинæйдзаг бонтæ ма бавзар.
Цинæфсæстæй рахизгæ дæ мачи фенæд.
Цингæнаг дæ æмæ цинимæ — дæ тагъдыл мæлæт.
Цингæнæн бонтæ дын Уæлладжы цæст мауал бауарзæд.
Цингæнгæйæ сæппар де ‘взæр уд.
Цингæнинагæй мацы фен.
Цингонд чи фæци, уыдоны хал ахæр.
Циндзинад фенынæй сомыгонд фæу.
Цинып бацин кæнынхъом макуы су.
Цирхъ дыл сæмбæлæд.
Цирхъ дын дæ риу айгæрдæд.
Цирхъы цæф фæу.
Цирхъы цæфæй амæл.
Цола усы ахæсты фæу.

*Цолагонд — дæ цард,*
*цолагонд — дæ нард,*
*цолагонд — дæ мард.*

Цолагомауæй дæм зæрдæ фехсайæд.
Цолайæ фæцæр.
Цолахуызæй фæцу.
Цомахъ номы аккаг макуы су.
Цомахъы кад дын Уæлладжы цæст ма бауарзæд.
Цонг дын Хуыцау радта, хус дæр дын æй Хуыцау бакæнæд.
Цонгдарæнтæ, къухдарæнтæ, хъусдарæнтæ дæ фыны дæр макуы фен.

Цонгдих дæ Уæллаг фæкæнæд.
Цонгдыхæй фæхæц æмæ дæ цæнгтæ дæ фæрстыл æрхауæнт.
Цонгойæ фæцæр.
Цонгсаст фæу.
Цонгхаудæй фæхит уæзгуытыл.
Цонджы тыхæй дæ дæ зæрдæ фæсайæд.
Цоппай фæкæн.
Цоппайгæнгæ батон дæ цард.
Цоппайгæнгæйæ дын æрласæнт де 'гады мард.
Цоппайгæнинаг дæ фæкæнæд дæ рафæлдисæг.
Цуайнаг бауæларт кæнынæн ма бау.
Цуайнагау сауфарсæй батон дæ бонтæ.
Цуайнаджы бын баарт кæнынæн ма бау.
Цуан цы у, уый базонынхъом дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Цуангæнæг лæджы цыд макуы æркæн дæ сыгъдыйы хæдзармæ.
Цуангæнгæйæ дæ хотыхы нæмыг дæхи риуыл сæмбæлæд.
Цуангæнинаг фæу а комбæсты зæдтæй.
Цуанон дæ йæ сæрмæ макуы схæссæд.
Цуаны æрцæуæд дæ мæлæт.
Цудгæ-дудгæ фæцу.
Цудинаг фæу.
Цудтытæгæнгæ мауал сæмбæл дæ мæгуыр къæсыл.
Цудыны бон дæ ма фæуæд.
Цума фæкæн.
Цумагæнæг дын мачиуал баззайæд.
Цумагæнгæйæ рафт дæ бынаты.
Цумагæнинаг дæ фæкæнæд дæ амондфыссæг.
Цумайы лæппуйæ фæцæр.
Цумахъом дæ не скæнæг Хуыцау макуы бон бакæнæд.
Цурк къуырд æрцæуæд дæу æмæ адæмы 'хсæн.
Цурк къуырд æрцæуæд дæу æмæ де 'мкъайы 'хсæн.
Цурон митæй дæ рафтын кæнæд дæ амонд.
Цурон ныхас фæкæн.
Цурон ныхасæй ссар дæ мæлæт.
Цух мацæмæй у, æнæниздзинадæй дарддæр.
Цухгæнинаг фæу.
Цухгонд æрцу де 'мгæртты нымады.
Цух-мух фæкæн.
Цухмухгæнгæ фæагур дæ хуыкком.
Цухмухтæгæнгæйæ аскъуыйæд дæ зæрдæ.
Цухмухтæгæнинаг фæу.
Цухъхъа дарын дын ма бантысæд.
Цухъхъайы ныгæд æрцу.

Цы амонд дæм каст, уымæй æнæхай фæу.
Цы амондæй цæрыс, ууыл фæкæл.
Цы амонды кой фæкæныс, уымæй афтид абад.
Цы бон райгуырдтæ, уымæн æвзæртæ – фæлдыст.
Цы дæ амара, уый баназ.
Цы дæ амара, уый бахæр.
Цы дæ нæ мары, уымæн фæлдыст фæуæд дæ фидиссаг сæр.
Цы дæ фæдæнгæлмард кæна, уый дын – фæлдыст.
Цы дæ фæдæнгæлмард кæна, уый судзгæ ацæуæд дæ хъуыры.
Цы зæрдæйæ дзурыс, уыцы зæрдæйæ фæцæр.
Цы мыл худыс, дæ худджынтæ сыскъуыйой.
Цы хæрыс, уымæй тæппалмард фæу.
Цыбæл фæкæн алцæмæ.
Цыбæлæй рафт.
Цыбæлгæнгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Цыбæлгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Цыбæлгæнинаг фæу.

*Цыбыр – дæ конд,*
*цыбыр – дæ зонд,*
*цыдыр – дæ кад,*
*цыбыр – дæ цард.*

Цыбырæй цыбырдæр фæкæн.
Цыбырæй цыбырмæ фæцу.
Цыбыргæнинаг фæу.
Цыбырдзастæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Цыбырзондæй уæлдæр схизынæн ма бау.
Цыбырзондджынты цардæй фæцæр.
Цыбыркъахæй фæрагæпп-багæпп кæн.
Цыбыркъух дæ æмæ цыбыркъухæй ацæуæд дæ цард.
Цыбыркъухæй æрцæуæд дæ мæлæт.
Цыбырхъуырæй фæцæр, адæммæ кæсгæ-бæлгæйæ.
Цывзы – де ‘взаджы цъуппыл.
Цывзыджынтæ хæрыныл дæ бафтауæд дæ рафæлдисæг.
Цыдæриддæр дæ рафæлдыста, уæ кæрæдзийæн фæлдыст фæут.
Цыдæриддæр дæ удæгас уадзы, уымæн де ‘взæртæ – фæлдыст.
Цыкура ссарыны амонд дæм ма ‘рхауæд.
Цыкурайы фæрдыг макуы фен.
Цыкурайы фæрдыгæй æлгъыст фæу.
Цыллæ ма фенæд дæ буар.
Цыллæты дæ аныгæнæд мæ уд.

Цымгæйæ дарддæр дæ хъуыры хæринаг мауал ахизæд.
Цымгæ-цымын дæ хæлц дæ хъуыры фæбадæд.
Цымыдис дæм дæ цард дæр цынæуал кæса, уыцы амондæй дыл фæкæсæд хур.
Цымыдисонæй мацы баййаф дæ царды.
Цыппар къахыл фæбыр.
Цыппæрвадæй фæцу.
Цыппæрдзæлхыгыл сбадын уын ма бантысæд.
Цыппæркъахыг дæ кæртæй рахизгæ макуы фен.
Цыппарцæстонæй фæхæт.
Цыппурс мауал баййаф.
Цыппурсы мæйы – дæ ныгæнæн бон.
Цырагъ ссудзынæн ма бау.
Цырагъдар макуы су дæ раттæг адæмæн.
Цырагъдарæй фæхæт де знæгтæн.
Цырв фест цыфыддæр хъуыддæгтæн.
Цыргъ кард – дæ лыстæг тъæнгты.
Цыргъаджы цæф фæу.
Цыргъгæнинаг дæ саразæг фæуæд.
Цыргъзондæй къуымыхзондмæ цы æрхауай рæхджы, мæ уд дын уый фенæд.
Цырддзастæй адæмы æвзæртæм фæкæс.
Цырен арты басудз.
Цырен кæнынæн мауал сбæзз.
Цыренгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Цырт æвæрын дын бахъæуæд.
Цырыхъхъ скæнын дын ма бантысæд.
Цырыхъхъы бын æрцæуæд дæ удисæн.
Цыт кæныны бон дын Уæллаг макуы раттæд.
Цыт ма фен дæ удæгасæй дæр æмæ дæ мардæй дæр.
Цытагур фæхит адæмы къуымты.
Цытуарзагæй амæл.
Цытуарзонæй бафт дæ сыджытыхайыл.
Цыфæнды фæуæд де 'взæр сæрыкъуыдыр.
Цыфæндыйæ фæцæр.
Цыфæндыйы бон дыл акæнæд рæхджы бонты.
Цыфыддæр – дæ хай.
Цыфыддæр дæ Хуыцау фæкæнæд.
Цыфыддæрæй цыфыддæрмæ фæцу мæ уæззау уды тæригъæдæй.
Цыхауи кæнын дæ бахъæуæд.
Цыхауигæнгæйæ сис дæ уд.
Цыхауигонд æрцу.
Цыхт æмæ кæрдзынæй дæ гуыбын макуы бафсад.
Цыхт макуы райс дæ къуымæй.

Цыхтджын дæ хъуыры макуы ацæуæд.
Цыхцыры бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Цыхцыры бын фæлæуу.

## Цъ

Цъай къахыны тых дын ма раттæд дæ рафæлдисæг.
Цъайы — дæ сæр.
Цъалды — дæ игæры.
Цъаммар дæ æмæ цъаммар мард акæн.
Цъаммайраг дæ дæ рафæлдисæг фæкæнæд.
Цъаммайраг фæу ноджыдæр.
Цъаммарæй батон дæ фидиссаг царды бонтæ.
Цъаммарæй фæцæр.
Цъапп-цъупп фæкæн.
Цъах-цъах кæн дæ удисынмæ.
Цъахцъахгæнгæйæ æрбалæууæд дæ фæстаджы бон.
Цъахцъахгæнинаг фæу.
Цъæй фæмизæд дæ фындзыхуынчъытæй.
Цъæй фæмизæд де уæнгтæй.
Цъæлтæ фæу.
Цъæмæлтыл фæзил.
Цъæм-цъæм фæкæн.
Цъæмцъæмгæнгæ фæхæр.
Цъæррæмыхстытæй фæцу.
Цъæтау дæ сыздыхсын кæнæд дæ хæйрæджытæ.
Цъæтау сыздыхс.
Цъæх низ — дæ лыстæг артæнты.
Цъæх низ — дæ тъæнгты.
Цъæхæй амæл.
Цъæхдæндагæй фæцæр.
Цъæхтæ бау.
Цъæххос дын фæкондæуæд дæ хъæдгæмттыл.
Цъæхцæст чызджы хицау дæр макуы бау.
Цъæх-цъæхид афæлдæхæд дæ буар.
Цъæхахст фæкæн.
Цъæхахстгæнгæйæ дæ æрæййафæд дæ адзал.
Цхæхахстгæнинаг фæу.
Цъæхсæртæ скæнын дын ма бантысæд.
Цъæхсæртæй ракæсыны бон дæ макуы фæуæд.
Цъæхснаг хъæлæсæй фæрæй.
Цъери самайынæн ма бау.

Цъиæхтæ дын дæ цæстытæ акъахæнт.
Цъиæхты холы фæу.
Цъиах-цъиах фæкæн.
Цъиахцъиахгæнгæ фæратæх-батæх кæн.
Цъиахцъиахгæнгæйæ дæ мæлæт ссар.
Цъил фест æмæ дæ алыварс зилынæн бахъу.
Цъилау фæзил.
Цъингуыр æрцахсынæн дæр макуы бау.
Цъингуыр фест æмæ дæ кæсæгтæ фæахстæуæд.
Цъипп-цъипп кæнынæн бахъу.
Цъипцъипгæнгæ фæратæх-батæх кæн, хъæды цъиуау.
Цъипцъипгæнгæйæ схауæд дæ уд.
Цъипцъипгæнинаг фæу мæ тæригъæдæй.
Цъирынæн дæр ма бау.
Цъист æрцу дыууæ хохы астæу.
Цъистгæнинаг фæу.
Цъистгондæй æрцæуæд дæ тæригъæддаг мæлæт.
Цъити дæ ныцъцъист кæнæд.
Цъитидоны ныссæл.
Цъитизæй дæ фæласæд.
Цъитизæйы бын æрцæуæд дæ мæлæт.
Цъиу кæм стула, арвæй дæ зæххы æхсæн уыцы дæрддзæг мауал фæуæд.
Цъиувæдисмæ арвы дуæрттæ фæтон.
Цъиудуц фест.
Цъиуджын каркау æнæрынцой зæрдæйæ фæцæр.
Цъиудзых æмæ дæ галгуыбынæй Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Цъиусæрæй батон дæ царды бонтæ.
Цъиусуры хаст фæу.
Цъиу-цъиу фæкæн.
Цъиуцъиугæнгæйæ батон дæ цард.
Цъиуцъиугæнинаг дæ æрбакæнæд Уæллаг.
Цъиуызмæлæг уæ мауал баззайæд.
Цъулагондæй баззай.
Цъулакомæй фæцæр.
Цъулберты холыйæ баззай.
Цъулберты цъиринаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Цъупмæ схизынæн ма бау.
Цъусгай сис дæ уд.
Цъуттавæрдæй фæцу.
Цъыбырттысыгъд баут.
Цъыбырттысыгъд уæ фæкæнæд уе сфæлдисæг Хуыцау.
Цъыввиттытæ фæкæн æмæ дын бынат ссарын ма бантысæд.
Цъылынæй расæрфынхъом ма бау.

Цъымарайы ӕрцӕуӕд де сӕфт.
Цъымарайы – дӕ сӕр.
Цъынайы басудз.
Цъында бийынӕн ма су.
Цъындӕй фӕцу.
Цъындӕг-мындӕг фӕкӕн.
Цъындгӕнинаг фӕу.
Цъынддзастӕй амӕл.
Цъындылӕвӕрд дӕ фӕкӕнӕд Хуыцау.
Цъыртмызт фӕу.
Цъыртцъыртгӕнгӕ фӕцу.
Цъырцъыргӕнинаг дӕ фӕкӕнӕд дӕ раттӕг.
Цъысцъысгӕнгӕйӕ батон дӕ бонтӕ.
Цъысцъысгӕнгӕйӕ дӕ фӕцӕрын кӕнӕд Уӕллаг.
Цъысымӕй рахизын дын мауал бантысӕд.
Цъысымӕй цъысыммӕ – дӕ фӕндаг.
Цъысымы ӕрцӕуӕд дӕ мӕлӕт.
Цъысымы – дӕ сӕр.
Цъыф фӕхӕр.
Цъыфӕйдзагӕй – дӕ фӕстаг фӕндагыл.
Цъыфджыны сис дӕ уд.

# Ч

Чабӕдзау фӕцу дӕ тӕригъӕдты хурдзинтимӕ.
Чапарты амӕттаг фӕу.
Чегърейы зӕрдӕ ма ссар.
Чемпион дӕ Хуыцау макуы скӕнӕд.
Чемпионы кадмӕ фӕбӕлл ӕмӕ дӕ къухы ма бафтӕд.
Чепенагӕнгӕ фӕцу.
Чепчепгӕнгӕ фӕхит зӕххы къорийыл.
Чепп-чепп фӕкӕн.
Чи адӕргъ, уый фарсмӕ дӕ авӕрдӕуӕд.
Чи ӕрбамард, уый хал ахӕр.
Чи бамбыд цӕрдудӕй, уый разӕй фӕу.
Чи басаухӕдзар, уый бон дыл акӕнӕд.
Чи дӕ ралгъыста, уый фӕндиаг дӕ Хуыцау фӕкӕнӕд.
«Чи лӕгдӕр у» зӕгъӕг уӕ мачи рацӕуӕд.
Чи сауджыны уарзы, чи – йӕ усы, дӕуӕн макуы макӕй зӕрдӕ ссарын бантысӕд.
Чи – хохмӕ, чи – быдырмӕ, ды та хистдзуан фӕхӕт.
«Чи, чи?»-гӕнгӕ – дӕ мӕлӕт.

«Чи?», «Чи?» фæкæн æмæ, чи цы у, уый базонынхъом макуы бау.
Чидæриддæр дæ хорзы кой ракæны, уый хæдзарæй дæ хуызæттæ фæцæуæнт.
Чидæриддæр мæ рæстагæй ралгъита, ууыл ацы æлгъыстытæ иууылдæр æрцæуæнт.
Чиныг макуы фен.
Читгæнæн дын ма уæд æмæ дзы дæ сæрысæфт ссар.
Читгæнинаг фæу.
Чиугæ дæ дæ амондраттæг фæцæуын кæнæд.
Чиуинаг фæу.
Чиуыны бон дæ мауал фæуæд.
Чызг макуы бахъомыл уæд дæ хæдзары.
Чызгæмбал цæуынхъом ма бау.
Чызгæрвыст макуы фен дæ хæдзары.
Чызгæфсадмæ уæ æрæппарæд Хуыцау.
Чызгæфсин макуы разилæд дæ къуымты.
Чызгбындар фæу.
Чызгбындарæй батон дæ бонтæ.
Чызгбындары зæрдæйыуагæй фæцæр.
Чындз дын искæй хæдзары дæр Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Чындз макуы фен дæ хæдзары.
Чындзаг макуы бахъомыл уæд дæ къуымы.
Чындзæхсæв скæнынхъом ма бау.
Чындзæхсæвгæнгæйæ марлæ хæлафы фæцу.
Чындздзон чызджы цæстæй фæкæс дунемæ æмæ дын чындзы цæуын Уæлладжы цæст ма бауарзæд.
Чындзиуæггæнынæн ма бау.
Чындзиуæггæнгæйæ дæ æркъуырæд Уæллаг.
Чындздзонарæзтæй рацæуын дын ма зæгъæд дæ амондыскæнæг.
Чындзхаст макуы фен.
Чындзы цæуын дын ма бантысæд.
Чындздзоны афонмæ ма фæцæр.
Чындзмæ бæлгæйæ – дæ мæлæт.
Чындзмæ фæбæлл æмæ йæ, кæмæн æркæнай, уый дын ма уæд.
Чындзы цæуынмæ фæбæлл æмæ дæм амонд йæ мидбылты макуы бахудæд.
Чындзы цæуыны бæсты сындзыл фæцу.
«Чындз-чындз» фæкæн.
«Чындз-чындз» фæкæн æмæ дæ хæдзарæй чындз рахизгæ макуы фен.
Чындзы ацæуын дын ма бантысæд.
Чынтæ æмæ рынты хай бау.
Чынтæ дæм фæдзурæнт.

Чырæ ласынæн ма бау.
Чыргай-чыргай дæм фæцæуæнт хъарæг кæнынмæ.
Чыр-чыр æмæ дыл пыр-пыр фæкæнæд дæ раттæг адæм.
Чырчыраг æмæ пырпыраг фæуæд де ‘взæр сæр.
Чырынæхгæдæй фæцæр.
Чырынмæ дыл фæкуыдæуæд.
Чырыны æвæрд æрцу.
Чырыны нывæрæг дæ ма уæд.
Чырысти дæ сулæфын мауал суадзæд.
Чырыстийæ æлгъыст фæу.
Чысайнаг æлгъыст дыл æрцæуæд.
Чысайнаг æлгъыстæй бацæгъд дæ тыбыртæ.
Чысайнаг лæггад фенын дын мауал бантысæд.
Чысайнаг лæгау дын лæггад кæнын макуы бантысæд.
Чысайнаг цæф фæу.

Чысайнаджы æлгъыст арфæйæ уæлдай нæу, фæлæ дæуыл комкоммæ сæмбæлæд.

Чысайнаджы æлгъыст дæ баййафæд.

Чысан дзырдарæхст сты, фæлæ дæу дзырд зæгъыны бон мауал фæуæд.

«Чысан, чысан» кæныс æппынæдзух æмæ дæ тагъд йæ дзурыны бон мауал фæуæд.

Чысаны æнæхъуаджы чи афхæры, уый сæ мæрдтæн урскъах бæхæй фæцæуæд.

Чысаны мæрдтæн цъыфтытæрæн бæхæй фæцу.

Чысаны нывонд дæ Хуыцæутты Хуыцау фæкæнæд.

Чысаны сæрылхаст фæу.

Чысаны хæхтæ цалынмæ зæххæмвæз кæной, уæдмæ Алеуы къæдзæхтæ феууил.

Чысаны худинаггæнæг дæ – дæ къæбæр дæ сы... фы бынæй хæрыс æмæ дæ йæ фыдæх баййафæд.

Чысаныл алцыдæр фидауы, фæлæ дæу фидыцджынæй рацæугæ макуы мачи фенæд.

Чысаныл зæрдæхъæрмттæгæнгæ сис дæ худинаггæнæг уд.

# Чъ

Чъапæ хæрыны фадат дæ мауал фæуæд.
Чъапæхорæй дарддæр мацæмæн бабæзз.
Чъепп æрцу дæ мыггаджы хуыздæртæй.
Чъепп кæнынæй дарддæр мацы базон.
Чъепгæнгæ фæцу дæ мыггаджы хуыздæрты.

Чъепгæнгæйæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Чъепгæнинаг фæу.
Чъепгонд æрцу рæстæгыл.
Чъепп-чъепп фæкæн.
Чъеппытæгæнгæ сис дæ уд.
Чъеппытæнгæйæ фæсутыр у.
Чъеппытæгæнинаг дæ Уæллаг фæкæнæд.
Чъеури дæ ауæрдæд.
Чъеурийы бын фæу.
Чъизи цард фæкæн.
Чъизийы æрцæуæд дæ мæлæт.
Чъизимард акæн.
Чъиллонкъудийæ цы ныддæргъ уай, уыцы амонд дæ уæд.
Чъилмизгæнгæ рафт.
Чъирикувæг дæр агургæ цы кæнат, ахæм æмбисонд уыл акæнæд.
Чъирикувæг макуы рахизæд дæ хæдзарæй.
Чъирикувæгæй æлгъыст фæут.
Чъирикувæджы куывдтытæй уыл мацы æрцæуæд.
Чъирикувæджы онг уæ мачи сырæзæд.
Чъиуæууилæг дæр уæ мауал баззайæд.
Чъиуæууилæг йæхи сайы æмæ Хуыцауæй сайды фæу рæхджы бонты.
Чъиуæууилæг ма йæ гуыбын сайы, дæу дæ гуыбын фæсайыны бон дæр мауал фæуæд.
Чъиуæууилгæ рафтау дæ дæндаг.
Чъиухид фæкал.
Чъиухидкалгæ æрцæуæд дæ мæлæт.
Чъиуцæстæй фæцу.
Чъицæн дын мауал уæд.
Чъицинаг фæу.
Чъицын дæ цы бахъæуа, уыцы бонæй фæцæр.
Чъичъина дæ фæдæнгæлмард кæнæд.
Чъичъина – дæ хурхы.
Чъичъина дын дæ къæхтæ атилыны бон дæр мауал раттæд.
Чъичъинайæ мауал сулæф.
Чъреба æндонвидар у, фæлæ йæ бæсты дæр Калак æрхауæд.
Чъреба куыдддæр сæндидза, афтæ сæйгæ фæуæнт йæ сафджытæ.
Чъреба цал цæфы фæцис, уал нæмыджы сæмбæлæд, чи йæ æхста, уыдоны зæрдæтыл.
Чъреба цытæ бавзæрста, уыдон нæ фыдбоны сыхæгтæ февзарæнт.
Чъребайаг дон баназынхъом макуыуал бау, цы «фæдисон» ды дæ.

Чъребайаг нæмыг дыл сæмбæлæд.
Чъребайагæн йе знаг — йæ къæхты бын.
Чъребайагыл ма удвидарæй чи бахуда, уый йæ худджынты баныгæнæд.
Чъребайау нæмгуыты бын фæцæрæнт, чи нæ фехсы, уыдон.
Чъребайы бон акæнæд нæ фыдбоны сыхæгтыл.
Чъребайы бон Калакыл акæнæд.
Чъребайыл цы фыд сæмбæлд, уыцы фыд рæхджы сæмбæлæд Тбилисыл.
Чъылбысгай дæ скæнæд а комбæсты дуæгтæ.
Чъылбысгай схау.
Чъылдымыздæхтæй амæл.
Чъылдымырдыгæй мард æрцу.
Чъыллипп фæкæн дæ уды фыдæнæн.
Чъыллипгæнæн дын цынæуал уа, уыцы къæппæджы ныххау.
Чъыллипгæнгæйæ де ‘рбадæнтæ дæ зæвæттæй фæхой.
Чъыллипгæнинаг фæу.
Чъылдымдзæф фæу.
Чъылдыммæ фæчындæуæд дæ кой.
Чъылдымыстæгсаст фæу.
Чъылыхдон фæнуаз.
Чъындыйæ амæл.
Чъыртгæнинаг фæу.
Чъырттымцъиуау дæ къæдзил тилынæй дарддæр мацы базон.
Чъырттымхуызæй фæратæх-батæх кæн.
Чъырхынæй дарддæр зæххыцъарыл мацы зонынхъом бау.
Чъыры хæлд дæ Уæллаг фæкæнæд.
Чъырыхæлдæй — дæ цæрæн, чъырыхæлдæй — дæ мæлæн.
Чъырын арты басудз.
Чъырын къулты æхсæн иунæгæй фæдзыназ.
Чъырсудзæны — дæ сæр.

# СÆРГÆНДТÆ

А ........ 5
Æ ........ 29
Б ........ 64
В ........ 77
Г ........ 78
Д ........ 82
Дж ........ 171
Дз ........ –
Е ........ 176
З ........ 177
И ........ 184
Й ........ 192
К ........ 193
Къ ........ 204
Л ........ 213
М ........ 217
Н ........ 231
О ........ 238
П ........ 239
Пъ ........ 241
Р ........ –
С ........ 252
Т ........ 272
Тъ ........ 278
У ........ 279
Ф ........ 290
Х ........ 307
Хъ ........ 334
Ц ........ 350
Цъ ........ 360
Ч ........ 362
Чъ ........ 364

Литературно-художественное издание

**Казиты (Казиев) Мелитон Резоевич**

**ОСЕТИНСКИЙ КЛАД**

*(Проклятия на осетинском языке)*

Редактор *И. Х. Джанаева*
Художник *Т. Ф. Алипченкова*
Художественный и технический редактор *М. Р. Казиты*
Корректор *Л. П. Тотоева*
Компьютерная верстка *З. С. Мисиковой*

Сдано в набор 30.01.15. Подписано к печати 22.04.15. Формат бумаги 60x84$^{1}/_{16}$. Бум. офс. № 1. Гарн. шрифта «Kudrschov». Печать офсетная. Усл.-п.л. 21,39. Учетно-изд. л. 12,29. Тираж 300 экз. Заказ № .

ООО «Южная Алания». Республика Южная Осетия. г. Цхинвал, ул. Московская, 7.
Отпечатано в полном соответствии с предоставленными диапозитивами в ОАО «Издательско-полиграфическое предприятие им. В.А. Гассиева», 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.